ЧIИКIАСА САГIИД АФАНДИ

# НАЗМАБИ

(Лъабабилеб басма, тIаде жубараб)

ТIехьалда чIикIасезул
мацIалъул хаслъи цIунун буго

МахIачхъала - 2002

**ЧIИКIАСА САГIИД АФАНДИ**

# НАЗМАБИ

**(Лъабабилеб басма, тIаде жубараб)**

**ТIехьалда чIикIасезул мацIалъул хаслъи цIунун буго**

**МахIачхъала - 2002**

# ЦЕБЕРАГIИЯЛЪУЛ БАКIАЛДА

*Мун Аварагасда гIумру рельлъарав,*
*ГIажаибав инсан вихьула дида,*
*ГIакълу кьезе эмен нахъа гьечIого*
*Гьидаяталъул нух гьитIинго ккурав,*
*Киналго берцинал тIабигIатал кьун*
*КIодо гьавун вугеб куц бихьуларищ!*
*Бихьараб макьуги дур иллагьияб,*
*У-лъараб куцалъул кутак бихьулищ!*
*ГIисиназда гурхIел, рахIму-цIоб гьаби,*
*ЦIикIкIарал чагIазул адаб-хIурмат кквей,*
*АхIмадилъ рукIарал хасиятазул*
*Хисараб жо гьечIо гьедананиги.*
*Гьанже мун вахараб борхалъиялде*
*Вахине кIварав чи чандай вукIана,*
*Дур гIадинан гьари къабул гьабурав*
*Къадирас цониги инсан ккванадай!*
*Чанги гьунар тIокIав гIалим вахъарав*
*ГIажаибаб улка буго Дагъистан,*
*Мунги гьезда гьоркьов цо хIикмат гIела,*
*ГIалам хадув унев устарлъун вахъин.*
*БатIин-загьиралъул гIелмудул ралъад,*
*Лъан буго дур къимат къалъилелдего,*
*Къойилго гIоралльун чвахун рачIунел*
*Муридазул къокъа — къадруялъе нугI.*
*Малаикзабазул курмул гвангъулеб*
*Кутакаб нур буго дур асаразул,*
*ХIурулгIинзабазул магIу чвахулеб*
*Чанги куплет буго дур назмабазулъ.*
*ТIолго гIалимзаби гIодой къулулел*
*Къадруялда руго дуца гьел гIуцIун,*

*Щайихзабазецин зияратазе*
*Тартибалда руго дуца гьел сокIкIун.*
*Амма щаклъи буго цо-цо бакIазда*
*Дур гьунар батилин тезе захIматаб,*
*Живго Аварагас гьоркьовги жуван*
*Малълъун ратилилан тезесел гIадал.*
*ГIалихIажиявги дур хьолбохъ вуго,*
*Гьесул лъалкIал руго лъикIалан гьанир,*
*Гьевги мунги гурон тIокIлъи босарал*
*ТIокIал авторазул тарих лъаларо.*
*ГIакълудул океан, гIелмудул ралъад,*
*ГIалихIажиясде гьедин ахIизин,*
*ГIелмуги, гIакълуги, яхIги, намусги*
*Дулъги бергьун буго, гьевгун рекъола.*
*Рокьул къисматазулъ, хъахIаб росулъес*
*Хъвазе жо тун гьечIо гIишкъу ккаразе,*
*Дуцаги тун гьечIо тIарикъаталъул*
*ТIад гIалим кIалъазе кIвар бугеб рагIи.*
*ШаригIаталъулгун тIарикъаталъул*
*ТIокIкIел босун буго дуца кинабго*
*ТIолго бусурбаби кантIилеб хIалалъ*
*Кодекс буго дуца гьелъул хIадурун.*
*Мун гьаб кIиябгоги тIарикъаталъул*
*ТIогьиве вахарав хулапаъ ккана,*
*РухIияб дуниял бацIцIад гьабизе*
*ВацIцIадав Аллагьас гьелъий вижарав.*
*Дур назмабазул тIехь буссинабизе*
*Гьунар гIолебани гIараб мацIалде,*
*ГIуламаал рекъон хIукмуги гьабун,*
*Гьеб КагIба рукъалъул къеда балаан.*

*ГIабдулхIамидов Сайгид МухIамад (Саму), учитель,*
*Гумбет район, росу Ингиши*

# Гьадияс дий кьурал нигIматал рехсон

***Бисмиллагьи хайриль асмаи ва лиллагьил хIамду ва ссанау вассалату вассаламу гIала расулигьи МухIаммадин ва алигьи мужтаба***

**АлхIамду,[1] алхIамду, сумма[2] алхIамду,**
**Даимго хIамдгун рещц БетIергьанасе,**
**Цинги свалат-салам дир ХIабибасде**
**ХIасру гIададалъе[3] гIорхъиго гьечIеб.**

**Гьадияс дий кьурал нигIматал рехсон**
**Гьелда хадуб дагьаб калам гьабизин.**
**Каримасул рахIму диде щвеялъе**
**Щукру гьаби буго ракIалъул ниййат.**

**ГьитIинго эмен хун ятимлъарав дун**
**ТечIо БетIергьанас гIадада хвезе.**
**ГIадлу-тадбиралъе лъималазда гъорлъ**
**ЛъикIаб гуреб къимат дие букIинчIо.**

**Къуръаналъул къалбу[4] – Ясиналде щун**
**Дарс дие лъелалде бесдал хутIана,**
**Хадуб эбелалъги цIакъ жигар бахъун**
**Къуръан дир лъугIараб рохел гьабуна.**

---

**[1] Щибаб рещц**
**[2] Цинги**
**[3] РикIкIеналъе, гIорхъи чIвалъе**
**[4] РакI**

**ГIилму цIаличIого дун теларилан**
**Инсуца гьабураб ниййат букIана,**
**Ниййат тIубалалде къадар тIаде щун,**
**КъотIи хIорго хутIун дун махIрумлъана.**

**Цинги бесдалазул гIадат билълъухъе,**
**ГIи-боцIуда чIезе ихIтияж[1] ккана.**
**ХIадду ттаклифалде[2] гIумру щвелалде**
**ГIачияязда вехьлъун ункъго сон бана.**

**Гьокогун хьвадана, гIияде ана,**
**АнцIила микьиде гIумру бахана,**
**Армиялде ана, лъабго сон бана,**
**Берцинго рокъове тIад вуссун щвана.**

**Бесдаллъиялъул махI тIагIун букIинчIо,**
**ГIакълу дие кьолев чиги лъугьинчIо,**
**ГьитIинлъиялъ жагьлу[3] бергьарав дида**
**Гьидаяталъул[4] нух батизе кIвечIо.**

**Гьанже вахъун цIияб гIумру гьабизе,**
**ГIияда чIей гуреб гьунар букIинчIо.**
**Ругьунаб пишагун, хIал лъалеб тIилгун**
**ТIамуна гIалхуда анцIогоIанаб сон.**

**Дирго инсул ниййат тазаккур[5] гьабун**
**Таманав гIодана гIияда цеве,**
**ГIелмуялде бугеб рокьи бергьиндал**
**Гьадин ахIулаан яхI хварав дица.**

---

**[1] ХIажалъи**
**[2] Балугълъиялъул гIорхъоде**
**[3] Лъавукълъи**
**[4] ТIовитIулеб**
**[5] РакIалдеги щун**

БахIараб гIумрудулъ гIащикъал лугбал
ГIухьбузул учахалъ чурхъулел руго,
Рахдал курламаялъ керенги боркьун
Рукьбазда хIал буго яхIалъ гьабулеб.

ГьитIинаб гIумруги гIияхъ тIамунин,
ГIазаб хутIанадай хведал бихьизе.
ГIолохъанаб мехги рехъада анин,
Щиб кIалдай гьикъила Къадирас дида.

Лъебер сонидаса гIумру борчIидал
ГIакълу бергьун жагьлу къине рекIана,
Факъру[1] тIалъиялъе хIинкъаби кьолеб
ШайтIаналъул макру нахъе кьабуна.

Шазилияб тIарикъ кодобе щведал
Кутакаб кьал ккана диргин рехъадул,
Нахъе батулареб боцIуца чIвазе
ЧIеларилан хIукму къотIана ракIалъ.

РибхIгун хусраналъул[2] хал гьабичIого
Хъата-масан лъуна гIи-боцIи нухаб,
Хвани хъвезе чахъу нахъе течIого
Торк гьабун ричана къварагIаразе.

ГIилмуялъул агьлу лъазе бокьана,
ЛъикIаб гьалмагълъигун гьудуллъи ккуна.
Гьидаяталъул[3] нух батизе гIадаб
Цо лъикIаб макьуги бихьун букIана.

БитIараб тIарикъат дида манлъулев
Муршид ватиялде нигIмат щвеларо,

---

[1] Мискинлъи
[2] Зарар - хайир
[3] ВитIун кколеб

Накъшубандиязул силсилаталъул[1]
Салик[2] гьави гIадаб гьидаят гьечIо.

Гьединго РахIманас дие кьун тарал
НигIматал рикIкIине къуват гIеларо.
Къан бакьулъ вухьарав цо гIажизав вехь
ГIилму-тIалабалде тIами гIеларищ?

ГIисиназда гурхIун рахIму-цIоб гьаби,
ХIамд[3] БетIергьанасе – гьитIинго кьуна,
Гьединго чIахIиял аскIоре ккедал
Адаб ккун хьвадизе тавфикъ гьабуна.

Заманалда рекъон хIалалаб гуреб
ХIалтIи-пишаялде ругьун гьавичIо,
ХIаяъ[4] -намусалъул нисабалдасан[5]
Нусабгоги бутIа батила дий кьун.

Бечедал чиязде цебе квер кквезе
Цо къоялъ виччайчIо дун БетIергьанас,
ЧIухIигун пахрулъи рихине гьабун
Гьеб агьлуялдаса мугъ байзабуна.

Мискин-пакъирасе кумак гьабизе
Кидаго бокьана гъараз[6] гьечIого,
Гъабну[7] -макруялъул Каримас[8] дие
КигIан дагьабниги бутIа кьун гьечIо.

---

1 Рахасалъул
2 Мурид
3 Рещц
4 Нич
5 БутIа
6 Цоги батIияб мурад гьечIо
7 РекIкI
8 ГурхIулев Аллагьас

БитIарабгин хIакъаб къабул гьабизе
Къалбу[1] разилъулеб тIабигIат кьуна,
ТIекъав вугониги дагIбадуласе,
Дунго къинеги чIун, бергьенлъи тана.

Бицунеб рагIуда гIамал релълъенчIел
ГIадамазда гъорлъа дун гьавун гьечIо,
Дирго гIайиб бахчун халкъалда жаниб
Жагь[2] тIалаб гьабизе РахIманас течIо.

ХIакимасда цебе бетIер къулизе
ТIамичIо Аллагьас АльхIамду лиллагь.
Агьлу ссарватазул[3] бечелъиялде
БалканалдегIанги хьул лъезабичIо.

Цинги гIелмуялъухъ хIайранлъарав дир
ХIапургъараб керен пикрабаз цIуна,
Кинабго гIодоб тун, “Тасриф”[4] кодоб ккун
МутагIалимлъун чIей тIаса бищана.

ГIилму тIалаб гьаби тIалъун бицараб
ТIагьаясул хIадис хIужалъун чIана.
ЖагьлугIан[5] кIудияб факъру[6] гьечIилан
Абула рагIидал гIузру тIагIана.

МугIтабар[7] гьабулеб изнуялдалъун
Аллагь-РахIманасде тавфикъги гьарун

---

[1] РакI
[2] ЦIар
[3] БоцIи гIемерал гIадамазул
[4] ТIехьалъул цIар
[5] Лъавукълъи
[6] Мискинлъи
[7] РикIунеб

Гьанже габуралда рукь лъун лъикIилан
Херав мутагIилас “Бисмиллагь” лъуна.

Сабаб рекъезабун Къадирав Бичас
Бокьухъе виччана тIалаб гьабизе,
БатIинияб[1] унтул тохтурзабазул
Тасарруф[2] букIиндал цIакъ бигьалъана.

ЦIар лъун хъвачIониги диде ракI бугел
Диналъул вацалги камун рукIинчIо,
Кин лъил хIал кIваниги дий кумекалъе
Кидаго ратана гьал муъминзаби.

Гьазул чед-хинкIалде дун ккечIониги
Ккарабщинаб хIажат рохун тIобана,
Хасго бинаалъулъ[3] диналъул вацаз
Гьабунщинаб гIавну[4] къабул гьабеги.

Къец бан дагIбадизе рахъинчIониги
Дида тенколевги камичIо гIадан,
ЧIегIерал ракIалгун хъахIал кIалалгун
Хъалалъан гьабула гьадиназ вацлъи.

Цинги гIелмуялъул махI дида чIвайдал
ЧIового тогеян тавфикъ гьарана,
Табву гьабун щварав Дур гIабд[5] вугилан
ГIодун РахIманасде ахIана гьадин:

Дир квер гIунтIулареб гIанбаралъул тIегь
ТIаде дализабе, зоб-ракьалъул Хан,

---

[1] Жанисеб унтул тохтурзабазул (ай, устарзабазул)
[2] ТIад гьабулеб хIалтIи
[3] Рукъ баялъулъ
[4] Кумек
[5] Лагъ

**Хивалаз бухIараб дир хIухьелалъе**
**ХIарпго гьечIеб рагIул жаваб кье, Аллагь!**

**Мун вокьи макъсудлъун[1] сапар бухьарав**
**Салик[2] дун вугевлъи лъалев БетIергьан,**
**БатIинги загьирги гьоцIо-нах гIадин**
**Гьуин гьабе, Къадир, дир къалбуялъе[3]!**

**КъватIул хабар бицун биццалъараб ракI**
**БецIлъун тоге, РахIман, тавбу бугин дир,**
**Тохлъун гIумру ийин – гIайиб дирго ккун**
**ГIажизлъун хутIанин, тIаса льугьун те.**

**ТIагьал шаригIалъул къимат лъайчIого**
**Къоял гIадада ун гIодула берал,**
**ГIилму гьабичIого соналги тирун**
**Ссудула гьинал ракI, гьай аманилан.**

**Гьанже дун гIадинав пакъир вугодай**
**Ункъиде ракI бикьун гьоркъов хутIарав.**
**ТIокIав дун гIадинав мискин вугодай**
**Сапар бухьаразулъ хьитал рагьарав.**

**Радал къо кьижун ун къаде ворчIарав**
**Къваридав лагъ вугин, гурхIа БетIергьан!**
**БитIараб нухалде гьидаят[4] гьавун**
**Гьабе, Аллагь, сагьлу[5] саилунасе[6]!**

---

[1] Мурадгун
[2] Мурид
[3] РакI
[4] ТIовитIун
[5] Бигьалъи
[6] Гьардохъанасе

Дир гIадин гIилмудухъ гIишкъу бергьани,
ГIумру кьун босила муслимав[1] чияс.
МагIрифат[2] рекIелъ къан къуват гьечIого
Къварилъи щвечIесда дир хIал лъаларо.

Даруль хIадис[3] анищ аман гIагарда
ГIуламааз хъварал тIахьал цIализе,
ГIумруниги анищ кIиго рекIараб
РекIел анищазул ишкал[4] тIагIине.

ТIамах гъараб гъотIол гъаримлъиялъул
Лъица эс гьабулеб гьаб дунялалда.
Гьединго дир рекIел къварилъиялъул
Къимат лъалев чини чан вугев росулъ.

Загьру-батIну[5] гIадаб тIарикъгун шаригI
ТIубайзе гьунар кье, гьардарав Аллагь!
Гьелъул лазат бихьун хьул буссинегIан
ГIумруги кье ХIаким, хIал Дур кIолелъул

Дир мунагьаздаса рахIму кIудияв
РрахIман, Дур цIобалде цIакъ хIажат вуго.
Ширк гьечIеб гIибадат Дуе гьабулеб
Гьунар бокьун буго, вокьулев Аллагь.

Азалалда хIукму Дур тIубаниги,
Дирго пакъирлъиялъ бакъван буго ракI.
Къадар хъван тIубараб ЛавхI бугониги,
ХIелун вачIана дун Дур гъапудухъе.

---

[1] Бусурманав
[2] Аллагь лъай
[3] ХIадисазул рукъ
[4] БичIчIулареб жо
[5] Мугъги - чехьги

Дуего бокьидал загьир гьабураб
ЗагIипаб рухI бугин, гурхIа БетIергьан!
Гьарараб кьелилан къотIи бугелъул,
Къабул гьабе, Аллагь, биччараб хIухьал!

Дур гIафву гьечIони гIазабалдаса
ГIамалалъ ворчIизе дир хIал кIоларо.
Дуца рахIматалъул цIал кьабичIони,
ЦIалун тIахьазулги пайда щоларо.

ЩайтIаналъ хIухьал пун хIал щвеялдаса
ХIалкIолев дир Аллагь, Дуцаго цIуне!
Дунял гьуиназда гьоркьоса вачун,
Бечед, Мун лъалезулъ лъе дирги исму[1]!

МагIрипат, хIакъикъат[2] рикъзилъун гьабун,
Гьаве дун парахат, халкъалъул МагIбуд[3]!
ГIилмуль якъиналъул хIорнивги рехун
ХIал хьун лъедезе те, Ттаввабу РрахIим!

ХIакъул якъиналъул къоноги ричIун,
ЧIалгIинабе дида дунялалъул рукъ!
Дуде гIагарлъулеб гIилмун ннафигI[4] кьун,
Кье Аллагь дий рохел ахираталъул!

Аллагьан ахIулеб хIухьал гурони,
ХIарп кIочон хутIаги чорокаб дир нафс!
Дур шаригIат гуреб каламалдасан
Квершел бахъун таги хъубаб дир кIал-мацI!

---

[1] ЦIар
[2] Мун лъай
[3] Жиндие лагълъи гьабулев Аллагь
[4] Пайдаяб гIилму

Мун рази гьечIелде балаялдаса
Берал, хIижаб[1] лъугьун, махIрум хутIаги!
БатIулабщиналъул иш лъаялдаса
Асаммаблъун[2] ккаги дир кIиябго гIин!

Дунял гIуцIулаго гIибадат холеб
ГIакълу-тадбиралда тоге дун, Аллагь!
Диналъе къуват кьун, къоял эркен тун,
КъачIазе тIаме дун ТIагьал шаригIат

Щиб гьабилеб гьанже гьаб гIумруялда
ГIадада къоял ун къалиллъун[3] ккараб.
Къварилъун пайда щиб гьанже дир рекIел,
Дунялалъ квелъги бан квегъун вугелъул.

КигIан гIоданиги гIаданир берал
Руссинаро къоял къалъудаса нахъ.
Къадирасул хIукму хIехьон чIей гуреб
ГьечIо дуе чара, чорокаб дир нафс.

Аллагь Мун цо вукIин лъалевлъун вати,
Гьебгини гIун буго гIассияв дие.
ГIаламалъул Саййид – Аварг вати –
Эбги Дурго рахIму, алхIамду лиллагь.

ХIажатаб гьаризе ихтиярги кьун
Бокьухъе тейиги гьидаят[4] буго.
Гьарараб кьелилан къотIи букIинги
ТIокIаб давла буго дун гIадинасе.

---

[1] Пардав
[2] ГIинкъаблъун
[3] Дагьлъун
[4] ТIовитIи

**ГІилму варагІ[1] бугел гІалимзабазул**
**ГІадад цІикІкІинабе, цІоб гІатІидав Хан!**
**Хирав ХІабибасул хІурмат цІунарал**
**Хъакъкъал вализаби камизе тоге!**

**Куфру асир гьабун, Ислам гІатІид тун,**
**Тавбуялде ахІе АхІмадил уммат!**
**ИнкарчагІи кантІун, тІекъал мукІурлъун**
**ТІагьал шаригІаталъ гвангъаги дунял!**

**Дие пайдаялъе гьабураб калам**
**Кирилъун хъвай, Аллагь, ал гІалимазул!**
**ГІилмуялъул бутІа дие кьолезе**
**Кье, Аллагь, бечелъи Мун лъаялдасан!**

**Диналъул умурал[2] дий бигьалъизе**
**БатІин[3] къачІалесул къуват цІикІкІаги!**
**Къуръан-хІадисалда хІал рекъон ккарав**
**ХІакъав валиюллагь[4] кІодо гьавеги!**

**Тадрисалъе гьунар гьарзаго бугел**
**Гьавуна дандчІвазе гІалимзабигун,**
**ГІилмуль-ахІкамалъе[5] махщел бергьарал**
**Щвана фукъагьаал фикъгьи[6] манлъизе.**

**Манлъараб хІарф рикІкІун даража щваял,**
**Щибго барахщичІо дие кьолелда.**

---

[1] ГІилмуялда рекъараб гІамал
[2] Ишал
[3] РакІ
[4] Аллагьасул вали
[5] ХІукмаби рицунеб гІилму
[6] ГІалимзаби

**Кьурабщинаб рикIкIун рахIмат рештIаял,**
**ХIадур ратулаан кидал аниги.**

**Кванде гъира бугев вакъарав гIадин,**
**Дирги хъантIиялъул хIисаб букIинчIо.**
**ЯхI рехун хьвадулев гьардухъан гIадин,**
**Гьезухъе хьвадана анкьго свериялъ.**

**Алжаналъул квершел кодобе щваяз**
**Кидаго витIичIо чIового нахъе.**
**ЧIобого манлъараб – нурлъун батаяз**
**ТечIо ракIбакъвазе гIузру гьечIого.**

**ГIайибалъе хIакъав дунго ватиялъ**
**Пайда боси кIвечIо дагьаб гурони.**
**Дунялалъул шугълу[1] ракIалда къаялъ**
**РекIел чирахъалъул нур сун батана.**

**Устарас тIад къараб тIубан гурони**
**ТIехьалде ваккулеб гIадат букIинчIо,**
**ТIарикъаталъул вирд гьабун гурони**
**Дарсидеги инчIо цохIо къоялъги.**

**ЦохIо кверавъ кIиго хъарпуз ккурав дир**
**Хадуб бехъерхъана рукъалъул яшав,**
**Вакъа-къечарав чи къавулъ гьечIилан**
**ГьабичIо дицаги кIудияб ургъел.**

**Аллагь разилъаяй къайицадахъалъ**
**Къони цIакъ баччана дун гIажизлъидал,**
**ГIадамазухъ бугеб магIишаталде**
**Дидаса бергьана – мугъ бан юссине.**

---

[1] **ХIалтIи**

Расулуллагьасул шапагIат щваялъ
Щибниги хIал лъараб калам гьабичIо,
Бугеб зарал-хайир дандеги бачун
Дида ургъел ккезе цо къоялъ течIо.

АкътIабазул баркат тIаса унгеялъ
Манлъизе ккечIого цIунана варагI,
ЦIаличIого гIилму рекIелъе тIеяй
Рази вуго дунги Узлипатида.

Амма гIилму гьаби, гIазизал вацал
ГIамал гьабиялде василат[1] буго,
ГIилму цадахъ гьечIеб гIамалалда гъорлъ
ГIемераб пасалъи лъугьунеб буго.

Гьидаяталъул[2] нух тIалаб гьабизе
ТIоцебе шартIлъана сахIихIаб[3] тавбу,
Суннат цIунун хьвади тIаса бищидал
БидгIа-гIадаталда мал байзе ккана.

Манлъухъе хьвадизе гIажизлъиялъул
ГIайиб рехизе бакI дида батичIо.
Дирго чорхол гьечIеб гьунар бихьидал
Гьадин ахIизеги мустахIикълъана:

Дун жанив гъанкъараб гъваридаб ралъдал
Лъин файизлъун гьабе, гьардарав Аллагь!
Гьелда жанир лъедон рагIалде щварал
Шайихзабаздалъун гьаве дун хвасар!

---

[1] Нух (сабаб)
[2] ВитIун кколеб
[3] Сахаб (бацIцIадаб)

**Ихлас[1] камиллъарал куммалаздалъун,[2]**
**Карим, дунги ахIе Дур хIазраталде![3]**
**ХIакъкъаб къабул гъабун къурбалде[4] щварал**
**АкътIабазул мадад[5] камизе тоге!**

**Тавбату-ннасухI[6] кьун тIоритIаралгун**
**ТIагьал машрабалде[7] щвезаве, Аллагь!**
**Агьлу-суннаталъул къукъагун цадахъ,**
**Къадир, дунги ахIе АхIмад вихьизе!**

**Адабал тIуран ккун пардав борхарал**
**Хавасал[8] разияв хадимлъун[9] гьаве!**
**Гьал муршидзабазул гIавнуялдалъун[10],**
**ГIазиз, дунги тIаме ТIагьал нух кквезе!**

**ТIолго умматалъе манфагIат- гIамал,**
**ГIарифуназдалъун Мун лъай кье, Вагьгьаб[11]!**
**Кьуралда разилъун шукру гьабурал**
**Шакириназда гъорлъ манлъун те, РрахIим!**

**РахIматазул мифтахI,[12] футухIазул баб,[13]**
**Файзу[14] РрахIманалъе хIакъав васитIа,[15]**

---

[1] **Диналъул рацIцIалъи**
[2] **Камилал устарзабаздалъун**
[3] **Дуде аскIове**
[4] **ГIагарде**
[5] **КъутIбуязул кумек**
[6] **БацIцIадаб тавбу**
[7] **Гьекъолеб ищцалде**
[8] **Хасал вализаби**
[9] **Хъулухъчилъун**
[10] **Кумекалдалъун**
[11] **ЧIобого кьолев Аллагь**
[12] **КIул**
[13] **Бергьенлъабазул рагьу**
[14] **Аллагьасул файизалъе**
[15] **Гьоркьохъан**

ХIикматазул магIдан, гIирфаналъул[1] ицц,
Адаб кквейзе манлъе Дур ХIабибасул!

Я, биль муъминина, Рауфун РахIим[2]
ХIажат бергьун буго Дур хIилмуялде,
Дир пакъирлъиялда Мун гурхIичIони
ХIазрату ллагьалде[3] дун вачунев щив?

Дуца гIафвуялъул рахас байчIони,
ГьечIо гIолеб гьунар гьава квегъизе.
Куркьбал дуца тIад лъун цIуничIонани
ЦIакъ захIмалъун руго, ХIабиб, умурал.[4]

ИгIтикъад[5] загIиплъун, гIамал пасалъун,
ЛъикIал ахлакъазулъ къалиллъи[6] бегьун,
Гьал шахийзабазде ахIи байзецин,
АхIмад, нечон вугин щибдай гьабила?

Дур хулафаазул силсилаялъулъ[7]
Исму[8] хъван РахIманас кIодо гьавидал,
Гьев разияб хIалалъ хьвади гурони
Хьул лъун гьаризе жо нахъе хутIичIо.

Кинниги халкъалъулъ шугьрат[9] лъугьиндал,
Иршадалъул[10] амру тIадеги щведал,

---

[1] Аллагь лъаялъул
[2] Я, муъминзабазда кутакалда гурхIел рахIму гьабулев
[3] Аллагьасде аскIове
[4] Ишал
[5] РекIел чIей
[6] ТIабигIатазул мукъсанлъи (дагьлъи)
[7] Халифабазул рахасалъулъ
[8] ЦIар
[9] Машгьурлъи
[10] Хал тIобитIиялъул

ТIагьа, дуца гьаре БетIергьанасде
БецIаб дир ракIалда нур байзабеян.

Загьир, батIиналъулъ, ТIагьа, дудасан
ТIубараб ирс щвезе анищ цIакъ буго,
Шаъэнун жамигIалъул файизалдалъун
ФатхIу рагьиялде гIищкъу ккун буго.

Гьанже дуде ахIи, МахIмуд-Афанди,
ХIайран хутIарав дий кумек гьабеян.
Гьари дуде, устар, унтарав дица
Дарман гIемер гьари гIемерлъун ккоге.

ГIемер дий кьунилан дагьлъи кколареб
Дарманалъул квершел дур кодоблъидал,
Каранда бахчараб дир ругъуналъе
Дару гьабе, тIабиб[1], тIокIаб рес гьечIин.

Гьабе унти загьир Халидшагьасе,
Щвезаве ракIалде Раббаниясда,
Дурго авладаца[2] амру гьабурав,
Абе, мискин вугин кумек хIажалъун.

ХIакъикъат бицун те дир унтиялъул
Имаму тIарикъат - Накъшубандасда,
Дур нисбат[3] цIунизе тIад къарав пакъир
Рехун тогейилан гьабе щикаят[4].

Я, Сайфуллагь Къади – къутIбул авлияъ,
Къо ккун бугин тIаде, тIубай дир мурад,

---

[1] Тохтур (врач)
[2] Васаца
[3] ТIарикъат
[4] ГIарз

Мунагъазул ругънал танкизаризе
Тавфикъ тIалаб гьабе РахIманасдасан.

Расуласул уммат иршад гьабизе
ГьечIебищ, Увайси, дудасан кумек.
Унеб бакI лъаларев гIажизав гьаим[1]
Гьадинищха телев нух манлъичIого.

НакIкIукь гIи хьихьулеб вехьасул гIадаб
Дир пашманлъи бице Шазилиясда,
Щвараб гIоралъ унеб каналхIехь гIадав,
Квар рехеян абе дун хвасарлъизе.

Я, ХIасан Афанди – хIакъав мужаддид[2],
Инжилъун вихьунищ дун рехун толев.
Дурго хулафааз мугъалда лъураб
ЛъайчIогойищ, устар, кIудияб раччи.

Габуралда бараб къаладаталъул[3]
Манлъе, эмен, дида адаб цIунизе.
Эз кодобе кьураб аманат тIубай
ТIаде ккарав диде балагьи гьабе.

Бегье квер, ЯгIсуби, ккун вугин гIодов,
Ккве дир бакьулъ рачел, чара бугин хун.
Чияда бицине рес гьечIеб унтулъ
Унго, толевищ дун, ХIумайд Афанди.

Дудейин гIарз бугеб, ГIуриса эмен,
Адаб тун кканиги, дун васлъун теян,

---

[1] Гьаман унев чи
[2] ТIарикъат цIи гьабурав
[3] Рахасалъул

**Дир дагьабго гIилму гIемер гьабеян**
**Гьаре Аллагьасда АхIмад гьоркьов ккун.**

**Я, МухIамад-ГIариф – гIилмудул ралъад,**
**ГIилмуль якъиналде къире дий нуцIа,**
**Мукъаррибуназул[1] даражаялде**
**Дунги вачейилан гьаре Бичасда.**

**Гьедин мунги чIани, дихъ валагьулев**
**ВукIинадай инсан, Инхоса эмен.**
**Дуцаги мугъ бани, ХIамзат Афанди,**
**ХIелун дун кIанцIизе бакIниги бице.**

**Я, берзул канлъаби, ракIалъул тIугьдул,**
**ТIаса лъугьа дида, я МухIаммадан.**
**Нужекьа ламуслъун гIенеккун чIунги**
**ВорчIизехъин гьечIин, гIайиб гьабуге.**

**ГIемер дун цIехолдун, жаваб чIалгIунге,**
**ЧIобого рагIиниб лъин тIей рекъолин,**
**Вакъараселъидал квен хIажалъулеб,**
**МухIтаж[2] дун вугелъул, хIал хьезегIан кье.**

**Нужоде мугъ чIварав загIифав накъис[3]**
**Камил гьавичIого гьадинищ телев.**
**Гьарараб нахъчIвалеб агьлу нуж гурин,**
**АхIе Каримасде рахIмат биччаян.**

**Рахьдада ругьунаб кьегIер гIадав дий**
**Бокьуларо, устар, доб къила-къала[4].**

---

**[1] Аллагьасде гIагарлъаразул**
**[2] ХIажатав чи**
**[3] Мукъсанав чи**
**[4] Гьас гьадин абуна, дос додин бицанаян абулел жал**

Дур кIалдисан босун щвараб гурони,
Щибго жо лъаларев жагьил вуго дун.

Нужор хIухьалалде хIукму къотIизе
ХIадуравги вуго, АлхIамдулиллагь.
Аманатлъун кьураб хазинаялъе
Хиянат гьабизе гьечIо ракIалда.

Дун вуго гIадамал, цо гьадил макъар
Меседил рогIразда хурхинабураб.
ГIайнул хIаяталъул шараб[1] абуни,
Аслу хисичIого буго чваххулеб.

Хадувги дун вуго факъирав мискин
Бечедаз садакъа бикьизе тарав,
Гьезул кведалъ кьечIеб къабуллъуларев,
Вакъун вукIа абе, кIвар нилъей гьечIин.

Рахь гьечIеб чахъдадги кьегIер гьабула,
Бугелда гъоркь бухьун вехьас хьихьула,
ВигIая[2] чIобогояв дун вугониги
Буго мугъ цулеб бакI – хIикматазул рукъ.

ХIалакъ бугониги, рукьалда байдал
Оцалъ гьоко цIала кверчIвай бугони,
КигIан гьунар гьечIев дун вугониги,
Буго акътIабазул[2] къуваталде хьул.

Дида аскIов щварав мурид лъугьуна,
МатIлуб[4] – Аллагь вугеб нухаве ккола,

[1] РакIал чIаголъулеб иццалъул лъин
[2] КъвачIа
[3] КъутIбуязул
[4] Мурад

Нух лъалев далилас квер ккун вачунев
АгIмаясул[1] мисал эсул букIуна.

Амма тарбиятгун тавлияталъе[2]
Аманат гьавула гьев хаввасазда[3],
Гьезул ракIаздасан файз[4] босзе лъарав
Лъугьуна фаизлъун[5] щаклъи гьечIого.

Гьанжеги цо мисал гIакълу бугезе,
ГIалхуде биччараб хIайван букIуна
РахIаталда кванан, эркенго хьвадун,
Элда нахъа бугеб хIинкъи лъаларо.

Бакъун-къечон хутIи, цIогьорас бикъи
Бегьуларелъун ккун, тIилаца бухи,
БацIаца талагьи, цияца чIвайи,
Чанги хIинкъи буго гьаб пакъиралъе.

Гьал афатаздаса[6] гьеб хвасарлъизе
Вехьасул гIадинаб сабаб букIинищ.
Саламатго гIумру нухаб тIамизе
ТIокIаб гьелъий чара дида лъаларо.

Дурги мисал буго, устар гьечIев чи,
Биччан тун ругьунаб доб хIайваналъул,
ХIинкъиги дуда нахъ цIакъ гIемер буго
ЦIаялъ цIул киниги дур гIамал кунеб.

---

[1] Бещцав чиясул
[2] ТIад квeрщел
[3] Хасал устарзабазда
[4] Аллагь лъаялъул нур
[5] ТалихIалда квершел батаравлъун
[6] Балагьаздаса

Дуда эб лъайчIони хIайваналдагIан,
Лъалес бицунелде инкарги ккуни,
“Инна лиллагьи…” - лан фатихIат рехун
Тейи гIадаб дару дуй букIинаро.

Бицине хабарни гIемер бугоан,
ГIадада ккелебан хIинкъун гурони,
ГIакъиласе рамзалъ[1] гIей гьабулелъул,
Гьабги дагьаб гьечIо хал гьабуразе.

Дирго сайруялъул[2] баян гьабизе
Багьаналъун ккана цо диналъул вац,
ДагIба-ишкалалъе шархIлъун[3] букIаян
Шукру гьабун ккана нигIматал рехсей.

Хадубги бицана, дагьабго къадар
Дирго факъруялъул халкъалда лъайзе.
АкътIабазде[4] бана гIемераб ахIи
Эзул гIавнуялде[5] мугъчIвай букIиналъ.

ГIолилал кантIизе сабаблъагиян
Мисалги тIамуна вехь гьечIеб боцIул.
Гьеб бастIалда[6] бицун гIатIид гьабичIо
ГIакъиласе гьебги гIеялда хьул лъун.

Дун лъалелщиназде гьариги буго,
Гьавейилан гIахьал дугIаялда гъорлъ.

---

1 Ишараялъ
2 ГIумруялъул
3 БичIчIулареб жоялъе баянлъун
4 КIудиял вализабазде
5 Кумекалде
6 Баянго

Дунги гъапул гьечIо, диналъул вацал,
Уммат данде къараб дугIаялдасан.

Дур рахIму-цIобалде хьул лъурав мискин,
Бечед гьаве, Аллагь, Мун разилъи кьун!
Бикьун тIагIунареб Дур гIафвуялъул
Ралъдалъе рехун те музнибун залиль[1].

Зоб-ракьалда жаниб бижарабщинаб
Махлукъ рикIкIун Свалат-Салам лъе, Аллагь,
Сайййидуль мурсалин[2] Дур ХIабибасде,
Агьлу-АсхIабзаби данде рачараб!



[114] ХIакъирав, мунагьал гIемерав чи
[115] Илчизабазул хан

*ВальхIамду лиллагьи раббиль гIаламин*
*Аллагьумагъфир ли ма ла ягIламуна вала*
*туахизнибима якъулуна важгIални хайран*
*мимма язуннуна бирахIматика*
*я архIама ррахIимина*[1]

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Мунажатги дирго бугеб хIалги

**ГьечIелъусан дун вижарав, ризкъи кьезе гъоркье чIарав,**
**ЧIухI-кибрияъ[2] Дуда хасав, Халикъ,[3] дун Дур загIипав лагъ,**
**Дуцаго гьидаят[4] гьавун, гьаранщинаб тIадеги кьун,**
**ТIагьал хулафааздехун хурхен насиб гьабуниги,**

**Намус гьечIеб черх лъаларо, иман гьечIеб ракI лъаларо,**
**Адабалда тIагIат гьабун Дуй хIелизе кIолеб гьечIо.**
**ХIалихьатаб нафс лъаларо, гIакълу гьечIеб баш лъаларо,**
**ГIелмуялда гIамал гьабун гIумру тIами захIмат буго.**

**Зугьадаал[5] рокьаниги, рокьи гьечIеб рехун тезе**
**РухIалъ къабул гьабуниги, напсалъ инкар кколеб буго.**

---

**[1] Щибаб рецц Аллагьасе буго, Жинца кинабго гIалам хьихьулев, я дир Аллагь, Дуца дир мунагьал чуре гIадамазда лъаларелги, гьез бицунеб жоялдалъун Дуца дие гIазабги гьабуге, гьезда ракIалда кколелдаса лъикIавлъунги гьаве дун, Дур рахIматалдалъун, я гурхIулезулги бищун гурхIулев Аллагь!**
**[2] КIодолъи**
**[3] Халкъ бижарав**
**[4] ВитIун ккезавун**
**[5] Дунял рехун тарал**

Акъвиялал[1] рихьаниги, эзул сайру[2] бичIчIаниги,
Инсаф[3] гьечIеб къаркъалаялъ къо хIехьолеб куцго гьечIо.

ХIикматазул ралъдадаса боссе виччан тананиги
Тохав дирго жагьиллъиялъ жавгьаралда маликлъичIо.
Жанир ругел магIданазул къадру лъазе гьабуниги
Гьел рахъизе анищалда ун ратана сардал-къоял.

Садатазул вужугьазде[4] балагьизе щвананиги
Щукру гьаби дагьлъун ккеялъ дун мискинго хутIарав куц,
Хулафааз[5] тIад кверги лъун лъимергIадин хьихьаниги
ЛъайчIо къимат гьабизего гьабун цебе лъураб кванил.

ГьитIинлъиялъ жагьлу[6] бергьун гьаваялъул чу рекIана,
Чи гIун гIадан лъугьинелде гIи-боцIуде вехьлъун ккана.
ГIилмуялде ракI балагьун рокьи элде гьабуниги
Анищ гьечIеб гIумруялда гIемер сонал нухар лъуна.

Лъеда хъвалеб накъиш гIадин гIилмуялде байбихьана,
ГIумруялъул агъ бекидал исламияб нух цIехана.
Илагьияб лутIфу[7] тIаде тIуфан гIадин чваханиги
Дирго гьечIеб истигIдадалъ[8] вигIаалъуб[9] жого ккечIо.

ГIалимилан халкъалда ккун, дунго дидаго ватичIо,
Дидаса къо бухIарав чи икълималда[10] ватиларо.

---

[1] Къуватал, камилал
[2] Хьвади
[3] РитIухълъи
[4] КIудиязул гьурмазде
[5] Устарзабаз
[6] Жагьиллъи
[7] ГурхIел
[8] ХIадурлъиялъ
[9] КъвачIинибе
[0] Улкаялда

КъулгIаялда кIал чIваниги кIутIби риччун хутIанилан
Хабар дица бицаниги божуларел гьал гIадамал.

ГIалим гурин ахIданиги хIалхьиги дий толеб гьечIо,
ХIалкIвараб жо манлъаниги босулевги дагь ватула.
Лъалареб жо гьикъизеян аскIор рачIун гаргадула,
Амма рекIехъ балагьани борцун, къотIун лъун букIуна.

Бицунелъухъ гIинтIамуни, тIехь бакьулъа бугин ккола,
БатIиналъул[1] хал гьабуни уян абун тезе ккола.
Инкар гьабун кIалъанани, лъутун ине къасд гьабула,
Тасдикъ гьабун квер бахани дир шайихлъи камилъула.

Живго жинца гIемер какун гIайиб тIаса хъуштIиларо,
ГIадамаца рецц-бакъ гьабун гIакълу бугев вохиларо.
Къали цIураб гIакълуялъе гIилмуялъул сахIги гIела,
СахI гурони гIакъло гьечIес гIилму данде бачинаро.

Бечедазул мухъилъ вугев мискинав дун пакъирасул
Къварилъи-хIал бицаниги гурхIулев чи ватуларо.
Чахъабигин хъурмал, циял цохIо рехъалъ хьихьунилан
Вихьудаги тIерхьудаги тIад лъолареб бугьтан гьечIо.

Бартудецин квар рехула, чу лъугьиндал кьили лъола,
Чанал гьойгин калбун гIакъур[2] хIукмуялъулъ хилифлъула.
ХIамил мугъалъ гьир баччула, чахъабазул квас къунцIула,
Кинавниги инсанасе тасаруф[3] цо бегьуларо.

Гьидаят[4] щун тIоритIарал, ТIагьаясул нух цIунарал,
ТIолго уммат – агьлу суннат, Аллагь, Дуца данде гьаре!

---

[1] Жаниб бугеб жоялъул
[2] ХIанчIулеб гьой
[3] ТIад хIалтIи
[4] ВитIун ккей

Динул Ислам тIаса бищун шаргIалдехун рокьи ккарал
Ширкалдаса рацIцIад гьарун ихласалда[1] чIезе гьаре!

Гьаб пасатаб заманалда зулмуялда гъоркь рукIиналъ
ЗагIифлъараб нижер иман, Аллагь, Дуца цIакълъизабе!
ЛъикIлъиялде нухал къараб къанун, закон тIад букIиналъ
ТIагIун араб гIилмуялъул гIаламалъе рахас биччай!

ГIадлу-диван дагьлъун ккеялъ данделъизе кIола гьечIел
Дагъистаналъул миллатал раче, Аллагь, цо нухаре!
Цо-цадехун хIасад гьабун хIал квешлъарал бусурбаби
ХIакъалдеги кантIизарун киналгоги ваццал гьаре!

"Кун"[2]- абураб лафсалдалъун[3] хIукму Дуца тIубалев, Хан,
ТIегьайзабе динул Ислам дунялалъул атIрафазда!
Дуй бокьараб лъугьиналъе манигI[4] гьечIев хIакъав МагIбуд,[5]
ГIуббадазул гьариялъе гьабе жаваб, хIал кIолелъул!

ХIилла-макру гIемерлъиялъ гIаламалъул божи хварал,
Божи бугел уманаал[6] эзул бакIалъ къарар гьаре!
Исламалде рокьи гьечIел, рекIелъ нифакъ[7] бугеб агьлу,
Аллагь, Дуца рорчIизаре гъафлаталъул макьидаса!

Диргини цо гIуж букIана гIезагIанго саламатаб,
ГIи-боцIиги гIухьбузе тун гIилмуялде ракIгъей бугеб,
Рахь рекIараб кьагIрил гIадин кьурдилаго къоял унеб,
Къаси сордо бачIунилан бераз намус рехулареб.

---

[1] Дин бацIцIалъиялда
[2] Мун букIа
[3] РагIудалъун
[4] Гьукъулев чи
[5] Жиндие лагълъи гьабулев
[6] Божарал
[7] Мунапикълъи

Рокьи ккарав гIащикъ гIадин шайхзабазулъ фаналъараб,
Щиб жо кIалалъ бицаниги ракIалдаса эл унареб.
Эзул хабар бицунаго цогидаб жо кIочон толеб,
Таснифазде[1] валагьани дунялалъул рукъ рихунеб.

Дида лъалев гIадан гьечIеб, гIадамасда дун лъалареб
Дирго рокъов гIодовги чIун гIузлаталъул[2] кеп босулеб.
ГIилмуялъул дарсиде ун, дирго хIалтIи-хъулухъ тIубан,
ТIокIалщинал заманаби зикрабазда тIад риччалеб.

Гьанжени дун релълъун вуго бал свараб цо гIаштIиялда,
ГIемер хIункрул, ноцIцIал ричIун гIоркьилъа жиб жагъаллъараб.
Жегиги дун релълъун вуго рищни балеб цо гохIалда,
ХIажат гьечIебщинаб байзе бокьарасе изну бугеб.

Бокьаниги риханиги, гьирги баччун нухда унеб,
ТIилги кьабун хIамаялде "хIа" абулеб гIадат буго.
Дунги хIакъав хIамалияв, хIалкIвараб жо лъе мугъалда,
ХIукму-къадар – Аллагьасул, дун элда цIакъ рази вуго.

Аби буго, магIна шигIри[3] шагIирасул чохьонибан,
Бикьизе чи гьечIеб ургъел угьун тана тIамчаздехун.
ТIолгоязе ахир щолеб, бащадаб – цо хвалилаб лълъар,
Хадуб, балеб мусруялъул лъабго пардав хъахIаб хамил.

*************************************
*******************************
************************

---

[1] ТIахьазде
[2] ВатIа чIеялъул
[3] ШигIруялъул магIна

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Дун унтараб мехалъ гьабураб назму

**Хошгелди, лъикI щвараб Бичасул салам,**
**БачIая цебегIан, бицея мурад.**
**Мунги чорхолъа ун сахлъи бачIиндал**
**Хвел кIочонго тараб хIал гурищ ккараб.**

**ХIал рекъон кIиялго цадахъги хьвадун**
**Цере арал сонал ракIалда ругищ.**
**РекIел хвей ккечIого, гьудуллъиялда**
**ГьабичIищ нилъеца берцинаб гIумру.**

**Бице, дие рохел бугеб батани,**
**Балъго гьабун тоге сиррияб[1] амру,**
**Аллагь дида гурхIун, мунагь чуризе**
**БачIараб батани, мун лъие щолеб.**

**Я дида щцин бахъун, интикъамалъе[2]**
**Амру дуй батани – дунги махлукъат,[3]**
**Халикъасул хIукму-къадаралда нилъ**
**Разилъун рукIина, цере кинниги.**

**Кинаса кканиги нилъ гьудулзаби,**
**Гьабиларо цоцалъ щибго дагIба-къец.**

---

[1] Балъгояб
[2] РецIел босизе
[3] Вижарав

Дирго чорхолъ ругел гарамал лъайзе
ЛъикI ккана мун бачIин, Бичасул салам.

Сахлъиялъе шукру гьабизе лъайчIеб,
Гьанже бега босноб балкан, къаркъала.
БетIергьан разияб хIалалъ хьвадичIел,
ХIехье гьанже унти, тамахал лугбал.

Тетун хьихьараб черх, гогьмаяб жасад,[1]
Макьугун кьаллъизе гьунар дур гIечIин,
Гьанже рорчIе сардал тIавгIан ав каргьан,[2]
Ккурабин мун сверун унтул гIаскараз.

Аллагь рехсолаян чIухIун букIараб,
ЧIаголъи киб араб, пасихIаб кIал-мацI?
Сива ллагь[3] кIочараб хIал дур батани,
ХIузур[4] кибе ккараб, пакъирасул ракI?

Дуе сахлъи кьурав Аллагь вугелъул,
Унти тIамурав щив, тамахаб хIара?
Хвалил амруялде абги щун гьечIин,
Шикаят[5] кинаб дур, къотIиго гьечIеб?

Мунни букIун буго, хIалихьатаб черх,
Чуруда хьихьараб гIака гIадаб жо.
ГIолохъанлъуда дур букIараб гьунар,
Гьенже якъинлъана лъугIунго букIин.

---

[1] Черх
[2] Бокьунги рихунги
[3] Аллагь тун батIияб
[4] Аллагь ракIалда чIей
[5] Зигарди

**ГIилму-гIакълуги кьун хира гьавидал**
**Гьабищха дур сабру мусибаталде[1]?**
**Тавбату ннасухI[2] кьун къабул гьабидал**
**Къадар-хIукмуялда гьабищ разилъи?**

**Мунго дуда лъайчIеб, жагьилаб дир нафс,**
**Жакъаниги кантIе хIакъикъаталде.**
**РахIманасул гурхIел шун гуреб ани,**
**Щибдай букIинаан дурго бугъбузул.**

**Дудаса къабихIаб, къуватги гьечIеб,**
**ЧIухIиги бергьараб махлукъ[3] бугодай?**
**МунгIан вагIзаялъе мутIигIлъи гьечIеб**
**ГьечIогури тушман муъмин чиясул.**

**МунгIан гIайиб чIвазе мустахIикъаб жо,**
**Къойил ургъаниги дандчIвалеб гьечIо.**
**Къуръан-хIадисалъул хал гьабидалги,**
**Мун какараб гуреб бакI батуларо.**

**Аммаратун биссуъ[4] – сипат гьабураб**
**Дур квешлъиялдаса цIуни гьаризе,**
**Гьаб махлукъаталъе[5] ризкъи бикьулев**
**Раззакъ[6] дир вугевин, воре чIухIуге!**

**ЧIухIараб шайтIангун мун рекъаниги,**
**Муъминасул къалбу[7] – Аллагьасул рукъ.**

---

**[1] Балагь**
**[2] БацIцIадаб тавбу**
**[3] Бижараб жо**
**[4] Квешалдалъун амру гьабулеб**
**[5] Бижараб жоялде**
**[6] Ризкъи кьолев**
**[7] РакI**

**Амру-нагью тезе дуй бокьаниги,**
**Дир хьул РахІманасде, алхІамду лиллагь.**

**Я АрхІама-РрахІим, гьал гІадамазе**
**ГІемер гьардолесул къимат цІакъ хола,**
**Къойил гьарданиги ниж чІалгІинчІого,**
**ЧІобого бикьулеб рахІмат – Дур буго.**

**Бал - гьелдаса бусун, хириял гІужаз,**
**ГІемераб гьареян ахІи Дур буго,**
**ХІелун гъапудухъе кІанцІарав инсан,**
**Мурад тІубачІого Дуца толаро.**

**Цойги гьаб халкъалъе, хирияв Аллагь,**
**ГІузру къабул гьаби – бакІаб жо буго.**
**ГІузру бачун, тавбу гьабун щварасул**
**Дуца чурулареб мунагьго гьечІо.**

**Бал- гьелдаса бусун чурун течІого,**
**ЛъикІлъабилъун хъвалев Карим – Мун вуго**
**Куфругин ширк гуреб магІсиятазе**[1]
**НасухІияб тавбу – Дур сайгъат буго.**

**Дур рахІмат-цІобалъул гІатІилъи лъайдал,**
**ГІузру бачун щварав лагъ дунги вуго,**
**Дидасан бегьараб адаб тей, такъсир,**
**ТавбугІаги Аллагь, мун тІаса лъугьа!**

**ТІокІаб гьунар гьечІев гьардухъанасул**
**Гьариялъе жаваб гьабе, я Мужиб**[2]**!**
**Гьаб дирго нафсалъул амруялдаса,**
**Аллагь, цІунун ккеги фи къайдил хІаят**[3] **!**

---

[1] **ГІасилъабазе**
[2] **Я жаваб гьабулев Аллагь**
[3] **ЧІаго вугевгІан заманаялъ**

ХIалада чIолареб загIипаб якъин,[1]
Зияд[2] гьабе, Аллагь, дун пакъирасул!
Мун разилъи гуреб дир матIлуб[3] гьечIеб,
Дудаго лъалелъул – ризкъилъун гьабе!

Дуй гIоло дун вокьун аскIор рачIарал
Ихванaзе[4] ажру Дуцаго гьабе!
Динияб вацлъиялъ бичараб рокьи
Ракьде руссинегIан къотIизе тоге!

Дие комекалъе батараб къокъа,
Мукъаррибуназул[5] мухъилъ чIезабе!
Бахъараб хIетI рикIкIун хIал чIахъадазе,
ХIажалъараб къоялъ Дур цIоб рештIаги!

Дие сахлъиялъе жигар гьабурал
Гьазул гIумруялда баракат лъейги!
Берцинаб дунял кьун, дин-Исламалда
Наслаби тIоритIун, тIубайги мурад!

ТIарикъат, шаригIат камил гьабизе
Гьунар кьеги, Аллагь, мун вокьаразе!
МагIрифат,[6] хIакъикъат ризкъилъун гьабун,
Гьаб тIаифаялъе[7] фатхIу[8] рагьаги!

Расуласул суннат чIаго гьабизе
ЧIаго гьаре ракIал, гьардарав Аллагь!

---

[1] РекIел чIей
[2] ЦIикIкIинабе
[3] ТIалаб гьабулеб жо
[4] Вацазе
[5] Аллагьасде гIагарлъарал
[6] Аллагь лъалеб макъам
[7] Къокъаялъе
[8] Рагьи

Гьев разияб хIалалъ хьвадизе манлъун,
Хьулал тIурайзаре ниж киназулго!

Жавабалде хьул лъун гьарулеб бугин,
Гьабуге, БетIергьан, гIадада хвезе!
ГIайиб-такъсиралъул цIун вугониги,
ЦIоб лъун, гурхIел гьабе мискинав дида!

Кинабниги амру Жинде бусунев
ХIакъикъияв фагIил[1] Мун вукIиналда
РакIчIей хIасул[2] гьабун, шак нахъе босун,
ИхIсанияб[3] макъам вагьбулъун[4] гьабе!

Гьидаяталъул[5] нур карандеги тIун,
Квешал ахлакъазул[6] къувват хойзабе!
Къасават[7] гIемерал нижер ракIазулъ
Нафю - исбаталъул[8] хIарарат[9] биччай!

*********************************************

***************************************

********************************

[1] Иш гьабулев
[2] Щвезабун
[3] Мун вихьулеб гIадин тIагIат гьабулеб
[4] ЧIобого кье
[5] БитIараб нухалъул
[6] Хасиятазул
[7] РакI биццалъи
[8] *"Ла илагьа илла ллагь",* - абураб калима
[9] БухIи

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

## САХЛЪУН ХАДУСА ГЬАБУРАБ НАЗМУ

**РахIат нукъсанлъараб хIал тIаде щвейдал**
**ХIалихьатаб черхалъ къо рехараб куц,**
**Къварилъи цIикIкIараб сагIат бачIиндал**
**ЧIухIараб нафсалъул хIели бихьичIищ.**

**РахIманасул салам тIаде щунилан**
**Щуша-хъухъан ана загIипаб иман,**
**Унтул гIаскараца сверун босидал**
**Сабруго батичIого гъапулаб рекIел.**

**КIалъайзе гIедераб, магIна гьечIеб кIал,**
**Дурги аниналде[1] буссана тавфикъ**
**Телмачлъун мун ккараб къалбуялъулги[2]**
**КъватIиб загьирлъана гьечIеб малака[3]**

**Гьанже, дур гIаскарал тIаса рикьидал**
**ТIубараб хIуриййат[4] щвана черхалъе,**
**ТIаса гьир рехараб хIама кинниги**
**ХIалхьун ургъел тезе бокьана алъий.**

**Унти тIаса бикьун рахIат бачIиндал**
**РухIлъун нахъ руссана нафсалъул бугъби,**
**Нахъа тIокIаб ургъел гьечIеб кинниги**
**Гьалъул гIамалазул сури бихьулищ.**

---

**[1] Зигардиялде**
**[2] РакIалъулги**
**[3] Гьунар**
**[4] Эркенлъи**

Сапаралъ вахъине заман щварасе
ШартIлъун ккана алъий унтуца ккойи,
Калла валлагьи, я нафсул аммарат,[1]
УнтичIого холел чи рихьуларищ?

Чанги унтарасул къо тIаде щварав
Къаданив кIусулев лъаларищ дуда?
Къоял лъугIун хадуб Малакул мавтас[2]
Унти цIехолареб, хал гьабе дуца!

Хвалил мехтелалъул лълъар духъе кьезе
Заман-маканалъе[3] гIурхъи лъун буго,
Нахъе-цебе цIайзе имканго гьечIеб,
Азалияб[4] хIукму дуй тIубан буго.

ХIинкъи тIаса араб сагIат дуй гьечIин,
Сахлъиялда божун рахIат гьабуге!
РухI бахъулеб сагIат балъго бугелъул,
Байдан гIатIилъиялъ гуккизе чIоге!

Чан дурго гIолилал гIанчIал ракIалгун,
ГIашикъаб дунял тун ракьалде арал?
Рокьи бугебщинаб ирсалъеги тун,
Абадияб рокъор жал къарарлъарал.[5]

Жегиги хал гьабе гьаб заманалъул,
Унтун бусада хвел чамасул бугеб?
Божкъаликье бачIун мавтул фужаталъ[6]
Рачун унел гьечIищ гьал гIолохъаби?

---

[1] Киса валлагьи я квешалде ахIулеб нафс
[2] ГIизраил малаик
[3] БакIалъе
[4] Цебегосеб
[5] ХIалхьарал
[6] Тохлъукье бачIараб хвелалъ

ГIизраилги вачIун рухI босулелъул,
ХIинкъи цIакъаб бугин цIодор чIа, пакъир!
Дунял-ухраялъул[1] авалгин ахир
Кин ккелеб лъаларин, воре, тохлъуге!

Хабалъ Мункар-Накир тIадеги вачIун
ТIаде вахъинавун суал гьабидал,
Гьезий жавабалъе хIал кIвечIонани,
ХIисаб гьабе, мискин, дурго черхалъул!

МахIшаралъул къоялъ ГIарасаталда
ГIамал хъвараб кагъат квегIисаги кьун
ХъахIаб дурго гьумер чIегIерлъун ккани,
Ккун вачун унев мун забаниятаз.[2]

Мунагьал цIалеб рахъ цIадирабазул
ЦIан гIодобе ани – хвараб дур хIалтIи.
РахIман-РахIимасул цIоб рештIинчIони,
ЦIадул гIазабалъе мустахIикълъулев.

СиратIалъул кьоги тIерен батани,
ТIасан вахунелъул щибдай букIина.
Боркьараб жужахIгин Жаннатул Маъва[3]
Ахир дуе щвезе кинабдай буго.

Дуда нахъа бугеб гьабщинаб хIинкъи,
Гьайгьата[4] дуе, нафс, доб рахIат киса?
Дурго матIиййаталъ[5] siratI бахани,
Фазака[6] ва илла[7] – къараб дур талихI.

---

[1] Ахираталъул
[2] ГIазаб кьолел малаикзаби
[3] Алжаналъул цIар
[4] Киса
[5] РекIунеб жо (черх)
[6] Гьеб гьедин букIина
[7] Гьедин ккечIони

ХIалхьи гьабун ургъел тезе бокьараб,
Тамахаб къаркъала, дагьалъ яхI бахъе!
ТархъичIев лагъасе хIурийййат[1] гьечIин,
Гьаве Саййид[2] рази, щвезе бокьани!

Ширкун хафиялъул[3] дакъаикъазул[4]
Даражаби лъайчIеб рекIел пайда щиб.
Рияъ-сумгIаталда[5] нахъ гIунтIи гьечIеб,
ГьечIо ботIрол гIакълу тIубан камилаб.

ТIахьал цIализе лъай гIилму батани,
ГIамал гьабун хьвади – натижат[6] буго.
ГIадамазде манлъи тIадаб батани,
ТIоцебе дудаго лъайи – парз буго.

ЛъикIаб цIаралдалъун шугьратги[7] лъугьун
Щвараб хIурийййаталъ[8] мун тархъиларо.
Маул хIаяталъул[9] бицен гьабиялъ,
Гьекъон гIорцIичIони, къечги хьаларо.

Хьулалъул хурзабахъ хивалги бекьун
Хайир къваригIинищ ахIмакъ гуресе.
Анищазул гьирал нахъаги сукIун
Мискин бечелъилищ чияр боцIуца.

Чанги гIайиб буго, нафс, дуда чIвазе,
Намус-яхIго гьечIеб дуй гIолебани.

---

[1] Эркенлъи
[2] КIудияв Аллагь
[3] Балъгояб ширк (рияъ)
[4] ТIере-тIеренал жал
[5] Рихьдай, рагIуе гIоло
[6] ХIасил
[7] Машгьурлъи
[8] Эркенлъиялъ
[9] РухIал чIаголъулеб лъин

Дирго иманалъул къуват дагьлъиялъ
Дур бугъби квегъизе фурсат[1] рекъечIо.

“Кун” - абураб лабсалъ[2] хIукму тIубалев,
ТIадегIанав Аллагь – дир вакил вуго.
Динул Исламалде уммат ахIарав
ХIабибуллагьги дир Авараг вуго.

Имамги дир – Къуръан, къиблаги – КагIба,
Как-кIал, закагIат сахI, рес рекъани – хIаж,
РахIманас тIад лъурал гьал фараизал
ТIуразе – дир ният, нафс, мун гьедин хва!

Хириял суннатал тIаде росизе
ТIагьал хулафааз[3] дий квербакъилеб.
Карагьатаб тезе дий гIавнуялъе[4]
ГIарифунал[5] ругел, алхIамду лиллагь.

---

[1] Заман (рес)
[2] РагIуца
[3] Наибзабаз (устарзабаз)
[4] Кумекалъе
[5] Аллагь лъалел чагIи

***Аллагьуммагъфир ли ма ла ягIламуна ва ла туахизни бима якъулуна важгIални хайран мимма язунуна[1] Амин***

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими***

# Аллагь, рекIел къварилъи къоял гIадада индал

**АлхIмаду лиллагь, шукру щибаб рецц Дуй, БетIергьан,**
**ТIагьаясул умматлъун Дуца рижун ругелъул.**
**Цинги свалатгун салам сахIибул мигIражасде,[2]**
**Жив чIчIараб макъамалде анбияал[3] рахинчIев.**

**Хадуб чучизин ургъел баягъияб тIанчиде,**
**Бичизин рекIел гарацI шакъи-къаламги босун.**
**Басинин кагътил гьумер, гьудуласе цIализе,**
**Гьабизин щигIру данде, дирго хIакъикъат лъайзе.**

**Аллагь, рекIел къварилъи къоял гIадада индал,**
**ГIишкъуялъул нур суйин сардал чIорого тедал.**
**Свараб чирахъ бакизе кан гьечIого гIоларо,**
**ГIилму тIалибасеги[4] дарс лъезе къварагIуна.**

**ГIакълуялъул хIайранлъи хIал хьарал ихваназда,[5]**
**Хивалазул паналъи пагьму щварал васазулъ.**

---

**[1] Я дир Аллагь, Дуца дир чуре гьадазда лъалареб мунагь, гьез абулеб жоялдалъун Дуца дие гIакъубаги кьоге, гьезда ракIалде кколелдаса лъикIавлъунги гьаве дун!**
**[2] МигIражалъул бетIергьан**
**[3] Аварагзаби**
**[4] ТIалаб гьабулев чияс**
**[5] Ваццазда**

**Пикрабазул гIемерлъи гIилмуялъухъ урхъарал,**
**Анищазул камиллъи квер байзе хIал кIоларел.**

**Рокьиялъул гьуинлъи гьидаяталде[1] бугеб,**
**Гьаваялъул жагьиллъи гьебгун цадахъ хьвадулеб.**
**Хьулалъулги халалъи хвалил хIисабго гьечIеб,**
**ХIалтIулги тIатIала бай тIагIун хIалхьи щолареб.**

**ТIабибасде[2] дун унеб унтиялъулъ хIалакин,**
**ХIакъикъат лъаларесда лъаларо бихьаниги.**
**Бухьараб сапаралда сагьму[3] камун хутIидал**
**ТIаде щолеб хIалалъул хIал кIоларо бицине.**

**Цинги гьал гIолилазда дир пакъирлъи бихьани,**
**Берал чвахун, ракI гIодун гIажаиблъи гьабила.**
**ГIилмугин дир лъаялда гьоркьор ругел жибалал[4]**
**Жагьилазда рихьани, цIакъго гьел хIайранлъила.**

**ХIимлуялда рекъараб къуват гьечIеб багьимат[5]**
**Къо рехун нахъе ккола мусафиразда[6] гьоркьоб.**
**Рукьалда ран квегъулел корал бусбузул рилълъин**
**Лълъар турараб оцоца цихIиндаги гьабилищ.**

**Цо квералъ кIиго хъарпуз кIолебани босизе,**
**Хивалал хIорго хутIун махIрумлъилароан дун.**
**Лъаб бикьараб цо ракIалъ гIилму гьабулеб ани,**
**ГIадамаз кьолеб цIарги мустахIикълъилаан дий.**

---

**1 ВитIун ккеялде**
**2 Тохтирасде**
**3 БутIа**
**4 Пардавал**
**5 ХIайван**
**6 Сапарчияздa**

“Миату гIамилалда”[1] гIей гьабураб дир алат[2]
ГIилму жиндилъ гьечIесда бичIчIилищ бицаниги.
“ТIасрифалда” къокълъараб пакъирасул нахIву сарф[3]
Саву ккедал хур гIадин холеб буго гIадада.

ГIаздада цIаял гъолел гъарачагIи рукIаго
РекIее бокьанщинаб щолебдай инсанасе.
Аллагьасул къадарги азалалда тIубайдал
ТIалъиларищ дидаги кьуралда разилъун чIей.

Гьанже дир хIал кIолеб жо, ХIакимасде гьаризе –
Лъаралда гIамал гьаби ризкъилъун кьейи буго.
Цойги дир хьул лъолеб жо, къоял нахъе ратани,
Тавбу гьабун Бичасде вуссун лагълъи гьабизе.

Лугъаталъул тIахьазда тIад хIур бетарав гIащикъ
ГIахьал гьаве, МухIаммад, дугIа-алхIамалда гъорлъ.
“Абу шужагIалдаго”[4] фикъгьи[5] тIубарав чIинкIил
КIочонге, диналъул вац, данделъизе бегьулин.

Дунялалъул ал къоял ургъалил донкIаллъидал,
Дирго керен чучизе кагътида хъварал хIушал.
Койр босараб саламгун сахлъи рохел гьарулеб
Гьадиййатин[6] дуе гьаб дир рахъалъан, МухIаммад.

## ТАММА

*****************************************
********************************
***********************

[1] ТIехьалда цIар
[2] ГIараб мацIалъул гIилму
[3] Грамматика
[4] ТIехьалда цIар
[5] ШаригIаталъул гIилму
[6] Сайгъатин

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Аллагьасде хIели - мунажат

**АлхIамдулиллагь, Аллагь, тIолго рецц Дуе буго,**
**ТIокIал нигIматалги кьун ниж кIодо гьарун руго.**
**КIудияб рохел бицун, берцинаб амру гьабун,**
**Аманат тIубайзелъун тIолго халкъ бижун буго.**

**Хирияб Дурго калам киназего гIамм гьабун,**
**Гьел диналде ахIизе илчизаби щун руго.**
**Адамидасан кIвараб ХIабибасде щвезегIан**
**ХIакъал Дур расулазул силсила[1] къотIун гьечIо.**

**Свалатгун салам лъеги хирияв АхIмадида,**
**Агьлу-асхIабзабазда тIолго табигIиназда,**
**ТIагьаясул шаригIат умматалъе бикьарал**
**Агьлу-загьиргун батIин,[2] тIолго гIуламаазда.**

**ГIилму тIалаб гьабулел тIалибиназул къукъа**
**ТIоритIе Дуца, Халикъ, Хириясул нухалда!**
**Хирияб динул-Ислам боссе анищ гьабурал**
**Щвезаре мурадалде Дурго фазлуялдалъун![3]**

**Аллагь-РахIман, Мун-РахIим, хIилмуялъул БетIергьан,**
**ХIелун Духъе вачIарав чIваге Дуца дунги нахъ!**
**ЧIовогояв гьардухъан, гьунар гьечIев дун пакъир**
**Рикъзи гIибадат гьабун гьаве, Аллагь, вохизе!**

**Гьардухъан нахъ витIулеб тIабигIат Дур гьечIелъул**
**Гьабе, Аллагь, диеги Дур ррахIматалъул бутIа!**

---

[1] Рахас
[2] Загьирабги батIинабги агьлуялъул гIалимзаби
[3] ЩIобалдалъун

БитІараб ТІарикъалде тІоритІиги Дурлъидал,
Дунги ахІе, я Карим, кумалазул[1] нухалде!

Киналго хІукмабазул хІакимги Мунголъидал,
ХІасрат бергьун щварав дун пашман гьавуге, Аллагь!
ШафагІаталъе изну кьолевги Мунголъидал,
Дида квершел гьабиги муршидасде тІамун те.

ТІолго хазинабазул ихтиярги Духълъидал,
Дир каранда къан бугеб къадар гьабе, я Гъани![2]
Къурбаталде[3] ахІизе хІалкІолевги Мунлъидал,
ХІасул[4] гьабе, я Къадир,[5] къалбул салим[6] диеги!

Къабулаб тавбуялъул гъапуги Дурголъидал,
Дийги рагье, я Гъафур,[7] гъуфран[8] щун ракІ бохизе!
ШайтІан нахъе къотІулеб къуватги Дурголъидал
Дунги цІуне, я ЛатІиф,[9] тІолго хатІаялдасан!

ТІахьаз жаниб бахчараб бечелъиялъул бутІа
Биччай, Аллагь, диеги диналъе квербакъизе!
Къуръангун ХІадисалъул хІукму бичІчІизе бокьун
ХІалтІуда араб гІумру гІибадатлъун хъвай, Аллагь!

ГІафвуялъул кверщелги кодоб бугев Мунлъидал,
Киналго дир мунагьал гьаре, Аллагь, рахчизе!

---

[1] Камилал гІадамазул
[2] Я Бечед
[3] ГІагарлъиялде
[4] Щвезабе
[5] ХІал кІолев
[6] Сахаб ракІ
[7] Мунагьал чурулев
[8] Мунагьал чури
[9] Я ГурхІулев

**Черхалъул гIузру лъалев гIалимги Мунголъидал,**
**ГIилмунафигI[2][1] цIикIкIун кьун цIцIан ваче тавбуялде!**

**ТавхIидалъул кутубал,[2] каранда накъищ гьарун,**
**Камил гьабе дир ихлас[3] Дурго хIилмуялдалъун![4]**
**Дирго мунагьазе нугI дунго вукIин бихьулев**
**Басирги[5] Мунголъидал, лъугьун те, Аллагь, тIаса!**

**Дир чорхол гIайиб бихьун гIазаб Дуца кьунани,**
**ГIанкъра-борхьазул ирга инсанасде щвеларо.**
**Щибаб дир мунагь рикIкIун данде жаза гьабуни,**
**ЖужахIалъул цIаялъе цIуллъун ккела дир лугбал.**

**Дур нигIматазде данде дир гIибадат босани,**
**ГIасигун-фасикъасул исму[6] дие хIакълъила.**
**ЛъикIаб гIамал дандбитIун Дуца ужра[7] кьунани,**
**Дидаса фасикъав чи къавмалъулъ ватиларо.**

**Дир хьвадиялда рекъон разилъи Дур бугони,**
**Дидасан басрияв чи росабалъ вижиларо,**
**Жагьлуялда рекъараб такъсир Дуца гьабуни,**
**Дидаса хIакъ гIемерав гIаданго вукIинаро.**

**ГIамал гьечIеб гIилмуялъ гIалимги гьалаглъулин,**
**ГIазана ллагь,[8] БетIергьан, гьеб гIумро хIалалдаса.**

---

**[1] МунфагIатаб гIилму**
**[2] ТIахьал**
**[3] РакIбацIцIалъи**
**[4] ХIалимлъиялдалъун**
**[5] Вихьулев**
**[6] ЦIар**
**[7] Мухь**
**[8] Аллагьас цIунаги**

**ГIилму гьечIев жагьилги камиллъун вахъунарин**
**Кумек гьабе, дир Аллагь, динул-Ислам бичIчIизе!**

**ЖамигIул азгьаралъухъ[1] рокьи ккарав дун гIажиз,**
**ГIисяналда[2] къоял ун къварид тоге, я Рабби!**
**РекIел хивалал лъалев халкъалъулго Мун – ХIаким,**
**ХIабибасул ирсалъул варислъун[3] дунги гьаве!**

**Беразул нур суйнегIан сверун балагьаниги,**
**Сифат лъайзе кIоларев, кIодолъи цIакъав, Аллагь,**
**АхIмадил ТIарикъалъул бутIадулавлъун гьавун**
**Ваче дунги рухIазул хIал хьаразде гьоркьове!**

**Къоял сардада рацIцIун сапар бухьананиги,**
**Вугеб бакI батуларев, вати тIадав, БетIергьан,**
**ТIагьаясул шаргIалъул шулияб хIаблуялда[4]**
**Щула гьабе дирги ракI Дулъ махIаббат[5] цIикIкIине!**

**ХIуснул хулкъ[6] камиллъулеб, каранлъ ракI чIаголъулеб**
**“Ла илагьа илла ллагь” чорхолъ хьвадизе гьабе!**
**Гьидаят[7] хIасуллъулеб, ХIабибуллагь вохулеб,**
**Хирияб салаталъулъ сухIбат[8] цIикIкIине гьабе!**

**ЦIикIкIун ккарал мунагьал чуризе дарулъулеб**
**Дуде истигъфар[9] гьаби, гьуин гьабе мацIалъе!**

---

[1] **Къагьиралда бугеб машгьураб исламияб университет**
[2] **ГIассилъиялда**
[3] **Ирсилавлъун**
[4] **Рухьеналда**
[5] **Рокьи**
[6] **Берцинаб хасият**
[7] **ВитIун ккей**
[8] **Гьалмагълъи**
[9] **Мунагьал чури тIалаб гьаби**

Гьарараб къабул гьабун, къабулаб тавбуги кьун,
Къоял гIадада унеб гIамал сверизе гьабе!

Свалат-салам лъе, Аллагь, нижер Аварагасда,
Инсанасул мацIцIалда рехсезе хIал кIолареб!
ХIабиб вохун те, Аллагь, умматги хвасар гьабун,
Гьесул адаб гьечIого гьадин ниж хьваданиги!

ТАММА

*****************************************

*******************************

******************

## *Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Мавлид

АлхIамду Дуе, Аллагь, авал-ахир гьечIев Хан,
Халикълъун тIаса инчIев махлукъаталъул МагIбуд,[1]
Дур гIицIцIаб заталдасан Расуласул нур бижун,
Нахъияб гIаламалъул, гьеб нур аслу гьабурав.

Гьеб берцинаб нуралда МухIаммадан цIар тарав,
ТасбихI гьабун гьеб нуралъ Дур кIодолъи цIунарав,
Лъабкъоялда анцI-азар сон гьеб куцалда индал
Миръатул хIаят[2] бижун нуралда цебе ккурав.

Цинги жиндирго гьайъат гьеб нуралда бихьидал,
Берцинлъи, цIакъго тIокIаб ТIавусалъул батидал,
Дудаса гIемер нечон гIиркъалъул[3] асар бегьун
Балагьизе кIвечIого Дуй суждаби гьарурав.

---

[1] Жиндие лагълъи гьабулев
[2] ЧIаголъиялъул матIу
[3] ГIетIул

Гьеб нуралъ Дуй гьабураб щуябго сужда рикIкIун,
Щибаб къойил щуго как камил гьабун тIобитIи
ТIагьаясе сайгъатлъун, умматалъе рахIматлъун,
МигIражалъул сордоялъ парзлъун тIадкъай гьабурав.

Цинги гьеб ТIавусалъул суратияб нуралда
Бан тараб гIетIалдасан ЛавхIгин Къалам бижарав.
"Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад Расулуллагь"
ЛавхIалда хъвазе тIамун Къалам хIайран гьабурав.

Гьесул хиралъи, тIокIлъи халкъалда загьирлъизе,
Хириязул камилав Расул вукIин тIатине,
ТIолго махлукъаталъул Сайййид[1] гьев вукIин лъайзе
Гьесде тIоцебе свалат Дуцаго битIун тарав.

Нужоцаги битIеян аят рещтIун кIалъарав,
"Саллу гIалайгьи",[2] - абун, амру берцин гьабурав,
ЦохIо салават битIун ТIагьа кIодо гьавуни,
Гьесде анцIго битIизе Дуца къотIи гьабурав.

Гьанже хирияб свалат-салам дуде, Авараг,
Агьлу мун вукIин лъайдал битIизин нижецаги.
Амруялда нахъ рилълъун, риза ллагь матIлуб[3] гьабун,
ТIамизин дуде ахIи, уммат хирияв ХIабиб.

Мавла я салли васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!
Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!

Аллагьасул мулкалъул кверщел духъе кьурав хан,
Кавнуялде[4] баккараб гьидаяталъул шамсу,[5]

---

[1] КIудияв
[2] Нужоца гьесде салат битIе
[3] Аллагь разилъи тIалаб гьабун
[4] Халкъалде
[5] БитIараб нухалъул бакъ

**Шамаилал[1] дур хъвазе къалмил гьунар кин гIолеб,**
**Къуръаналда рехсарал сифатал дур ругелъул.**

**Дур нуралдаса цебе махлукъ бижинчIеб лъайдал,**
**Лъай - идрак нахъе рехун жагьлу къабул гьабула.**
**Жавгьаралъул нуралде дур цIар лъейи бициндал,**
**Бицине рагIи тIагIун гIажизлъула кIалдиб мацI.**

**Дуй гIоло БетIергьанас гIалам батизабидал,**
**ГIибаратал[2] кин лъолел камалат[3] дур рехсарал.**
**Кодобе Къуръан кьурав, Къурайшияв Авараг,**
**Аллагь тун нахъиясда дур хIакъикъат кин лъалеб.**

**Киналго анбияал-мурсалиназ[4] гьекъолеб,**
**МагIрифаталъул бахIру[5] дур каранда бугелъул,**
**Квер бегьун гIунтIулареб гIажизаб дурго уммат**
**ГIафвуялъул[6] кьоги лъун раче, Расул, гIагарде.**

**ГIарифунал[7] рахунеб дур файзалъул[8] магIарде**
**РахIматалъул мигIражлъун[9] лъезе тIаме галаби.**
**ТIагьа мун вихьиялде хьул лъурал къулубазул[10]**
**Къасаватал[11] рухIулеб махIаббат[12] жаниб биччай.**

---

[1] **ТIабигIатал**
[2] **РагIаби**
[3] **Камиллъи**
[4] **Аварагзаби, илчизаби**
[5] **Аллагь лъаялъул ралъад**
[6] **ТIаса лъугьиналъул**
[7] **Аллагь лъалел вализаби**
[8] **Нуралъул**
[9] **Малилъун**
[10] **РакIазул**
[11] **БецIлъаби риццалъаби**
[12] **Аллагь вокьи**

**Мун вокьун салат битIун сухIбат[1] гьаби гIадинаб,**
**ГIужбу-рияъ гъорлъ гьечIеб гIамал дида лъаларо.**
**ГIибадат гьаби дагьав дун гIадав гьаимасе[2]**
**ГьечIо хьул лъезе бакIал гIафву[3]-рахIму гурони.**

**Мавла я салли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!**

**Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,**
**Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида**

**Дуда къадру бащадаб щибго гьечIеб лъаялде**
**Щвараб нигIмат лъаларо дунял-ахираталда.**
**Дур умматлъун Аллагьас гьариялда рекъараб**
**Гьабизе хIал кIоларо хIакъикъаталда щукру.**

**Щиб гьабилеб, Авараг, ина ругел къоязда,**
**Къаси кьижун, къад хIалтIун къварагIел гьечIелъ гуккун?**
**ГIайиб кибе рехилеб, ахяразул МустIафа[4],**
**Нафсуль аммаратаца[5] чIвараб черхалда бугеб?**

**Дудаса гьукъараб жо Къадирасул гьечIелъул,**
**Гьари дуде, я ТIагьа, тIаса лъугьа нижеда.**
**ТIолго хазаиназул бабуль агIзам[6] мунлъидал?**
**Аман гьарун рачIарал раче, Расул, жанире.**

**Мунагьал гIемер гьарун гIайибалде кканиги**
**Даимаб тавбу нижер Таввабун РахIимасде[7]**

---

[1] **Гьалмагълъи**
[2] **Унев чиясе**
[3] **ТIаса лъугьин**
[4] **ЛъикIазул тIаса вищарав**
[5] **Квешалде цIакъ ахIулеб**
[6] **Хазинабазул бищун кIудияб рагьу (каву)**
[7] **Тавбу къабул гьабулев, гурхIулев**

Дур суннат тун хьвадиялъ хIаяъ[1] бегьананиги,
ХIабиб дуде хьул лъола рауфун рахIимлъидал[2].

Дунялалда тIад бугеб тIолго махлукъ[3] лъаниги,
Мун лъачIеб къалбуялда[4] дунни разияв гьечIо.
Зоб-ракьалъул тIабигIат тIубан бихьананиги,
Мун вихьичIел беразе бугеб рахIат лъаларо.

Рогьел баккун дур нуралъ дунял гвангъи гIадинаб
ГIалам бижаралдаса байинчIо тIаде рохел.
Хирияб равзаялде[5] мун вуссун щвараб гIадаб
ЩвечIо тIаде мусибат[6] бусурманаб халкъалде.

Хвалил лълъар гьекъонилан къабруялъув[7] лъуниги,
Къуват — дур чIаголъидал чIагояб ракI бугезе
ЧIалгIараб дуниял тун Фирдавсалде аниги,
Пардавал рорхаразда мун даим вихьулелъул.

Дур бицун ракIгъей бугел гъаримал ниж рохизе
Рахъе АхIмад пардавал фуадазда[8] лъугьарал.
Дуде салават битIун сухIбаталда[9] ругезул
Судурал[10] гIатIид гьаре гъафлат[11] ун мун вихьизе.

Мавла я ссали васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!

---

[1] Нич
[2] ЦIакъ гурхIулев
[3] Халкъ
[4] РакIалда
[5] Авараг (с.гI.в) вукъарав бакI
[6] Балагь
[7] Хобалъув
[8] РакIазда
[9] Гьудуллъиялда
[10] Курмул
[11] Гъапуллъи

Даимаб абадияб салат салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб-АхIмадида!

Аллагьасул диналде къурайшиял ахIулел
АхIулъ рукIараланиш иман лъун чIел босизе.
Инсул росу  жибго  тун гьижраялъ мун къокъулел
Къоял рихьараланищ рахъун цадахъ рилълъине.

Исламалде рачIине чIухIун чIарал ханзаби
Хвалчабаца гъурулел гъалбацIазул къукъагун,
Гъазаватал гьаризе, диналъе квербакъизе,
КъотIи дуеги гьабун, дунял рехун телаан.

Дунни хIайран хутIула хIисаб гьабун бихьидал
Гьунар гьечIеб черхалъул чорокаб гIамалалда.
Чан Аллагьасул нигIмат дие ризкъилъун кьураб,
Дирго щукру дагьлъиялъ дун нечохъе хутIараб.

Чан къварилъи-захIмалъи хIалбихьизе тIамураб,
ХIалихьатаб нафсалда сабру гьабизе кIвечIеб,
Чан хатIарат,[1] чан мунагь лугбаздасан  лъугьараб,
Саттарул гIуюб[2] гурхIун гIадамазда тIатинчIеб.

ТIаса лъугьун тей гуреб, тавбу къабул гьабуни,
Гьабурабщинаб квешлъи лъикIлъабилъун хъван толев,
ЛъикIабщинаб бокьулев, квешалда рази гьечIев
ГьечIин мун гурев МагIбуд,[3] бадал[4] гьаре зунубал[5].

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!

---

[1] Пикру
[2] ГIайибал рахчулев
[3] Жиндие лагълъи гьабизе кколев
[4] Хисизе
[5] Мунагьал

Даимаб, абадияб свалат салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!

Дуде свалат битIила БетIергьан разилъизе
ТIокIаб мурад гьечIого, мун агьлулъун ватидал,
Амру тIубайзабила мутIигIаллъун рукIине,
Мун рехсон унс[1] гьабила Аллагь вокьи цIикIкIине.

Алжан босизе гIоло гIибадат гьабиларо,
ГIабдлъун[2] вукIин бокьила Сайид жинда разияв.
ЖужахI бижун батиялъ тани квешал гIамалал
ГIадлуялъукьа хIинкъун хIалтIулев лагълъун ккела.

ГIибадатул ахIрари[3] — дир рокьи ккараб макъам,
МустахIикъав вукIиналъ Халикъасе гьабизе,
Гьелдалъун рекIел матIлуб[4] — ТIагьа, мунгун данделъи,
Дур игIанаталдалъун[5] Аллагьасул зат бихьи.

ИхIсан[6] камил гьабизе кумек дуде гьарила,
Карим-Аллагь вихьизе матIулъун мун гьавила,
Гьидаят[7] хIасуллъизе суннаталда тIад чIела,
Салават дуде битIун баркат тIалаб гьабила.

ТIолго дунял къалъараб бакъул нурги дурилан
Дуде ракI битIизабун магIиййаталда[8] чIела,
Машаихзабаздалъун тавассул[9] тIалаб гьабун,
ЛатIаифазда балан гьарила дуда файиз[10].

---

[1] РекIелгъей
[2] Лагълъун
[3] Узденал чагIазул лагълъи
[4] Мурад
[5] Кумекалдалъун
[6] Камилго гIибадат гьаби
[7] ВитIун ккей
[8] МагIият абураб муракъаба
[9] Духъе щвей, мурадалде щвей
[10] Мун лъаялъул нур

Мавла я ссали васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Даимаб, абадияб свалат салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида

Мун вокьарал рокьила, элгун цадахъ хьвадила,
Хьул Аллагьасде лъела, хIинкъи рекIелъ цIунила,
КIиялдаго гьоркьов чIун гIамал бацIцIад гьабила,
ВацIцIадав лагълъун чIела, Аллагь рази гьавила.

Русулазул ханилан хиралъи дуй баркила,
Халилуллагь[1] мунилан мархIабаян ахIила,
Мавла я салли бачун рохел загьир гьабила,
Халкъ диналде ахIарав АхIмадилан цIалдела.

Умматалъул хьул лъолев шафигI[2] вугин бицина,
Шагьру-РрабигI[3] чIухIарав ХIабибилан рехсела,
ХIарамалда[4] вижарав гIиззул гIарабин[5] тела,
ГIабдуллагь инсул валад[6] авараг вукIин  лъайла.

Уммул къураялдаса[7] гIакъибилан[87] гьардела,
Къурайшил тухумалъул хIаширилан[9] веццила,
Гьашимил кьибилалъул МахIмудилан[10] кIалъайла,
Миллат Ибрагьимияв ТIагьир вугилан хъвайла.

---

[1] Аллагьасул гьудул
[2] ШафагIат гьабулев
[3] РабигIул аввал моцI
[4] Макка-Мадинаялъул ракьалда
[5] ГIарабиязул хирияв
[6] Вас
[7] Маккаялдаса
[8] Ахирисев
[9] Тухумалъул цевесев чиясул цIар
[10] Веццарав

**ТIолго анбияазул хатамилан[1] абила,**
**Хиралъаби рикьулев Каримилан[2] хьул лъела,**
**ЛъикIлъаби гIемер щолев мубащщирин[3] ракIчIела,**
**РахIмату ллагь[4] мунилан игIтикъадгун[5] рукIина.**

**Адамил наслуялъул инсанилан рикIкIина,**
**Аллагьасул махIбубан[6] хIел-хIел дуе гьабила,**
**ХIажаталъув ватулев ТIагьайилан рохила,**
**ТIабигIат Къуръаналъул сафиян[7] нахъ рилълъина.**

**Рохун салат битIила, сухIбат[8] берцин гьабила,**
**СиратIалъул кьотIасан нургун цадахъ рахине.**
**Хадуб саламги кьела рокьи загьир гьабила,**
**Рокьаралгун рахъине анищ бугин бицина.**

**Мавла я ссали васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!**

**Даимаб абадияб салат-салам лъе, Аллагь,**
**Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!**

**Хадубги шукру Дуе шарик[9] гьечIев Мун Къагьгьар[10],**
**Ширкалдаса рацIцIадал агьлулъун ниж гьарурав,**
**Гьидаят[11] насиб гьабун, Исламалда тIоритIун,**
**ТIагьаясул умматлъун Дуца рижун ратидал.**

---

**[1] Аварагзабазул ахирисев**
**[2] Хирияв, сахаватав**
**[3] Рохел бицунев**
**[4] Аллагьасул рахIмат**
**[5] РекIел чIейгун**
**[6] Вокьулев**
**[7] ТIаса вищарав, хирияв**
**[8] Гьудуллъи**
**[9] ГIахьалав чи**
**[10] Кинабго квегъулев**
**[11] ВитIун ккей**

**Дур шуунатаздалъун[1] афгIалал[2] загьирлъизе**
**Замангин маканалъулъ[3] сабаб рекъезабурав.**
**Азалияб[4] Дур хIукму, макнунияб[5] Дур гIилму**
**ГIаламалдаса балъго хазиналъун цIунарав.**

**Халкъ бижилелде цебе зарраби данде ахIун?**
**Аласту бираббикум[6] Дуца абураб къоялъ,**
**Балайилан[7] жаваб кьун жал мутIигIлъун хадуса**
**Хилифлъараздe гъорлъе ниж манлъун ратичIелъул.**

**МагIдинул гIулумилъун, манбагIу шаригIатлъун[8]**
**Шамилил давлаталда дин билълъанхъизабурав.**
**Дунялалъул бокIнazда иманалъул нур свиндал**
**Маъва агьлу-тIтIарикъат[9] икълималда гьабурав.**

**Гьаб кинабго баракат гьиммат,[10] гьират,[11] аманат,**
**ГIицIго Дагъистаналда нахъе хутIизабурав.**
**ГъазимухIаммад, Шамил – кIиявго имамасул**
**ХIурматияб ВатIанлъун Алжаналда цIар хъварав.**

**АхIмадил хулафаал[12] — халкъалъе муршидзаби**
**Дур ирадаталдалъун агьалиялъе[13] кьурав.**

---

[1] **ХIалал**
[2] **Ишал**
[3] **БакIалъул**
[4] **Цебегосеб, авал гьечIеб**
[5] **Балъгояб**
[6] **Дун нужер бетIергьан гуревищ?**
[7] **Вугилан**
[8] **ГIилмабазул магIдан, шаригIаталъул ищцлъун**
[9] **ТIарикъаталъул агьлу буссунеб бакIлъун**
[10] **КIвар**
[11] **РацIцIалъи бокьи**
[12] **Халифаби (Устарзаби)**
[13] **Бокьиялъул агьлуялъе**

Агьлуялда гурони эл рихьизе гьаричIев,
Эзул баркат щвеялъе шартI — игIтикъад[1] гьабурав.

Гьелгун данделъаразе диналъулъ тавфикъ кьурав,
Диналъул вацал лъугьун, цоцалъ гьуин гьарурав,
Гьезда инкар ккуразда Дур ццин бахъин хIакълъарав,
ХIакъаб нух ккун инчIесе вуссунеб бакI бицарав.

Бицен халалъанагIан хиралъи даимлъулев,
Хабар гIемерлъанагIан рокьи жиндилъ цIикIкIунев,
Жиндирго рухIалдаса Сиддикъас цеве ккурав,
Свалат-салам битIизин гьанжеги ТIагьаясде.

Мавла я ссалли васалим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!

Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!

Рохалил мажлисал лъе, Исламалъул жамагIат,
Авараг жиндилъ щвараб шагьру РрабигI[2] бачIиндал.
Шамаилал[3] цIалун те анцIила кIиабилелъ,
АхIмадгун гIаднуялда[4] гIодор чIезе бокьараз.

ГIишкъуялдалъун ахIе ХIабибасул сиярал,[5]
ХIавзалъул лъин гьекъолеб къокъагун данделъизе,
Къадру гьабун гIодор чIа, гIазизав Расуласул
ГIарасат майданалда гьалмагълъи берцинлъизе.

Берцинаб гьаркьидалъун гьуинаб салат битIе
Гьесул шафагIаталде анищ бугел ихваназ[6],

---

[1] РекIел чIей
[2] РабигIул Аввал моцI
[3] ТIабигIатал
[4] Алжаналъул цIар
[5] ГIумруялдаса харбал
[6] Вацаз

**Адабалда ахIи бай, хIелараб гьари тIаме,**
**Гьалаглъи щвараб къоялъ мурафакъа[1] лъугьине.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,**
**Халкъалъулго хирияв дур ХIабиб – АхIмадида!**

**Гьанже гIинтIаме, вацал, берцинаб хабар бугин**
**Бицине рагIичIезе, чIалгIунге, муъминзаби.**
**Зобал-ракьазул квершел кодобе кьурав ТIагьал**
**ТIифлуялъулгун[2] ккараб мукалама[3] рагIизе.**

**Цо къоялъ Расулуллагь асхIабзабигун цадахъ**
**Берцинаб жулус[4] гьабун унсалда[5] вукIанила,**
**Эсдехун щцин гIемерай, гIемерго эв какулей**
**Мушрикатазул[6] цояй ячIина йихьанила.**

**КIиго моцI тамамлъараб[7] лъимерги мугъалда чIван**
**ЯчIун тIаде щолаго, ТIагьахъ ялагьанила,**
**Гьесул бакъ гIадаб гьумер сурун жинда бихьидал,**
**Рухьун гарцIцIал ранила гъарималъул надалда.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Цинги гьелъул мугъзада бугеб гьитIинаб лъимер,**
**ПасахIатаб, берцинаб, битIараб мацIалдалъун**

---

**[1] Гьалмагълъи**
**[2] Лъимералъулгун**
**[3] Калам**
**[4] ГIодор чIей**
**[5] РекIел гъей**
**[6] Хъанчие лагълъи гьабулезул**
**[7] ТIубараб**

**Ассаламу гIалайка, я МухIаммаду бину**[1]
**ГIабдуллагьилан, абун кIалъазе байбихьана.**

**Ассаламу гIалайка, я ХIабибуллагьилан,**
**Гьесул рисалаталде**[2] **сахIихIаб**[3] **иман лъуна.**
**Эбелалда гьеб калам кутакалда рихана,**
**Керен хахулеб лъимер чIвазегIан щцин бахъана.**

**Цинги ХIабибуллагьас лъимадехун абуна:**
**Лъай кисан дуе щвараб, дун Расул вукIиналъе,**
**Лъица дуда бицараб дир цIар МухIамад бугин,**
**Кинан гьабураб нугIлъи дир авараглъиялъе?**

**ИгIтираф**[4] **дур кин ккараб дир гьаб рисалаталде,**[5]
**Дидасан мугIжизатал рихьаравги мун гьечIин?**
**Гьединго дир нубувват**[6] **дуца тасдикъ гьабизе**
**ГIакълуялде кин щвараб каранда бугеб лъимер?**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Я МухIаммад, абуна, эбел гIенеккун чIана,**
**Адабалда кIалъана, берцинаб жаваб кьуна,**
**Дур шаргIалъул цIа рекIун, рухIун ккана хIужубал,**[7]
**Нубувваталъул нураз бихьизабуна хIакъаб.**

**Я МухIаммад, мун лъарав чилъун щив вугониги,**
**Мун лъай дудалъун буго, цогиясдалъун гьечIо.**

---

[1] **Вас**
[2] **Илчилъиялде**
[3] **КьучIаб**
[4] **МукIурлъи**
[5] **Илчилъиялъе**
[6] **Авараглъи**
[7] **Пардавал**

Дида мун лъай абуни — Аллагъасдалъун буго,
ГIала лисани рухIил амини гIарифтука[1].

АскIов вукIун Жибрилас Расуласде абуна,
Амин щивилан гьикъе, гьев васасде лъалищан.
Лъиде дуца абулеб Аминилан гьикъидал,
Абуна — Расулу Раббил ГIаламин вугилан.

Гьев кивха вугев, абун цойги хитIаб гьабидал,
Гьеле дуда аскIов - ян васас жаваб гьабуна.
Гьал дур асхIабзабазул цохIонигияв гьечIо
ЦохIого дун гурони, гьев вихьулев, Авараг.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Аварагас: я гъулам[2], дур цIар щибан абидал,
Эбелалъни диде цIар ГIабдул гIузза[3] лъун буго,
Лъе Расулуллагь дуца гьанже дида рекъараб,
Дуй бокьараб цIар абун, иш тун гIенеккун чIана.

ГIабдуллагь вугин мунан, АхIмадица абуна,
Аллагьасул лагъилан васасде цIар ахIана.
ЦIакъ разилъун ГIабдуллагь ХIабибасде кIалъана,
ХIеренаб рагIи бицун цойги нигIмат гьарана.

Гьаре дуца, я Расул, БетIергьан Аллагьасда
Дур гьариялъе жаваб гьабичIого толарин,
Гьавейилан абе дун дур худамазда[4] гъорлъа,
Хирияб Алжаналъув, аб дунял тун хадуса.

---

1 Жабраил малаикас бицун лъана дида мун
2 Ле вас
3 ГIузза абун цIар бугеб хъанчалъул лагъ
4 ХъулухъчагIазда

**Хирияв Жибриласги васасул рагIи ккуна,**
**Расуласда гьарани жаваб щолин абуна.**
**Аллагьасде гьаризе Гьадил Умам[1] лъугьана,**
**ГьитIинав ГIабдуллагьий дугIа берцин гьабуна.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!**

**Цинги гьев вас гьедана Аллагьасул цIаралда,**
**Дуде иман лъурав чи, бахьи кьурав вугилан.**
**Ва шакъа валлагьи ман кафара бикайилан[2] ,**
**Инкар бегьунгутIиги гьедун баян гьабуна.**

**Гьелда хадуб васасул цо гьаракь борчIун ккана,**
**Аллагьасул къадар щун, къанщун бералги ана,**
**АхIмадил дугIаялъе жаваб гьекко бачIана,**
**Жаннатул-ГIаднуялде[3] ГIабдуллагьил рухI щвана.**

**Расулуллагь гIодана, гIемерго къварилъана,**
**ГIадамал такбир,тасбихI,тагьлилалде[4] руссана.**
**Тамашаго ракIбухIун, хIасратаб магIуги тIун,**
**ГIабдуллагьил эбелалъ иманалде къасд лъуна.**

**Лъимадасан рагIараб гIажаибаб каламалъ**
**Куфруялъ[5] мехтарай гьей йигьине балагьана.**
**Гьидаяталъул аслу[6] — Расул вокьи батидал,**
**Кьижараб къалбуялда[7] якъзаталъул[8] цIал щвана.**

---

**[1] Уммат тIобитIулев**
**[2] Дуде инкар ккурав чи талихI къарав**
**[3] Алжаналда цIар**
**[4] Зикруялде**
**[5] Капурлъиялъ**
**[6] ВитIун ккеялъе аслу**
**[7] РакIалда**
**[8] ВорчIиялъул**

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Дир эбел-эмен дуе къурбанлъаги, Авараг,
ГIалайка салам,[1] абун икрамалда кIалъана.
Дун йикIана, я Расул, мун гьереси гьавизе
Гьал мушрикиназда  гъорлъ  бищунго гIедегIарай.

Дуда ццин бахъин  цIакъай, къабихI гьавун кIалъалей,
ГьечIел бугьтаналги лъун, лъаларезе бицуней.
Гьанжени, ХIабибуллагь, хIакъикъат цIакъ бичIчIана,
ХIакъав Расул мун вукIин ракIалъ къабул гьабуна.

Къудраталъул БетIергьан-Аллагь цо вукIиналда,
Мунги халкъалъул Сайид Расуллъун витIиялда,
Дир нугIлъи бугин хIакъаб, къабул гьабеян абун,
Гьабуралда ракIбухIун битIана гьелъ шагьадат.

Дуда нахъйилъинчIого араб дир гIумруйилан,
МагIил цIурал бералгун рокъобе хиял лъуна,
Хварав васги кодов ккун, керен иманалъги цIун,
Бахьи кьурай СагIадат нахъюссине къачIана.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Унеб нухда унти чIван, рокъое щвелелдего,
Щвана гьелъухъ ГIизраил гIазизаб рухI босизе.
ХIасратаб дунялги тун тавбу-шагьадаталда
Шапана гьелъул берал, гьитIинав вас кодов ккун.

Гьанже хирияв ХIабиб тажгьизалде[2] вуссана,
Жанаизалъул как бан, гьел рукъизе къачIана.

---

[1] Дуде салам
[2] Жаназа къачIазе, букъизе

**Гьезул жаназабада хадув унев ТIагьаяс**
**ТIогьиса хIатIал гурел, ракьалда гъвайзе течIо.**

**Тамашалъун гIадамал шуршудизе лъугьана,**
**Щиб хIикматдай бугоян цоцаде цIехолдана,**
**ЦохIониги бихьичIеб гIаламат гьаб бугилан**
**ГIазизасдасан[1] баян лъазе тIалаб гьабуна.**

**ТIагьаяс жаваб гьабун, гьезул ракIал хIалхьизе,**
**ХIетIе ракьалда чIезе дие бакI щвечIин абун,**
**Эл рукъизе рилъунел хириял малайкзабазул**
**ИздихIам[2] букIанилан хIикмат загьир гьабуна.**

**ФасубхIана ман яжри хIукмугьу фил гIалами**
**Ваюри къудратагьу гIибратан лилгIакъилин,**
**Ва азгьарал ислама биакрамил  мурсалин**
**Ваафаза ман ажаба лидагIватил мустIафа[3].**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Мавлидалъул хиралъи лъалебго бугониги,**
**РакIалдещвей цIилъизе цIализин дагьаб хабар.**
**Халикъасе хиралъун халкъалдаса тIокIлъарав**
**ТIагъал рохел щварасе щолеб ажру бицинин.**

**Абубакар АсхIабас абунин бицун буго,**
**Цо диргьам мавлид ахIун садакъаялъе кьурав —**

---

**[1] Хириясдасан**
**[2] Цуцалъ къай**
**[3] ГIаламалда жиндир хIукму билълъунев Аллагь вацIцIадав вуго, халкъ кантIизе гьезда къудрат бихьизабулевги вуго, бищун илчизабазул хирияcдалъун Ислам загьир гьабуравги гьев вуго. Гьесул ахIиялъе жаваб гьабурал хира гьарулевги вуго Аллагь.**

Гьев дир гьалмагъ вугила хирияб Алжаналъув.
Аллагь, насиб гьабеги Сиддикъасул гьалмагълъи!

Гьединго ГӀумар АсхӀаб кӀалъанин бицун буго,
Ман-щив чи вугониги мавлид кӀодо гьабурав —
Гьев вуго динул Ислам чӀаго гьабурав чиян.
Гьабе, Аллагь, игӀанат Ислам чӀаго гьабизе!

Гьединго Зуннурайни-ГӀусманил ригӀи буго,
Цо диргьам мавлид ахӀун садакъадае кьурав —
Бадругин ХӀунайналда гъазават гьабуравлъун
Гьев чи вугин абураб, Аллагь, къабул гьабеги!

КъагӀру лъалареб ралъад — ГӀалидасан бицана,
Мавлид кӀодо гьабурав, гьелъий сабаблъун ккарав —
Гьаб дунял тун инаро иманалда гурони.
Аллагь, гурхӀа нижеда рухӀ бахъулеб сагӀаталъ!

УхӀуд мегӀергӀанасеб меседил гохӀ дир букӀун,
Мавлид гьабун гьеб тӀолго садакъадае кьезе
Бокьилаан абурав — ХӀасанул Басри вуго.
Кье, Аллагь, нижееги гьесий гӀадаб ирадат!

Жунайдил Багъдадияс абуниланги буго,
Авараг кӀодо гьавун мавлидалде вачӀарав —
Гьев жиндир иманалда кверщел батарав вуго.
Квербакъе нижей, Аллагь, АхӀмад кӀодо гьавизе!

МагӀруфул Курхиясул калам гьадинаб буго,
Квен къачӀан мавлидалде ихванал ахӀарав чи —
Анбияалгун цадахъ вахъуна гьев тӀадеян.
Гьаре, Аллагь, Дуца ниж гьелгун цадахъ рахъине!

Пахрудини Рразияс гьадин бицунеб буго,
Цо кваналеб жоялде тӀаде мавлид ахӀарав —

Цониги чи гьечIила гьелда баракат лъечIев.
Баркат лъураб тIагIамлъун гьабе, Аллагь, нижер квен!

Гьеб тIагIамалъул лукъма гъорлъе ккарабщинаб квен,
Кванарасул, гьелъ мунагь чурун вацIцIалъулила,
Мавлид тIаде ахIараб  лъин гьекъарав чиясул,
Къалбу нуралъулги цIун, унтаби тIагIунила.

ТIаде мавлид ахIарал шагьабазул баракат,
Гьел гъорлъе ккарабщинаб гIарацалда лъолила.
ГIазизав Расуласул мавлид тIаде ахIизе
ХIалалал кье диргьамал, къудраталъул БетIергьан!

Мавлидалъе квен къачIан, ихванал данде гьарун,
Гьезий рукъ хIадурарав Жаннату-НнагIималда,
Гьесул вуссин бугилан, ШафигIияс абураб.
Аллагь, ниж данде гьаре гьеб Дур хирияб рокъор!

Мавлидалде къасд гьабун къватIив вахъарав инсан —
Алжаналъул ахикье къасд гьабурав чи вуго,
Гьедин абулеб буго Сарию СсакъатIияс.
Аллагь, Дуца ниж гьаре гьеб ахикь рачIараллъун!

Гьединго ХIабибасул мавлид жаниб ахIулеб
Рокъобе Аллагьасул рахIматал рештIунила,
Малайкзабаз сверун ккун, нуралъулъ тIерхьунила,
ТIолго хIазириназе баракат гIамлъулила.

Гьелъий сабаблъун ккараб рукъалъул агьлуялде
Аминуллагь-Жибрилас, Микаил, Исрафилас,
Цингиги ГIизраилас салават битIулилан,
СуютIияс бицараб мухIканаб хабар буго.

Я Рраби авсил ила хIазрати Саййидина
Саваба ма къараънагьу гьадиййатан  макъбулат,

**Рабби жгIал мажлисана сабабан лилликъаигь**
**Фильявми ла райба фигьи разиятан марзиййат**

**Сумма ила арвахIи алигьи  васахIбигьи**
**МагIа азважигьи уммагьатил муъминина,**
**Вахасатан ила рухIи Ссиддикъил Акбари,**
**Фа-ГIумара ва-ГIусман ва-ГIалийил Муртаза!**

**Сумма ила арвахIи машаихинал кирам**
**Мина Ннакъшубандиййина ва Шазилиййин каза**
**МагIал Къадириййатил кубравиййат жаштиййат**
**Къадасаллагь тагIала асрарагьум закиййат,**

**Сумма ила арвахIи абаина гIамматан**
**МагIа уммагьатина важибатил ихIтирам.**
**Сумма ила арвахIи саирил муслимина**
**Валмуслимати ма байнал машрикъ вал магърибги.**

**Аминь я Мужиб.**

**********************************
***************
******

# Мавлид

## *Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

*Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагьи,*
*АлхIамду лиллагьи раббил гIаламина,*
*Аллагьумма салли гIала МухIаммадин ва гIала*
*Али МухIаммадин ва саллим.*

**Бисмиллагь цебе бахъун хъвазин дагьал рагIаби**
**Расуласде хIажатаз хIалхьезегIан цIализе,**
**ХIабибулагь вокьараз данде руссун ахIизе,**
**Эсул хIакъикъат бицун цо дагьав гаргадизин.**

**Баркат кIудияв ТIагьа тIолгояз рехсолелъул,**
**ТIоцебе Аллагьасе рецц гьабизе рекъола,**
**РахIматалъул авараг вокьун мавлид ахIулез,**
**Эсде свалат битIиги — суннатабилан буго.**

**АлхIамдулиллагь щукру, щибаб рецц Дуе, Аллагь,**
**Гьаб эркенаб гIумругун гIатIидаб ризкъи кьурав,**
**ГIакълуги кьун, лъайги кьун, лъикIаб-квешаб бижарав,**
**Кинниги батIулалда тIад рекъей Жиндир гьечIев.**

**Гьелда хадуб салават Расуласул заталде,**
**Зоб-ракьалъул тIабигIат тIубан жиндий мукIурав,**
**ТIолго гIалам хIайранав, хIурулгIинал урхъарав,**
**Аварагзабацаги василатлъун[1] гьавурав.**

**Хирал малаикзабаз икрам[2] жиндий гьабурав,**
**Исламияб диналде данде нилъ ракIарарав**

**[1] Гьоркьохъанлъун**
**[2] ХIурмат, кIодолъи**

**Данделъун свалат битIун ТIагьа кIодо гьавизин,**
**Гьесул баракатги шун шафагIаталъ росизе.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Аллагьасул вокьулев ракьалда загьирлъизе**
**Замана гIагарлъидал гIаламатал тIатана.**
**ГIилму бугел кашишал китабазде[1] раккидал,**
**Киназего хIакълъана ХIабиб гьавураб заман.**

**ХIакъав Бичасул Расул дунялалде вачIиндал,**
**ЧIезе бакIал тIагIана тIолго инкарчагIазе.**
**Ахир заманаялъул авараг гьави лъайдал**
**Лъукъарал эзул курмул киданиги сахлъичIо.**

**СагIадат[2] насиблъарал, иман бугеб агьлуялъ**
**Аллагьасе  рецц гьабун гьавуна АхIмад кIодо.**
**Эсул умматлъун рати — кIудияб рохел буго,**
**Рохалида битIизин ТIагьаясде салават.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Адамил наслуялъул васлъун вижананиги,**
**Жиндиралдаса цебе цойги нур загьирлъичIев,**
**Зарраби рижинелде вижарав нилъер гIазиз[3]**
**ГIаламалъ хира гьави — Халикъас тIад гьабуна.**

**ТIолго анбияазде[4] илгьам[5] гьабураб гIилму**
**МигIражалдеги ахIун АхIмадиде манлъана,**

---

**[1] ТIахьазде**
**[2] ТалихI**
**[3] Хирияв**
**[4] Аварагзабазде**
**[5] РекIелъе**

Эзде рештIарал тIахьаз ТIагьал хабар бицана,
Хадуб Къуръан рештIиндал тIолго эл насхулъана.[1]

ХIарф рикIкIун магIна бугеб гIилму бергьараб Къуръан
Къадру гьабун цIализе нилъеда кодоб щвана.
Къуръан-тIабигIат бугев ТIагьа-Расулги вокьун
Кьезин берцинаб салам свак тун киналго вацаз.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Макка шагьар гвангъараб гургинаб моцIрол канлъи
Киназего хIакълъараб мархIабан, шагьру-РабигI![2]
ШафагIатазул цIад бан дунял-гIалам бохараб
Барка хирияб итни — АхIмад гьавураб сордо!

Сумма[3] алхIамдулиллагь, Дур лагъзаллъун ратидал,
Даимаб свалат-салам Расуласул заталде,
Зодоб букIун бакъальги къадру цIунун тарасде,
Къаси шагьри моцIалъги цIар ахIун веццарасде.

ХIутI-хъумур гIашикъасде, гIалхул чан урхъарасде,
Бахъун кьолболъа бачIун гъветIалъ жаваб кьурасде,
БитIизин нилъецаги гIашикъаб свалат-салам
Хирияв АхIмадиде, агьлу-асхIабзабазде.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Я нижер Динул ГIайну,[4] дуй гIоло гуребани,
Аллагьас гьаб халкъалде тIамилаан гьалаклъи.

---

[1] Гьезул хIукму тIаса ана
[2] РабигIул авал моцI
[3] Цинги
[4] Диналъул иц

ТIолго дунял гвангъараб дур нур букIинчIебани,
ЧIаго цIа рекIинаан цIер гIадин капуразда.

Зобал-ракьал, ГIарщгин Курс, Алжан, ЖужахI, ЛавхI, Къалам
ХIакълъун дуй гIоло бижи — гIураб хиралъи буго.
Халикъасул заталде пардав борхун ваккарав
Маккаялъул таржуман, тоге дуца ниж рехун.

Барка РабигIул аввал, АхIмад гьавураб шагьру[1],
Барка хирияб итни, уммат бохараб сордо!
Свалат дуде Авараг — Аллагьасул вокьулев,
Салам дуде, я Саййид, мурсалиназ[2] лъолеб таж.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Алжаналъул аслуго Расуласул нурлъидал,
Салават битIанагIан гIатIилъулеб чIоларо.
ГIибадат гьабулесулъ гьури гIадин хьвадулеб
ШайтIаналъул сихIруги салаваталъ бухIула.

АхIун жиб битIанагIан ТIагьа вохи гурони,
ГIужбугун рияалъул рагIал элда хъваларо.
Ахир гIамал цIалелъул цIадирабада аскIоб
ЦIикIкIун ккарал мунагьал гьелъ рахчизарулила.

РакI гъапулаб гIибадат гIадада хун унила,
Хириясде салават сундулъго хIалтIулила.
ХIузур[3] гьечIеб зикруялъ асар гьабуларила,
Амма салат битIизе батIалъиго гьечIила.

---

[1] МоцI
[2] Илчизабаз
[3] РекIелъ Аллагь

ГьедигIан жиб хирияб, Халикъасги битIараб,
БитIизин нилъецаги Аварагасде свалат,
Абизеги бигьаяб, багьа жиндир кIудияб,
Жинда бащадаб давла дунял кьунги щолареб.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими!

РахIманасул цIаралда цIар хурхарав Авараг,
Умматан ахIулаго рухI босун арав ШафигI,
ШафагIат гьараразе гьоболъи цIакъав ХIабиб,
Гьидаят[1] бокьаразе бикьулев Расулуллагь.

РакIалда нифакъ[2] бугел къабихI гьарурав асад[3],
Къосарал инкарчагIи копой гъурарав гъалбацI,
Гъазаватазул эмен, умматалъул берзул нур,
Барка дуе, Авараг, Аллагьас кьураб къуват.

Эбелалда ургьивго Аллагь рехсей гьуинав,
Гьавун хадуб гIибадат гIадамазда балъгояв,
ГIилму-караматалъул керен жаниса цIурав,
Жабраилас ракIалда сирру[4] лъун мугьру чIварав.

МархIаба, ХIабибуллагь, хIелму бергьарав инсан,
Сумма[5] алхIамдулиллагь, дур умматлъун ратидал.
Барка РабигIул аввал – АхIмад гьавураб Шагьру,
Барка хирияб итни – уммат бохараб сордо.

Къуръаналда РахIманас, я МухIаммад, абичIо (с.гI.в.с.),
Эсул къадру хвеялъулъ хилифлъи ккелебилан,

[1] ВитIун ккей
[2] Мунапикълъи
[3] ГъалбацI
[4] Балъголъи
[5] Цинги

**Хириясул адаб кквей — умматалъул фарзлъидал,**
**Адабалда битIизин тIолгояз эсде свалат.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Берциназул сси хварав, сабру бугел гIашикъав,**
**ГIакълу бугел хIайранав, хIелму бугел урхъарав,**
**Агьлуллагьазул султIан, садатазулги имам,**
**Анбияазулги[1] хан, халкъалъул Расулуллагь.**

**Къуват бугел хIинкъарав, хIал бугел гIажизлъарав,**
**ГIелму бугел мукIурав, макру бугел загьирав,**
**Залимзаби паркъарав, пакъирзаби рохарав,**
**Ханзабазул нур сунев, сиражул мунир[2] бугев.**

**Мунагьазул дараби дунялалде щущарав,**
**ШафагIатазул гIорал гIаламалъе риччарав,**
**ГIилмугун караматал умматалъе рикьарав,**
**Авлияазул рахас нахъаса къотIуларев.**

**Аллагьас гьобол гьавун гьаваялде воржарав,**
**МигIражалдеги ахIун АхIмадилан цIар тарав,**
**ХIал кIун свалат битIизе тIолгоял данделъизин,**
**ТIагьаясул равхIани ахIизин мажлисалде.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Сордо буго хIадурлъун ХIабиб нухда регIизе,**
**Зобал руго рагьун ун гьобол тIаде вахине,**
**Буракъ буго къачIан чIун КъутIбу жинда рекIине,**
**Жибрил вуго гIагарда далиллъун цадахъ ине.**

---

[1] **Аварагзабазул**
[2] **Гвангъараб чирахъ**

Амлакал[1] руго хIайран ХIизбуллагь[2] вачIиналъухъ,
ХIурулгIинал руго щун ШафигI кIодо гьавизе.
Гьардарав Аллагьасул илагьияб рахIматалъ
ЛахIзаталде вахана Хирияв, АгIлаялде.

МархIаба, шагьру[3] -Ражаб МигIражалул нур бараб,
Барка дуе, Авараг, Аллагьасул гьоболлъи.
Гьидаятул халкъилан,[4] Хирияв, мун вищидал
Шукру БетIергьанасе тIолабго умматалъул.

ТIагIам гьуинаб нигIмат — гьоцIо гIадаб дин-Ислам
Сайгъат нижей гьабидал гьарилеб щиб, БетIергьан?
Щуго батIаяб гIужалъ гIибадат - как тIубайзе
ГIумру эркенаб щвейи щай нилъеда кIочонеб?

Нечон, хIинкъун хIелизин хIалимав Аллагьасе,
ХIелун салат битIизин тIолгояз Расуласде,
ТIоритIеян гьаризин, гьидаятан ахIизин,
ХIабибасул ишара Аллагьас нахъчIваларин.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

ХIикматазул керен цIун, кашфуялъул къалбу[5] цIун,
Къасиго нахъвуссана Расул МигIражалдаса.
Сапаралъ арав ХIабиб хIалхьун рокъове щведал
Шукру гьабун ГIаишат Халикъасде гьардана.

Дунял буго къалъун ун, къоял руго гвангъун ун,
КъутIбуясул гьурмаде гьайбатаб нур рештIиндал.

---

[1] Малаикзаби
[2] Аллагьасул бо
[3] ЛъикI щвараб Ражаб моцI
[4] Халкъ тIобитIулев
[5] Балъголъабазул ракI цIун

**Гьава буго бацIцIалъун, цIадал руго гIемерлъун,**
**ГIазизас умматалъе анварал[1] рикьулелъул.**

**Ракьал руго хIалуцун, хIалбахъин буго лъикIлъун,**
**ХIабибасул хвалчаца чурун бацIцIад гьабидал.**
**Чарамул хъанчал руго нечон гIодоре гъунел**
**Гъазаватазул байрахъ гьавалялде борхидал.**

**Гьунар бугел бахIарзаз рухI бичараб куцалъул,**
**Кисан дида хIалкIолеб, хIакъикъат бицун хъвазе?**
**ХIабибасул къуваталъ къачIарал гъалбацIазул**
**Гъазаватал рехсезе рес киса дир рекъолеб?**

**Киналго асхIабзабаз Исламалъе къараб хIал,**
**КъабихIаб дир кIалалда кIолеб гьечIо рехсезе,**
**Хирияб БакъигIалда рукъарал шагьидзабаз**
**Гьабураб рагъул кутак кидал бицун лъугIулеб?**

**Бадруялъул кIкIалабахъ хъвехъарал капуразул,**
**Кагътида хъван лъугIулеб гIадад эзул батичIо,**
**ГIин ккун Абужагьалил жинца бетIер къотIарав,**
**ТIокI гьабеги Аллагьас Ибну МасгIудил къадру.**

**Умматалъулго султIан — Сидикъасул[2] хиралъи**
**Харилъ тIогьол кинниги тIибитIана халкъалъулъ,**
**ТIагьаяс Савруялда[3] сиррияб[4] зикру манлъун**
**Зобал-ракьаз кколареб канлъи эсда бихьана.**

**Бищун цебе иман лъун АхIмад кIодо гьавидал,**
**Аллагь жинда разилъун ризванул акбар[5] щвана,**

---

[1] **Нурал**
[2] **Абубакар асхIабасул**
[3] **Савру абураб нохъоялда**
[4] **Балъгояб**
[5] **Бищунго кIудияб**

Умматалъе сайгъатлъун — силсила,[1] къотIи гьечIеб,
ТIарикъаталъул аслу — эв гьавуна Расулас.

Исламалъул шартIалъги шаргIалъул ахIкамалъги
ХIукму къотIи хасс гьабун ХатIабил ГIумар тана.
Жиндир гIадлу битIиялъ ТIагьал дин берцинлъарав,
Бицун тана эсдаги Алжаналдасан рохел.

Бичасул хазиначи — хирияв ГIусман-асхIаб,
Аварагас ясал кьун вокьулев дурц гьавуна,
Дунялалъул боцIуда цIар тIамурав мубарак,
ТIокIлъана Исламалъулъ, иман лъуразда гъорлъан.

АбутIалибил ГIали — гIилму чвахулеб ралъад,
ГIуламаазул[2] аслу — эв гьавуна Расулас.
“Ла илагьа илла ллагь” эсухъе щвезабуна,
Щазалияб силсила ирсалъе нахъе тана.

Аллагьас жиндий кьураб хIалалаб боцIудалъун
ХIабибасе квербакъи кутакалда цIикIкIарав,
Керен гIилмудул цIурав гIакълучагIазул Амир,[3]
ГIавфил ГIабдурахIманги тIокIлъана иманалъулъ.

Макаялъул ханзаби хасаб[4] гьабун хъвехъидал
Халидида квер балев капурчи данделъичIо.
Лъел хвалчада бихьичIев бахьи бугев багьадур,
Дур гьунарал рицине цо гIумру къварагIина.

Къо ккаралъув вортулев Батулил бетIергьанчи,
Чан гIамру дуца чIвачIев чIухIараб агьлуялъул,

[1] Устарзабазул рахас
[2] ГIалимзабазул
[3] Цевехъан
[4] Къасаб

**Иман гьечIел боязе берзул ишара гIолев**
**ГIали гIадав багьадур бояда загьирлъичIо.**

**Кьал ккаралъуб хIадурлъи ХIамзат, ГIаббасил лъайдал,**
**ХIабибасда квер базе капурзаби хIинкъана.**
**ХIал щвараалъур кIанцIулел СагIду, СагIид рихьидал,**
**РакIалъ ватан таричIев тушман хутIулароан.**

**ТIалхIатгун Зубайирил загьрулъи тушбабазе,**
**Зайд Ибну ХIарисатил хIадурлъи гъорлъе ине,**
**Аллагьасул диналъухъ рухI бичизе къотIигун**
**КъватIиб бахъараб хвалчен, хун инегIан кьабурав.**

**Инсул къисас босизе Расулас изну кьедал**
**АнцIила анкьабго сон Усаматил букIана,**
**Мутаталде[1] балагьун боялгун жив унелъул**
**Авараг накълулъун ккун, ккана эв нахъвуссине.**

**Расуласул рагIиги гIадада хунгутIизе,**
**Хадусанги Сиддикъас Усамат витIун ана,**
**Инсул ирсалъе щвараб васасул бахIарчилъи**
**Бихьана гьеб рагъдаги дандиял тушбабазда.**

**Биял гIодоре тIуна, гIумру диналъухъ кьуна,**
**Дуниял рехун тана, Мухтарасул нух ккуна,**
**Мушрикинал квегъана, капурзаби гъурана,**
**Квер цIураб давла босун Усамат нахъвуссана.**

**Расуласе хIалги кьун асхIабзаби рагъидал,**
**Гъазаваталги гьарун гьевги рази гьавидал,**
**Гьесул суннат цIунизе цIакъ бахъун нилъ хIалтIизин,**
**ХIалкIун свалатги битIун ТIагьа рази гьавизин.**

---

**[1] Гъазават ккараб бакIалъул цIар**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГӀала ХӀабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Ислам буго гӀатӀилъун, гӀилму буго камиллъун,**
**Куфру буго хӀакъирлъун ХӀабибасул къуваталъ.**
**Иман буго щулалъун, шартӀал руго мухӀканлъун,**
**Щибго васвас хутӀичӀо халкъалъ дагӀба гьабизе.**

**Кьунни руго ХӀабибас хӀалхьезегӀан нигӀматал,**
**ХӀалихьатаб нафсалда росизе лъалебани,**
**Лъунни буго тӀотӀода ТӀагьаясул хазина,**
**ТӀаде ун кодоб боссе камалат[1] гӀолебани.**

**Кьунни буго Аллагьас эркен гьабураб гӀумру,**
**ГӀакълу гьечӀеб ботӀрода битӀун хӀалтӀизе лъани,**
**ЛъикӀаб магӀишаталда тунни руго Халикъас,**
**Къулубал[2] сахаватлъун садакъа бугебани.**

**Нухни буго битӀараб, витӀун хьвадизе лъани,**
**Лъимни буго тӀокӀкӀараб ТӀагьаясул ХӀавзалъул.**
**ХӀасратаб свалат-салам сайгъат гьабун битӀизин**
**ТӀаса лъугьун, гьев гурхӀун рахӀму нилъейго щвезе.**

**Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,**
**ГӀала ХӀабибика  хайрил халкъи куллигьими!**

**Рохел буго, гӀадамал, гӀакълаби хӀайранлъулеб,**
**ХӀакъав МагӀбуд[3] рехсезе рухсаби[4] ратиялъулъ.**
**ХӀикмат буго, кьерилал, кьун бугеб талихӀалъулъ**
**Тохлъун гӀумру биччайзе гӀайибгури нилъеца?**

---

[1] **Камиллъи**
[2] **РакӀал**
[3] **Аллагь**
[4] **Балъголъаби**

ГIилму буго рекIел тIегь, тIарикъ буго чорхол рухI,
Бичун боссе кIолареб кIудияб нигIмат буго,
ГIаламалъул Хирияс халкъалъе нахъе тараб
Тавбу багьа гьабураб гьуинаб тIагIам буго.

ТIагьал баракаталъул камиллъи бихьуларищ,
КигIан бечедасдаги бичун боссе кIолареб?
КIудиял нигIматазул халгьабун кин толареб,
Тавбу гьабун гурони гьарарасе щоларел?

Шагьру РабигI бачIиндал чIухIуларел нилъ кинал,
ЧIунтарал ракIал чучун чурхдузул хIалал хьезе?
ХIабиб гьавураб итни, гьабулареб кин кIодо,
Киналго данде руссун свалат-саламги битIун?

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Дунялалъул боцIи щун, пашманаб хIал борхула,
Ахират босарасул нафсалъе рохел щола.
Рохел гьечIо АхIмадий уммат хвасарлъи гуреб,
Ургъел тун хIалхьоларо хIайранлъун нилъ рукIаго.

Нафсалъул хIисабалде анбияал[1] ккараб къо,
Умматалъул рухIиялъ АхIмадида кIочона.
Нечон, хIинкъун ургъалилъ улул гIазмаби[2] ккедал
ГIаламалъулго Сайид суждаялде речIчIула.

Умматалда хIал бугин, хIисаб гьекко гьабеян
ХIабибасул зигара зобалазде бахуна.
Хирияв БетIергьанас ТIагьал адаб рехилищ,
Халкъалъул хIисаб гьаби гьесдалъун байбихьула.

---

[1] Аварагзаби
[2] МухIаммад, Ибрагьим, НухI, Муса, ГIиса

Гьалделаго жужахIалъ жеян гьаракь гьабидал,
Гьелъул бухIи хIехьезе, ХIабиб, нижед кIвеларо,
ХIисаб-суал мекъса ккун СиратIалде ниж щведал,
ШафагIат дур гьечIони гьабулеб жо лъаларо.

Гьанжего къачIадизин къварилъи бачIинелде,
КъачIан хIадур рукIинин хIал черхалде щвелелде,
ШафигIасде салават сваказегIан битIизин
СиратI бахунеб къоялъ гьалмагълъун жиб батизе.

Мавла я ссалли васаллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика  хайрил халкъи куллигьими!

Зодиб бугеб цIва рикIкIун цIоб рещтIаги, я Аллагь,
ЦIар берцинав ТIагьаде, тIолго хIаваижазде!
Дуниял цIураб боцIул цIоко-тIомалда бугеб
ТIолго расгIан гIемераб свалатги лъе, я Рабби!

Ралъдалъе ччугIби рикIкIун, чугIбузда куркьбал рикIкIун,
Кинабго сасу рикIкIун саламги лъе, я РахIман!
Рохьоб бугеб гъветI рикIкIун, гъотIода тIамах рикIкIун,
ТIад бижараб пихъ рикIкIун рештIаги тIаде рахIмат!

МугIрул цIураб гIи рикIкIун, гIуру цIураб хер рикIкIун,
Харида кьибил рикIкIун рештIаги тIаде баркат!
Их бачIиндал цIадалгIан, цIорой ккедал гIаздалгIан
ГIадад хIасру лъалареб хIасуллъаги даража!

Боржун унеб хIинчI рикIкIун, хIанчIида куркьбал рикIкIун,
Куркьбазда хIули рикIкIун, хIулиялда рас рикIкIун,
Ракьалда бижанщинаб боржун унеб рухI рикIкIун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Анкьалго зобал цIурал малаикзаби рикIкIун,
Малайкзабаз гьабулеб даимаб тасбихI рикIкIун,

**ТасбихIазул хирияб — СубхIаналлагьги рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**Алжан рикIкIун, цIар рикIкIун, цIер гIадин тIагIам рикIкIун,**
**ТIуба абураб гъотIол тIолго гIаркьел-кар рикIкIун,**
**Рахьдал, жадул гIор рикIкIун, гIурул къатIраби рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**ХIурулгIинал данде къан, буракъал гъорлъе рачун,**
**Гъоз рарал санабазул сардалгин къоял рикIкIун,**
**Къоял сардазда жанир сагIтал-минутал рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**Халкъалда дин малъарал Дур илчизаби рикIкIун,**
**Эзда тIадкъай гьабураб тIолго Дур калам рикIкIун,**
**Кинабго данде къараб Къуръаналъул хIарф рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**ХIарфалда хIарак рикIкIун, хIаракул магIна рикIкIун,**
**МагIна хъвараб тIехь рикIкIун,тIехьалда рагIи рикIкIун,**
**ТIахьал данде гьарурал гьал гIуламаал[1] рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**ГIуламааз ахIараб, Аллагь, Дурго цIар рикIкIун,**
**КIалдиса рухI инегIан эз цIараб хIухьел рикIкIун,**
**ХIетI лъураб балдат[2], рикIкIун, бахъараб гали рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

**Доз хъварал тIахьал цIалун тIокIлъарав гIалим рикIкIун,**
**ГIалимас тIовитIарав тIолго жагьилав рикIкIун,**
**Гьел киназего хъварал Дур даражаби рикIкIун**
**Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!**

---

[1] **ГIалимзаби**
[2] **Шагьар**

Я Бичасул Авараг, уммат хирияв ХIабиб,
ХIал кIолеб гьечIо нижер низамалда хьвадизе.
Замана квешлъун ккедал, куфру гIемерлъун ккедал,
Кинабго чулпа лъугьун чара къотIун ккун руго.

Чорокаб-бацIцIадалъе цIоб гIатIидав Аллагьас
ГIафву гьабун течIони, рорчIизе бакIго гьечIо.
Гьеб рахIмуги нижее РахIманасул щвеялъе
Щибниги далил гьечIо дур мунажат[1] гурони.

Диналъул къадру гьечIел къулубал[2] ратаниги
Къабул гьабе, я Аллагь, ахIараб нижер мавлид!
ХIалал-хIарам жубараб тIагIам батананиги
ТIаса лъугьа, БетIергьан, гьелда ниж рази гьечIин!

Мун вокьун данделъарал диналъул вац-яцазе
Дурго шафагIатазул щвезабе, ХIабиб, бутIа!
ХIисаб-суал гьабизе ГIарасалде рачиндал,
Нечон, хIинкъун ниж тоге, хIакъав русулазул[3] хан!

Ахир заманалде ккун зунубал цIикIкIарал ниж,
Забаниятал рачIун басра гьаризе тоге!
Тавбуялъе кIвахIалаб агьлу ниж ругониги
ЖужахIалъул цIедаса цIуне дуца, Авараг!

Аллагь, Гъафуру РрахIим, ХIабибасда цIоб лъеги
ЦIадул балагьалдаса уммат хвасарлъиялъул!
Хасго рецц Дуе, Халикъ, халкъ бижарав БетIергьан,
ТIагьал бицун кIалъазе кIал-мацI нижее кьурав!

Расуласул тIабигIат тIубан лъарал гIалимабаз
ГIемераб бицун буго берцинаб гьесул хабар,

[1] Шуршуди, гьардей
[2] РакIал
[3] Илчизабазул

**Хириял авлияаз[1] Аварагасул мавлид**
**Азаркьераб куцалда бицун буго тIахьазда.**

**ТIагьаясда рекъараб сифат гьабун кIалъарав**
**Лъугьа дидаги тIаса, тIолго диналъул вацал.**
**Досдехун хилифлъулеб хабар жаниб батани,**
**Тоге кIвар гьабичIого, гьечIебин дирги инкар.**

**РухIго гьечIеб хIанчIида хIал бугеб рас бижилищ,**
**ХIалакъаб чахъдада тIехь тIом биццатаб лъугьинищ?**
**ТIалхиябго хIориниб хIалхьун гама лъеделищ,**
**ЛъикIаб ярагъ байчIого бодулъ чиги рекъелищ?**

**Пакъир дирго мискинлъи дидаго бихьун буго,**
**Дунялалъ квегъулезул кумекчилъун ккун вуго.**
**Кинниги рекIел анищ, Аллагь, Дуда лъалелъул**
**Иншааллагь, хьул буго мурадалде вахине.**

**Гьаб хъварав пакъир — дунги дугIадулъ гIахьал гьаве,**
**ГIумру гIадада арав гIажизав мискин вугин.**
**Расуласде хьулги лъун гьабураб мавлид бугин,**
**Гьаре, вацал, диеги досдасан шафагIалъи.**

**ТАММА ВА КАМУЛА**

**********************************************************
******************************************
***************************

[1] **Ализабаз**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Аварагасдехун гьабураб мунажат

**АлхIамду лиллагь, рецц БетIергьанасе**
**ТIолго махлукъалъе ризкъи биччалев,**
**Заррабаз хIалтIараб, лавхIалда хъвараб**
**ХIукму-къадар гьабун гIалам хьихьулев.**

**Цинги свалат-салам Аварагасде**
**Динул-Исламалъул Саййидлъун вугев,**
**Инсанлъун ракьалда вижи гурони,**
**Жиндир хIикматазул хIисаб лъаларев.**

**ХIабиб, дур умматлъун дун вижарасе**
**Фидят[1] гIемер буго, гIумру ун буго,**
**ГIадилав Ханасда цеве чIеялъул**
**Ургъел цIцIикIкIун буго, дун хIинкъун вуго.**

**Диналъул кIвар гьечIеб, кIарчанаб чорхол**
**Чанги гIузру буго Бичасда лъалеб.**
**Бицун хIалкIоларел хатIаратазул[2]**
**Хивал гIемер буго каранда жаниб.**

**Кинниги БетIергьан — Гъафур[3] вугелъул,**
**Гъуфраналдаса[4] хьул къотIун кколаро,**

---

[1] Къуйид гьави
[2] РакIалде рачIунел пикраби
[3] Мунагьал чурулев
[4] Мунагьал чуриялдаса

**Къадирасул ХIабиб мунги вугелъул,**
**Дур шафагIаталде анищ гьабула.**

**Аллагь разилъиги — мун вокьилъидал,**
**Вокьаралгун рахъин хIакъабгилъидал.**
**ХIабибилан ахIун, АхIмадин цIалдон**
**ЦIоб гIатIидав Аллагь гурхIи гьарила.**

**Дунял къалъулеблъун бакъ бихьаниги,**
**КъутIбуясул гьурмал гьелъулъ нур буго,**
**Гьаваялда цIваби цIцIикIкIун кканиги,**
**ЦIар берцинав ТIагьал тIокIлъана гвангъи.**

**ТIолго анбияал[1] хиралъаниги,**
**Хасс гьавуна ХIабиб РахIманас аскIов,**
**Эзул даражаби цIикIкIун хъвалелъул**
**Хъвана Расуласул исму[2] ГIаршалда.**

**ГIаламалъул Саййид[3] — эв вукIин лъайзе,**
**Эсул бицен камун китаб[4] рештIинчIо.**
**Камилазул асил[5] загьир гьавизе**
**Зобал, ракьал цIурал махлукъ бижана.**

**Живго БетIергьанас свалатги битIун**
**ТIокI гьавуна АхIмад анбияазулъ,**
**Удну МухIаммадан[6] хитIабги гьабун,**
**Халкъалъе рахIматлъун вищана тIаса.**

**Алжан-жужахIалъул ихтиярги кьун**
**Уммат хвасарлъулеб рохел баркана,**

---

[1] **Аварагзаби**
[2] **ЦIар**
[3] **КIудияв**
[4] **ТIехь**
[5] **Аслияв**
[6] **ГIагарлъе МухIаммадан**

Кунузазул акъфал[1] сайгъатги гъабун
Саламалъул гьудул вохизавуна.

Уммат хириясул хивалахъ балан,
Хадуб тавбуялъул гъапу рагьана,
Гьудуласул рекIел рахIатхун ккедал
Хулафаал[2] кьуна Ислам цIунизе.

Уммат къосиналда Расул хIинкъидал,
Сиддикъ гIахьал гьавун гIуцIана ТIарикъ.
ГIилму тIагIинилан ТIагьа пашманлъун,
Мужтагьидал[3] кьуна дунял гвангъарал.

Гьеб хIукму-къадаргун КъутIбуясул нур
КъватIиб загьирлъизе заман гIунтIидал,
ГIабдуллагь инсуе Аминатица
ХIикматазул бахIру[4] – АхIмад гьавуна.

Гьашимияб кьолбол къурайшиязде
Къалъараб бакъ щвана шагьру РабигIалъ[5],
Шигьабазул раис[6] кодовеги щун
ШафагIат хIакълъана мугьажиразе[7],

Гьидаят[8] насибал ансариязе[9]
Аллагьасул Расул сайгъатлъун ккана,

---

[1] Хазинабазул кIулал
[2] Устарзаби
[3] Къуръан-хIадисалдаса гIилму бахъулел имамзаби
[4] Ралъад
[5] РабигIул аввал моцIалъ
[6] Гвангъарал цIвабзазул бетIер
[7] Гьижра гьабурал Маккаялъул асхIабзаби
[8] РитIун ккей
[9] Мадинаялъул асхIабзаби

**Исламияб нухда тIоритIанщиназ**
**ТIагьаясе чурхдул къурбанлъун кьуна.**

**КъутIбуясул нуралъ гвангъараб КагIба**
**Бихьизе къасд лъола, къуват гIоларо.**
**ГIилмудул хIур чIараб ХIарамалъул ракь,**
**Рокьи духъ гьабула гьанивги вукIун.**

**Гьижраялъ[1] мун арав Мадинаялде**
**Дунги ахIе, АхIмад, хIалхьун вукIине,**
**ХIарбуялъ[2] босараб Маккаги бихьун**
**Хьул нахъбусинабе ссудулеб рекIел.**

**Мун вокьи рихараб халкъалда гъорлъа**
**Хвезениги ваче дун БакъигIалде,**
**ГIакъидатго[3] гьечIеб къавмалда гьоркьов**
**Къварид вугин, ХIабиб, гурхIа мун дида!**

**Динул Исламалъул сасго къотIараб**
**ТIун аги гIодобе гIумруялъ туснахъ,**
**ГIилму-тIалабалъе чараго гьечIеб**
**ЧIунтун хараблъаги хъублъараб ВатIан!**

**ТIагьаян ахIизе хIалхьи толареб**
**Таллагь, рихун буго гIадатазул нух,**
**ГIаксалда хIалтIулел хIукмучагIазул**
**ХIалай бакIлъун ккола бицунеб хабар.**

**Хваразухъ хIайранаб, хIаят[4] ч1алгIараб,**
**ХIадисалъ бицунеб ахир замана,**

---

**[1] Гочун гьижра гьабун**
**[2] Рагъалдалъун**
**[3] БитIараб рекIел чIей**
**[4] ГIумру (чIаголъи)**

Зулматал[1] гIемерлъун, гIалам жагьиллъун,
ГIибадат басралъун, сурун бугеб куц.

Свинго гьечIеб чирахъ жаниб бакараб
Каранда къан буго къиматаб Равза,
Къадру тIокIав ТIагьа жанив къанщараб
Щола мун ракIалде ГIаишатил рукъ.

ШафагIат бокьарал, гьоболлъухъ унеб
Гьадиясул къубба[2] гIагарда анищ,
ГIишкъу бергьаразул мурад тIубалеб
ТIайбаталде[3] сапар бухьине анищ.

Авараг хьвадараб ХIижаз ракьалде
ХIалкIолеб куц анищ гьижра[4] гьабизе,
Гьесул жигьадазул[5] лъалкIниги анищ
Аллагьасул нухда дуниял тезе.

Дур нур бихьуларел берзул канлъухъе
Кин гали босилеб, я Расулуллагь?
Дур фуюзал[6] чвахун чуричIеб ракIалъ
Чорокаб нафсалде кIал кин гьикъилеб?

Кавсаралъул лъеде уммат ахIулев
РухIазул эменги дур варислъидал[7],
Дирго загIиплъиялъ зузуданиги
Залимаб нафсалда гIайиб цIакъ буго.

---

[1] БецIлъаби
[2] Купол
[3] Мадинаялде
[4] ВатIан тун инзе
[5] Гъазаваталъул
[6] Чвахулел нурал
[7] Ирсилав

Бичасде щвеялъе далиллъун[1] ругел
Дур хулафаалги[2] ратун ругелъул,
РекIел къварилъиялъ къиркъиданиги
Къадар Аллагьасул, алхIамду лиллагь.

Дур суннат цIунизе хIалкIвечIониги
ХIалхьини теларо тураяб логой,
Тавбуялда чIезе рес гьечIониги
РахIат хвезабила хвараб черхалъул.

ХвезегIан ракьалда вихьичIониги.
Хьулни къотIуларо ТIагьа дудаса,
ТIаде рахъун хадуб ГIарасаталда
ГIела вихьаниги дирго Авараг.

Дур манакъибазул[3] биценги гьабун
Берцинго рукIина гIажал щвезегIан,
Аллагьас кьуралде сабруги гьабун
Свалат-салам дуде гIемер битIила.

Алжан гIатIилъулев, жужахI сун унев,
Салам дуде нижер, я Расулуллагь!
СиратI шагьралъулев, шайтIан лъутулев,
Салам дуде нижер, я ХIабибуллагь!

Хириязул КъутIбу[4], тIолгоязул нур,
Салам дуде нижер, я Каримуллагь![5]
Камилазул асил, русулазул[6] хан,
Салам дуде нижер, Я Набияллагь![7]

---

[1] Нух малъулеллъун
[2] Устарзаби (халифаби)
[3] Хиралъабазул
[4] ЦIва (КIудияв)
[5] Аллагьасул хирияв
[6] Аслуяв
[7] Аллагьасул авараг

ГIилмуялъул бахIру, хIилмудул[1] ралъад,
Салам дуде нижер, я РахIматуллагь![2]
ХIикматазул керен, кашфуялъул ракI,
Салам дуде нижер, я ХIафияллагь!

ХIасрат бергьаразе шафагIат щолев,
Салам дуде нижер, я Сафияллагь[3].
Салат битIарасе баракат хIакъав,
Салам дуде нижер, я Нажияллагь[4]!

Дин бокьарал васал силкалда[5] ххолев,
Салам дуде нижер, я ГIалималлагь[6]!
ГIазабалъе хIакъал тархъан гьарулев,
Салам дуде нижер, я Аминаллагь[7]!

Аман гьарун щварав пашманлъуларев,
Салам дуде нижер, я Калимуллагь[8]!
Кумек хIажатасе хIадурлъи цIакъав,
Салам дуде нижер, я СиратIуллагь[9]!

ТIолго мунагьазул гьиралги раччун
Гьумерни киб бугеб калам гьабизе,
Кинабго къасават рекIелъги бессун
Ресги кин рекъолеб КъутIбу веццизе.

ТIагьаян ахIулеб дир хIухьелалъул
БухIини киб бугеб каранда жаниб?
Кинниги дир хивал — тавбу гьабизе,
Гьунар Дуца кьеги, вокьулев Аллагь.

ТАММА

[1] ХIалимлъиялъул ралъад
[2] Аллагьасул рахIмат
[3] ТIаса вищарав
[4] Аллагьгун шуршудулев
[5] Куналда (рахсида)
[6] Аллагь лъалев
[7] Аллагьасул божарав
[8] Аллагьгун кIалъарав
[9] Аллагьасул нух

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Гьадиятлъун букIине кIалъазин ТIагьа веццун

**АлхIамду дуе, Аллагь, дунял-гIаламалъул Хан,**
**Махлукъаталъул Саййид Расуллъун нижей кьурав!**
**Свалат-салам даимаб АхIмадида лъе, Аллагь,**
**Дунял-ахиратальул хайрат[1] нижей бикьулев!**

**Жинда рекъараб сипат гьабизе лъачIониги,**
**Гьадиятлъун[2] букIине кIалъазин ТIагьа веццун.**
**Гьарурал мунагьазе кафаратлъун[3] букIине,**
**Бицинин дагьаб хабар халгьабурал ваццазе.**

**РагIи камилав ХIабиб, калам гьуинав ХIабиб,**
**Кинабго гIаламалъулъ гIакълу тIокIав МустIафа[4],**
**ТIолго махлукъаталде дур шаргIалъ щвей гьабурав,**
**Гьидаятальул[5] гьафу мун вокьиялъ рагьулев.**

**Дуде инкар гьабурав куфруялда хутIарав,**
**Хивал дулъ квешлъарасул Ислам къабул гьабичIев,**
**Къуръаналъул аятаз АхIмад вукIин бицунев,**
**Рецц гьабизе хIакълъиялъ МухIаммадан цIар тарав.**

**РахIманасул мулкалъулъ дуда жо баршалъичIев,**
**ШафагIатазул манбагI[6] мун гуресда хаслъичIев,**

---

[1] **ЛъикIлъи**
[2] **Сайгъат**
[3] **Мунагьал рацIцIунеблъун**
[4] **ТIаса вищарав**
[5] **ВитIун ккеялъул**
[6] **Ищц**

Халилуллагь[1] мун вукIин далаилаз[2] бицунев,
Дур суннатал цIунарав цIаялдаса тархъулев.

Свалат битIун БетIергьан мун гуресде кIалъачIев,
МигIражалъул асрарал [3] мун гуресе хIакълъичIев,
ХIуралгун малайкзабаз дур гуреб цIар ахIичIев,
Анбияазул зумрат[4] дур нуралъ берцинлъарав.

Рицун тарал хIадисаз хIуфазал[5] камиллъарав,
Каранда гьел цIунарал макъамалде рахарав,
Къуддусиял[6] хабараз хулафаал[7] тIокIлъарав,
ТIолго мужтагьидзаби[8] гьездалъун бечелъарав.

Балагьун бер гIорцIарав, гIалим лъугьун хIалхьарав,
ГIамал гьабун хьвадарав, рахIматалъулъ тIерхьарав,
ТIолго махлукъаталъе[9] мун гьавун рохел щварав,
Щибаб жо бижиналъе сасаблъун мун ватарав.

МугIжизатал гIемерав, гIаламатал загьирав,
Зоб-ракь нуралъ гвангъарав мун гурев расул гьечIев,
Сидраталде щвезегIан якъзаталдаги[10] вачун,
РахIманас гьоболлъиги гьабичIеб дуй гурони.

ЧIаго Халикъ вихьулев, макъам дуй гуреб щвечIев,
ШафагIатал рикьизе къасим[11] мун гурев течIев,

---

[1] Аллагьасул гьудул
[2] ХIужабаз
[3] Балъголъаби
[4] Аварагзабазул къокъа
[5] ХIафизал
[6] РацIцIадал илагьиял
[7] Устарзаби
[8] ЧIахIиял имамзаби
[9] Бижанщинаб жоялъе
[10] Макьу гьечIого ворчIуда
[11] Рикьулев чи

**Русулазул хатамлъун[1] ахиралда щваниги,**
**Азалалда зарраби дур наввабаллъун[2] ккарав.**

**Башаразул[3] эменлъун Адам вижананиги,**
**Жавгьаралъул нуралде дур гуреб исму[4] течIев,**
**Юсуф Аварагасе берцинлъи кьунаниги,**
**Берцинабщиналъул нур дудасан загьирлъарав.**

**Сулайманил мулкалда[5] кверщел батананиги,**
**Зобал-ракьазул ханлъи Халикъас духъе кьурав,**
**Хаварикъул[6] гIадатаз гIадамал гIажизлъарав,**
**ГIилму камиллъиялда кашишзаби мукIурав.**

**Киналго муъминзаби мун камун ятимлъидал**
**Каламулагьил къадим[7] ирсалъе нахъе тарав,**
**Аллагьасул къотIи щун къадаралде ккун хадув**
**Къваридаб умматалъе хулафаал[8] ратарав.**

**Халикъасде щвеялъе муршид кквейи — шартIлъидал,**
**Шукруни тIадаб буго ТIагьал варис[9] лъарасда.**
**Лъалареб нух манлъизе далил[10] хIажалъулелъул,**
**ХIамдгин рецц Аллагьасе, авлияал[11] ратидал!**

**ТАММА**

****************************************************

---

[1] **Ахирисевлъун**
[2] **Наибзабилъун**
[3] **ГIадамазул**
[4] **ЦIар**
[5] **Ханлъиялда**
[6] **МугIжизатазул**
[7] **Аллагьасул цебегосеб калам (Къуръан)**
[8] **Устарзаби**
[9] **Ирсилав**
[10] **Нух малъулев чи**
[11] **Вализаби**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Накъшубандияб тIарикъаталъул силсилат

*Вала хIавла вала къуввата илла биллагь*

**Даруль хIикматаздасан[1] тел-хIубал лъун бачIараб**
**Тамашаяб нур буго нилъер гьаб улкаялда.**
**Кавсаралъул гIурулъан меседил рогIралги лъун**
**Маул хIаят[2] щун буго Дагъистан икълималде.**

**АхIмадил машрабалда иртибатI[3] щулалъараб**
**Шарабалъул[4] их буго аваразул ракьалда.**
**Илагьияб лутIфуялъ[5] халкъалда загьирлъарал**
**Гьидаяталъул[6] чIорал чIван руго гьал мугIрузда.**

**Махлукъаталъул султIан — ТIагьаяс таважжугьалъ[7]**
**ТIолго сирру[8] лъун буго Сиддикъасул каранда,**
**Салманул Фарисиде Сиддикъас талкъин[9] гьабун**
**Накъшубандиййуназул тIарикъ байбихьун буго.**

**Къасим ХIафиду Сиддикъ[10], Саййид ЖагIфару Саддикъ –**
**Фарисиясда хадур тартибалда чIун руго.**

---

[1] ХIикматазул рукъ (Авараг)
[2] РакIал чIаго гьарулеб лъим (нур)
[3] Иццалда бухьен
[4] Гьекъелалъул
[5] Аллагьасул гурхIелалъ
[6] ТIоритIиялъул
[7] РакIалде ракIги битIизабун
[8] Балъголъи
[9] Малъун
[10] Абубакар асхIабасул васасул вас

**Абуязид БастIами, Абул ХIасан Харкъани –**
**Халкъ гьидаят гьабизе гьезде амру щун буго.**

**Абу ГIали Фармади, фа Юсуфуль Гьамдани –**
**Сайру сулук[1] манлъулел гIарифунал гьел руго.**
**ГIабдул Халикъ Гъуждуван, ГIариф Биллагь Рривкари –**
**Расуласде халкъ цIалел макънатIисал гьел руго.**

**МахIмуд Инжир Фагънави, фа ГIалиййуРрамитни –**
**Уммат тIобитIейилан ТIагьал амру бачIарал.**
**Амирун Кулалиййун, МухIаммад Баба Самаси –**
**Ссунат чIаго гьабулел Гьадиясул махIбубал[2].**

**Багьауддин Бухари, ГIалауддин ГIутIтIари –**
**ГIаламалда машгьурал машрабалъул сахIибал.**
**Сумма ЯгIкъубил Чурхи, хадув ГIубайдул АхIрар (ГIубайдуллагь) –**
**ИхIсаналде[3] халкъ цIалел рацIцIадал муршидунал[4].**

**МухIаммадун Загьидун, сумма Дарвиш МухIаммад –**
**ХIабибасул тIарикъат тIад къарал хулафаал.**
**Хаважак Имканаки, МухIаммад Бакъи биллагь –**
**Бичасул рахIматазе ФатихIасул маъзунал[5].**

**АхIмад Фарукъ Саргьанди, сумма МухIаммад МагIсум–**
**Миллатул Исламалъе къаваималлъун[6] чIарал.**
**КъутIбул иршад Сайфуддин, НурмухIаммад Бадвани –**
**БатIин чIаго гьабизе гьунар тIокIал кумалал[7].**

---

**1 ТIарикъат**
**2 Аварагасул рокьулел**
**3 Камилаб тIагIаталде**
**4 Устарзаби**
**5 Аварагас изну кьурал**
**6 ХIубаллъун**
**7 Камилал**

**ХIабибулагьи Музгьир, ГIабдуллагьи Ддигьлави –**
**Гьидаяталъул[1] нухде халкъ ахIулел акътIабал.**
**Халид Шагь Багъдадиййун, ИсмагIил Курдумирун –**
**Камалаталде[2] щварал иршадалъе агьлул хIакъ[3].**

**Гьаниб кIиййиде бикьун кIиго шугIбат[4] лъугьараб**
**Накъщубанд ТIарикъалъул къокъаб хIасил бицизин,**
**ХIакъикъат лъаларезул ишкалал[5] рорхиялъе**
**Рагьизин гьитIинаб баб[6] гьабизин дагьаб баян.**

**ИсмагIил Курдумирил кIиго маъзун[7] вукIарав –**
**ХасмухIаммад Ширвани, цойги МухIаммад СвалихI.**
**Ширванияс изну кьун къачIан маъзун лъугьарав**
**МухIаммадул Ярагъи Накъшубандияв вуго.**

**БидгIа гъорлъе жубачIеб жавгьарул читIиралда**
**Жамалуддин Гъумукъи Ярагъияс ххун вуго.**
**Гъумукъияс изну кьун къачIарав маъзун вуго**
**Мама Дибирий Ррочи, Бичас кIодов гьавеяв.**

**Гьес ижаза[8] гьабурав гьечIо икълималда[9] чи,**
**Къоно тIад чIван силсилат[10] гьеб бакIалъ къотIун буго.**
**Гьалда ишкал бегьарав “Буружазде” валагье,**
**Баян лъазе бокьарас “Сифрул асна” кодоб ккве.**

---

[1] БитIараб
[2] Камиллъиялде щварал
[3] Нухмалъи гьабулеб хIакъаб агьлу
[4] ГIаркьел
[5] РичIчIуларел жал
[6] Рагьу
[7] Изну кьурав
[8] Изнуялъул кагъат
[9] Улкаялда
[10] Устарзабазул рахас

Цо гъотIол рохтиялда чанги гIаркьел бижула,
ГIузру кколеб лъаларо, гъорлъа цо-цо бакъвала,
ЦохIо лъеца лъалъалеб ракьул кесекалда тIад
БатIа-батIа хер бижи Халикъасул иш буго.

МухIаммад СалихIиде бикьараб шугIбаталъул[1]
Лъабабилев Халифа МахIмуд Афанди вуго,
Гьеб файзалъул ралъдалъа лъабго жавгьар бахъана
Жидедасан халкъалъе хайир гIемераб щолел.

Гьел жавгьаразул цояв Жабраил Афандияс
Изну кьун маъзунлъарав ЗульжанахIайни вуго,
АлхIажи ГIабдуррахIман ГIасави мингъу бадал
Макка-Мадинаялда жиндир сайру загьирав.

Заманаялъул къутIбу, икълим[2] гвангъараб чирахъ —
Абу МухIаммад ГIариф, ХIасан ХIилми Афанди,
Саккул ижазатги[3] кьун ГIасавияс къачIарав,
ГIалимзаби мукIурав кIудияб бахIру[4] вуго.

Доб ралъдалъа рахъарал жавгьаразул санияв[5] —
Садатазул[6] мухъилав АхIмад Талали вуго.
АлхIафизу ШугIайбил Багиниясде щвараб
Иршадияб ижазат[7] Талалиясул буго.

Меседил гонгаздасан чвахулеб маул хIаят[8]
ХIасан Афандиясул каранде рештIун буго.

---

[1] ГIаркьелалъул
[2] Улка
[3] Изнуялъул кагъат
[4] Ралъад
[5] КIиабилев
[6] КIудияв
[7] Устарлъиялъул изну
[8] РакIал чIаголъулеб лъим (нур)

**ШугIайб Афандиясги саккул ижазат[1] кьурав**
**Аварагасул наиб эв вукIин хIакълъун буго.**

**Лъабабилеб жавгьарги доб ралъдалъа бахъараб —**
**Баркат чваххулеб мегIер — МухIаммад Закир вуго,**
**РавхIаниялъ изну кьун увайсияв лъугьарав**
**Гьесул хIакъав халифа — Халид Сайфуллагь вуго.**

**Имам Рраббаниясул кIиго валад[2] вукIарав,**
**КIибикьун файзалъул гIор гьезде тIаде чваххараб.**
**Гьев кIиявго МухIаммад МагIсумун ва СагIидун –**
**ГIалам иршад[3] гьабулел муршидзаби[4] лъугьарал.**

**МухIаммад СагIидил вас ГIабдул АхIад вукIарав,**
**Иршадияб ирсалъул варис[5] эвги лъугьарав.**
**Эсул маъзун[6] МухIаммад ГIабид Санамиясул**
**Сайлул файзи[7] жубараб Жан Жанаясде гъорлъе.**

**МухIаммад МагIсумилги варис кIиго вукIарав –**
**Вас МухIаммад Сайфуддин, сумма[8] АхIмадуль Маки,**
**Сайфуддинил анвараз[9] НурмухIаммад гвангъарав,**
**ХIабибуллагь, ГIабдуллагь, Халид Шагьасде щвараб.**

**АхIмадул Маккиясде бикьараб шугIбаталъул[10]**
**Микьабилеб ижазат[11] Зайнуллагьиде щвараб.**

---

[1] **Изнуялъул кагъат**
[2] **Вас**
[3] **ТIобитIулел**
[4] **Устарзаби**
[5] **Ирсилав**
[6] **Изну кьурав**
[7] **Файзалъул их**
[8] **Цинги**
[9] **Нураз**
[10] **ГIаркьелалъул**
[11] **Изнуялъул кагъат**

Зайнуллагь Шарифияс иршадияб[1] халгIатгун
Халифа гьавуравги — Сайфуллагь Къади вугев.

Халид Багъдадиясул машрабалдасан[2] бикьун
ШугIбатун ухра[3] араб АхIмад ТIараблисиде,
Эсул халгIат ретIарав халифалъун гьавурав
АхIмаду Зияуддин Камшаханви вукIарав.

Хирияб маул хIаят[4] гIаламалъе бикьизе
Зайнуллагьи Шарифи эсги тIаса вищарав.
Шарифияс халгIатгун халифалъи баркиги
"Канзул магIарифалъул" мусаннифасде[5] ккараб.

Мусаннифги — Сайфуллагь — сахIибу тIурукъ[6] вуго,
КъутIбул вакъти бил хIакъи саййидзабазул валад[7],
Асраразул[8] бетIергьан, атIиббаазул раис[9],
АрвахIал — ажсадазе[10] дару гьабулев тохтур.

Тамашалъи, хIикмалъи — ХIабибасул гьайбатлъи,
Гьесде насаб гIунтIарал гIадамазул камиллъи,
ГIурул лъим, бикь-бикьун ун рикьаби лъугьаниги,
Ралъдалъе буссинарищ, аслу гъоба бугелъул.

Накъшубандияв шаййих, шазилиязул къутIбу,
Къадириязул муршид, щаклъи гьечIев увайси,

---

[1] Устарлъиялъул
[2] Гьекъолеб иц
[3] Цойги гIаркьел
[4] РакIал чIаголъулеб лъин
[5] Автор (Данде гьабурав чи)
[6] ТIарикъатазул бетIер
[7] ХIакъаб заманалъул къутIбу Аварагасул наслуялъул вас
[8] Балъголъабазул
[9] Тохтурзабазул
[10] РухIалгун чурхдузе

Щваги нижей дур баркат, камугеги дур балай,
Дуда рекъараб адаб гьабун лъунгьинчIониги!

Жиндир рекIелъ сукIкIарал асрарал[1] жанир лъезе,
Божараб къалбуялде[2] къутIбул вакът[3] хIажалъана.
ХIабибасул тIурукъал[4] тIадкъазе гIадав амин[5]
Икълималда[6] хал гьабун Увайси[7] валагьана.

Агьлул гIилмиялда[8] гъорлъ, Гъумекиса валагьун,
Гъудузулъ микки гIадин ХIасан-устар вихьана,
Сабабту ма фи садри ила садрика[9] абун
Саккул ижазатги[10] хъван халифа гьавун тана.

ХIасан Афандиясе хъварал ижазабазул[11]
Ихтисар[12] гьабун тана кифаят[13] букIинилан,
Кинабниги рахъалъан чвахарал фуюзазул[14]
Фаслу[15] баян гьабичIо гьунар дирго гIечIого.

ГIажаиблъи, хIикмалъи ХIасан Афандиясул
ХIакъаб баян гьабизе гьунаралъул камиллъи,

---

[1] Балъголъаби
[2] РакIалде
[3] Гьаб заманалъул къутIбу
[4] ТIарикъатал
[5] Божарав чи
[6] Улкаялда
[7] Сайфуллагь Къади
[8] ГIалимзабазда
[9] Дица дир каранда жаниб бугеб жо дур каранде жанибе тIуна
[10] Ижазаялъул кагъат
[11] Изнуязул
[12] Къокъаб баян
[13] ГIей
[14] Файзалъул нуразул
[15] БатIалъи

**ГьоцIо-нах гIан гьуинаб каламалъул берцинлъи,**
**Бицун гIорцIиго гьечIеб гIилмуялъул бацIцIалъи.**

**ЦIаларасул хIал хьолел таснифазул[1] мухIканлъи,**
**Танбигь кантIи цIцIикIкIунел вагIзабазул пасихIлъи.**
**ФусахIаал[2] гIажизал назмабазул хIеренлъи,**
**ХIикматаз жанир цIурал рагIабазул гъварилъи.**

**Китаб-суннат нугI гьечIеб рагIи кIалалъ бицинчIев,**
**Накълу гьечIеб далиль хъван дагIбадизе бакI течIев,**
**Загьираб, батIинияб гIилму баян гьабурав,**
**Гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб фаслу[3] бицарав.**

**Бахьи кьураб агьлуялъ инкар дуде кквеларо,**
**Аллагьас тIовитIичIев витIунги хьвадиларо.**
**Гама гьечIев мусафир[4] ралъад къотIун инаро,**
**ТIох борлъун бакъул чIорал рокъореги щвеларо.**

**Щакки-якъиналда гьоркьоб иман щулалъиларо,**
**ИгIтикъад[5] гьечIеб рекIелъ кIалалъ пайда кьеларо.**
**Панаял вагIзабаца гIамал бацIцIалъиларо,**
**ГIалимин цIар ахIиялъ ихIсан[6] камиллъиларо.**

**Дуде игIтираз[7] гьабун, гIалимзабиян чIарал,**
**ГIадамазе букIунеб жаза дида лъаларо.**
**Дур ТIарикъатги какун копое гаргадулез**
**Кинаб жавабдай кьела метер ГIарасаталда?**

---

**[1] Хъварал тIахьазул**
**[2] ПасихIал гIадамал**
**[3] БатIалъи**
**[4] Сапарчи**
**[5] РекIел чIей**
**[6] Аллагь вихьулев гIадин гIибадат гьаби**
**[7] Инкар**

**Расуласул халифа мун вукІин баянлъизе**
**“Буружун мушаййадат” — шагьид[1] гІела халкъалъе,**
**ГІилму-лладуналъ[2] цІураб садру[3] дур букІиналъе**
**“Сифруль аснаги” гІела гІаламалъе далильлъун[4].**

**Дин-Ислам тІобитІулев ТІагьал варис[5] мун вукІин**
**“Сиражу ссагІадаталъ” цІакъго баян гьабула,**
**Гьудатул умматаз[6] мун аминлъун[7] гьавиялъе**
**Ижазаялъул кагътаз камилаб бичІчІи кьола.**

**БитІараб ТІарикъалъул къутІбул иршад[8] мун вукІин**
**Муршидзабаз[9] цІунулеб адабалъги бицуна,**
**Икълималда[10] бижараб баналъул гъветІ бугилан**
**Берцинаб махІ щваразги шаклъи къотІизабула.**

**Шигьабуль миллатиян[11] дуде аби рекъана,**
**Дуца баян гьабидал балъго хутІараб гІилму.**
**ГІуламаал[12] хІайранаб бахІруль фагьаматилан[13]**
**ХІакълъана цІар абизе ихІсан дур камиллъидал.**

**Силсилат[14] жавгьарулав жанир ракІазул ТІабиб[15] ,**
**ТІокІлъаги даражаби даруль Фирдавусалда[16] !**

---

[1] **НугІлъун**
[2] **Аллагьас рекІелъе тІураб гІилму**
[3] **Керен**
[4] **ХІужалъун**
[5] **Ирсилав**
[6] **Уммат тІобитІулез**
[7] **Божи гьабуравлъун**
[8] **Иршадалъул къутІбу**
[9] **Устарзабаз**
[10] **Улкаялда**
[11] **Диналъул гвангъараб цІва**
[12] **ГІалимзаби**
[13] **Гъваридаб бигІалъул ралъад**
[14] **Устарзабазул рахас**
[15] **Тохтир**
[16] **Пирдавус алжаналъул рокъоб**

Саликинал[1] рохарав рухIазул кIудав эмен,
Ниж гIадин разилъаги дудаса Карим-Аллагь!

Дур таснифазда[2] жанир жавгьар букIин лъаларез
Жалги гIалимзабиян аби хIикмалъи буго,
Лъан хадуб икъраргги[3] тун такаббуралда[4] чIчIейи,
Тамаша, РахIманасул истидраж[5] батичIони.

Аллагьас нилъ рижунги лагълъиялъе ругелъул,
Лагълъиялъул куц лъайи киназдаго тIалъана.
ТIарикъатги лъаялъе сабаблъун ккун бугелъул,
Сабабазда рекIинчIез гIузру щибдай бачунеб?

Доб баналъул гъветI сверун саликинал[6] руссана,
СагIадат[7] насиблъарал элъул махIалъ гIорцIана.
МухIаммад ЯгIсубида иршадалъул[8] нур чIана,
Аллагьасул хазина халкъалъе эс бикьана.

Хадуб ХIумайд Афандий ижаза къарарлъана[9],
Агьали тIобитIизе тIадкъан буюрухъ щвана.
КъутIбанийййаталда[10] чIун МухIаммад ГIариф биллагь,
ГIарифунал[11] гвангъараб чирахъ гIадин вукIана.

ГIурибе накълулъараб[12] маул хIаяталъул лълъел
ХIусенил МухIаммадил каранда бахIру[13] чIана,

---

[1] Муридзаби
[2] Хъварал тIахьазда
[3] МукIурлъи
[4] ЧIухIиялда
[5] Макру
[6] Муридзаби
[7] ТалихI
[8] Халкъ тIибитIиялъул
[9] Изну чIана
[10] КъутIбуясул макъам
[11] Аллагь лъалел гIадамал
[12] Араб
[13] Ралъад

**Караматал гIемерал, гIаламатал машгьурал**
**Машаихзабада гъорлъ эсул исму[1] рекъана.**

**АхIмадил умматалъе эмен гIадин хьвадана,**
**Аманат тIубаялъулъ ТIагьаясда релълъана,**
**ТIаде вачIарав мурид чIового нахъвусинчIо,**
**Бусада вегунтунги таважжугьал[2] гьаруна.**

**Гьидаяталъул[3] байрахъ гьесда кодоб букIана,**
**Гьава нафсалъ квегъарал квелъ бан гьес къачIан тана.**
**Ракъдаллъараб ракьуе цIекьараб накIкIул гIадаб**
**ЦIун чвахулеб баркаталъ гIалам бечед гьабуна.**

**Жагьилал гIалимлъана гIулумал[4] рекIелъе тIун,**
**ГIалимал камиллъана камалаталде[5] рачун.**
**РухIазе тIагIам щолеб тIугьдузул маргIаялда[6]**
**ТIогьилаб багьар[7] бижун буссана халкъ гьенибе.**

**Байтуллагь[8] — КагIбаялде хIажизабаз киннигин**
**Киназго къасд гьабуна сапар Инхоб бухьине.**
**Сафаржалалъ[9] гIодоб цIан гIаркьалаби даларaб,**
**Ракьалда махI шущараб шажарлъун[10] мисал чIана.**

**Магъриб-Машрикъалдасан тIуллабал[11] рачIаниги**
**ТIаде къабул гьаризе изну эсий букIана.**

---

[1] **ЦIар**
[2] **РакIалдаса ракIалде нур рехи**
[3] **Нухмалъиялъул**
[4] **ГIилмаби**
[5] **Камиллъиялде**
[6] **ГIалахалда**
[7] **ТIогьол цIар**
[8] **Аллагьасул рукъ**
[9] **ХIавагIечалъ**
[10] **ГъветIлъун**
[11] **Муридзаби**

**Уммул Къураялдаги[1] жинде щварав гьечIилан,**
**Агьлу ллагьазул багIаз[2] кIалъан гIинда рагIана.**

**ГIанамалъул тIогьиде тIаде наял гьетIана,**
**Гьелдаса гьоцIо цIцIуйзе гьезие тавфикъ кьуна.**
**Гьидерил улкаялда кавсаралъул гIор щвана,**
**Лъахъа ХIамзат Афанди бакъ гIадин загьирлъана.**

**Къаси анцIила шуйилъ шагьри-моцIалъул гIадаб**
**Шугьрат[3] эсул букIана ракьалдаса инегIан.**
**Аллагьасул диналъе хIубилъун гъоркье чIана,**
**ХIабибасул ТIарикъат тIад квер бахъун къачIана.**

**Къечарал муридзаби файзалъ[4] гIорцIизаруна,**
**ГIащикъал саликинал[5] квер ккун нухда регIана.**
**РакIазулъ тавхIид[6] бекьун, таважжугьаз[7] чIар бахъун,**
**Талкъин гьабун, зикру кьун чанги чи тIовитIана.**

**ТIаса унарев Халикъ цо гурони гьечIелъул,**
**Гьез дунял тун инелде маъзунзаби[8] къачIана.**
**Икълималъул[9] бакI-бакIалъ жавгьар-якъут батана,**
**Таввабинал[10] руссунеб завият[11] камун ккечIо.**

**Кибритуль ахIмарилан[12] тIахьаз бицен гьабулев**
**ТIагьаясул халифа къаданивго ватана.**

---

[1] Маккаялда
[2] Аллагь лъалезул цояв
[3] Машгъурлъи
[4] Аллагьасул нуралъ
[5] Муридзаби
[6] Аллагь цо гьави
[7] РакIалдаса ракIалде нурал риччан
[8] Изну кьурал
[9] Улкаялъул
[10] Тавбу гьабурал гIадамал
[11] БокIон
[12] БагIараб месед

Байтуллагьалде[1] холеб харж кьун тIалаб гьавизе
ТIадав муршид[2] кодов щун щвана нилъее давла.

Дицани рецц гьабула вижарав Аллагьасе
Исламалда тIовитIун тIокIал нигIматал щведал,
ТIарикъаталъул вирдал дие ризкъилъун кьедал,
Дун гьидаят[3] гьавулел муршидзаби[4] ратидал.

Дунял-ахираталъул рохел эздалъун щведал,
Щаклъи къотIун игIтикъад[5] эзулъ дир къарарлъидал[6],
Эздасан табаррукалъ[7] кумек гIемераб ккедал,
Киналго умуразулъ[8] эзул назрат[9] батидал.

Раъсул мал[10] кодоб бугеб агьлу ттасаввуфилан[11]
Эзул мажалисаде ШафигIияв хьвадарав.
Шайбану РрагIиясе суал кьун бахIс гьабидал,
АхIмад бину ХIанбалги гIажизлъарав жавабалъ.

Жиндир тилмизасухъа[12] ТIарикъат босун хадуб
Хвезе кIиго сон бараб ХIанафияв имамас.
Лав ла санатани ла гьалака НнугIманилан[13]
Гьесул кIалалъ абураб тIахьаз баян гьабула.

---

[1] ХIажалде
[2] Устар
[3] ТIовитIи
[4] Устарзаби
[5] РекIел чIей
[6] ЧIедал
[7] Баркат тIалаб гьабиялъ
[8] Ишазулъ
[9] Балагьи
[10] Дармил аслу (капитал)
[11] ТIарикъаталъул агьлу
[12] ЦIалдохъанасухъа
[13] Ахирисеб кIиябго сон букIинчIеб анани дун гьалаглъилаан абун

Гьединго гIуламаал[1] хIажалъарал шайхасде,
СуютIи, Ибну ХIажар, хIалтIараб эзги тIарикъ.
ХIатта имам Гъазали тIувайчIев шайих кквечIого,
Щиб жоялде мугъчIвандай гьанже гьал гаргадулел?

Муршид[2] кквӗзе тIадабан тIахьалги ахIделаго,
ЛавхIалдасан босундай дагIва чагIи кIалъалел?
Мин баби ма ла ятимму важибун илла бигьи[3]
Важибун, абураб жо аз кибедай цIа-цIала?

Гьоркьов васитI[4] гьечIого Аллагьги кIалъаларев,
Азул ракIал хIалхьолеб хIужа щибдай букIина?
ХIабибасул варисги[5] азие вегьуларев,
ВахIю босун Жибрилдай азде рещтIине кколев?

ТIахьаца бицунелде гIинги аз тIамулареб,
Зодосан гьатифалъдай[6] азде ахIизе кколеб?
Агьлуллагьазул къавлу[7] къабул аз гьабулареб,
Ал божарал сукъатал[8] кисагIаги рахъилел?

Кашфу загьирлъичIони муршид[9] аз манлъуларев,
Алкашфу хIайзу ррижал[10] хIамлу[11] сунде гьабилеб?
ХIалбихьизе тIаде ун Ибну Сакъае[12] ккараб,
Къиса — гIират[13] гуребдай дагIвадул агьлуялъе?

---

[1] ГIалимзаби
[2] Устар
[3] ТIадаб жо жинда гурони тIубалареб жоги тIадаб буго
[4] Гьоркьохъан
[5] Ирсилав
[6] Малаикас
[7] Аллагьасул агьлуялъ абураб жо
[8] Божарал гIадамал
[9] Устар
[10] Кашфу бихьиназул как хвей гIадаб жо ккола
[11] Сунде бачинеб
[12] Гьев ккола шайихасул хIалбихьиялдалъун гьалаглъарав гIалимчи
[13] ВагIза

**Устарасухъе арав муридасул гӀуюбал[1]**
**ГӀебу-сасуги босун бикӀи — азул вирд буго.**
**Радалгин бакъанида къойил истигъфар гьаби,**
**Гьабураб мунагь-хатӀа чуризе тавбу гурищ?**

**Муршидас гӀисяналде[2] мурид щай виччалеван,**
**Макъалатал[3] рагӀула, цо-цояз абулилан.**
**Аварагас НугӀайман, МагӀиз щай риччаралан,**
**Гьев чиясда гьикъани жаваб щибдай гьабила?**

**Аллагьасул Расулги чӀаго цеве вукӀаго,**
**ВахӀю босун Жибрилги жиндихъе рештӀунаго,**
**Жиндир мугӀжизатада халкъги хӀайран букӀаго,**
**ХӀарам гьабураб мускир[4] кин гьекъараб асхӀабас?**

**Гьанже гьал муридзаби малайкзабидай ругел,**
**Мунагьго лъугьинчӀого гӀисматалда[5] хьвадизе?**
**МатӀбугӀияб[6] иманги азулъ букӀунарелъул,**
**Аздасан хатӀаъ ккейи кӀудияб ишдай буго?**

**Ахир заманалъидал, муршид[7] вукӀунарилан,**
**КӀудияб гӀакъло кьолев гӀакъилги камуларо.**
**Вамимман халакъна умматун ягьдуна билхӀакъкъи[8]**
**Вабигьи ягӀдилун - аяталъул мурад щиб?**

---

**1 ГӀайибал**
**2 Устарас хӀарамаб жоялде**
**3 Абулел жал**
**4 Мехтел**
**5 ЦӀунун**
**6 ТӀабигӀияб (вижулъго бугеб)**
**7 Устар**
**8 Дица рижарал гӀадамазда гьоркьоб цо уммат буго, хӀакъалдалъун халкъги тӀобитӀулеб гьелдалъун гӀадлоги гьабулеб**

Макан[1], заман хасс гьаби гьаб аяталъ бицунищ,
Гьалъ щвей гьабулел чагIи муршидзаби гурелищ?
Машаихзаби гьечIеб заманго букIарабищ,
БукIинилан  бицунеб Къуръан-хIадис бугебищ?

Лаюдриканнал масихIа акъвамун иннагьум
Ламислукум[2] , - абураб хIадисалъул магIна щиб?
ГIиса, гIалайгьи ссалам, ракьалде рещтIинегIан
ТIарикъат хIалтIулеблъи хIакълъичIищ гьанжегIаги?

ГIарцуе гIоло гIалам балъаргъулел чийилан
Чангияз лъола бугьтан гьал машаихзабазда .
Дунял ххарцIун гIорцIичIел диналъул цIогьабазда
РацIцIадал гIарифунал[3]  — жалгойилан ккун буго.

Жалги элги цогIадал гIалимзабиян абун,
ГIизз-кIодолъи бокьарал кIалъала мажлисалда.
Малайкзабада релълъен маххул къубдузе гьабун,
Гьазухъ гIенеккаралги гуккула гьава-нафсалъ.

Босулебгин кьолеб жо лъабго батIаяб буго –
Ужра цо, рушват кIиго, гьадиййат[4] — лъабабилеб.
Ужра — хIалтIухъ мухь буго, къотIуда рекъон кьолеб,
Ришват кьейги — нух буго, шаргIалъ хIарам гьабураб.

Гьаб кIиябго шартIалда ТIарикъат кьейи-боси
Бихьарав чи ватани, ваче нугIлъи гьабизе.
Лъалареб хабар бицун халкъалъе гаргадулев
Хаинасул гъаразал МахIшаралда[5] рагьила.

---

[1] БакI
[2] Нужода релъарал гIадамал рукIизе руго, ГIиса авараг рештIизегIан
[3] Аллагь лъалел вализаби
[4] Сайгъат
[5] Хиянатчиясул мурадал къиямасеб къоялъ

**Гьадиййатин  абуни — жиб кьей цIакъ рекъараб жо,**
**Кьун хадуб босунгутIи — суннат тей букIунеб жо,**
**Тагьадав тахIабуян[1] ХIабибасги абураб**
**Ухувват[2], рокьи цIикIкIин жиндалъун камиллъулеб.**

**Кана Расулуллагьи якъбалул гьадиййата**
**Валав жургIата лабанин ав фахза арнабин[3] ,- абун.**
**"Фазаилул ХIабибалъ"[4] бицунеб хабаралъул**
**Халдай  аз гьабулареб гьалщинал гаргадизе.**

**ГьаричIого бачIараб, хьул лъечIого кьураб жо**
**НахъчIвазе бегьунгутIи "ИхIяалъги"[5] бицуна,**
**Аллагьас кьураб боцIи нахъчIваравлъунги лъугьун,**
**Гьелде хIажатавлъун ккун хIайранлъун хутIилилан.**

**ХIабибасул ахлакъал[6] чорхолъ рессарав устар**
**Суннат цIунизе гIоло гIемераб къо бихьулев,**
**ГIаламалъул хIал баччун, хIасадчи квербахъун тун,**
**ХIуснулхулкъ[7] берцинавлъун тIасаго жив унарев.**

**Аби буго халкъалъул кьураб босуларесде**
**ГIабдалин, ахIмакъилан, я гIакълу гьечIевилан.**
**Гьал сифатаздасаги устар вацIцIадавлъидал**
**Лъида нахъвилъундай гьес гьадиййат[8] босилареб?**

---

**[1] Цо-цазе сайгъатал кьун цо-цазе рокьа нуж**
**[2] Вацлъи**
**[3] Аллагьасул Расулас цо нухалъ къулчIизе гIанасеб рахь бугониги, гIанкIалъул магIу     гIанасеб бугониги сайгъат къабул гьабулеб букIана**
**[4] ТIехьалъул цIар**
**[5] ТIехьалъул цIар**
**[6] Хасиятал**
**[7] Хасият**
**[8] Сайигьат**

Босидал гьеб кванaзе чехьдай гьесда тIад буго,
Гьелъ гIуцIизе хутIараб дунялдай гьесул буго?
Дир бачIараб дуе кьун, дураб цойгиясе кьун,
МасалихIал[1] халгьабун харж гьабун гурищ унеб.

Гьал гаргадухъабазул дунялалъухъ гIащикълъи,
ГIисин лъималазеги балъго гьечIо – халгьабе
Гьаз кIалалъ бицунебги гьабула бихьулебги,
Гьабе гьелъулги гIибрат[2] гIадан лъазе бокьарас.

Цойгиги фиркъат[3] буго гьал гIадамазда жаниб
Жидер тIарикъаталде тIубан игIтикъат[4] бугеб,
Устарги хIакъ гьавулел, гьесде инкарги гьечIел,
АскIор ун вирд босизе нафсалъ жал нахъе чIварал.

БажаричIого хутIун хIакъикье ккелелилан
ХIинкъи рекIелъе тIамун шайтIаналъ жал гуккарал.
Радалгин бакъанида къойил вирдал гьаруни,
Дунялалъул магIишат гIодобго речIчIилилан.

Дазу-гIорхъиго гьечIел гIадатал гьарулаго
Гьал рикIкIун кьурал къоял лъугIунго инагури.
Инсанасул гIумруги цо гурони гьечIелъул
ГьадигIанго тох чIейи тамашаяб жо буго.

Хур бекьиялъул бицун цо гIадамал кIалъайла,
Цояс гьеб нахъе чIвала дихъа лъугьунарилан.
Лъугьухъе гьабилилан, гьелъ зарал ккеларилан
Цойгияс гьеб бекьила, гьаби камиллъиларо.

---

[1] МаслихIатал
[2] Хал
[3] Къокъа
[4] РекIел чIей

Кинабго ишалдасан тIаса бищун цойгияс,
ТIолабго жо рехун тун, хур бекьун чIар бахъила.
Хаслихъе балагьила лъабавго гьудуласухъ,
Гьез цогъронибе балеб хурул хIалбахъиналъухъ.

Хъулухъ лъикI гьабурасул гьор тIощалица цIела,
Гьабурабщинаб гъийин рахIаталде сверила.
Гьабизе квер щвечIевги хурухъанлъун вукIина,
Хайирго ккечIониги чIарниги камиларо.

ЧIового хутIарав чи — хурго бекьичIев ккана,
Хайирго щвечIев пакъир — хIинкъун чIарав лъугьана.
Ракьулъе рехараб мугь тIищайчIого хутIичIо,
ТIаде баккун хадубги хайир кьечIого течIо.

Талкъин[1] гьабун устарас ракIалде зикру кьейги
Ракьулъе мугь рехиги — цохIо гIадаб жо буго.
Жиндир бажариялда бараб натижат[2] буго,
Тавфикъ кьурас босулеб РахIманасул цIоб буго.

РекIелъ бекьараб зикру тIищайчIого чIеларо,
ТIагьал халифаясул[3] баркатги камиларо.
БекьичIеб мугьалдасан тIор бижун бихьиларо,
ТIарикъатго босичIев нахъа цIакъ пашманлъила.

Хур бекьаразда гьоркъоб гIахьаллъи гьабуниги,
Гьелъий хъулухъ гьабизе гьунар дилъги батичIо.
Гьидаят[4] тIалаб гьабун устарасде аниги,
Адабалда хьвадизе дунги гIажизлъун ккана.

---

[1] Малъун
[2] ХIасил кьей
[3] Устарасул
[4] ВитIун ккей

**Амма бищун кIвар бугеб кIудияб амру буго**
**Устар валагьизе лъай, гьесул хIакъикъат бичIчIи,**
**ЛакъитIу тIарикъилан[1] тIахьазда цIар абулев**
**Изну гьечIев шайихас гуккизе вукIунгутIи.**

**Яги тIарикъаталъул макъамалго къотIичIев**
**КъутIагIу[2] тIарикъалгун дандчIвазе вукIунгутIи,**
**АтIиббаал[3] рихьичIев, эзул гIилму цIаличIев,**
**ЦIар тохтурин бугесул дараби гьекъонгутIи.**

**Давла балагьулаян гIажалалде тIаде ккун,**
**ГIадада хвеялдасан, Аллагь, Дуца цIунаги!**
**Дуй гIибадат гьабизе гьунар бокьаралщинал**
**Муршидзабигун[4] дандчIван Дур хIазраталде[5] щваги!**

**Шайихзабазухъ бугеб ТIарикъгун дагIбадулел,**
**Дибирзабазухъ бугеб шаригIатги толарел,**
**Ширару уммати[6] ян Аварагас (с.гI.с.) абурал**
**Агьлу ддагIваялдаса дуцаго цIуне, РрахIман!**

**Муташайихуназул[7] шабакаталъув[8] ккарав**
**ШайтIаналъ гьалаг гьави агьлул хIакъаз[9] бицуна,**
**Гьез манлъарал азкарал[10] зулматаллъунги[11] сверун,**
**Занадикъаллъун[12] лъугьун гьаваялъ квегъулилан.**

---

[1] ГIодобе рехараб лъимер
[2] Хъачагъалгун
[3] Тохтирзаби
[4] Устарзабигун
[5] Аллагьасде гIагарде
[6] Дир умматалъул квешал
[7] Гьереси шайихзабазул
[8] Гудракье (гьиналде)
[9] ХIакъаб агьлуялъ
[10] Зикраби
[11] БецIлъабилъунги
[12] Къосараллъун

Гьанже халгьабун бихье, гьидаят[1] бокьарав чи,
Гьаб кӀвар бугеб бабалъ[2] дуй бицунеб хабаралде.
"Хуласатул адабалъ" баян гьабураб мисал
Босизин тефтералде таржама назму гьабун.

Зикру бугеб, лъай дуда, кӀиго батӀаб навгӀалда[3] –
ТагӀлим, талкъин абулеб эздеги, бичӀчӀа дуда.
ТагӀлимияб абулеб, умумуз лъималазде
Манлъун лъараб, жагьрияб[4] зикругин тасбихӀалде.

Гьаб зикру гьабизеги бокьарасе бегьулеб,
Гьелъул ажру камунги кинго гьев хутӀуларев.
Кинниги гьелъул асар дагь гурони щолареб,
ШайтӀаби рухӀулеб нур гьелъ ракӀалда балареб.

Гьесул мисал босани, бакъалда гӀодов чӀарав,
ГӀажизав унтарав чи хинлъи тӀалаб гьабулев,
Гьев, хӀажатаб бухӀи щун рахӀат босичӀониги,
Бакъул хинлъиялдасан асар камун хутӀичӀев.

Талкъинияб абулеб устарас муридасул
РакӀалде талкъин[5] гьабун манлъараб зикруялде.
Гьеб зикруялъул асар агьлуялда цӀакъ лъала,
Элъ ракӀал чӀаго гьари гьечӀо балъгояб амру.

Гьав муридасул мисал, бакъалда эхетарав,
Хассаб бухӀи тӀад цӀалеб цӀералда нахъа чӀарав,

---

[1] ВитӀун ккей
[2] Рагьуялъ (бутӀаялъ)
[3] Тайпаялда
[4] ТӀатараб
[5] Рехун

ЦIикIкIараб хIарарат[1] щун, бухIи лугбалъе бортун
Унти ин мурад бугев тIалибасда[2] релълъуна.

Бакъалъул бухIи цIайзе цIералъул мисалалда,
ВаситIа[3] вуго устар Расуласул файзалъе[4].
РекIелъе зикраби тIун, зулматал нахъе росун,
Нафсуль аммарат[5] чIвалеб хвалчен буго таважжугь[6].

Муташайихас[7] кьолеб зикруялъулъ нур гьечIо,
Гьес манлъараб вирд гьабун макъсудалде щвеларо.
ШайтIангун данде чIвайи — гьевгун данделъи буго,
Гьалдаса кIудаб хусран[8] базаралъулъ ккеларо.

Бакъалда цебе чIараб къедалда гьев релълъуна,
Гьелъул рагIдукь чIарасе бакъул асар щоларо.
Илагьиял анварал гьев гьоркьов ккун къотIула,
Талкъин-тагIлималдаса махIрумавлъун хутIула.

Бакъалда гIодов чIарав хинлъи камун хутIичIо,
Хасаб цIер гьоркьоб ккурас цIакъго пайда босана,
Къедалде нахъе ккарав махIрумавлъун хутIана,
Хинлъи-нуралъул асар эсул берда бихьичIо.

Устар кодов щварасе щвана кIудияб рохел,
Шулияб рукнуялда квер бана гьев муридас.

---

[1] БухIи
[2] ТIалаб гьабулев чи
[3] Гьоркьохъан
[4] Аллагь лъаялъул нуралъе
[5] Квешалдалъун цIакъ амру гьабулеб
[6] Устарасул ракIалде ракI битIизаби
[7] Гьереси шайихас
[8] Дармилъ къей

Машаихзабадалъул тавассул[1] тIалаб гьабун,
ТIагьал машрабалдаса[2] щвана эсие бутIа.

Иршад[3] тIалаб гьечIесул, гьабунщинаб гIибадат
ГIужбу-рияъ гъорлъ жубан гъараялъе батула,
Гъибат-бугьтан, мацI-кIалалъ цIаялъ цIул гIадин бухIун,
МахIшаралде вахъиндал чIовоголъун хутIула.

ЛакъитIу тIарикъалги[4] эзул муридзабиги
Марадатаз[5] квербакъун кашфуялде руссана.
Саликинал[6] къокъулеб Къадирасде унеб нух
Къосун, хIетIеги тарун танкан гIодор речIчIула.

ГIафву кIудияв Аллагь, гурхIа Мун дир хIалалда,
ХIаяъ[7] бахъун кIалъараб кIалдиб бугеб мацIалда!
ЦIуне, Аллагь, дир кверал квешаб хъвайиялдаса,
Бахъе, Аллагь, рекIелъа Мун лъай гуребщинаб жо!

МукIурав вуго, Аллагь, дун дирго гIайибалъе,
ГIузру гьечIо, БетIергьан, Дуда цебе бачине.
Нечон вуго дун, Аллагь, Дур РахIму-цIобалдаса,
ХIинкъун вуго, БетIергьан, Дур истидражалдаса[8].

Гьазул бицун кIалъазе регIарав лагъ дун гуро,
Дирго жагьиллъи бергьун борчIун ккана чIолохъжо.

---

[1] Кумек
[2] Гьекъолеб жоялдаса
[3] Устарас тIовитIи
[4] Гьереси шайихзаби
[5] ШайтIабаз
[6] Муридзаби
[7] Нич
[8] Макруялдаса

**ЧIаго хварав диени гIайиб буго кIалъазе,**
**ГIамал гьечIеб черхалъул ургъалида чIечIого.**

**Аллагь, Мун тIаса лъугьа тIолго хатIаялдаса**
**Халкъалъулго хирияв Дур ХIабибасе гIоло!**
**ХIакъаб лъаялъ Мун лъарал лагъзадерида гьоркьов**
**Гьаве дунги, БетIергьан, гьеб Дурго фазлулъидал[1]!**

**Я дир мунагьаздаса гъуфран[2] кIудияв, Аллагь,**
**АхIи буго Дудехун Дур загIипав гIабдасул[3],**
**ГIисян, фискъу, ширк, нифакъ[4] рекIелъа нахъе босун,**
**Рияъ-сумгIаталдаса[5] вацIцIадавлъун гьавеян!**

**Я дир гIамалалдаса рахIматалде хьул лъолев,**
**РахIман, Дуде гьарула гьидаят[6] хIасул гьабе!**
**ХIавлу къуввват[7] кодосев, я Къавиййун, я ГIазиз[8],**
**Къабул гьабун те тавбу такъсир ккарав лагъасул!**

**Я халкъалъул хьул лъолев, хазаиназул Малик[9],**
**Мун гурев Вагьгьаб[10] гьечIин, чIобого кье гьарараб!**
**Гьарейилан манлъарав махлукъаталъул Раззакъ[11],**
**Ризкъилъун гьабе нижей ХIабибасул шафагIат!**

---

**[1] ЦIоб гурхIел**
**[2] Мунагьал чури**
**[3] Лагъасул**
**[4] ГIасилъи, пасикълъи, ширк, мунапикълъи**
**[5] Рихьдаегун рагIизабизе гьабиялдаса**
**[6] ТIовитIи**
**[7] Гуч**
**[8] Я Къуватав, Бергьарав**
**[9] Ханзабазул хан**
**[10] ЧIобого кинабго жо кьолев**
**[11] Халкъалъе ризкъи кьолев**

**Я Мужиба ддагIавати истажиб дугIаана[1]
Я РахIимал музнибин[2], чуре нижер мунагьал,
Я Мукъилал гIасарат[3], рацIцIе нижер хатIаби
Я Гьадиял музиллин[4], кантIизаре хIакъалде!**

**Я Мусаббибал асбаб[5], рекъезаре сабабал
Я Мукъалибал къулуб[6], цIуне ракIазулъ иман,
Я БагIисал анбияъ, игьдина билмуршидин[7]
Я МуфаттихIал абваб[8], рагье цIобалъул гъапу!**

**Я БаситIал ядайни[9], бичай нижее рахIмат
Я СахIибал мавагьиб[10], гьаре бечед Мун лъаялъ,
Я РафигIа ддаражат[11], щвезаре макъамалде
Я Валиял авлияъ[12], раче дур хIазраталде[13]!**

**Я Рабби салли гIала[14] халкъалъул Хириясда,
Хадуб агьлул байталда асхIабзабигун цадахъ,**

---

[1] Я, дугIаялъе жаваб гьабулев, Аллагь, Дуца нижер дугIаялъе жаваб гьабе
[2] Мунагь гьабуразда гурхIулев
[3] ХатIалъабазда тIаса лъугьунев
[4] Я къосарал гIадамал ритIун ккезарулев
[5] Я сабабал рекъезарулев
[6] Я ракIал сверизарулев
[7] Я Аварагзаби ритIарав Аллагь дуца ниж муршидзабаздалъун ритIун ккезаре
[8] Я рагьаби рагьулев
[9] Я гIатиго кьолев
[10] Я кIудиял сайгъатазул бетIергьан
[11] Я даражаби тIадегIанав
[12] Я ханзабазулги хан
[13] Дуде аскIоре
[14] Я Рабби дуца салат лъе

Цинги халафуназда[1], хадуб салафуназда[2],
Хасго ниж тIоритIулел нижер устарзабазда!

Аминь я раббал гIаламин, алхIамду лиллагьи гIала
тавфикъ ваастагъфиру ллагь мин кулли такъсир

****************************************************************
***********************************************
*****************************
*****

# Шазилияб тIарикъаталъул силсила КIудияб кIвар цIикIкIараб назму

АлхIамду Дуе, Аллагь, исламалда ратидал,
Астагъфируллагь, нижер тIолго мунагьаздаса.
Свалат дуде, Авараг, иманалде ахIарав,
Аманат дуде, ХIабиб, дур умматлъун ругелъул.

Гьелда хадуб гьабизин гьитIинабго цо кIалъай
КIудиял нигIматазул хабар жинца бицунеб.
Халгьабея, гIадамал, нужедаго рагIизе
Назмуялда ахIулеб хIакъаб силсилаталъул[3] .

---

[1] Хаду рачIаразда
[2] Цере аразда
[3] Устарзабазул рахас

ХIираалъул нохъода нилъер Аварагасе
Аминуллагь Жибрилас таважжугь гьабунила.
Таважжугьалъул магIна – чIагояб ракIалдасан
РакIалде жазбат рехун зулматал[1] нахъе роси.

Расулуллагь савралде[2] Сиддикъгун[3] цадахъ щведал,
Сидкъуялъул[4] гIаламат гьенибги загьирлъидал,
Гьаб рехсараб Таважжугь, талкъин[5] гьабун зикругун
Гьабунила ТIагьаяс Сиддикъасул ракIалде.

СахIабуль фуюзати раисуль маламият
Вагьува хайруль башар багIда куллиль анбияъ[6].
Абубакар АсхIабас тIоцебе кьучI тIамураб
Бищун хирияб тIарикъ Накъшубандияб буго.

Дун Аллагьасде щвезе бищун бигьаяб тIарикъ
ТIагьаясде малъеян ГIалица гьаранила.
ГьебсагIаталъ Жабраил вахIю босун щванила,
ФагIлам аннагьу, - абун аятги цIаланила.

Аминуллагьгун[7] ТIагьа цоцаде руссанила,
МурабагIалда къугIуд[8] кIиясго гьабунила,
"Ла илагьа илла ллагь" ракIалде талкъин[9] гьабун
ГIалиде манлъейилан кIалъайги гьабунила.

---

[1] БецIлъаби
[2] Нохъоялде бугеб цIар
[3] Абубакар асхIабгун
[4] РитIухълъиялъул
[5] Малъи
[6] Пайизал чвахулеб накIкI тIарикъаталъул бетIер аварагзабазда хадув бищун хирияв Абубакар асхIаб
[7] ЖабрагIил малаик
[8] Какилъ гIадин гIодор чIей
[9] Малъи

Гьеб гьариялда рекъон ракIалде талкъин гьабун,
Расулас нафью-исбат[1] ГIалиде манлъанила.
Дун — даруль хIикматилан[2] ГIали — бабугьуйилан[3],
Гьеб цIар жинде ахIарав бахIру[4] гьев вукIанила.

Гьаб тIарикъаталъулъги тIокIаб хиралъи бугин
ТIахьаз бицен гьабулеб машгьураб хабар буго,
Шазилияб абураб нисбатгиалде[5] буго,
Асадуллагь[6] ГIалица кьучI тIамун байбихьараб.

ТIолалго тIарикъатал гьазул фуругIал[7] руго,
Гьаб кIиябго тIарикъат — аслу тIтIараикъ[8] буго.
РахIманасул гIавнуги[9] гьалгун цадахъ бугилан
Берцинаб хабар буго "ЖамигIул усулалда"[10].

АсхIабзабазда гъорлъан Абубакаргун ГIалил —
БатIинияб халафат[11] халкъалъе рохеллъана.
Хиралъиялъулъ тIокIаб кIиябго тIарикъалъул
ТIокIкIараб файзалъул[12] гIор гIаламалде чвахана.

Хирияв Аварагас асхIабзабазде аби
Садду гIанни кулла хухатин фи гьазаль масжид

---

[1] "Ла илагьа илла ллагь" абураб калима
[2] ХIикматазул рукъ
[3] Гьелъул каву
[4] Ралъад
[5] ГIунтIизаби (цIар)
[6] Аллагьасул гъалбацI
[7] ГIаркьелал
[8] ТIарикъатазул аслу
[9] Квербакъи (кумек)
[10] ТIехьалда цIар
[11] РухIанияб халифалъи
[12] Нуралъул (Аллагь лъаялъул)

Гъайра хухати Аби Бакрин[1] — гьалъул ишара —
БатIинияб[2] халафат гьесда къарарлъи[3] буго.

Гьединго ХIайдарил баб[4] ХIабибас рагьун теян
АсхIабзабазде аби — хIадисалъ бицун буго,
Сададта абвабана я Расула ллагьилан[5]
СахIабатаз абидал абунила ТIагьаяс.

Ма ана сададтугьа — дун гьел къаравлъун гьечIо,
Лакинна ллагьа саддагьа — гьел Аллагьас къана,
Агьлуль хIакъикъатазе[6] гьалдалъун далиль чIана,
Гьав кIиявго Халифа магIнавияв ккеялъе.

ГIалил беразул канлъи, Загьраил черхалъул рухI
ХIасан — сибтIу Ннабиййи[7] инсул бакIалда чIана.
Абу МухIаммад Жабир, СагIидгун ФатхIуссугIуд
Саликинал[8] къачIалел акътIабал[9] лъун рукIана.

СагIду СагIидгун АхIмад, ээда хадув Ибрагьим
Аллагьасул гIинаят[10] элгун цадахъ букIана.
Зайнуддингун Шамсуддин, шамсуль гьидаятлъана[11],
Тажуддингун Нуруддин — нуруль караматлъана.

---

[1] Нужоца щивас мажгиталда жанибехун бугеб жинди-жиндир кIалтIу къай цохIого цо Абубакар асхIабасул кIалтIу хутIизегIан. Гьеб рагьухъе те

[2] РухIанияб халифалъи

[3] ЧIейи

[4] ГIали асхIабасул кIалтIу

[5] Дуца ниж киназулго кIалтIуби къана гури, я Аллагьасул Расул

[6] ХIакъаб агьлуялъе

[7] Аварагасул ясалъул вас

[8] Муридзаби

[9] КъутIбуял

[10] Аллагьасул квербакъи

[11] БитIараб нух бихьизабулеб бакъ

Фахруддин Тукъаюддин — давауль къулублъана[1],
Къасаватал[2] гъуризе гъалбацІал гІадин чІана.
ГІабдуррахІман хІамидуль манакъиби[3] вукІана,
Мункиринал[4] хІинкъулев хІайдар[5] гІадин хьвадана.

ГІабдусалам муршидун ила тІарикъил хІакъкъи[6]
Устазу[7] Абиль ХІасан авалалда вукІана.
Амма хадув Шазили — анцІго бахІруялдасан[8]
ХІал хьезегІан гьекъарав къутІбуль авлияъ[9] вуго.

Эл абхІуразул[10] щуго самавияб[11] букІана –
РухІ, Жабраиль, Микаиль, Исрапилгун ГІизраиль,
Арзияб[12] щуго бахІру[13] Шазилияс гьекъараб
Ункъавго халифагун хадув Авараг вуго (с.гІ.в.с.).

Расуласул тІулалъул кесеклъунги гьев вуго,
Гьесде гьарун ахІи бай — АхІмадиде бай ккола.
Уммат хвасар гьабизе сафинатги[14] гьев вуго,
Гьесул тІарикъ хІалтІарав ТІагьагун гьалмагълъула.

Гьидаят[15] бокьарасе — мифтахІуль фалахІ[16] вуго,
ФатІимату Загьраил ясбералъул нур вуго,

---

[1] РакІазул дарман
[2] РакІазул бицалъи (хъачІлъи)
[3] Даража рецарав (кІудияв)
[4] ИнкарчагІи
[5] ГъалбацІ
[6] ТІарикъаталде халкъ тІобитІулев
[7] Устар
[8] Ралъадалдасан
[9] Вализабазул къутІбу (кІудияв)
[10] Ралъадазул
[11] Зобалазул
[12] Ракьалъул
[13] Ралъад
[14] Гама
[15] ВитІун ккезе
[16] ТалихІалъул кІул

Гьуваль бахIру ллази ла юхIитIу бигьи[1], - абун,
Абумадян кIалъарав кIудияв ралъад вуго.

Ман — щив чи вугониги арада — жиндий бокьун
ГIизза ддарайни дунял — ахираталъул рохел
(ТIадегIанлъи, кIодолъи)
Фальядхуль — лъугьа абе фи мазгьабина гьаза —
Гьев гьаб нижер нухаве явмайни — кIиго къоялъ.

КIалъан вугин Шазили — щун бугин нилъей рохел,
Шаклъи ккарав валагье "ЖамигIуль усулалде"[2].
АхIи бугин тIамулеб ТIагьал нухде рачIаян,
ТIупан бугин чвахулеб, раха нуж гамаялде.

Жегиги АбулхIасан кIалъан вугин, халгьабе,
Ман лам ятагъалгъал фи гIилмина гьаза, - абун —
Гьаб нижер гIелмуялде нух бахун гали лъечIев
Мата — гьев чи холила мусирран — даимавлъун
ГIалаль кабаири ва гьува ла яшгIуру —
ЧIахIиял мунагьазда жиндаго лъай гьечIого.

Жагьлуль муракабалъа[3] мунго ватIалъун ккезе
Ккве Шазилил тIарикъат, гIакълу бугев мукалаф[4].
ГIаман абун цIар бугеб, Африкалъул ракьалда,
АбулхIасан гьавураб гьитIинаб росо буго.
Шунусгоялда хадуб лъебералда ичIго сон
Миналь гьижрати[5] индал эсул мавлид[6] ккун буго.

---

[1] Жинда сверун лъугьизе хIал кIолареб ралъад гьев вугоян
[2] ТIехьалда цIар
[3] КIигъатаб лъавукълъи
[4] Балугъав гIакъилав инсан
[5] Гьижрияб тарихалда
[6] Гьавун вуго

Азарабго черхалъул, халатаб къавматалъул[1],
Хафифуль гІаризайни надалда каблъи бугев
(ай цебеса бетІералда рас лъедерав),
ТІавилу асабигІил ядайни кверзул килщал,
Халатав, ролъул кьерав хІижазияв[2] кинниги.

КІалдиб мацІ пасахІатав, калам жиндир гьуинав
Гьадинав вукІанилан бицун буго тІехьалда.
ТІарикъаталъул имам акътІабазул кІудияв,
Агьлуялъе нур кьолев гвангъараб чирахъ гІадав.

Гьесул караматазул кутакаб бицен буго,
Киналго кагътида хъван дихъа бажаруларо.
Баркаталъе букІине бицинин дагьаб къадар
ИгІтикъадгун гІинтІаме, тІолго диналъул ваццал.

Шазилияс абуна:
Я Ррабби — дир БетІергьан, лима — щай, саммайтани —
Дуца дида цІар тараб бищазили-ялдалъун,
Ва ласту бишазили — дунги гьечІев хІалалъулъ
Шазилиялдасаян дица кІалъай гьабидал.

Факъила — абуна ли — дидехун БетІергьанас,
Ма самайтука — Дица дуде гьеб цІар лъечІила,
Иннама анта Шазза ли мун Диде вуссана,
Ай халкъалдаса тІурун тІокІлъана дур Дий хидмат[3].

Халкъалдаса ватІалъун Шаззали ян Аллагьас
АхІараб цІаралдалъун лъураб буго Шаззили.

---

[1] Къаркъалаялъул
[2] ГІарабияв (хІижазалъул)
[3] Хъулухъ

Шугьрат[1] гьадин кканиги АбулхIасан гьавураб
ГьитIинаб росуялъул цIар цебе бицун ана.

Шазилияс абуна:
Лавла - бан гуребани лижаму шаригIати
ГIала лисани - дир мацIалда шаргIалъ чIолохъжо
Лаахбартукум - дица нужей бицун телаан
Бима - гьеб кинабго якуну - букIинесеб.

Фигъадин ва багIда гъадин - щибаб цо-цо къоялъулъ
Ила явмиль къиямати - къиямасеб къо щвейгIан
АкътIабаз[2] Аллагьасул асрарал[3] балъго тола,
Аманатлъун кьуралъе хиянат гьабуларо.

Шазилияс абуна:
ЛахIзаталъги Авараг цевеса ун тун хадув
Умматалда гъорлъа дун дица рикIкIинароан.
Имамлъун Расул гьавун, гьесда хадур какал ран,
Кидаго сухIбаталда[4] жив вукIин бицун буго.

Ашрафуль хулафаи[5] Абуль ГIабасил Мурси
Аварaггун ижтимагI[6] даимав ГIимадуддин[7]
Тажуддин Бину ГIатIаилагь ГIали ниссбати[8]
Умматалда гурхIулел рухIамаал[9] рукIана.

---

[1] Машгьурлъи
[2] КъутIбабаз (кIудиял вализабаз)
[3] Балъголъаби
[4] Гьалмагълъиялда
[5] Халифаязул бищун хирияв
[6] Данделъи
[7] Диналъул хIуби
[8] ЦIар (тIарикъат) тIадегIанав
[9] ГурхIулел

Фадавудуль Бахили МухIаммад БахIрусафа
Садикъиназул[1] мухъилъ маржанал гIадин ххуна.
ГIалию Ибнуль Вафа хадув Сайййиди ЯхIя
Садатазул[2] мухъилъ чIун, гьудатуль уммат[3] лъана.

Абуль ГIабаси АхIмад сумма[4] АхIмаду Зарукъ
Мунагьаз унтаразе тохтирзаби рукIана.
Абу Салим Ибрагьим, цинги ГIали Ссунгьажи
Судуразде[5] бакъ щварал мурщидзаби лъугьана.

ГIабдуррахIманил Мажзуб хадув Юсуфуль Фаси
Фискъу нифакъ[6] чуризе чвахулеб дарулъана.
ЛъикIлъаби кодор, росун квешлъаби гIодор тезе.
Тавфикъалъе васитIа[7] ГIабдуррахIман вукIана.

ГIужбу рияалдасан[8] гIамал бацIцIад гьабизе
ГIаламалъе сабаблъун Сайййиди МухIаммадгун
Сайййиди Къасим, хадув Абуль ГIаббаси АхIмад
Иргаялда рачIана рехсараб тартибалда.

Тавбатул ннасухIалде[9] музнибинал[10] ахIулел
Сайййидил ГIарабигун Абуль ХIасани ГIали,
Мавлаял ГIарабигун сумма МухIаммад Финжир
ХIабибасул хириял хулафаал рукIана.

---

[1] ЦIакъго цIакъ камилал вализаби
[2] КIудиял чагIазул
[3] Уммат тIобитIулел
[4] Цинги
[5] Курмузде
[6] Пасикълъи,мунапикълъи
[7] Гьоркьохъан
[8] КIодого бихьи,рихьдае гIоло жо гьаби
[9] БацIцIадаб тавбуялде
[10] Мунагь ккарал

**Хадув ХIабибу РрахIман, МухIаммад ГIали Загьир**
**РухIаниял умумул адабалъе хIакълъана.**
**ХIакъикъаталъул ралъад МухIаммад СалихIиде**
**Силсилаталъул[1] бачIин гьаздасан загьирлъана.**

**Гьаб рехсараб куцалда камилаб шаънуялъул[2]**
**Шазилиял акътIабаз икълималда[3] нур бана.**
**Аллагьасул гIинаят[4] цадахъ бугеб тIарикъат**
**ТIегьазе байбихьана болжал тIаде гIунтIидал.**

**Жиндир фазлуялдалъун[5] Халикъ нилъеда гурхIун,**
**ХIикматазул ралъдалъан жавгьар загьир гьабуна.**
**Гьидаяталъул[6] гъапу нилъей рагьи бокьидал**
**БитIараб нух манлъизе Хулафаал[7] ритIана**

**ТIагьаясул суннат кквей умматалда тIалъидал**
**Элде рачунев далиль[8] Дагъистаналъе кьуна,**
**Диналъулъ ихлас[9] букIин иманалъе шартIлъидал**
**Ихлас камил гьабизе кумалал[10] чIезаруна.**

**Карбилаалъул шагьид ХIусайнил наслуялъул**
**Сайфулагьиль багьирий[11] баркана халифалъи.**
**Хирияб умматалъе иршад[12] хIажат бугилан**
**МухIаммад СалихIица гьавун тана маъзунлъун[13]**

---

**[1] Устарзабазул рахасалъул**
**[2] ХIалалъул**
**[3] Улкаялда**
**[4] Аллагьасул квер бакъи**
**[5] ЦIобалъул**
**[6] БитIараб нухалда тIоритIи**
**[7] Халифаби (устарзаби)**
**[8] Нух бихьизабулев чи**
**[9] РацIцIалъи (Аллагьасе гIололъун гIамал гьаби)**
**[10] Камилал чагIи**
**[11] Гьайбатав**
**[12] ТIоритIи (нух малъи)**
**[13] Изну кьуравлъун**

Машааллагь РахIманас эсий кьун бугеб тавфикъ,
ТалихI гьечIеб къавмалда лъан гьечIеб эсул къимат,
Расулуллагьас гьесул гьабун тун бугеб хIурмат,
Тохлъун гIумру аразе эб баянлъун гьечIеб куц.

ЧIобогояб къолонир жаргъулел цIулакьабаз
ГьоцIо тIолел наязул тIатине течIо зузуй,
ТIад бараб полопалъулъ паналъарал чиязда
Ралъдал тIинда бижараб жавгьар лъайзе кIвечIо хIал.

Жаниб магIдан сукIараб багIармеседил гъамас
Беразда хIижаб[1] лъугьун гIавамазда бихьичIо.
ГIилму лладун[2] чвахулеб гъваридаб бахIруялде[3]
Гъафлаталъ ракIал беццлъун гIалимзаби кантIичIо.

Камилав къутIбуясул къадру гьабизе лъалев
Ункъго гIадан вукIана икълималъул[4] ракьалда,
Эсул макъам бичIчIулев чи тIокIав вукIинчIилан
КIалъай буго гьабулеб гьаб тIарикъат агьлуялъ.

Гьесул камиллъи лъайзе, карамат баянлъизе
Табаррук макъсуд[5] гьабун гьал хадур ругел байтал[6],
Гьев ракьалдаса индал ХIасан Афандиясул
ТагIзиятлъун[7] гьабураб назмуялъул росана.

Я имамаль авлияъ, я салилаль мустIафа
Факъад кадара бимавтикаль гIайшуль мусаффа

---

[1] Пардав
[2] Ладунияб гIилму (Аллагьас чвахизабулеб гIилму)
[3] Ралъад
[4] Улкаялъул
[5] Баракат щвеялъул мурадалда
[6] Назмуялъул рагIаби
[7] Зигара гьабун

**Ва залат айзан минналь манафигIу жумматан**
**Лам ябкъа филь арзи ман яъвигьи агьлуль вафа.**

**Фая Халид Сайфуллагь халифату Зайниллагь**
**Гьаниан лакаль маъва ва живараль МустIафа**
**Кана фика куллу хулькъин гIазимин расихан**
**Ва гIильмуль батIини валь ахлакъи къад интIава**

**Кафака шарафан я мавлая ва караман**
**Нузулука манзилаль автади вальбудалаъ**
**Кунта тIабибаль марза ва мудавияль къулуб**
**Ва анна ли мислука кунта манбагIаль фуюз.**

**ТIашать гIукъулуль ахIбаб вандагьашатиль къулуб**
**Къубизат минналь ахIваль хIала баинаналь хIужуб**
**Анта суруру рухIи ва рухIу мафасили**
**КанагIайби хафиййан анта кашафтал гIуюб**

**Лав каналь ихтияру лиифдаи рухIика**
**Ламитту бадалака магIаль агьли вальахIбаб**
**Байда анналь къазаа къад фарагьа мингьу ллагь**
**Лам янжуль вара мин дафнигьим фи батIни ттураб**

**Ва анта бизгIу расулиллагьи шафиль анам**
**Факам фахIшин зугьиба гIаниль къалби иза гъан**
**Ва лам ягIрифиль вара гIулувва макъамика**
**Факайфа ягIрифу ман филь фарши къутIбал аван**

**Ва къад кунта мастуран гIаниль халкъи махIжубан**
**Ва мин шаъниль къутIби ссатру ва гьува фи**
**Ллагьи  фан магIрифатуль авлияъ асгIабу лигъайригьим**
**Ва гьум тахIта хIжубиль къубаби янзилугьум**

**Ва лиза лам ягIрифиль аксаруна къадрагъу**
**Лиза анкару вагIтаразу бижагьлигьим**
**Ва ашкуру ллагьа хIайсу манна бифазлигьи**
**ГIалаййа биль игIтикъади ттамии фи шайхигьи**[1]

---

[1] ХIасан устарасул назмуялъул хIасилаб магIна: Я вализабазул имам, аварагасул наслу, мун хвей сабаблъиялдалъун роцIараб гIумру хIабургъана. Нижее кIуди-кIудиял пайдаби камуна. КъотIи тIубалеб камилаб агьлул салам буссунев чи ракьалдаги хутIичIо. Я халиду Сайфуллагь, Зайнуллагьил халифа, барка дуе алжанги, аварагасул мадугьаллъиги, дулъ кинабниги кIудияб берцинаб тIабигIат щулалъун букIана. Балъгояб гIилмуги берцинал тIабигIаталги дуда жанир сукIунги рукIана. Я дир кIудияв, дур хиралъи - кIодолъиялъе лъазе гIураб жо буго автадазулги будалаазулги даражалде мун рештIин. Мун вукIана унтаразе тохтир, ракIазе дарман гьабулев чи. Мун гIадав файзалъул ищц дие кисанха щолеб. Рокьи ккаразул гIакълаби риха-хочана, ракIалги хIайранлъана, нижер лъикIал хIалалги тIаса ана, нижеде гьоркьоре пардавалги рачIана. Мун дир рухIалъул рохеллъунги дир лъималазул рухIлъунги вукIана. Дир гIайибал дидаса балъго рукIана, дуца гьел тIатинаруна. Дур рухI хвасар гьабизе нижехъ ихтияр букIараб ани, дуда цевеса дунги, дир агьлуги, дир лъималги хвезе хIадурал рукIана. Кинги Аллагьасул хIукму гьабун тIубараб жо буго, ракьул чохьонир рукъичIого халкъалъе хвасарлъизе бакIги гьечIо. Мунги Аллагьасул Расуласул чорхол кесекги, халкъалъего дару гьабулевги чи вукIана. Чанха чIегIерлъараб ракIаздаса дуца чороклъи тIаса инзе гьабураб. Халкъалда лъачIо дур макъамалъул тIадегIанлъи. Кинха лъазеги рес бугеб ракIалда ругезда заманалъул къутIбуясул къадру. Мун вукIана балъгоявлъун, халкъалдаса вахчаравлъун. КъутIбуясул ишго Аллагьасулъги паналъун халкъалдаса вахчун вукIин бугелъул. Вализаби лъай вализабилъун гьечIел гIадамазда бищун захIматаб ишлъун ккола. Гьел Аллагьасул чатразухъ гIадамаздаса балъго рештIизарун рукIунелъул. Гьелъие гIоло гурищ гIемерисездаги гьесул къадру лъачIеб. Гьелъие гIоло гурищ жудор жагьиллъиялъ гьесдехун инкарги ккураб, дандечIейги гьабураб. Дицани Аллагьасе щукру гьабула, гьес дие цIоб гьабидал дирго устарасде камилаб ракIчIей дилъ бижизабиялдалъун.

**Рисалатал**[2] **камилав курамаазул Сайййид**[3]
**Пирдавсалде унилан аман ниж рехун тоге**

---

[2] Хъварал тIахьал
[3] Хириял чагIазул кIудияв

**Мактубатал[1] берцинав икълималъул[2] хазина**
**Хвалил лълъар гьекъанилан къотIизе тоге балай**

**Къавлаби[3] жавгьарулав гьадиййаталъул сахIиб[4]**
**ХIижаб[5] гьоркъоб ккунилан квер тIаса босун тоге**
**"Канзуль магIарифалъул"[6] гьунар тIокIав Мусанниф[7]**
**ТIаса лъугьун те нижер тIакъсир хIакъал пишаби**

**ВакъигIатал[8] гIемерав гIарифуназул[9] имам**
**Адаб тун кIалъарав дир къабул гьабун те гIузру,**
**Макъамал тIадегIанав тIарикъатазул магIдан[10]**
**ТIокIаб гьунар гьечIилан чIваге мадаихIал[11] нахъ.**

**Мун нахъе тун веццизе икълималда[12] чи гьечIин?**
**Чучизе те дир керен кагътиде КъутIбуль аван[13]**
**Авлияал[14] рехсолел сухIбат[15] дие бокьулин**
**Кьун те изну увайси[16] сайру[17] баян гьабизе.**

**Садатазул[18] бицине рекIел гIишкъу букIунин,**
**ГIемер гаргадунилан диде гIайиб рехуге.**

---

**[1] Кагътал**
**[2] Улкаялъул**
**[3] РагIаби**
**[4] Сайгъаталъул БетIергьан**
**[5] Пардав**
**[6] ТIехьалда цIар**
**[7] ТIехь хъварав чи**
**[8] Лъугьа бахъинал**
**[9] Аллагь лъалел чагIазул**
**[10] Иццц**
**[11] Вецун хъварал назмаби**
**[12] Улкаялда**
**[13] Гьаб заманаялъул къутIбу**
**[14] Вализаби**
**[15] Гьудуллъи**
**[16] РухIанияб тарбияталъ вализабаз хьихьарав чи**
**[17] ГIумру (автобиография)**
**[18] КIудиял чагIазул**

**Хулафаазул калам каранзуй дарулъидал**
**Дарманалде лъураб дир хьул махIрум гьабун тоге.**

**ГIулумал[1] жанир сукIун садру[2] гIатIилъун хадуб**
**Сайфуллагь Къадиясул къасд ккана сулукалде[3].**
**Камалаталде[4] щвезе, мушагьадат[5] хIакълъизе**
**Муршид[6] кквей тIадаб букIин тIад гьабуна гIилмуялъ.**

**МахIмуд Афандиясул хулафаазул[7] цояв**
**Хасбулатил Костеки Накъшубандияв муршид,**
**МахIаббат рокьиялда кIиявго дандчIван хадуб**
**Халид Сайфуллагьица сирру[8] загьир гьабуна.**

**Гьесул мурад бичIчIидал, хIукму къадарги лъайдал,**
**Дидасан дуй тарбийят гьечIилан жаваб кьуна.**
**Бокьун букIана дийги дирго васлъун мун гьави,**
**ГьечIин хIукму, Сайфуллагь, сабру гьабе дагьалъги.**

**РизагIука якуну мина шшайхил гIарифи[9]**
**МухIаммад Закирилан такрар гьабуна жаваб,**
**Гьевгун мун данделъизе болжал ихдал бугилан**
**Ишараги гьабуна гьесул ракI хIалхьеялъе.**

**Рохалил цIа рекIана, рекIел гIишкъу бергьана**
**Берал гьев вихьичIого къаншиларилан чIана,**

---

**[1] ГIилмаби**
**[2] Керен**
**[3] ТIарикъаталде лъугьине**
**[4] Камиллъиялде**
**[5] РакIалда Аллагь вихьулеб макъам**
**[6] Устар**
**[7] Изну кьуразул цояв**
**[8] Балъголъи**
**[9] Дуе магIнавияб рахь хахизабулев чи, Аллагь лъалев шайих**

**Къо лъагIеллъун бихьана, лъин, квен рехунго тана,**
**Унти багьанаде ккунункъго моцIалъ вегана.**

**Ихдал сапар бухьине Сайфуллагь къачIадана,**
**Къо лъикI гьабун Хасбулат Афанди живго тана.**
**Абураб гIужалдаса нахъе-цебе ккечIого**
**ЧIвана Халид Сайфулла МухIаммад Закиргун данд.**

**РекIел мурад тIубана ТIагьал Халифа ватун.**
**ТIарикъат байбихьана ракIалде зикру манлъун.**
**СултIану ззикруялда[1] кIикъого къо тIубана,**
**Нафю исбатги[2] манлъун муракъаби хутIана.**

**Халикъасул хIукму щун муршид[3] ракьалде ана,**
**Эбел хун нахъе тарав ятим гIадин хутIана.**
**Хадубги сапар бухьун ИстIамбулалде щвана,**
**Димишкъи ХIалабалда хIал хьезегIан сверана.**

**ХIайранлъун нахъвуссана, сабрун жамиль[4] гьабуна,**
**Жиндир рекIел хIал хьарав шайихгун данделъичIо.**
**Шукру Бичасе гьабун, щваралда гIамал гьабун**
**Гьеб куцалда тIамуна цодагьабго замана.**

**Цингиги устарасул рухIаният бачIана,**
**ЛатIаифазде[5] балан имтихIанал[6] гьаруна.**
**МутIлакъаб[7] изну гьабун, аманат кодобе кьун**
**Увайсиян цIарги лъун рухIани нахъбуссана.**

---

[1] **ТIарикъатазул макъамазул цояб**
[2] ***“Ла Иллагьа Илла Лл агь”*** **абураб калима**
[3] **Устар**
[4] **Берцинаб сабру**
[5] **Инсанасул черхалъул зикруги муракъабиги малъулел хасал бакIал**
[6] **ХIалбихьиял**
[7] **ТIубараб, камилаб**

Садатазул[1] рахъалъан амраби такрарлъана,
АрвахIал[2] тIаде рачIун мазгьаб[3] бихьизабуна,
Зайнуллагь Шарифихъе щваян тIадкъай гьабуна,
Гьев духъ валагьунилан ахIи тIатIала бана.

Амруялда нахъвилълъун сапаралде вахъана,
Сибиралъул ракьалде Аллагьас вачун ана,
Уфаялда гIагарлъухъ Турицкиялде щвана,
Шарифигун данделъун ятимлъи тIаса ана.

ТIолго ЛатIаифазде муракъаби манлъана,
АрбагIиниййат[4] тIубан тIарикъат Тамамлъана[5].
Табаррук Макъсудалда хиркъатун байзаъ[6] ретIун,
Хулафаазда гьоркъоб гьесул макъам бицана.

Берцинаб дугIа гьабун, диналъе тавфикъ гьарун,
Дагъистаналъе къутIбу къачIан хIадур гьавуна.
Нух битIаян квер босун, киназго амин бачун
Кодобе ижаза[7] кьун Сайфуллагь рокъов щвана.

Накъшубанд тIарикъалъулъ ГIакъабатал[8] къотIана,
ГIуля вилаяталъул[9] даиратазде щвана,
Шазилил тIарикъалде рекIел гIишкъу бергьана,
Гьесул хулафаазухъ кIудияб рокьи ккана.

---

[1] КIудиял чагIазул
[2] РухIал
[3] Нух
[4] КIикъого къоялъул халват гьаби
[5] ТIубана
[6] Баракат щвеялъул мурадалда хъахIаб халгIатги ретIизабун
[7] Изнуялъул кагъат
[8] Сангарал
[9] Вилаяталъул бищун тIадегIанал борхалъабазде

**РахIманас къазаъ[1] гьабун къутIбугун данделъана,**
**Къасд ккараб давлаялда Сайфуллагь Маликлъана[2]**
**МухIаммад СалихIица къабулав мурид гьавун,**
**Мурадлъун[3] лъугьун хадув халифалъи[4] баркана.**

**Роода чабхен гьабун чвахун балеб цIад гIадин,**
**ЦIар лъезе хIал кIоларел хIикматаз керен цIуна.**
**Кагътида хъван къалмица къимат лъезе рес гьечIел,**
**Расуласул фуюзаз[5] латIаифал[6] гвангъана.**

**Нуралде тIаде нур тIун рекIел матIу бацIцIана,**
**БетIергьан макьилъ вихьун хIал хьаравлъун лъугьана,**
**ХIабибгун данделъана, НухI, Ибрагьим вихьана,**
**Муса, Гьарун дандчIвана, гьелгун кIалъай гьабуна.**

**Абубакаргун ГIумар, ГIусман, ГIали рихьана,**
**ГIабдуррахIман бину ГIавф, Зубайргун данделъана,**
**Загьраулагь ФатIимат, фа Хадижатун Кубра,**
**Хириял ХIамзат, ГIаббас гьелгунги данделъана.**

**Гьединал ВакъаигIал[7] гIаламул арвахIалда[8]**
**Эсул ккейи бицуна "Сиражу СсагIадаталъ"[9].**
**Садатазул чIахIиял эвгун цадахъ рукIана,**
**Акабирул авлияъ[10] хьолбохъа рагъаричIо.**

---

[1] **ХIукму**
[2] **БетIергьанлъун лъугьана**
[3] **Жив мурадлъун вугев**
[4] **Устарлъи**
[5] **Илагьиял нураз**
[6] **ЛатIаифаби**
[7] **Лъугьабахъинал**
[8] **РухIазул гIаламалда**
[9] **ХIасан Афандияс хъвараб тIехь**
[10] **Бищунго чIахIиял вализаби**

**РухIанияб тарбия Гиланиясул щвана,**
**Шарабалъул аквабал[1] гьесий гьекъезе кьуна,**
**Къадирияб тIарикъат тIубан эсде манлъана,**
**МутIлакъаб[2] изну гьабун Увайсиян[3] цIар тана.**

**Эсий изну гьабурал тIарикъатал рикIкIани,**
**АхIмад ТIараблисида эсул бащалъи ккела.**
**Щибаб цIар лъун рехсезе гьунар дир гIечIониги**
**ГIела хал гьабурасе гьаб хадуб бугеб баян.**

**АлхIажу ГIабдуррахIман – Накъшубандил ГIасави**
**ГIалимзабазда гъорлъа ЗульжанахIайни[4] вуго,**
**Жиндир камалаталъе[5] кумалаз[6] нугIлъи гьабун,**
**Камилав муршидасул исму[7] жиндий хIакълъарав.**

**Жабраил Афандияс тарбият тIубан хадуб**
**ТIолго макъамал манлъун таракъи[8] камиллъидал,**
**ТIокIаб тIадехун макъам лъалев шайих ватани**
**Щва мун эсухъегиян изну кьун тIовитIана.**

**Цинги ЗульжанахIайни[9], ИстIамбулалде щвана,**
**Мужаддадият[10] лъалев шайих тIалаб гьавуна,**
**Жинда манлъаралдаса цIикIкIун макъамал лъалев**
**Маккаялде аниги эсда ватизе кIвечIо.**

---

**[1] Гьекъолеб жоялъул лълъарал**
**[2] ГIаммаб**
**[3] РухIанияб изну щварав чи**
**[4] Загьирабгин балъгояб гIилмуялъул бетIергьан**
**[5] Камиллъиялъе**
**[6] Камилал вализабаз**
**[7] Устарасул цIар**
**[8] Эхеде вахъин**
**[9] ЖабрагIел Афанди**
**[10] ТIарикъаталъул хасаб тIадегIанаб макъам**

Энисан сапар бухьун Мадинаялде ана,
Мужаддадият лъалев  шайих гьенив ватана,
Гьесдасан гьеб хIалтIизе хIукму-къадар батичIо,
Унтун, загIиплъи бачIун, манлъичIого хутIана.

Халгъабея, гIадамал, гьесул камиллъиялъул,
Гьесде шайхас манлъарал макъамал тIокIлъиялъул.
Макка-ХIарамалдаги жиндаса тIадегIанав
ТIокIав муршид ватичIев гьечIищ гIун хIужжаялъе.

ХIисаб гьабе хадубги махлукъаталда гъорлъан
Халикъас бокьарасе кьун толеб гьунаралъул,
Гьев ГIасавиясдаса Сайфуллагь Къадиясда
Къоло цо муракъаби цIикIкIун лъалел рукIана.

Рохел гьабе, ихванал[1] агьлу ттасаввуфалде[2]
ИгIтикъад щула гьабе, щун бугин нилъей давла.
Шукру Бичасе гьабе Сайфуллагь Къадиясул
КъутIбанийййат[3] хIакъ гьаби ризкъилъун нилъей кьедал.

Барка дуй, Сайфуллагь, сайру[4] берцинав къутIбу
Къудраталъул БетIергьан макьилъ вихьун хIалхьейи,
ХIакъкъалде инкар ккурал дур кьерал гIалимзаби
ГIарасалде рахиндал щиб бицундай кIалъала.

Барка дуе, Сайфуллагь, сайру берцинав къутIбу,
Саййидул уммамигун якъзаталда[5] данделъи
Дуде игIтираз[6] гьабун, гьаб дунял тун аразда
Аварагас дандчIвайи щиб хIалалъдай гьабила?

---

[1] Вацал
[2] ТIарикъаталъул агьлу
[3] КъутIбуясул тIадегIанаб макъам
[4] Хьвада-чIвади
[5] Макьилъ гуреб,ворчIун вукIаго авараггун данделъи
[6] ДандечIей (инкар)

Барка дуе, Сайфуллагь, Сайру берцинав къутIбу,
Ункъавго халифагун роххалилаб данделъи
Дур тIарикъат хIалтIизе хIасадалъ нахъе чIвараз
ХIисаб гьабулеб къоялъ гьалмагълъун щивдай кквела?

Дур къиматго лъайчIого къадаралде жал щварал
Пашманлъула дирни ракI диналъул агьлуялда
ДагIваялда къоял ун къанабакье руссарал
Къварилъизе бачIуна жагьилал гIалимзабахъ

ГIелмуялде мугъги чIван чIорого жал хутIарал
ЧIового Аллагь гурхIун алжаналде руссаги
ЧIахIиял гьалаклъарал умматалъул гIассиял
ГIафву[1] РрахIманас гьабун рахIматалде рачаги

Цинги Дагъистаналда Накъшубандил тIарикъат
Букъун ралъдалъ хьвадулеб гама гIадин букIана.
ГIасабе ЦIоралдасан цIараб рухIанияб ток
ТалихI гьечIеб агьлуялъ ургьибего биччайчIо.

Аллагьас тIоритIарал ТIагьал нухде рачIана
ТIарикъат ризкъилъарал ГIасарехун къокъана.
РухIанияб токалъул каранда гарзалги[2] лъун
Киназго латIаифал[3] матIу гIадин къачIана.

ГIасаре къокъаразул къапилаялда цадахъ
КъачIана ХIасан устар тIарикъат байбихьизе.
ТIахьал цIалун гIилмуялъ гIей гьабунгутIи лъайдал
ГIамал бацIцIад гьабизе ана муршидасухъе

---

[1] ТIаса лъугьин
[2] Чирахъал
[3] Черхалъул зикруги муракъабиги малъулел хасал бакIал

**Ихласалъулъ[1] камиллъи киназдасаго тӀокӀлъун**
**ТӀаса вищун устарас иршадалъе[2] къачӀана.**
**Муракъабат манлъизе цо латӀифа[3] хутӀидал**
**Халифалъунги гьавун гьесий ижаза[4] хъвана.**

**Икълималъул[5] ракьалда нуралъул байрахъги чӀван**
**Берцинаб вагӀза-хабар агьалиялъе[6] гьабун,**
**Ана муршид хӀежалде, ХӀабибасул ракьалде,**
**ХӀукму-къадар гьениб щун вукъана Жиддаялда.**

**Жиндир устар накълулъун къварилъи тӀаде щведал**
**ШугӀайб Афандиясде вуссана ХӀасан ХӀилми**
**МанлъичӀого хутӀараб муракъа талкъин[7] гьабун,**
**Гьесги камил гьавуна кодобе ижаза кьун**

**Аллагьасул къадар щун ШугӀайб Афанди ана,**
**Агьлуялъе кваназе чамарсак нахъе тана.**
**Насиб бугез гьекъезе мауль хӀаяталъул[8] лъим**
**ХӀасан Афандиясул каранде бачун тана.**

**Камалат[9] цӀикӀкӀанагӀан нафсалъул гӀайиб лъала,**
**ГӀилму гъварилъанагӀан жагьлуялде раккула,**
**Жаниб гьоцӀо тӀунагӀан тӀутӀаб рахлъен бакӀлъула,**
**ТӀад пихъ гӀемерлъанагӀан гъветӀ гӀодобе къулула.**

**ГӀакълу бугел лъалезда гьикъизе чӀухӀуларо,**
**ЧӀахӀиязда хӀал цӀунун цӀодорал нахърилълъуна.**

---

**[1] Диналъул бацӀцӀалъиялъулъ**
**[2] Устарлъиялъе**
**[3] Черхалъул зикруги муракъабиги малъулел хасал бакӀал**
**[4] Изнуялъул кагъат**
**[5] Улкаялъул**
**[6] ГӀадамазе**
**[7] Малъун**
**[8] РакӀал чӀоголъулеб лъим**
**[9] Камиллъи**

**РацIцIадал муршидзабаз цоцазул адаб ккола,**
**Агьлул хIакъазда[1] гьоркьоб жахIда-хIусуд кколаро.**

**ХIакъикъаталъул ралъад Гъумекиб букIин лъайдал,**
**Лъалесда нахъвилълъинги гIакъиласул ишлъидал**
**Ана ХIасан Афанди Сайфуллагь Къадиясде**
**Сурурaлда[2] дандчIвана кIиго кибритуль ахIмар[3].**

**Эменги васги гIадин, Расулгун Сиддикъ гIадин**
**Сидкъуяб махIаббатгун[4] цоцада гьуинлъана,**
**Гьарунгин Муса гIадин вацлъиялда хьвадана,**
**Васиййатал танбигьал[5] таснифазде[6] росана**

**Расуласда нахърилълъун суннат чIаго гьабуна,**
**СахIабатазул[7] нух ккун диналъе квербакъана,**
**БидгIа[8] гьорлъе жубайчIеб, жиндилъ нукъсанлъи ккечIеб,**
**Накъшубанд ТIарикъалъул къавагIидал[9] рицана.**

**КъутIагIу тIтIарикъазул афатал[10] баян гьарун**
**Аллагьасде лагъ щолел шартIал загьир гьаруна.**
**ШайтIанияб кашфуялъ[11] гуккун тараб агьали**
**Аллагьасде щунгутIи мухIкан гьабун бицана.**

---

[1] **ХIакъаб агьлуялда**
[2] **Рохалида**
[3] **БагIараб месед**
[4] **РитIухъаб рокьигун**
[5] **КантIизариял**
[6] **ТIахьазде**
[7] **АсхIабзабазул**
[8] **ШаргIалде данде ккоnареб цIияб жо**
[9] **КъагIидаби**
[10] **Нух къотIулел чагIазул,ай гьереси шайихзабазул балагьал**
[11] **Цо жо загьирлъиялъ**

**Цинги халифаясде[1] Сайфуллагь хIажалъидал**
**ХIасан Афандиясе ижазаби[2] гьаруна,**
**Азалалда Къадирас къадар гьабураб куцалъ**
**Къаладату щщазили[3] эсул габуниб бана.**

**Фаядука яди ва амрука амри йила**
**Ва анта халифати фи хIаяти ва мавти**
**Анта аййугьал валад мин жигьатил хIакъири**
**Аминун валь хIакъкъу далили ва далилука.**

**МагIна:**
**Дур кверги дир кверила, амруги дур дирила,**
**Дир халифа мунила дунял-ахираталда,**
**Мун дир вас, дир рахъалъан амину тIтIарикъатин**
**Инша Аллагь далилги[4] нилъер Аллагь вугевин.**

**Ажазтука бижамигIи ма ажазани**
**Ашяхи ян[5] абурал гIибараталги[6] руго**
**ЖагIалтука хазина аманати лигIилмин**
**ГIалламани рабби биизнин мин Расули ллагь[7]**

**Гьедин ижазаби[8] хъван мушафагьатан[9] абун**
**Аварагасул варис[10] загьирлъана халкъалда,**

---

[1] **Жиндир бакIалда толев чиясде**
[2] **Изнуялъул кагътал**
[3] **Щазилияб тIарикъаталъул рахас**
[4] **Нух малъулев**
[5] **Дур устарзабаз дие кьурабщинаб жоялъул дица дуеги изну гьабуна**
[6] **РагIаби**
[7] **Дица мун дир аманаталъул хазиначилъун гьавун, Аллагьасги лъазабун, аварагас изнуги кьун**
[8] **Изнуялъул кагътал**
[9] **КIалалъго абун**
[10] **Ирсилав**

**Зоб роцIиндал бакъ гIадин КъахIисан баккараб нур**
**Маккаялде щвезегIан речIчIана гIаламалда.**

**Накъшубандиюназул пихъ баршараб гъотIода**
**Шазилияз берги лъун цойги гIакьел бацIцIана.**
**ГIасавияс чIван тараб нуралъул байрахъалда**
**Хъвараб нафю исбаталъ[1] икълим[2] гвангъизабуна.**

**Заманалъул хал гьабун, халкъалъул хIисаб гьабун**
**Накъшубандиюназул зикраби талкъин[3] гьари**
**Иршадалъул[4] нухалда хIинкъараблъун лъугьиндал**
**Дида берцин бихьана шазилияб данд къайзе.**

**Раайту ан нусхIиба магIагьа тIтIарикъатал**
**ГIалиййата шшазалиййатал жагьриййата**
**МустамнихIан мин файзи файзигьи тагIала ян[5]**
**Тавбуялде халкъ ахIи къана муршидасда тIад.**

**КъутIбуль аванасдасан[6] амру тIаде бачIиндал**
**Умматалда гурхIулев ХIабибасул халифа -**
**ХIасан ХIилми Афанди агьлуялъе щвараб бакъ**
**Шазилияб тIарикъат тIибитIизе лъугьана.**

**Гьалде щвезегIан цебе икълималда[7] хIалтIичIеб**
**ХIайдарил[8] тIарикъалде къараб нуцIа рагьана,**

---

**[1] Ла Илагьа Илла Ллагь абураб калима**
**[2] Улка**
**[3] Малъи**
**[4] ТIовитIиялъул**
**[5] Дида рекъон бихьана Накъщубандияб тIарикъаталда цадахъ тIатараб Щазилияб тIадегIанаб тIарикъатги ккезабизе тIадегIанав Аллагьасул цIобалдасан гьарун**
**[6] Гьаб заманаялъул къутIбу**
**[7] Улкаялда**
**[8] ГIали асхIабасул**

**Къимат лъарав чиясе чанги баракат щолеб**
**Шазилил нисбаталда[1] пардавал тIаса ана**

**Соналдаса соналде элъул гвангъи цIикIкIана,**
**БацIцIадаб санад[2] батун саликиназ[3] эб ккуна,**
**Элъул баркаталдалъун Муташаййихуназул[4]**
**Шабакаталъ[5] кквечIого чанги чи хвасарлъана**

**Хулафаазул[6] рахас нилъедаса къотIичIо,**
**АкътIабазул баракат халкъалъего гIамлъана,**
**Икълималде бачIараб доб рухIанияб токалъ**
**Рак1ал чIаго гьарурал къокъаби гIемерлъана.**

**МухIаммудуль Яг1суби Варису[7] ХIасан ХIилми**
**ХIумайд Афандил Гьандихъил гьади илаль хIакъкъи[8]**
**ХIакъикъат бицун араб кIиябго тIарикъалъулъ**
**ТIалибинал[9] куцарал камилал муршидзаби.**

**Фамаъзуну[10] ХIумайди манбагIуль хIакъаикъи[11]**
**ХIакъав рухIазул эмен, машраб[12] бацIцIадав устар,**
**Аваразул мугIрузда, гIодоб лъарагIлъиялда**
**ГIалам махIалъ гIорцIараб цIар берцинаб ТIагьал ах.**

---

[1] **Щазилияб абун жинда цIар абулеб тIарикъат**
[2] **Рахас**
[3] **Муридзабаз**
[4] **Гьереси шайихзаби**
[5] **Гьин (гудур)**
[6] **Устарзабазул**
[7] **Ирсилав**
[8] **ХIакъалде тIоритIулев**
[9] **Муридзаби**
[10] **Жиндие изну кьурав**
[11] **ХIакъикъатазул иц**
[12] **Гьекъолеб бакI**

**МухIаммад ибну ХIусейн, мансуби ила ГIури[1]**
**ГIун щвараб дур баркаталъ камиллъана авладал[2]**
**Кодоб щвезе захIматаб замзамалъул лъедаса**
**Дуца гьекъезабураз къачIана чанги мурид.**

**МухIаммад ГIариф[3] билагь Ибну[4] ХIасан Афанди,**
**Бустануль гIарифина[5] фи гIасригьи[6] бильхIакъкъи[7]**
**Муршидзаби гьечIого гIалам хутIараб ани**
**ТIолабго умматалъе иршад[8] эсул гIелаан**

**ТIахьалги тIагIун Къуръан инфирадлъарабани[9],**
**ИстинбатIалъе[10] гIураб гIилму эсул букIана,**
**ГIажаибаб кайфиййат макнунияб магIрифат[11]**
**Расуласул букIана тIолго вагъа-вакари.**

**ТIаса пихъ кванانилан ками тIокIлъи лъалареб**
**ТIуба[12] букIана Инхоб аслу алжаналъулаб**
**Аллагьасул хазина аманатлъун тIадкъарав**
**КъутIбу вукIана росулъ насаб жиндир бацIцIадав.**

**Бицунеб рагIиялъулъ хIилму[13], гIилму гIемерав**
**ГIабдул ХIамид Афанди, хIакъикъаталъул ралъад,**

---

**[1] ГIуриса ХIусенил вас МухIаммад**
**[2] Васал**
**[3] Аллагь лъалев**
**[4] Вас**
**[5] Аллагь лъалел гIалимзабазул ах**
**[6] Жиндир гIасруялъул**
**[7] ХIакъаб куцалда**
**[8] Нухмалъи**
**[9] ЦохIого хутIараб ани**
**[10] КъватIиб бахъизе**
**[11] Куц бахчараб Аллагь лъаялъул гIилму**
**[12] Алжаналъул гъветI**
**[13] ХIалимлъи**

**ХIакъаб нухде лъугьине галаби тIамулелъул**
**ТIоцебе дир квер ккурав Расуласул халифа**

**Сифат Ибрагьимияв, сабру Аййубиль гIадав**
**ГIилму гIабадилазул[1], гIамал табигIиназул[2]**
**Тамахлъи-къвакIиялъулъ гьоркьохъеб гIадлуялъул**
**ГIалим вукIана Гьидалъ гьаб гIалам хIайранлъарав.**

**ХIамзат Афандил Лъахъи, Аварагасул наиб**
**Иршадалъе[3] хIадурав ХIабибасул муваррис[4],**
**МахIмуд Афандиясул магIнавиял авладал[5]**
**Аманат тIубан хварал хириял муршидзаби.**

**Халкъалъул хIалал раччун, хIехьараб захIмат бихьун**
**РахIатал гIемерлъаги, гIуюназул[6] канлъаби.**
**ГIажизаб умматалде Аллагь рехсей манлъарал**
**ТIокIлъаги даражаби, нижер ракIазул тIугьдул.**

**Цинги дун тIаде ккана тIагьал хазинаялде**
**Хиралъи къадруялъе къимат кьезе кIолареб,**
**КъутIбугун данделъана, дунял цадахъ цIаниги**
**Цо рагIул багьаялде гьеб бахине рес гьечIев.**

**Батана лъарагIалда аслу мугIрузулаб тIегь**
**ТIагьаясул хIавзалъул лъеца кьалбал гIорцIараб,**
**ГIарифунал[7] лъай кьуна ризкъилъун БетIергьанас,**
**Гьел рихьизе гьаруна Салманида Расуллъун.**

---

[1] **ГIилмуялъул рахъалъ машгьурав ункъавго асхIаб:**
**1.ГIабдуллагь ибну ГIаббас, 2.ГIабдуллагь ибну МагIсум,**
**3. ГIабдуллагь ибну ГIумар, 4. Гiабдуллагь ибну Зубайр**
[2] **АсхIабзабазда хадусел хириял гIадамал**
[3] **Халкъ тIобитIизе**
[4] **Ирсилав**
[5] **Васал**
[6] **Беразул**
[7] **Аллагь лъалел гIадамал**

Меседилан бицуна, гIарацилан абула,
Эб балагьун тужжарал тижараталъ[1] хьвадула
Дида месед батула устарасул къавуда
Къеч хьан дун раййанлъула[2] гIинтIамизе гьев щвани.

ГIилму тIахьазда хъвала, тIалибиназ[3] цIалула,
ТIасан шаргIалъул хIукму дибирзабаз бицуна.
Дида гIилму батула гIарифуназул[4] кIалдиб,
ГIорцIула дун вакъарав къавлаби[5] эзул рагIун.

ГIалимзабаз ижтигьад[6] фикъгьиялде[7] гьабула,
Гьелде ракIгъейи гьабун сардал-къоял тIамула,
ТIарикъаталъул бицен дир унтуй дарулъула,
Элъул тIахьал цIалидал цIияб гIилму-лъай щола.

ГIажамияв жагьилас Бустаналда батараб
Аслу гьечIеб рагIуде кIудияб иман лъола,
Устарзабазул харбал дие хIужжатлъун[8] чIола,
ХIасан Афандиясул" Танбигьалъ"[9] нух малъула.

Гьанжеги дагьаб калам дургун гьабизе кканин,
Дунги мекъса ватани кантIизаве хIакъкъалде,
Къуръан-хIадисалдасан гIилму дуда лъалелъул
ДагIба-рагIи жибго тун вачIа маслахIаталде.

Машаихзабаздехун игIтираз[10] дур бугелъул
Изну кье, дагIбадулав, дагьабго бахIс гьабизе,

[1] Дармихъаби дармиде
[2] Къеч буссун лъугьуна
[3] Студентаз
[4] Аллагь лъалел вализаби
[5] РагIаби
[6] ТIад хIалтIун хIукмаби рахъи
[7] ХIукмабазул гIилму
[8] ХIужжа
[9] ТIехьалъул цIар
[10] Инкар

Гьудатуль умматазде[1] мун хIажат ватичIони
ХIижаблъунгIаги[2] чIоге гьезда цеве халкъалъе.

Къуръаналда Аллагьас вабтагъуль василата[3]
Аят рещтIун букIинги дуда лъала букIадго.
Дуцаго василат кквей тIадабилан ккечIого,
Мунго василатинцин гурищ дуда ккун бугеб?

Яги АльгIуламау варасатуль анбияъ[4]
Абураб хIадисалде мугъчIванищ мун чIухIарав?
"ХIадаикъуль вардиййат"[5] дуда батизе кIвани
Баян цIикIкIараб щвела, шартIги дуй якъинлъила.

Анбияаз[6] ирсалъе тараб гIилму абуни
ГIилмуль ахIкам валь асрар[7] кIиябгоги навгI[8] буго
КIиябго навгIалдасан насиб[9] гьечIев чиясде
Варисин[10] абуларо, эб дуда бичIчIун букIа.

Боржунеб ТIайруялъе[11] кIиго кваркьи шартI буго,
КIиялъулго цо камун гьеб ракьалда хутIула.
Гьединго гIалимасулъ кIиябго навгI гьечIони
Гьев варис вукIунаро, гъурамаалъа[12] вуго.

---

[1] Уммат тIобитIулел устарзаби
[2] Пардав
[3] Гьоркьохъан тIалаб гьабеян
[4] ГIалимзаби - аварагзабазул ирсилал
[5] ТIехьалъул цIар
[6] Аварагзабаз
[7] ХIукмабазулги балъголъабазулги гIилму
[8] Тайпа
[9] БутIа
[10] Ирсилав
[11] ХIинчIалъе
[12] Налъукье ккараздаса

Инкарчи дун гурилан дуца гIузру бачани,
ГIун буго далилалъе дур эзде гьечIеб рокьи.
Дур кIалдире ралагьун чIарал жагьилзабазул
Жаваб кьолеб къояца лъала дуда хIакъикъат.

АшшаригIату акъвалун ватIтIарикъату афгIалун
ВальхIакъикъатун ахIвалун вальмагIрифату раъсульмал[1]
Расуласул гьаб хIадис” ЖамигIуль усулалда”[2]
БастIалда[3] бицун бугин, балагье къасд кканани

Акъвалазда[4] гIей гьабун гIумру дуцаги тIамун
ГIурабищ, Аллагь гурхIад, гIалим абун цIар щвейи?
ГIилмуль магIрифаталъул тIалибниги[5] гьечIони
Гьанже дуе Аллагь лъай кисандай фатхIулъила[6] ?

Лъалареб хабар бицун мун щайдай гаргадула,
Шайихзаби гьечIолъи дуца кин чIезабулеб?
Кидаго рукIарал гьел гьанже киредай арал,
Гьелги гьечIого дунял дуцайишха ккун бугеб?

Ла такъуль - абуге дуца къадзагьабат арбабугь[7]
Куллу ман сара гIала дарбин васал[8] лъай дуда,
Дуде гIилму манлъизе гIалим ватарав гIадин
Ватулевин муршидги[9], щаклъуге бицаралда.

---

[1] ШаригIат рагIаби ккола, тIарикъат пишаби ккола, хIакъикъат хIухьел ккола, магIрифат аслу ккола
[2] ТIехьалъул цIар
[3] Баянго
[4] РагIабазда
[5] Аллагь лъаялъул гIилму тIалаб гьабулев чилъун
[6] Рагьила
[7] Гьелъул бетIергьаби анилан
[8] Нухккун арав чи щвезе вукIин
[9] Устарги

**Багьауддин Бухари, МухIаммадуль Увайси,
Мужаддиду альфи ссани имаму Рраббани,
Халид Шагьиль Багъдади цинги МахIмуд Афанди
Агъвасал[1] рукIиналда дур кIалъазе бакI гьечIо.**

**Гьазул нухда рачIарал магIнавиял авладал[2]
Дуца гьереси гьари гьечIо хIасад гуребалъ
Гьанже мун релълъун ккана Бану Исраилазда[3],
Муса ГIисада божун Расулгун дагIбадарал.**

**ГIужбу, рияъ, хIикъад, хIасад,
фискъу, нифакъ, хIуббуль жагь[4]
Гьал гурел цогидалги БатIиниял амразал[5]
Инсанасда тIалъула тIаса ине гьаризе,
Гьезий дару гьабулев муршидги жинца кквезе.**

**Живго жинца тIовитIи тIахьал цIалун гIей гьаби
ГIарифуназда аскIоб къабуллъулеб жо гуро,
Жибго жинда тIад сверун тирулеб гьобоялда
Гьесул мисал релълъуна масафат[6] къотIиялда.**

**Гьал рехсарал амразал[7] тIаса ине гьарулев
Устар жинца кквечIев чи фагьува гIасин лиллагь
Ва Расулигьи валав хIафиза альфа китаб[8]
Абун бугин балагье, "Багьжаталде"[9] бокьарав.**

---

**[1] Гъавсал**
**[2] Васал**
**[3] ЖугьутIазда**
**[4] Живго цIакъавилан ккей, Рихьдай жо гьаби, хIал хъублъи, хIасад, пасикълъи, мунапикълъи, цIар бокьи.**
**[5] Унтаби**
**[6] Манзил**
**[7] Унтаби**
**[8] Гьав чи Аллагьгун Аварагасде гIассилъарав чи вуго, азарабго тIехь рекIехъе лъалев вугониги**
**[9] ТIехьалъул цIар**

**Жанив къутIбу камураб балдат[1] букIунарилан**
**Батула тIахьазда хъван капурзабазда гъорлъцин.**
**Кидалго гьел камизе къотIи гьечIолъиялде**
**Къуръан хIадисалъулги насс[2] бугин, фагIтабиру[3].**

**Нисбати гьазигьи табкъа бивасситIати**
**Авлади ила явмиль къиямати[4] - абураб,**
**Имаму Рраббаниясул Манакъибазда[5] жаниб**
**"Багьжаталде" ваккани ратила къавлабиги[6]**

**Цойги дур дагIба буго диналъул вацаздехун**
**Диналде жалги руссун субхIатал[7] кодор ккурал,**
**Тавбуялде къасдги лъун Аллагь рехсейги бокьун,**
**Устар тIалаб гьавурал гьал муридзабадехун.**

**Гьаз хIалтIизе гьабулеб истигъфар-тавбуялде**
**Зикру-салаваталде гьеб манлъулел чиязде,**
**Гьаб гурони какизе гIамал батичIев мунгун**
**ГIакълуни гуро дирги гаргадизе къасд гьаби.**

**Ва гIадамал, гIинтIаме, гIишкъу нужор батани,**
**ГIуламаазул калам кин бугебали лъайзе,**
**Лъай бугес батIа гьабе битIарабги тIекъабги,**
**ТIахьазда бугеб хIалалъ бицун тезин хIакъикъат**

**ХIасадалъул агьлуялъ нужой бицунеб хабар**
**Къуръангин хIадисалъул гIакс бугин лъай нужода.**

---

**1 Шагьар**
**2 ЧIванкъотIараб калам**
**3 Нуж кантIе**
**4 Дир магIнавиял васал гьоркьор ккун гьаб дир тIарикъат къиямасеб къо чIезегIан хутIизе буго**
**5 Хиралъабазда**
**6 РагIабиги**
**7 ЧIумал**

**Лъалеллъун рукIин бокьун гаргадулел гIадамал**
**ГIалимзабиянги ккун гуккизе нуж рукIунге.**

**РахIманасул цIобалъул гъапу гIатIидаб бугеб,**
**Гъуфран[1] тIалаб гьабизе нилъедаги тIалъулеб,**
**ТIолго хIасанатазул[2] аслулъун тавбу кколеб**
**Тавбуялъ чурулареб мунагьги букIунареб.**

**Тавбу гьабун руссаян ахIи къотIула гьечIеб,**
**БакI-бакIалда гьеб рехсон насс[3] Къуръаналъул бугеб,**
**Къатилу[4] ХIамзатилги тавбу къабул гьабураб**
**Тавфикъ кьеги, ихванал[5], Аллагьасде руссине.**

**Свалаталъул хиралъи тIахьазда бицун бугеб,**
**ТIоцебе гьеб битIунги БетIергьан кIалъан вугев,**
**БитIеян умматалде амруги гьабун бугеб,**
**Амруялда нахъ рилълъин насиблъаги, ихванал.**

**Хасго гьаб заманалда загIипал нилъ гIадазе,**
**ГIужбу[6]-рияалдаса цIунизе кIоларезе**
**Зикруялда бащадаб гIибадатго гьечIилан**
**"ТухIфатул ихваналда"[7] бицараб бакI бихьана.**

**Валазикру ллагьи акбару[8] -абураб аят,**
**Узкуруллагьа зикран касиран[9] -абурабги,**

---

**[1] Мунагьал чури**
**[2] ЛъикIлъабазул**
**[3] ЧIванкъотIараб калам**
**[4] Аварагасул инсул вац ХIамзат чIварав чи**
**[5] Вацал**
**[6] Жинца гьабураб гIамал кIодого бихьи, рихьдае гIамал гьаби**
**[7] ТIехьалъул цIар**
**[8] Аллагь рехсей сундасаго кIудияб буго**
**[9] Нужоца гIемерав рехсе Аллагь**

**Бералдаги бихьулеб кIалалъги цIалулев чи,**
**ЦIикIкIаги дур игIтикъад агьлу тасаввуфалде[1]**

**Аллагьасул рахъалъан амру нилъеде щвараб**
**Лъабабго нигIматин дуй дагIвачияс гьукъулеб**
**Дунял-ахираталъул амру жидеда барал**
**Агьлуллагьалин[2] дуе дос какулел гIадамал.**

**Цинги Дагъистаналда шайихзабазул гIадат**
**Щив тIаде вачIаниги тIарикъат манлъун витIи.**
**ТIалихIун свалихIунал музаккар муаннасал[3]**
**Фасикъалгун гIассиял ээ ратIа гьаруларо**

**Гьелъие далаилал[4] къваригIарав чи ккани**
**Къуръан-хIадисалдасан мисал бачун бицизин,**
**ХIакъаб батIа гьабизе бокьарав чи ватани**
**Биче гьесги таргьил кIал, кIобокIе гIадамазе.**

**Я аййугьа ллазина ааманyу узкуру ллагьа[5]**
**Абураб аяталда чи ватIа гьавун вугищ?**
**ГьитIинавгун кIудияв, бихьиналгун руччаби,**
**Пасикъавгун гIассияв гьалъ данде рачунарищ?**

**Руччабаца вирд гьаби дуца гьукъизе ккани,**
**Гьел рижарав БетIергьан батIаявищ ватарав?**
**ШаригIас[6] гIамм гьабураб тIарикъаталъул баркат**
**Кисан дуца нахъчIвалеб АхIмадил умматалъе?**

---

[1] **ТIарикъаталъул агьлуялде ракI чIей**
[2] **Аллагьасул агьлу**
[3] **ЛъикIал квешал, бихьинал цIуял**
[4] **ХIужаби**
[5] **Ле иман лъурал гIадамал, нужоца Аллагь рехсе**
[6] **Аллагьас яги Аварагас**

**ВахIю рещтIун Аллагьас Давуд аварагасде**
**Инналь мустакъима ла яхIтажу илайка[1] -ян**
**Абун бугин бицараб бакIго дуда бихьичIищ,**
**Бихьун батани дуе далиллъун эб гIеларищ?**

**Нус-нус истигъфар свалат, ла илагьа илла ллагь**
**Чи ватIа гьавичIого талкъин[2] гьабеян абун,**
**Тижаниясде амру Аварагас гьабураб**
**Гьаб вирд гьеб бигIайнигьи[3] валагьи мун тIахьазде.**

**Мунагь-хатIаби рехсон тезе кIунгутIи бицун**
**Муридзабаз зигардун шикаятал[4] гьаридал,**
**Гьездехун Гиланияс абулеб букIараб жо**
**Эзухъ нуж ралагьуге, зикруялда даимлъе.**

**Дунялалда хурхарал шубгьа хIарам жубарал**
**Агьлуль хIирфат[5] тужжарал[6] гIи-боцIиялъул агьлу**
**Аврадал[7] манлъиялъулъ гьазул хIукму щибилан**
**Имам Раббаниясде цо маъзунас[8] хъванила.**

**Гьесие жавабалъе жавгьарал ритIанила,**
**Жинда ишкал тIагIараб ТIагьал нух бицанила,**
**ТIад кIалъазе бакI гьечIеб рисалат[9] хъван анила,**
**Тавбуялде рачIине риччаян манлъанила.**

---

[1] **ВитIун хьвадуларев чи дуде хIажалъуларо**
[2] **Малъеян**
[3] **Жибго**
[4] **ГIарзал**
[5] **Махшалил агьлу**
[6] **Дармихъаби**
[7] **Вирдал**
[8] **Изну кьурав чияс**
[9] **Кагъат**

ТIарикъаталъул баркат эзий камиларила,
Квешлъаби нахъе чIвазе сабаб элъул ккелила.
Эл адаб тун хьвадани дуе ургъел гьечIила,
Аврадал[1] тананиги жавабги эз кьелила.

Устарас муридасул ГIуюбал[2] гьуршуларо,
Гьезул мунагьал рицун бадибчIвай гьабуларо,
Берцинаб калам гьабун, гьуинаб рагIи бицун
Гьез гьабулеб тарбият тадрижалда[3] букIуна.

УдгIу илаа сабиили раббика билхIикмати
ВальмавгIизатиль хIасанати[4] -абураб аят
Эзие далил буго, дур элде кантIи гьечIо,
Кашфу загьир гьабуни гьеб дуеги гIун буго.

Ашрафазул багIазас[5] Расуласде абидал
Адхулуль ислама бишартIи сукъутIи ссубхIи[6]
Балъго къабулги гьабун гьев исламалде ахIи
Усватун хIасанатун[7] гьечIищ муршидзабазе[8].

Муридзаби цIунизе эзда тIадаб бугилан
ТIахьазда батулареб хабар гIемер букIуна.
ГIисяналде мурид ккей муршидасул гIайиблъун
ГIилмуялда рекъечIел къавлаби[9] камуларо.

---

[1] Вирдал
[2] ГIайибал
[3] Дагь-дагь ккун
[4] Дуца дурго БетIергьанасул нухде гIадамал ахIе хIикматалдалъунги, берцинаб вагIзаялдалъунги
[5] Ханзабазул цояс
[6] Дун Исламалде вачIина дуца рогьалил как тIаса рехани
[7] Берцинаб мисал
[8] Устарзабазе
[9] РагIаби

**КъутIбу гъавс[1] вугониги устарасул даруялъ**
**Сах гьабулареб унти муридасулъ букIуна,**
**ИгIтикъад камиллъани, адабал тIуран ккани**
**Инша Аллагь хьул лъола гьев чи тIовитIиялде.**

**ТIолалго акъарибал[2] исламалде ахIизе**
**Аварагас ижтигьад[3] кутакалда гьабидал,**
**Иннака лаа тагьдии ман ахIбабта[4] -ян рештIараб**
**Аятниги гIеларищ гIакълу бугев чиясе?**

**ГIакълу тIокIав Салманий Расуласда берчIвайгун**
**Балагье игIтикъадалъ[5] щвараб баракаталде.**
**Кагьин[6] мажнун[7] ин абун АхIмадгун дагIбадиялъ**
**Абулагьаб къосун хвей халгьабе хIикматалъул.**

**Гьев устар вугевани дов пуланав чиясда**
**Пуланаб гIамал тезе гьабилаанин аби,**
**Эб релълъуна ТIагьаде Расул вукIун ватани,**
**Абужагьал къосине щай тарав абиялда.**

**Тавбу гьабе, дир гьудул, дурго хатIаялдаса,**
**Хулафаал[8] жалго те, бадибчIвай бихьулебин**
**Ман аза ли валийййан факъад азантугьу[9], -ян**
**Аллагь тагIала кIалъай кIочон тун бегьиларо.**

---

[1] **ЦIакъ тIадегIанаб макъамалъул вали**
[2] **ГIагарал**
[3] **ЦIакъ бахъи**
[4] **Дуе бокьаравщинав чи дуца тIовитIуларо**
[5] **РекIел чIеялъ**
[6] **Палихъан**
[7] **Женаз ккурав чи**
[8] **Устарзаби**
[9] **Дир валиясе зарал гьабурав чиясулгун дица кьал ахIулеб буго**

Ва гIадамал, гIинтIаме гьанжеги хабаралде,
Халгьабе анищ бугез гьабулеб каламалъул,
Кашфу-караматалъул иршад валилъиялъул,
АнвагIал[1] баян гьарун гьитIинаб баб[2] рагьизин.

Анбияал[3] русулал аварагзаби руго,
Эзулъ бугеб батIалъи лъалев чи ватуларо,
ТавхIидалде[4] халкъ ахIи Аллагьас тIад къарасде
Расулилан абула Аварагги вукIуна.

Амма рисалаталъул[5] амру жиндихъе щвечIев
Авараг Наби вуго, Расуллъун вукIунаро,
Гьев жиндир макъамалда парахат чIун вукIуна,
Халкъалъул жаваб кьей гьесде тIаде кколаро.

Гьединго вализаби батIа-батIаял руго,
БатIа-батIа даража макъамалда жал ругел.
Муршидзабиги[6] гьезул цо НавгIалдаса[7] руго,
Набиюназда[8] гъорлъа русулал[9] ругел гIадин.

ГIадамазул жаваб кьей валиясде кколаро
Жиндирго ургъел гьабун гьесул амру тIубала.
Агьлулъун жив гьечIеб жо гьабизе гьев лъугьани
Гьесде ГIарифунаца[10] Муташайих[11] абула.

---

[1] Тайпаби
[2] Каву
[3] Аварагзаби
[4] Аллагь цо гьавиялде
[5] Аллагьас халкъалъухъе битIараб жо
[6] Халкъ тIобитIулел устарзаби
[7] Тайпаялдаса
[8] Аварагзабазда
[9] Илчизаби
[10] Аллагь лъалеца
[11] Гьереси шайих

**Муршидзаби абуни ургъел бугел чи руго,**
**Уммат тIобитIиялъулъ ТIагьаясда релълъарал.**
**РухIаниял умумул эл руго муридасул**
**Эл гьидаят[1] гьариги амру буго тIад къараб.**

**Азарго гIалимав чи цо росулъ вугониги**
**Цо тIад къаравгуресул дибирлъи бегьуларо,**
**Цойги гIалимасде мун дибир гурин абуни**
**Эв гIодовегIан гьави гьеб рагIиялъ кьоларо.**

**Гьединго цо пуланав муршид гурин абиялъ**
**Эв сансикъ гьавиялде тIоритIел гьабуларо,**
**Гьесул амру хIакъикъат Аллагьасда лъикI лъала,**
**Элъулъ тафахIхIус[2] гьаби нилъеда тIалъуларо.**

**ТIарикъатин цIарги лъун лъара-лъараб гьабулел**
**Гьал гIадамазде лъезе лъаларо дидани цIар.**
**Лъалез манлъула бугеб хIакъкъаб нух бихьуларев**
**Берал ругев канлъи гьечI тIовитIаги Аллагьас!**

**БитIарабги тIекъабги батIа гьабизе гIураб**
**БетIер бугев гIакълу гьечI гIеги гьекко кIудияв**
**КIал гIалимав ракI жагьил, живго жиндаго лъаги**
**Лъай кьезе къвачIа гьечIев ахIмакъ данде чIвагеги.**

**Дунги гIалим, гIакъиллъун кIалъай гьабулев гуро,**
**Лъалезда нахъги вилълъун бицунеб хабар буго,**
**РагIи билълъанхъизаби дир мурадлъунги гьечIо,**
**Гьидаят[3] бокьарав чи кантIизави гурони.**

---

[1] **ТIоритIи**
[2] **ЦIех-рех**
[3] **ВитIун ккей**

**ТIурукъал[1] гIемер руго, тIахьазда рицун руго,**
**ТIолгояздасан мурад Аллагьасде щвей буго,**
**Щибалъул жинда хасаб мабнагун[2] вирдги буго,**
**Бокьа-бокьараб манлъун тIарикъат букIунаро.**

**Икълималда[3] хIалтIулеб кIиябго тIарикъ буго,**
**ТIагьаясда хурхараб силсилат[4] эзул буго,**
**Саккуль ижазат[5] хъвараб кагъат кодоб гьечIони.**
**Гьазул истIилахIалда[6] маъзунлъи[7] бегьуларо.**

**Аллагьас дие кьурал нигIматаздасан буго**
**Устарзабазул калам каранда рекъон чIейи,**
**Кинабго дун хIажатаб гIилму эзухъ букIин лъай,**
**Эз кIалалъ бицаралъе накълу хIажалъунгутIи.**

**АльхIажжу ГIабдуррахIман[8] Сугъуриясул устар**
**Жамалуддин Гъумукъи вукIин дудаги лъала,**
**Дов ккола икълималда тIарикъаталъул эмен,**
**Инсуца манлъараб тей лъималазе квеш буго.**

**Накъшубанд тIарикъалъул аврадал[9] баян гьарун**
**Авладазе[10] букIине эс китаб[11] гьабун буго,**
**"Адабуль марзиййатан"[12] элде цIарги лъун буго,**
**Эб цIалани дудаги кIалдиб хъат кьабуларо.**

---

[1] ТIарикъатал
[2] Аслугун, кьучIгун
[3] Улкаялда
[4] Рахас
[5] Изнуялъул документ
[6] ТIад рекъараб жоялда
[7] Устарлъи
[8] ГIабдурахIман ХIажи Сугъури
[9] Вирдал
[10] Васазе
[11] ТIехь
[12] ТIехьалъул цIар

Амма Сугъуриясул рахъалъан маъзун[1] гьечIо,
Маъзунин абулев чи муддагIун каззаб[2] вуго,
Кайфа ла[3] мун валагье гьез манлъулеб вирдалде
Адабуль марзиййаталъ бицухъе батулищан.

БатичIого хадуса гьеб тIарикъалда цIар щиб,
ЦIарги лъезе лъайчIони лъиде нисбат[4] гьабилеб?
Гьесухъ ижаза[5] хъвараб кагъат бугищан цIехе,
Гьебги гьечIони гьесул рухIанияв эмен щив?

АлхIажу МухIаммадуль КIикIуни ВассалатIи,
Сиражуддин Инхиййи, Ражабилав Гимрави,
Гьал гурел цогидалги икълималда рахъарал
Авлияал[6] гурилан абуларо гIадамас.

Амма тIарикъаталъул муршидзаби гьал гуро,
Гьез манлъараб гьабиги тIарикъат букIунаро,
Гьаб дуца къабул гьабе, мекъса нухабе цIаге,
ЦIакъго баян бокьани” Буружаздеги”[7] вакке.

Жиндир баракат щваяв, ГIободиясулилан
ГIадамаз гьабулеб вирд – гьебги тIарикъат гуро,
Гьес цохIо чиясдацин тIарикъатги манлъичIо,
Лъиениги ижаза[8] кьун кагъатги хъинтIичIо.

Кьунилан, манлъанилан гIунтIизаби гурони
ГIадамаз бицунелъул аслуго батуларо,

[1] Изну кьурав чи
[2] Гьересияв дагIба чи
[3] Кин букIунареб
[4] ГIунтIизабилеб
[5] Изнуялъул кагъат
[6] Вализаби
[7] ТIехьалъул цIар
[8] Изнуялъул кагъат

Абуна бицанаян хабар букIин гурони
Жинда хIукму гьабизе хIужжа кодоб щоларо.

Дов вукIана кIудияб гIилму-караматалъул
ГIадан тIад кIалъаларел авлияазул[1] цояв,
Цо къоялъ гьес гьабураб гIибадаталде данде
ГIумруялъ гьабурабги дун гIадасул щвеларо.

Дов какун гаргадизе нилъей бакI букIунаро,
РакIалде ккоге, вацал, досда речIчIулайилан.
Дос абичIеб, гьабичIеб досде гIунтIизабурал
ГIадамал ритIун гьечIо, тIаса лъугьа дидаса.

Дир рагIуда божиги паризаяб жо гуро,
Парз буго дуда тIадаб-тIахьада гIамал гьаби,
ТIарикъатин цIарги лъун дуца гьабулеб хIалтIи
ТIахьада батичIони, мугъчIвалеб бакI щиб бугеб?

Кунта ХIажил тIарикъат гьабулел гIадамазда
ГIалимгодай гъорлъ гьечIев тIахьазде валагьулев,
Гьесул кIудияв мурид ГIабдусаламил квералъ
Хъвараб Уржузатниги[2] гIадамазе цIализе.

Ажвибатуль устази лимасаилиль мурид
Абун жиндир цIар лъураб гьитIинаб МажмугI буго,
Гьелда жанибги буго анцIила ункъо суал
ГIабдусаламил кIалалъ Кунта ХIажие кьураб.

Киналго суалазе кьурал жавабал хъвараб
Жавгьар гIадаб гьеб мажмугI жакъаги цебе буго.
Ункъабилеб суалги гьелъий кьураб жавабги
Жинда гIакълу бугесе гIела, къабул гьабуни.

---

[1] Вализабазул
[2] ГьитIинаб тIехь

Гьелда буго бицунеб чIагояв вали вукIун,
Вакиласдалъунги гьев устарлъун кквезе бегьи,
Амма хун тун хадуса гьев вали устарлъун кквей
КигIан камилавниги бегьизе гьабун гьечIо.

Гьелъие далилалъе мисалги рехсон буго,
Хварав устарлъун кквейи бегьунгутIи чIун буго,
Гьаб мисалги гIечIого дагIбадарав чиясул
Дару гьечIеб унтуе сабаб дида лъаларо.

Дунял-ахираталъул ханлъун вугев Авараг,
Хунилан вукъаниги къуват чIагояв Расул,
ЧIагояб ракI бугезда даим вихьулев АхIмад,
Аллагь вихьиялъе жив матIулъун ккарав Мухтар.

Хварав чи устарлъун кквей бегьун букIарабани
Унго, гIелароандай ХIабибуллагь халкъалъе?
Хвараб гIакдадаса рахь бечIчIулеб гIадатани
Аман, чIагояб хIайван хьихьичIого рукIине.

ВачIа, гьудул, гьаб калам Кунта ХIажил бугелъул,
Барахщуге цIализе Гьидаят[1] бокьаразе,
Гьабе, гьудул, таржама[2] гьаб хадуб рехсаралъул
Лъаларев жагьиласе гIилмудул асар щвезе.

Ва амма иттихазуль устази ваттавбати
Фасаваун магIаль устази ав вакилигьи
Ав вакили вакилигьи иза каналь муттахазу
ХIаяян ва амма багIда мавтигьи фала яжузу

Иттихазугьу устазан бивакилин ва ла
БиахIадинваин каналь устазуль мархIуму

---

[1] ВитIун ккей
[2] МагIна

Валияян камилан валав жаза иттихазуль
Устази багIда мавтигьи латтахаза жамигIуль

Халкъи Расулаллагьи свалла ллагьу
гIалайгьи ва саллама устазан ва ламма лам
наттахизгьу устазан магIа аннагьу сайийдуль анбияи
Вальавлияяи ва гьаза далиилун сабитун гIала
гIадами жавази иттихазиль устази багIда мавтигьи

АлхIажу Кунтагь вуго хIакъав валийийун мажзуб[1]
Жинде силсилат щвечIев жиндасанги байинчIев,
ЧIаго вукIараб хIалалъ гьес хIалтIизабуралъул
ХIукму дида лъаларо вуцIцIун чIани гурони.

ЧIаго Кунтаги гьечIо, гьевги ракьулъ вукъана,
Гьес кIалалъ абуралъул баянги цебе ана,
Абулел чи рагIула эв хвечIого вугилан,
Яги хведал Хизрица эв вачун аравилан.

Аллагь гурхIун вохаги хIакъаб къабул гьабурав,
ХIабиб разилъи щваги битIараб нух ккурасе.
ГIиса,Хизригун,Ильяс гьаз хвалил лълъар гьекъечIо (гI.с.м)
ЧIагояб ракI бугезда досул къабру[2] бихьула.

Къадирияб тIарикъан ракъсуялде[3] цIар тейи,
Таллагь дун хIинкъиларо куфру бугин абизе.
Эб манлъулев шайихги Икълималда[4] гьечIилан
Гьедила анцIго нухалъ маслахIатан лидини[5].

Дунял — ахираталъул хур бекьулеб бакI буго,
Хун ракьалде инчIого ужра-мухь хIажат гьечIо.

---

[1] ТIарикъатго хIалтIичIого гIагарлъарав вали
[2] Хоб
[3] Кьурдиялда
[4] Улкаялда
[5] Диналъул маслахIаталъе гIоло

**Гьелда кантIуларесе кашфу караматалъул**
**Кутакаб къимат буго бицине хIал кIолареб**

**ХIатта гIалимзабазе гьелъул кIодолъи бихьун**
**Дун гIажизлъун хутIула гьезул гъапуллъиялда**
**Гьез кIвар гьечIого толеб тасаввуф[1] гIилмуялда,**
**ИттибагI[2] Суннаталъулъ гьезул мугьмаллъиялда[3].**

**Караматуль авлияъ[4] кIиго навгIалда[5] буго,**
**ХIиссияб магIнавияб[6] гIенекке баяналде:**
**ГIамматазе кьолелде хIисиябин абула,**
**Ай, берада бихьизе нилъеда цебе бугеб.**

**РакIалде ккараб лъайи, лъугьинесел жал рицин,**
**Лъугьун церехун арал нилъее загьир гьари,**
**Гьаваялдасан воржин, лъеда тIасан вилълъанхъи,**
**Вихьулареавлъун лъугьун берда цевеса тIагIин,**

**Ракь букIкIине гьабиги гьабураб дугIаялъе**
**Аллагьас жаваб гьаби, гьаб гуреб цогидабги**
**Гьал рехсарал жал нужой хIисиял караматал**
**Канфетазда релълъарал, лъимал руссине кьолел.**

**МагIнавияб карамат хавасаца[7] рикIкIунеб**
**ШаргIияб адаб цIуни акъвалал[8] афгIалазулъ[9]**
**ЛъикIал щинал ахлакъал[10] хIалтIизари гIадинаб**
**ГIадамаздехун жахIда-хIасад, хIикъд гьабичIого.**

---

**[1] ТIарикъат**
**[2] Суннаталда нахъ рилълъин**
**[3] ТIаса-масаголъи**
**[4] Вализабазул карамат**
**[5] Тайпаялда**
**[6] Цебе бугеб**
**[7] Хасал вализабаз**
**[8] РагIабазулъ**
**[9] Ишазулъ**
**[10] ТIабигIатал**

Гьабулеб каламалъулъ, бахъулеб галиялъулъ,
Балагьулеб бералъулъ, гIенеккулеб гIиналъулъ,
Квалквадулел кверазулъ, киналго афгIалазулъ[1],
Аллагьасул хIукъукъал[2] цIунун хьвади гIадинаб.

Нахъе цебе босулеб хирияб хIухьелалъулъ
ХIузур хвезе течIого Аллагь рекIелъ кквей гIадаб
ВальмухIафазату гIала адаиль важибати[3]
ВальмусарагIату илаль хайрати ливажгьи ллагьи[4].

Гьал караматал гурел хаввасаз[5] рикIкIунаро,
Хаварикъуль гIадатги[6] гьаз тIалаб гьабуларо,
Гьаб бицунеб китабги[7] "Кибритуль ахIмар" буго,
Алдаги рекъоларев "Явакъиталде" вакке.

Ялъуни "Ибриз" цIале, элда бугеб халгьабе
Элъ мухIкан гьабулебин кушуфазул анвагIал[8],
Элъги гIей гьабуларев гIалимлъун мун ватани
Фама за багIдаль хIакъикъи илла ззалал я ахи[9].

Аллагьасул ццин бахъун рагьдухъа бачахъараб
Иблисалъги тирула лахIзаталде дуниял,
Динул исламго ккречIел Мушрикиназдасанги[10]
Кашфу загьирлъиялъул харбал тIахьада руго.

---

[1] Ишазулъ
[2] Амраби (Амру)
[3] ТIадал жал тIоритIиялда тIад чIей гьабиги
[4] Аллагьасе гIололъун лъикIлъабазде хехлъи гьабиги
[5] Хассал чагIаз
[6] ГIадат бихьарал мугIжизатал
[7] ТIехь
[8] Караматазул тайпаби
[9] ХIакъаб рехун тараб мехалъ тIекъаб гурони жо щибха букIинеб, я дир вац
[10] Капурзабаздасаги

**Гьаваялда роржанхъи караматлъун рикIкIунес**
**КIкIара-тIутIалдасанги тIалаб гьабе шафагIат.**
**ШафигIасул нухккквезе мурад бугев тIалибас**
**ТIаса бище иттибагI[1], те кашфу тIалаб гьаби.**

**Шукру гIемераб гьабе, Шазилиял ихванал[2],**
**Щун бугин нилъей давла дунял ахираталъул.**
**Щварас кквезе цIакъ бахъе Накъшубандил тIарикъат,**
**ТIей гьечIеб хIаблу[3] бугин ХIабибас квералъ ккураб.**

**Абубакар АсхIабас манбагI[4] къачIаралдаса**
**АкътIабаз тIад квер лъураб кавсаралъул гIор буго,**
**ГIали АсхIабасдасан цоцахъе кьун цIунараб,**
**ЦIияб хазина буго харижалде[5] бахъараб.**

**Нилъ руго ХIасанилал, хIакъав муршидасулал,**
**ХIабибасул нухккурав Накъшубандиясулал,**
**БидгIа гъорлъе жубайчIеб тIарикъ цIунарасулал,**
**Расуласул ирсалда аминлъун[6] тарасулал.**

**МухIаммадуль Увайси, АхIмад Фарукъ Саргьанди**
**Акабиру тIтIарикъат[7] жинда разиясулал,**
**Халид Багъдадиясул, МахIмуд Афандиясул,**
**Аманат кодобе кьун бикьизе тарасулал,**

---

[1] **Суннаталда нахъ вилълъин**
[2] **Вацал**
[3] **Рухьен**
[4] **Ищц**
[5] **КъватIибе**
[6] **Божаравлъун**
[7] **ТIарикъаталъул чIахIиял**

**Тасаввуф[1] гIилмуялъул гIела нилъей щвараб хIазз[2]**
**Шайихзаби рокьиги, эз кьураб ВИРД гьабиги,**
**Вилаяту ссугъра[3] ян БастIамияс абураб**
**Эл рокьиялъул нигIмат гьитIинаб давла гуро.**

**РабитIаялъул магIна зикруялъул мунфагIат**
**Алат[4] гIемерал цIалун хIасуллъулеб жо гуро,**
**ХIабсу ннафас[5] гьабиги гьелъул шараитIалги**
**Тасрифалъул ШурухIаз[6] бицунеб гIилму гьечIо.**

**ЛатIаифал[7] гьикъани, гьезул тартиб цIехани**
**Гьеб бицине лъаларев гIалим чанги ватула.**
**Муракъаби гьариги гьезул натаижалги[8]**
**Мужтагьид[9] вугониги факъигьасда лъаларо.**

**Гьазул амру нилъеца Аллагьасде тIамуна,**
**ТIоритIаги киналго ила тIарикъил гьуда[10]**
**ГьацIул хъабаялдаса хъублъи ричIад гьабизе**
**Вагьбияб[11] тавфикъ кьеги агьлу тIарикъаталъе.**

**Умумузул адаб тун хьвадарал лъималазда**
**Лъияб къо бихьунгутIи бихьун лъараб жо буго**
**БидгIаби тIаде журан тIарикъат чIунтизабурав**
**Къавмалъул чи гурилан бицунаги рагIула.**

---

[1] **ТIарикъат**
[2] **БутIа (талихI)**
[3] **ГьитIинаб валилъи**
[4] **ГIараб мацI, грамматика**
[5] **ХIухьел ккун бачунеб зикру**
[6] **МацI (сарф) малъулеб тIехьалъул цIар**
[7] **Зикру малъулел бакIал**
[8] **Натижаби**
[9] **ЦIакъго тIадегIанав гIалимчиясул цIар**
[10] **БитIараб нухалде**
[11] **Аллагьас чIобого кьураб**

ГІабду РрахІман ХІажияв ГІасави гьедун вуго
(Къудисасиругь)
Дир устарасул кІалалъ дида манлъаралдаса
Цо рагІи цІикІкІун тІаде тІарикъаталъулъ  жубан
Дица муридзабазде кидаго манлъичІилан.

Гьединго муридасде диде манлъаралдаса
Цо хІарф цІикІкІун манлъичІин гьедана ХІасан ХІилми.
ХІисаб гьабе киназго гьел хьвадараб куцалъул,
Гьез цо-цазул цІунараб камилаб адабалъул.

Муракъаби гьаризе Аллагьас тавфикъ кьурал
Танаббагьу- нуж кантІе бицунеб хабаралде
Халикъасда цере чІун гІибадат гьабиялъе
ГІарифуназ[1] лъураб нух хвезе воре биччаге

Муридасул мисал дуй унтун гІодов ккарав чи
ГІагарда лъим бихьулев вахъине къуват гьечІев,
Гьесий лъим босун кьезе цо круиситІа[2] гьечІони
Гьев къечон хутІиялда тІад кІалъазе бакІ гьечІо.

ТІагьаясдасан файиз[3] босулел чи абуни
Анбияазул макъам эзие къварагІуна,
Унтарав чи сахлъидал, лъим гьекъезе рес ккедал
ВаситІа гІазлулъун[4] ккей элъие мисал буго.

Цинги нилъ гІадиназе тІолго ЛатІаифазда
Муракъаби гьаризе къварагІуна ВаситІа,

---

[1] ХІакъал, Аллагь лъалел вализабаз
[2] Гьоркьохъан
[3] Аллагь лъаялъул нур
[4] Гьоркьохъан гьоркьоса инлъун

**Расуласдасан файиз нилъеде щвезе ккани**
**Гьоркьов МахIмуд Афанди чIезавизе тIалъула.**

**ТIагьал машрабалдаса[1] гьес босун кьечIонани**
**Гьекъоларо нилъеца гIайнуль хIаяталъул[2] лъим,**
**ХIабибасул кодосан гьес тIалаб гьабичIони**
**ГьечIо нилъей щолеб бакI шарабалъул аквабал[3].**

**Амма муракъабатун магIиййат гьабулелъул**
**Гьенив ВаситIаялде мурид хIажалъуларо,**
**Нураниияв АхIмадил черхалда ракIги битIун**
**ТIалаб гьабила файиз[4] гьоркьов ВаситI[5] кквечIого.**

**Гьаб ХIасан Афандияс манлъун тараб нух буго,**
**Хадуб муршидзабазги гьаб тастикъ гьабун буго,**
**Гьалде хилифлъарасул халифалъи[6] бегьичIо,**
**Хулафааздa[7] гъорлъа гIазлулъана[8] багътатан[9].**

**ИттибагI суннат[10] цIуни амруялда нахъ рилълъин**
**Иршадалъул агьлуялъ гьаб гуреб нахъе чIвана.**
**Гьаваялда воржанхъун тIайрулъун[11] сверданиги**
**Суннат тарав мубтадигI[12] гьаз къабул гьавуларо.**

---

[1] **Гьекъолеб ищц**
[2] **РакIал чIаго гьарулеб**
[3] **Гьекъелалъул лъарал**
[4] **Аллагь лъаялъул нур**
[5] **Гьоркьохъан**
[6] **Устарлъи**
[7] **Устарзабазда**
[8] **ВатIалъана**
[9] **ЦинтIаго**
[10] **Суннаталда нахърилълъин**
[11] **ХIинчIлъун**
[12] **БидгIачи**

Гьазда аскIоб кIудиял мунагьаздаса буго
АЛЛАГЬасдаса гъапул цо лахIзаталъги чIчIейи,
Таклифго[1] тIад гьабичIел тIолалго жамадатал[2]
Даимго тасбихIалда РахIманасе ругелъул.

ХIаззу ннафс[3] гъорлъ жубараб гIибадатлъун рикIкIуна
ГIазабалдаса хIинкъун гьабулебщинаб гIамал,
Гьединго алжангиму нигIматал щвей мурадлъун
Ширкун хафи[4] абула элдеги гIарифуназ[5].

ГIилму тIалиб[6] кантIизе, тазниблъунги[7] букIине
Тохлъун гьоркьор риччарал хъвазин дагьал рагIаби
Дангъва гьечIеб кIал кIалъан, пищакъаб квер хъвадарун
Кагътиде чучардулев дун гIемерлъун вихьуге.

Нах бахиндал панкъ гIадин къвакIараб ракI хIеккине
“ ИхIяалда” баршадаб тIехь гьечIо гIалимасе,
ГIажам тIахьазда гьоркьоб ихIяилан цIар тезе
“Танбигьу ссаликин”-гIан мустахIикъаб лъаларо.

Тасавуфалъул[8] тIахьал хIур бетун жалго тоге
Жундун мин жунуди ллагь[9] гьел ругин тох вукIунге,
“Талхисуль магIариф” дуй цIаличIого рес гьечIеб
Гьелъул гьуинлъи дуда бихьичIого лъалареб.

---

[1] ШаргIияб тIадкъай
[2] РухI гьечIел жал
[3] Нафсалъул мурад
[4] Балъгояб ширк
[5] ХIакъал вализабаз
[6] ГIилму цIалулев чи
[7] Хадуб хурхизабураб жо
[8] ТIарикъаталъул
[9] Аллагьасул боязул цояб бо

**БахIруль мухIитIалдаса[1] жавгьар-якъут бакIарун**
**Жаниб лъураб цо хиван[2] “Хуласатуль адаб” дуй,**
**Хириябщинаб магIдан биун тIун кьучI тIамураб**
**“Буружун мушаййадат” ишкал борхулеб китаб[3].**

**“Канзуль магIариф”-алъул гIибаратал цIалани**
**ЦIикIкIина дур махIаббат[4] Сайфуллагь Къадиясде**
**КъутIбул аванас[5] хъварал мактубатал[6] рихьарав**
**Тавбу гьабун кIанцIила кIудияб гъапудахъе.**

**Гъварилъиго лъалареб, ралъад жаниб тIерхьараб**
**ТIаса Гъазанушире щвечIого чIоге, вацал,**
**Муршидзаби рукъараб букъгIатун мунавварат[7]**
**Жаннатуль бакъигIилан[8] къотIула дирни ракIалъ.**

**ТIалибасда тIалъула шайхун камиль[9] валагьзе**
**Машрикъ магърибалде ун гIалимчи вугониги,**
**Чанги гIалимчи вугев гIумру гIадада арав**
**Агьлу ттасавуфалъул[10] хIал лъайчIого хутIарав.**

**ХIасан Афандиясул гьаб рехсараб байталъе[11]**
**МустахIикъав гIалимлъун гIайибгури мун хутIи,**
**ГIилмул батIиналдасан насибго[12] гьечIев факъигь**
**КъвакIараб хубзин[13] буго данде жо цадахъ гьечIеб.**

---

**[1] Тихий океан**
**[2] Сулре (кванил стол)**
**[3] ТIехь**
**[4] Рокьи**
**[5] Гьаб заманаялъул къутIбу**
**[6] Кагътал**
**[7] Нур бараб ракьул кесек**
**[8] Мадинаялда Бакъигьалъул хобал ругеб бакI**
**[9] Камилав устар**
**[10] ТIарикъат агьлуялъул**
**[11] Назмуялда хъварал рагIабаз**
**[12] БатIинияб гIилмуялъул бутIа щвечIев гIалимчи**
**[13] Чедин (чед)**

ТIахьада жаниб гьечIеб хабар дица бицинчIо,
Хаввасаз[1] бицунелъе накълуги балагьичIо,
АкътIабазул истIилахI[2] дие хIукмулъун чIана,
ХIакъал Хулафаазул рагIаби насслъун[3] ккана.

БитIараб хабар бицин берцин бихьун кIалъана,
Бихьараб гIилму бахчи ракIалъ къабул гьабичIо,
РахIманас тIад гьабураб гIилмуялда закатлъун
Лъаларезе бикьана кьуралда рекъон налъи.

Гьанже, диналъул вацал, къалам рахIат гьабизин,
Къо лъикIилан квер хьвагIун ахIмакъ довегIан тезин,
Даимаб ХIамдгин[4] шукру Аллагьасе гьабизин,
Свалат Салам АхIмадгун агьлуялде битIизин.

Устарзабазе дугIа кинацаго гьабизин,
Гьезул адаб цIунизе тавфикъ тIалаб гьабизин,
Тавбату ннасухIалде[5] сахIихIаб ниййат[6] лъезин,
Санад[7] бацIадаб тIарикъ тIаде босун хIалтIизин.

Кье Аллагь истIикъамат[8] мун лъай Макъсуд[9] бугезе
Лъайзе гьабе я, гIалим, гIилмуялдасан мурад,
Мун разилъи матIлублъун[10] ТIагьал суннат ккуразе
Сагьлу[11] ризкъилъун гьабе тIолго гIибадаталъулъ.

---

[1] Хассаб агьлуялъ
[2] ТIад рекъараб жо
[3] ЧIван къотIараб хIукмулъун
[4] Рец
[5] БацIадаб тавбуялде
[6] Сахаб ният
[7] Рахас
[8] ВитIун чIей
[9] Мурад
[10] ТIалабгун
[11] Бигьалъи

**АлхIамду- бацIцIадаб рецц лиллагьи - Аллагьасе**
**ГIала кули хIалин киналгоги ахIвалазулъ**
**Абадияб, даимаб Свалат Салам тахIиййат**
**МухIаммадун МустIафа Расуласда лъе, Аллагь!**

**Агьлу асхIабзабада анбияъ[1] Русулазда,**
**Эзул нухда рачIарал тIолго табигIиназда,**
**ГIалам иршад[2] гьабулел гьал машаихзабазда,**
**Гьезде игIтикъад[3] бугеб АхIмадил умматалда.**

**Дунги дур мискинав лагъ мунагьазда даимав**
**Дурго ГIафву хIилмуялъ тIаса лъугьун те, Аллагь!**
**Ана гIабдука ззалиль анталь агIаззуль акрам**
**Фаакримни бифазлик я акрамаль акрамин[4].**

**Ана ГIабдукаль факъир анта гъаниййун ХIамид**
**Фаагънини биттакъва я канзал фукъараи[5]**
**Ана ГIабдукаль гIаси анта гъафурун рахIим**
**Фагъфирли биманника я агьлаль магъфирати[6]**

**Ана ГIабдукаль муфлис анта жаввадун карим**
**Фажуд БилутIфика я залжалали вальикрам[7]**
**Ана ГIабдукаль хаиф анта ттаввабу ррахIим**
**Фатуб бирахIматика я аманал хаифин[8]**

---

**[1] Аварагзаби илчизабазда**
**[2] ТIобитIулел**
**[3] РекIел чIей**
**[4] Дун Дур хIакъирав лагъ ккола Мун цIакъ тIадегIанав, хирияв вуго Дур цIобалдалъун дунги хира гьаве, Я хириязулги бищун хирияв**
**[5] Дун Дур мискинав лагъ вуго, Мун бечедав, реццалъе мустахIикъав вуго дун такъваялдалъун бечед гьаве, Я мискинзабазул хазина.**
**[6] Дун Дур гIассияв лагъ вуго, Мун гурхIулев, мунагьал чурулев вуго. Дуца Дурго цIобалдалъун дир мунагьал чуре, Я мунагьал чурулев.**
**[7] Дун чIовогояв Дур лагъ вуго, Мун цIа кьолев сахаватав, гурхIулев вуго. Дур гурхIалидалъун Мун дие сахавалъе, Я кIодолъи тIадегIанлъиялъул БетIергьан.**
**[8] Дун дур хIинкъарав лагъ вуго, Мун цIакъ тавбу къабул гьабулев, гурхIулев вуго. Дур рахIматалдалъун Дуца дир тавбу къабул гьабе, Я хIинкъарав кIанцIулев.**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Щазилиязул силсилат

**ГIедегIун тIаде рахъа тIолго, диналъул вацал,**
**ТIарикъаталъул гIаркьел гьурщизин бищаразе,**
**Барщараб пихъил тIагIам тIад балагьун лъаларин**
**ТIун кодоб босарасе камиларо баракат.**

**Кванан тату лъарасда тезе кIолареб нигIмат**
**Метералде тIамуни тIокIлъиларо даража,**
**ТIад хIе жемун бахчараб жавгьаралъул хазина**
**Хекко балагьаразда нафсалъ хIанчIилароан.**

**Нилъер беразул канлъи киназего нур щварав**
**ШафагIатазул магIдан[1] МухIаммадун хIафиййун (с.гI.в),**
**ХIабибулагь вохарав Хайбаралъул багьадур**
**ГIалил силсила щварал шазалиял рикIкIинин.**

**ШафагIат насиблъаял Расуласул мухъилал**
**Рахъараб тартибалъул турки гьабун ахIизин,**
**АкътIабазул кIудияв ХIасан разия ллагьу**
**ХIакъав Бичасул вали Абу МухIаммад Жабир.**

**СагIидгун ФатхIу СсугIуд, хадур СагIдугун СагIид**
**Сирру[2] рекIелъ тIамурал ТIагьаясул муршидал,**
**АхIмадгиму, Ибрагьим, Зайнуддингун Шамсуддин**
**Даража камиллъараб караматалъул агьлу.**

**Тажуддингун Нуруддин, Фахруддин, Тукъаюддин**
**Къадирасде гIагарал гIуламаазул[3] цоял,**

---

**[1] Ищц**
**[2] Балъголъи**
**[3] ГIалимзабазул**

Цингиги ГӀабдуррахӀман, ГӀабдуссалам Афанди
Къуваталъулъ тӀокӀазул тӀоцересел кьерилал.

Абул ХӀасан Шазали, Абул ГӀаббасил Мурси
Муъминзаби урхъарал Аллагьасул рокьулел,
Гьезда хадув Тажуддин бину ГӀатӀаилагьги
Давудул Бахиллигун МухӀаммад БахӀруссафа.

ХӀикматазул ралъдалъе лъедарал вализаби
ГӀалийййубну Вафагун Сайиди ЯхӀяйила,
ХӀилмуялъул[1] гӀор гьекъон къеч бусарал акътӀабал[2]
Абул ГӀаббас АхӀмадгун АхӀмаду Ззарукъила.

Дунялалъул чӀаголъи чӀалгӀаде балъаргъарал
Абу Салим Ибрагьим, ГӀали Сунгьажийила,
ГӀибадаталда квелъ бан кашфулъи загьирлъарал
ГӀабдуррахӀманил Мажзуб Юсуфуль Фасийила.

Цингиги ГӀабдуррахӀман, Сайиди МухӀаммадгун
Ла илагь зикру гуреб зарраялъго нахъчӀварал,
Хадур Сайййиди Къасим, Абул ГӀаббас АхӀмадгун
Аллагь рехсон хӀалхьарал чӀахӀиял вализаби.

ЧӀаго ракьалда рукӀун бокьухъе нафс биччайчӀел
Сайййидил ГӀарабигун Абул ХӀасани ГӀали,
Жидер рекӀел зикруялъ зобал, ракьал гвангъарал
Мавлаял ГӀарабигун МухӀаммад Финжирила.

ХӀакъалдалъун Аллагьас тӀоритӀарал муршидал
ХӀабибуррахӀмангиму МухӀаммад ГӀали Загьир,
РекӀел чирхъал гвангъарал, черхалъул нур камилал
МухӀаммад СалихӀгиму Сайфуллагь Къадийила.

[1] ХӀалимлъиялъул
[2] КъутӀбуял

Аллагьасул къуваталъ къадру борхизабурав
Заманаялъул къутIбу ХIасан Афандийила,
Гьесда хадув Халикъас хира гьавун вижарав
Хирияв нилъер устар ЯгIсуб МухIаммадила.

Умматалъе хIалае ХIабибас жив витIарав
ХIакъав Бичасул вали Гьандихъа ХIумайдила,
Муъминзаби кантIарав, капурзаби хIеларав
ХIумайд Афандил вакил МухIаммад ГIурийила.

ХIабибасул ТIарикъат умматалъе бикьулев
АкътIабазул халифа Инхоса ГIабдул ХIамид,
Рехсарал шайихзаби шафагIаталъул агьлу
Щаклъи гьечIел муршидал – Бичасул салам лъеял.

Сайгъат гьарун Аллагьас АхIмадил умматалъул
Унтабазе дарманлъун дунялалде риччарал,
Диналъул вац-яцазе нуралъул чирхъал гIадал,
Чара гьечIеб сагIаталъ сабаблъун жал ратулел.

Жанир ракIал чуризе чвахулеб Файзалъул лъим
Чорхол мунагь дагьлъулел дарудал тохтурзаби,
Диналъул тушманалда тункулел цIадул чIорал
ЧIухIараб гьава къине къуват кьолел муршидал.

Къваридаб лахIдуялъур хазиналъун ратулел,
Хабалъ кIал гьикъулелъул къаданирги жал чIолел,
Къиямасеб къоялъги къварилъаби цIикIкIиндал
ЦIер гIадин муридзаби гьаркьихъе ракIарулел.

Гьабураб гIамал цIалел цIадирабада аскIов
ЦIоб гIатIидав Аллагьги эзий гIоло гурхIулев,
БухIараб жужахIалъе жавабилаллъунги чIун
Жаннаталъул кавудухъ кверал ккун нилъ рачунев.

Камун тоге, БетIергьан, ТIагьаясул муршидал
ТIолго муъминзабазе шафагIат-тIалабалъе,
Щваги эзул баракат киналго вац-яцазе
Квешабщинаб гIамал тун тавбуялде руссине!

Дур цIобалде хьул лъурав пакъирасул рагIаби
Къиямасеб къояца пайдалъун хъваги, Аллагь,
Пуланав загIифасул назмуялда рекъарал
АкътIабазул баракат камун тоге, я Рабби!

АМИН

**************************************************
****************************
**************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

## Шамиль имамасде

ВачIа, Шамиль имам, хвалченги босун
Халкъалда шаригIат кIочон тун бугин,
Вахъа, гъарин, тIаде гъуждулги гурун
Жагьлу[1] бергьун бугин Дагъистаналда.

Динул исламалъухъ рухIал ричарал
Раче, Имам, цадахъ дол шугьадаал[2],
УхIуд ХIунайналъул къиса кIочараб
Къо хIехьон рагъарал гIолохъабигун.

[1] Лъавукълъи
[2] Шагьидзаби

ГIадлу-диваналъул аслуги тIагIун
Суратцин хутIичIо дур улкаялда,
Иман-Исламалъул дарсалги къотIун
Дин хараблъун бугин магIарулазул.

Магъриб-Машрикъалда цIар бугев Асад[1]
Аман, вугеванищ жакъа мун чIаго,
Икълим[2] чIухIараб Садд[3] мугъчIвалеб галан
Гурилаан гъуждул гъазаваталде.

Дур хIукму къотIулел къадизабазухъ
Къойилго гIодула гIажизаб агьлу,
ГIисян фискъуялъул[4] къадру лъугьиндал
КъулчIула ццидал лълъар муъминзабаца.

Мунагь-хатIаялъул хал гьабиги тун
Тавбу рехун буго жагьлу бергьиналъ,
Жигьадул акбарлъун[5] дунял гIуцIи ккун
Даул гIуззал[6] буго гIаламалде щун.

ШаргIалъул хвалчаби тIаса росидал
Пасалъана, имам, халкъалъул тадбир,
Хириял Усулал[7] ракьде руссиндал
Руссана фуругIал[8] дур тушбабаде.

Дур гIадлуялъул цIал гIодоб хутIидал
ГIатIилъана рухса[9] фасикъзабазе,

---

[1] ГъалбацI
[2] Улка
[3] Сангар
[4] ГIассилъи-пасикълъи
[5] Бищун кIудияб гъазаватлъун
[6] Сахлъулареб унти
[7] Умумал
[8] Лъимал
[9] Бигьалъи

Нифакъалъул[1] агьлу, иман гьечIеб къавм
Эркенлъи щун руго, Шамиль, мун индал.

Адаб-хъатиралда къоно тIамуна
Къо-лъикI гьабун дуца сапар бухьиндал,
Намус-яхIалда тIад гIуру лъугьана
ГIараб улкаялде мун накълулъидал.

ГIещдерил гохIалъги чIегIер бахъичIо
ЧIегIераб бидул хIор тIад чIаралдаса,
ТIокIаб гъузатазул[2] бо данделъичIо
Гъуниб мегIералда накIкI лъуралдаса.

Дур гъазаватазул пикру гьабидал
Паналъула, имам, ракIалъул хивал,
Хвалчабазул гIоркьал гIей гьабун чIарал
ГIолилал рехседал рихуна дунял.

Халикъасул хIукму боржалалде щун,
Шамиль, мун аниги инчIо баракат,
Абадияб рокъов мун вуссаниги
Бесдаллъун хутичIо хирияб уммат.

Халкъ иршад[3] гьабулел муршидзабазул[4]
Зумрат[5] тIаса инчIо икълим[6] гвангъарал,
Аллагьас дур гьари къабулги гьабун
КъотIичIо гьоркьоса гьазул силсилат[7].

---

[1] Мунапикълъи
[2] Гъазизабазул
[3] ТIоритIулеб
[4] Устарзабазул
[5] Къокъа
[6] Улка
[7] Устарзабазул рахас

Гьидаят[1] бокьарал муъминзабазе
Машаихзабазул тавлият[2] буго,
Тавбу гьабуразе гьекъезе кьолеб
Гьезухъ шарабалъул аквабал[3] руго.

Аллагьасде унеб тIарикъ манлъизе
ТIокIаб гьунар буго гьел акътIабазул[4],
АхIмадил суннатал чIаго гьаризе
Гьезул махщелалъул бицун кIвеларо.

БихьичIев чиясда бицун лъалареб
Берцинаб махI буго ракьалда щущан,
РухIазул хIалхьолеб хIаятул къулуб[5]
ХIабибасул Варис[6] вуго нижей щун.

Щварасда бицине гьабан лъалареб
ГьацIул тIагIам буго тIутIалда лъураб,
ТIезе квер бегьани бигьаго щолеб
Бижун буго тамру[7] Дагъистаналда.

Накъшубандиязул силсилаталъул
Саййидзаби[8] руго нижеда ратун,
РакIалъ Аллагь рехсон унсалда[9] чIолел
Агьлуллагьалги лъан рохун руго ниж.

---

[1] ВитIун ккей
[2] Бер балагьи
[3] Гьекъолеб жоялъул лълъурдул
[4] КIудиял вализабазул (устарзабазул)
[5] РакIазул чIаголъи
[6] Ирсилав
[7] ЧамарсакI
[8] КIудиял чагIи
[9] РекIел чIей

**Жиб рекIелъ къарарлъун[1] сиддикъ[2] вохараб**
**Сидкъуялъ[3] мехтарал маламиятаз[4],**
**Муридзабилъун кквей ризкъилъун гьабун**
**Гьадин руго, имам, Аллагьас хьихьун.**

**Эбел-инсудаса рахIму кIудиял**
**РухIамаал[5] руго тарбияталъе,**
**Лъай гьечIел авладал[6] умумуз гIадин**
**Эз ниж куцалел куц квешлъаби тезе.**

**Кинниги аб жагьлу бецIаб жо буго**
**Берал ричIаниги нур бихьулареб,**
**БатIин[7] бацIцIалъичIеб черхалъул гIамал**
**Чидае бекьараб хурлъун батула.**

**Лъида гIайиб чIвалеб, гIазизал вацал,**
**ГIайибалъул цIураб черхги букIаго**
**Чан балагьаниги гьечIо бихьулеб**
**Гьаб дир  нафсалдаса чорокаб махлукъ.**

**Акъвалаз[8] гуккараб дир кIал-мацIалда**
**КIолеб гьечIо тезе ругьунаб пиша,**
**ГьитIинго босараб сурукъаб гIамал**
**ГIумругун херлъидал хун буго дир иш.**

**Хулафааздалъун[9] ТIагьаде щвезе**
**ТIокIаб анищ буго гIолеб батани,**

---

**[1] ЧIун**
**[2] Абубакар асхIаб**
**[3] РитIухълъиялъ**
**[4] Хасал**
**[5] ГурхIулел**
**[6] Васал**
**[7] РакI**
**[8] РагIабаз**
**[9] Устарзабаздалъун (вализабаздалъун)**

ГIайиб тIаде  боссе хIадурав вуго
ХIалтIичIого кьолеб ужра бугони.

Астагъфируллагьан кIалалъги абун,
Иманалъул шартIал тIуран ккеладай
ТIад ругел хIукъукъал жахIалгоги тун,
Тавбо бегьиладай дун-гъаримасул?

Дунял-гIаламалъе канлъи кьолеб бакъ
Кинго гIолеб гьечIо гьунар вихьизе,
Гьаб кавну[1] гвангъараб гургинаб къамар[2]
Къадру дур лъайчIого лъеладай хабалъ?

Халкъалда нур балеб шамсул магIариф[3]
Шамаилал[4] цIалун къварилъула ракI,
Къуръаналъ куцараб тIабигIаталда
ТIинкIун уна магIу инкъияд[5] бокьун.

Къавлу пишаялъулъ мисал босизе
Инсанлъун вижарав жавгьаралъул нур,
Гьаб жагьиллъиялда дуниял тани
Дур умматалда гъорлъ кин вахъун чIелев?

Камалатал тIокIав тIайбаталъул[6] хан
ТIолго агьлу суннат мун сверун чIедал,
Мунагь хатIабазул гьиралги раччун
Гьезда гьоркьов къазе къасд кин гьабилеб?

---

[1] ГIалам
[2] МоцI
[3] Лъаялъул бакъ
[4] ТIабигIатал
[5] МутIигIлъи
[6] Мадинаялъул ракь

**Къасават[1] бергьараб дир ракI чуризе**
**Чвахизабе, ХIабиб, дур файзалъул лъим,**
**ЛъикIал ахлакъазда дун ругьунлъизе**
**Рай, ТIагьа, черхалда шаргIалъул рахсал.**

**Шамиль имамасул давлаталдаса[2]**
**Дурго умматалъул цо факъир вугин,**
**Фискъу-нифакъалъул асар тIагIине**
**ТIе дир ракIалдеги нурул магIрифат[3].**

**Машаихзабазул адабал кквезе**
**Аллагь, дуца манлъе ниж киназдаго,**
**Камилаб игIтикъад[4] ризкъилъун гьабун,**
**Гьезул назраталда[5] ниж даим гьаре.**

**Диналъул вацасе гьадияталъе**
**Гьабуна нузаймат[6] ракIалде щвезе,**
**КIудияв инсуе васасул сайгъат**
**Салам-кагъат дуде дир, МутагIилун.**

****************************
**********************
***************

---

[1] РакI бицалъи
[2] Улкаялдаса
[3] Аллагь лъаялъул нур
[4] РекIел чIей
[5] Балагьи
[6] ГьитIинаб назму

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими*

# Коммунизма биххун хадуб Шамилиде гьабураб

ВачIа Шамиль имам Дагъистаналде
Динул исламалъул байрахъги босун,
Вахъинарищ тIаде Саййидул абтIал[1]
Икълималъе[2] щвараб рохел баркизе.

Бидул гIор чвахараб ГIещдерил гохIги
ГIащикълъун батилин мун вихьиялъухъ,
Гьенир рукъун тарал шугьадаалги[3]
Щвела мурадалде дуда берчIвани.

Динул исламалде нуцIаги къирун
БецIлъарал курмузде канлъи щун буго,
Купруялъул накIкIлъун нур свараб иман
РахIматалъул бакъ щун гвангъулеб буго.

Ширкалъул цIа рекIун бухIараб тавхIид[4]
ИхIсанияб[5] цIад бан тIищалеб буго,
Щубгьа-хIарамалъул цIураб Дагъистан
ЦIияб базру[6] хьазе къачIалеб буго.

ЧIунтун хараблъарал масжидазда тIад
ТIохал меседил лъе рес бугелаца,

---

[1] БахIарзазул кIудияв
[2] Улкаялъе
[3] Шагьидзаби
[4] Иман (Аллагь цо гьави)
[5] ИхIсаналъул
[6] Хьон

**Росаби гвангъизе минарабазда**
**Маргъал-якъут бекье къуват гIунтIани.**

**ГIадатазе лагълъи гьабулелщиназ**
**Гьабе гьанже тавбу, русса диналде,**
**Рушват кьун наслаби цIадаре гъолез**
**ЦIияб мадрасалде буссинабе мал[1].**

**Макьилъ бихьаниги божи лъалареб**
**Боржал тIаде щвейдал щвараб эркенлъи,**
**Исламаги хIатIикь лъун хIукумат квараз**
**Кверал рорхе гьанже гIакълу батани.**

**Тавбудул хвалчаби кьватIирги рахъун**
**Хъвехъе бусурбаби нафсалъул бугъби,**
**Намусгин яхIалъул чуялги кьолон**
**Чангит бахъун риччай гIолохъабаца.**

**ГIадлу-тадбиралда лъимал куцазе**
**Киназго цIакъ бахъе нахъа батила,**
**БидгIа[2] гIадатазе гIорхъабиги лъун,**
**ГIилму тавхIид[3] бекье ракIазда жаниб.**

**РухIанияб токалъ иман цIикIкIине**
**Усулу диналъул[4] дарсал байбихье,**
**Динул къавималда[5] къулубал[6] чIезе**
**Къуръаналъ кьучI тIаме тIалибиназе[7].**

---

[1] **БоцIи**
[2] **Суннаталде данде кколареб жо**
[3] **Аллагь цо гьавулеб**
[4] **Диналъул аслабазул**
[5] **БитIараб диналда**
[6] **РакIал**
[7] **ТIалаб гьабулезе**

ТIотIол гъойсги бецщун гьоцIо какулез
Гьаре анализал тату бихьизе,
Умумузул нухде рехарал ганчIал
Газа-раххан къачIай нахъе гьаризе.

ГьечIел бугьтанал лъун исламги какун,
Араб заманалъухъ тIе бераз магIу.
ГIайибго гьечIого туснахъги гьарун,
Сибиралда хварал, воре, кIочонге.

РухIаниял абун инжитги гьарун,
Умумузда ккараб кIудияб зулму,
Диналъул агьлуян тушманлъиги ккун,
Таманав муъминчи лъуна ракьалда.

Ислам цIунаразда михирги бачун,
Чадихъ яхI бичараз борхана байрахъ.
Бисмиллагь бахъизе лъалел гъуризе
Хъачагъал тIамуна чекаян абун.

Бечедалги какун колхоз гьабидал,
Коммунистаз гIадаб жого гьабичIо.
Киса бугелщинал асирги гьарун,
Аз чахьал гьаруна чурудаги ккун.

Чинал цIикIкIанагIан ихтиярги щун,
Эзулъ ламусалъул асар хутIичIо.
Совет улкаялъул божарал бацIаз
ЦIцIуна гIемераб би гражданазул.

Дида бичIчIулареб цо гIалам буго
ГIодор чIун гваналел КГБ абун,
Кидаго битIараб кIалалъ бицинчIел
МакручагIи руго гIадада хьихьун.

**ГІорхъаби цІунизе армиги бугин,**
**Аз хьихьулеб щибдай рокъорги регун.**
**КъварагІил ккканани гІадлу гьабизе**
**Милицигилъидал, азул гьунар щиб?**

**Гьазул рокьукълъиялъ асар гьабичІеб**
**ГьечІо дунялалда цониги миллат,**
**ЦцихІин гьал рихьарал пачалихъазул**
**Пошолин абичІеб цониги гьечІо.**

**Гьуинаб кодоб кьун, кьогІаб нахъа лъун,**
**Балъаргъана гьаз халкъ лъимал кинниги,**
**ЛъикІабщинаб гьукъун, квешаб биччан тун,**
**Коммунизмайилан бачана далай.**

**Кодор белталги ккун гьал коммунистаз**
**Кванана пачалихъ инсул мал[1] гІадин,**
**Министерзабиян цІар лъун таралги**
**ЦІогьабазул бутІрул жалго ратана.**

**ЦІоб тун гІарац-месед азги талагьун,**
**Тамашалъи гуро гІалам мискинлъи.**
**Миллионаз боцІи азги нахъе лъун,**
**Уяб букІинарищ хІукумат бакъи.**

**ХІукму битІарав хан халкъалъе вокьи**
**Рокьукълъун бихьарал нуж субалочал,**
**Совет халкъалъе нуж цІакъ дагьал чагІи**
**Дагь-дагьккун гьабилеб нужое хІукму.**

**Нужоца гьабичІеб, халкъалъ хІехьечІеб**
**Щибго жо хутІичІин хадур балагье,**

---

**[1] БоцІи**

**Бицине кIал хъахIал пударухъаби**
**Пураб гIела зурма лъабкъого соналъ.**

**КъватIулъа лъугьарав Ленин гурони**
**Лагълъи гьабизе жо батичIо азда,**
**Эсул гъосол махIалъ махIцараб дунял**
**Дезинфекци гьабун чуре, гIадамал.**

**ГIайиб нужода чIван бицунеб харбил**
**Цо парацент буго гьаниб рехсараб**
**Гьадин нужги какун керен чучизе**
**Чанги анищалда ана дир гIумро**

**ГIисян фискъуялда[1] рекъараб бицун**
**Макъалаби хъвайзе хIадурал къалмал,**
**Инкъилаб[2] лъугьиндал къуватищ хвараб**
**КъватIиб загьирлъулеб щибго жо гьечIин.**

**Гьуриги свеgóнин сиги (галан) бихханин**
**Божи гьечIогойиш гьедин нуж чIарал?**
**Гьаваги хисанин хаселги анин,**
**Хисе ратIлил форма писательзаби.**

**Партиги махIцанин динги цIилъанин,**
**ЦIияб гIумроялде раче пикраби.**
**Коммунизмаялъул биценги танин,**
**Бице гьанжегIаги дин-исламалъул.**

**Атеизмаялъул группабиги**
**Психологазда тIадкъазе ккела,**

---

[1] **ГIассилъи, пасикълъи**
[2] **Хис-бас**

**ТIадчIун варачаца лечит гьаризе**
**Гьал тун ирга щолев чи вукIинаро.**

**Азул гIилмуялъул цебетIей лъайзе**
**Цо хабар бицинин маладежалъе,**
**Маргьабалъ жиб рехсон лъимал релъизе**
**Лъезин цо-кIиго байт элъул хIакъалъулъ.**

**Аз доказат гьабун тIубан букIараб**
**ТIоцебе ракьалда халкъ бижараб куц,**
**Маймалакалдасан инсан вижанин,**
**Абун хъвадарарал азул чIахIиял.**

**Эбелалда ургьир жалгоги регун,**
**Жагьиллъи бихьулищ бицунеб харбил?**
**Халикъасул лагъзал жалгоги рукIун,**
**ЖужахI тIаса бищи къосин гIеларищI!**

**ГIакълу бугелщинал тIад релъанхъидал**
**ТIад къоно лъезини лъай щвана азий,**
**Лъай бугелщинаца жал ралъаргъидал**
**РуцIцIун чIана хIамул чараги къотIун.**

**Чорхол чIаголъиялъ къолъикI гьабидал**
**КъваригIинел нужой квер базе бакIал,**
**Каранде рухIги щун хIакъикъат лъайдал**
**Лъалев ножодаги халкъалъул магIбуд**[1]**.**

**Хвалил мехталилъе лъугьун хадуса**
**Лъураб иманалъги нуж цIунуларел,**
**Амма сах рукIаго тавбу гьабуни**
**РахIмат-цIобалдаса хьул къотIиларо.**

---

[1] **Лагълъи гьабизе кколев Аллагь**

Абул Муслим шайих вохун ватила
Хунзахъ азаналъул[1] гьаракь борхидал,
Хваразул рухIалги чIухIун ратила
ЧIунтарал масжидал цIи гьари лъайдал.

Гендерил къварилъухъ байрахъалги чIван
Бице имамасде ислам цIи гьаби,
Иванил партиялъ къо реханилан
Рохел загьир гьабе гъазизабазе.

ГьоцIалъа ХIамзатил хабаде араз
Уяб бугин абе хIукумат бихьи,
Марксил къанунazул[2] къуватги дагьлъун
КъватIир чIанин бице дажалил лъимал.

Динул исламалъул гьаракь бахъиндал,
Гьал коммунистазул хIинкъи бихьулищ?
Мекъаб цо истатья хисунин абун,
Хахинир рилълъизе гIагарлъана гьал.

ГIадамазда гьоркьоб питна бекьизе
Пишани цIакъ буго ал гавуразул,
Исламалда жаниб рикьаби ккезе
РухI бичулеб буго мунапикъзабаз.

Халкъалде гьоркьобе ракьа рехизе
Ругьунал гьабзазул гьазий хиралъи,
Хиянат-рекIкIалъе махшел цIикIкIарав
Бищун ал божарав Кирюха вуго.

Биччанте цIилъизе цIияб стройка
ЦIуне, бусурбаби, исламияб нух,

---

[1] Как ахIиялъул
[2] Законазул

Хвалил лълъар кидаго компартиялъе
Квешабщиналде халкъ ругьун гьабураб.

Шамиль имамасул “Магъази”[1] цIале
МагIарул яхIалъул къуват цIикIкIине,
Къойил тадрис гьабе гIолохъабазе
МугIрузул бисазул сиярал[2] лъазе.

Свак тун гIалимзабаз бичIчIизе гьабе
ГIилмуялда рекъон хьвадизе ккейи,
ГIукъалаал[3] ургъун сулхIалде[4] бачун,
Свинабе халкъалда гьоркьоб бугеб цIа.

Хирияв имамас цолъизарурал
ЦохIо хъизан гурищ нилъгин чачанал?
Цоцаде хIал щведал хIалай ратулел
ХIакъал ихваналин[5] нилъ – бусурбаби!

Исламалда жаниб данде кколареб
ДагIба-рагIиялъ нилъ церетIеларо,
Цоцазул боцIи-мал, бигин гIирз[6] цIуни
ГIаммаб налъи буго нилъеда тIадаб.

ТIоцебе дунилан иблис кIалъана,
Дицаян абурав ПиргIавнги вуго,
ГIакълу цебе гьабун, щцин нахъе гьабун,
Цадахъ рекъон хIалтIе, диналъул вацал!

Дунялги гIатIилъун эркенлъи щведал
Абищ нилъер шукру БетIергьанасе,

---

[1] Гъазаватазул хIакъалъулъ хъвараб тIехь
[2] Хьвада-чIвади (гIумру)
[3] ГIакъилзаби
[4] Ракълиде
[5] Вацал
[6] Намус (къадру)

ТIаса лагълъиги ун хIуриййат[1] щведал
ХIехьезе кIойчIони ахир щиб ккелеб?

Аб дунялалъ гуккун, ахират кIочон,
КIалалъ бицун харбил хайир ккеларо,
Хиянат рекIелъ ккун, ният пасалъун
Гъабураб гIамалалъ нилъ рорчIиларо.

ГIалимзаби ккола нуралъул чирхъал
Нахъияб халкъалъе мисаллъун ругел,
Варисзабиги[2] эл Аварагасул (Жинда салат-салам лъеяв)
Умматалъул тадбир жидеда барал.

Жал гьечIони гIалам пасалъун унел
Уманаал[3] ккола гьел исламалъул,
Гьезул хIукмуялда гIамал гьабичIев
ГIассиявлъун ккола Бичасда цеве.

Амма гIалимасул цIаралда нахъа
ЦIогьал рахчун ратун чара хун буго,
Чахъабалъ кIанцIарал хъурмузул гIадаб
ГIадлу азул бихьун ракIбакъван буго.

КIалал гIарабиял, ракI гIажамиял
ГIалимзаби руго рихьизе цере,
ГIамал фуссакъазул[4], мацI гIубадазул[5]
ГIадамал ратула фукъагьаазулъ.

Пахруялъ чIваразул чIухIарал курмул
ЧIунтизаре, Аллагь, тавазугIги[6] кьун,

---

[1] Эркенлъи
[2] Ирсилал
[3] Божарал
[4] Пасикъзабазул
[5] ГIабидзабазул
[6] ЧIухIи гьечIолъи

**Тавбуго бихьичIел гьазул ракIазде**
**Гьидаяталъул[1] нур биччан те, РахIман!**

**Нафсул аммаратаз[2] кверде росарал**
**КантIизаре, Аллагь, хIакъикъаталде,**
**ХIакъаб нухда чIезе гьунар гIоларел**
**ГIавнуялъул[3] рахсаз рухье, БетIергьан!**

**Рогьел бан бихьидал бакъ баккиялде**
**Интизаргун[4] ругел нижеда гурхIа,**
**НакIкIул бецIлъиги ун зобал роцIиндал**
**МоцI бихьиялдаса махIрум гьаруге.**

**Гьабун бажарулеб тIагIатги гьечIин**
**Т1аса лъугьа, Гъафур[5], гъапулав дида,**
**Дур лагъ вукIиналда разияв пакъир**
**Ризванул акбар[6] кьун вохизавун те.**

**Халкъалъул хирияв дур ХIабибасул**
**Умматалда гъорлъ тей гъуфранлъун[7] гIела,**
**ГIаламалъул СултIан Авараг вати**
**Ризванул акбарни[8] эбги гIун буго.**

## ТАММА

****************************************
**********************************
***************************

[1] РитIун ккеялъул
[2] Квешалде ахIулел нафсаз
[3] Кумекалъул
[4] Халккун (балагьун)
[5] Мунагьал чурулев
[6] Бищун кIудияб разилъи
[7] Мунагьал чурилъун
[8] Бищун кIудияб разилъи

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# МахIмуд афандиясде гьабураб

Вуго МахIмуд Афанди АхIмадил хазиначи
Хулафаал[1] гьоркьор ккун умматалъе бикьулев,
Вуго МахIмуд Афанди файзалъул[2] бахIрун гIамикъ[3]
ГIаламалъ гьекъаниги мукъсанлъи-ками гьечIев.

Вуго МахIмуд Афанди агьлу ллагьазул[4] сираж[5],
Судуразе[6] канлъи кьун ракIал гвангъизарулев.
Вуго МахIмуд Афанди муршидзабазул къутIбу,
РабитIаялъул агьлу ТIагьаясде рачунев.

Вуго МахIмуд Афанди манбагIул хIакъаикъи[7],
Накъшубандиюназул аманат жинде бугев.
Вуго МахIмуд Афанди ХIабибасул кодосан,
Кинавго муридасе дару гьабулев тIабиб[8].

Маъзуну махIмудина хIажу ила байти ллагь
Жабраилун Афанди шайху машаихина[9]

---

[1] Устарзаби
[2] Нуралъул
[3] Гъваридаб ралъад
[4] Аллагьасул агьлуялъул
[5] Чирахъ
[6] Курмузде
[7] ХIакъикъатазул ищц
[8] Тохтир
[9] Нилъер МахIмудил маъзун, Аллагьасул рукъалда хIаж гьабурав нилъер шайихзабазулги шайих ЖабрагIил Афанди.

**Фалмуршидул камилу алхIажу ГIабуррахIман**
**ГIасавиййу мавлидан алмадфуни билхIарам**[1].

**ХIасан хIилми Афанди мажмагIул фуюзати**
**ГIалин фил макъамати къаимин биссуннати**
**ФахIа мингьу билмискил гIажиби фил икълими**
**ФантафагIал агьали мин тIибигьи закиййат**[2].

**Фаштагьара савтугьу билкъутIби фи гIасригьи**
**Ва балагъа амругьу маблагъал мужаддиди**
**Ва сара акъвалугьу литIтIуллаби жавгьаран**
**Жаа тасанифугьу фи ттагьзиби загьабан**[3].

**Ва къатIагIа сайфугьал магIнавиййул хIужжатал**
**Муташайихина фи тIарикъи садатина**
**ФартафагIал ишкалул мин судури мислина**
**Ва сафа къулубуна мин гъайми бидгIатигьим**[4].

**МухIаммадул ГIасавил мавсуфи билягIсуби**
**Къаимин макъамагьу биизнин мугIтабарин**[5]

---

[1] Камилав муршид ГIабдурахIман ХIажияв, ГIасаб росулъ гьавурав ХIарам ракьалда вукъарав

[2] Файзалъул гIорал данделъарав ХIасан Афанди макъамал тIадегIан суннат бахъунчIезабурав гьесдаса икълималда гIажаибаб мискалъул махI тIибитIана, ва гьесул гьуинаб махIалдаса гIемерал гIадамаз мунфагIатти босана.

[3] Гьесул цIар тIибитIана жиндир гIасруялъул къутIбу вугилан, гьесул амруги бахана мужадидасул бакIалде, гьесул рагIабиги муридзабазе жавгьараллъун лъугьана, гьесул тIахьалги бацIцIадаб месед гIадин рачIана.

[4] Гьесул магIнавиял хвалчабаз нилъер кIудиязул нухазда, гьереси-шайихзабазул хIужаби къотIизаруна, гьелдалъун ниж гIадиназул ракIазулъа ишкалал тIаса ана, гьезул бидгIабазул накIкIалдаса нижер ракIалги рацIцIалъана.

[5] Цинги ЯгIсубилан жинда абулев ГIасаса МухIаммад, халгьабураб изнуялъул ХIасан Афандиясул бакIалда чIарав.

**Маъзуну ягIсубина мулакъаби бихIумайд**
**МухIаммадул гьандихъил гьадил халкъи илаллагь[1].**

**Фаустазу устази маъзуну хIумайдина**
**МухIаммадул гIуриййи раятул исламийййат[2]**
**Аманул муршидина ва канзу икълимина**
**МухIаммадун гIарифун хIавил гIулуми биллагь[3] .**

**ГIабдул хIамид афанди фахIамзатул лъахъиййи**
**Халифатал гIуриййи фил иршади бил хIакъи[4]**
**Фалмужазу мингьума МухIаммадул хучади**
**Муршидунал камилул мукаммилу била райиб[5] .**

**Адамалагьу лана бакъаагьу лилиршад**
**Акъамагьу ллагьу филмакъаматил гIалияят**
**Жаза ллагьу гIанна хайрал жазаи я устаз**
**Васаламу гIалакум мини аюгьал ихван[6] .**

## ТАММА

***********************************************************

*****************************************************

**********************************************

[1] ЯгIсубияс изну кьурав, ХIуммайдилан абулев, Аллагьасул нухде халкъ тIобитIулев Гьандихъа МухIаммад.

[2] Дир устарасулги устар ХIумайд Афандиясул маъзун, исламалъул байрахъ ГIуриса МухIаммад

[3] Муршидзабазул аман, нилъер икълималъул муршид, Аллагь лъаялъул гIилмабазда сверун лъугьарав МухIаммад ГIариф

[4] ХIакъаб куцалда халкъ тIобитIулел, ГIуриса устарасул кIиявго хаалифа ГIабдулхIамид Афандиги ХIамзат Афандиги

[5] Гьел кIиязго ижаза гьабурав, щаклъи гьечIев, жинца цогидалги камил гьарулев нижер муршид Хучадаса МухIаммад

[6] Аллагьас ниж тIоритIизе гьев нижее нахъ хутIизавеги, Аллагьас гьев тIадегIанаб макъамалде вахизавеги, нижедаса гьесие лъикIаб жазаги гьабеги, Я устар, Аллагьасул нужода саламги лъеги, я дир диналъул вацал.

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ХIасан  устарасде гьабураб

**Гьай лачен, ХIасан устар, хIал чIахъаяв мужаддид[1]**
**Мун гIадав лъугьинчIони инсанасул пайда щиб,**
**Ризванул акбар[2] щваяв Аллагь разияв гIабид[3]**
**Дуй гIадин рагьичIони гIулумазул[4] рахIат щиб?**

**Гьай лачен, ХIасан устар, хIикматаз цIураб ралъад,**
**ХIасадчагIаде данде дур хвалченалъул рекIин.**
**Халкъалъул хириясул суннат цIунарав муршид,**
**Саликиназе[5] щолеб дур вагIзаялъул асар.**

**Гьай лачен, ХIасан устар, хIакъав ТIагьал халифа**
**ТIарикъат баяналъе шарихIлъун[6] нижей ккарав,**
**Шамаилал[7] камилав Дагъистаналъул бадру[8]**
**Дуца нахъе тун ругел таснифазул[9] берцинлъи.**

**Гьай лачен, ХIасан устар, икълималде[10] щвараб бакъ,**
**Ишкалал[11] рорхиялъе хIашиялъун[12] ватарав.**

---

**[1] ТIарикъат цIи гьабурав**
**[2] Аллагьасул бищун кIудияб разилъи**
**[3] ГIибадат гьабулев**
**[4] ГIалимзабазул**
**[5] Муридзабазе**
**[6] Баянчи**
**[7] ЛъикIал тIабигIатал**
**[8] ЦIураб моцI**
**[9] ТIахьазул**
**[10] Улкаялде**
**[11] РичIчIуларел жал**
**[12] Баянчи**

ХIакъабгин батIулалъулъ ГIумарул фарукъ гIадин,
Фасила[1] баян гьабун гьадиййат[2] нахъе тарав.

Гьай лачен, ХIасан устар, АхIмадил кваранаб квер
Умматалда гурхIулев ХIабиб разияв валад[3],
Замана ахирлъидал, агьали[4] бикь-бикьидал
Иман камил гьабизе рукнулъун чIарав къутIбу.

Гьай лачен, ХIасан устар, исламалъул байрахъчи
БерчIван вихьараванищ чIаго ракьалда вукIун,
Рокьи ккола, хьул лъола вихьиялъухъ урхъула,
ИттибагIго[5] гьечIев дун кIалъазе нечоларо.

Гьай лачен, ХIасан устар, алжаналъул пихъил гъветI,
Дур тIугьдул кодор ккурав квен тун махIалъ гIорцIулев,
ГIараб-гIажам жубараб жавгьар бахъулеб магIдан,
Дур "Хуласат"[6] цIаларав цIияб лъай щун вохулев.

Гьай лачен, ХIасан устар, адаб манлъулев эмен,
Маул хIаят[7] гьекъолеб къавагIидал бастI[8] гьарун
Гьидаяталъул[9] нухде гIалам цIалеб макънатIис
ТIалибунал рохулел хехон маржаналги тун.

Гьай лачен, ХIасан устар, ибриз[10] чвахулеб гомог
Инаъ[11] гъоркье ккурасе койр цIураб давла щолеб,

---

[1] БатIалъи
[2] Сайгъат
[3] Вас
[4] ГIадамал
[5] Нахърилълъин
[6] ТIехьалъул цIар
[7] РакIал чIаголъулеб лъим
[8] КъагIидаби баян гьарун
[9] ВитIун ккеялъул
[10] Месед
[11] РагIмач

Дурарал[1] жанир лъураб маргъал бекьараб табут[2],
“Талхис”[3] кодоб ккурасе кифаят[4] - гIей гьабулев.

Гьай лачен, ХIасан устар, ТIарикъаталъул гама,
ШаригIаталъул ралъдал тIиналде рахас щвараб.
ТIаде балагьарасул рекIел унти танкулеб,
“Танбигьалъул”[5] байтазул[6] багьа лъайзе кIоларев.

Гьай лачен, ХIасан устар, Аваристаналъул ах,
Ужра тIалаб гьечIого атIгIиматал[7] рикьарав,
Абадияб чIаголъи щолел дараби рицун,
ЩвечIого рукIунгеян васиятал гьарурав.

Гьай лечен, ХIасан устар, садатазул[8] хирияв
Халид Сайфуллагь Къадил къадру бугев халифа[9],
Къурратул гIайни ГIабдуррахIман хIажил гIасави[10]
ГIилму нашру[11] гьабизе гьунар тIокIав мубарак[12].

ТIогьода тIад чIанщинаб тIалил най букIунгутIи
ТIокIаб анищ течIого дуца рехсон бугеб куц,
Куркьбал рижарабщиналъ гьоцIцIо гьабулареблъи
Гьаб халкъалда бичIчIизе мун хъвадарун вугев куц.

---

[1] Маргъалал
[2] Гъамас
[3] ТIехьалъул цIар
[4] ГIей
[5] ТIехьалъул цIар
[6] Куплетазул
[7] ТIагIамал
[8] КIудиял чагIазул
[9] Устар
[10] ГIабдурахIман ХIажиясул берзул канцIа
[11] ТIибитIизе
[12] Баракат бугев

Дару гьабулев чияс гьоцIцIо кунеб бугони,
БацIцIадаб найил букIин шартI бугилан бицунев.
Берцинаб кьер бихьиялъ къогIаб тату лъаларин,
Тохлъизе рукIунгеян насихIатал гьарурав.

Тохтурин абулев чи агьлу гурев вугони,
Эсда дур унтиялъул даражаги лъайчIони,
Дару гьабулайилан гьес кьурабги загьрулъун
Гьалаклъун хойиялда нилъ кантIизе гьарурав.

Гьай лачен, ХIасан устар, тIокIлъаги даражаби
Даимлъаги хIалчIахъад хIазратул улугьияят[1],
Аллагьсул заталде назраталда[2] хутIаги
Нижер рухIал хIалхьарав ХIабибасул байрахъчи.

Дур зат гуребщинаб жо жиндий гIоло бижарав
ГIаламалъулго сирру[3] дур ХIабибасе гIоло,
Гьесул нухда рачIарал гьал акътIабазе[4] гIоло,
ГIамал гьечIеб къавмилан къварид гьаруге, Аллагь.

Гьидаяталъул[5] нухал гIатIид гьаре, БетIергьан,
ТIарикъаталъулъ нижей ритIун чIей ризкъилъун кье,
Заманалъул балагьал Дуца тIаде риччаге,
ТIолго муъминзабазе диналъе регIел гьабе.

Дуде нижгIагарлъулеб гIамалалъе тавфикъ кьун,
Тавбату ннасухIалъул[6] агьлулъун сверизаре.

---

[1] Аллагьасул хIазрат
[2] Балагьун
[3] Балъголъи
[4] КIудиял вализабазе
[5] ВитIун ккеялъул
[6] БацIцIадаб тавбу

**Иршадалъе[1] къуват кьун макъамал цIцIикIинарун**
**Нижер устарзабазе, Аллагь, Дуца гIумру кье.**

**АМИНЬ РАББАЛ ГIАЛАМИН**

**********************************************
****************************************
*********************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# ХIасан афандиясде гьабураб назму

**АлхIамду лиллагь, Аллагь, тIолго рецц дуе буго**
**Дагъистан икълималда акътIабал чIезарурав,**
**Щукру-санаъги[2] дуе къудраталъул БетIергьан**
**Суннат ихIяъ[3] гьабизе ХIасан афанди кьурав.**

**ХIакъалде инкар бугел мункиринал[4] цIикIкIиндал**
**БацIцIадаб гIайнул хIаят[5] къачIазе гьев тIамурав,**
**ТIарикъаталъул аслу хисун бидгIа бергьиндал**
**БитIараб нух манлъизе далиллъун гьев гьавурав.**

**Гьелда хадуб халкъалъул хирияв Саййидасда**
**Салат-салам лъе, Аллагь, абадияб даимаб,**

---

[1] Халкъ тIобитIизе
[2] Рец
[3] ЧIаго
[4] ИнкарчагIи
[5] РакIал чIаголъулеб лъел ицц

Агьлу АсхІабзабазда, цинги табигІиназда,
Салафун халафунал[1], хасго муршидзабада.

Хадуб дудеги гьари, гьидаяталъул байрахъ
Гьабизе те мунажат[2] адаб тей ккананиги,
Изну кье, ХІасан ХІилми, хІакъаб бицун кІалъазе
Лъугьа, устар, мун тІаса дир ккараб гІайибалда.

ГІамал гьечІеб черх букІун чара дир хвананиги
Хивал нужолъ хІалтІичІеб сагІат дир букІунаро,
Суннат кквезе кІвечІого чІового хутІаниги
ЧІалгІунеб гьечІо хабар хулафаазул[3] бицун.

Нуж рокьарал рахъаян ахІун гьаракь гьабуни,
Валлагь, тІаде вахъине тІоцеве хІадур вуго.
ТІарикъат хІалтІичІони хІакъикъатгун магІрифат[4]
Щоларебги лъан буго гІалимчи вугониги.

ГІайибал рахчун гурхІи ХІабибасул сиясат[5]
Ирс духъе щун батидал рецц Аллагьасе буго.
АсхІабул кагьфазда гъорлъ КъитІмирги бегьунлъидал
Балагье дир хІалалде, ХІасан ХІилми афанди.

Дур тІехь кодоб босидал тІугьдузул махІ бачІунин,
РавхІаниядай, устар, дур аскІобе бачІунеб?
Дур бицине щванани щибго жо кІочон толин,
Щибдай гьабила устар гьаб дир гІажизлъиялда?

---

[1] Цересел нахъисел
[2] Шуршуди
[3] Устарзабазул
[4] Аллагь лъай
[5] Нух

**РекIел матIу бацIцIине къуватги гIолеб гьечIин,**
**ГIуюназул[1] канлъуда мунги вихьулев гьечIин,**
**Вихьизе бокьун бугин рокьиги цIикIкIун бугин,**
**МакьилъгIаги щай, устар, унсалъе[2] ахIуларев.**

**Дур китаб цIалулаго цIияб хIузур бачIунин,**
**ВачIунев ватила мун къариасде[3] аскIове.**
**Къавлаби[4] дур хъвалелъул батIаяб асар щолин,**
**Щолев ватила аскIов вихьизе чIечIониги.**

**Дур таснифада[5] жаниб камураб гIилму гьечIин,**
**Квер хьвагIун духъищ тараб дарул хIикматазул[6] кIул?**
**Дур каламгIан гьуинаб Гьадияят[7] дихъе щвечIин,**
**ГьацIул ралъадищ устар дур каранда букIараб?**

**Дур вагIзаби киналго ракIалъ къабул гьарулин,**
**Илагьияб[8] нургундай дур кIалдисан рачIарал?**
**ЧIахIиял фукъагьааз тадрис[9] гьабулеб гIилму**
**ГIарщалдасан чвахундай дур рекIелъ расхулъараб[10]?**

**Суннат чIаго гьабизе гьунар дур тIокIлъун бугин,**
**ТIагьаясул ирс щунищ щвараб дуй гьеб бечелъи?**
**БидгIа нахъе къотIизе къуват дур бергьун бугин,**
**Раисул маламият[11] гIавнуялъейищ[12] щварав?**

---

**[1] Беразул**
**[2] РекIел чIеялъе**
**[3] ЦIалулесде**
**[4] РагIаби**
**[5] ТIахьазда**
**[6] ГIилмудул рукъалъул**
**[7] Сайигъат**
**[8] Аллагьасулаб**
**[9] ГIалимзабаз малъулеб**
**[10] Щулалъараб**
**[11] Маламиятазул бетIер**
**[12] Кумекалъе**

**ГІайну шаригІаталъул[1] аслу бацІцІад цІунизе**
**РацІцІадал равхІанияз тарбиятищ гьабураб,**
**Тавбатун ннасухІалъул[2] хІакъикъатал рицине**
**ХІабибас тІамидалищ тІокІлъараб дур фасахІат[3]?**

**У, буго битІун буго, бицараб хІакъаб буго,**
**ХІакълъунго гьаб камалат[4] кинабго дуй щун буго,**
**Щаклъизе бакІ дир гьечІо, дур макъам бичІчІун буго,**
**Бихьизе гьунар кьеян гьариги даим буго.**

**Дур тІахьал тІугьдул руго тІутІ-кІкІара тІад жендула,**
**Жаниб гьацІул гуч буго тІалил наяца цІцІула.**
**ТІолалго дур таснифал[5] пихъазул ахал руго,**
**Хурухъабаз гьездасан мунфагІат босуларо.**

**ГІилму дур Къуръан буго, къавлу[6] дур хІадис буго,**
**ХІухьелалъулъ нур буго тавфикъ кьурал гвангъулеб.**
**"Танбигьал"[7] дур цІал буго наим[8] якъзат[9] гьавулеб,**
**НасихІат хІаблу буго хІакъаб нухаре цІалеб.**

**ХІукму дур ТІагьал буго, тІабгІиги дулъ эсул буго,**
**Ирсги духъе щун буго рисалат[10] хутІизегІан.**

---

[1] ШаригІаталъул ицалъул
[2] БацІцІадаб тавбуялъул
[3] ПасихІлъи
[4] Камиллъи
[5] Хъварал тІахьал
[6] РагІи
[7] КантІизариял
[8] Кьижарав
[9] ВорчІизавулеб
[10] Расуллъи

Силсилат[1] дур тIун гьечIо, гьоркьоб фатрат[2] ккун гьечIо,
Киналго акабираз халафат[3] дуй кьун буго.

Дур тIарикъат нух буго арав Бичасде щолеб,
Шараб[4] АхIмадил буго гьекъарасул хIал хьолеб.
ХIабибасул файз буго дур ракIалде чвахулеб,
Хивалияб лафз[5] гьечIеб зикру буго аврадал[6].

Адам НухIгин Ибрагьим, Муса, ГIисал машрабал[7]
Тартибалда манлъулеб балъго буго дур гIилму,
ГIадамазда гъорлъ журан халват тIубайзабулеб
ТIарикъату ссахIабат[8] дуда божараб буго.

Дуниял тейи шартI гьечIеб бидгIа гъорлъе жубайчIеб,
Мукъсанлъи, ками ккечIеб ккун буго дуца тIарикъ.
РатIлилълъ кванилъ киналго умуразулъ авсатIаб[9]
Акърабабгин асгьалаб нисбат[10] буго духъе щун.

Дурго ракIалъул багьжат[11] балъгояв къутIбун мастур[12]
Сайфуллагь Къадиясги къотIи дуй гьабун буго.
Къаладату шшазили[13] дур габуралда бараб
Гвангъараб жавгьар буго гьидаят насибасе.

---

[1] Рахас
[2] РатIалъи, тIей
[3] КIудиял чагIаз устарлъи (халифалъи)
[4] Гьекъолеб жо
[5] КIалалъ абулареб
[6] Вирдал
[7] Макъамал
[8] АсхIабзабазул нух (тIарикъат)
[9] Ишазулъ гьоркьохъеб
[10] Бищун гIагарабги бищун бигьаябги тIарикъат
[11] Берцинлъи
[12] Вахчарав къутIбу
[13] Щазилияб тIарикъаталъул рахас

**ГьечIо, устар, ракьалда ракIгъезе хутIараб жо,**
**Ихваназулгун[1] бугеб цохIо сухIбат[2] гурони.**
**Сабру гIоларо, устар, кIалъачIого вукIине,**
**КIоларо балъго тезе жаниб сверараб хIухьел.**

**Рокьи бугеб харбиде хивал гьекко гьетIула,**
**Хайир кколеб дармиде даимго къасд бахуна,**
**Дару сабаблъун ккарас тохтурзаби реццула,**
**РекIелъ бижараб гъотIол пихъ кIал-мацIалда бала.**

**ГьоцIогин тIагIамалъул тIутIалда тIад лъуниги,**
**ТIомцоро- хIамаялъул щибго ракI сасунаро.**
**Ракул гороги гьабун гиризабизе щвани,**
**Щиб цебе ккунаниги гьелъ къабул гьабуларо.**

**АхIмакъ гIакъил гьавулеб даруги букIунаро,**
**Далил[3] гьечIев агIмаги[4] нухда витIун кколаро.**
**Нух божараб гьечIони сапар хIинкъараб буго,**
**ХIал бащадаб гьалмагълъи кибго беццараб буго.**

**Реццгин хIамд Аллагьасе, свалат Аварагасде,**
**НагIана шайтIаналъе даимго нилъер буго.**
**Диналъул вац-яцазул дугIаялде хьул буго,**
**Дунги мискинав факъир Адамил лъимер вуго.**

## ТАММА

************************************************************

*****************************************************

********************************************

---

[1] Вацазул
[2] Гьудуллъи
[3] Нух малъулев чи
[4] Беццав чи

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Магьдиде гьабураб мунажат

**Я, нижер кIудав имам, Аллагьасул хазина,**
**Ахир заманги щванин щайдай кватIулев вуго?**
**Щиркалъул[1] агьалиги изтIирабалда[2] ругин**
**Ислам тIадегIанлъизе гIунтIун гьечIодай заман?**

**ГIисян фискъуялъулги[3] гIорхъиго лъалеб гьечIин**
**ГIадлу нижей гьабизе гьекко щва, Абдулкъасим.**
**Имамзабиги тIагIун тIерен бугин шаригIат**
**ТIаде вахъа хех гьабун халкъалъе бугеб рахIмат.**

**Расул тIаде щвеялъухъ агьлул мадинат[4] гIадин,**
**Дуде интизаралда[5] унел руго гьал къоял.**
**Инсул тарибия щвечIел айтамал[6] гIадинал ниж,**
**Дур гьаркьиде гIинги лъун гIажизлъун хутIун руго.**

**ГIадатаз асир гьарун иман загIиплъун ккарал**
**ЗагIипаб умматалъул игIтимад[7] дуде буго.**
**Дуниялалъ квегъарал пакъирал нижер аман**
**АхIмадил варислъидал[8] дуде буго, МухIаммад.**

**Диналъул тушбабазул зулму тIаса босизе**
**ТIолалго бусурбаби дуде гIащикълъун руго.**

---

**[1] Куфруялъул агьлуги**
**[2] ЧIвалчIвадиялда буго**
**[3] ГIассилъи, тIагIат гьечIолъи**
**[4] Мадинаялъул агьлу**
**[5] Балагьун чIун**
**[6] Ятимзаби**
**[7] МугъчIвай**
**[8] Ирсилав**

**ГIадлу-диванги биххун рикь-рикьарал улкаби**
**Кверде росизе, Магьди, гьанже мун хIажат вуго.**

**ХIабибасул зульфакъкъар[1] къватIиве мунги вахъун,**
**КъвакIарал бахIарзазул боялги данде гьарун,**
**Бадруялъул къояца къурайшазе гьабураб**
**Гьабулеб къо бихьизе хьулги цIакъ бергьун буго.**

**Байтул Мукъаддасалъул[2] щикаятги[3] цIакъ буго,**
**Мущрикиназда кодоб кидаллъигIан телебан.**
**Киналго гIарабалги цолъизе бокьаниги,**
**Цо бетIер гьечIолъиялъ гьел-гьела хутIун руго.**

**Гьидаяталъул[4] байрахъ дуца борхун гурони,**
**Дунялалъул багъари гIодоб биччалеб гьечIо.**
**ГIадлуялъул хвалчаби къватIире цIан гурони,**
**Къавлабазул тагьдидалъ[5] асарги кколеб гьечIо.**

**Агьлу-суннаталъулги сабруго дагьлъун буго**
**БидгIачагIазул фитна хIехьезе кIоларилан.**
**ХIабибасул тIарикъги цIакъго чIунтулеб буго**
**ЧIухIиялъ мекъса ккарал гIалимзаби сабалъун.**

**ГIадамазул женаца жасусал[6] гьоркьор тIамун**
**БитIараб нух батизе халкъалда кIолеб гьечIо,**
**Къавмалъул пасикъзабаз галагин гIемер гьабун**
**ГIуламаазул[7] ишги цебего тIолеб гьечIо.**

---

[1] **Хвалчадул цIар**
[2] **ЖугьутIаз квер тIад лъураб мажгит**
[3] **ГIарза**
[4] **Нухмалъиялъул**
[5] **РагIабаздалъун хIинкъизариялъ**
[6] **Шпионал**
[7] **ГIалимзабазул**

ГIадлуялъ дунял цIолев, диналде халкъ ахIулев,
Дуде ургъел чучизе чанги анищ гьабула.
Ислам тIадгIан гьабулев, тIугъян фасад[1] гьабулев,
ТIахьаз дур бицунелъул цо рохел загьирлъула.

Зулму-къварилъи бицун гIарзалъ ине бакI гьечIо,
ГIадлуялда хIалтIулев хIакимги ватуларо.
ХIилла-макру гъорлъ камун калам рагIулеб гьечIо,
Кинавго гIалим лъугьун жагьилги хутIун гьечIо.

Жив-живасе цIар бокьун цIанда борохь бан буго,
Бицунеб рагIиялда гIамал релълъунеб гьечIо.
Гьаваялъул чуялги цIал кIутIун риччан руго,
Чахъабазе гIухьбилъун хъурмалги тIамун руго.

БутIрул гIемерлъун руго, гIакълу бугел дагь руго,
Динул ислам ккун буго ихIсан[2] батулеб гьечIо.
Аллагьасе гIолоян кIалалъ абулеб буго,
РакIалда бугеб мурад цоги батулеб буго.

Бечедал гIадамалги гIункIкIазда релълъун руго,
ГIадлу эзий гьабизе кутулни тIамун руго,
Киналго ханзабазул хасият бацIил буго,
БацIазде гъури базе гъалбацI къварагIун буго.

Гъорлъ журан хIиллаялъе хIалтIулел цурдул руго,
ХIилла эзда бергьунев чанахъан щолев гьечIо.
Нухазда жанирги чIун гъул-гъулел циял руго,
Гъозий тарбияталъе теренер хIажат вуго.

ХIинчI-гъедоялда хадур халккурал хъарчигъаби
Чохьоде бакъ щунилан щикаяталда[3] руго.

---

[1] Къосин
[2] Аллагь тIад балагьун вугев гIадин гIибадат гьаби
[3] Зигардула

**Балкан кванан ругъунал килабазул[1] къокъаги**
**Ракъи ккеялда хIинкъун иддихаралда[2] руго.**

**Исламияб хIизбуги[3] хIажат букIинароан,**
**ХIавадису ддагьруялъ[4] тIад гьабун гуребани.**
**ТIагьаясул нухкквезе камураб жо гьечIоан,**
**Мункириназде[5] данде рагъ базе ккун гурони.**

**РахIманас тавфикъ кьечIел агьлу-бидгIаялъулги**
**Имамзабазда тIасан тунки гIемерлъун буго,**
**МагIрифаталъул[6] бутIа латIаифазде щвечIез**
**РабитIа гьабиялде щиркин абулеб буго.**

**Мушрикиназда хасал аятал далиллъун ккун,**
**Агьлу-тIарикъаталда бугьтанал лъолел руго**
**БитIараб нухги къосун мекъса ккарал гIадамаз**
**ГIарифуназул сайру[7] санго гьабулеб гьечIо.**

**Сулукалъул[8] тIахьазда баян гьабураб тIарикъ**
**БидгIа гIемерлъунилан гIакъимлъун[9] хутIиларо.**
**Хулафааз[10] кьучI лъураб бацIцIадаб нисбаталъул[11]**
**Аслу ТIагьа вугелъул тIеялда хIинкъи гьечIо.**

---

[1] Гьаби
[2] Нахърател гьабула
[3] Партия
[4] Заманалъул хиса-свериялъ
[5] ИнкарчагIазде
[6] Аллагь лъаялъул
[7] Аллагь лъалел вализабазул нух
[8] ТIарикъаталъул
[9] ХIорго
[10] Халифабаз
[11] ТIарикъаталъул

ТIолго гIарифуназул ижмагI[1] ккараб тавасул[2],
ИнкарчагIи дандечIун щиркалде буссинаро.
ШафагIат тIалаб гьаби гьезий бегьичIониги
Бегьиялъе рицарал хIадисал гIемер руго.

ГIаламалъ тасдикъ гьарун жидер хIурмат цIунарал
Ункъавго имамасул тадвин[3] нилъее гIела.
Къуръан-хIадисалдасан кьучI лъурал мазагьибал
Гьава нафсалъ квегъичIес каранда лъун цIунила.

Киналго гIуламаал[4] жидеда нахърилълъарал,
Жидер ижтигьадалда[5] умматго тIад рекъарал,
Агьлуль жаннатлъун[6] рукIин лъида эл лъалелилан
Унго, балагье гьазул гьаваялъ квегъиялде?

Куллу хайрин фиттибагI ман салаф танабагьу
Куллу шарин фибтидагI ман халаф фахIтаризу
Валикулли макъамин макъалун лиллагьил хIамд
Ваказа ликуллилвакът давлатун ва рижалун[7].

Жив жиндие вижарав инсанас толеб гьечIо
Факуллун муяссарун лима хуликъа лагьу[8]

---

[1] ТIад рекъей

[2] ЛъикIал чагIи гьоркьор кквей

[3] Хъвараб гIилму

[4] ГIалимзаби

[5] Къуръан-хIадисалдаса босараб хIукму

[6] Алжаналъул агьлулъун

[7] Кинабго лъикIлъи цересезда нахърилълъиналъулъ буго, нуж гьелде кантIе, кинабго квешлъи нахъ раккаразда нахъ рилъиналъул буго нуж гьелдаса цIуне. Щибаб бакIалъеги абизе рагIи буго, рецц Аллагьасе буго, щибаб заманаялъулъ ханлъи буго, гIадамалги руго.

[8] Щивав инсанасе бигьа гьабула гьев жиндие гIоло вижараб жоялъул гIамал, абураб хIадис

Халкъалда гІайиб чІвазе ирга щунги кІалъачІо,
Кинниги аммараталъ[1] ахІана бокьаралде.

Имамлъун мунги гьавун мархІабаян ахІизе
ХІадур ругин ниж, Магьди, вачІинарищ гьоболлъун?
Гьоркьоб масафат[2] цІикІкІун рикІкІаде ниж кканиги,
Рохун акбар бачине тІолалго хІадур руго.

ТІолго муршидзабазул хатам[3] мунги вугелъул,
Магьди дуде хьул буго дандчІван вихьилевилан.
ЧІаго нахъе тараздε хварал муршидзабазул
Васияталги руго салам дуде бицеян.

Дунги пакъираив мискин бечедав Аллагьасул,
ГІисян-фискъу гІемерав гІадлу гьечІев лагъ вуго.
ГІафввуялде хьул лъолев, хІинкъиялда гъоркь вугев
ХІакъаб нух бихьаразе багьаналъун тІамурав.

БетІергьанасул къотІи дандчІвазе батичІони
Дирги урхъараб салам дуде, я Абалкъасим.
Къалбун  салим[4] гьечІезул чара хвараб къояца,
Къадирас изну кьуни, аман дийги шафагІат.

Дуде щикаят[5] гьабун гьабшинав гаргадарав,
Дир адаб теялдаса мунгоги тІаса лъугьа.
ТІул бухІараб хІал щведал хІухьел къватІиб биччанин,
ХІисабалда лъечІого теян гьариги буго.

Абрагьат гьалак гьави, РрахІман, дуе бокьидал,
ХІанчІи тІаде тІамурав Дуде буго аманат.

---

[1] Квешалдалъун амру гьабулеб нафс
[2] Манзил
[3] Устарзабазул ахирисев
[4] Сахаб ракІ
[5] ГІарза

**Бадруялъул къояца АхIмадий квербакъизе**
**Малайкзаби ритIарав Мун вуго нижер вакил.**

**“Кун”[1] абураб лафзалда хIукму тIубалев, Къагьгьар,**
**Дур къудрат гуреб гьечIо нижеца мугъчIвалеб бакI.**
**Мушрикиназул савад[2] цо-цадаса тIетIезе.**
**ТIокIаб щиб къварагIинеб дур ирадат[3] бугони.**

**Аллагь РрахIман, мун гурхIа ХIабибасул къавмалда,**
**ХIавлу-къуват кье, Аллагь, квешаб тун лъикIаб кквезе.**
**Киналго агьлул къиблат, ракIал, мацIал цо гьурун,**
**Цо раъюялде[4] рачун риччай куфру гъуризе.**

**Гъазаваталде къачIан диналъухъ рухI бичизе,**
**ХIадурлъаралщиназе, Аллагь, Дуца квербакъе.**
**Эзда данде рахъарал диналъул тушбабазда**
**Дурго къудраталдалъун къагъруялъул[5] цIал кьабе.**

*************************************************************
****************************************************
*********************************

---

[1] **Мун букIа**
[2] **Цолъи (бо)**
[3] **Бокьи**
[4] **Пикруялде**
[5] **Квегьиялъул (гучалъул)**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Дунял тун арал лъикIал чагIазде гьабураб

**Нузкуру бибисмиллагь щакирина линигIам**
**НастагIину биль мугIин гIажизина лиль къиям**
**Фанасъалу лимавлана тIалибина литтавфикъ**
**Ва натубу мин занбина тавбата гIабдиль абикъ[1].**

**Аллагь, Дуй даимаб рецц дур гIажизав лагъасул,**
**Свалат Аварагасде амруялда нахърилълъун**
**Агьлу-асхIабзабаде, эсул хулафаазде,**
**Хасго Ссидикъул Акбар ГIумар, ГIусман, ГIалиде.**

**Караматазул тIокIаб истикъамат[2] бугелъул,**
**Тавфикъ кье дуца, Аллагь, битIараб нухда чIезе.**
**ТIарикъаталъул аслу Расуласда хурхараб,**
**Силсилаталъул баркат щвезе гьабе БетIергьан.**

**Гьанже гьабизин дугIа диналъул вацалазе,**
**Даруль фанаъ[3] жибго тун, сапар бухьун аразе.**
**Аллагьасул къадар щун, къаникье руссаразе,**
**КъачIайилан нилъги тун, гъорлъа ратIалъаразе.**

---

**[1] Нижеца Аллагьасул цIаралдалъун рехсола гьесул нигIматазе щукруги гьабулаго, кумек гьабулев Аллагьасдаса кумекги тIалаб гьабула, Гьес абухъе чIеялдаса гIажизлъунги рукIаго, БетIергьанасдеги ниж гьардола, Гьесдаса тавфикъги тIалаб гьабун, нижер мунагьаздаса нижеца тавбуги гьабула, тIурарав лагъас тавбу гьабулеб гIадин.**
**[2] ВитIун чIчIей**
**[3] Панаяб рукъ (дуниял)**

**Аллагь матIлублъун[1] гьавун, ТIагьа васитIалъун[2] ккун,**
**Сулук[3] гьабурал васал силкалда[4] хун рикIкIизин.**
**Расуласул суннат ккун, садатазул[5] нух цIунун,**
**Ракьалде аралщинал щвезаризин ракIалде.**

**Риязалъ[6] черх квегъарав, кибритул ахIмарлъарав[7],**
**Кумалазул[8] хьибил ккун, Аллагь лъаялде щварав,**
**Агьлу-суннат хирияв, садикъинал рокьулев**
**Кьеги хьул лъурабщинаб Хьаргабиса ТIалхIатий.**

**ТIурайги дур мурадал Аварагасухъ гIащикъ,**
**Щваги мун макъсудалде[9] Расуласе мувассиф[10].**
**Авсафал[11] дуца рицун веццарав ХIабибасул**
**ХIавзалъул лъим бикьизе кьеги духъе ихтияр.**

**Дур фасахIатаб[12] мацIалъ хъван тарал назмабазул**
**Алфазал[13], хIарфал рикIкIун хIурулгIинзаби щваги,**
**ХIабиб вокьун гьабураб каламалъе ужралъун,**
**Алжанал кIочон тараб назрат[14] дуй насиблъаги.**

**Русулазул ханасул хивалазда реччарал,**
**Хириял хIухьалазулъ хIикмат дур гIемер буго.**

---

[1] **ТIалаб гьабулев**
[2] **Гьоркьохъан**
[3] **ТIарикъат**
[4] **Куналда, читIиралда**
[5] **КIудиял чагIазул**
[6] **ТIагIат-гIибадаталъ**
[7] **БагIараб месед**
[8] **Камилал чагIазул**
[9] **Мурадалде**
[10] **Сифатал рицулев чи**
[11] **Сифатал**
[12] **ПасахIаб**
[13] **РагIаби**
[14] **Балагьи**

**ГІищкъу бергьун ахІулел АхІмадил сияразулъ[1]**
**Сирру[2] дур балъго буго, лъаларо гІадамазда.**

**ГІалимасул манфагІат киназего гІамлъула,**
**Кинниги жагьиласда къимат лъан бахъунаро.**
**Къурраазул[3] баракат росдаего букІуна,**
**РекІелъ иман загІипал загІмуялда[4] чІаниги.**

**Мавтул гІалими - цохІо гІалимав инсан хвейи**
**Мавтул гІалами - гІалам хвейи бугилан абун,**
**Аварагас бицараб берцинаб хІадис буго,**
**ХІукму БетІергьанасул, нилъ элда рази руго.**

**АхІмадихъ гІищкъу бергьун гІуюназ[5] тІураб магІу,**
**ГІарасат майданалда бахІрул мухІитІ[6] лъугьаги.**
**БетІергьан Аллагь рехсон, сагьруялда[7] тІамурал,**
**ТІолго сардазул бецІлъи хабалъ нурлъун батаги.**

**Хириясде ритІарал тІолго салаватазул**
**ТІуюрал[8] гІемерлъаги гІадну[9] дуе гьаризе.**
**ГІазизасухъ бергьараб батІинияб[10] дур рокьи,**
**Бокьаралъув вачине чІаги ТІалхІат гьалмагълъун.**

**ХІажиясул МухІамад, магІнавияв нижер вац,**
**Макъамал тІадегІанав ТІагьал варис[11] вукІана.**

---

**[1] Хьвада-чІвадиязул**
**[2] Балъголъи**
**[3] ЦІаларал чагІазул**
**[4] ДагІбаялда**
**[5] Бераз**
**[6] Бищун кІудияб ралъад**
**[7] РорчІун**
**[8] ХІанчІи**
**[9] Алжаналъул цІар**
**[10] Балъгояб**
**[11] Ирсилав**

**ГьоцIдерил росдаеги асрарал[1] загьирлъичIев**
**Загьир-батIин[2] бацIцIадав, варагI[3] бугев вукIана.**

**Фатваялъе[4] къуватаб фикъгьи[5] ракIалда лъурав,**
**Лъалаpесда вихьани, жагьилав чиян кколев,**
**Жиндир латIаифазда[6] илагьияб нур барав,**
**Басираталъул[7] канлъи каранда жаниб бугев.**

**Жамалиял ахлакъал[8] черхалъ хIалтIизарурав,**
**ХIабибасда ташаббугь[9] афгIалазулъ[10] релълъарав,**
**АкътIабазе[11] мутIигIав, амру-нагью цIунарав,**
**Адабияят[12] камилав мурид, мухлислъун[13] чIарав,**

**ХIажиясул МухIаммад – ГIахьалчIи баккараб бакъ**
**Накъшубандиюназул хIакъав маъзун[14] вукIана.**
**Муршидзабаз кверги ккун, къотIи жиндий гьабурав,**
**Икълималъул[15] хазина хекко ана ракьалде.**

**Агьлуялъул каранда фикъгьиялъул[16] хур бекьун,**
**Хирияб гIилму гьарун вачIарав нахъ чIвайчIого,**

---

**[1] Балъголъаби**
**[2] РухI, ракI**
**[3] ЦIуни, гIамал**
**[4] ХIукму кьезе**
**[5] ХIукмабазул гIилму**
**[6] Зикру малъулел бакIал**
**[7] РекIел нур**
**[8] Берцинал тIабигIатал**
**[9] Релълъенлъи**
**[10] Гьарулел ишазулъ**
**[11] ЧIахIиял устарзабазе**
**[12] Адаб**
**[13] ВацIцIадав мурид**
**[14] ТIарикъат малъизе изну кьурав чи**
**[15] Улкаялъул**
**[16] ШаригIаталъул гIилму**

Нашру[1] гьабун тIибитIун ТIагьаясул ирсалъул,
ТIалибинал[2] рохизе сабаб жиндалъун ккарав.

Алжанал насиблъаги ХIажил МухIаммадие,
ХIабиб тIаса лъугьаги ккараб хатIаялдаса.
Хулафаал[3] разилъун ризванул акбарги[4] щун,
АгIла ддаражаялде[5] вачаги БетIергьанас.

Лъабабизе ГIахьалчIив, ХIабибасул цIар цадахъ
ХIусенил МухIаммадги, варисул гIилми[6] лъана,
ГIарифуназул[7] баркат эсие щун букIана,
Шайихзаби разияб хIалалъ хабалъе ана.

Устарасе хадимлъун[8] , халкъалъе кумекчилъун,
Кулфат захIмат гьечIого гьоболасе хъулухъгун,
Гьумер-кIал букIкIинчIого вачIаравщинав мурид
Муршидасухъе вачун бечед гьавун витIарав.

ТIалибасул хIал хьараб тадрисалда маликав[9],
Каранда гIилмуялъул гIун щвараб бахIру[10] чIарав,
ГIуриса ГIабдулхIамид – гIалимзабазул фахIлу[11]
Фанията[12] кIочон тараб ахират кьун вохаги

---

[1] ТIибитIун
[2] ГIилму тIалаб гьабулел
[3] Аварагасул наибзаби (устарзаби)
[4] Бищун кIудияб разилъи
[5] Бищун тIадегIанаб даража
[6] Ирсилав гIалим
[7] Аллагь лъалел вализаби
[8] Хъулухъчи
[9] Дарс малъиялда бетIергьанлъарав
[10] Ралъад
[11] КIудияв (бугъа)
[12] Дуниял

Аллагь рехсей даимал, сиддикъасул[1] нухккурал,
Накъшубанд ТIарикъалъулъ латIаифал[2] куцарал,
Муракъаби хIалтIарал, хIабсу нафас[3] гьабурал,
Нажмуддин МухIаммадий хIакълъаги жаннатул хулд.

Хулафаазе мугIин[4] гIаламалъе Насруддин[5],
МухIаммад ибну[6] ГIумар, Датуналъул ЯгIсуби[7],
Расуласул ирсалъул хIазун вафир босарав,
Басират[8] бацIцIалъарав хIакъав гIалим вукIана.

ГIарифун билагь[9] абун сифат жиндий гьабурав,
ГьитIинаб Датуналъул цойги лъияв гIалимчи,
ГIайнул хIаят[10] гьекъолеб къавагIидал[11] манлъулел,
Муршидзаби хирияв ихлас[12] жиндир камилав,
Жаннатул[13] фирдавс щвайги МухIаммад Расулие.
Расулас кверги босун кавсаралде вачаги

Кумалазда[14] рекъараб икрам тахIияят[15] гьабун,
МухIаммаду нагьари[16] рази гьавун ватаги.

---

[1] Абубакар асхIабасул
[2] Зикру-муракъаби малъулел бакIал
[3] ХIухьел ккун бачунеб зикру
[4] Устарзабазул кумекчи
[5] Кумекчи
[6] Вас
[7] Наязул кIудияб
[8] РекIел бер
[9] Аллагь лъалев
[10] РухIал чIаголъулеб лъел ищц
[11] КъагIидаби
[12] ГIамалалъул бацIцIалъи
[13] Алжан
[14] Камилал чагIазда
[15] КIодолъи, хIурмат
[16] ГIурухъа МухIаммад

**Гьадиййатлъун[1] къачIараб” уммул баян” цIалулел**
**Ихваназул[2] дугIа дуй даимлъаги, МухIаммад,**
**Дуца таржама[3] гьабун таншинал хIадисазул**
**ХIарф рикIкIун алжаналъул рукъзал раги, Нагьари.**

**ГIурада ГIабдулхIамид, МухIаммад бину[4] Юнус**
**Сайру-сулук[5] берцинал гIалимзаби рукIана.**
**ГIабдуллагьил мансуби илла[6] дибир ГIуради**
**ГIурватул вускъа[7] ккурал сугIадаазул[8] гьалмагъ**

**Къорода ГIабдулгъафур, ГIалилазул МухIаммад**
**ХIакъаб гIилму бичIчIарал гIалимзабазул цоял.**
**ГIасав ГIалил МухIаммад гIалимун гIариф биллагь[9],**
**Бакълъухъ Мусал МухIаммад хIакъав саликун мажзуб[10].**

**ЗагIиб росулъа дибир фатхIу[11] рагьарав мурид**
**Мусафирал[12] хирияв хулафаазухъ[13] гIащикъ.**
**Накъшубандиюназул шараб[14] гьекъон хIал хьарав**
**МухIммад бину[15] Марьям хIакъав гIабиду РрахIман[16].**

---

**[1] Сайгъатлъун**
**[2] Вацазул**
**[3] МагIарул мацIалде руссинарун**
**[4] Вас**
**[5] ТIарикъат-хьвади**
**[6] Жив гIунтIизавурав**
**[7] Щулияб гIоркь**
**[8] Бахьи бугезул**
**[9] Аллагь лъалев гIалимчи**
**[10] Аллагьасул рахъалде ракIцIарав мурид**
**[11] РакIалъе гIилму**
**[12] СапарчагIи (гьалбал)**
**[13] Устарзабазухъ**
**[14] РухIияб гьекъел**
**[15] Марьямил вас**
**[16] РахIманасул гIабид**

**ГIабдурашиди ттаиб жунгутайил[1] асфали[2],
Тавбату ннасухI[3] кьурал кьерилазул мухъилав.
Макъсуд[4] Аллагь лъай гьабун гьев разилъи матIлубгун[5]
Муридун саддикъасул исму[6] жиндий хIакълъарав.**

**КъолецIмалив ГIабдуллагь батIин[7] бацIцIадав мухлис[8],
Расуласул муаззин[9], Билалилгун цIар цадахъ.
ЦIадаб росулъ МухIаммад хIилму[10] берцинав мурид
Муракъабиги тIуран ТIагьаде гIагарлъарав.**

**ГIажизав мискинасе садакъа цIакъ гIемерав,
Сахават квер гIатIилъи киназдасаго тIокIав,
Киб хIажалъи кканиги кумекалъе ватарав
Батаги СагIидие даруль асхияъ[11] къачIан.**

**КъахIиб росулъа гIалим МухIаммад бину[12] ХIасан
Сиддикъил ТIарикъалъулъ тIуварав маъзун вуго.
ТIаде амру щвечIого адаб цIунун вахчун чIун
Ана дунялалдаса диналъул вац ракьалде.**

**Доргъалив ГIабдуррахIим мугIину къутIби ззаман[13]
МухIаммад ГIарифие кваранаб кверлъун чIарав.**

---

[1] Тавбу гьабурав
[2] Гъоркь Жунгуталдаса
[3] БацIцIадаб тавбу
[4] Мурад
[5] ТIалаб гьабулеб жо
[6] РитIухъав, хIакъав муридасул цIар
[7] РакI
[8] ГIицIав Аллагь разилъи мурад бугев
[9] Будун
[10] ХIалимлъи
[11] Сахаватал чагIазе къачIараб алжан
[12] Вас
[13] Гьаб заманалъул къутIбуясул кумекчи

Куффаразул раъяби[1] росун кодореги кьун,
Расуласул халифа[2] гъираялда цIунарав.

Гъараниса Зайнуддин – диналъул берцинаб нур,
Дунял ккурал акътIабал тIаде рещтIарав масрур[3].
Устарзаби разияв зияфат[4] цIакъ берцинав
Барка дуе гьоболлъи гьадиясул[5] рахъалъан.

Гьидаяталъул[6] байрахъ ХIасан Афандиясул
ХIусну зануялдалъун[7] гIагьд[8] цIунарав Герейхан.
Ракьалъ гьан кваналарел агьлу ллагьалгун цадахъ
Абадияб чIаголъи дуда тIаса унгеги.

Абубакар Гъарани гъарифин минал гIилми[9],
Фа МахIали Дарада даимун гIалал фикъгьи[10],
ГIумарубну мустIафа фанин фил машаихи[11]
Муса ИчичIалиййи гъамисин бахIрил файзи[12]

Фал Эльдарул Алмахъи гъазин магIа нафсигьи[13]
ФатIил МухIаммад Черкей къарии хатми ссалат[14]

---

[1] Капурзабазул пикраби
[2] Наиб
[3] Вохарав
[4] Гьоболлъи
[5] Халкъ тIобитIулев
[6] БитIараб нухалъул
[7] Берцинаб пикруялдалъун
[8] КъотIи
[9] ГIилмуялдаса гьел цIолев
[10] Фикъгьиялда тIад чIарав
[11] Машаихзабазулъ паналъарав МустIафал вас ГIумар
[12] Файизалъул ралъдалъ тIерхьарав
[13] Нафсгун гъазават гьабулев
[14] Хатму свалат цIалулев

**Хазин агьлил гIирфани фаизин гIалал хIузур**
**ГIали къаимил жумгIат жабалийил гIаркьухъи[1].**

**Жидер мунагьал чурун даражаби тIокI гьарун,**
**ТIагьаясул ХIавзалде хIазур[2] гьаре, БетIергьан,**
**ХIабибгун данде гьарун дунял тей рахIатлъун кьун,**
**Дур гIатIидаб фазлу[3]-цIоб тIолгоязде щвезабе.**

**ТIагьал хулафаазде[4] игIтикъад[5] жидер бугел,**
**Жал дур лагъзал рукIин лъан гIибадаталда чIарал.**
**ГIайиб гIузрулъун бачун гIафву гьабун тIаса лъун,**
**ТIолго муридзабазде Дур рахIматал риччан те.**

**ХIабиб хира гьавиялъ хиралъараб гьаб уммат**
**Хирияб алжаналде Дуца буссине гьабе.**
**Дур кIодолъи мулкалъе[6] мукъсанлъи, ками гьечIеб,**
**Киназего гIамм гьабе гурхIалилаб Дур назрат[7].**

**Дунги тIуфайлу тIтIарикъ[8] тIалибу гIилми шшариф[9],**
**ГIумру бецIлъуда индал ракIбухIун щварав таиб[10],**
**Таввабу[11] РрахIимасде занну[12] берцинав пакъир,**
**Къо радалго букIадго кьижун хутIарав наим[13].**

---

**[1] Аллагь лъалезул хазиначи, хIузуралда чIун бергьарав магIарухъ гIаркьухъев рузман сардал рорчIулин чIола**
**[2] АскIор раче**
**[3] Хиралъи, цIоб**
**[4] Устарзабазде**
**[5] РекIел чIей**
**[6] Ханлъиялъе**
**[7] Балагьи**
**[8] ТIарикъаталъул гьитIинаб лъимер**
**[9] Хирияб гIилму тIалаб гьабулев**
**[10] Тавбу гьабурав**
**[11] Тавбу къабул гьабулев Аллагь**
**[12] Пикру**
**[13] Кьижарав**

**Налъукъе ккарав мискин, хIажру[1] къотIарав муфлис[2],**
**ХIукъукъал[3] тIуралаго ТIарикъ чIунтарав гIажиз,**
**ГIалам гъапулаб гIужалъ мунажат[4] гьабулелъул**
**Дирги дуде аманат, Аллагьасул гIабидат[5].**

**ГIилму гьечIев дун жагьил, дару лъаларев тохтур,**
**ДунгIан гIодизе ккарав гIадан ватулев гьечIин.**
**Диналъул вац-яцазе гьабулеб дугIаялъулъ**
**Дунги махIрум гьавуге, ХIабибасул ПатIимат.**

**Гьадияятул хIакъири лилухтил марзияяти**
**ФатIиматил машгьурати байна**
**Агьли тIтIарикъати биавсафи рабигIатил**
**ГIадавияяти ва усигьа биддугIаи[6]**

*******************************************************
***********************************************
*******************************************

---

[1] Ихтияр бахъарав
[2] ЧIовогояв чи
[3] Налъаби
[4] Шуршуди
[5] ГIибадат гьабулей
[6] Пакъирасул сайгъат, Аллагь разияй яц, халкъалда жаний рабигIатул гIадавиятил сифатаздалъун машгъурлъарай ФатIиматие дугIадулги аманат.

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Саддам ХIусениде гьабураб

Бичасул цIцIобалъул цIадалги чвахун,
ЦIияб къуват щваги Садам ХIусений.
Самавияб лутIфу[1] ризкъилъун гьабун,
Рагъда талихI кьеги гIолохъабазе.

ГIадилав ханасул ирадаталда[2]
Амлакал[3] рештIаги ислам цIунизе.
Аллагьасул боял мусаххарлъун[4] кьун,
Саддамил гIадлуялъ дуниял цIеги.

Сайййиду шугьадаъ[5] цевеги гьавун,
Бадриюнал[6] щваги игIаната‌лъе[7],
Абрагьатил боял хIанчIаз кинниги,
Капурлъи гъуризе ганчIил цIад баги.

Хайбаралъул къоялъ ГIалие гIадаб
ГIиракъалъул бое къуват кье, Аллагь.
Къадисияталда фурсал[8] кинниги,
Басра гьабе, Аллагь, ширкалъул агьлу.

Шавкаталде[9] мугъчIван чIухIарав кафир[10]
Накалда ккезаве, хIалкIолев Жаббар.

---

[1] Зобалазул гурхIел
[2] Бокьиялда
[3] Малаикзаби
[4] МутIигI гьарун
[5] Шагьидзабазул кIудияв
[6] Бадруялъул асхIабзаби
[7] Кумекалъе
[8] Персал
[9] Къуваталда
[10] Капурчи

**ХIилла-макруялъул жаниб цIураб къавм**
**Къинабе дуцаго хайруль макирин[1].**

**Макка бахъулелъул Халидий гIадаб**
**Гьунар кье, БетIергьан, мужагьидазе[2].**
**Жавруялъул[3] цIураб исламалъул ракь**
**Эркен гьабе вадуд[4] бидгIаялдаса[5].**

**Дурго къагьруялъул[6] цIал кьабе, Аллагь,**
**ЦIер гIадин капурлъи багъарун бугин.**
**Багъдадалъул гIаскар цIакъ гьабе, Аллагь**
**Иман гьечIеб карман кверде босизе.**

**Кумек - ГIавнуялъе хIал кIвечIониги,**
**ХIусен, духъан буго Дагъистан икълим[7],**
**Дуда хьолбохъ чIезе рес гьечIониги,**
**РакIалда мун вуго щибаб лахIзаталъ.**

**Щибаб какда хадуб кверал цере ккун,**
**Киназго гьарула дуе интисар[8],**
**Дунял балагьараб вакъигIаталъулъ[9]**
**ГIумарасхIаб гIадин мун бергьагиян.**

**Макка-ХIарамалда хIетI лъурав тушман**
**ХIатIим нахъ регIарав Абтарлъун ккаги,**

---

[1] **Макру кутакав**
[2] **Гъазизабазе**
[3] **Зулмуялъул**
[4] **Вокьулев**
[5] **Суннаталде данде кколареб жоялдаса**
[6] **Квегьиялъул**
[7] **Улка**
[8] **Бергьенлъи**
[9] **Лъугьа-бахъин**

Исламалъул агьлу кьалде ахIарав
Кьогеги, БетIергьан, Бушие талихI.

Бергьиналда ракIчIун къватIив вахъарав
Къун нахъвуссинаве хъанчазул ГIабид[1].
ГIарабал чухIизе пулан ккарасе
ПиргIавние гIадаб кье, Аллагь, талихI!

Афранжазул[2] гIаскар гьалак гьабизе
БагIузатазул[3] бо тIаде гъе, Аллагь!
Гьел англичаназда дур къуват лъайзе
Залзалат[4] биччан те ВахIидун къагьгьар[5].

Дуде мугъчIвай бугел муъминзабазде
Назрат[6] къотIун тоге, гъафурун РрахIим[7].
Ургъел тIаса босун, рахIматал риччан,
РахIат гьабе, Аллагь, загIипаб уммат.

Заман ахирлъидал питна багъари
Расулас бицараб лъан бугониги,
БетIергьан, ракIалъе захIмалъи ккедал,
Зигардун ккарав дун тIаса лъугьун те!

## ТАММА

***************************************************
*********************************************
***************************************

---

[1] Лагъ
[2] Франциялъул
[3] КIкIурбузул
[4] Ракь багъари
[5] Кинабго квегъулев цогояв Аллагь
[6] Балагьи
[7] Мунагьал чурулев, гурхIулев

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Щив чи кколев КIудияв? Салам дуде, Авараг

**АлхIамду[1] дуе къагыгъар[2] къидам[3] хIакъав, БетIергьан,
ТIолго рецц Дуе Халикъ бакъаъ[4] тIадав дир Аллагь.
Дур нигIматал рехсезе шаъну[5] дир гIечIониги,
Шукру дуе я Карим[6] киналго ахIвалазулъ[7].**

**ВахIданиййат[8] загьирав зоб-ракъалъул мун Малик[9],
Кун[10] абураб лафзалда хIукму тIубалев Жаббар[11].
ТIолабго гIаламалъулъ гIадлу бащадав хIаким,
Кинабго махлукъалъе ризкъи къолев мун Раззакъ.**

**Мунагьал гьарурасе истигъфар[12] кьурав вагьгьаб[13],
Фасикъгун гIассиясул гIузру бахчулев Гъаффар[14].
Ракалъул хивалдазда хадув мун хекко гъолев,
Гъарибал умуразул[15] балъгояб жо дуй гьечIев.**

---

**[1] Щибаб рецц
[2] Кинабго квегъулев
[3] Авал гьечIолъи
[4] НахъхутIи
[5] ХIал
[6] ГурхIулев
[7] ХIалазулъ
[8] Цо вукIин
[9] Хан
[10] Мун лъугьа
[11] ТIолго мутIигI гьабулев
[12] Мунагьал чури
[13] ЦIакъ чIобого жо кьолев
[14] ЦIакъ мунагьал чурулев
[15] Балъгоял ишазул**

**Дуца хIукму гьабулев, гьеб нахъчIвалев чи гьечIев,**
**Гьидаятгун залалат[1] Дур тIакъдиргун[2] хьвадулев.**
**Дуца къадар гьабураб къотIизе хIал кIоларев,**
**ХIелун гъафудухъ чIарав гъуфран[3] щун разилъулев.**

**РакI бекарав ГIабдасда[4] цадахъ Мун камуларев,**
**Муъминзабазул къалбу[5] рукълъун Дуца гьабурав.**
**Дуй лагълъи гьабизелъун тIолго махлукъ[6] бижарав,**
**Жамадатазулцини[7] тасбихI дуй къотIуларев.**

**Тубу ила ллагьи[8] ян амур нижеде гьабун,**
**Таввабу РрахIими[9] лан дурго сипат бицарав.**
**Ла такънатIуян[10] абун, берцинаб аят рещтIун,**
**Гъафуру РрахIими[11] лан хIилму[12] загьир гьабурав.**

**ГьитIинаб лъимералда эбел гурхIулелдаса**
**Аллагь лагъасда гурхIи ХIабибасги бициндал,**
**МугIрул гIадал мунагьал гьарун щив вугониги,**
**Ширк гуреб чурилилан дур къотIиги бугелъул.**

**Ваман ягIмал суан ав язлим нафсагьу[13] гьабун,**
**Насс[14] бугеб дур китабги[15] кодобе щун бугелъул,**

---

[1] ВитIун ккейги къосинги
[2] Къадаргун
[3] Мунагьал чурун
[4] Лагъасда
[5] РакI
[6] Халкъ
[7] РухI гьечIел жалазул
[8] Нуж Аллагьасде русса
[9] Тавбу къабул гьабулев, гурхIулев
[10] Нужер хьул къотIугеян
[11] Мунагьал чурулев, гурхIулев
[12] ХIалимлъи
[13] Щив чи вугониги квешлъи гьабун яги нафсалъе зулму гьабун
[14] ЧIванкъотIараб хIукму
[15] Къуръанги

Квешаб тун, лъияб кквезе тавфикъ Дуца кьечIони,
Тавбату ннасухIалде[1] ниж рачунев далиль щив?

Динул ислам бичIчIизе бокьарав дур лагъасе
Рагье, Аллагь, чIобого гIилмуялъул абвабал[2]!
ГIамал бацIцIад гьабизе анищ бугев мискинчи
Бечед гьаве, БетIергьан, гьарзаяб къувватги кьун.

Гьава нафсалъул амру асирлъи макъсуд[3] бугев,
Мун рехсей гьуин гьабун гьидаяталде[4] ваче.
Гьарурал мунагьазда ракIбухIарав мугIтариф[5].
Тавбату насухIги[6] кьун иманалда тIовитIе.

АхIсанул ттакъвималда[7] Дуца бижараб жасат[8]
ЖужахI тIадаб касбу кьун куфруялде биччаге.
Курму хиралъиялда хас гьабураб гьумер-кIал
Хинзиралде[9] сверулел сабабал рикIкIад гьаре.

РикIкIун кьурал къоязул къадру тIокIал авкъатал[10],
КъваригIел гьечIелъ гуккун рорчIулелъун гьаруге.
ЧIалгIаде риччан толел багьа тIокIал анфасал[11]
Мун вокьун тIул бухIараб хIухьаллъун сверизабе.

---

[1] БацIцIадаб тавбуялде
[2] Гъапуял (рагьаби)
[3] Мурад
[4] БитIараб нухалде
[5] МукIурлъарав чи
[6] БацIцIадаб тавбу
[7] Берцинаб куцалда
[8] Къаркъала
[9] Болъоналде
[10] ГIужал
[11] ХIухьлал

**ХIилла-макруялъ ккураб дунялалъул берцинлъи**
**Дур зат бихьун, сурур[1] щун, суризабе ракIалъе.**
**Сабабал рекъезарун къоял сардал эркен тун,**
**Аврадал[2] тIоритIизе тIаме, Аллагь, Дуца ниж.**

**Даимаб хIузуралда[3] дур хIазраталда[4] чIезе**
**ХIабибасул тIарикъат ризкъилъун гьабе, Аллагь!**
**Гьелда жаниб батулеб тамашаяб хIалават[5]**
**ХIасуллъун[6] тIагIинабе тIагIаталъулъ кIарчанлъи.**

**ТIолго диналъул вацал, цинги диналъул яцал,**
**ДугIа тIад бухьанщинал щвезаре мурадалде.**
**ШайтIанияб амру тун исламияб нух кквезе**
**АхIмадил умматалъе тавфикъ гьабе, БетIергьан!**

**Гьаб ахир заманалъул зулму-питнабадаса**
**Дур фазлу-цIобалдалъун цIунун те гIарифунал[7].**
**ГIисъян-фискъу[8] бергьарал, гьава-нафсалъ квегъарал,**
**Ниж гьидаят[9] гьаризе гьел рахIат гьаре, Аллагь!**

**РакIалдаса сувайдаъ[10] тIагIинабулеб дарман**
**Дур авлияал гурез инсамасе кьоларо.**
**Аманиял[11] хивалаз гукккарал къулубазда[12]**
**Аллагьан накъиш хъвазе муршид гурев щоларо.**

---

[1] Рохел
[2] Вирдал
[3] Мунги ракIалде щун
[4] Дуда цере
[5] Гьуинлъи
[6] Щун
[7] Аллагь лъалел вализаби
[8] ГIассилъи-пасикълъи
[9] РитIун ккезаризе
[10] ЧIегIерлъи
[11] Хьулазул
[12] РакIазда

**Шавагъилу ддунялалъ гъафлаталда[1] хутIарал**
**ТIуркIизаризе гьунар гьел гурезул гIоларо,**
**ГIалимгун жагьиласе жиндир унтуда рекъон**
**Дару гьабулев тIабиб[2] ТIагьал халифа[3] вуго.**

**ТIарикъаталъул вирдал саликасда[4] малъизе**
**ХIабибас изну кьурав маъзун вуго кIудияв.**
**Машаихзаби рекъон, акътIабаз къабул гьавун,**
**Акъраналъан[5] вищарав муршид вуго кIудияв.**

**Машрикъ-Магърибалде ун тIалаб гьавизе ккарав,**
**Гьидаят[6] бокьаразе далиль[7] вуго кIудияв.**
**Дагъистан икълималъе[8] бакъул гIадаб нур бугев,**
**КъутIбанийййат[9] хIакълъарав ХIалим вуго кIудияв.**

**ХIакъикъатгун магIрифат[10] камил гьабун тIубарав,**
**Кумалазул[11] цевехъан устар вуго кIудияв.**
**Амру нагью тIубалев, ТIагьал суннат цIунулев,**
**Садатазул муштарик[12] шайих вуго кIудияв.**

**ШафигIасул[13] нух ккевзе тавфикъ кьурал чиязе**
**Таважжугьал гьарулев гьади[14] вуго кIудияв.**

---

[1] **Дунялалъул ишаз гьапулго**
[2] **Тохтир**
[3] **Устар**
[4] **Муридасде**
[5] **Кьерилазда**
[6] **ВитIун ккей**
[7] **Нух малъулев чи**
[8] **Улкаялъе**
[9] **КъутIбуясул цIар**
[10] **Аллагь лъай**
[11] **Камилал чагIазул**
[12] **КIудиязул гIахьалав**
[13] **ШафагIат гьабулев**
[14] **Нухмалъи гьабулев**

**Гьесул машрабалдаса[1] гьекъезе бокьаразе**
**Бикьеян амру бугев Амин[2] вуго кIудияв.**

**Аллагьас тIоритIарал ТIагьаясде рачине**
**Месeдил мигIраж[3] лъолев гIалим вуго кIудияв,**
**ГIакъабатал[4] тIутIулев латIаифал[5] къачIалев,**
**ЧIаго хварал ракIазул тохтур вуго кIудияв.**

**Халикъасде гIагарлъи ГIабдас[6] тIаса бищидал,**
**Гьоркьов чIун нух манлъулев ВаситI[7] вуго кIудияв,**
**Расуласул берцинаб нухккурав муридасде**
**Маъул хIаят[8] чвахулеб мизаб[9] вуго кIудияв.**

**Мунагь-хатIа гIемерал тавбуялде тIамулев**
**ТIагьаясул ирс щварав Варис[10] вуго кIудияв,**
**Дунял-ахираталъул хазина кодоб бугев**
**Халкъалъул хириясул МугIин[11] вуго кIудияв.**

**Даруль фанаалдаса[12] пайда боссе бокьараз**
**Файиз[13] тIалаб гьабулев бахIру[14] вуго кIудияв,**

---

[1] **Гьекъолеб жоялдаса**
[2] **Божарав чи**
[3] **Мали**
[4] **Сунгру**
[5] **Зикру малъулел бакIал**
[6] **Лагъас**
[7] **Ирсилав**
[8] **РакIал чIаголъулеб лъим**
[9] **Гомог**
[10] **Ирсилав**
[11] **Кумекчи**
[12] **Паналъулеб рукъ (дунял)**
[13] **Аллагь лъалеб нур**
[14] **Ралъад**

**Диналъул умуразулъ ишкал[1] ккараб бакIалда**
**РакIчIараб фатва[2] кьолев муфти вуго кIудияв.**

**Фукъагьаал[3] хIайранаб суалалъе жаваб кьун,**
**Жагьил ГIалим гьавулев гIакъил вуго кIудияв,**
**ГIилмиял ахIкамазулъ сарихIаб[4] рагIи бицун,**
**ГIалим кантIизавулев Камиль[5] вуго кIудияв.**

**Кавсаралъул лъим тIамун тIугьдул нилъей рижиндал,**
**ТIокIаб жо щиб гьарилеб гьардарав Аллагьасде,**
**Гьуинаб пихъ тIад балеб тIуба[6] нилъее кьедал,**
**ТIун босун кванай гуреб камураб жо щиб бугеб?**

**Кодоб щвейи надираб жавгьар аскIоб батидал**
**Иманлъун божунгутIи жагьлу гьечIищ кIудияб?**
**Жаниб магIданал ругеб мегIер загьирлъун хадуб**
**ИгIтикъад[7] рекIелъ бугев векеризе ккеларищ?**

**Китаб-суннаталдасан[8] аслу гьечIеб жоялде**
**Инкар гьабизе тIалъи битIараб калам буго.**
**БидгIа-гIадаталдалъун гIадамал къосинари**
**ГIилму бугев хIал кIолес биччазе бегьиларо.**

**БитIараб нухалъ унев сапаралда вугев чи,**
**Сверизавизе ккани гIилла къварагIинарищ?**
**ШаригIат камиллъизе ТIарикъат гьабулесда**
**Рекъелищ гIайиб чIвазе гIакълуялда борцани?**

---

**[1] Ишазул бичIулареб жо**
**[2] ХIукму**
**[3] ГIалимзаби**
**[4] Баянаб**
**[5] Камилав**
**[6] Алжаналъул гъветI**
**[7] РекIел чIей**
**[8] Къуръан - хIадисалдасан**

Берал ругевщинав чи канав вукIунарелъул,
Кинниги гIадамазул бихьи батIаяб буго.
БетIер бугебщиналда гIакълуги цо гьечIелъул,
БичIчIилищ инсанасда Аллагьас лъай къечIеб жо?

Азалалдаго ккараб дагIвачагIазул инкар,
Дунялалда къотIилищ щиб бицун кIалъаниги?
Щулияб гьецIоялъе хъатица тIун таниги
ТIасан чвахун гурони, нахалъ асар гьабилищ?

Амма жиндирго чорхол гIуюбал[1] рихьарасда,
ГIадамазул бицине ирга щунгутIи лъала.
Аллагьасул макруялъ гуккиялда хIинкъарав,
ХIисаб жиндирго гьабун чияде регIуларо.

Рецц Аллагьасе буго исламалда тIоритIун,
ТIарикъаталъул агьлу лъалеллъун нилъ гьаридал.
Гьездехун рокьи жубан игIтикъад[2] щулалъарав
Щолилан бицун буго сугъра вилаяталде[3].

Вализабаде инкар кинго бегьулеб гьечIо
Гьезул пиша хал гьабун нахъ гIунтIизе кIоларо
ШаргIалда рекъолареб хIукмуйилан кканиги
ХIикмат жаниб камураб калам ээ гьабуларо

Ибну хIажарал" гьекъон къеч хьарал ругониги
Къаларо гьезда сверухъ загьирал фукъагьаал[4]
Фунунал[5] данде гьарун гьезда гIумру аниги
Илгьам[7] гьабун тIуралъул тIокIаб буго камалат[7]

---

[1] ГIайибал
[2] РекIел чIей
[3] ГьитIинав валиясул макъам
[4] ГIалимзаби
[5] Тайпаби
[6] РекIелъе тIураб
[7] Камиллъи

**ТIарикъаталъул эмен, авлияазул[1] СултIан,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Анбияазул Сайийд, мурсалиназул хатам[2],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Аллагьасул мун махIбуб[3], хIакъав Бичасул Расул,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Алжан-жужахIалъул хан, махлукъаталъул гIирфан[4],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**СиратI-низам камилав караматалъул бахIру[5],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**ГIарш-курсалъул мун аслу, асраразул[6] бетIергьан,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**ЛавхI къаламалъул авал, умуразул[7] байбихьи,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Анбияал русулал мун сабаблъун тIокIлъарав,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Агьлул кабаиразе[8] шафагIатал гьарулев,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Аллагьасул хазина халкъалъе тIибитIарав,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

---

[1] Ваянзабазул

[2] Аварагзабазул кIудияв, илчизабазул ахирисев

[3] Вокьулев

[4] Халкъалъул лъай

[5] Ралъад

[6] Балъголъабазул

[7] Ишазул

[8] ЧIахIиял мунагьазул агьлу

**РахІмат чвахулеб сахІаб[1], саликиназул матІлуб[2],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Агьвалазул[3] къояца аманат дуде бугев,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Абадияб рукъалъул рохел дудалъун щолев,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Ливауль хІамд[4] кодосев кавсар хІавзалъул Малик[5]**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Макъамуль махІмудалъе[6] къотІи гьабурав, Мухтар,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Аб нижер улкаялъе канлъи кьурав, Нуру ллагь[7],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Аллагьасул диналде ниж ахІарав сайфу ллагь[8],**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**
**Агьлу тасаввуфалъул[9] судурал[10] гвангъулеб бакъ,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

**Иршадалъул силсилат[11] сайгъат нижей гьабурав,**
**Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.**

---

[1] **НакІкІ**
[2] **Муридзабаз тІалаб гьабулев**
[3] **ХІинкъабазул**
[4] **ХІамдалъул байрахъ**
[5] **БетІергьан**
[6] **БецІараб макъама**
[7] **Аллагьасул нур**
[8] **Аллагьасул хвалчен**
[9] **ТІарикъат агьлуялъул**
[10] **Курмул**
[11] **Устарзабазул рахас**

Аллагьасде унеб нух манлъизе эл ритIарав,
Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.

Эзухъе нилъ рачарав БетIергьанасе щукру
Камилаб адаб кквезе гьунарго гIечIониги.
Гьезде инкар гьабулеб къавмалъулъ ратунгутIи
КIудияб давла буго диналъул вац-яцазе.

*********************************************
********************************
***************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

## Бакълъухъа СагIду ХIажиясул МухIаммадиде гьабураб

АлхIамду лиллагь рецц дир Аллагьасе
Динул исламалда вижун ватидал.
Хадуб свалат салам Аварагасде,
Эсул агьлуялде асхIабзабаде.

Элда хадуб дагьаб щукру гьабизин
Щвараб давлаялъул биценалдалъун,
Багьа тIадегIанаб магIдан рехсизин
Макъсудлъун[1] бугелаз жавгьар бахъизе.

---

[1] Мурадлъун

**Дагъистан къалъарав къутIбул авлияъ[1],**
**Къалбу[2] рахIатлъула берчIван вихьани.**
**ХIузур жамгIиятгун гьабулеб калам**
**Керен гIатIилъула гIинбазе щвани.**

**ГIилму лладуналъул[3] хIакъаб хазина,**
**ХIазин фарихIлъула[4] аскIове ккани.**
**Агьлу ссулукалъул[5] мугъчIвалеб буцур,**
**Бицен гьабуниги щола баракат.**

**Кумалал[6] руссунеб бустанул икълим[7]**
**Ургъел тIаса уна маскан[8] бихьидал,**
**Машаихзабазул равзу рраяхIин[9]**
**МахIалдасан лъала раис[10] вугевлъи.**

**МухIаммад ГIарифил макъам цIунарав**
**Мукъаррибуназул[11] хIаким мун вуго,**
**ХIираалъул мажлис нуралъ гвангъарав**
**Гъавсги мун вугилан ахIула ракIалъ.**

**Умматалъул ургъел тIаде бегарав**
**ТIагьаясул наиб гьечIо мун гурев,**
**Гьесул ТIарикъалъул хIакъикъат лъараз**
**ХIукму духъе кьола диван гьабизе.**

---

**[1] Вализабазул кIудияв**
**[2] РакI**
**[3] Аллагьасда аскIоса щвараб гIилму (цIаличIого)**
**[4] Пашманав вохула**
**[5] ТIарикъаталъул агьлуялъул**
**[6] Камилал чагIи**
**[7] Улкаялъул ах**
**[8] ЧIолеб бакI (рукъ)**
**[9] ТIугьдузул ах**
**[10] КIудияв бетIер**
**[11] Аллагьасде гIагарлъарал чагIазул**

**Динул исламалъул аслу цIунарал**
**Иршадалъул[1] агьлу дур лъимал руго,**
**Ижазаялъул[2] кIул дур кодоб букIин**
**Киназдаго лъала, рухIазул эмен.**

**Дур изнуго гьечIев шайихасдаса**
**ШайтIангун данделъи тIаса бищила,**
**Дур хъатIикьан инчIеб ижазаялде**
**Иманги лъеларо гIакълу бугелаз.**

**Дуца къабул гьавун тIад квер лъечIесе**
**Кисан иршадалъе ихтияр щолеб,**
**Амру дур гьечIого гIалам тIобитIи**
**ТIадего босилищ ахIмакъ гьечIони.**

**ГIамал ТIагьаясул, тIабгI Къуръаналъул**
**ТIарикъ Сиддикъасул, макъам гъавсасул[3],**
**Вакъар[4] муршидасул, сабру Аюбил**
**Ибну сагIду[5] вуго ссирияб[6] жавгьар.**

**Гьидаяталъул[7] нур надалда бугев,**
**Накъшубандиязул Саййид[8] гьев вуго.**
**Суружул уммати[9] гвангъизарулев**
**Бадрун мунирги[10] гьев гьаб къарнуялъул[11].**

---

[1] **Халкъ тIобитIиялъул**
[2] **Изнуялъул кагьаталъул**
[3] **ТIарикъаталъул бищун кIудияв бетIер**
[4] **ГIодовичай**
[5] **СагIдул вас**
[6] **Балъгояб**
[7] **Халкъ тIобитIиялъул**
[8] **КIудияв**
[9] **Умматалъул чирхъал**
[10] **ЦIураб моцI**
[11] **ГIасруялъул**

**Гьикъилелде кьолеб жавабалда гъорлъ**
**Жагьил гIалимлъулеб гIилму батула,**
**Бицен гьабилелде ишкал[1] борхулеб**
**РагIул магIнабазда нахъгIунтIуларо.**

**ГIакълу камилазе кибритул ахIмар[2],**
**ХIеренго бицунеб харбил гьуинлъи.**
**Хаввасазул[3] къокъа къачIалев устар**
**КIалъала вихьичIо хьимун гурони.**

**МагIарухъе сапар жинца гьабидал,**
**Жамадатазулги[4] анин[5] цIикIкIунев.**
**Эхе вачIунелъул мугIрулгин шобаз**
**Щикаят[6] гьабулев гьадил уммати[7].**

**Адаб дур цIунизе гIажизлъаниги**
**Зияраталъ рачIин бокьулеб буго.**
**Рокьи цIикIкIангIан тIагIунеб адаб,**
**ТIаса лъугьа, эмен, дир хатIаялда.**

**Мун лъуралъув лъезе хазина гьечIев**
**Халикъасул[8] цо гIабд[9] чIалгIунге, устар,**
**ЧIового вачIарав цIун витIулелъул,**
**ТIе дир къалбуялде[10] къутIбанияб[11] нур.**

---

[1] **БичIчIичIеб жо**
[2] **БагIараб месед**
[3] **Хасаб агьлуялъул**
[4] **РухI гьечIел жалазул**
[5] **Зигарди**
[6] **ГIарза**
[7] **Уммат тIобитIулев**
[8] **Халкъ бижарасул**
[9] **Лагъ**
[10] **РакIалде**
[11] **КъутIбуясулаб**

Расулуллагь вещун шигІру ахІизе
ШугІараазеги[1] изну букІиндал,
Эсул хулафаал[2] рещун кІалъалев
Лъоге дида бугьтан, диналъул агьлу!

Ужра-мухь хІажалъун дун кІалъаларо,
Дирго бугеб рокьи бикьула ножой.
Рокьаралщиналгун тІаде рахъиндал,
ТІокІаб хІажат буго шафагІаталде.

Аллагьумма жмагІна магІагьум вархІамна
МагІгьум вахІшурна магІгьум ва адхилна
МагІгьум фил жинани биррахІматика
Я АрхІама РрахІимина[3].

*************************************************
******************************************
************************************

---

[1] ШагІирзабазе
[2] Наибзаби
[3] Я Аллагь, Дуца ниж гьелгун данде гьаре, гьелгун цадахъ Мун нижедаги гурхІа, гьелгун цадахъ Дуца ниж тІадеги рахъинаре, гьелгун цадахъ Дуца ниж алжаназдеги лъугьинаре, Дур рахІматалдалъун я гурхІулезулги бищун гурхІулев, Аллагь.

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Бадрудин афандиясе изну кьедал гьабураб

ХIакъав муршидасул магIнавияв вас,
Босана дуца чIел кьерилазда гъорлъ.
КьучIал акътIабазул[1] божарав маъзун[2],
Бергьана дур жигьад нафсгун гьабулеб.

Садатал[3] данделъун тIаса бищараб
Щвана гьанже жавгьар Балъхъадерие,
Хулафаал[4] рекъон къотIи босарав
Вас нужолъ ватидал, таллагь, рохана.

Халкъ иршад[5] гьабизе тIадкъарав, гIалим
ГIемерлъаги дуе Бичасул рахIмат,
Умматалъул божи кодобе кьурав,
Кьеги дуе тавпикъ ракIазул тохтур.

Рохел даимлъаги Дагъистаналда
Динул исламалъул къадруги борхун.
Къокъаби цIикIкIаги муридзабазул
Дару саламалде[6] рештIен гьабизе.

Силсилат[7] бацIцIадав ТIагьал халифа
ТIадегIанлъаги дур даража макъам,

---

[1] ЧIахIиял устарзабазул
[2] Изну кьурав чи
[3] КIудиял чагIи
[4] Устарзаби
[5] БитIараб нухалде тIобитIизе
[6] Алжаналъул цIар
[7] Устарзабазул рахас

**Ижаза сахIихIав[1] Накъшубандияв**
**Барка дуй вилаят[2] РахIманас кьураб.**

**Бадру изаф[3] гьаби диналде бугев,**
**Далил[4] тIалаб гьаве ТIалибунаца.**
**ТIарикъу ссахIабат[5] кквезе бокьараз,**
**Кьун те гьесухъе квелълъ магIиййаталъул[6].**

**Тавбу бацIцIад гьабун байбихье тIарикъ**
**МатIлуб[7] Аллагь вугел муъминзабаца,**
**Ихлас[8] камил гьабе гIибадаталъул,**
**ГIамал къабуллъулеб лагълъи бокьарас.**

**Бидаят сахIихIав салик[9] гьечIони,**
**Нигьаят[10] камиллъи кинго щвеларо.**
**Ширкалъул асарал мустаканлъун[11] ккун,**
**Маназилал[12] къотIи Къалла нафгIугьу[13].**

**НигIматазе шукру гьабун бицунеб,**
**Гьабун те каламлъун, Карим, дир хабар.**
**Хулафаал[14] рокьун гьелгун рахъунел,**
**Вахъине гьаве дун къокъагун цадахъ.**

---

[1] Изну кьучIав
[2] Валилъи
[3] Бадру диналда хурхизабурав (диналъул цIураб моцI)
[4] Нухмалъулев чи
[5] АсхIабзабазул нух
[6] МагIиятан абулеб муракъа
[7] Мурад
[8] РацIцIалъи
[9] Байбихьи мухIканав мурид
[10] Ахир
[11] Рахчун
[12] Манзилал
[13] Гьелъул мунфагIат дагьаб буго
[14] Аварагасул наибзаби (устарзаби)

Бицинчlого чlезе хlалги кlоларин,
Хlалим, тlаса лъугьа дир хатlаялда.
Тlокlаб рокьи бугеб шугълуги[1] гьечlин,
Гьабе, Аллагь, гlафву[2] мунагьаздаса.

Дирго нафсалдейин ихванал[3] бугеб,
Хитlаб нужедехун кlалъай кканиги.
Лъугьа нужги тlаса гlажизав дида
Дугlа камун тоге муршидзабазе!

# Насихlат

Цинги дагьаб насихlат росо-жамагlаталъе,
Жавгьар аскlоб батараб агьлул[4] байт-хъизаналъе.
Акъарибал[5], живарал[6] лъале-кlолелщиназе,
Кlудиялгун гlисинал гlакълу бугел чиязе.

Гlор щун букlадго щалай бахъеян аби бугин,
Босе, Балъхъал, ножоца росулъ букlаго давла!
Балагьидал щолареб щванин ножой хазина,
Хивалал нахъе рехун ккве бацlцlадаб тlарикъат!

---

[1] Хlалтlи (иш)
[2] Тlаса лъугьин
[3] Вацал
[4] Рукъалъул агьлу
[5] Гlагарал
[6] Мадугьалзаби

ТIаде чвахун бачIараб БетIергьанасул рахIмат,
Щукруялда гьекъезе къуват кьеги ножое!
КьогIаб лъим ругьунлъидал гьуинабин ккаразе,
ГьацIул тIагIамлъун ккаги тIарикъату Щазили!

Накъшубанд ТIарикъалъул тIегьараб гъотIодоса
ТIун пихъ кваназе лъалеб лъай кьеги тIолгоязе!
ТIагьал халифаясде[1] игIтикъад[2] щулалъарал,
Щвезареги Аллагьас макъамул ихIсаналде[3]!

Васас эменилан тун, чIужуялъ росилан тун,
Устарасул баракат агьлуялъе щвейи дагь.
Гьединго росдацаги росулъа чийилан тун,
Чан муршидасул инчIеб баракат къватIибехун.

Балагье Маккаялде Расул жанив гьавураб,
Гьидаяталъул[4] нураз тIоцебе жиб гвангъараб.
Жаниб бугеб агьлуялъ АхIмад гьереси гьавун,
Рисалаталъул[5] баркат ясрибалде[6] рещтIараб.

Мадинаялъул агьлу ансараллъун[7] лъугьана,
Авараг витIухъ гьавун ислам къабул гьабидал.
Инсул росу ХIабибас хвалчадалъун бахъана,
НигIмат никъматлъун[8] ккарал къурайшиял гъурана.

---

[1] Устарасде
[2] РекIел чIей
[3] Аллагь вихьулев гIадин тIагIат гьабулеб даражаялда
[4] БитIараб нухалъул
[5] Расуллъиялъул
[6] Мадинаялде
[7] КумекчагIилъун
[8] РецIел (щцин)

Ишара-рамз гIоларев гIакълу гьечIев чиясе
ГIемер хабар бициналъ гьабизе пайда гьечIо,
ЧIегIераб жо хъахIабан чIарав цо мункирасе[1]
Квер бахун тейи гIадаб дару дида батичIо.

ТАММА

***********************************************
******************************
***************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# МухIамад ГIариф хведал

Иналиллагь, ихванал[2], махлукъ БетIергьанасе,
Гьабе тIолгояз дугIа тIерхьун анин бакъул нур.
Ваинна иллайгьи нилъ русунелъул киналго,
Камил гьабе таслият[3] ятимлъанин гьанже нилъ.

Гьидаяталъул[4] байрахъ барзахалда[5] чIван бугин,
ЧIегIербай абе гьенже гьаб Дагъистан ракьалде.
Дин Ислам ккурав къутIбу[6] къанабакь тIупун вугин,
Къваридго рукIа абе аваданал мугIрузде.

---

[1] Инкарчиясе
[2] Вацал
[3] РакI гIодо биччазаби
[4] БитIараб нухалъул
[5] Дунял ахираталда гьоркьоб бугеб бакI
[6] Шайихзабазул кIудияв

**Авагарасул наиб ун вугин фирдавсалде**
**Пашманлъи загьир гьабе гьанже муридзабаца.**
**Муъминзабазул амир[1] алжаналде щун вугин,**
**Аллагьасде хIелхIеде рахIматал къотIугеян.**

**ТIагьал хулафааца[2] хилафал[3] цере лъолев**
**Лъуравищха ракьалда ибну[4] ХIасан Афанди,**
**ХIал щвараздa кверчIвалев курамаазул[5] Сайид,**
**Босарабищха дур рухI МухIаммад ГIариф Биллагь[6].**

**ГIалимзаби руссунеб бустанул исламият[7],**
**Унго, накълулъарабищ малаул агIлаялде[8] .**
**Агьлулагьаз гьекъолеб гIайнул якъиналъул иццo?**
**Къарабищха хIакълъунго хIалават[9] бихьаразе.**

**Вихьизе рачIиналъухъ ракIал гIащикълъаниги,**
**Адаб теялда хIинкъун рокъор чIарал нижее,**
**Жакъа дур къабруялда[10] зиярат гьаби гIадаб**
**ЗахIматаб къо тIаде щун, къварилъичIо судурал[11].**

**Сулукалъул[12] тIахьазе, тIадегIанав мужтагьид[13] ,**
**ТIокIлъунищ мун вукIарав лахIтуялъув лъугьине**

---

[1] **Цевехъан**
[2] **Устарзабаз**
[3] **РичIчIичIел жал**
[4] **Вас**
[5] **Хириязул**
[6] **Аллагь лъалев**
[7] **Исламияб ах**
[8] **ЛъикIал чагIазул рухIал унеб бакI**
[9] **Гьуинлъи**
[10] **Хобалда**
[11] **Курмул**
[12] **ТIарикъаталъул**
[13] **Къуръан-хIадисалъул хIукмаби рахъулев имам**

**ТIарикъат агьлуялъе чара гьечIеб хазина**
**Хойзе ресищ букIараб муршидзабазул раис[1].**

**Икълималда[2] нур бараб Расуласул халифа,**
**Холевинго рукIинчIо гIанчIал нижер къулубал[3].**
**ГIарифунал[4] гвангъараб жавгьар-якъуталъул таж,**
**Толебин ккечIо дунял чIорогоял нижеда.**

**ЧIегIер хIайван гIодидал ГIизраил духъе щвеялъ,**
**ГIаммаб балагь тIатана батIиналъул[5] вацазе.**
**Басираталъул[6] агьлу мун камун хIайранлъидал,**
**ХIисаб гьечIеб мусибат[7] бачIана кьерилазде.**

**Мун хириял авладал[8] хIузнуялде[9] ккун руго**
**ХIакъикъаталъул ралъад ракьулъе тIерхьанилан,**
**ТIолго хъизан-агьлуги угьдилелго чIоларо**
**РакIазул ТIабибасда[10] тIад хIур бетанин абун.**

**Бичасул чапар вачIун чорхол рухI босулелъул,**
**Абука рахIималлагь[11] хIурулгIиналгун щвечIищ?**
**ХIасраталъул дунял тун дуца сапар бухьиндал,**
**Сайфуллагьил Увайсийи салам кьун хIазурлъичIищ[12]?**

---

**[1] БетIер (кIудияв)**
**[2] Улкаялда**
**[3] РакIал**
**[4] Аллагь лъалел вализаби**
**[5] РухIалъул**
**[6] РакIалда нур бугел**
**[7] Балагь**
**[8] Лъимал (васал)**
**[9] Пашманлъиялде**
**[10] Тохтирасда**
**[11] Аллагь жинда гурхIаяв дур эмен**
**[12] АскIов щвечIищ**

ЧIегIераб хобалъув мун хваравилан лъун тедал,
Тамахаб сундусалъул бусен тIамун хIал хьечIищ?
ЛахIду тIад къоноги чIван къварилъараб гIужалда,
Жанатул гIаднуялде[1] гIедегIун щвезавичIищ?

Щиб гьабилеб, гIадамал, гьаб хIукму-къадаралда,
Къадирасе бокьидал щвараб мусибаталда[2].
Вуссана нилъер эмен абадияб рокъове,
Ана дунялалдаса Дагъистан ккураб къутIбу[3].

ТIокI гьабе, Аллагь, Дуца Дур валиясул макъам,
КъотIизе тоге, Аллагь, акътIабазул силсила[4]!
Сахлъиялда те, Аллагь, нахъиял муршидзаби,
Щвезабе, Аллагь, нижей эзул баркат, шафагIат!

ТАММА

***************************************************
******************************************
**********************************

[1] Бищун хирияб алжаналъул цIар
[2] Балагьалда
[3] Шайихзабазул кIудияв
[4] Устарзабазул рахас

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Инхоса КIудияв хведал

Гьанже гIоде, гIадамал, гIажизлъанин Дагъистан,
ГIуюнал[1] магIу тIагIун битIеялде ккезегIан.
ТIолго муридзабаца гьабе цоцаде зигар,
Зобгин ракь хIайранлъараб хIал бугин тIаде бачIун.

ТIулада боркьараб кор кин суйнаян рукIаго
Каранда рекIун цIаялъ цIуна ургъалил къалбу[2].
КъутIбул икълимги[3] вукъун къварид нилъги рукIаго
КIудияс гьабун тараб тохаб сапар бихьулищ.

Я, дир рухIалъул эмен, аман дуде букIана,
Анищалда дунги тун тарабищха дуниял?
Дир ракIалъул хазина хабалъ мунги вукъидал,
Мунагьаз цIурав дие дару лъица гьабулеб?

Я, дун вохарав, Сайид, Расуласул халифа,
ХатIаратал[4] цIикIкIиндал ахIи лъиде тIамилеб?
БатIин къачIалев устар мунги цевеса индал,
Дир загIипаб нафсалде балагье лъил букIунеб?

Я, дир мугъ цураб жабал[5], жагьлу хъамурав муршид,
Жакъа дур калам анищ керенгун ракI танкизе.
Тафсиралъулъ гIакъабат гIукъдат[6] бичун рагьизе
Гьанже гурищ кIудияв мун хIажалъун вукIарав.

---

[1] Берал
[2] РакI
[3] Улкаялъул къутIбу
[4] РекIел пикраби (васвасал)
[5] МегIер
[6] Тафсиралъул сангар гIарац бичун

**Я дун чIухIараб канзун[1], музнибиназул тIабиб[2],**
**ТIагьаясул фуюзал[3] нижей рикьарав Къасим[4],**
**Къасават[5] пардав лъугьун фуадал[6] чIегIерлъидал,**
**Дуде берги щвечIони щиб нижеца гьабулеб?**

**Шабигьука филхIилми[7] ХIабибасда букIана,**
**Сабруялъул дур макъам Аююбиде гIунтIана.**
**ГIилмул БатIиналъулъ мун гъотIода релълъун ккана,**
**Гъварилъуде кьалбал ун агъсанал[8] пихъил цIураб.**

**Ялъуни мун вукIана лъим гьуинаб бахIрулъун[9],**
**Гьури кисан пуниги карачел тIатунареб.**
**ТIасан унел суфунал[10] макъсудалде[11] щвеялъе**
**Щибаб чара батизе рухсаби[12] жанир ругеб.**

**Яги дур тIабгI[13] букIана тIабибун хIазикъасул[14]**
**Рекъарал дараби кьун мариз[15] танкизавулеб**
**Тамахаб рагIи бицун, берцинаб калам гьабун,**
**Кинавго мухIтажасул[16] хIажат жинца тIубалев.**

---

[1] **Хазина**
[2] **Мунагьал гьарулезул тохтир**
[3] **Чвахулел нурал**
[4] **Рикьулев чи**
[5] **Бицалъи**
[6] **РакIал**
[7] **ХIалимлъиялъулъ дур релълъенлъи**
[8] **ГIаркьелал**
[9] **Ралъадлъун**
[10] **Гумул**
[11] **Мурадалде**
[12] **Ресал (балъголъаби)**
[13] **ТIабигIат**
[14] **Лебалав тохтирасул**
[15] **Унтарав**
[16] **ХIажалъи ккарасул**

**ТIарикъаталъул шайих, шаригIаталъул гIалим,**
**ГIаламалъе бакараб нуралъул хъахIаб чирахъ.**
**Накъшубандиююнаца хIухьбалеб гIайнул хIаят[1],**
**Шазилияз гьекъолеб нафю исбаталъул[2] лъар.**

**Инхосан загьирлъараб алжаналъул салсабил[3],**
**Силсила[4] жавгьар гIадаб, гIайин[5] бацIцIадаб маржан.**
**ЦIалкIун тIаде бачIараб тIахьтIи гIадин нижги тун,**
**ТIерхьаравищ кIудияв мун ракьул чохьониве.**

**Чанги мун хIажалъарав саликги[6] гIодилав тун,**
**ГIаламу ллагьуталде[7] ракIищ дур балагьараб.**
**Бераца магIу тIолел тIолго авладалги[8] тун**
**Аллагьасул заталъухъ гIищкъуйищ дур цIцIикIкIараб?**

**Дунялалъул чIаголъи чIалгIунищ ккараб, эмен,**
**Айтамаллъун[9] нижги тун, жаннаталде[10] къокъизе?**
**Икълималъул къутIбуяс къо лъикI гьаби бакIлъунищ,**
**Шагьру[11] гьоркьоб инчIого арав мун гIаднуялде[12]?**

**Дудалъун хиралъараб Инхоб росу бихьизе**
**Хьул лъелада кIудияв гьанже муридзабазул**

---

[1] **РакIал чIаголъулеб лъел ищц**
[2] **Ла илагьа илла ллагь абураб калимаялъул**
[3] **Алжаналъул иц**
[4] **Устарзабазул рахас**
[5] **Аслу**
[6] **Мурид**
[7] **Илагьияб гIаламалде**
[8] **Васалги**
[9] **Ятимзабилъун**
[10] **Алжаналде**
[11] **МоцI**
[12] **Бищун хирияб алжаналъул цIар**

**Мун хьвадун берцинлъарал хьиндал тIурукъаздасан[1]**
**Къаникье мунги вуссун сафар щибан гьабилеб?**

**Щваги дуе, кIудияв, дарул муттакъиналда[2]**
**Макъамул МахIмудалда[3] ХIабибасул гьоболлъи.**
**Гьавеги мун Расулас умматалъе шафигIлъун[4]**
**ШафагIатазул къоялъ къвал бан ниж балагьизе.**

**ТАММА**

**************************************************
******************************************
**********************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Лъахъа ХIамзат устар хведал гьабураб

**Меседил таж лъурав Лъахъа МустIафа**
**Лъуравищ ракьалда къоял тIагIиндал.**
**Къадру жавгьарулав Гьидерил валад[5]**
**Гьабурабищ къо лъикI муридзабазе.**

---

[1] Нухаздасан
[2] Аллагьасукьа хIинкъарал чIолеб алжан
[3] Бещараб макъам
[4] ШафагIат гьабулевлъун
[5] Вас

Зодов малайкасда тIабгI[1] релълъун ккарав
ТIупаравищ къаникь икълималъул[2] нур?
Къуръан ХIадисалда хIукму рекъарав
Къанщаралищ берал муршидул балдат[3]?

Акъранал[4] рикьидал кьерилал индал,
КьогIлъунгойищ ккараб заманалъул рукъ?
Зулматазул даалъ[5] Дагъистан цIедал,
Дарул бакъаалде[6] къасдищ бергьараб?

Гьидаят[7] бокьараз кIалчIван гьекъезе
КъачIан машрабги[8] тун аравищ устар,
Тавбу гьабун щварал гъоркье кIанцIизе
КIойрун тIубаги[9] тун тарабищ дунял?

Давауль музнибин[10] гъорлъа камидал,
Кинаб хIалдай щвана шуракааде[11]?
Шифаул къулубас[12] сапар бухьиндал,
Сулукалъул[13] агьлу пашман ратила.

Шаъну-хIал камилав ХIамзат Афанди,
ХIакъаб ТIарикъалъулъ тIуварав далил[14]?

---

[1] ТIабигIат
[2] Улкаялъул
[3] Улкаялъул (шагьаралъул) устар
[4] Кьерилал
[5] БецIлъабазул унтиялъ
[6] Кидаго нахъе хутIулеб рукъалде
[7] РитIун ккей
[8] Гьекъолеб ищц
[9] Алжаналъул гъветI
[10] Мунагьал гьарулезул дару
[11] ГIахьалазде
[12] РакIазул дарман
[13] ТIарикъаталъул
[14] Нух малъулев

**ТIагьал нух ккурасе сиражул мунир[1]?**
**Сварабишха канлъи болжал лъугIидал?**

**Алжаналъул кверщел кодобеги кьун,**
**Квер хьвагIун вичаги шафагIаталъе.**
**Кавсаралъул манбагI[2] сайгъатги гьабун,**
**Гьоболлъун вачаги мун Аварагас (жинда салат салам лъеяв).**

**Амру нагью тIубан ТIарикъ цIунарав**
**ЦIеги дуй ХIабибас хIавзалдаса лълъар.**
**ХIакъаб лагълъиялъулъ адаб манлъарав**
**Аллагь разилъаги дур хьвадиялда.**

**Бакъул гордо тIерхьун къо рукIкIунилан**
**Къаси сардил бецIлъи тIад хутIуларо,**
**Херлъун, заман индал гъветI бегунилан**
**Гъоркьан кIанцIичIого маншу чIоларо.**

**ЧIегIераб накIкIукьан чваххун балеб цIад,**
**РоцIун зоб унилан къотIун кколаро.**
**Ккурав гIиткъулъулеб[3] гIурватул вускъа[4]**
**ГIиса рештIинегIан тIаса унаро.**

**Унго, гIажаиблъи Дагъистаналъе**
**Расуласул бугеб цIакъаб гьадиййат[5].**
**Гьес хулафаахъе[6] кьун бугеб тIагIам**
**ТIаде рачIанщинал хьихьизареян.**

---

[1] Гвангъараб чирахъ
[2] Ищц
[3] Тархъулев
[4] Щулияб гIоркь
[5] ТIоритIи
[6] Устарзабахъе

**Хьул лъураз гьекъолеб гьуинаб шараб[1]**
**Гьадинго бикьеян кьун буго эзухъ,**
**Аллагьас ахIарал тIоритIейилан**
**ТIагьал амру буго эзухъе щвараб.**

**Унго, гIажаиблъи хIисаб гьабуни,**
**ХIилму тIокIав Аллагь гурхIун вугев куц.**
**ХIабибасул уммат нилъ гьаричIони,**
**Гьесул мукъсанлъулеб рахъдай букIана.**

**Русулазул хатам[2] нилъей кьечIони,**
**Эсда гIайибчIвалев хандай вукIана?**
**Хулафаал[3] ритIун тIокI гьаричIони,**
**ТIад вахъун кIалъалев чидай вукIана?**

**Динул Исламалда нилъ тIоритIизе**
**ТIадабдай букIана БетIергьанасда?**
**ТIокIал нигIматал кьун рохизаризе**
**Рекерун цередай нилъ ккун рукIана?**

**Насранияб къавмлъун рижаралани,**
**Мажусиял гьарун ратаралани,**
**Элда инкар гьабун бергьине кIолел**
**Багьадурзабидай нилъ ратилаан?**

**ГьечIелъуса рижун ниж тIоритIарал**
**Мун БетIергьан вуго, ниж лагъзал руго.**
**Нижедасан ккараб хатIа бахчулев**
**Халикъ цойги гьечIо мун гурхIичIони.**

---

**[1] МагIнавияб гьекъел**
**[2] Илчизабазул ахирисев**
**[3] Устарзаби**

**Мунагьал гIемерлъи гIайиб кканиги,**
**ГIузру бачинчIого гьечIо нижей рес.**
**Гьава нафсалъ квегъи такъсирлъаниги,**
**Тавбу нижер, Гъафур, мун тIаса лъугьа!**

**ТIолгоязул малик[1], мулкалъул[2] паччахI,**
**Камил гьабе нижер дуде махIабат.**
**Макъбулияб[3] иман ракIалдеги тIун,**
**ТIоритIе я, ХIаким, хIакъаб нухалда!**

**ХIакъикъияб лъаялъ мун лъаразда гъорлъ**
**Лъе нижерги цIарал, цIоб гIатIидав хан.**
**Махлукъалъе[4] рикьун хазайназе[5]**
**Хусран[6] гьечIев Бечед риччай рахIматал!**

**Расуласул ТIарикъ, ТIагьаясул нух**
**Берцин гьабе, Карим, кумаладалъун[7],**
**Караматал тIокIал авлияазул[8]**
**Иршадалъе[9] къуват цIикIине гьабе!**

**ЦIар берцинав, Саййид, нижер Авараг,**
**Аллагь, мун вихьизе матIулъун гьаве**
**Гьесул суннат ккурал садатаздалъул[10]**
**СагIадат[11] насибаб къавмалъулъ раче!**

---

[1] Хан
[2] Ханлъиялъул
[3] Къабулаб
[4] Халкъалъе
[5] Хазинабазе
[6] Ками
[7] Камилал гIадамаздалъун
[8] Вализабазул
[9] Халкъ тIобитIизе
[10] КIудиял чагIазул
[11] ТалихI

РавхIанияв инсул аврадаздалъул[1]
Аллагь, щвезе гьаре вилаяталде[2] !
Гьесул адаб цIунун хьвадизе малъун
Хьулал тIуразаре муридзабазул!

Макъамал тIокI гьарун АхIмадил варис[3],
Аллагь дуца цIуне амразалдаса[4] !
Дур ХIабиб вохарав халифаясе[5]
Халатаб гIумру кье ниж тIоритIизе.

РахIман, дуе буго тахIиййат икрам[6] ,
Кидаго хIамдгин-рецц шукругин санаъ[7] .
Сайййидул гIаламин[8] Расуллъун витIун,
ТIокI гьарун ругелъул умматадаса.

Анбияазул[9] хан, халкъалъул СултIан,
ТIолгоязул Мухтар, нижер Авараг (жинда салат салам льеяв),
Эсде битIун толеб свалатгун салам
Сайгъатлъун щвезабе нижер рахъалъан!

АМИН

Мавлая салли ва саллим даиман абадан,
ГIала ХIабибика хайрил халкъи куллигьими.

**********************************************
****************************************
**********************************

---

[1] Вирдаздалъун
[2] Валилъиялде
[3] Ирсилав
[4] Унтабаздаса
[5] Устарасе
[6] КIодолъи
[7] Рецц
[8] ГIаламалъул кIудияв
[9] Аваргзабазул

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ТIидиса Ибрагьим Халилил МухIаммад хведал гьабураб

**Машаихзабазул нуралъ къалъараб**
**КъахIиб районалда зигара байзин,**
**Зумратул муттакъин[1] жаниб камичIеб**
**Улка къварилъараб къалимица хъвазин.**

**Къуръан хIифз[2] гьабурав гIалим къанщидал,**
**ГIодизин ихванал[3] нилъго нилъехъго.**
**Накъшубандиязул маъзун[4] камидал,**
**Мусибат[5] щваразде тагIзият[6] гьабе!**

**Гьидерил росаби бесдал хутIана**
**ТIагьал хулафаал[7] хабалъе индал,**
**Исламалъул чирхъил гвангъи тIагIана**
**ТIидиб росулъ щвараб бакъ хьухьан ккедал.**

**Диналъул хIободе хIал щун батила**
**ХIалае букIараб рахи бекидал.**
**Хавасазул[8] имам пашман ватила**
**Муршизабазда гъорлъ ками бегьидал.**

---

**[1] Аллагьасукьа хIинкъулезул къокъа**
**[2] РекIехъе лъалев**
**[3] Вацал**
**[4] Изну кьурав**
**[5] Балагь**
**[6] Зигара**
**[7] Аварагасул наибзаби, ай устарзаби**
**[8] Хасаб агьлуялъул**

Баракат аниб тун арав ватаги
Ибрагьим Халилил мухлисав[1] ХIафиз[2],
Мунго къоял тIагIун къаникь лъуниги
КъотIугеги дур ирс варисзабазе.

Мун вихьун ракIгъолел тIалибиназда[3]
ТIокIаб бихьиларо бахьинаб гьумер.
Хьул лъедал кIалъазе мун гьечIел къоял
Къваридго рукIина жамагIаталъе.

Жанисан мунги ун хIужра хутIидал
ХIал хисун батила рукъалъул агьлу.
Къойил тIад рачIунел муридзабазе
ЗахIмалъун батила мун цевеса ин.

Машраб[4] хисаниги шараб[5] цолъидал
Шукру гIемер гьабе, хириял вацал!
Хвеларелъ вижарав инсан гьечIелъул
Сабру берцин гьабе, Гьидерил улка!

Авaристаналда тавхIид[6] бекьарав
ТечIищ гIасавияс панаяб дунял?
ГIулумазул[7] ралъад, балъгояв къутIбу[8]
Къанабакъе инчIищ Сайфуллагь Къади?

Икълималъул[9] чирахъ ТIагьал муварис[10]
ГIурусаз чIван хвечIищ ХIасан Афанди,

---

[1] ВацIадав
[2] Васасул вас
[3] Муридзабазда
[4] Гьекъолеб иц
[5] Гьекъолеб жо
[6] Аллагь цо гьави
[7] ГIелмабазул
[8] Устарзабазул кIудияв
[9] Улкаялъул
[10] Ирсилав

**ЯгIсуб МухIаммадил рухI босараб черх**
**Дербенталда букъун накълу[1] гьабичIищ?**

**КъутIбул балаъ[2] лъарав ХIумайд Афанди**
**Арав дуниял тун ГIизраил щведал,**
**ГIурисан баккараб бахIрун гIамикъалъ[3]**
**Гьекъараб хвалил лълъар къоял тIагIиндал.**

**КъутIбул авлияи[4] МухIаммад ГIариф**
**Мусрудалъ жемарав, ажал лъугIидал,**
**Инхоса кIудияв, рухIазул эмен**
**Эсги, къо лъикI гьабун, бухьараб сапар.**

**Сайру-сулукалъул[5] агьлу хIайранав**
**ХIамзат Афандияс къанщарал берал.**
**Иршадалъул халгIат тIад ретIинелде**
**ТIерхьараб ракьулъе ГIахьалчIиса нур.**

**ГIарифунал[6] дагьаб дин тIеренлъараб,**
**Дунял гIуцIиялъул къимат лъугьараб,**
**Гьаб заманаялъул афатаздаса[7]**
**Аллагь Дуца цIуне АхIмадил уммат!**

**Мун цо вукIин лъалел загIипал лагъзал**
**ГIамал пасалъидал басра гьаруге,**
**Расуласде инкар гьечIеб агьали[8]**
**Суннат тун кканиги те тIаса лъугьун.**

---

**[1] Цоги бакIалде восичIиш?**
**[2] Киналго балагьал раччулев**
**[3] Гъваридаб ралъдалъ**
**[4] Вализабазул къутIбу**
**[5] Берцинаб хьвада-чIвадиялъул, тIарикъаталъул**
**[6] Аллагь лъалел гIадамал**
**[7] Лагъаздаса**
**[8] ГIадамал**

Дур кIодолъи лъарал гIуламаазул[1]
ГIамал ккун хьвадизе тавфикъ кье, Аллагь,
АхIмадие хIакъаб хIурмат гьабурал
Гьал шайихзабазул щвезабе баркат!

Дазу гIорхъи гьечIеб дур рахIматалъул
Ралъадазул квершел муршидзабахъ те,
Мунагьал чурулеб тавбудул гъапу
Гъарималнижее рагьараб къаге!

Гьарейилан амру гьабурав, РахIман,
ХIелун гьари буго тIаса лъугьаян,
Гьарарасе кьезе хIал кIолев, Къадир
ХIажат буго гIафву[2] мунагьасдаса.

ГIурдада бижулеб харил мисалалъ
Хвел паризаяб жо махлукъаталда[3],
Макьилъ бихьулелда релълъараб дунял,
Даимаб жо гуро гьаниб чIаголъи.

Гьаризе агьлулъун ниж гьечIониги,
Гьибаталъул[4] агьлу мунго вугелъул.
Мунагь-хатIаялда тIасаги лъугьун
ТIоритIе, БетIергьан, битIараб нухда!

АМИН Я МУЖИБ

******************************************
************************************

---

[1] ГIалимзабазул
[2] ТIаса лъугьин
[3] Халкъалда
[4] ЧIобого кьолев

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ДатунатIаса МухIаммад Расул хведал гьабураб

Инна лиллагь, ихванал[1], рехе гьанже фатихIат,
Панаяб дуниял тун МухIаммад Расул индал.
Датуналъул жамагIат, гIоде гьанже киналго
Камурабин ножое жавгьаралъул хазина.

Хварабилан те росу саликиназул[2] къокъа
Къанабакье вуссиндал сайру[3] берцинав гIалим.
Свана гьанже берзул нур агьлу-гIагарлъиялъул
ГIарифуназ[4] бакараб чирахъ кодоса индал.

Абадияб рокъове къокъун арав инсуда
Къварилъуге, МухIаммад, хIукму Бичасул бугин.
ХIабибасде гьоболлъун гьабураб сапарлъидал
Сабру берцинаб гьабе гьеб нилъер мингьажлъидал[5].

Гьава-нафсалда квелълъ бан, квегъуд ккараб къаркъала
Къваридал хабалъ лъедал хваравилан абуге.
АхIмадил ТIарикъалъулъ тIубараб хIаз[6] щварасул
Мусрудалъ жемунилан жаниб черх туруларин.

Халикъас фарз гьарурал умурал[7] цIунарасул
Сверулин чIегIераб хоб алжаналъул ахалде.

[1] Вацал
[2] Муридзабазул
[3] Хьвади
[4] Аллагь лъалел вализабаз
[5] Нух
[6] БутIа
[7] Ишал

Аварагасул суннат, садатаз[1] лъураб ТIарикъ,
ТIаса бищун ккурасул кваналарин ракьалъ гьан.

Гьай, аман, дирги анищ дур гIадин хварав эмен,
Халкъалъул хириясул хулафаалги[2] рихьун,
Риязалда[3] гIумру ун, гIилму загьир, батIин[4] щун,
ГIарифу билагьилан[5] шайихзабаз абурав.

Щолебани дийгоги дур инсуй гIадинаб хвел,
ГIилмуялда гIамалгун гIумру халат тIамураб.
ТIубалаан дир мурад диналъул умуразулъ[6]
Дур инсул тавфикъалда къоял тIамизе щвани.

Насабалъул эменлъун эв ватиялде балан
Дуде тагIзият[7] гьаби суннатлъун ккананиги,
Исламияб жамагIат гIодизе мустахIикъаб
ГIалим хвеялъул балва[8] щун бугеб нижедеги.

ШаргIалъул арканазе[9] ками ккеялде щвараб
Щибго мусибат[10] гьечIо гьаб халкъалде бачIине.
Гьидаяталъул далил[11] дин манлъулев гIалимчи,
ГIодула анкьабго зоб ракьулъе иналдалъун.

---

[1] КIудиял чагIаз (устарзабаз)
[2] Устарзабиги
[3] Нафс квегъиялда
[4] Загьирабги батIинабги гIилму
[5] Аллагь лъалев чийилан
[6] Ишазулъ
[7] Зигара
[8] Балагь
[9] ХIубазе (рукнабазе)
[10] Балагь
[11] БитIараб нухалда гIадамал тIоритIулев

**Аллагь лъаялъул лазат завкъалдалъун[1] чIамидал,**
**ЧIалгIун батила хIаййат[2] МухIаммад Расул дуда.**
**ХIакъул якъиналде дуй къараб нуцIа рагьидал,**
**Къо лъикIин тун батила Датуналъун жамагIат.**

**ГIайнул якъиналдаса гьекъезе дуе щведал,**
**ГIишкъу ккун ун ватила Аллагьасул заталъухъ.**
**Абадияб чIаголъи дуе Халикъас кьедал,**
**КьогIлъун батила дунял дарул бакъаъ[3] гурелъул.**

**Бичас къадар гьабураб хIукму дуде щваниги,**
**ШаргIалъул нух цIунарал цIеги фуругIаз[4] росу.**
**Сапар халатаб бухьун мун цевеса аниги,**
**Исламалда кверчIвалел камугеги авладал[5]!**

**Дуца тIатIала чIварал тIахьал тадрис[6] гьаризе**
**Тавфикъ кьун тIоритIаги музаккарал[7] наслаби!**
**Сайру сулук[8] гьуинал, гьидаят[9] насиблъарал**
**СулахIаал[10] лъугьайги тIолго рукъалъул агьлу!**

**Аралин хабар щола, хваралилан рагIула,**
**Хабар-кагъат къотIарал рокъоре руссин лъала,**
**ЛъикIабниги я квешаб гIамал гуреб цоги жо**
**Цадахъ босун инчIолъи бераздаги бихьула.**

---

**[1] КIалдиб босун**
**[2] ГIумру**
**[3] Нахъе хутIулеб рукъ**
**[4] Лъималаз**
**[5] Васал**
**[6] Малъизе**
**[7] Бихьинал**
**[8] ТIарикъат хьвадизе кколеб куц**
**[9] БитIараб нух (ритIун ккей)**
**[10] ЛъикIал гIадамал**

Хьулалъул халалъиялъ хвел тIаде биччаларо,
Хивалал пасалъиялъ гIибадат лъугьунаро.
ГIумру нахъе бугилан гIолохъанлъи чIухIула,
БахIарлъи тIаса ине ракIалъе бокьуларо.

БетIергьан гъоркье чIараб ризкъи гIун нафс чIоларо,
Лагълъиялъе вижин лъай жагьлуялъ[1] нахъе чIвала.
Нахъа бугеб къварилъи къол цудун бичIчIуларо,
Къаденахъе ворчIидал, заман къокълъун батула.

Загьру гъорлъе жубараб тIагIам гьоцIолъун ккола,
ТIабибас[2] кьолеб дару кьогIабилан рехула.
Кьер берцинаб бихьараб пихъалде анищ ккола,
Агьлул хибратаз[3] кьолелъ хайир ккейи лъаларо.

Лъимадул гIамал буго гIанчIаб жакъаги чорхол,
ГIумру нахъ бекунилан кколеб гьечIо гIазимат[4].
ГIакълу- лъай кьун вижиндал лъайчIо хIалтIизабизе
ХIилла-макрудул квелъ бан квегъун ккана шайтIаналъ.

Кинниги РахIманасул гIафву кIудияблъидал
Иннал кабаира фил гъуфрани калламами[5].
Мунагь-хатIа гIемерлъун гIассилъаби цIикIкIиндал
ГIафвуги[6] хIажалъана хIалихьатаб нафсалъе

---

[1] Лъавукълъиялъ
[2] Тохтирас
[3] ХIалбихьараб агьлуялъ
[4] Тавакал
[5] ЧIахIиял мунагьалги Аллагьасул мунагьал чуриялда аскIор цIакъ гIисинал жал руго
[6] ТIаса лъугьин

**Нахъе рехун унареб гIайиб черхалдаги тун,**
**Нечоларо кIалъазе кIалдиб бугеб дир мацIги.**
**Дунялалъул пикрабалълъ паналъарав мискинас**
**Пашманаб назму хъванин, тIаса лъугьа, МухIаммад!**

**ТАММА**

****************************************************

******************************************

************************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Ичкаялдаса Жанай хведал гьабураб

**Бисмиллагьги бахъун хъвазин кагътида**
**Каранде хIал щвараз хIалхьун цIализе,**
**ХIамд[1] Бичасде гьабун гьабизин шигIру,**
**Гьудул-гьалмагъзабаз ракIал чучизе.**

**Ичкаялъул жамигI[2] жахIабгоги тун,**
**Жанай къокъун араб къиса бицинин.**
**Къуръан-хIадисалде къо лъикIги гьабун,**
**Къадияс дунял тей лъайзе гьабизин.**

**Гьанже гIоде абе гIолохъабада**
**ГIилмуялъул аслу росулъа индал,**

---

**[1] Рещц**
**[2] Мажгит**

**Инна лиллагь баче жамагӀатчагӀаз**
**Жанайил къираат[1] къотӀараб лъазе.**

**Къойил дугӀа гьабе гӀалимзабаца**
**ГӀазизаб рухӀалъе рахӀат щвагиян,**
**Щивас амин бачун Бичасде гьаре**
**Гьесул даражаби цӀикӀкӀинареян!**

**Диналъул шурутӀал лъида тӀадги къан**
**Къокъарав хабалъе халкъалъул вагӀиз[2]?**
**Къуръан-хӀадисалъул тафсир[3] гьабулев,**
**ГьечӀогури инсан росабалъ гьанже.**

**РагӀарав урхъарав АхӀмадил варис[4]**
**Аравищха гьорлъа жамагӀаталда?**
**Вихьарал гӀашикъав гӀелмудул бахӀру[5]**
**МахӀрум танагури дуца росаби.**

**Исламалъулъ ккараб щаклъи борхизе**
**Щиб гӀамал гьабилеб гьал жагьилзабаз?**
**ШаргӀалъул ахӀкамал[6] мухӀкан гьарулев**
**ХӀаким дандчӀваладай чӀинкӀилзабазулъ?**

**Зобгин ракь бахилав гӀалим вукъидал,**
**Къварилъи хӀакълъана Дагъистаналда.**
**Диналъул хазина хамилъги жемун**
**Хараблъана[7] гьанже гьаб динул ислам.**

---

**[1] Къуръан цӀали**
**[2] ВагӀзачи**
**[3] Баян**
**[4] Ирсилав**
**[5] Ралъад**
**[6] ХӀукмаби**
**[7] ЧӀунтана**

**Росаби гIашикъав гIилмудул магIдан,**
**ГIодила Ичкаял чанги мунилан.**
**Чалма къанщинав чи хIажи гуревлъи**
**ХIасуллъила[1] гьанже гьал гIадамазе.**

**ГIамал лъималазул, лъай хункарасул,**
**ЛъечIев анищ Жанай мун лахIтуялъув.**
**ХIилму[2] ТIагьаясул, тIабгI[3] валиясул**
**ТIерхьинчIев анищ мун бецIаб хабалъе.**

**Хвелни хIукму буго ХIакъав Бичасул,**
**Сабру тIагIун гуро дун гаргадулев,**
**Диналъул цо гъалбацI гъорлъа камидал**
**Кинго ракI хIалхьичIо хIухьал жаниб тун.**

**Жагьилас бицина цо чи хванилан,**
**Халкъалъе бачIараб зарал лъайчIого.**
**Лъай бугесул бераз магIу кквеларо**
**ГIилмуялъе ккараб мукъсанлъи бихьун.**

**Бахьи бугеб гьурмал кьер хисанадай**
**Хвалил чапар вачIун чорхол рухI индал,**
**ИгIтикъад[4] щулияб шаргIалъул хIуби**
**ХIал хиси кканадай къоно чIванилан?**

**Къварилъи гIемераб гIазабалъул донкI**
**ГIатIилъун ккечIодай мун жанив лъураб,**
**Жиндир гIамал гуреб гьалмагъ гьечIеб рукъ**
**КъачIан батIичIодай хIурулгIинзабаз.**

---

**[1] Баянлъила**
**[2] ХIалимлъи**
**[3] ТIабигIат**
**[4] РекIел чIей**

ГІараб лугъаталъулъ[1] камилав фагьим[2]
Фикъгьи[3] пашманлъила мун щапи лъайдал,
ШархІул махІаллаби[4] хІайран хутІила
ТІаде мун къуличІеб къо бачІун ккедал.

Къуръан-хІадисалде хІал щун батила
ХІур бетун жалги тун Жанай унилан,
Жалал мантІикъалде[5] къварилъи щвела
Къвалакь жал ккурасул рухІ боси лъани.

Берзул нур аниги ибну хІажарал[6]
ХІухьбан гьекъон индал къеч хьан батила,
Къуръанул тафсираз мун тананиги
Тату дур хванадай хобалда жаниб.

Мун жаниса араб Ичка бихьизе
Хьул лъеладай тІокІаб сверухъ ругезул,
Сардида моцІ тІерхьун тІатараб бецІлъи
Лъица чирахъ бакун канлъилеб росулъ?

КагІбул ахІбарасул[7] сас къотІун ккедал,
КъватІаз чІегІер байчІищ чІаго анищан.
ЧІалгІун агьлу-хъизан махІрум хутІичІищ
Хирияв инсуца сапар бухьиндал?

Мун жанив вукъараб къабруялда[8] тІад
Къубба гІуцІе абе агьалиялде,

---

[1] МацІалъулъ
[2] БичІчІулев
[3] ШаргІиял ахІкамазул гІилму
[4] ТІехьалъул цІар
[5] ТІехьалъул цІар
[6] ТІехьалъул цІар
[7] Машгьурав гІалимчиясул цІар
[8] Хобалда

Дуца ватIан ккураб макъбаратaлде[1]
Къойил рачIа абе зиярат гьабун.

Зани меседил чIван чIухIизабе хоб,
Заман маканалъул мужтагьид[2] лъайзе.
Тарих берцинаб хъван къачIай хIал кIолес,
ХIурмат тIокIав вукIин ракIалде щвезе.

Ракьалъ гьан кунарел ватизабаца
АхIун аги гъорлъе хIакъав мубарак.
Ункъавго имамас къабулги гьавун,
КъутIбулъун[3] таги мун гIиллийййуналда[4].

ГIуламаал[5] рекъон, акътIабал цолъун,
Имамлъун тIамеги тIолгоязе мун.
ТIагьаги разилъун, рохелги хIакълъун,
ХIалхьун таги Жанай мун алжаналъув.

Аллагьасул калам каранда лъурав
Лъеги Жанай дуда жаннаталъул тaж[6],
Жагьил тIалибасе[7] дин тIибитIарав
ТIубаги дур мурад фирдавусалда.

Расуласул шаригI щулаго ккурав
Щваги мурадалде мун гIаднуялда[8],
ГIилму гIамалалда гIумру тIамурав
РетIун таги халгIат Мухтарас дуда.

---

[1] Хобал ругеб бакI
[2] Заман бакIалъул хIукмаби рахъулев гIалимчи
[3] БетIерлъун
[4] Муъминзабазул рухIал унеб бакI
[5] ГIалимзаби
[6] Алжаналъул таж
[7] ГIилму цIалулев чи
[8] Алжаналъул цIар

Щиб гьабилеб, вацал, гьаб къадаралда
Къудратав Аллагьас буюрун швараб,
БижинчIеб Халикъас махлукъ ракьалда
Ракьул чохьонибе жиб буссунареб.

Батулареб, вацал, гIумрудул ахир
Хвалил лълъарги гьекъон къоно чIвай гуреб,
ВорчIуларев, вацал, гьелдаса инсан,
Аллагь, мун гурхIаги рухI босулелъул!

Жиндир иргаялда арав нухлулав
Хадур нилъ гIодидал нахъвуссинаро,
Бахъун хадуб рухIалъ ракIбухIаразе
Керен бежаниги жаваб кьеларо.

Рокьулел лъимал тун, лъикIаб яшав тун,
Лъелго уна мискин ахираталде.
Аллагь разилъулеб гIамал гьечIони,
ГIузру щиб бачинеб доб махIшаралда.

ШаргIалде хилифлъун гIумруги тIамун,
ГIазаб кин хIехьелеб хIалихьатаб нафс,
ХIабибасул суннат гIодобги рехун,
ГIафву[1] кисан щолеб квешаб къаркъала?

КъватIул хабаралда къоялги тIамун,
КъваригIина дуе диналъул бутIа.
Дунял гIуцIулаго гIибадатги хун,
ГIодила мун чанги чи гьечIеб рокъов.

Гьабе, вацал, тавбу те, вацал, квешлъи,
Киб бугеб лъаларин гIумрудул ахир.

---

[1] Аллагь тIаса лъугьин

ГIодизе те, вацал, бещцлъаял берал,
БухIараб магIица ракI чуризегIан.

Божуге, гIолилал гIумруялда нуж,
ГIизраилас сонал цIехоларелин.
Ц1одор рукIа, вацал, кIочон тоге хвел
КIалдиве БетIергьан ваккуларевин.

Мунагь-хатIаялъул хурзал рекьани,
Хведал батулеб жо гIазабалъул лъар.
ГIалимас бицухъе берцин хьвадани,
Хьул гьабулеб макъам къиматаб бугеб.

Къуват дуца кьеги, вокьулев Аллагь,
Исламияб нухда ритIун ниж чIезе!
ТIолго хIукмабазул хIаким мунлъидал
ХIабибасе гIоло гурхIа нижеда!

ГIалимчи вукъидал къварилъаразе
Зигар бан гьабураб гьаб гIажам-назму.
ГIибадатлъун гьабун гьалъул мунфагIат
Гьабе, Аллагь, дие ахираталда!

Халкъалъул цевехъан веццун кIалъарав
Лъугьа дида тIаса тIолго жамагIат,
Жагьилав, ахIмакъав, пакъирав дунги
ДугIадулъ кIочонге хириял вацал!

АМИНЬ

***********************************************
******************************
***************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Меселасул МухIамад хведал гьабураб назму

**АлхIамду лиллагьан щукруги гьабун,
Щикаят[1] гьабизин дирго нафсалде.
Салатгиму салам ТIагьаясе кьун,
Бикьун тезин ургъел къалам кагътиде.**

**Эбел-эмен хварал бесдаллъуладай
Устар накълолъидал мурид гIадинан,
Мусибат[2] бугодай халкъалде щолеб
Муршид камиялда зарал бащадаб.**

**Шагьру рабигIалъул[3] бащалъи араб
Шамат сордояца гIодана зобал,
Богол какил гIужалъ къадар тIаде щун,
КъачIан вуго эмен сапар бухьине.**

**Сордо бащалъизе сагIат хутIидал
Хириял хIухьалал кьотIун ккун руго.
ХIузургун[4] гьабулеб берцинаб калам
Буссун буго инсул ГIизраиласде.**

**Берал къанщаниги ракI кьижулареб
ГьебгIан рахIат хвараб сордо байинчIо,
Бицине лъалареб хIалхьи тIагIиналъ
ХIайран гьавун тIаде вахъун вукIана.**

---

**[1] Зигара**
**[2] Балагь**
**[3] РабигIул аввал моцI**
**[4] РакIалда Аллагьги ккун**

КIиго тIубан хадуб тохаб сардида,
Сас гIиналда чIвайдал ракI цIогьорлъана,
НуцIида кIутIулев чи вукIин лъайдал,
Чорхол хIал хисана хIинкъи бегьана.

ХIабибасул рагьдухъ Билал кинниги,
ЗайнулгIабид вуго кIалтIа эхетун.
АхIмад накълолъидал сабру тIагIарав
СахIабияв гIадин вуго чваххулев.

Халкъалъе баккараб нурул гьидаят[1]
Гьанже якъинлъана барзахалде[2] ин,
Уммат тIобитIулев ТIагьал Халифа
Хун вугин бицана берзул магIуялъ.

Магъриб-Машрикъалде баракат щварав
Къанщун вукIин лъана муршидун камил[3],
Маул хIаяталъул гIайну[4] чвахулеб
Машраб[5] бакъванилан къварилъун ана.

УхIудалъул къоялъ ХIамзат ватIалъун
ТIагьаясде гIадаб хIал щвананиги,
ХIукму къадаралде сабруги гьабун,
Ссудулеб керенгун вахъана къватIив.

КъутIбанияб ламгIат[6], гвангъараб свери
Свараб чирахъ лъана жанив лъугьиндал,

---

[1] ТIовитIулеб нур
[2] Хабалъе
[3] Камилав муршид
[4] РакIал чIаголъулеб лъел ицц
[5] Ицц (лъим гьекъолеб бакI)
[6] Лампа

**Гьидаяталъул нур тIад чIараб хIужра,**
**ЧIегIер бан бихьана аскIове щведал.**

**Изну тIалаб гьабун жанив лъугьиндал,**
**Жемун буго мусру инсул черхалда.**
**Адаб тей кканиги тIаде къулидал,**
**Къанщун руго берал ралагьиларелъ.**

**Бадрун мунир[1] гIадаб гвангъараб гьурмал**
**ГьечIоан кьер хисун рухI босаниги,**
**Халкъ иршад гьабулев диналъул хIуби**
**ХIаяттгун[2] вугоан накълолъаниги.**

**ХIабибасул файзалъ[3] мехтарав варис[4]**
**Таважжугь гьабулеб хIалгун вугоан,**
**Илагьияб[5] нуралъ гвангъараб къалбу[6]**
**Къуваталъе ккараб ками гьечIоан.**

**Калам гьабун данде кIалъачIониги**
**ЧIаго вукIин лъалеб асар гьабуна,**
**Гьикъараб бицине хIал кIвечIониги**
**ХIалада бичIчIулеб жаваб букIана.**

**Жаниб ракI къварилъун, бераз магIу тIун,**
**Бесдаллъун хутIидал хитIаб гьабуна.**
**Хирияв инсуде тIадеги къулун,**
**Къваридав чучана чара тIагIиндал.**

---

**[1] Гвангъараб, цIураб моцI**
**[2] ЧIаголъи**
**[3] Нуралъ**
**[4] Ирсилав**
**[5] Аллагьасул**
**[6] РакI**

Дуе нух битӀаги, хирияв эмен,
Хираб алжаналде сапар бухьарав.
Барка дуе талихӀ нафсун мутӀмаин[1]
ТӀагьал мадугьалихъ рештӀине вугев.

Щваги дуе, устар, макъамун МахӀмуд[2]
ХӀабибасул хьолбохъ гӀодов вукӀине.
ГӀемерлъаги дуе Бичасул рахӀмат
ХӀалхьун барзахалда[3] рахӀат гьабизе.

Дуде чӀвараб мугъалъ чӀухӀун бохараб
ЧӀунтун гӀодоб ккана гьанже дир къалбу,
Дур кӀалдив валагьун ругьунлъарав дун
Гьанже бесдаллъана хӀакъикъаталда.

Дур гьуинаб калам рагӀанщинахъе
РакӀалда рижулел рокьул ашжарал[4],
Ракьалде мунги ун хаган хутӀарал,
ТӀегьаладай эмен гьанжеялдасан?

Дуда берчӀвалареб къо бачӀинегӀан
Къаникье дунго ккун вукӀаравани,
Ургъалил гудрикье габур ккелелде
Ккараванищ дунго дудаса цеве.

Дарул фанаъ[5] тезе заман гӀунтӀунищ
ГӀедегӀарав, эмен, амру гьабизе,
Гьаб къварилъиялда дун пакъирги тун,
Къокъаравищ, эмен, ахираталде.

---

[1] ХӀалхьараб камилаб нафс
[2] Бещараб макъам
[3] Хабалъ
[4] ГъутӀби
[5] Панаяб рукъ (дунял)

Мун гъорлъа камини кибритул ахIмар[1],
Кинабго халкъалъе мусибат[2] ккана.
Кинниги ургъалил мугIрул тIад регун,
Гъоркье ккарав мискин дун гурев гьечIо.

Дуде цIехезелан хIадур гьарурал
ХIур бетун хутIана дир масъалаби,
Дургун дандбазеян рекIелъ сокIкIарал
Суалазде тIаде ракь хъвазе ккана.

РахIматал чвахулеб хирияб сахIаб[3]
Сидраталде индал бухIана керен,
Баркатал гIемераб гIайну[4] бакъвайдал,
ГIодулел беразул тартибго хвана.

Халкъалъул хирияв ракьулъ вукъараб,
Къоялда релълъана рехсараб шамат.
Расулас дунял тун нур ссун хутIараб,
ХутIана Нечавик Мадинат гIадин.

Мун тIаде вачIиндал тIолго макъбарат[5]
КъутIбанияб нуралъ гвангъизабичIищ?
Къварилъуда ругел тIолго арвахIаз[6]
РахIат дудалъун щун рохел гьабичIищ?

Равзат эбелалъул хIал хьун батила
ХIабибасул варис аскIове щведал.

---

[1] БагIараб месед
[2] Балагь
[3] НакIкI
[4] Ищщ
[5] Хобал
[6] РухIаз

**Эмен ватIалъидал ПатIиматида**
**Пашманлъи релълъана Уммукусунил.**

**Агьлу-хъизаналъе къолъикIги гьабун**
**Къанабакье ана ракIазул тIабиб[1],**
**Росу-жамагIатги хадуб балагьун**
**Бухьана инсуца кIудияб сапар.**

**Ралъад мун вукIана жавгьар гIемераб,**
**Жаниве лъугьине гьунар гIурасе.**
**ГIилму духъ букIана гIурхъи лъалареб,**
**Лъарабани боссе жагьилав дида.**

**Жакъа-метерилан мугьмалго тарал**
**Таманал ишкалал[2] къана каранда.**
**Гьикъизе намуслъун тасвиф[3] гьабидал,**
**Гьанже буго бухIи рекIелъе бортун.**

**РикIкIун кьурал къоял, къокъабго гIумру**
**Къокъун унеб буго хехаб чу гIадин.**
**Хириял хIухьалал, дагьаб чIаголъи**
**Мажазияблъидал[4] даим букIинищ.**

**Дуе мустахIикъаб хIурмат гьабизе**
**Гьунар дир букIинчIеб гьанже бичIчIана.**
**Гьабизего лъайчIеб дур адабалда**
**Дидаго бихьидал цIакъ пашманлъана.**

**ЦIидасан тарбият тIалаб гьабизе**
**Гьанже вугеванищ, эмен, мун чIаго,**

---

**[1] Тохтир**
**[2] РичIчIуларел жал**
**[3] Нахъе тIами**
**[4] ХIакъикъияб гуреб**

**Арал сонал нахъе рачIунеланищ**
**Ишкалазул[1] цIураб керен чучизе.**

**Чангит дуца барал тIалибиназул[2]**
**ТIун батула рекIелъ илагьияб нур.**
**ТIад квер дуца лъурал муридзабада**
**Манлъизе хутIараб жо батуларо.**

**Гьанже диде лъезе цIарго лъаларо**
**Лъарабги ккарабги кIочон хутIарав.**
**ЧIагояв эменги хваравилан тун,**
**Хваравго дир яшав щибдай букIина?**

**Щиб гьабилеб, эмен, гьаб хIукмуялда**
**ХIалкIолев Аллагьас къадар гьабураб.**
**Къуват хIавлу гьечIел загIипал лагъзал**
**Рази руго, Аллагь, дуй бокьаралда.**

**Дунял тун аниги икълималъул нур,**
**Аман, дуде гьари, дун рехун тоге!**
**Дагъистан чIухIараб хIажарул асвад[3],**
**АхIи дуде байдал жаваб чIалгIунге!**

**Жагьиллъиялъ ккарал дир гIунгутIаби,**
**ТIаса лъугьа, устар, дир тавбу бугин!**
**ДунгIан РахIманасул разилъиги щун,**
**ХIал дур алжан бакьулъ даим батаги!**

**********************************************
****************************************
**********************************

---

[1] **РичIчIуларел жалазул**
[2] **Муридзабазул**
[3] **КагIбаялъул бокIнилъ лъураб гамачI**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Бакълъухъа СагIду хIажиясул МухIаммад хведал гьабураб

**Бисмиллагьан байбихьун, АлхIамду лиллагь абун,**
**АхIмадиде салават гьелда нахъ регIизабун,**
**МагIу загьир гьабураб гьитIинабго рисалат[1]**
**БитIизе хиял кканин, ХасмухIамадихъе кье.**

**Ругънал унти хIаллъидал гIалхуда чан кинниги,**
**Вахчизе тIамурав дун тIул бухIараб унтиялъ.**
**ХIехьезе къуват гьечIеб къварилъи тIаде щведал,**
**КъватIив вахъине ккарав чи гьечIеб бакI балагьун.**

**Черхалъул къуват хведал хвезе рохьобе унеб,**
**РитIучI гIадин тIурарав тIаде ургъел бегидал,**
**Мугъалда баччун бугеб раччи цIакъго бакIлъидал,**
**Бигьалъи тIалаб гьабун бухьине ккараб сапар.**

**Бесдаллъиялъ къвал барал къоял кIоченаридал,**
**Къваридаб ракI чучизе тIаса бищараб гIузлат[2].**
**ГIирфаналъул[3] иццги къун къечалда хIинкъи ккедал,**
**РухIалабиги цIилъун кIанцIарав дун къватIиве.**

**Къадру гьабун хIалкIвечIеб жавгьар кодоса индал,**
**Жагьлуялда ракIбухIун гIодизе ккарав дихъго.**
**Дунял данде лъуниги цIалареб дир хазина**
**Ххамалда гъорлъ жемидал бежараб дир гьинал ракI.**

---

**[1] Кагъат**
**[2] ВатIалъи**
**[3] Аллагь лъаялъул**

Гьанже гьаб дунялалда дие рохел хутIичIо
РухIаниял умумул ахираталде щведал.
Аллагьасул къадар щун къаси рухI босаниги,
РакI бухIизе жо гьечIо чIунтараб гьаб ракьалда.

Дуцани парз борханин Халикъасул гьоболлъухъ,
Гьанир тарал нижеде балагьи лъил букIунеб?
Барзахалде мунги ун нижго цохIо хутIидал,
Хилафал[1] гьоркьор лъезе лъиде аскIор руссинел?

Махлукъат паналъула, Халикъ нахъе хутIула,
Хвезе вижарав инсан анив даимлъуларо.
Анищалги хIорлъула, хIукму-къадар билълъуна,
Къадирасул ирадат[2] ГIумруялде бахъуна.

ГIилмуни дур букIана рекIел тIиналде щвараб,
ТIарикъатги букIана макъамал камиллъараб.
КъутIбанийййатги[3] дуца ясбер гIадин цIунана,
Расуласул суннатги черхалъ хIалтIизабуна.

ХIабибуллагь разияб хьвадиги дур букIана,
Диналъул ахIкамазулъ мухIканавги вукIана.
Машаихзабадехун ирсалъе щвараб рокьи
Анкьалго зобал къотIун тIадехунги борчIана.

ЧIагояб гIумруги дур гIибадаталда ана,
ГIамал пасат гьабулеб гьаваги дукьа къана.
Дунялалъул берцинлъи дуй сурараб букIана,
Сулукалъул гурони тIагIамги дуда лъайчIо.

---

[1] Ишкалал (ричIчIуларел жал)
[2] Бокьи
[3] КъутIбуясул макъам

ТIарикъат агьлуялъул эменги мун вукIана,
Иман ислам манлъизе мударрислъунги[1] чIана.
ЧIобогояб вигIаъгун[2] вачIарав тIалибасе
ТIасан чвахизе гIураб вагIзаги дур букIана.

Динияб насихIаталъ ракI гIатIилъун гурони,
ТIаде рештIарав гьобол пашманлъун нахъвуссинчIо.
ШаргIалда рекъолареб къила-къала[3] ялдехун,
ХатIабил ГIумарида пархенги дур букIана.

Дуца сапар бухьараб хирияб итни къоялъ
Бакълъулазул жамагIат дуе нугIзаллъун чIана.
ЧIаго дур караматал рихьичIел зугIафаал[4],
ГIаламалда берчIвайдал тавбуялде руссана.

Баркат тIалаб гьабизе ТIагьа гIадин вукIарав
ТIаде ракь дудеги хъван, гьанже нижер пакъирлъи.
АкътIабаз[5] баккун тараб Дагъистаналъул чирахъ,
Дур канлъиги къотIидал къварилъиларищ курмул.

Къаркъалаби ракьулъ лъун хваралин абуниги,
Барзахияб[6] чIаголъи нужор даимаблъидал,
Дунялалъул тагIаллукъ[7] чорхолъа батIалъидал,
ТIадеги рухIанияб къуватги цIикIкIунелъул.

Кварилъиги рохелги ургъел бикьун бицине
Цо-цо духъе вачIине изну гьукъуге, устар.

---

[1] МугIалимлъун
[2] КъвачIа
[3] Гьес бицана, дос бицана
[4] ЗагIифал гIадамал
[5] КъутIбуяз
[6] Дунял-ахираталда гьоркьоб бугеб бакIалда
[7] Хурхен

Адаб ножор гьабизе гьунар букIинчIебги лъан,
Гьанже ракIбухIун бугин гурхIа дир пакъруялда.

Дур берцинал ахлакъал[1] рицунги рахъинаро,
Нахъе тараб васиййат караматлъунги гIела,
ЛъикIал дур тIабигIатал тIанчица хIехьеларо,
ТIадгIанав Аллагьасда лъаралъ гIейги гьабила.

Гьунар гьечIогойилан ворчIизе виччайчIелъул,
Баччараб гьиралда тIад гьанже цIамул пут къана.
ТIарикъат агьлуялъулъ бечелъун вукIарав дун,
ТIаде амру бачIиндал оцлъун хьвадизе ккана.

Аллагьасул балъголъи лъиданиги лъаларо,
МаслахIат жаниб гьечIеб РахIманас гьабуларо.
ХIедул чирахъ бакула, жибго жинца бухIула,
ХIажатасе канлъи кьей гьелъул хасият ккола.

Гьедин бугеб лъаларо, нахъгIунтIизе кIоларо,
ГIалламул гъуюбасул[2] хIукму къабул гьабила.
Гьидаяталъул[3] нухал гIадамазда манлъила,
ГIадлу-диван гьабизе ханасде тIамун тела.

Халкъалъул РахIманлъидал, РахIимги дур цIарлъидал,
ЦIобалъул гьапу рагье гьаримлъарал нижее.
Нижедаса ватIалъун дур мадугьалихъ арав,
Бакълъухъа КIудиясул лахIдуги гIатIид гьабе.

Гьесул дуде букIараб заннуялда[4] рекъараб,
Макъам, даражаги кьун бокьухъе виччанги те.

---

[1] Хасиятал
[2] Балъголъаби лъалев Аллагьасул
[3] РитIун ккеялъул
[4] Пикруялда

**Уммат шафагIаталде хIажалъараб къояца,**
**ХIабибгун гIахьал гьавун гьесиеги изну кье!**

**Аллагь, дуе рец буго исламалда ратидал,**
**Шукруги дуе буго гIакъидат[1] битIун кьедал.**
**Дур ХIабиб АхIмадиде Свалат саламги буго,**
**Савадул агIзам[2] кквеян васиййат гьабун тарав.**

**Агьлугун АсхIабзаби исламалъул санадал[3],**
**Расуласул божарал нужойги буго салам.**
**Нужумазул[3] канлъухъе Къуръан-хIадис цIаларал,**
**РацIцIадал халафунал[4] – гьездеги буго салам.**

**ИхIсан[5] щула гьабизе суннат чIаго гьабурал,**
**Салафуназул[6] къокъа къачIого тоге гъорлъе.**
**Ункъабго мазгьабалда шаргIалъе гIурхъи лъурал,**
**Машгьурал имамзаби – эзийги дугIа гьабе.**

**Гьезул ритIухълъиялда нахърилъарал акътIабал[7],**
**Нахъияб умматалъе мужтагьидаллъун[8] ккана.**
**Магърибгун Машрикъалда жидер баркат гIаммлъарал,**
**ГIарифуналги эзул авладаллъун[9] хутIана.**

---

**[1] РекIел чIей**
**[2] ЦIикIкIарасеб къокъа**
**[3] Жудода мугъчIвай гьабулел**
**[4] ЦIвабзазул**
**[5] Хаду рачIарал имамзаби**
**[6] Аллагь вихьулев гIадин тIагIат гьаби**
**[7] Цересел гIасрабазул лъикIал гIадамал**
**[8] КъутIбуял**
**[9] Ижтигьаб гьабулел**
**[10] Васал**

**Я рабби, мун гурхIаги ХIабиб вокьанщиназда,**
**ШафагIаталде хьул лъун гьев кIодо гьавуразда!**
**Гьесул суннат цIунизе хIал нижер кIвечIониги**
**ХIал кIваразул шапагIат нижейги насиб гьабе!**

**Амин, Аллагь, я Аллагь, Амин, Аллагь, я Аллагь!**
**Амин, Аллагь, я Аллагь, къабул гьабе БетIергьан!**

**ТАММА**

*************************************************
******************************************
************************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Харахьиса гIалимчи ГIумар хведал гьабураб

**Рехарабищ фатихIат Херехьдерил жамагIат,**
**ГIуламаазул ХIабиб[1] хIурулгIинзабаз индал.**
**ХIенехI бан къачIаравищ къадру берцинав эмен,**
**Аллагьасул чапар щун черхалъул рухI босидал.**

**Бухьарабищха сапар сулукалъул[2] кьерилас,**
**КьогIаб дунял жибго тун дарул ахираталде[3].**

---

[1] ГIилмабазул вокьулев
[2] ТIарикъаталъул
[3] Ахираталъул рукъалде

**Аравищха хабалъе хулафаазул[1] мурид,**
**Хваравищха хIакълъунго хIакъав Бичасул ГIабид.**

**Муршидзабаз къачIараб къиматаб лагаялъе**
**ДугIа щибан гьабилеб гьаб дир чорокаб нафсалъ.**
**Устарзабаз куцарал Курамаазул[2] гьалмагъ,**
**Кинниги рехсочIого чIолеб гьечIо дирги кIал.**

**Дин-ислам гьоцIо лъугьун гьидаят[3] хIасуллъидал,**
**ХIабибасул ахIухъе ун ватила ракьалде.**
**Илагьиял анвараз латIаифал[4] рацIцIиндал,**
**РавхIанияв инсуца кьун ватила ТIагьахъе.**

**ТIолабгоги замана зикруялда тIамидал,**
**Зодор малаикзабаз вачун ватила аскIов.**
**Аварагсул ТIарикъ тIаде босун цIунидал,**
**ЦIан ватила хьолбохъе Накъшубандалъул шагьас.**

**МутIмаинат[5] щвараб черх росониб чури лъайдал,**
**Чанги диналъул вацаз тIун батила магIил гIор.**
**ГIилму-гIамал рекъарал къурраазул[6] мухъилав,**
**Къанщанин рагIаразде щун батила къварилъи.**

**РухI къватIибе аниги къалбу[7] чIагояв ГIумар,**
**ГIаднуялда[8] исму[9] хъван Расулгун данделъаги.**

---

[1] **Устарзабазул**
[2] **Хириязул**
[3] **ВитIун ккей**
[4] **Нураз латIифаби**
[5] **ХIалхьараб камилаб нафс**
[6] **ЦIаларазул**
[7] **РакI**
[8] **Алжаналъул цIар**
[9] **ЦIар**

**Дуе хидмат[1] гьабурай гьадиясул Фазилат,**
**Фирдавус Алжанги кьун Аллагьас тIокI гьайеги.**

**Воре, гIолуге абе ГIаишат Бикаялде,**
**Агьлу ллагьазул[2] наиб мусрудалъ жемунилан.**
**Жаннатуль маъваялде[3] эбел-эмен руссиндал,**
**Сабру берцин гьабеги Сувайбатил ракIалъул.**

**КIудиясул хирияв хабалъ лъун пашманлъарай**
**ПатIиматил хIалае РахIманас къуват кьеги.**
**АкътIабазул вокьулев ракьалде ун чIунтараб**
**ЧIаголъаги МухIаммад дур ракI зикрудул нуралъ.**

**Дунги мискинав гIажиз, гIуламаал рокьулев,**
**ГIайибалъул цIурав чи устарзаби хирияв.**
**Харахьиве вачIине дунго гIажизлъун ккедал,**
**Зигар бан хъванин кагъат, кодоб босе МухIаммад.**

**Кинниги хвел парз гьабун Халикъас нилъ рижиндал,**
**Къадар тIаде гIунтIарав ГIизраилас теларо.**
**ГIумрудул ахир гьечIеб махлукъги бижинчIелъул,**
**ВорчIиларо элдаса гIажал тIаде щварав чи.**

**Аллагьас нуж цIунаги цIадав Ибрагьим гIадин,**
**Дунял ахираталъул балагь-гIазабалдаса!**
**Салам лъеги Бичасул тIолго муъминзабазда,**
**Дин Ислам кIодо гьабун гьелъул адаб ккуразда!**

**(Аминь)**

**ТАММА**

**********************************************
****************************************
***********************************

---

[1] **Хъулухъ**
[2] **Аллагьасул агьлу**
[3] **Алжаналде цIар**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ГIахьалчIиса КIудияв хведал

**Хунздерил тIалъиялда тIегьараб алжанул пихъ,
ТIун кваназе щвелелде щварабищ ГIаднуялде[1]?
ГIахьалчIисан баккараб файиз[2] чвахулеб гIайну[3],
ГIадамаз гьекъелелде къун арабищ ракьулъе?**

**Аллагьасул нухалда халкъ тIобитIулев далил,
ДагIвачагIи бакIлъундай лъугьана дов рокъове.
Динул ислам гвангъараб гьидаяталъул[4] байрахъ,
Хекко нахъе босизе сабаблъун щибдай ккана.**

**Щобда чIвалеб багIарбакъ къалъулъго шинкIун индал,
Къимат гьабизе лъайчIез гьанже килщал хIанчIуге.
Кодоб щвезе захIматаб кибритул ахIмаралъухъ[5],
РухIуге абе курмул ун хадуса ракьалде.**

**Хварал чIаго гьарулеб гьайбатаб маул хIаят[6],
Мадугьалихъ загьирлъун зоралдай ккун букIана.
Зунубал[7] инарулев Аварагасул наиб
Росолъго дандчIвайдалдай чIухIун ккана ихванал[8].**

**Иршадалъул[9] халгIатгун хабалъе ун вугелъул,
Барка дуе фирдавус Расуласул халифа.**

---

**[1] Алжаналъул цIар
[2] Нур
[3] Ищщ
[4] БитIараб нухалъул
[5] БагIараб меседалъухъ
[6] РакIал чIаголъулеб лъим
[7] Мунагьал
[8] Вацал
[9] Устарлъиялъул**

**Хирияб ТIарикъалъулъ тIуварав маъзунлъидал[1],**
**Макъамал тIокI гьареги ТIагьаясул кумекчи.**

**КамичIебанищ гъорлъа маргъалул читIиралда,**
**АкътIабаз[2] къачIан хураб къимат кIудияб жавгьар.**
**ЖемичIеванищ хамилъ хавасазул[3] кьерилав,**
**Хулафааз[4] раччулел хIалал тIаса рикьизе.**

**ХутIараванищ чIаго икълималъул[5] хазина,**
**Пакъирал муридзаби зикруялъ бечелъизе.**
**ВачинчIеванищ нахъе шафагIатазул магIдан[6],**
**ГIищкъу ккарал васазулъ Расуласул нур лъезе.**

**Мукъсан гьабуге, Аллагь, гьаб нижей кьураб нигIмат,**
**Гьабе, Аллагь, квербакъи квер ккун ниж рачунезе!**
**Бечед гьабе, БетIергьан, ТIарикъаталъул магIдан,**
**ТIезе тоге, я РахIим, ХIабибасул силсила[7]!**

**Сахлъигун гIумру кьеги нижер устарзабазе,**
**АхIмадил машрабалде[8] Макъсуд[9] бугел рачине!**
**Къуват цIкIкIинабеги гьал машаихзабазул,**
**Музнибиназул[10] хIалал хIехьон макъам тIокIлъизе!**

**ТАММА**

*****************************************************
***********************************************
***************************************

[1] Изну кьурав чи
[2] ЧIахIиял вализабаз (устарзабаз)
[3] Хасал чагIазул
[4] Устарзабаз
[5] Улкаялъул
[6] Ищц
[7] Устарзабазул рахас
[8] Ищцалде
[9] Мурад
[10] Мунагьал гьарулезул

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# КъулецIмаса Бейбулат Дибирасде гьабураб

Бисмиллагьи аввалан АхIмаду линигIамигь,
Ва багIду ссалатани гIала Сайййидил Башар[1].
Гьелда хадуб игIанат[2] АЛЛАГЬасдасан гьарун,
Гьадиййатлъун[3] битIизе тIинаб рисалат[4] хъвазин.

Расуласе хIалае сахIибул гъар[5] кинниги,
Садатазул[6] хьолбода чIарав мугIин[7] рехсезин.
ГIалимзабазул фахIлу[8], заманалъул мухIакъкъикъ[9]
Бебулат дибирасе дагьаб сипат гьабизин.

Сулайманий асифлъун[10] устарасе ватарав,
Агьлу ллагьазул багIаз[11] барка дуе фирдавус.
Муса Калимуллагьий Гьарун кьурав кинниги,
Кьун вуго мун РахIманас ХIасан Афандиясе

---

[1] Авалалда бисмилла бахъун дица гьасул нигIматазе рецц гьабула, гьелда хадуб свалат салам халкъалъул кIудиясда лъейги
[2] Кумек
[3] Сайгъатлъун
[4] Кагъат
[5] Нохъоялъул гьудул Абубакар асхIаб
[6] КIудиязул
[7] Кумекчи
[8] Бугъа
[9] ХIакъикъат чIезабулев
[10] Вазирасул цIар
[11] Аллагьасул агьлуялъул цояв

**Ибрагьим Халилуллагь КагIба байзе лъугьиндал**
**Кумекалъе восарав ИсмагIил валад[1] гIадин,**
**Дагъистан икълималда[2] ТIарикъ нашру гьабизе**
**Муршидзаби хIалтIидал хIалай чIарав багьадур.**

**Гьидаят[3] бокьаразе хIакъикъат баянлъизе,**
**Бицунеб рагIиялъул магIна цIакъав мугIаллим,**
**Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,**
**ГIавамал[4] ишкал[5] къотIун тIарикъалде русине.**

**ТIагьал хулафаазе[6] кванараб кверлъун чIарав,**
**Курамаал[7] рокьиялъ элгун маъва[8] цолъарав,**
**Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,**
**ГIадамаз пайда босун суннат чIаго гьабизе.**

**Сулуказул[9] камилаб сайру[10] баян гьабурав,**
**Сиддикъияб[11] ТIарикъат тIаса бищи бицарав,**
**Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,**
**ГIадамазе кантIи щун камилаб нухда ине.**

**Иршадалъул[12] агьлугун иттибагI[13] цояв СагIид[14],**
**ГIилму-гIамал бацIцIадав гIарифуназул[15] гьалмагъ,**

---

[1] **Вас**
[2] **Улкаялда**
[3] **ВитIун ккей**
[4] **Лъавукъал чагIи**
[5] **Щаклъи**
[6] **Устарзабазе**
[7] **Хириял чагIи**
[8] **Руссен**
[9] **ТIарикъатазул**
[10] **Хьвади**
[11] **Накъщубандияб**
[12] **Халкъ тIобитIулеб**
[13] **Нахъвилълъин**
[14] **Бохьи бугев**
[15] **Аллагь лъалел чагIазул**

Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,
ГIадамаз мисал босун сайру берцин гьабизе.

Сирриял[1] хIикматазулъ бахIрун гIамикъ[2] гIадинав,
ГIилмул мукашафаталъ керен ракI гIатIилъарав,
Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,
ГIадамазе баркат щун камалат[3] хIасуллъизе.

КъутIтIпгIу тIарикъазул[4] тIулада цIа бакарав,
ТIолго инкарчагIазул каранда ругънал лъурав,
Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда
Равзатул фаикъалъул[5] къадру мухIкан гьабизе.

Муташайихуназул[6] ракIал лъукъараб сагьму[7],
Судурул ахIраразе дару гьабурав тIабиб,
Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда
РавхIанияв инсуе хIалае хьолбохъ чIезе.

ХIусулул ихIсаналъул[8] мусаниф[9] лъун ватарав,
Тасаввуфалъул[10] агьлу элдаса цIакъ рохарав,
Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда
Даул гIуззалалдаса гIавамал[11] нахъе цIазе.

---

[1] Балъгоял
[2] Гъваридаб ралъад
[3] Камиллъи
[4] Гьересишайихзабазул яги инкаралда ругел гIалимзаби
[5] ТIадегIанаб тIугьдузул ах
[6] Гьересишайихзабазул
[7] ЧIор
[8] ИхIсан щвеялъе
[9] ТIехь данде гьабурав
[10] ТIарикъаталъул
[11] Сахлъизе захIматаб унти

**ДагIваагьлуялъулгун мубараза[1] гьабурав,**
**МагIнавиял[2] хвалчабаз эзул хIужжат къотIарав,**
**Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда**
**РахIманасде унеб нух ихлас[3] букIин бицине.**

**ЛакъитIу тIтIарикъазе[4] накълияб[5] далил бугев,**
**Данде бахIс гьабурасе жаваб кьезе хIадурав,**
**Мун гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда**
**БидгIаби батIул гьарун битIараб нух манлъизе.**

**Малаул агIлаялда[6] авлияалгун[7] цадахъ,**
**Икрам тIахIиййаталда[8] таги Бебулат дибир,**
**Барзахалда[9] тIайрулъун[10] боржанхъулеб равхIани,**
**ХIабибасул байрахъгун вахъаги МахIшаралда.**

**Маул хIаят[11] гьекъарал, къулубал[12] чIаголъарал**
**Къокъабигун ватаги лачен Бебулат дибир.**
**Дару ссалам[13] баркарал курубиююназда[14] гъорлъ**
**Кавсаралде вачаги лачен Бебулат дибир.**

**БетIергьанас тавфикъ кьун тIобитIараб агьлугун**
**Алжанал насиблъаяв лачен Бебулат дибир,**

---

**[1] Данде вахъарав**
**[2] ГIакълиял, накълиял хIужабаздалъун**
**[3] ГIицIго Аллагьасе гIоло гIамал бацIцIад гьаби**
**[4] Гьересишайихзабазул муридзаби**
**[5] Къуръан-хIадисалъул**
**[6] ЛъикIал чагIазул рухIал чIолеб бакI**
**[7] Вализабигун**
**[8] КIодолъи хIурматалда**
**[9] Дунял-ахираталда гьоркьоб бугеб бакI**
**[10] ХIинчIлъун**
**[11] РакIал чIаго гьарулеб лъим**
**[12] РакIал**
**[13] Алжаналъул цIар**
**[14] Малаикзабазул цIар**

Диналъе квербакъарал ансариязе[1] кьолеб
АгIла[2] даража кьеяв лачен Бебулат дибир.

БитIараб гIадлуялъул хIукамаал[3] рахунеб
Вахаги макъамалде лачен Бебулат дибир,
Диналъухъ рухI бичарав гъазизабазе щолеб
Щваги дуй истирахIат[4] Асад[5] Бебулат дибир.

Я аяятугьа ннафсул мутIмаиннату[6] ахIун,
ХIал хьаравлъун ватаги лачен Бебулат дибир.
Дин-исламалъе гIоло биччараб хIухьал рикIкIун,
ХIурулгIинзаби рачIун къачIаги дуе гIадну[7].

Дунги мискинав пакъир устарзаби рокьарав,
Рокьулевлъун ватиги талихI бугин абулев,
АгIабду магIа ман ахIабба[8] хIадис рагIидал
РекIел анищ бергьана Бебулатил рехсезе.

БахIарав херлъизегIан гъаплаталда хутIарав
ТIарикъаталъул тIифлу[9] тIовитIагеян гьаре!
Гаргадизе кIал бугев, кIалъазе гIакълу бугев
ГIамал дагьав дун факъир дугIадулъ кIочон тоге!

## ТАММА

*******************************************************

**************************************

*******************************

---

[1] Мадиналъул асхIабзабазе
[2] Бищун тIадегIанав
[3] ХIакимзаби
[4] ХIалхьи (рахIат)
[5] ГъалбацI
[6] Я хIалхьалаб нафс
[7] Алжаналъул цIар
[8] Лагъ жиндие вокьаравгун вукIизе вуго
[9] Лъимер

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Устар кквезе тIад гьабулеб назму

**Абтадиу аввалан билхIамди ман халакъа**
**Кулла шайин ма байна ссамавати вальарзи[1]**
**Сумма уншиу ссалата гIала саййидил анам**
**Ва гIала агьлигьи магI сахIбигьи ваттабигIин[2].**

**Къудраталъул Аллагьас гIалам бижинароан**
**Анбияазул[3] СултIан тIокI гьавизе гурони,**
**ТIолабго гьаб махлукъат загьир гьабиларoан**
**Зоб-ракьалде Расуллъун эв витIизе гурони.**

**АхIмадил нуралдасан бутIа щун гуребани,**
**БецIлъуда хутIилаан тIолалго кавакибал[4].**
**ТIагьаясул баракат кибго гIамлъичIебани,**
**ЧIобого хутIилаан хур-хер гьечIого дунял.**

**Хирияв ХIабибасул хIурматалъ гуребани,**
**Зодосан рахIмат рештIун тIирщиларoан хIаббу[5].**
**ШафагIаталъул магIдан[6] хиралъун гуревани,**
**Умматалда рахIматлъун тавбу хаслъиларoан.**

---

**[1] Дица зоб-ракьалда жаниб бугебщинаб жо бижарав Аллагьасе рецц гьабиялдалъун байбихьула**
**[2] Цинги дица халкъалъул кIудиясде салатги битIула, гьесул агьлу-асхIабзабаздеги, тIабигIиназдеги**
**[3] Аварагзабазул**
**[4] ЦIваби**
**[5] Мугъ**
**[6] Ищц**

Мурсалиназул[1] Саййид хатамлъун[2] ккечIевани,
ХатIаратал чурулеб чвахилароан файиз.
Аварагасул ТIарикъ заман цIараб жо ани,
Зоб-ракь ккурал акътIабал[3] къотIилаан нахъаса.

Саликиназ[4] ккураб нух хараблъулеб[5] жо ани,
Жавгьар гIадаб силсила[6] нилъехъе щвелароан.
ШаргIалъул къавагIидал[7] къотIун кколел жал ани,
Къадимиял адянал насху[8] гьарилароан.

Заманаби сверухъе сверулеб жо дин ани,
Дунял паналъизегIан ислам хутIилароан.
Халкъалъул хилиплъигун хисардулеб жо ани,
Ахир масихI[9] рештIиндал ТIагьал нух ккойлароан.

Гьанже бугеб гIелалъул гIемерисеб иттибагI[10]
ГIадатлъун жиб бегьараб бидгIаялдехун[11] буго,
Бицунеб рагIи бихьун гIакъилав чанги вуго,
Чорхол касбу[12] лъан хадув хун ватула гIадада.

ГIалимасул цIарухъе цIалдолел чIинкIилзабаз
ЦIамуда борохь балеб бицунеб буго рагIи,
ГIилмуялъул махI чIвайчIев чIовогояв жагьилас,
ЧIагIдалъе гьоцIоги тIун, гьабун толеб пасалъи.

---

[1] Илчизабазул
[2] Ахирисевлъун
[3] КъутIбаби
[4] Муридзабаз
[5] ЧIунтулеб
[6] Устарзабазул рахас
[7] КъагIидаби
[8] Цересел диналги насху гьарун
[9] ГIиса авараг
[10] Нахърилълъин
[11] ШаргIалде данде кколареб нахъа баккараб жо
[12] Гьабулеб иш

Гьидаяталъул[1] кIулал жиндихъго ругев гIадин,
ГIалимин цIар бугесги цIалеб буго халкъ тIаде.
ТIокIаб жо лъалев инсан ракьалда гьечIев гIадин,
ГIилму бугев мункирги[2] камуларо гьоркьоса.

Гьанже гIадамазулги гIакълу щолеб бакI буго
Щвалде щун дунял гIуцIун гIицго магIишат гьаби,
ГIалимавгун жагьилав ватIа гьавизе лъани,
Гьебги гIелаан гьунар гIакъилавлъун вугесе.

ГIамал бихьун чи лъайи чара гьечIеб жо буго,
Чиядасан рагIаралъ гIей гьабун тIуваларо.
ГIетI бацIцIун хIалтIарасе хIакълъула ужра кьезе,
ХIал бихьизе рекъола къимат кьелелда цебе.

Цингиги гIажаиблъи, гIадамазул мугьмаллъи,
ГIайну риваяталъул[3] хIакъикъат цIехоларел.
Хадуб цойги тамаша, шаклъи дулъ батичIони,
Щиб гIиллаялъ тIурулев тIарикъаталдаса мун.

Салул гохIда кьучI тIамун тIад рарарал хъулбудаса,
Хъошго ракIчIараб гьечIищ чIабаралда гьабураб.
Гьороца залимаб гъветI кьурун бахъун рехулеб
Кьалбал лъураб бакIалда ракь тамахаб бугони.

Тушманас хивал лъолеб хазина талагьизе
Тохаб рагIал гIинш бихьун, гIадамасул хIал цIехон,
ХIилла-макру цIикIкIарав цIогьорги нахъе къалев
Къуватаб сангар биххун сверилда квер байзе.

Сордо-къоялъ гьабураб гIибадаталъул кири
ЛахIзаталъ хвезабулеб хадуб шайтIан бугелъул,

---

[1] ВитIун ккеялъул
[2] Инкарчи
[3] МухIканго бицараб

**ТӀагьаясул халифа[1] василатлъун[2] гьавуни,**
**Гьелъул зараламдаса божаравлъун вукӀина.**

**Жиндирго гӀамалалде игӀтимад[3] гьабун чӀезе**
**ГьечӀин чиясе рухса[4], вусса тӀарикъаталде.**
**ТӀагӀат камилав чилъун мунго дуда вихьани,**
**Дунял-ахираталда разаилал[5] тӀалъулел.**

**ТӀину гьечӀеб гьагьинив гьавудулев мискинчи,**
**Устар гьечӀев гӀабидгун данде къайзе бегьила.**
**Къуръан цӀали, какал рай кигӀан хиралъаниги**
**Хулафаазул[6] балай нилъ гӀадазе лъикӀ буго.**

**ЛъикӀаб гӀамал кваналел, квешлъаби гӀемер ругел,**
**Кумалазда[7] гурони эл нахъчӀвазе кӀоларел,**
**КӀудиял мунагьазул гӀадад цӀикӀкӀараб бугеб,**
**ГӀилму-гӀамал гьечӀесда гьел тун бажаруларел.**

**Гьал унтабазе тохтур тани валагьичӀого,**
**Тавбуялда хӀалтӀизе хӀал кинан нилъер кӀолеб?**
**ХӀабибасул шапагӀат щвезе нилъей бокьидал,**
**Бикьулев муршидасда щакдаризе бегьилищ?**

**Бищун кӀудияб гӀузру гӀадамал цӀакъ гъапулаб,**
**ЦӀаличӀого рахъарал дибирзабазул харбал,**
**Хадуб цойги къварилъи къутӀтӀагӀу[8] тӀарикъазул,**
**ТӀагьаясул нухалде халкъ ине бегьуларел.**

---

**[1] Устар**
**[2] Сабаблъун**
**[3] МугъчӀвай**
**[4] Ихтияр**
**[5] ГӀодогӀанлъаби**
**[6] Устарзабазул**
**[7] Хасал камилал чагӀи**
**[8] НухкъотӀулел хъачагъал, ай гьересишайихзаби, яги инкаралда ругел гӀалимзаби**

**ШаригӀат тӀубайчӀесе тӀарикъат бегьичӀони,**
**ТӀагьаясул анварал[1] инсанасе щвеларо,**
**Щибалъ мунагь ккаравги устарасде инчӀони,**
**Авлияазул[2] макъам къабихӀаблъун хутӀила.**

**ТӀабибасул[3] даруялъ унтарав сах гьавулев,**
**Устарасул зикруялъ хатӀаратал[4] чурулел,**
**Гъоркь букӀараб гӀамал тун тавбуялде мун цӀазе,**
**Ц1акъаб кӀудияб махшел муршидасул букӀунеб.**

**КӀалалъ мугӀаййан[5] гьабун гьаб теян абулареб,**
**Аллагьасул нухалде дагь-дагьккун мун вачунев,**
**Черхалъул хӀалахъ балан, лавхӀ-къаламалде ваккун,**
**Къадаралда рекъараб тартиб дуе гьабулеб.**

**Дунял-ахираталъул хазина дуй бокьани,**
**Хехлъи гьабе, дир гьудул, гьадиясул[6] нух кквезе.**
**Гьава нафсалъул амру асирлъи къварагӀани,**
**Силсила[7] тӀалаб гьабе ТӀагьаясда хурхараб.**

**Хадувги мун кантӀизе калам гьабизин дагьаб,**
**Дур рекӀел вас-васалъе сабаб ккеялде хьул лъун.**
**Сулукалъул[8] кьерилалъ рокьи дур бергьиналъе**
**Багьаналъун гьабеги гьав пакъирасул назму.**

**Загьир-батӀин тӀубарав тӀарикъаталъул устар**
**Ралъдал тӀинда бижараб жавгьар гӀадин вукӀуна.**

---

**[1] Нурал**
**[2] Вализабазул**
**[3] Тохтирасул**
**[4] Квешал пикраби (васвасал)**
**[5] Рагьун**
**[6] Аварагасул**
**[7] Устарзабазул рахас**
**[8] ТӀарикъаталъул**

Жиндир басираталда[1] бихьанщинаб балъго тун,
Лъайго гьечIев гIадинан гIадамазулъ хьвадулев.

ГIилмуялъ керен цIурав, кашфуялъ къалбу[2] цIурав,
Къадирасул заталъулъ паналъарав вукIунев,
РакIалда бугев лъалев, балъгоял жал загьирав
Зодор малайкзабазул тасбихI жинда рагIулев.

Алжан-жужахI бихьулев, жаниб бугеб хIал лъалев,
ХIираалда[3] ТIагьагун мажлисалда вукIунев,
Маддат, муддат[4] гьечIого гьуригIан хех хьвадулев,
Хваралгин чIагоязул батIалъи гьабуларев.

МагIна камилаб гуреб каламги букIунарев,
Кинабго гьеб бичIчIизе фитIну[5] нилъер гIолареб,
ГIилмуялда рекъечIеб къавлуги[6] бицунарев,
Къадаралда борцинчIеб хIукмуги гьабуларев.

МугIжизатлъун гIолареб гIамалго чорхолъ гьечIев,
ГIакъиласда гурони нахъгIунтIизе кIоларев,
ТIабигIат хулкъ берцинав, хивал замзам гIадинав,
Загьругун щварав гьобол гьоцIоги кьун витIулев.

Гьидаядалъул далил[7], дин гьабулезул амин[8],
Аварагасул Варис[9] силкалда[10] хураб маржан,

---

[1] РекIел beралда
[2] РакI
[3] Нохъоялде цIар
[4] БакI, заман
[5] ЦIодорлъи
[6] РагIи
[7] Нухмалъулев
[8] Божарав
[9] Ирсилав
[10] Куналда

**Халикъасул рахIматал умматалъе рикьизе**
**Изну кьурав халифа халалъаги дур бакъаъ[1].**

**Гьесул мугIжизаталда дагIба балев гIалимас**
**Далил[2] батизе ккела кашфу[3] шартI букIиналъе.**
**Камилав муршидасда инкар бугев мукъаллид[4]**
**Рекъела вуцIцIун чIезе, лъалареб бицинчIого.**

**Берцинаб тIегьалда тIад тIутIги чIезе бегьулеб,**
**ТIалил наялъ гурони гьоцIо нилъей кьолареб.**
**ЦIамул гьир кванайчIого гIадан лъан вахъунарев,**
**ЛъикIаб цIар ахIанщинав шайихиланги ккоге.**

**ШайтIангун данделъарав диналъул цIогьорасул**
**Аслу гьечIел харбазул хайир дуе ккеларо.**
**Хулафаал[5] какулев ккурав дагIбадуласул**
**Дуе щолеб баракат куфруялде цIай буго.**

**МацIги ракьа гьечIеб жо бокьанщинаб бицунеб,**
**Бицараб уйилан ккун эсда нахъ мун вилълъунге.**
**Инсанасе гIакълуги гIелмуялъе кьураб жо,**
**ГIамалалъул халгьабе гьесул хIакъикъат лъайзе.**

**ХIал квешал гIадамаца кин хабар бицаниги,**
**Хирияв Расуласул Варис[6] вуго кIудияв,**
**Дунял цIураб хазина цIадирабазда лъуни,**
**ЦIикIкIуна гьесул кIалзул кIиго рагIул мунфагIат.**

---

**[1] НахъхутIи**
**[2] ХIужа**
**[3] Балъголъи лъай**
**[4] Бица-бицаралда божулев**
**[5] Устарзаби**
**[6] Ирсилав**

ГIалимзаби хIайранав хIакъикъаталъул ралъад
Лъаларо дур гъварилъи дун гIадав жагьиласда,
Жанир ругел магIданал рихьун лъайчIев дун пакъир,
КъватIисанго кIалъанин лъугьун те, устар, тIаса!

ТIагьаясул хIилмуги[1] хIакълъун дуй щун бугелъул,
Дуй рокьаралгун цадахъ цо чийилан дунги те,
Тавбу гьабун вачIарав чIовогояв муфтакъир[2],
Рекъараб ужраги кьун ваче муридзабигун.

Мунагьаз цIурал чурхдул чурун рацIцIад гьарулеб
Гьунар дуй кьун бугелъул дун гъоркь тоге, кIудияв!
Кьаву чIварал къулубал[3] къачIалевги мунлъидал,
Къасават бергьунилан балагьи тоге, устар!

Адаб цIуни цIакъ дагьлъун дунго намуслъаниги,
Дир хьул лъолеб хазина хулафаазул баркат.
Хатиралда хьвадизе дирго хIал кIвечIониги,
РавхIанияв инсуде буссуна рекIел рокьи.

Аллагь, дуе рецц гьабун кIалъан бажаруларо,
Дур нигIматазул бицун рагIалде бахъунаро,
Махлукъаталда гъоролъан Адамил лъимадуе
Дуца кьурабщиналъе шукру гьабун кIоларо.

КIалъазе кIал-мацI бижун, бихьизе бералги кьун,
БетIералъе гIакълу кьун, гIамалалъе гьунар кьун,
Бокьараб фигIлуялъе[4] кверщелги жиндихъго тун,
Камилаб нух манлъизе илчизабиги ритIун,

---

[1] ХIалимлъи
[2] ХIажатав
[3] РакIал
[4] Ишалъе

**Рилълъанхъизе хIатIал кьун, хIалтIизе кверал рижун,
ХIарамгин хIалалалда гьоркьоб фасила[1] гьабун,
ГьаричIого ризкъи кьун, рукIине буютал[2] кьун,
Рекъанщинаб данд гьабун Дуца хьихьун ругел куц!**

**Киназдасаго тIокIал ТIагьаясул анварал[3]
ТIолабго умматалъе дуца рикьун ругел куц,
Дунял-ахиратальул халифа накълулъидал[4],
Халкъалъе вагIзаялъе тун ругел мугIжизатал.**

**ГIаламалъул пахрулъи дур хIазраталде[5] индал,
Эсул бакIалда чIарал акътIабазул[6] камиллъи,
Эзие дуца кьураб гьунаралъул кIодолъи,
Гьезул тIабигIаталъул ТIагьаясда релълъун ккей.**

**Кинниги рецц Дуй, Аллагь, дидаго хIал кIварабгIан,
ХIабибасул умматлъун Дуца вижун ватидал!
Даимаб свалат салам Аварагасда лъеги,
Дудаго гIилму хасаб хиралъигун бащадаб.**

**Хадуб агьлул байталъе[7], тIолго АсхIабзабазе
Иманалда рекъараб макъам насиб гьабеги!
Къуръан-хIадисалдасан гIилму загьир гьабурал,
Гьаре, Аллагь, тIокIаллъун тIолго мужтагьидзаби[8]!**

**ТIарикъаталъул нухал ясбер гIадин цIунизе
ЦIияб къуват кье, Аллагь, нижер устарзабазе!**

---

**[1] БатIалъи
[2] Рукъзал
[3] Нурал
[4] Авараг (с.гI.в) хун индал
[5] АскIове
[6] КIудиял вализабазул
[7] Гьесул рукъалъул агьлуялъе
[8] Имамзаби**

Аварагасул суннат сагІат гІадин къачІазе
Сахлъиялда хутІаги хириял вализаби!

Вегухъе сардал рогьун, сукІахъе къоял рукІун,
Сонал гъапуллъуда ун, гъаримлъарав дун пакъир
Пагьмуго гьечІеб кІалалъ кІалъанин назмуялда
Диналъул вац-яцазе гьадиятлъун[1] букІине.

Гьунарго гьечІел койраз кагътида хъванин хІушал,
ХІакъалдаса гъапулав вигьине сабабалъе,
ВагІзаялде хІажатаб хІал дирго бугониги
ХІал квешазда тункизе тана рагІаби хъинтІун!

ТАММА

***********************************************

*************************************

****************

*Бисмиллагьи ррахІмани ррахІими.*

# Устарзабазул бугеб пайда

АлхІамдуллилагь рецц дир Аллагьасе
Исламалда вижун кІодо гьавидал,
Свалатгиму салам Аврагасде
Умматалъе рохел жиндалъун щварав.

Цинги даражаби хулафаазул[2]
Халкъалъул РахІманас цІикІкІинареги,

---

[1] Сайгъатлъун
[2] Устарзабазул

Гьез силкалда[1] хурал тIолго ихванал[2]
Щваги макъамалде мурадлъун бугеб.

Бичас нилъей кьураб тIагIамалда гъорлъ
ТIокIаб нигIмат буго хулафаазухъ,
Хириябщиналъул къадруго хвараб
Хазина бикьула авлияаца[3].

АхIмадил файзалъул аквабалги[4] тIун,
Муршидас чурула чорокаб къалбу[5],
Чорхол замиматал[6] нахъеги росун,
Гьес лъола каранда кинабго хIусну[7].

ХIабибасул нурал ракIалдеги кьун,
РухIазул инсуца къачIала мурид,
Къудраталъул къаламалъ накъищги гьабун,
Гьесул латIаифалъ[8] хьвадула зикру.

ЛавхIул махIфузалъул хIукму тIубалев
ХIакъав варис вуго гьев Расуласул.
Гьудатул умматаз[9] лъураб нух ккурал
Курамаал[10] руго гьел вализаби.

Заман халалъиялъ хисун кколареб
Силсилату ззагьаб[11] гьез босун буго,

---

[1] Устарзабазул
[2] Куналда (рахсида)
[3] Вализабаз
[4] Нуралъул лъарал
[5] РакI
[6] Какарал тIабигIатал
[7] Берцинлъи
[8] Зикру малъулел бакIал
[9] Уммат тIобитIулез
[10] Хириял
[11] Меседил рахас

**Сиддикъияб ТIарикъ, ТIагьал аманат**
**Эзухъе кьун буго табигIинаца[1].**

**ГIулумазул гъапу  рагьулеб акъфал[2]**
**Абул ХIасан ГIалил асрарал[3] ругел,**
**Исламалъул бодуй байрахъ борхарав**
**Хайбаралъул асад[4] абтарлъун[5] гьечIев.**

**Эсул асаразул анварадасан[6]**
**АсбатIал[7] гвангъарал жакъалъизегIан,**
**Жиндасан чвахулеб файзалъул[8] гIурул**
**ГIаркьалаби лъугьун цIураб дуниял**

**ЦIахурисан щвараб шарабалъул[9]их (Жабраил Афанди)**
**Абубакридасан бачIараб бугеб,**
**Батулил Багьжатил[10] асраразул[11] хIор**
**ХIусайнияв Сайид Сайфуллагь вугев.**

**КIиябго нуралъул аслу цIунарал**
**Агьлу ллагьал[12] ругел тIаса унарел,**
**Аварагасул ирс жидеда хасал**
**Хавасал[13] ратулел талихI кьуразда.**

---

[1] **АсхIабзабазда хадуб букIараб хIакъаб агьлу**
[2] **Киртал**
[3] **Балъголъаби**
[4] **ГъалбацI (ГIали асхIаб)**
[5] **Гьесул лъикIаб наслу нахъе хутIана**
[6] **Нураздасан**
[7] **Лъималазулги лъимал**
[8] **Нуралъул**
[9] **Гьекъолеб жоялъул**
[10] **Аварагасул ясалъул вас**
[12] **Балъголъабазул**
[13] **Аллагьасул агьлу**
[14] **Хасал гIадамал**

**Тамаша, гIадамаз халгъабулареб**
**Гьанже заманалъул шайихзабазул.**
**Щеда цIехолареб гьезул хIакъикъат**
**ХIакъаб нухалдаса рахъунгутIизе.**

**Аслу гьечIеб ТIарикъ уяб батани,**
**Абизин дицаги муршид вугилан.**
**ЩайтIанияб кашфу[1] гIолеб батани,**
**Ратила мажнунал[2] чанги росабалъ.**

**Месед-гIарцуда гъорлъ гъашш[3] камулареб**
**Камилав къебедас биун тIечIони.**
**Устарас къачIарав маъзун[4] гьечIони,**
**Гьесулъ шайтIаналъул хIал камулареб.**

**Квер ккун нилъ рачунев чийилан кколев**
**Чанги агIма[5] вугев аб дунялалда,**
**Дин-ислам бичIчIарав гIалимин кколев**
**ГIемер жагьил вугев инкарчагIазулъ.**

**Амма дирни вуго диналъул хIуби**
**ХIабибасул нуралъ икълим[6] гвангъарав,**
**Устар щвана дие шаклъи гьечIого,**
**ШапагIат гьабизе Расулас тарав.**

**Садатазул[7] нухал къачIазе лъалев**
**КъутIбул анам[8] вуго Аллагьас дий кьун,**

---

**[1] Балъголъи**
**[2] Женаца ккурал**
**[3] РекIкI**
**[4] Изну кьурав чи**
**[5] Беццав чи**
**[6] Улка**
**[7] КIудиял чагIазул**
**[8] Халкъалъул къутIбу**

АхIмадил ТIарикъат битIун хIалтIулев
ХIакъав муршид вуго нижер КIудияв.

Жиндир гIасруялда саликинаца[1]
Кванан тIагIунареб тIутI эсухъ буго,
ТIолго муъминзабаз гьекъананиги
Гьесул машрабалъе[2] ками кколаро.

Кумалазул[3] къокъа къалъарав Саййид
Сахлъиялда таги тавлияталъе[4],
Таввабинал[5] чIолеб ГIаршалъул рагIад
ГIумру халалъаги халкъ тIобитIизе.

Хирияв инсуе сипат гьабизе
ГьечIо мустахIикъаб къадараб дир нафс,
Устарасул бицун хIал кIоларелъул
ХIухьал ана биччан керен чучизе.

Курамаадехун[6] рокьи букIиналъ
Бицун тана хабар такълидалдалъун[7],
Дицаго завкъалда[8] чIамун бихьичIеб
Бихьарада ракIчIун хъвана кагътида.

Кодоб босаразде асар щваразде
ДугIа гьабеянги гьарула ракIалъ,
Гьаваялъ квегъидал гIажизлъун ккарав
ГIилму нифигIги[9] кьун тIувазавеян.

АМИН

---

[1] Муридзабаз
[2] Гьекъолеб жоялъе
[3] Камилал чагIазул
[4] Тарбияталда (ханлъиялда)
[5] Тавбу гьабурал чагIи
[6] Хириял чагIаздехун
[7] Нахъвилълъун
[8] Тату лъан
[9] МунфагIатаб гIилму

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Унти гIемер буго гIилаж суннатаб

Унти гIемер буго гIилаж[1] суннатаб,
Тохтур сабаблъун ккун чорхолъа унел.
Чанги нигIмат буго атIгIиматазулъ[2]
Унтарас кванани загьрулъун ккoлеб.

Амма батIинияб[3] унтуе тIабиб[4]
ТIалъун ккана кквезе киналго рекъон,
Квешал тIабигIатал хисизе гьари
Важиблъун[5] бицана фи кутубил къавм[6].

Кинниги тIалибас тIабиб кколелъул
ТIадеги шартIлъана тафахIхIус[7] гьаби,
Гьаб гIилму тIибалъулъ табахIхIурлъичIев[8]
Тохтурин цIар бугес гуккунгутIизе.

БетIер унтарасул килищ бухьунев,
Кванирукъ сахлъизе аналгин кьолев
Агьлуль хибратазул[9] къагIида лъачIев
ЧIовогояв балид[10] ватIа гьавизе.

---

[1] Дару
[2] Кваналел жалазул
[3] Жанисеб
[4] Тохтир
[5] ТIадаблъун
[6] Къавмалъул тIахьазулъ
[7] ЦIех-рех гьаби
[8] Тохтирлъиялъул гIилмуялъулъ гъварилъичIев
[9] ХIалбихьи бугезул
[10] Гьагав чи

Гьедин хIакъикъияв тIабиб ватидал
ТIалъула гьанжеги гьесда ракIчIезе,
Гьесул дарабазул сабабалдалъун
Сахлъи дуе щвейи хIакъаб бугилан.

КъватIахъ гаргадулел кIал-мацI гIалимаз
ЦIанда борохь балеб бицуна хабар,
РагIуда ругьунал жагьилзабазул
ЖумгIат[1] годекIаниб даим батула.

Дурго тохтурасул даруги гьекъон,
Микъан вахъинчIого чIейи маслахIат.
Манлъараб куцалда амруги тIубан,
ТIокIаб жо рехун тей кIудияб гIакълу.

Дунял ухраялъул хазинаялда
Халифалъун тарав нилъер авараг (ж.с.с.лъ.),
Алжангиму жужахI лавхIгиму къалам
Жиндие гIололъун батизабурав.

Зобал-ракьал, гIарш-курс,  вама фигьима[2]
Жиндир нуралдасан бижун батидал,
ГIажизлъула гьесул хабар бицине
Алсинатул халкъи[3] хIакъаб куцалда.

Карамат, мугIжизат къалмица хъвазе
Къуват гIунтIуларо гIалимзабазул,
ГIайнул басираталъ[4] балагьаразги
Босун гьечIо сипат цо къагIидалда.

---

[1] Данделъи
[2] Гьеб кIиялдаго жаниб бугеб жоги
[3] Халкъалъул мацIал
[4] РакIалъул бералъ

Цинги Расулуллагь дунял тун индал,
Эсул нух манлъулев далил[1] камичIо.
Дарул хIикматалде кирит баниги,
Кодор кIулал ругеб агьлу батана.

Гьел меседил кIулал цоцахъе кьолел
Гьоркьоса къотIичIо ТIагьал варисал[2],
ТIолго умматалъулъ агьлу халгьабун,
Гьел кIулал рикьана акъалимазда[3].

Накъшубандиязул акабираца[4]
Аманат тIадкъарав МахIмуд Афанди (Къуддиса сирругьу)
Акъфалазул[5] кверщел кодобе кьурав
Киналго рекъарав къутIбун гъавс[6] вуго.

КъитIгIату кабидин мин Расулиллагь[7]
АбулхIасан ГIали Шазилиясул
Щвараб гIор кинниги чвахараб гIилму
Халид Сайфуллагьил каранда чIана.

Кашфугин карамат кимияъгин[8] тIибб[9]
ТIолабго ирсалъе эсухъе щвана,
Акъвияаз[10] канлъи кумалаца[11] нур,
Киназго босана эсул рекIелъан.

---

[1] Нух малъулев
[2] Ирсилал
[3] Улкабазда
[4] КIудиял чагIаз
[5] Киртазул
[6] ЦIакъго цIакъ кIудияв вали
[7] Аварагасул тIулил кесек
[8] Химия
[9] Тохтурлъи
[10] Къуватаз
[11] Камилал чагIаз

Унтаразда сахлъи, сахазда танбигь[1] ,
Таманаб бихьана КъутIбуясдасан,
Изну бугеб гьабун, гьечIеб жибго тун
Гьабуна тIубазе ТIагьал буюрухъ.

Гьал васитIалъун ккун Бичасде щварал
Шайихзаби руго дол атIиббаал[2] ,
Эзул таважжугьалъ[3] тамах гьавичIев
РагIичIо – бицуна цоniги мункир[4].

Кинабго гIаламалъ тасдикъ гьавурав,
Сиддикъияб нисбат[5] жинда хаслъарав,
Хважа Багьауддин раисул тIарикъ[6],
ТIолгоязда лъала эсул хIакъикъат.

Гьесул тIарикъалде инкарги гьабун,
Устарзаби какун бугьтаналги лъун,
Гьарула шафагIат Увайсиясул,
Уна зияраталъ Бухариялде.

Дурго икълималда акътIабалги[7] тун,
Аниве вачIарав щайилан абун,
Шагь Накъшубандияс нахъчIвайиялда
ХIинкъизе лъаларо цо агьлуялда.

*********************************************
*****************************************
*******************************

[1] КантIизари
[2] Тохтурзаби
[3] РакIалдаса ракIалде рехулеб нуралъ
[4] Инкарчи
[5] Абубакар асхIабасул цIаралда бугеб тIарикъат
[6] ТIарикъаталъул бетIер
[7] КIудиял устарзаби

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Устарасул адаб цIуни

**РачIа, вацал, халгьабизин хираб жавгьар-якъуталъул,
Жакъа нилъер кодоб бугеб доб кибритул ахIмаралъул[1],
Аллагьас нилъее кьураб тIадегIанаб нигIматалъул,
МунгIимасе[2] щукру гьаби рукнул исламги[3] бугелъул.**

**АсхIабзабазда Аллагьас аят рещтIун буюрана,
АхIмадил адаб гьабизе гьезда Къуръаналъ манлъана,
Гьесда аскIор халат чIейи, харбал рицун уйин гьаби,
Изну гьечIого тIаде ин аза[4] букIин лъайзабуна.**

**Аварагасул халифа, нилъерги рухIазул эмен,
Эсдаса нилъей хIажатав ватулищан хал гьабечи.
Чохьол эбел-инсудасан наслуялъе щолеб пайда
Дунялалъул рокъоб бугеб къалилун жадва[5] буго.**

**Жакъа кIиго тушман гIадин махIшаралда дагIбадулел,
Диван гьабулел къояца цоцадаса жал тIурулел,
Жинди-жиндир нафс цIунизе цIакъаб жигара гьабулел,
ЖужахIалде эл ритIунги жив-жив ворчIи мурад бугел.**

**Вац-яц, гьудул-гьалмагъзаби гьуин берцин рокьанщинал,
Шаклъи гьечIо гьел къояца цоцадаса тIейиялда,
ТIейи гьечIеб рухьеналда рухьарал муридзабини,
ГIазабалда гьалмагъги тун, рахIаталде унарила.**

---

**[1] БагIараб месед
[2] НигIматал кьолев
[3] Исламалъул рукну
[4] Зарал
[5] ЦIакъ дагьабго пайда буго**

Аллагьасе гIоло бугеб ухувваталъул агьали[1]
ХIисаб-суал гьабичIого алжаналде лъугьунила,
Амма муршидасда ургъел муридасуз цIакъ букIуна,
Мунагьал тун тавбуялде тамашаго эс тIамула.

ТIагьаясул кавсаралде кверал ккун эс нилъ рачуна,
Квешалщинал тIабгIал тезе тавфикъ эсда лъун букIуна,
Дунялгин ахираталъул умурал[2] эс лъикI гьарула,
Эбел-инсул гьечIеб кумек гьесул нилъей даимлъула.

Дин гьабизе гьес манлъула, лъикIлъиялда черх куцула,
Киналго муридзабазулъ рокьи-шавкъ эс тIибитIула,
ТIарикъаталъул аврадал[3] эс нилъеда тIад рухьуна,
ТIаде босун эб хIалтIизе хIавлу[4] -къуват цадахъ кьола.

ХIакъаб лагълъи гьабиялъул кайфиятал эс рицуна,
Амру нагью баян гьабун берцинго нилъ тIоритIула.
БетIергьанас нилъей кьураб гIумру ажал тIубан хадуб
ТIаде вачIун ГIизраилас гIазизаб рухI босулелъул,
РавхIанияв инсул нилъей, инша Аллагь, кумек шолеб,
Кваркьи эс тIад лъурал нилъей камилареб цо баракат.

Балагьарал берал къанщун шакагIакун тIивитIидал,
ТIад мусру бан восун къаникь къарарлъараб лахIзаялда,
Лах1дуялъув муршид вачIун муридасе квербакъулеб
Мункар-накирасе жаваб жиндалъун цIакъ бигьалъулеб.

Бакъул рагIад бихьулареб, гъветI-рохьалъул гьогьен гьечIеб,
Агьвалазул[5] къоялъ эсда ургъел нилъер тIад букIунеб.

---

[1] Вацлъиялъул агьлу
[2] Ишал
[3] Вирдал
[4] Гуч
[5] ХIинкъабазул

**Алжан-жужахIалъул агьлу энир руссун тIурайзегIан**
**Устарасе хIалхьи гьечIеб, хIалихьатал нилъ сабаблъун.**

**Насабалъул инсудаса эв цевесев вугониги**
**Эсул къадру гьабиялъул гьечIо нилъей щибниги кIвар.**
**Гьудул ахIмакъав вугони гIакъилав тушманасдаса,**
**Эсул зарал цIикIкIунеблъи лъайзе ккараб гIилму буго.**

**ГIакълу гьечIел нилъедалъун ккарабщинаб адаб тейи,**
**Тавбу гьабизе тIалъараб, тIинаб гуреб хатIа буго.**
**Хардалалъул мискъалгIанаб[1] зарал кколеб бугонани,**
**Загьираб жо гьечIищ, вацал, гьелдаса нилъ цIунулел куц.**

**Кодоб щвани цо хазина халкъалдаса эб бахчизе,**
**Чанги метод ургъуларищ агьлу-хъизан данде руссун.**
**Расулас жиб нахъе тараб хазинадул кIулал щведал,**
**КIойзе ккела гьеб цIунизе гьитIинал чи нилъ гурелъул.**

**Эсий кколеб заралалъул ургъел нилъей батанани,**
**РухI гIадин кин цIунуларев камизе рес гьечIев эмен.**
**Кодоб сумка-къайиги ккун къойил сапар бухьинчIого,**
**Рокъорго кин хIебтIуларел хIажат бихьун тIадеги ун.**

**РатIлида хIур бахинчIого, хIетI-квералда свак хъвачIого,**
**РекIине жал щунин абун щай чIалгIаде нилъ хьвадулел.**
**Дарманалде хIалакарав гьекко ийин цо нух буго,**
**Роцен-гIурхъи, хIадго гьечIеб гьаб хьвадини загьру буго.**

**Заманалъул квешлъиялде кантIунгутIи жагьлу[2] буго,**
**Живго ворчIун гIей гьабурав гIайибалъул цIурав вуго,**
**ГIалхул чундул цIодорлъиялъ хьихьулилан аби буго,**
**Аллагьасул къадарилан – цIадав лъугьин къосин буго.**

---

**[1] Мучалъул могьол бакIлъи**
**[2] Лъавукълъи**

**Бегьиларо, гьудулзаби, гьадагIан нилъ ахIмакълъизе,**
**АхIмакъав гьудуласулги гьабсагIаталъ бицун индал,**
**АсхIабзабаз Расуласул адаб кквейги якъинлъидал,**
**Рекъеларо нилъедаги кIудиясул адаб тейи.**

**Рияъ сумгIат[1] берцин бихьун, балъгояб ширк рекIелъ бессун,**
**Устарасде иналдаса, Аллагь, Дуца ниж нахъе чIвай!**
**Ихласалда[2] гIамал цIунун гIужбу[3] рияъ нахъе босун,**
**Нафсул аммараталдаса[4], Аллагь Дуца хвасар гьаре!**

**Ахлакъу ззамиматал[5] тун, хIамидататзде[6] рачIине,**
**ХIавлу[7] - къуват чIобого кьун раче Дурго хIазраталде!**
**ХIабибасул ТIарикъалъулъ ритIун чIезе тавфикъ гьабун,**
**Тавбу къабул гьабураллъун гьаре, Аллагь, Дуца нижги!**

**Нижер устарзабазеги, Аллагь, Дуца къуват кьеги,**
**Къадру-къимат эзул гьаби эб нижейги насиблъаги,**
**Инкаралъул агьлуялде ракIалдего эл щогеги,**
**Шавкат[8] бугел залимзаби жидедего машгъуллъаги!**

**АМИН**

********************************************************
**************************************************
****************************************

---

[1] **Рихьой рагIизе**
[2] **Аллагьасе гIололъун**
[3] **Живго жиндаго цIакъавилан ккей**
[4] **Квешалдалъун амру гьабулеб нафс**
[5] **Какарал тIабигIатал**
[6] **Рещарал хасиятал**
[7] **Гуч**
[8] **Гуч, къуват**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Суалазе кьураб жаваб

**АлхIамду лиллагьи ллази жагIалал истикъамата фавкъал карамати**
**Ва наввара къулубал гIарифина би анвари**
**Саййидил мурсалина ва**
**ЖагIала мутабагIтагьу сабабан лиибахIати дарил къарари ва ссалату**
**Ва ссаламу гIала расулигьи ллази къала фи ахири нафасигьи уммати**
**Уммати ва гIала алигьи ва асхIабигьи ва атбагIигьи ила явми ддин[1]**

**Фа багIду[2], диналъул вац, дур рисалат[3] бихьидал,**
**Суалалъе жаваб кьей макъсудлъунги[4] батидал,**
**Нилъер эмен элдеги регIаравлъун гьечIелъул,**
**Гьабулеб буго жаваб жагьилав цо ЧIикIасес.**

**ЧIинкIилзабазул гIилму, гIаркьалаби дагьаб гъветI,**
**Дургун бахIс гьабулаян, воре, ракIалде ккоге.**
**Ралъадго бихьичIев дихъ жавгьарал рукIунарин,**
**РакIгъеялъе цIалун те вацлъиялъул абятал[5].**

---

[1] **Аллагьасе рещц буго витIун чIей караматалдаса цебесеблъун гьабурав, илчизабазул кIудиясул нураздалъун Аллагь лъалел гIадамазул ракIалги гвангъизарурав, гьесда нахърилълъинги алжаналда чIеялъе сабаблъун гьабурав, цинги свалатгин салам лъеги жиндирго илчиясда. Ахирисеб хIухьел бахъулаго дир уммат - дир умматилан кIалъарав, гьесул агьлу-асхIабзабаздаги лъеги къиямасеб къо чIезегIан.**

[2] **Цинги хадуб**

[3] **Кагъат**

[4] **Мурадлъунги**

[5] **Куплетал**

**Савабул къираати жамгI[1] гьаби бегьаниги,**
**Бегьиладай камизе мажлисул гIакъдалъул[2] шартI?**
**Мустаъжирасул[3] тIадкъай тIубайчIони ажирас[4],**
**Ужра кин хIалаллъилеб кири хIасуллъунилан.**

**ХIалилаталъул[5] яцги ажнабияй[6] йигелъул,**
**Элъулгун мажлис[7] гьаби шаргIалда рекъон ккелищ?**
**Руччаби хатмуялде гьукъаралги ругелъул,**
**Рухса кинан батилеб итни чIаго гьабизе.**

**Амма рузман сордоялъ салават битIизени,**
**МустахIсан[8] букIинарищ магIа хIалилатика[9].**
**ИхIяъ[10] гьарун гьал сардал кIодо гьарун хьвадизе**
**Хьул лъурав, диналъул вац, дуе тавфикъ гьабеги.**

**Мажлисул ззикриялъул[11] мавлидалде иналъул**
**Хиралъи-тIокIлъи бицун тIахьазда батулелъул,**
**БидгIатун хIарамниги[12] шаргIияб гIузру гьечIеб**
**ГьечIищ нилъей маслахIат гьенире ийиналъул.**

**Аминтаза цIализе шурутIал тIураниги,**
**ТIадкъан устарас кьечIеб гьабизе бегьиладай?**
**Гьес цIалеян абидал, вирдлъун эбги лъугьиндал,**
**Нилъей бугеб ургъел щиб амру тIубай гурони.**

---

[1] **Къуръан цIалиялъул кириялда гIахьал гьаруланиги**
[2] **Мажлисалда ккараб къотIиялъул**
[3] **Жинца мухьдахъ кколесул**
[4] **Жив мухьдахъ ккурас**
[5] **ЧIужуялъул**
[6] **Чияр гIадан**
[7] **Цадахъ гIодов чIей**
[8] **Бещараб (лъикIаб)**
[9] **Дурго чIужугун цадахъ**
[10] **ЧIаго гьарун (рорчIун)**
[11] **Зикруялъул мажлис**
[12] **ХIарамаб бидгIа**

Амма кири хал гьаби, хирияв диналъул вац,
Хавасада[1] аскIобни ширкин абулеб буго.
ИтибагI[2] амру тIубай Аллагь матIлублъун[3] гьави,
Гьаб гуреб агьлуллагьаз къабул гьабулеб гьечIо.

Агьлул хIакъикъталъул истIилахIалда[4] рекъон
Муридасул хIакъалъулъ бицен бастIалда[5] буго.
Балагьи гьабе дуца "ЖамигIул усулалде"[6] (гьум.290),
Гьаб рехсараб тIанчида батила, инша Аллагь.

Насикун гьалъул магIна лугъаталда[7] борцани,
ГIабидун Загьид[8] вукIин загьираб амру буго.
Амма истIилахIалда[9] рекъон гьаб хаслъулев чи,
Халикъас лъай кьурасда лъалилан абун тезин.

Валфаркъу байнагьума фи раъйи гьазал хIакъир
Алмуриду ман - гьев чи фи тарбияти шшайхи
Фа амма исму насик муштамилун ли гъайригь
Минал гIубади кама нажиду фи ссихIахIи[10]

Аласару ллати тахIсул мин таваджугьи шайх
Юсамма файзан каза къала Халид Сайфуллагь

---

[1] Хасал камилал чагIазда
[2] Нахъвилълъин
[3] ТIалаблъун (мурадлъун)
[4] ХIакъикъаталъул агьлу тIад рекъараб жоялда бан
[5] ГIатIидго
[6] ТIехьалда цIар
[7] ГIараб мацIалда
[8] Дунял тун, гIибадат гьабулев
[9] Хасаб агьлу тIад рекъараб
[10] Насикъасдаги муридасдаги гьоркьоб бугеб батIалъиийин абуни, гьав факъирасул пикруялда рекъон, мурид ккола устарасул тарбияталда гьор вугев чи. Насик абураб жоялъ мурид гуресдеги щвей гьабула, ай гIабидзабаздеги, гьедин батулеб буго нижеда кьучIал тIахьазулъ.

**Вал мададу мин мадда бимагIна истамадда**
**ЮстагIмалу фи ллугъати валлагьу агIламу**[1]

**Ва ма фил хуласати лагIалла мурадагьу**
**ЛлатIаифу сситтату сива султIани ззикри**
**Ва илла фафи мактубати Халид Сайфуллагь**
**Саазкуру къавлагьу къарибан иншаа ллагь**[2]

**Къавлука айююугьал ах фиртикаби ррухсати**
**Фасавабун била райиб назаран ма фил кутуби**
**Лакин фил мактубати гIаззу бинаважизи**
**Сунната важтанибул бидгIата**[3] **абун буго**

**Амма масхIул хуффайни мин фигIли расули ллагь**
**Фама лана я ахи ан ла накътадия бигь**
**Ва каза садатуна биисригьи фагIтабир**
**ФагIалайна фигIлу ма жаа мин садатина**[4]

**Вассаламу гIалайка ва гIала агьли байтик**
**МагIал ихван ва жиран минал маликил гIаллам**

---

**[1] Устарасул таважугьалда щвараб асаралда файиз абулилан абуна Сайфуллагь Къадияс. Мадад абураб жо, мадаялдаса бачIараб буго, кумек тIалаб гьабуна абураб магIнаялда, гьедин хIалтIизабулеб гьеб гIараб мацIалда. ЛъикI лъалев Аллагь вуго.**

**[2] "Хуласатул Адабалда" бугеб жойин абуни, гьелъул мурад батила султIануззикри хутIун цогидал латIаифал Сайфуллагь Къадиясул мактубаздаса бугеб жойин абуни, гIагарда дица рехсела иншааллагь.**

**[3] Рухсаби кквеялъул хIакъалъулъ, дир вац! Дуца абураб жо битIараб буго, тIахьаз бицунелъухъ балагьун. Кинниги мактубазда буго, нужоца суннат цабзаца кквейилан, бидгIаялдасаги рикIкIалъейиян.**

**[4] КIиябго мачуялда масхIу гьабийин абуни, гьеб ккола Аллагьасул Расуласул ишалдаса (фигIлуялдаса), нилъее ккараб жо щиб гьесда нахъ рилъинчIого рукIине. Гьединго дуца хал гьабе нилъер кIудиял чагIаздаса бачIарабщинаб жоги нилъеда гьабизе тIадаб буго.**

**Усикум биддугIи битавфикъин фиддини**
**Ва асалукал гIафва гIанил катибил хIакъир[1].**

**ТАММА ГЪАЗА ВАСАЛАМ**

*********************************************************
**************************************************
*******************************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# МахIмудил кагътие гьабураб жаваб

**ВагIалайкум салам, МахIмуд Афанди,**
**Дунял-ухраялъулъ рохел гIемераб.**
**Хадуб дир мурадги дур анищазул**
**Ахикь бижулеб пихъ пайдаяб букIин,**

**Пандур-къалиялъул бакъназ гуккараб**
**Къокъаялда гьоркьов мун ватунгутIи,**
**Метер тIаса унеб рохалил мажлис**
**Жакъа берцин бихьун хьвадунгутIиги.**

**Сайгъат-салам босун Расулги витIун,**
**ТIагIун щай мун чIарав гьудул ватани?**
**ТIаде восиларин хIинкъун вукIунищ**
**КIвечIеб нух бахъизе дир гъапудухъе?**

---

[1] **ГIаламалъул ханасдаса дудеги салам лъеги дур рукъалъул агьлуялдеги лъеги, гIагарлъигун мадугьалзабигун цадахъ, дие диналъе тавфикъ кьеян дугIа гьабеян дица дуда васиятги гьабула, гьеб хъварав пакъирав дида тIаса лъугьаянги гьарула.**

**Дида чIухIарав чи мун гьечIев лъала,**
**Гьедин гуребани, агьан телаан.**
**Адабиятги дулъ букIин бичIчIула,**
**БичIчIизе кIоларо щай мун тIурарав.**

**Щибаб магIданалъулъ жиндаго хасаб**
**Хасият батула къимат кьолезда,**
**УнкъбокIонал чIинхал ганчIил гореллъи**
**Лъайзе захIмат гьечIо хал гьабуразе.**

**Маххулъа бищараб жавгьаралдагIан**
**Жагъаллъи гъорлъ гьечIо гьал дур чIимхазда,**
**ЧIумазда гъорлъ хураб маржан кинниги**
**МагIнаялъул рахъалъ рекъонги буго.**

**ГIакълу камиллъулел, кантIи бачIунел**
**Киналго пайдабаз сверун ккун буго,**
**Суранщинаб какун, берцинаб бецци**
**Борцун, къотIун буго халкъалъул хьвади.**

**Дур сайгъатгун салам къабулги гьабун**
**Къасд гьабуна ракIалъ жаваб битIизе,**
**Жумлабиги[1] цIалун, хIисабги гьабун**
**ХIукмуги къотIана щуйилаб лъезе.**

**Щвараб гIор гIадинаб гьаб дур пагьмуялъ**
**Поэт вукIиналъе нугIлъи гьабуна.**
**ПасахIалъиялъулъ тIокIаб гьунаралъ**
**ТIад Инхоса шагIир щвана ракIалде.**

**Дица габуралда рукь лъелелдего**
**Лъай-хъвай букIана дир дур кIудадалгун,**

---

**[1] Предложенияби**

**ЛъикIал чагIи лъайи тIалаб гьабидал,**
**ТIоцеве дандчIвана МустIафал ГIумар.**

**ГIараб цIаличIевги гIалим вукIунев**
**ГIумар вихьун лъана тIоцеве дида,**
**ВарагI[1] - Такъваялъулъ[2] камиллъанагIан**
**ГIирфан[3] цIикIкIунеблъи гьелъго бичIчIана.**

**Гьесдасан дий щвараб баракаталъул**
**Бищун дун вохараб цо тIехь букIана,**
**ТIарикъаталдехун рокьи цIикIкIине**
**Рокьул сабаблъана гьеб сайгъат дие.**

**Дур кIудада гIадал гIакъилал чагIи**
**ГIаламалда гьоркьор дагьго рукIуна,**
**Дин ислам бичIчIарал гIамал бацIцIадал**
**ГIемер ратуларо бусурбабазулъ.**

**ГIарифун[4] - биллагьан сифат гьабурав,**
**Сулук[5] гIилмуялда гIамал рекъарав,**
**ГIубудияталъул[6] макъам бихьарав**
**Муридги вукIарав дур кIудав эмен.**

**Адабалда дица бицен гьабулев**
**Гьав кIудадал ХIафид (васасул вас) мунги вугелъул,**
**МахIмуд-Афанди мун гьесда релълъарав**
**Лъугьине кигIанха дий бокьилаан?**

---

**[1] ЦIуни**
**[2] Аллагьасукьа хIинкъи**
**[3] Аллагь лъай**
**[4] Аллагь лъалев чиян**
**[5] ТIарикъат**
**[6] БацIцIадаб лагълъи гьабулеб**

**Дирги букIана ах, бихьа-рагIараз**
**Берцинаб гурони къимат кьолареб.**
**Кьералги рукIана ахалда жанир,**
**Аграномазгицин гIайиб чIваларел.**

**Амма тIад балеб пихъ гIалхулаб батун**
**ГIун рахъарал гъутIби къотIизе ккана.**
**ТIад жого баларел кьолболъа рахъун**
**Нахъеги рехана барахшичIого.**

**Барщун бахъинелде турулеб пихъги -**
**Пайдаялъул рахъалъ божи гьечIеб жо.**
**Божи бугеб пихъил навгIал[1] гьаруни,**
**Гьебни ахихъабаз какараб гьечIо.**

**Гьанжи дуе сахлъи саламгун цадахъ.**
**СилахIул муъмини[2] – дихъ бугеб ярагъ.**
**Дудаги кIочонге дун пакъирасул**
**ДугIа-алхIамалде ихIтияж[3] букIин.**

**Гьаза вассаламу ва усикум биддугIаи ва анал факъиру**
**СагIид бину гIабди ррахIманил черкиййи фил явмил.**
**Аввали мин шагьри Ражаб. Саната 1416.[4]**
**23 ноябрь 1995 с.**

## ТАММА

******************************************************************

---

[1] **Тайпаби**
[2] **Муъминзабазул ярагъ (ай дугIа)**
[3] **ХIажалъи**
[4] **Гьаб дуде саламгун дугIадулги аманат. Дунги пакъир – ЧIикIаса ГIабдурахIманил вас СагIид вуго. Хъвана ражаб моцIалъул тIоцебесеб къоялъ. 1416 исламияб тарихалъул.**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ХIавал вас ГIабдуллагь

ГIабдуллагь тIагIанилан ургъалида ратани,
Ассаламу гIалайкум, кинаб хIал нужор бугеб?
ХIавал васасул хабар лъалев чиго гьечIилан
ЧIалгIараб хIал батани, босе гьале макъала.

Бицине жого гьечIев чи дунилан ратани,
Чанги къвачIа бугеб дир къо ккани кIал рагьизе.
Къалам-кагъаталдаги киса дун барахшулев
Багьа хиралъунилан лъолищха кверал гIодор.

ЛъикIал чагIазул бицин лъиего бокьулелъул,
Бокьун буго диеги дагьаб гьезул рехсезе.
Рохалилал асарал загьирлъулел ругони
Гьереси бугониги, букIунеб харбил лазат.

Зобал-ракьал рижарав, жаниб бугеб хьихьулев
Жаббарасе[1] хIелулел – мархIаба[2] киназего.
Кинабго гIаламалъе рахIматлъун жив витIарав
Расулуллагь вокьулел – мархIаба киназего.

ГIилму-гIамал рекъарал дунялалъул пакъирал –
Диниял гIалимзаби, мархIаба киназего.
ВагIза-насихIаталъул мажгитазда нур барал
Дибирзабазул къокъа, къойилгоги мархIаба.

Аллагьасул рокъоре къол щуцIул ниж ахIулел,
КIвахI гьечIел будунзаби – ножоеги мархIаба.

---

[1] Кинабго квегъулев
[2] Хошгелди

**Ножор ахIулеб какий жаваб гьабун рачIунел,**
**Баркат бугеб жамагIат – ножоеги мархIаба.**

**Мадрасаби гвангъарал дин-исламалъул чирхъал –**
**Мудирал,[1] мударисал,[2] киназего мархIаба.**
**Алжанул махI бахъарал гIисинал мутагIилал,**
**ГIакълу-лъай камиллъаял – ножоеги мархIаба.**

**ГIадлу-диван битIарал тIад ругел хIакимзаби –**
**Ратани, ножоеги – гIурхъи гьечIеб мархIаба.**
**Халкъалъул тIалабазда ракI унтарал ратани,**
**Депутатал, ножойги – цIакъго гIемер мархIаба.**

**Мискинав чи вихьидал Бечед ракIалде щолел,**
**Бечелъи кодоб бугел киназего мархIаба.**
**Кибехун бугониги садакъа-хайраталъе**
**Сахаватаб квер бугел – киназего мархIаба.**

**ХIалалгин хIарамалъул хIисаб-суалги гьабун,**
**ХIакъалдаса цIунулел – ножоеги мархIаба.**
**ХIилла-рекIкI гъорлъ гьечIого даран-базар гьабулел,**
**Даимаб баркат лъеял, ножоеги мархIаба.**

**Жакъа жинца гьабулеб зулмуялда данд битIун,**
**Метер жиндий гьабулеб лъалесеги мархIаба.**
**Лъан хадуб тавбу гьабун, гьелда цIакъ ракIги бухIун,**
**Аллагьасде вуссарав гьесиеги мархIаба.**

**Нух-нухарги гIодор чIун гIаракъи бичуларел –**
**МагIарул руччабазе рикIкIен гьечIеб мархIаба.**
**АЛЛАГЬасдаса хIинкъун, хIарамаб букIинги лъан**
**РатIлил форма цIунулел ясазеги мархIаба.**

---

**[1] Директор**
**[2] МугIалим**

**Россал цадахъ гьечIого базаралъ хьвадуларел –**
**Диналъул яцазеги халкъалъулго мархIаба.**
**Жалго рокъорги рукIун пачалихъал сверизе**
**Руччаби ритIуларел вацазеги мархIаба.**

**Бикъун хъамун кванадун цинги туснахъалде ун**
**Умумул гIодуларел васазеги мархIаба.**
**ХIайван хьихьун,хур бекьун, как-кIалги дурус гьабун**
**Хъизан лъимал хьихьулел ножоеги мархIаба.**

**Рукъзал рикъун, чагIи чIван соталда цере чIарал –**
**РахIму гьабун толарел ратаниги мархIаба.**
**Мунагьго гьечIев пакъир вачун жанив лъечIого**
**ГIузру къабул гьабулел – гьезиеги мархIаба.**

**Унтарав чи вачIиндал жиндирго хIисаб гьабун,**
**ХIалкIон дару гьабулел – медиказе мархIаба.**
**Жиндий гьабураб лъикIлъи кIоченчIого хьвадулел**
**Диналъул вац-яцазе – киназего мархIаба.**

**Киналдаго хадусан халкъалъул мурадчагIи –**
**МагIарул редакция, ножоеги мархIаба.**
**Ножохъе лъикIабщинаб хъван макъала битIулел**
**ТIолго мухбирзабазе – гьезиеги мархIаба.**

**Ножое лъикIабщинаб гьарулев**
**ГIабдуллагь**

**ТАММА**

**************************************************************
******************************************************
**************************************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ГIисинал мутагIилзабазде гьабураб назму

АлхIамду – бацIцIадаб рецц даимаб Аллагьасе,
Свалат-салам АхIмадгун агьлу асхIабзабаде,
Элда хадуб насихIат сибяназе гьадиййат[1]
Гьари дугIа дандкъарав пакъирав гIажизасул.

Гьай, гIисинал авладал,[2] умумузул канлъаби,
Квербакъи гIемерлъаги гIилму ннафигI[3] цIализе.
ГIумру бугел ратаги, ризкъи хIалалаб кьеги,
ХIакъаб хIакъаблъун бихьун гьидаят[4] насиблъаги.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Адабалда ругьунал, варагI бугел лъугьаги.
ГIужбу-рияъ[5] гъорлъ гьечIеб гIамалалда даимал,
ГIуламаул ахират[6] Аллагьас нуж гьареги.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Эбел-эмен разиял фуругIаллъун[7] ратаги.
Фикъгьи тасавуфалъулъ[8] тавфикъ кьураллъун гьарун,
Гьаб халкъ иршад[9] гьабизе Аллагьас нуж тIамеги.

---

[1] ГIисинал лъималазе сайгъат-насихIат
[2] Васал (лъимал)
[3] Пайдаяб гIилму
[4] ТIоритIи
[5] ЧIухIи - рихьдае гIамал гьаби
[6] Ахираталъул гIалимзабилъун
[7] ТIанчIилъун
[8] ГIилму - тIарикъаталъулъ
[9] ТIобитIизе

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
АлгIилму фиссигъари каннакъши гIалал хIажар[1].
Жигар бахъе гьитIинго, нахъа кватIун кколелин,
Кодобе щун букIаго бище маххулъа жавгьар.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Керен ссун ракIалда тIад нуж лъезе чараанищ!
Чанха ватула вугев, хириял тIалибунал,[2]
Хирияб гIилмуялъул къимат лъалев багьадур.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Квер цIураб давла анищ дихъ нужой сарф[3] гьабизе!
Сахават квер гIатIилъи рищваталде буссараб,
Гьаб агьлу ссарваталъул[4] гъапуллъи бихьуларищ?

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Бихьуларищ гIибарат миату гIамилалъул[5].
Ва язидкум къувватан илла къувватикум[6] -ан,
Абун букIин гIеларищ гIамал гьаби тIалъизе.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Мун-щив чи вугониги гьидаят[7] тIалаб гьабун,
Ягьди ллагьу-Аллагьас – гьев чи тIовитIулила,
Фагьува-довги вуго мугьтадун-тIовитIарав чи.

ТIалабго гьабичIого гIилму къварагIарасда
ГIеч бортун бачIинегIан кIал гьакIкIан вукIа абе!

---

[1] ГьитIинго цIалараб гIилму - гамчIида бикIараб накъищ
[2] ГIилму тIалаб гьабулел лъимал
[3] Харж
[4] ГIемераб боцIул агьлу
[5] Байбихьуда малъулеб тIехьалъул рагIаби
[6] Аллагьас нужер къуваталде тIадеги нужее къуват цIикIкIизабила
[7] ВитIун ккей

Гьидаят тIалаб гьабун цохIо гали тIамуни,
РахIманасул гIавну[1] дуй кIицIул данде бачIина.

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Лъималда тIад хъвараб хатI нахъа гьабураб гIилму.
ГIолилаз тIолго дунял данде харцIананиги,
Хвараб балканлъун бихьа хIажаталдаса тIокIаб.

Дур гIилмуялде данде боссе хазина гьечIо,
Хиралъи данде цIани – боцIи-мал цIакъ тIутIаб жо.
Ман тIалаба ва жадда важада[2] хIадислъидал,
ХIалкIвараб къуват рехе рубгIул гIибадаталде.[3]

Гьай, гIисинал авладал, умумузул канлъаби,
Ахихъанас гъветI бацIцIун пихъал гIезе гьарула,
ГIи-боцIул агьлуялда чахъабазул мацI лъала,
МаллахIуназул[4] гIадин ралъдалъ хIал рекъоларо.

ХIаддадас[5] махх бухула, нажжарас[6] цIул буцIула,
Нийихъабазда гIадин гьацIул къимат лъаларо.
Къадахъанас гургинаб гьецIо бекун къед бала,
Гьакихъанасул рокьи гIарщ-кваралде букIуна.

ГIалимзабаз абуни жагьилал тIоритIула,
БитIараб нух манлъизе даллалаллъун[7] ратула,
Диналъул ахIкамазулъ[8] бичIчIи эздасан щола,
Суружуль умматияан[9] эл хIадисалъ бицуна.

---

[1] Кумек
[2] Щив чи вугониги жинца тIадчIун тIалаб гьабун - гьесда батила
[3] ГIибадаталъул бицунеб ункъил бутIаялде
[4] Гамихъабазул
[5] Маххул къебедас
[6] ЦIулал устарас
[7] Нух малъулевлъун
[8] ХIукмабазулъ
[9] Умматалъул чирхъал

Цинги цо мина базе дуца тIаде босани,
ТIоцебе, гьеб базе лъай, шартIлъиларищ масала.
Махщелго гьечIев дуца гьабураб хIалтIиялъул
БетIергьанчи разияб хIасилго бахъиладай?

Хъарщи-цIулги хвезабун, заманги гIадада ун,
Ужра-мухьги щвечIого чIорого ккелародай?
Дуего пайдаялъе гьабурабщинаб гъийин
Ургъалие батидал гIайиб лъиде рехилеб?

Халгьабе, лъимал, гьанже къол щуябго какалъул
Рукну шартI тIубайзабун тIад гьабун бугеб базе.
Гьелъулъ фарз суннат гьайат[1], гьендинго мубтIилатал[2]
ЛъайчIого бараб какил камиллъи букIинадай?

Рукну камизабуни, какил цIогьор лъугьунев,
Камил гьабун бачIони, нилъер гьурмалъ кьабулеб,
ЗайийагIака ллагьу кама зайийагIтани[3] абун,
Квешаб дугIа гьеб какалъ – барасеги гьабулеб.

Лъаларилан абизе гIузруги къваригIунеб,
ГIалимав валагьизе нилъедаги тIалъулеб,
ТIалъараб гьабичIони, фискъуялде[4] нилъ кколел,
Пасалъуда гIумру ун, гIазабалъе хIакълъулел.

ГIалимчи ХIабибу ллагь валав кана фасикъан[5]
Жагьилчи ГIадувву лагь валав кана гIабидан[6]

---

[1]Куц
[2] БатIул гьарулел жал
[3] Дуца дун гIадада хвезабурабго гIадин, Аллагьас мунги гIадада хвезавеги.
[4] ТIагIаталда рахъи
[5] Пасикъав вугониги, гIалимчи Аллагьасул вокьулев вуго.
[6] Жагьилчи-гIабид вугониги Аллагьасул тушман вуго.

“Бидаятул гьидаят” гьалъул шархIалда жаниб,
Нужедаги бихьилеб гьаб абиялъе гIилла.

ГIалимчи шайтIаналъе гуккизе захIмалъулев,
ГIилму гьечIев жагьилав нусго ГIабидасдаса.
ГIилмуялъул хиралъи гьелъул агьлуялъулги
Аллагьас Къуръаналда рехсон букIин гIеларищ.

ГIибадат била гIилмин кажавзин била луббин[1]
ГIаззу бинnаважизи къадара тIакъатикум[2]
Ва каза сайрул агIма ла яхлу мин афатин
Инлам якун къаидун лагьу фи тIарикъигьи[3]

СахIибу бильгIуламаъ тафузуна бильхайрат[4]
Ватруку агьладуння тафрахIуна филь ухра[5]
ФагIламу анна ддуня дарун ла дара лагьу[6]
Ва анна гьимматакум мукъаддаматуль ашяъ[7]

Ихдал бекьичIони хур хаслихъе лъилъуларо,
ХерлъанагIан гьотIода пихъ мукъсанаб бижула.
Макьилъ щвараб бечелъи ворчIидал тIаса уна,
Инсуца квараб квеналъ васасул жугI[8] унаро.

Жагьлуялдаса[9] кIудаб пакъирлъиги гьечIелъул
Ваффакъакумуллагьу фи динил исламият[10]

---

[1] ГIилму гьечIеб гIибадат жаниса гьодораб цIулакьо гIадаб жо буго.
[2] ХIал кIвараб куцалъ нужоца цабзаца ккве гIилму.
[3] Гьединго бещцав чиги, нухда гьев хадув цIалев чи гьечIони,
цо балагьалдаса ворчIун кколаро.
[4] Нужоца гIалимзабазулгун гьудуллъи гьабе, киналго лъикIлъабазда
кверщел батизе.
[5] Нужоца дунялалъул агьлуги рехон те, нуж ахираталда рохила.
[6] Нужодаги лъай — дунял ккола рукъ гьечIев чиясул рукъ
[7] Нужер кIварги сундасаго цебесеб букIин
[8] Ракъи
[9] Жагьиллъиялдаса
[10] Аллагьас нужое дин исламалъе тавфикъ кьейги

ИттибагӀу суннати[1] иманалъул камиллъи,
Аллагьас нуж гьареги агьлу суннатаздасан.

Анбияъ русулаца ирсалъе тараб гӀилму,
ТалихӀ кьурал гьеб босун Варисзаби[2] лъугьина.
Гьендинго Къарун, ФиргӀавн, Шаддадица ирсалъе
Нахъе тараб боцӀуца талихӀ къарав гуккила.

ГӀилмуялъ мун цӀунула бикьанагӀан цӀикӀкӀуна,
БоцӀи дуца хьихьула, кьунагӀан мукъсанлъула.
СахӀибул гӀилмуясе[3] цӀар, кӀодолъи букӀуна,
БоцӀул бетӀергьанасул цӀар бухлуялде[4] уна.

БоцӀи цӀогьорсдасан даим цӀунизе ккола,
Дур рекӀелъ бугеб гӀилму гӀадамас бикъуларо.
Къиямасеб къоялъги боцӀул хӀисаб гьабула,
СахӀибул гӀилмуясул шафагӀатал рукӀуна.

Алмалу яндарису бимурури ззамани[5]
ВалгӀилму билгӀакси ла яндарису абадан[6]
Алмалу якъсил къалба вальгӀилму юнаввиру[7]
Навваракуму ллагьу бинурил вахӀданият[8]

Гьай, гӀисинал авдал, умумузул канлъаби,
Кинниги гӀамал гьечӀеб гӀилмуялъул пайда щиб?

---

[1] Суннаталда нахъвилълъин
[2] Ирсилал
[3] ГӀилмуялъул бетӀергьанасе
[4] Бахиллъиялде
[5] ГӀилму — заман анагӀан тӀагӀула
[6] ГӀилму — кидаго тӀагӀуларо
[7] БоцӀуца ракӀ бицат гьабула, гӀилмуялъ, ракӀалде нур бала
[8] Аллагьас жив цо гьавиялъул нуралдалъун нужода нур байги

**Ашшаду ннаси гIазабан явмал къиямати**
**АлгIалиму лам янфагIгьу гIилмугьу аль хIадис[1].**

**ГIамал гьечIев гIалимчи тIад пихъго балареб гъвет.**
**Фааюю мунфагIатин мин шажар ин лам юсмар[2]**
**Амма самратул гIилми алгIамалу бигьийин[3]**
**ГIамал гьечIесул мисал доб гъветIалда релълъулеб.**

**ГIилмуялдалъун дунял, воре, тIалаб гьабуге,**
**ТIаде ккараб базаралъ нужго къун ратулелин.**
**Нуж жиндие рижараб нужеца тIалаб гьабе,**
**Нужее жиб бижараб жибго хадуб бачIина.**

**Жакъа нуж гIисин руго, гIумру бечедго буго,**
**ГIамал хъвалел кагътазул хъахIаб кьер хисун гьечIо.**
**Кирамул катибиназ[4] къалам хIадурун буго,**
**ХIаддуль булугъ[5] хал гьабун интизаралда[6] руго.**

**Аман, диргоги, анищ нужер гIадаб замана,**
**ГIилмуялде ракIги гъун гъурбаталда[7] вукIине,**
**Таклиф[8] тIалъун гъазават важибаблъун ккелелде,**
**Ккун чархида хвалченгун Хочбар кинниги чIезе.**

**ЧIаголъиялъул къимат хвечIого лъалеб гьечIо,**
**Херлъиялъул гIузраби гIисинго ричIчIуларо.**

---

**[1] Къиямасеб къоялъ бищун гIазаб кутакал чагIи — гIилмуялъ мунфагIат гьабичIел чагIи руго.**
**[2] Пихъ балареб гъотIол пайда щиб?**
**[3] ГIилмуялъул пихъги гьелда гIамал гьаби ккола**
**[4] ГIамал хъвалел малаикзабаз**
**[5] Балугълъиялъул гIурхъи**
**[6] Балагьун чIун**
**[7] Чияр ракьалда**
**[8] Балугълъун, гIибадат тIадаблъун ккелелде**

**Сахлъиялъул бечелъи унтичIесда лъаларо,**
**АгIмаясул[1] къварилъи канасда бихьуларо.**

**Бихьизе берцинаб пихъ цо-цо кьогIаб батула,**
**КьогIал дарабацаги кванирукъ сах гьабула,**
**ХочI-хабар гIемерасул рагIулъ жагъаллъи ккола,**
**Жавгьар къватIиб бахъулеб кIал-мацIалъ загьру тIола.**

**ГьитIинабаб кIитIун те, кIудиябаб лъабтIун те,**
**Тавбу-истигъфаралде даимго хIажалъи лъай.**
**ХIанчIилареб батилин, борохь лъороб тIамуге,**
**Божи гьечIев гьудулгун ургъел бикьун чучуге!**

**Усулал[2] рази гьаре, фуругIал[3] рохизаре,**
**Хъизангун мадугьаллъи къварилъизе биччаге,**
**Къварилъи-хIал щварасе хIалкIвараб кумек гьабе,**
**Каффаратул агIзаи[4] тIадаб букIин кIочонге.**

**ТIолабго умматалъе дугIа камизе тоге,**
**Диналъул вац-яцазулъ хIуснульхулкъ[5] берцин гьабе,**
**ХIеренго калам гьабе, гьуинго рагIи бице,**
**Башшашат[6] загьир гьабун, гьумер-кIал битIун вукIа.**

**ТIалиб[7] духъе вачIани, гьикъаралъе жаваб кье,**
**Гьев вати нигIматлъун ккун, щукру гIемераб гьабе,**
**ГIелмуялдаса чIухIун, саиль[8] хIакъирлъун вихьун**
**ХIалихьатаб напсалъе кIодолъи балагьуге.**

---

**[1] Бещдасул**
**[2] Умумал**
**[3] Лъимал**
**[4] Лугбузул кафарат**
**[5] Берцинаб тIабигIат**
**[6] Гьумер битIи (корши)**
**[7] ГIилму тIалаб гьабулев чи**
**[8] Гьикъулев чи**

**Лъаларебаб гьикъизе гIалим духъего щвани,**
**Щукру гьабе гьанжеги гьев вати ингIматлъун ккун.**
**Гьесдасан пайда босе, пахрулъи, чIухI нахъе чIвай,**
**ЧIухIиялъ гьалаглъараб иблис таззакур[1] гьабе,**

**Гьеб кIиябго хIалалъул щукру гьабе игIламу[2],**
**ГIаламатул мухлиси,[3] кьеги нужей каримас.**
**Куну мина ссаилин ин важадтум гIалиман[4]**
**Ва каза мин масъулин ин лакъитум тIалибан[5]**

**Босе нужеца давла кIиябгоги хIалалъулъ,**
**ХIасадчи ла ясуду,[6] кантIе нуж хабаралде.**
**Хирияб гIелму босе, гIадан ватIа гьавуге,**
**ГIамал мухлисиназул[7] кквезе хIаракат бахъе.**

**ХIалбихьизе гIалимгун, воре, гаргар гьабуге, –**
**Гьелдасаги цIакъ цIуне, цIакъго какараб бугин.**
**Бергьенлъи тIалаб гьабун дагIбадизе вахъунге,**
**Дуего къелги босун микъан вахъинчIого чIа.**

**Мекъса ккарав вацасул гъалатI битIизе гьабе,**
**БитIараб нухалде гьев тIовитIи мурад букIа,**
**ВагIза-насихIаталъе заман макан[8] агьлу лъай,**
**Агьлулъун мунго вукIин шартI букIинги кIочонге.**

---

[1] **РакIалде щвезабе**
[2] **Нужода лъай**
[3] **РакIкI бацIцIадав чиясул гIаламат**
[4] **ГIалимчи нужода ватани, гьесде цIехолеллъунги рукIа**
[5] **ГIилму тIалаб гьабулев чи ватани, гьесде цIехолеллъунги рукIа**
[6] **Ханлъун лъугьунаро**
[7] **БацIцIадго тIагIат гьабулел чагIазул**
[8] **БакI**

ТIарикъат агьлугиму ухувват[1] щула гьабе,
Гьезулъ махIаббат[2] рокьи филлагьи махIзан букIа.
МухIибина филлагьи[4] тIокIаб мурад гьечIого
Гьелда жалги хваразе хIисаб-суал гьечIебин.

Гьадинаб ухувватги бати надираб[5] буго
Кагъурабиль агIсами[6] хасго гьаб заманалда.
Акъаллу ма южаду фи ахири ззамани
Диргьамун хIалалун ва ахун юсакъу бигьи[7] (ХIадис)

Анбияъ русулазул[8] ирсалде хьул гьабурал
Гьал гIисинал авладал, Аллагь, Дуде аманат.
Исламияб нухкквезе кьучI лъолел тIалибинал[9]
ТIаде рахIматал риччан бечед гьаре, я ГIазиз.

ГIилму тIаса бищарал мутагIалимуназда,
ГIавнуялъул[10] рахсал райкъудраталъул[11] БетIергьан.
ТIагьаясул суннат кквей берцин бихьанщиназул
Гьев вихьулеб канлъи кьун керен, ракI гIатIид гьабе.

Гьезде гIилму манлъулел ГIолилазе тавфикъ кье,
ГIумругун ризкъиялда баракат лъезе гьабе,

---

[1] Вацлъи
[2] Рокьи
[3] ГIицIаго Аллагьасе гIололъун
[4] Аллагьасе гIоло цоцазе рокьулезе
[5] Нагагьаб
[6] Бохдул хъахIаб гьедагIанги
[7] Ахир заманалда батизе бищун захIматаб жо ккола хIалалаб диргьамги божизе бегьулев вацги (ХIадис).
[8] Аварагзаби - илчизабазул
[9] ГIилму тIалаб гьабулел
[10] Кумекалъул
[11] ХIалкIолъиялъул

**Кумекалъе ратарал тIолго диналъул вацал**
**Дунял-ахираталда рохел кьун рази гьаре.**

**Гьазие пайдаялъе гьабураб калам рикIкIун**
**Кинавго гIалимасе гIаднуялъуб[1] рукъ баги.**
**ГIилму тIалибиназе сарф[2] гьабураб боцIи-мал**
**ЦIаялдаса цIунизе пардаваллъун гьабеги.**

**Гьезий кумек гьабизе фурсат[3] рекъечIониги**
**РахIман, Дуда бихьула дир ракIалъул анищал.**
**Аллагь нийатул гIабди хайрун мин гIамалигьи[4]**
**ГIамалалдаса лъикIаб ниййатлъун хъвай анищал.**

**Аман, цо меседил гохI дун бетIергьанаб букIун**
**Гьал берзул канлъабазе кинабго бикьилаан.**
**Бокьарасе бокьараб дарс лъезе гьунар анищ**
**Гьал берзул канлъабазул курмул гIатIид гьаризе.**

**ГIелмуялъухъ рокьи ккун, живго чIового хутIун,**
**ЧIалгIарав мискинасул каламалде балагье.**
**Гьидаят[5] тIалаб гьабун, чорхол гьунар гIечIого**
**ГIажизлъарав пакъирас бицунеб жо бихьулищ?**

**Живгоги вагIзаялде хIажатавлъун вукIаго**
**КIалъазе нечонгутIи хал гьабе жагьлуялъул.**
**Жиндирго нафсалдаса чияда ирга щвечIес**
**Унго, балагье лъимал, гьабун тараб насихIат.**

---

[1] **Алжаналъул цIар**
[2] **Харж**
[3] **Рес**
[4] **Лагъасул ният гьесул гIамалалдаса лъикIаб буго**
[5] **ВитIун ккей**

**Аллагьумма гъфир ли ма ла агIламуна вала**
**Туахизни бима якъулуна важагIални хайран**
**Мимма язуннуна**
**АлхIамдулилагьи гIала ттавфикъи ва астагъфиру ллагьа мин кулли такъсирин**

************************************************************
*********************************************
**************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# ЛъикIлъигун тавбуялде ахIулеб назму

**РачIа, вацал, цIалдезин цIиял мадрасабазда,**
**ЦIияб гIумру гьабизин исламияб нухги ккун.**
**Адаб- хъатир манлъулеб, лъикIлъиялде рачунеб,**
**ЛъикIаз тIаса бищараб шаргIалъе мутIигIлъизин.**

**БатIулабгин хIакъалъе хIукму жинца къотIулеб,**
**Къуръаналда нахърилълъун иман таждид[1] гьабизин.**
**Исламалъул щуябго рукнуги тIаде босун,**
**ТIасан къалам цIан тезин атеистазул маргьу.**

**Иманалъул анлъабго рукнуги лъазе гьабун**
**РакIчIей щула гьабизин Аллагь цо вукIиналда.**
**Амру-нагьюги цIунун, бацIцIад гьабизин тIагIат –**
**ВацIцIадав Халикъасе хъублъи къабуллъуларин.**

---

**[1] ЦIи**

**Къол щуябго какги бан бусурбанлъи цIунизин,**
**БетIергьан разилъулеб гIамал гьабун хьвадизин,**
**ГIалимзабаз гьабулеб вагIза къабул гьабизин,**
**ГIумру бечед букIаго хазина нахъе лъезин.**

**Халкъалъул хириясул суннат чIаго гьабизин,**
**ЧIаго хварал ракIазе дару-сабаб цIехезин,**
**Диналъул агьлуялда ухувват[1] рагIизабун**
**Эзул къукъаялда гъорлъ мокъокъал гIадин чIезин.**

**Хирияв ХIабибуллагь хIакъав Расул вугилан**
**РакIалъ къабулги гьабун кIала нугIлъи гьабизин.**
**КIиябгоги шагьадат нугIзаллъун чIезе гьарун,**
**РачIа тавбу гьабизин гьанже киназго цадахъ.**

**Камилаб тавбу гьабун Аллагьасде вуссарав –**
**Мунагьго ккечIесдаса хириявилан буго.**
**Халикъасул гIафву цIоб цIакъго гIатIидаб буго,**
**ГIодун ракI бухIарасе рохел кIудияб буго.**

**Дунялалъул ханлъуда гIумру тIамунаниги,**
**ТIад бараб мусру гуреб босун цадахъ унаро.**
**Месед-гIарцул хазина нахъарокъоб лъуниги**
**Къоял тIагIун хадуса хайир элъ гьабуларо.**

**Ихтияр кодобе щун чIухIдае хьваданиги,**
**ЧIегIераб хобалъуве лъугьинчIого гIоларо.**
**ЛъикIаб гуреб гьалмагълъи кигIан гIемерлъаниги,**
**ГIизраил вачIун хадуб мунфагIат букIунаро.**

**ГIарац-месед бугони бичун боссе щолареб**
**Шибниги жо букIинчIо, намус-яхI хутIизегIан.**

---

**[1] Вацлъи**

Амма гьеб кIиябгони жавгьар-якъут букIана,
Жакъани азул къимат шагьиялде ккун буго.

ШаргIалъ рушватал роси хIарам гьабунаниги,
ГьабгIан хIалалаб боцIи хIакимзабазе гьечIо.
ХIилагин макру гьаби гьукъараб бугониги
ГьабгIан къимат бугеб жо азда жаниб хутIичIо.

Аллагьасул щцин бахъин щвеялда хIинкъичIого
Жакъаги коммунистал купруялда чIун руго,
ЧIаголъи тIаса ине къотIиго гьечIеб гIадин
Къосиналъул кутакалъ кантIулеб хIалго гьечIо.

ЧIагIдалъе гьоцIо тIуни тIолго мускир[1] лъугьуна,
ТIогьолъго гъая ккани гъойтIалда пихъ баларо.
Белъуд ккараб сакIалъ цIа цоцIул хъвайгун босула,
ЦIураб рагIалъ тIуниги лъим къабул гьабуларо.

ГIакъилас дин цIунула, ахIмакъас дунял ккола,
Дин гьечIеб гIумруялъе гIажал маслахIат буго.
Багъарараб гIусалъе сабаб гьецIалъ гьабула,
Гъафлаталъул[2] унтаби танбигьалъ[3] тIаса уна.

Аманат – ханлъи буго, хиянат лагълъи буго.
Бечелъи – ралъад буго, лъим лъаларев гъанкъулеб.
ГIумру – рии-их буго, дунял мазрагIат[4] буго,
Базру[5] бацIцIадаб хьарав бергьина хасалихъе.

Сонал хехго къокъула, къанун-закон сверула,
Къимат тIокIаб шаригIат аслуялда хутIула,

---

[1] Мехтел
[2] Гъапуллъиялъул
[3] КантIизариялъ
[4] Бекьулеб
[5] Хьон

**ГIасраби къец бан уна, къарнаби[1] хисардула,**
**Къуръаналъул аятал бакъ-моцI гIадин гвангъула.**

**Дунялалъул гIадатаз гIавамал[2] хадур цIала,**
**ГIилму-гIакълу тIокIлъараз ТIагьаясул нух ккола,**
**Басираталъул[3] агьлу суннаталда тIад чIола,**
**ЧIаго хварал ракIазул ургъалида рукIуна.**

**Дунял муъминчиясе туснахъин абун буго,**
**Гьелдаса тархъичIого хIурийййат[4] букIунаро.**
**Наяз хIанчIи хIехьарас хIалхьун гьоцIо бахъула,**
**ХIилла-макруялъул гьин рехарасда жемула.**

**Жаниса чарлъун хадуб чиясул пайда гьечIо,**
**Чохьол гьиммат[5] кIудияв гьелъул лагълъун хутIила.**
**Гьудуласул халгьабе гIадан лъазе бокьани,**
**ГIамал бихьун кье къимат рагIухъ балагьичIого.**

**ГIалимзаби халкъалъе нур кьолел чирхъал руго,**
**Чалу гьечIони гьелъги мунфагIат гьабуларо.**
**Нартилъ ччуйчIеб чалуги гIей гьабулеб жо гуро**
**Гьелъ рокъоб баканиги курмул сипизарула.**

**Канлъи цIикIкIун кьеялъе цIер лъейги рукну буго,**
**Кинниги бацIцIинчIони шартIги тIобан кколаро.**
**ТIолабго камиллъидал, канлъиялъ рукъ гвангъидал**
**Канлъи къабул гьабулел бераз пайда босула (фафгьам).**

**Зодоб къалъулъ бакъ буго, къаси сардилъ моцI буго,**
**ЦIваки канлъи-лъаялъулъ киналго бащад гьечIо.**

---

**[1] ГIасраби**
**[2] Жагьилал**
**[3] Нур бараб ракIалъул**
**[4] Эркенлъи**
**[5] КIвар**

**Кавнуялда[1] нур буго, дунялго къалъун буго,**
**НакIкIуца пардав гьабун бихьизе кIолеб гьечIо.**

**Бихьизе хIан букIуна, хIанчIидал гъойс батула,**
**ХIалбихьун тун гурони тату лъан бахъунаро,**
**Бицен кьара букIуна, кьейи хIалакъ батула,**
**Кьун хадуса гурони божи камиллъуларо.**

**БахIрун гIамикъалдасан[2] жавгьар-якъут бахъулез**
**Жинда кодоб щвечIелда инкар ккун бегьиларо.**
**БатIинияб[3] гIилмугун дагIбадулелщиназде**
**Щвезе ккела ракIалде Мусагун Хизрил къиса.**

**Къварилиялда хадуб гIатIилъи камуларо,**
**РагIал камураб майдан букIунарин абула.**
**Инша Аллагь, хьул буго РахIманасул цIобалде**
**РоцIараб зоб кинниги ислам бацIцIалъилебан.**

**Аллагь тун нахъияб жо паналъулеб бугелъул,**
**Панаяб дуниял тун диналдехун руссинин.**
**Дунялалъул боцIиги нахъе толеб жолъидал,**
**Цадахъ босулеб гIамал мугьмалго[4] тоге, вацал.**

**ТАММА**

*****************************************************************
********************************************************
**************************************************

---

[1] **ГIаламалда**
[2] **Гъваридаб ралъдалъа**
[3] **Балъгояб**
[4] **Бичча-бихъан**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Бакълъадерил мутагIилзаби телевизоралдасан рахъараб мехалъ гьабураб назму

**Алифалъул кьучIалда гIуцIараб передача**
**ГIолилал хадур цIазе макънатIислъун батаги.**
**Бакълъухъа гIинда чIвараб ахIулеб какил гьаракь**
**Ибрагьим Аварагас ахIаралда релълъаги.**

**ХIабиб вещцун цIалдарал лъималазул баракат**
**Киназего гIамлъаги Дагъистан икълималда.[1]**
**Къуръан-хIадисалдаса данде гьабураб вагIза**
**Дунял буголъанмехалъ нахъаса къотIугеги.**

**Исламалъул кьучIалда гIумру байбихьанщинал**
**Бахьи бугеллъун гьаре, гьардарав дир БетIергьан!**
**Гьидаят[2] тIалаб гьабун гIилму цIалулел васал**
**ГIирфаналъул[3] ишалда кIалчIвазе раче, Аллагь!**

**РагIарабищ ножода, умумузул канлъаби,**
**Нужго гIадал лъималаз ахIулеб какил гьаракь.**
**Бокьарабищха ножой къуръангин мавлидалъул**
**Берцинаб гьаракь-макъам, гьанжелъагIан рагIичIеб?**

**Лъимал, нуж хIайранлъичIищ бакълъадерил васазда**
**Расуласул сиярал[4] ахIизе ругьунлъарал.**

---

**[1] Улкаялда**
**[2] ВитIун ккей**
**[3] Аллагь лъай**
**[4] ГIумруялдаса харбал**

Инарелищха нужги мадрасалде цIализе,
Бусурбанаб диналъул давла ножойго щвезе.

Дунял-ахираталъул рохел жиндалъун бугеб,
Жигар гьабе, гIолилал, гIилму тIалаб гьабизе.
ГIумруялъул бечелъи къуваталда букIаго
Босе, лъимал, мунфагIат метер кватIун кколебин.

Киналго лъикIлъабазде нуцIа жинца рагьулел
Гьижаиял[1] хIарфазул хIикматал гIемерлъарал,
ХIарф рикIкIун цIаларасе анцI-анцI кириги хъвалеб,
ЦIаличIого рукIунге хиралъи тIокIаб Къуръан.

Киниялда байбихьун, лахIдуялъув инегIан
Аллагь лъай тIалаб гьаби тIалъула инсанасда.
ТIоцебесеб хIетI лъолеб тIалибиназул[2] макъам
ГIакъидат[3] щула гьаби шартIги буго элъие.

ШартI камураб гIибадат, ГIарасаталде щведал
ГIамиласул гьормада кьабулин хIадис буго.
Пасатаб гIибадаталъ гуккизе рукIинчIого
КIвараб щулалъи гьабе шаргIалъул усулазулъ.

Базар гьабулев чияс хайир тIаде бачIинги,
ТIаде кколеб букIинги батIа гьабизе ккела.
Гьединго хурухъанас мугь ракьулъе рехулеб
Ракьул хIалбихьичIони хIалхъин гIадада хола.

Дунял-ахираталъул хур бекьулеб бакIлъидал
ЛъикIаб ракь тIалаб гьабе, ТIалибиназу къокъа.

---

[1] Алфавиталъул
[2] ГIилму тIалаб гьабулезул
[3] РекIел чIей

ТIаде кколеб базаралъ гуккичIого рукIине
Гьаб кициги кIочонге умумузул батараб.

Биценалъухъ гIенеккун чиясе къимат кьоге,
Чанги кьер берцинаб пихъ къогIабги батулебин.
КьучI мекъса тIамун хадуб тIад балеб хъалаялъул,
ХъахIаб гIарцул баниги, ахир битIун кколаро.

Агьлу ссунат рекъараб гIакъидат цIуничIони,
ГIибадат гьабуниги, гьабаун мансур[1] буго.
Гьаб уммат нахъбилълъарал аиматазде[2] тIаде
КIанцIулел бугъбилъун нуж, воре, лъимал, рукIунге!

Гьезда хахдон къеч хьвачIел бачаллъун нуж ругони
Бичасул рахъалдасан рахIматгин цIоб рештIина,
ШаригIаталъул хIубал, ХIабибасул варисал[3] –
ХIакъал имамзабада тIад кIалъазе лъугьунге,

ТIарикъат агьлуялде инкаралдаги рукIун,
Мункаралда рекIарал нахъа гъоркье ртила.
Аиматалги какун ритIухълъи балагьарал
Ралъдал тIинде ртарал тIадего рахъинаро.

МутагIилум абураб цIаралъ гIей гьабуларин,
ЦIалараб гIилмуялда гIамал рекъезе гьабе.
ГIалимчи вахъунилан хъулухъ тIалаб гьабуге,
ТIаде жибго бачIани, къабул гьабун гурони.

РагIарабищ ножода, умумузул канлъаби,
Нужго гIадал лъималаз ахIулеб какил гьаракь?
Гьудуллъун кколе ножоца лъикIаб нухдасан унев
ЛъикIабщинаб гьуинлъун квешалъул кьогIлъи лъазе.

---

[1] Шущан араб хIур
[2] Имамзабазде
[3] Ирсилал

Квешаб нухдасан унел къол нухалъ рикIкIад гьаре,
Гьезул баркат гьечIолъи бихьчIого букIине.
БетIергьанас тIадкъараб къол щуябго как байги
Къо-сордоялда бацIцIун яхI бахъе лъазабизе.

Лъималазе гьабулеб исламияб тарбият
Умумул, ножодаги кIочене бегьуларо.
Бачидаго куцани оц лебалаб лъугьуна –
Амру нагьюги малъун куце гIисин рукIадго.

ГIадлу-низам букIуна, къанун-закон бахъула,
Къавмалъул церехъабаз хиса-баси гьабула,
Хисизабизе къуват къарнабазулъ[1] батичIеб,
Къуръаналъул хIукмаби киназулго нух ккола.

КквечIого чара гьечIеб халикъасул шаригIат
ТIанчIада манлъичIого рорчIуларо умумул.
Балугълъуде щвезегIан лъимал динална куци
Кинавниги чиясе фарзул гIайинлъун[2] буго.

ГIузруги тIаса индал, эркенлъиги бачIиндал
Лъимал жагьилго тоге, тIалихI кьеял умумул.
Туснахъги бихьун индал, нилъги къватIир рорчIидал
Къадирасе гьабулеб щукру букIине ккела.

Борхун эхеде тIилгун вехьас гьаракь гьабидал,
Бегьуларелъуб унеб хIайван нахъе буссуна,
ХIайваналдагIан гIакълу нилъелъ бугеб батани,
Къуръаналъул ахIуе жаваб кин гьабулареб!

РагIарабищ ножода умумузул канлъаби,
Нужго гIадал лъималаз ахIулеб какил гьаракь?

---

[1] ГIасрабазулъ
[2] Щивасда тIадаб налъи

**Гьез нуж ахIулел руго, хитIаб гьабулеб буго**
**ТIеялда хIинкъи гьечIеб хIаблу[1] кквезе рачIаян.**

**РачIа, лъимал, жаваб кье исламалъул гьаркьие,**
**Гьелъ ножор рекIелъ лъела лъикIабщинаб тIабигIат.**
**ТIуруге нуж гьелдаса, хIалбихьи гьабичIого,**
**Бихьун лъаралъул гIадаб натижат[2] букIунарин.**

**ГIарцул чунтби цIуразда бечедалин абуге,**
**Аллагь лъай цIикIкIун щварав бищун бечедав вугин**
**БоцIигун мал гьечIесде мискинавин ахIуге,**
**Иманалъулъ камилав кидаго мискинлъичIин.**

**Квер мекъаб агьлуялда, воре, нуж бахиллъуге,**
**Ахир гьезул кколеб бакI киназго халгьабун те,**
**Хвалде галаби лъурал бахIарзалилан ккоге,**
**БоцIухъ гIумру бичулев бахIарчи вукIунарин.**

**Чияр гъайиналдалъун дуниял гIуцIулелги**
**ГIакъилзабиян ккоге, ахIмакъаб агьлу буго,**
**ХIакъаб къабул гьабулеб къуватлъун бугеб гIакълу**
**Мекъаб нухда унезе сипатлъун букIунарин.**

**Ножор гIакълу жегиги жавгьар гIадин бугебин,**
**Жубазе тоге, лъимал, гьелда гъорлъе чороклъи.**
**Чорхолъ бессун хадуса унти батIалъуларин,**
**ЦIуне, лъимал, черхгун рухI хIарамабщиналдаса.**

**Байтул халаалъулъго[3] даимлъарав чиясда**
**Черхалъ босун ругьунлъун махI лъалареб кинниги.**

---

**[1] Рухьен**
**[2] ХIасил (пайда)**
**[3] ХIажатханалъув**

ХIарамгун шубгьаялъулъ[1] ччун рахъун гIумру арал
Умумазда пикраби хисизе кIолел гьечIо.

ГьоцIо тIолеб рагIалъе чIобоголъи шартIлъидал,
ЧIагIдал цIун бугониги тIасанги чвахулелъул.
Чорхолъ, бидулъ бессараб атеизмаялъул махI
РухIиял дарманазда бахъизе кIолеб гьечIо.

ЧIагIаялъ хъуб гьаричIел рацIцIадал рагIазухъе
Найил гьоцIо тIе, лъимал, тIасан чвахун инегIан,
Атеизмаялъулаб загьру гъорлъе жубачIеб
Гьекъезе тIалаб гьабе ТIагьал машрабалдаса.[2]

Хъалиян бухIиялде хIалалабин абуге,
ХIарамаб букIиналъе далилал[3] гIемер ругин;
ГIараб мацI кIалдиб бугеб ракI беццал жагьилзабаз
Жидейго батулеб нух, воре, хадур рилълъунге.

РахIманас умматалъе пайда бугебщиналъул
Щибниги АхIмадида малъичIеб жо хутIичIо.
ЛъикIлъиялъулаб асар танхьилъ букIарабани
Телаандай ХIабибас хIадисго бицинчIого.

ХIакъал хулафаязул ункъазгоги хIалтIичIеб,
Ункъабго мазгьабалъул имамзабазги цIачIеб,
Гьезда гьоркьор рахъарал, хадур рачIаралниги
ЧIахIиял гIарифуназ[4] кIалдибе гьеб босичIеб.

Гьединго инсанасул чорхол чIаголъиялъе
Зарал бугебщинаб жо шаргIалъ хIарам гьабулеб.

---

[1] Жубагъубараб
[2] Аварагасул ицалдаса
[3] ХIужжаби
[4] Аллагь лъалел гIадамаз

Гьелдаса заралияб загьру цойги букIинищ
Загьир гьабулелъул гьелъ бахчун бугеб рак унти.

Танхьил зарал лъаларев лъай гьечI мунго ватани,
Лъалел тохтурзабазда цIехе гьелъул хIакъикъат.
Лъан хадубги гьеб тезе гьунар дулъ батичIони,
Гьава-нафсалъул лагълъун хIалтIун гIумру инегIан.

ГIадада мал хвезаби халкъалъе хIарам буго,
ХIажат гьечIелъуб кьейги исраф гьаби рикIкIуна.
Гьедин хвезе гьабураб гьаб боцIигин малалъул
Метер ГIарасаталда жабав кьезеги ккола.

Вакъани квен кванала, къечани лъим гьекъола,
Къуръангин хIадис цIалун гIилму тIалаб гьабила,
Ла иллагь зикру бачун, Аллагь рехсон вукIина,
Истигъфар свалат битIун тавбу тIалаб гьабила.

Танхьиде ургъел бикьун ракIгъей гьабулелщинал,
Щибжо тIалаб гьабулел чагIилъун гьел рикIкIинел?
Гьел рикIкIине ккелаха лъималгун хъизамалъул
КIалдиса бахъун гIарац гIурулъе балел чагIи.

ГIарифуназда аскIоб инсан Аллагьасдаса
Гъафул гьабулебщинаб хIарамаблъун букIуна.
ХIакълъунго БетIергьанги тIад валагьун вукIадго
Гьевги тун танхьидехун ракIгъей киндай букIина?

Карагьатаб бугилан танхьиде абуларев
Умматалда жанивго факъигьги[1] ватиларо,
ТахIримияб карагьат[2] – гьеб бугеб хIакъаблъидал
Гьебги баян гьабизин, гIинтIаме кинацаго:

---

[1] ГIалимго
[2] ХIарамлъиялде унеб

Цого карагьатаб жо лъабцIул такрар гьабуни,
Цо гьитIинаб мунагьлъун гьеб сверулеб лъай дуда.
Лъабго гьитIинаб мунагь тIатIалаго гьабуни,
Гьебги сверулеб дуе цо кIудаб мунагьалде.

Гьанже дуца шот рехе щибаб сордо-къоялъе
Гьоркьохъеб къагIидалда чан хъалиян бухIулеб,
БухIанщинаб хъалиян бикье дуца лъабиде
Гьеб бикьун щвараб тарих гьитIинаб мунагь ккола.

Гьебги лъабиде бикьун щвараб тарих абуни,
Эб ккола кIудаб мунагь, гьабизин гьанже хIисаб.
Масала, сордо-къоялъ къого хъалиян цIани,
Лъабидеги бикьани, анлъго гьитIинаб мунагь.

Анлъго гьитIинаб мунагь лъабгоялде бикьани,
КIиго кIудияб мунагь сордо-къоялъе ккола,
Къогин моцIалда жаниб лъеберго букIунелъул
КIицIул лъеберго мунагь щибаб моцIий букIуна.

АнцIила кIиябго моцI лъабкъойилъ цIикIкIинабун
Анкьнусиялда къого кIудияб мунагь ккола.
Гьалеха, хъалиянчи лъагIалил ахиралда
Бищун дагьаб дуй щолеб давла хъалияналъул.

Гьеб хъалиянги течIев, тавбу гьечIого хварав
Хабалъ лахIдуялъув лъун рекъезе гьавулелъул,
Гьумер къиблаялдехун буссун чIезе гьабизе
КIвечIилан бицунебги рагIана сукъатаца.[1]

РухIбахъулев чиясда вас-вац вугонаниги,
АскIов хъалиян цIалев чи тогеян абула.

---

[1] Божарал чагIаз

**Эбел-яс йигониги, расгин бох-квачI баккарал -**
**Гьелги къватIире гьеян тIадкъала гIарифуназ[1]!**

**Рехсараб сипаталъул руччабигун бихьинал**
**РухI бахъулесда аскIор чIунгутIиялъул хIикмат –**
**РахIматалъул малайкал гьенире рештIунаро,**
**Гьев чи мекъса ккеялда хIинкъиги цIакъ букIуна.**

**Цинги хвалида варав хъалиянчи вугони,**
**Хъамилев щив аскIоса эсде рахIмат рештIине?**
**ЛахIдуялъув лъолевлъул къиблаялдехун вуссун**
**ЧIоларевлъун вукIине гьев сунца нахъе чIвалев?**

**Гьабе нужоца тавбу тамахьу цIаялдасан,**
**Тавбуялъ чурулареб мунагь букIунаребин.**
**Те какарал пишаби къо радалго букIадго,**
**Къасиялде тIамуни кватIун ккезе бегьулин.**

**Босе нужеца давла гIумрудул къояздасан,**
**ГIадада риччан тоге рикIкIун кьурал хIухьелал.**
**ХIабиб далиллъун гьавун Аллагь лъай тIалаб гьабе,**
**Гьелъул гурони нилъей хвасарлъи букIунарин.**

**Халкъ бижарав, БетIергьан, нижер жагьиллъиялда**
**ЧIового тIаса лъугьун, Мун лъай ризкъилъун гьабе,**
**Мунагь-хатIабаздаса тавбу гьабизе манлъун**
**Гьидаяталъул нухде баче загIипаб уммат!**

**АМИН**

******************************************************
*********************************************
***************************************

**[1] Аллагь лъалел вализабаз**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ЧIикIаб росу лъелъ тIерхьиндал гьабураб

АлхIамду лиллагь щукру, щибаб рец Аллагьасе
Иманалда тIоритIун тIокI гьарун нилъ рижиндал.
Даимаб свалат салам Аварагасде буго (ж.с.с.лъ.)
Исламияб дин босун Расуллъун жив витIарав.

Гьанже бицинин хабар, халгьабе, диналъул вац,
Дур хитIабалъе жаваб жакъа дида тIалъанин,
ТIерхьунеб росуялъул сиярал[1] дихъе щведал
Сарин гьабун ахIанин ибтидаалда[2] кьо лъун.

Инсанасул хIетI бакIлъун хIал хисичIеб гIурул кьо,
ТIокIаб дуда берчIвараб бачIинаро замана.
Залимал карачелаз квегъичIеб дур кIамури
БукIа абе тIинулъун тIад чIараб лъел хIорие.

БухIараб роол къоялъ бакъалде анищ кколеб
КъулгIаялъул гьогьмаде гьанже нилъ руссинаро,
Росабаз бицалъ ккураб берцинаб лъел чвалчвали
Чиярлъана нилъее гьанжеялдаса нахъе.

Сверун щобаз чалма къан щулалъараб мадинат,[3]
Щвеларо дур къватIазде тIокIаб чIикIасезул бер.
ЧIухIдай васал руссунеб Мисриялъул годекIан
Гамул чIолеб портилан тела гьанжеялдаса.

---

[1] Баянал (харбал)
[2] Байбихьуда
[3] Шагьар

**Жиндир бижин хирияб Халикъасул рукъалъул**
**Къедниги цебе анищ ислам ракIалде щвезе,**
**ШаргIияв будун вахъун салахI гъабичIониги,**
**ХутIарабанищ чIаго ЧIикIасезул минара.**

**Умумузул гIетIуца ракь буцараб тIад магъилъ**
**ТIокIаб гъотIол пихъ кванан кеп щвеларо гIанчIазе,**
**ГIолилазул квердалъун куракул пихъ барщараб**
**Босиларо тIокIаб пихъ росдал авлахъалдаса.**

**Сардил бецIлъи тIатуна тIад чIараб моцI тIерхьиндал,**
**Хьухь букIана росдае сухъмахъазул къварилъи,**
**Къалъул гвангъи дагьлъула дунялалда накIкI лъедал,**
**Диналъул нур тIерхьана тIад хIорил лъим бегидал.**

**Дунялалъул гьава-бакъ гьородалъун хисула,**
**Гьава-нафсалъул амру иманалъ нахъе чIвала,**
**ЧIагIа гьекъон мехтарав хекко вигьун вихьула,**
**ХинкIал цIикIкIун гьаглъарав лъавудего щоларо.**

**Шавкат[1] тIаде бачIиналъ ЧIикIаб росу гъанкъидал**
**ГIакълу-тадбир жибго тун нужгойищ къватIир арал?**
**Къимат жавгьарул гIадаб магIарул гIадаталда**
**ГIор бахине хIалкIвечIеб хIисаб буго рагIулеб.**

**ХIаяъ[2] бичун босараб истилний модаялъул**
**Сси лъугьараб куц буго бицадухъ балагьидал.**
**Адабалъухъ хисараб нисаазул[3] ихтияр**
**Авлахъалъул гIеблъухъе гIун бачIунебищ бугеб?**

**Барка нужой, жамагIат, гIолилаз ккураб росу,**
**Сахлъи нужой, чIикIасел, цIияб дунял гIуцIизе.**

---

**[1] Къуват**
**[2] Нич**
**[3] Руччабазул**

ГIумру кьеги эркенаб, ургъел балагь гъорлъ гьечIеб,
ЧIаго таге ругелъур рохалида даимго.

ХIорил тIинда хутIарал хварал нужор умумул
Жаннатул БакъигIалде накълу гьарун ратаги.
Къилбаралъул щоб тIерхьун пашманлъарал рухIазе
ХIурулгIинзаби рачIун къачIан ратаги хобал.

Хирияв ХIабибасул ХIавзалдаса бутIалъун
Бадаллъаги[1] хIорил лъим хIал щварал арвахIазе.[2]
Зиярат тIаса къотIун къварилъараб Макъбурат.[3]
Къадирасул рахIму щун рахIматалъулъ тIерхьаги.

ТIолго гIалам хIайранаб махIшаралъул къояца
ХIинкъи тIаса босизе сабаблъаги мусибат,[4]
Бакъул бухIи бергьараб ГIарасат майданалда
ГIаршалъул рагIадлъаги гIор къан лъугьараб бахIру.[5]

Воре, хивал квешлъуге хабзалал тIерхьунилан,
Хваралгин чIагоязул Халикъ цохIо вугевин.
Цинги амру тIамун те тIолгоязул ханасаде,
Халкъалъул тадбиралда дов нахъгIунтIарав вугин.

ГIазабалъе хIакълъарав лагълъун дун ватанани,
Гъансинив лъун таниги телищ Мункар-Накирас?
Месед-гIарцул рукъги бан вукъа-вухьун лъуниги
ЖужахIалъул цIедаса цIунилищ РахIман гурес?

---

[1] Хисун щваги
[2] РухIазе
[3] Хобал ругеб бакI
[4] Балагь
[5] Ралъад

ЛавхIалда къарарлъарал Къадирасул хIукмаби
КигIан нилъ гIоданиги гIадамас хисиларо,
Азалалда тIубараб гIилму-лъаялъул хIикмат
ХIакъав БетIергьанасда жиндаго хасаб буго.

ТАММА

*******************************************

************************************

*****************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Хирияб инсул росу басралъиялъул къисса

Гьанже фатихIа тIаме тIолго жамагIатчагIаз
ТIаде щвараб къварилъи Къадирасдеги тIамун,
Къадаралда разилъи иманалъул шартIлъидал
Щукру бацIцIадаб гьабе гьанже, тIолго ихванал.[1]

Архивалда хъвараб цIар цIунун теянги абе
ЦIар бугел бахIарзазул хIисаб кIочон гутIизе.
ХIакъал вализабазде зияраталги гьарун
Заназда убач гьабе, анир хутIула ругел.

Хирияб инсул росу басралъиялъул къисса
Къалмица хъинтIун тезин памятлъун жиб букIине.
Жанив Малик[2] гьечIого чIороголъун хутIидал
Хараблъарал[3] чIвадазде чIегIербан хъвазин кагъат.

[1] Вацал
[2] БетIергьан
[3] ЧIунтарал

Кинабго гІаламалъул гІакълу-тадбир биххидал
Боржалалде щвелдего щущан ана жамагІат.
Жанисан най тІурараб тІаладул мисалалда
Басрияб ЧІикІабилан чІалгІараб цІарги тана.

ЦІи бараб росуялъухъ басрияб чІвад кьоларел,
ЧІикІасезул кІалгІаби гІайибгури чІунтизе.
ЧІалу-рахиги бахъун нахъе хутІарал къадал
Рагъуца хвезарурал хабзалада релълъуна.

Хер бижарал къватІазул тІубан пикру гьабуни
Гьаб дуниял паналъи лъайзе гІаламат буго.
ГІантІа тІураб сардида сас къотІичІеб годекІан
КІалъазе чи тІагІараб гІалахалда релълъуна.

ГІолохъаби руссунеб сиялъул ракьан кквезе
Саяхъаб чІегІерхІайван бачІуна цо-цо мехалъ,
Херазул жамгІийййаталъ[1] жаниб как балеб къулгІа
КъанагІатал чагІигун чучардула мех-мехалъ.

Рузман-хамиз халгьабун хириял сардал рикІкІун,
Хваразе салам кьолел рикь-рикьана бакІ-бакІалъ.
БетІер гьечІеб боялъул къагІида холеб гІадин,
ГІадлу-низам тІагІана тІолго агьалиялъул.[2]

Мадугьал кІочон тана, тухум-кьибил биххана,
Хириял ричІалъана, рес къотІи гІемерлъана,
ГІагарлъи бикь-бикьана, рокьарал ратІалъана,
Рес рекъараб бакІалда рукІун тІаса бищана.

Бищун кІудаб къварилъи – къо бачІараб бакІалда
КъварагІил тІубалев чи чан ватулев гІагарлъухъ.

---

[1] Дандеялъ
[2] Агълуялъул гІадамазул

**Росдае тамадаги, мавт[1] борхизе дибирги**
**Дунялалъул гьаб рокъор къвараг1унел чилъидал.**

**Чанги анищ гьабила гьанже нилъеца росдахъ**
**Нахъа рукъзал чIахIиял, чIалда хьалбал рицатаб.**
**Бицун хIалго кIвеладай хIалалаб касбуялъул[2]**
**Кверзул гъиийин къиматаб, рокъоб яшав гIадатаб.**

**ГIарац-меседги бухун авлахъалда таниги**
**ВатIанлъун кколеб гьечIо ЧIикIаб росу гуреб бакI.**
**ЧIаго шаддадил ирам кодобе щвананиги**
**Щибго ракI сасунаро инсул милк-ракь гьечIелъуб.**

**ЧIегIер заз къотIаниги къватIибе нах кIанцIулеб,**
**КIи гамачI бsecurities**

**Роол бакъ хинлъаниги хасало квач хъвалареб**
**Кида цебеса инеб умумузул къварилъи.**

**БухIулеб цIул гьарзаяб, гьекъолеб лъим чамгIалаб,**
**Чумчица нах буххулеб балъгояб магIдан бугеб,**
**МугIрузда мугъ тункараб, тузалда керен цураб**
**Кида цебеса инеб умумузул къварилъи.**

**КъвакIараб тIалуялда тIад гьанал махI бахъараб,**
**НахъбакIазе хъухъари рехъабаца бикьараб,**
**Хъутаби харил цIураб, харил бакI тIогьол цIураб**
**ЦIарни дур киса холеб, Салатуялъ ахIараб.**

**Адаб-хъатир берцинаб, бицадулъ цебе ккураб,**
**Берцинго кIалъарасе кIал гьоцIогIан гьуинаб,**
**Гьобол кIодо гьавулеб, гьарараб нахъчIвалареб**
**ЧIикIаб росу, дур гIадат гIурулъгодай хутIила?**

---

[1] **Хвел**
[2] **БетIербахъи**

ГIадан вихьун кверчIвалеб, кутак бихьун зарчIвалеб,
ЧIухIун тIаде вачIарав чIового витIулареб,
ЧIикIаб росу, дур гIадат гIадамазда цIакъ лъала,
ГIайиб гьечIо гьанжени гьедин мун хутIиялда.

Хваразги чIегIербала чIунтунго мун хутIани,
ЧIагоялги гIодила гIурулъе мун тIерхьани.
ГIалимзаби гIакъилаб гIакълучагIи камилаб
Баркаталъул хIор тIуни хIабургъина жамагIат.

Жагьлуялда куркьбал гъун, купруялда хIатIал гъун
ХIакъирлъун хутIичIони хирияб динул ислам.
Дунялалъул рукъ гIуцIун, гIамал квешалде сверун
ГIумруго ун ккечIони иблисалъул нухалда.

Цо рижунел, цо холел, хваразул сас къотIулеб
Сиррияб[1] хIикмат буго ХIакимасул ишалъулъ.
Цо цIилъидал цо чIунтун, чIаголъи хисардулеб
Хадув чи гIунтIулареб гIелму буго Бичасул.

Росу тун къватIир гочи къварилъиянги гуро,
Къварилъарал чучизе бичулеб гарацI буго.
Къадирасул хIукмаби хIалай бакIлъунги гуро,
ХIакъикъат лъан букIине лъутIараб назму буго.

ТIолго гIалам бижарав Аллагьасе рецц буго,
Эс къадарлъун хъвачIеб жо гьечIелъул лъугьунеб.
Гьелда разилъи тIадал тIолгоял нилъги руго,
ТIадалъе квербакъиги Къадирасдасан буго.

*****************************************

**********************

*********

[1] Бальгонб

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ЧIухIарал гIадамазде

Зурмида кIатIахI гьечIев, къолода махал райчIев
ЧIикIасезул ашрафал[1] дир берталъе рачIинищ?
Дунялалъул бокIназда хIирсалъул[2] рахсал рараз
Накъшубандил тIарикъат тIаде кинан босулеб.

ТIахьал гIемер цIаличIев, гIилму дагь гуреб щвечIев
Дун гIадав чIинкIиласда гIалимзаби сасинищ.
Расмиял акъвалаца[3] гуккараб агьлуялда
Аллагь лъай тIалаб гьаби лъалеб гьечIо парз букIин.

Гьава-нафсалъ квегъарал ахIмакъал гIадамазулъ
ГIакълу лъезе кIолев чи Аллагь гурони гьечIо.
Агьлуллагьазул сайру[4] сурун бихьараб унтуй
Тохтурасул даруялъ асарги гьабуларо.

Диналъе тавфикъ кьечIел чIухIарал жагьилзабаз
Зоб-ракьалъ хIехьеларо дида лъурал бугьтанал.
Диналъул вацалилан цIар бугел гIажамияз
ГIемераб гьан кванана дун - пакъирав лагъасул.

ХIасадалъул агьлуялъ диде гIунтIизарурал,
МугIрул-щобал гIодила, гIайибазул бицани.
ГIайибалдаса хIинкъун тIурун гIумру арав дун
Унго, гьал чIикIасеца чIамурав куц пицIие.

Диде инкар гьабурал корал муридзабазда
Квер тIаса босун танин, рукIа абе парахат.

---

[1] ЧIахIиял
[2] Хьулазул
[3] Загьирал рагIабаца
[4] Аллагьасул агьлуялъул хьвади

Аллагьасда цере чIун хIисаб гьабулеб къоялъ
КъачIан те жавабалги, жакъа бицун гIоларин.

ГIалим дун гьечIониги гьел рокьулевлъун гьави –
ГьебгIан кIудияб рахIмат РахIманас дие кьечIо.
Рокьаралгун рахъунин хIадисалда бугелъул,
Иншааллагь, хьул буго элгун цадахъ вахъине.

Гьезда речIчIарал чIораз руматал[1] жалго чIвалин,
ЧIорбутIиниги щула ккве щвезе гурин дудаго.
Дида хеч тунканиги унти дозде бахунин,
Авлияал[2] жалго те нажат[3] бокьун батани.

Аб дунялалъул къоял къокъго унел жал руго,
Ахираб хIухьелалда ритIун ккезе гьареги!
РитIаралги тIекъалги халкъалда лъайчIониги
Лъалев Аллагь вугелъул, алхIамду лиллагь шукру.

Диени ургъел гьечIо гъогъоца чIвананиги,
Гъафлаталъ[4] мехтаразда ракI бухIун гуребани.
Рахьдада гIайибги чIван чIагIдае къимат кьолел
АхIмакъал гIадамазда гьабилесеб дарман щиб?

Дунни тIаса лъугьана тIолго умматалдаса
Дунялалъул боцIи-мал дир кванан батанани.
Дида барабщинаб гъвел, гьабураб гъибат-бугьтан,
Гьелдаса тавбу гьаби ножойги насиблъаги.

ТАММА

*******************************************************
************************************************

---

[1] РечIчIарал
[2] Вализаби
[3] Хвасарлъи
[4] Гъапуллъиялъ

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ЛъикIаб хьвада-чIвадиялде ахIулеб назму

Гьанже гIоде, гIуйунал,[1] гIазабалъе хIакълъараб
ХIалихьатаб нафсалъул сурукъал пишабазухъ,
Ссуде гьанже, гъафлатаз мехтун гIодоб ккараб ракI,
ГIадада рорчIун арал къоязул багьаялъухъ.

Гьабе гьанже рибизи мунагьаз цIураб черхалъ,
Чан хIукъукъал тIадги тун тавбуялде буссараб.
Тавбату ннасухIилан[2] насс[3] бугеб доб истигъфар[4]
Астагъфиру ллагь абун, тIаса кколищ, хал гьабе.

Гьидаяталъул мифтахI[5] жугьд[6] букIинлъан батани,
Жигар кин гьабулареб гьаваялда тIил базе.
ТIагIат хазина букIин дуда бичIчIун батани
ЧIолев щай мун гIадада гIибадат гьабичIого?

ГIамалазул хирияб даим гьабулеблъидал,
Дуеги мех щун гьечIищ вазаифал[7] цIунизе.
Анивго тунгутIиги щаклъи гьечIеб жолъидал,
Щай пикру гьабулареб инев вугеб бакIалъул?

Аб дунялалъул мисал гьалагаб ралъдаллъидал,
Гьелдаса хвасарлъулел хаслатал[8] щай кколарел?

---

[1] Берал
[2] БацIцIадаб тавбу
[3] Баянго бицараб
[4] Мунагьал чури тIалаб гьаби
[5] ВитIункkеялъул кIул
[6] ЦIакъ бахъи
[7] ТIадал жал
[8] Пишаби

**ШайтӀан нафсалъулгун рагъ жигьадун акбарлъидал[1],**
**Эб тун тӀалаб гьабизе тӀалъулеб жо щиб дуда?**

**Дур аб ракӀалъул мисал Мисриялъул[2] букӀин лъай**
**КӀиго цоцалъ багъулеб боялда гьоркьоб ккараб.**
**Гьеб кӀиябгоги боялъ цоцахъа бахъи гьабун**
**Бергьараз къурал хъами нахъаса къотӀи гьечӀеб.**

**Гьанже мун гъапуллъидал, Аллагь рекӀелъа индал,**
**Иблисазул боялъул къуват кутаклъулила,**
**Киназго гьужум гьабун ракӀ кверде босулила,**
**Мисриялда тавлият[3] тушманас гьабулила.**

**Гьениб жаниб букӀараб малайкзабазул боги**
**БецӀлъи тӀаде бачӀиндал тӀурулила къватӀибе.**
**ТӀанчӀи рахъун, ханал лъун Халикъ[4] балагьулеб ракӀ**
**Хвараб балкан кинниги гьез чорок гьабулила.**

**Гьеб хӀалалъулъ мун кантӀун хӀузуралде[5] вачӀиндал**
**ХӀалхьун малаликзабаз кутакаб рагъ лъолила,**
**Лъай-гӀакълуялдаса ун иблисал тӀурулила,**
**Аслияб иманалда ракӀ парахлъулила.**

**Лъазе ккеларищ дуда ракӀ лугбазул вехь букӀин,**
**Вехьасул гӀадлуялда гӀиял низам бан букӀин,**
**ГӀадлу гьечӀев ханасул рагӀият[6] пасатлъун ин,**
**Умумузул адаб тун хьвадизе бегьунгутӀи.**

**Гьал беразул канлъи дуй кив валагьизе кьураб? –**
**Киналго Аллагьасул гӀажаибал рихьизе;**

---

**[1] Бищун кӀудияб гъазават**
**[2] Шагьаралъул**
**[3] Шагьаралда ханлъи**
**[4] Халкъ бижарав**
**[5] Аллагь ракӀалде щвей**
**[6] Квершаликь бугеб халкъ**

**Зобал ракьазул рижин жаниб бугеб тIабигIат**
**ТIолалъулго халгьабун Халикъ ракIалде щвезе,**

**Къуръан-хIадисги бихьун хIакъаб дуда бичIчIизе,**
**ХIабибасул шаргIалда витIун мунги хьвадизе,**
**Пахь-маххалда гьоркьоса жавгьар дуца бищизе,**
**Ширкалдаса[1] вацIцIадав лагълъун мунги лъугьине.**

**Гьал пайдабазе гIоло дуе кьураб канлъигун**
**Квешлъи-хIарамалдехун назрат[2] дуй загьру буго,**
**Анназру сагьмун мин сигъами иблис[3] абураб**
**Аварагасул хIадис элъие далил[4] буго.**

**Аб кIиябго гIиналъул хIавасалдасан[5] мурад**
**ХIакъаб дуда рагIийин Къуръан-хIадисалдасан.**
**Варасатул анбияъ гIуламаал[6] ругелъул**
**ГIинлъун эздасан дуца пайда тIалаб гьабизе.**

**Дунял-ахираталъе пайда гьечIел харбазул**
**Хайирго букIунареб бицунев мухбирасе.**
**Муст амигIги мухбирги[7] мунагьалъулъ барщалъи**
**Бицун гьечIищ тIахьада ТIагьаясул хIадисалъ.**

**ХIисаб кин гьабулареб гьаб кIиябго квералъул,**
**Гьездалъун дуе бугеб пашманлъи-рохелалъул,**
**Рижиналдаса мурад – садакъа-Хайрат кьейи,**
**Къуръан-хIадис, гIилму хъвай гIадамазе квербакъи,**

---

**[1] Аллагь тун батIияб жоялъе лагълъи гьаби**
**[2] Балагьи**
**[3] Балагьи иблисалъул загьруял чIораздаса цо чIор ккола**
**[4] ХIужжа**
**[5] РагIиялда**
**[6] Аварагзабазул ирсилал гIалимзаби**
**[7] ГIенеккаравги бицаравги**

МагIишат-яшавалъе хIалалаб касбу[1] гьаби,
ГьечIого чара гьечIел умуразда[2] квалквади;
Каффаратул ядайни[3] гьелдалъун тIубалин дур,
ТIаде гьабун щиналъул жаваб кьезе хIадурлъи.

ХIатIал рижиналдаса мурад щибан гьикъани –
Гьидаят[4] тIалаб гьабун тIоцебе сапар бухьин,
Фарзул гIайин[5] лъун бугеб гIилмуги дуй баянлъун
БетIергьан разилъулеб гIамалгун мун хьвадизе;

ГIалимзабазухъе ун лъалареб жо гьикъизе,
Гьез малъарабги гьабун дур ишги битIун ккезе,
Аллагьасул рукъги лъан масжидалъув хьвадизе,
Гьениб жамагIаталъул кириги дуе щвезе;

ШуфагIаалги[6] цIехон баркат тIалаб гьабизе,
ТIагьал хулафаалгун ижтимагI[7] дур тIобайзе,
ТIарикъаталъул муршидваситIалъунги[8] гьавун,
Гьесул назраталда[9] гьоркь дур матIлубги[10] тIобайзе;

Диналъул вацалазде зиятаралъ мун ине,
Эбел-инсуде тIаде таслияталъ[11] вахъине,
Унтун гIажизлъаразда вихьизе мун ваккизе
Берцинаб рагIи бицун эзул ракI лъикI гьабизе;

---

[1] БетIербахъи
[2] Ишазда
[3] КIиябго кверзул мунагь бацIцIулеб жо
[4] ВитIун ккей
[5] Щивасда тIадаб парз
[6] ШафагIат тIалаб гьабулел чагIи
[7] Устарзабигун данделъи
[8] Гьоркьохъанлъун
[9] Балагьиялда
[10] Мурад
[11] РекIел чIеялъе

**Аллагьасул къотIи щун къадаралде ккарав чи**
**Вукъизе мунгоги ун, къачIан хIадур вукIине,**
**Дунял тун къокъун унев диналъул вацги вихьун**
**Дурго факъирлъиялъул фикруялде вуссине;**

**Салам кьун хваралазде зияраталъ мун ине,**
**Эзул мунагьал чури дуца тIалаб гьабизе,**
**Гьелги жакъа дун гIадин сон чIаго рукIанилан,**
**ЧIаголъи тIаса ийин дур ракIалдеги щвезе;**

**Дунги метер гьал гIадин гьаниве къокъулилан**
**Къваридаб лахIдуялъул хIисаб дуца гьабизе,**
**Гьабураб гIамал гуреб гьазги цадахъ инчIилан**
**Абадияб рукъалъе къай дуцаги гIуцIизе;**

**КъваригIел, хIажат ккараб хIалалаб сапар гьабун**
**ХIаваижал[1] тIуразе мун къватIиве вахъине,**
**Къутул балад[2] хал гьабун хъизам дуца хьихьизе,**
**Дуда тIадаб муанат[3] эзий дуцаги кьезе.**

**Аб дур чехь вигIаъ[4] буго, чIобого бегьуларо,**
**ЧIагояв инсанлъидал, кваначIого гIоларо,**
**ГIибадат-тIагIаталъе вижарав лагъ мун вуго,**
**Гьелъий квербакъиялъе кванай гIибадат буго.**

**Тараффугь[5] -тIалабалде тIокIаб нигIмат куйналде**
**ТIолго гьимат[6] босани гьабизин цо дур къимат –**
**КъвачIинебе ххалелъул ургъел рекIелъ къарасул**
**КъватIибе бачIунелда багьа бащалъун буго.**

---

**[1] ХIажатал**
**[2] Шагьаралъул бетIербахъи**
**[3] ХIажалъи**
**[4] КъвачIа**
**[5] ГIатIилъи, лазат**
**[6] Пикру**

Шубгьа[1] хIарамалдаса бацIцIадаб кванил цIураб
БатIнугIан[2] Халикъасда рихараб жавф[3] гьечIила,
Гьелда жаниб хIарамаб лукъма кванил букIаго
Къабуллъулеб гьечIо как, кигIан дуца баниги.

Кинабго лъияб гIамал хIалалаб ризкъиялъул
Натижатилан[4] абун бицараб хIадис буго,
ХIалалаб квеналъ гIорцIи кинабго квешлъиялъул
Аслу бугин ахIдолеб "ИхIяъги"[5] цебе буго.

Аза-азарго диргьам садакъа кьеялдаса
ЦохIо щубгьаяб диргьам нахъчIвай хирияб буго,
Халикъасе гьеб бокьи кьучI гьечIеб накълу гуро,–
АннасаихIу динийййату гьеб бицараб тIехь буго.

Цойгиги хIадис буго хIарамаб цо гъорлъги лъун
АнцIго диргьам къимат кьун дуца горде босани,
Гьеб тIад бугебгIан къоялъ къол щуябго балеб как
Къабуллъурарин абун Аварагас бицараб (ж.с.с.лъ.).

Аб дунялго чороклъун чулпа лъугьун бугилан
Чахьикье кьили биччан хьвадизе вегьуларев,
Заманаялда рекъон гьавудизе коллилан
Дуцаго фатва[6] гьабун гIилмуги тIубалареб.

Релъа-рохун мунагьал гьарулел гIадамалин
ГIодилаго лъугьунел жужахIалъул цIадаре.

---

[1] Жуба-гьабураб
[2] ЧIехьгIан
[3] Гьодорлъи
[4] ХIасил
[5] ТIехьалда цIар
[6] ХIукму

**ГIодилаго гIибадат гьабулел агьалийин[1]**
**Алжаналъур лъугьунел релъа-рохун, разиго.**

**РахIман цIобал гIатIидав, гурхIулев вугониги**
**Гьев тIаса лъугьунареб цо мунагь бугебила, –**
**Гьаб дагьаб жо бугилан дуца санги гьабичIеб,**
**ГьечIеблъун жиб тейиялъ тавбуги дур лъугьинчIеб.**

**ГьитIинал мунагьалги кIудиязде сверулел,**
**Исраралда[2] гьаруни гьаб кIочон бегьиларо.**
**КIудияб мунагь гьечIо магIал истигъфар[3] абун**
**Абурал чи рукIинги ракIалде щвезе ккела.**

**Зина-хатIаялдаса цIуничIого гIеларо,**
**ГIумру пасат гьабулеб гIамал ккун тIуваларо.**
**ТIаде Халикъги[4] балан хиянат дуй гIар[5] буго,**
**ГIаламул гъуюбасда[6] балъго эб хутIуларо.**

**Ажнабиййаталдехун[7] хивалал хIалтIулелъул**
**Дурго махIрамиязул[8] хIисаб гьабизе ккела.**
**ХIарамаб ракьалда мугь бекьизе къасд гьабидал**
**Къазе ккела каранда дурго хIалалаб мазрагI.[9]**

**Дуйго бокьулареб жо чидае гьабулелъул**
**Лъезе ккела цIадиро, цIцIайзе ккела дурго хIал.**
**Дуда квер тункарасда туманкI речIчIулев ахIмакъ,**
**КъотIилелде цебе цин борце анцIго нухалда.**

---

**[1] ГIадамални**
**[2] Даимго**
**[3] Мунагьал чури тIалаб гьабигун цадахъ**
**[4] Мун вижарав**
**[5] Нич (рогьо)**
**[6] Балъголъаби цIакъ лъалев Аллагь**
**[7] Чияр чIужуялдехун**
**[8] Эбел, яц, яс, цересел руччаби**
**[9] Хур бекьулеб бакI**

Амру буго гьабулеб гьелдасан цIунейилан
Насс[1] буго Къуръаналъул ражму[2] эзий тIалъулеб,
ТIагьа вуго кIалъалев ла язни ззани хIина[3]
Язни вагьува муъмин абун балагье мунго.

Гьаб басралъи дуй гIела дунялалда вукIаго,
ГIазаб дуца чIамила чIегIераб лахIдуялъуб.
МахI бахъараб балканлъун вахъина ГIарасалде,
ГIуссатазул[4] къокъагун къокъила жужахIалъув.

ХIисаб кин гьабулареб гьаб дурго кIал-мацIалъул,
Мурад щай бичIчIулареб бижиналдасан бугеб?
Бицунебго рагIичIищ гIинкъав чи мун гурелъул,
ГIалимго данде чIвачIищ дуй насихIат гьабулев?

ГьацIул Махраж[5] гьеб буго бахъизе гьунар гIуни,
НигIматлъунги гьеб буго шукру гьабизе лъани,
Загьру чвахулебги гьеб чангит бахъун биччани,
Черх цIадаб гъолебги гьеб цIунизе хIал кIвечIони.

ХIадисал регьун гьечIищ гьелъул афатал[6] рицун,
Аятал рещтIун гьечIищ гьеб цIунеян буюрун.
Бицунеб хабаралъулъ хал гьабуларищ дуца
Гьереси мацI сухриййат,[7] – гъибат-бугьтан камулищ?

Кинабго кIалзул калам, Аллагь рехсей хутIигIан,
Адамил лъимадуе гIакъубалъе бугилан

---

[1] ЧIван къотIараб хIукму
[2] ЧIимих речIи
[3] Зина гьабулев чияс зина гьабуларо гьев муъминавлъун вукIаго
[4] ГIассиялгун
[5] КъватIи бачIелеб бакI
[6] Балагьал
[7] Махсар

**ГIакъиласе кантIизе тIокIаб щиб къварагIинеб,**
**ТIагьаяс жиб бицараб ХIадисги бихьулаго?**

**Ассумту[1] гIалимасе зайнун- берцинлъиййилан,**
**Васатрун жагьиласе живго вахчигиййилан**
**Халкъалъулго хирияс вуцIцIун чIеялъе кьураб**
**Къиматалъул халгьабе хирияб хIадисалъулъ.**

**Мин хIусни исламил маръи таркугьу ма ла ягIнигьи[2]**
**Танбигьалъе[3] гIеларилищ хочI-хабар жибго тезе,**
**Жинделъ мунфагIат гьечIеб бицинчIого теялъулъ**
**МаслахIат цIикIкIун гьечIищ гьаб ХIадисалъ абухъе.**

**ГIемерав гаргади дуй гIарац бугеб батани,**
**ГаргадичIого чIейи меседилан абураб.**
**“Лукъманил”[4] рагIиялъул магIна дуда лъаларищ?**
**ЛъайчIого мун ватани тафсир[5] гьабун бицинищ?**

**ЛъикIаб бицун гаргади дуе гIарац батани,**
**Квешалдаса вуцIцIун чIей месед бугин абураб –**
**Ай, лъикIалдалъун калам гIемер гьабиялдаса**
**Квешаб бицинчIого чIей дуй хирияб бугила.**

**Дурго гьабураб гIамал гIадада хунгутIизе**
**ГIирз[6] цIунун хьваде факъир диналъул вацалазул.**
**Дунялалъул чIухIиялъ чIван хадув вахъунарин**
**ЧIухIун хабар бицунге берцинаб мажлисалда.**

---

[1] **ВуцIцIун чIей**
[2] **Инсанасул иманалъул берцинлъиялдаса кколел, гьес жиндие кIвар гьечIеб жо рехун тей**
[3] **КантIиялъе**
[4] **НекIсияв гIакъил**
[5] **Баян**
[6] **Намус, къадру**

**Хваразда гьоркьов вугев чIагоявлъун вукIине**
**ЧIалгIен тун жигар бахъе хIузур жамгIияталъе.[1]**
**Жалваталда халват[2] щун гъафлатал[3] тIаса ине**
**ТIад чIун гьаре аврадал устарас духъе кьурал.**

**Адабалъе цIакъ бахъе нахъа мунго вохизе,**
**Халифа[4] рази гьаве Расуласул дуй щварав,**
**Щукру гIемераб гьабе вижарав Аллагьасе**
**Агьлул маламиятал[5] ратидал икълималда.[6]**

**Умумулин дур ругел адабалъе хIакълъарал,**
**ХIабибасул бакIалда дунялалда жал чIарал.**
**Жавгьарин духъе щвараб шафигIасул ирсалъул,**
**Аминин[7] данде чIварав дуда ТIарикъаталъул.**

**Дурарун макнунатал[8] ратун талихI кьураб дуй,**
**Дин исламалъул хIубаз хIаблу[9] рехараб духъе,**
**ХIакъал муршидзабазул щун бугеб дуе назрат,[10]**
**Шамсул магIрифалъул[11] лъураб эз дур рекIелъ нур.**

**Адаб тейи гуребдай таклиф[12] тIадав мукаллаф,[13]**
**Даимаб гъафлаталда дуца замана биччай.**

---

**[1] Кидаго Аллагь цадахъ вугевлъун хиял тIалтIи**
**[2] ГIадамазда гьоркьовги ккун халват гьаби**
**[3] Гъапуллъи**
**[4] Устар**
**[5] Накъщубандияб тIарикъаталъул агьлу**
**[6] Улкаялда**
**[7] Божарав чи**
**[8] Балъгоял маргъалал**
**[9] Рухьен**
**[10] Балагьи**
**[11] Аллагь лъаялъул бакъул**
**[12] ТIадкъай**
**[13] Балугъав чи**

**Загьру чвахи гуребдай дур кIалалъул чагIмаллъи**
**Чияр гIуюбал рехсон гъибаталда ругьунаб.**

**Черх цIадаб гъей гуребдай дур кIалалъ лъилъулеб хур**
**Хайир гьечIебщиналъул базру[1] тIищан бижараб.**
**ТIагьаясул ХIадисалъ ХIасаидуль Алсинат[2]**
**Элде гурищ абулеб “АрбагIиналда”[3] бугеб.**

**Устарасда цеве мун гьединиш гаргадулев,**
**Гьесдаса ватIалъидал тIубарабищ дур жигьад[4]?**
**Гьесул равхIаниялда мун вихьулев лъаларищ,**
**Ралъдалъ ччугIил чохьонив Юнуслъун вахчаниги?**

**Хваралгин чIагоязулъ эзул батIалъи бугищ?**
**Адабал тIурайчIони зиярат къабуллъулищ?**
**Муршидасул къабрудул[5] къаданивги гIодов чIун**
**ГIайиб гьечIищ жамагIат жагьлияб хабар бицин?**

**Хабзалазда нур барав РавхIанияв инсухъа**
**Унго, нечоларев кин адаб тун гаргадизе?**
**Дунялалда хваниги хабалъ гьев чIаголъидал,**
**Гьесул хIалай бакIлъулеб хIухьелго кин биччалеб?**

**ХIабибасул Халифа гьев вукIинги лъалаго**
**Гьабищ дур къадру гьаби гьесул кIодолъиялъул?**
**Сабру Аюбил кьурав икълим[6] гвангъараб чирахъ**
**Къанабакье вуссиндал сварабиланищ ккараб?**

**Кинниги диналъул вац дудехун ккараб хитIаб,**
**ТIаса лъугьа дидаса дирго нафсалде бугин.**

---

**[1] Хьон**
**[2] МацIалъ лъилъараб жоялъ цIадав вухIулилан**
**[3] ХIадисазул тIехьалде цIар**
**[4] Гъазават**
**[5] Хобалъул**
**[6] Улка**

**Дуде гIайибалги чIван гIайибалъул цIурав дун**
**ВацIцIадав чиян ккоге чанги гIузру бугин дилъ.**

**ГIанкъра борхьаз жаниб цIун дирго лъорги букIаго**
**Дур ратIлида тIад чIарал тIутIал кин рачахъулел.**
**Карагьатаб[1] щиналда къвал бан дунгоги хьвадун**
**Дуе вагIза гьабизе гьунар къваригIинарищ.**

**Гьанже бицинин, вацал, цо берцинаб фаидат,[2]**
**Пайда гIаммаб букIине гIинтIаме кинацаго.**
**ГIалиююл Хаввасица абураб рагIи бугин,**
**ГIамал гьабичIесдаги тIалъулин манлъизеян.**

**Нилъер гIамалал хъвалел кирамул катибиназ[3]**
**Тефтералде босичIеб лъияб-квешаб толаро,**
**КвегIаб рахъалда вугев мунагьал хъвалев малайк**
**Яминалда[4] вугесе мутIигIавлъун вукIуна.**

**Мунагь нилъеца гьабун гьеб хъвайзе дов лъугьиндал,**
**Лъияб хъвалев малайкас ускун[5] йилан ахIула,**
**Анлъго сагIат инегIан тавбу гьабуларищан,**
**Тейилан амру гьабун интизаралда[6] чIола.**

**Анлъго сагIтида жаниб кантIун тавбу гьабуни,**
**Гьеб мунагь хъвайчIого тун тефтер хъахIго хутIула.**
**Тавбуги гьабичIого гьеб заман гьоркьоб ани,**
**Гьанже чара тIагIиналъ тIанчиде босун тола.**

---

**[1] ШаргIалъе рихараб**
**[2] Пайда**
**[3] Малаикзабаз**
**[4] Кварaниса**
**[5] Мун чIа**
**[6] Балагьун**

ТIаде зиядат[1] гьечIеб гьеб цIохIо мунагьги хъван
Малайкас тефтерги къан, къалам рахIат гьабула.
ГьабичIого хутIараб тавбуялда пашманлъун
Файъалдаса[2] къосарав пакъир гIадин лъугьуна.

Лъияб гIамал гьабизе нилъеца ният гьабун,
ГьабичIого хутIани тIубараблъун хъвалила,
Нахъе хъвайзе течIого нийййят сахIихI[3] букIаго
СахIифаталде[4] босун парахат гьабулила.

Гьеб нийййаталда рекъон цо лъикIлъи тIубан ккани,
ТIаде анцIгоги жубан жигаралда хъвалила;
Жегиги лъабкъоялда анцIиде бахинегIан
Аллагьасул фазлуялъ[5] гьеб цIикIкIинабулила.

ГьадагIан цIоб гIатIидав, БетIергьан, дуй рецц буго,
Веццизе хIал кIоларев хIаким вуго Мун Аллагь.
Умматалъул рахъалъан свалат-салам дуй, АхIмад,
ХIакъикъатго лъалареб ралъад вуго мун, ХIабиб.

РачIа, вацал, гьабизин гьанже киназго тавбу
Тефтер мунагь хъвачIого хъахIаб кагъат хутIизе.
ТIаса лъугьинин, вацал, гьанже нилъ цоцадаса,
Гьабураб гъибат-бугьтан, гьереси-мацIалдаса.

Гьаризин ракIал рацIцIад жахIда-хIусудалдаса,
Руссине хIузуралде[6] ма ла ягIни[7] жибго тун,

---

[1] ЦIикIел
[2] БутIаялдаса
[3] Сахаб ният
[4] ТIанчиде
[5] ЦIобалъ
[6] Аллагь ракIалде щвеялде
[7] КIвар гьечIеб жоялдасан

**ВатбагIи ссайиатал хIасаната тамхIугьа[1]**
**ХIадисалда нахърилълъун гьабизин лъияб гIамал.**

**Гьабураб квешлъиялда ракI бухIун пашманлъизин,**
**Фахрул анам[2] вохулеб свалат битIун цIалдезин,**
**ЦIаялдаса тархъулеб зикруялде руссинин,**
**ВаситIа[3] устар гьавун, Аллагьилан ахIизин.**

**Астагъфируллагь, РахIман, тIолго мунагьаздасан,**
**Мун рази гьечIебщинаб фигIлу къавлуялдаса,[4]**
**Дудаса ракI гъафуллъун кIалъараб кIалалдаса,**
**Бахъараб хIетIалдаса, бегьараб квералдаса,**

**Мун разияб гурелде балагьараб бердаса,**
**РагIизе хIарамалде гIинтIамун чIеялдаса,**
**Дудаса ракI гъафуллъун биччараб хIухьладаса,**
**Дун квешлъи гьабулесда тIад рекъон чIеялдаса.**

**Аллагьумма гъафир ли ма ла ягIламуна**
**Вала туахизни бима якъулуна**
**ВажгIални хайран мимма язунуна.**

## АМИНЬ, Я МУЖИБ

************************************************
*****************************************
*********************************

[1] Квешаб гIамалалда хадубго гьеб бацIцIулеб лъияб гIамалги хадугъезабе
[2] Халкъалъул чIухIилъун вугев авараг
[3] Гьоркьоккун
[4] Пиша рагIиялдаса

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Хвел-хобалде кантIизарулеб вагIза

Цо сагIат бачIинеб, сафигь,[1] дуеги,
Сафаралъ вахъаян буюрухъ щвараб,
Щолев дуде тIаде кIудав ГIизраил,
Амру нагьюялде хилифлъи гьечIев;

Гьудул-гьалмагъ гьечIев цIай гьаби гьечIев,
ЦIараб болжалалде рухI босун толев,
Тефси тIагIамалъул тIутIал лъуниги,
ТIири мукагIалъи дуй гьабуларев;

Гьарун гурхIел гьечIев, хIелун цIоб гьечIев,
ХIадурлъи гьечIилан балагьи гурев,
Бичас буюрараб амруялдаса
Расул къадаралъги жив таруларев;

Тухум-кьибилалъул хал гьабуралев,
ГьитIинав, кIудияв батIалъи гьечIев,
Бечедав, мискинав, пакъир, залимав,
ГIазаб рахIматалъулъ гIахьал гьавулев.

Огь, хIинкъараб лахIзат, хIалщвараб сагIат,
Щакъи, СагIид[2] лъалеб ахираб хIухьел.
Огь, кIудияб амру, ишкал[3] гьечIеб хвел,
Аллагь гурхIинчIони къун ккараб талихI.

---

[1] Гьагав чи
[2] Бахьи къосарав чи, талихI бугев чи
[3] Щаклъи

**Огь, халатаб сапар ургъалил ТIарикъ,**[1]
**ТIад чи вуссунареб абадияб рукъ.**
**Огь, дирго пакъирлъи, къуталъул**[2] **дагьлъи,**
**КъватIив лъугьинелде гьечIеб хIадурлъи.**

**Диналъул вац-яцал ратIалъунилан**
**ТIокIаб кантIи гьечIеб гьаб рекIел къвакIи,**
**Къадар тIаде щварал фарз борхун индал**
**Дунго анив чIезе хивалдай буго.**

**Хваразул, аразул кициги тIамун,**
**ТIохде балеб цIадлъун гIибадатги тун,**
**ГIумру, гIажалалъул ургъелги рехун,**
**РахIатищ бокьараб дуе, факъир нафс?**

**Дунялалъул боцIухъ чорхол жанги кьун,**
**Хун ракьалде индал дуй щиб батилеб?**
**БидгIа**[3] **гIадаталъе лагълъиги гьабун,**
**Гьадингойищ телеб Аллагьасул шаргI?**

**Иблисалъул нухал берцинги рихьун,**
**Расуласул мухъилъ мун рекъон ккелищ?**
**ШайтIанияб амру тIасаги бищун,**
**ТIагьа разилъилищ дур хьвадиялда?**

**Дуй гIоло хвелалъул кьогIлъиги чIамун**
**ЧIарбида вегулев инсан вукIинищ?**
**Дур къоял тIагIиндал къадарги хисун**
**Къаникье лъугьунев чи ватиладай?**

**Чан мун гIадав гIащикъ анищалдаса**
**Ажалги цебе ккун ракьалда лъурав,**

---

[1] **Нух**
[2] **Квеналъул**
[3] **ШаргIалда данде ккolареб гIадат**

Рокьаралщиналги гIодизе тIамун,
ГIазабалъул донкIнив живго лъугьарав?

Гьанже тIаде вачIун мункар-накирас
Дур БетIергьан щиван хитIаб гьабидал?
Гьезий жавабалъе дур хIалкIвечIони
АхIи бан чIагоял рачIинищ духъе?

ЧIегIераб хобалъ мун данде къалелъул
Къварилъи борхизе ихванал[1] ругищ?
АдагIан хирияб дуниялги тун
ЛахIтуялъув лъедал лъиде мугъчIвалеб?

ЧIухIараб карават гIуцIухъеги тун
ГIайиб гьечIищ дуе чIарбида веги?
ЧIахIиял рукъзабахъ къайиги сукIун,
Къаданиб гамачI лъей рекъелищ дуда?

Рекъанщинаб ретIун къачIадарав дуй
Къвалал гьечIеб гурде кинан лъутIилеб?
ЛъикIаб-тIокIаб кванан кеп щвараб дур гьан
Кваназе бегьилищ хабал борхьаца?

Халикъасда цеве чIарал къояца
КъварагIина дуе гьабураб гIамал,
МазрагIатлъун[2] кьураб дуниялалъул
Лъала дуда къимат ГIарасаталда.

ГIадлу-диваналъе цIар ахIун хадуб
ХIасуллъила дуе вуссунев маъва,[3]

---

[1] Вацал
[2] Бекьизе кьураб хур
[3] Вуссунеб бакI

**СахIаифал[1] рикьун ратIа гьаридал**
**Гьениб щвела дуе мустахIикъаб цIар.**

**ЦIадирабазда лъун хIисаб гьабидал**
**ХIажалъила дуе къол щуябго как.**
**Шарик[2] гьечIев магIбуд[3] дуда ватидал**
**Батизе бокьила диналъулъ ихлас.[4]**

**Агьлу суннатазул рохел бихьидал**
**Хьул лъела, мискин, дур чIаголъиялде,**
**ЧIалгIаде риччарал къоязда хадув**
**Хашадила, пакъир, мун махIшаралда.**

**Мунагьаз мехтарал мужриминалгун[5]**
**Вамтазул явма[6] ян амру гьабидал,**
**Гьанже талихI къараб дур къаркъалаялъ**
**Къец лъилгун гьабилеб, гьабун те хIисаб.**

**Гьалдолеб жужахIалъ бухIулеб къокъа**
**ФаржигIна[7] ян ахIун хвасарлъуларо,**
**Халидунал[8] абун цIар лъун хадуса**
**ЦIобалде хьул лъезе бакI хутIуларо.**

**Хун хадур рорчIарал чIаго кьижараз**
**ЧIамулин рагIичIищ кIудияб гIазаб?**
**ГIумру гъафлаталда[9] араб къавмалъе**
**КъачIараб лъаларищ руссине жужахI?**

---

[1] **ГIамал хъварал тIанчал**
[2] **ГIахьалав чи**
[3] **Жиндие лагълъи гьабизе кколев Аллагь**
[4] **РацIцIалъи**
[5] **ТакъсирчагIигун**
[6] **Жакъа нуж ратIалъе**
[7] **Ниж дунялалде тIадрусинаре**
[8] **ЖужахIалда даимал**
[9] **Гъапулго**

Жагьлу гIузру баччун мун гаргадани,
Расул гьечIищ витIун таблигъ-таклифгун[1],
Кинабго халкъалъул тIаса вищарав
ТIагьаяс лъураб шаргI щун гьечIищ духъе?

Гьелъул шурутIалгин тIолго арканал
Камил гьарун гьечIищ гIуламааца?[2]
ГIузру бихьун рухса[3] мусанифзабаз[4]
Рехсон гьечIищ дуе мактубатазда?[5]

Магъриб-Машрикъалде мун щвананиги
Щвезе гьечIо дуе гьадинаб нигIмат.
Гьаб дуниял сверун мун тираниги
Батиларо дуда дин гIадаб жавгьар.

Динали гьабулеб мушрикиназги[6]
Каламуллагьалде[7] иман лъоларел,
Инна ддина гIиндаллагьил ислам[8] ан
Абураб аятин нигIматазул хан.

Хойзе вукIинали лъидаго лъалеб,
Лъараб мугьмал[9] тейин такъсир хIакъаб иш.
Анив чи тунгутIи загьираб амру,
Унеб бакI лъангутIи – кIудияб гIайиб

---

[1] КантIи-тIадкъай
[2] ГIалимзабаз
[3] Бигьалъи
[4] ТIахьал хъвалел гIалимзабаз
[5] ТIахьазда
[6] Хъанчил агьлуялъги
[7] Аллагьасул Къуръаналда
[8] ХIакъикъияб дин Аллагьасда аскIоб Ислам буго
[9] ТIасамасаго

Тафаругъ[1] шартI гьабун мун дагIбадани,
Дудаги гьикъизин, гьабун те жаваб,
ТагIлим-талкъин[2] гьечIин рухса бокьани,
Рехсезин хIакъикъат, хIалихьатаб нафс.

Сардил макьу къотIун, къалъул рахIат хун
ХIалал-хIарамалъул хал гьабичIого,
Гьурмада къехь жемун, жаниб хIирс[3] бекьун
Бокьухъе хьвадизе заман кин щвараб?

Мун цIунулеб гIилму гIадада тейи –
ГIураб хусран[4] буго дур базаралъулъ,
Дуцаго цIунулеб боцIи хиралъи –
Лъалеб дагьлъи буго дур гIакълуялъул.

ГIарцул тавушалъул шуш бахъаралъув
ЩвечIого чIогеян лъица манлъараб?
ЛъикIаб къай-цIаялъул цIар ахIаралъув
ЦIум гIадин воржаян гIакълу кьурав щив?

Шалилазе толеб тарикаялде[5]
Тезе мех щун гьечIищ рекIел балагьи?
Берал къанщун хадуб кодоса унеб
Кида мун гIорцIилев аб магIищаталъ?

Тавбу тасвиф[6] гьабун гьадин хьвадизе
Хьулдай бергьун буго дур гIафвуялде[7],

---

[1] РегIел
[2] Малъи, бици
[3] Хьул (хъантIи)
[4] Дармилъ къей
[5] Хун нахъе толеб боцIи
[6] Нахъе тIамун
[7] Аллагь тIаса лъугьиналде

ГIисян фискъуялда[1] къоялги тIамун
Къуватдай буго дур цIадав лъугьине.

ЦIоб гIатIидав Аллагь Гъафур вугилан
Гъафлаталда чIейи гIакълудай буго?
Лайса лил инсани илла ма сагIа[2]
Аятниги гьечIиищ далил[3] бокьани?

Дуе жакъа кьурал нигIматаздасан
Метер гьикъулеблъи якъинаб гьечIищ?
Вагьум юсъалуна[4] абун букIаго
КIудияб иш буго шукру тун хьвади.

Ваин минкум илла варидугьаян[5]
Аят цIалулаго хIал хисулареб,
ХIикмат аб ракIалъул щулалъи бихьун
Ширк нифакъалдаса бацIцIад батани.

Вама халакътуян[6] аятги рештIун
Лагълъиялъе вижин загьирлъаниги,
Залимаб нафсалъул чIухIи бихьидал
ХIинкъи ккола суул хатиматалда.[7]

Халкъ бижарав, Аллагь, Мун гурхIичIони
ХIелун дун кIанцIизе бакIги гьечIелъул,

---

[1] ГIассилъи-пасикълъиялда
[2] Инсанасе жинца гьабураб гурони гьечIоян
[3] ХIужжа
[4] Гьезда гьикъизе буго
[5] Нужор цонигияв гьечIо жужахIалде тIаде вачIунарев
[6] Дица женалги инсалги дие лагълъи гьабизе гурони рижичIо
[7] Ахир рухI бахъи мекъса ккеялда

**ЧIового щваниги дурго гIабдлъидал**[1]**,**
**ГIафву**[2] **гьабун ваче ахираталде.**

**Тавбу, дир БетIергьан, мунагьаздасан,**
**ГьечIо дун разияв гьаб гIамалалда.**
**Мун цо вукIиналда мукIурав муфлис**[3]
**Тавфикъ кьун тIовитIе рухI бахъиялъулъ!**

**АМИН**

*********************************************
****************************************
*********************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Дур кIиябго бохалда хъирис баяй Сафигьат

**Дур кIиябго бохалда хъирис баяй Сафигъат,**[4]
**Сурун рихьуларел кин катил гIадал махIаби?**
**Кар баккараб ботIрода тIехI бижаяй истилний,**
**Инсул гьурмахъагIаги нахъе къаларей кинан?**

**Къохьол гьумерищ бугеб гьанал къаркъалаялда,**
**ГьадигIанго умумул асираллъун гьаризе.**
**Адабалъул хутIараб тIиригойищ дулъ гьечIеб,**
**Ганшил гIадаб рохъкъотIи ратIлидалъун бахчизе.**

---

**[1] Лагъ**
**[2] ТIаса лъугьун**
**[3] ЧIагояв чи**
**[4] Гьагай, гIантай гIадан**

**Ничалъул асаразул аслугойищ тIагIараб,
Эбелалде кIал гьикьун къамис[1] хъанда гьабизе?
Намусалъул ирсалъе щвараб жогойищ гьечIеб,
Щвараб бакъ гIадин чIолин гIолилазда цее мун?**

**НекIо мун гIадал ясал васахъа нечолаан,
Чухъил гIинш бихьаниги бохьараб гIетI балаан.
ТIагъуралде кIалъалеб кIазго букIунароан,
КIиябгоги синфалъул[2] гIорхъи хIад букIунаан.**

**ХIаил[3] гьоркьоб гьечIого гьаримав вугониги
Гьоболгун кIалъазецин кIолароан ясазда.
КIигъажалда баччараб бетIералда шалги чIван
Шамалъул маккал гIадин раккулаан лъадаре.**

**Дида гьанже гIадинал дугIу бутIрул рихьичIо
ДагIнил гъалако гIадал корчарал надабазул.
Дунял бижаралдаса бицунебги рагIичIо
МагIуратал гIазраал[4] гIолохъабалъ рукIунел.**

**Цо бозил метраялъухъ таргьа гIарцул кьолаан,
ГIурайсат[5] къачIазецин къиматаб ххам букIинчIо.
Ханзабазул ясазцин дарай-махмар ретIинчIо.
Дунгоги къохьол тIажу тIаса бахъун вохичIо.**

**Баку, Шамахалде ун базар гьабулесеги
Гьарзаго ххам щолареб щаъну[6] ккана халкъалда.
Кооперативалдаса партал босизе ккани
УсбугIалъ[7] очеред ккун, чи вихьун бикьулаан.**

---

**[1] Гурде къокъ гьабизе
[2] Тайпа, ай бихьин-цIуял
[3] Пардав
[4] Росасе инчIел ясал
[5] БахIарай
[6] ХIал
[7] Анкьалъ**

Амма магIарул ясаз намус бичулароан,
Чехьалда къоно чIванги къаркъала бахчулаан,
КъварегIел, хIал ккечIого махIиллатун ахарцин[1]
Эзие рухса гьечIеб сапарлъун рикIкIунаан.

Умумузул гIадлуги, гIисиназул адабги
ГIасалун самнун[2] гIадин бессун букIунаан гъорлъ.
ГIолилазул рокьиги кьал ккаразул дагIбаги
Дарул надваталдасан[3] сулхIалде[4] бачунаан.

Сага тIад бан кваналеб кабшазул[5] рехъен гIадин
ХъахIаб ханжу цIикIкIиндал цIекIлъун руго гIадатал,
ГIалхуде биччан тараб чундузул рехьед гIадин
Чед-хинкI гьарзалъун ккедал гьаглъун руго руччаби.

ГьадагIан кIудаб хIикмат хIикаяталъ[6] бихьичIо, –
Топалгун ххам босулел, ясал ратIликъ рукIунел,
КъватI рикIкIун тукен бугеб тавар чамгIал букIунеб,
Черх бацараб кисватгун[7] нисаал[8] рихьулареб.

Накаби цере лъураб лъутIи рекъечIеб гурде
Къваридаб бихьун ретIе тIокIлъулебин даража.
ТIолго бетIер бахчараб химар[9] къабул гьабуни
Холебин дурго къадру, къай рокьогIан касынка.

---

[1] Чияр азбаралдецин
[2] ГьоцIогун нах
[3] ХIукму къотIулеб рокъоб
[4] Ракълиде
[5] Куйдузул
[6] Бицадулъ
[7] РетIелгун
[8] Руччаби
[9] КIаз

ГIунукъгун садруялда сатир[1] гьабулеб форма
ГьечIебищ модаялда, духъе ГIизраил щваяй?
ШаргIалъул махIкаманчи хIакимлъун вугевани,
ХIаваласул чвалтикье чан бетIердай ккелаан.

Бухари кьагIрил гIадаб кьурараб кар течIони
Кин релълъинев ясазда вас вукIин рихарав чи?
Хъурайсин тIагъурги лъун, бетIералде хIал щвани
ХIорхине гурин, васав, босуге дуца папах.

Фататин[2] ккун гIоркьилаз рокьи гьабизе гурин,
Воре, тамах вукIунге тохаб бакIалде ккани.
Тала гьабун хIохъбуца вехъерхъун ине гурин,
Михъалниги жалго те фата[3] вукIин вихьизе.

Пивадал махI бахъараб рахлъен гIадаб чехьалда
Рачел къала вукIунге, къикIулевин бакьулъа.
Къараб гIарцул бекI гIадав гIолохъанчи лъугьани,
ГIайиб щолебин дуйго, далице биччай пуза.

Дудаго гьечIеб гIакълу гIадамазда тIатине
ТIагIине тоге гъоркьа кьогIаб гIаркъил истакан,
Къинлъараб хъурмил гIадаб хъантIараб чохьонибе
Чури тIезе цIакъ бахъе, нахъе ккани тIагIунеб.

ТIокIаб дуда рекъараб къавлу[4] дида лъаларо, –
КъвакIараб гIурул гамачI лъим чIвайдал хIеккунаро.
ХIакъаб рагIи бициндал берцин бихьулев инсан
Нусида гьоркьов цоги гьечIо, хIисаб гьабуни.

---

[1] Габургун керен бахчизабулеб
[2] ГIолохъанай яс
[3] Бихьинчи
[4] РагIи

Гьанже нужеде хитIаб, халкъалъул вакилзаби,
Хадуб суал нужое, жамагIаталъул бутIрул,
Жиндирго бетIер тункун унтул хIал лъарав гъарин
ХIисабалда кIалъанин, лъе нужоцаго къимат.

Жакъа дида тункараб, метер тIаде щоларев
ТIепун чIани бегьила, гьев асир вукIунаро.
Руччабаз хIажру[1] чIвачIес, хIалилат[2] ханлъун кквечIес
Койзе хIажалъиларо хIал щварав дир рагIаби.

ХIатIил гьан дирги кванан данде гьабураб боцIи
БацIица чахъу гIадин чумаданалъ кIутIана,
Чорхол рухI дирги бахъун нахъе лъураб мискинлъи
Васал, ясал тIаделъун тIун бензингун бухIана.

ТIаса хIули бетIараб хIалакъабго хъаз гIадин
ХIал лъайзе биччачIого чIун дун пакъирги вуго.
ЧIанагIан кIанцIичIони кIудаб рагъ гьабилилан
КIибалаб хвалчен бахъун нахъа чIужуги йиго.

Нахъойги дун хIулизе хIадур чIарал фуругIал[3]
ХIули тIад батичIони тIом бахъилилан руго.
ТIокIаб рачел туркIани, чехь мугъалде цуледухъ
Дунги тIеренлъун вуго тIолгоязул юк рагIун.

ГIадатазул гIорхъода хъаравулзаби тезе
Толеванищ дун виччан руччабазе квешезе.
Кинабго силгIат[4] къайи къадаралде бачине
КъаюмлъунгIаги[5] анищ, щвелаан мурадалде.

---

[1] ГIорхъи
[2] Лъади
[3] Лъимал
[4] МатахI (къайи)
[5] БетIерлъун

ШайтIабазе къачIарал къиматал кIалгIабазул
КIалалъ лъураб хелдеялъ холелъул щекъер ккоге,
РахIматалъул малаик жанив лъугьунареб рукъ
Жагьаннамлъун[1] батаги тавбу гьабичIелезе.

ЧIухIдае хIадурараб хIарамабщинаб тIагIел
ХIамималъул лълъарлъаги ГIарасат майданалда.
ГIадатаз тIад гьабураб тIолго чини-цIералъул
Чарал борхьал лъугьаги гьеб рокъоб гIуцIаразе.

ГIурай яс росасе кьей Расуласул нух буго,
Росдал гIадат билълъараб къай букIинги шартI буго,
Шугълугун хIирфаталъул[2] хIадд камураб жо гьечIин,
КибгIаги бугеб дазу дарагьимазе[3] лъураб?

Лъималазе боцIи кьей бокьуларого гьечIо,
МачIу кунеб хъвекалъул кин хIисаб гьабулареб?
Васасе лъади ячин батIулаб амру гуро,
Инсул ханждада рекъон къайзе ккеларищ хинкIал?

Къо-асс бугев баясде бесдалав вахинчIони,
ЧIужу гьечIогойишха гьев вукIине тIалъулев?
Гьаваялъ мехтаразул боцIи гIемерлъунилан
ГIадатаз мискин чIвайи кинаб шаргIалда бугеб?

Кинниги дагьаб гIайиб гIадатиял чиязда
Бачил хIакъикъат лъайчIел хIамида аскIоб ккедал.
Инсанасе рекъола рукъи балеб бакIалъул
Рекъараб куцги бахъун ками-тIокIлъи борцине.

---

[1] ЖужахIлъун
[2] Махщел-пишаялда
[3] Гъурщазе

Бицадуе битIулеб тIину гьечIеб чумадан
ТIолго меседлъаниги нусалъул хIал хьоларо,
Бихьизе данделъарал диван-ханалъул чукъбуз
Къимат тIокIаб кьечIони кьаллъула эбел-эмен.

Индиялъул шал баркун, Китаязул кIаз бещун,
КIудияб къадруялда къвалакь бакIалги понцIон,
КъватIир лъугьун хадуса хилафал[1] гьоркьор лъезе
Хасаб мажлис гIуцIула гIиффитазул къокъаялъ.

ГIакълу бугев мукаллаф,[2] кантIе мун вагIзаялде,
Куфру тIаса бищуге шаригIасул нухги тун.
Шубгьаяб[3] дунял буго, дин гьечIеб заман буго,
ЗагIипаб иманалъул агьлуги нилъго руго.

Аллагьасул амруги аварагасул нухги
Умматалъе бигьаяб таклифалдалъун[4] буго.
Лъималазе бокьараб умумуз нухлъун ккейи –
ЭбгIан кIудияб гIузру гIаламалъулъго гьечIо.

ГIадлуялъ гIажалалде тIоритIел гьабуларо,
ТIадаб жо мугьмал[5] тарав мурадалде щоларо;
Дару-унти сахлъулеб сабаблъун тIамун буго,
ТIабибасул[6] гIамалги багьаналъун ккун буго.

Бухун гъунеб гъотIое тIил гьечIого гIоларо, –
ГIамал берцинаб чода чи бигьаго рекIуна.
Чакар чайгун рекъола, чолпа цIамгун рекъола,
ЦIорон хъабахъ кванала, картошкадал – гIаксалда,

---

[1] Данде ккунгутIаби
[2] Балугъав чи
[3] ХIалал-хIарам жубараб
[4] ТIадкъаяздалъун
[5] ТIаса-масаго
[6] Тохтирасул

ГIакъиласул шагьаби хъатинир кьурдуларо,
КьечIеб давла босизе инсанасда кIоларо,
КIодолъи тIалаб гьаби тIаде ккolеб жо гуро,
ТIокIаб мал[1] исрап гьаби сахават букIунаро.

Циялъе чIухIи гьаби гьагасул пиша буго,
Гьойда хьит ретIарасул хьулал гIадада хола,
ГIадатазул лагъасе ужра шайтIаналъ кьола,
Аллагьасул гIинаят[2] гIабидасе[3] букIуна.

ГIодун тавбу гьабуни, Гьидаят[4] хIасуллъула,
ХIакъалда нахъвилъани, битIараб нухав ккола,
БатIулаб жибго тани, рахIматалде хьул лъола,
ХIарамалда мал бани, бахьи бугев лъугьуна.

БекьичIеб мугьалдасан тIор лъугьун вохуларо,
Арал къоял тIад руссун нилъехъе рачIунаро,
ЧIегIераб рас хъахIлъидал нахъе гIумру дагьлъула,
ГIизраил гьоболлъидал гьабунщинаб батула.

Гьалмагъго гьечIеб рокъов живго цохIо хутIидал,
БатIулабгин хIакъалъул хIакъикъат гьениб лъала.
Гьабунщинаб магIишат варисзабазеги тун
Восун къанабакь лъедал къарарлъула[5] жаваб кьей.

Къваридаб лахIдуялъул чIабаралда вегидал
ЧIахIиял минабазул асар нилъей щоларо.
Мусрудае катан бан квас-квасалъ черх тIупидал
Чумадан кIудиясул къадруго гьабуларо.

---

[1] БоцIи
[2] Квербакъи
[3] ГIибадат гьабулев чиясе
[4] ВитIун ккей
[5] ТIалъула

**Гьиридаго къачIони, къвачIида батуларо,**
**Къимат гьабун ругьунав нахъа мискинлъуларо,**
**Сапаралъ вахъунесе къут[1] гьечIого гIоларо,**
**ЧIовогояв гьардухъан кьуралъ бечелъиларо.**

**БоцIуца гIадан чIвала, гIадатаз дин чIунтула,**
**Дунялалъ гуккарасда ахират кIочон тола,**
**Аллагь хIалимлъанагIан лъай гьечIев жагьиллъула,**
**Жагьлу гIемерлъанагIан гIакълу гьечIев вохула.**

**Халкъалъул гIузру гьурщун гьабщинав гаргадарав**
**Дидаго кканин такъсир, тавбу, Астагъфируллагь.**
**Ургьиб  хIехьезе кIойчIеб хIухьел къватIиб биччанин,**
**ХIал квешлъугеян абе киназго руччабазде.**

**ТАММА**

*******************************************************
*********************************************
*************************************

---

[1] **Квен**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ГIалимзаби чарлъун чараги хванин

Ислам биччан хадуса гIалимзаби жудо-жудое лъикI бихьараб жо гьабизеги лъугьун Ислам бикь-бикьулеб бихьараб мехалъ гьелъ ракIги бекизабун хадуса СагIид Афандияс гьабураб назму.

**ГIалимзаби чарлъун чараги хванин,**
**Чучизин гьанжеги къалам кагътиде.**
**Къурраал[1] хилиплъун ракIги беканин,**
**Рехизин патихIат дин-исламалде.**

**Диналъул вацлъиги паналъун индал**
**Анищго хутIичIо чIаголъиялде,**
**Ихваназул[2] мажлис бикь-бикьун индал**
**Рокьиги лъугIана дунялалдаса.**

**Дару гьечIеб унти халкъалде ккедал**
**Хун ракьулъе ийин гьанже маслахIат.**
**Гьудул-гьалмагълъиги кьалде буссиндал**
**Кьерхараб накIкI лъуна сверухълъиялда.**

**Нафсалъул ахIуца гьалак гьаридал**
**Гьазул чIухIиялъул сури бихьулищ,**
**ШайтIанияб амру уйилан ккедал**
**Адабияталъул махIго лъугIана.**

**Ананияталъул[3] къуват бергьиндал**
**КъватIиб загьирлъана балъгояб мурад,**

---

**[1] ЦIаларал**
**[2] Вацазул**
**[3] Дун, дир, дица**

Дунялалъул ханлъи тIаса бищидал
ТIубайчIо жаниб тун жагьалъул[1] асар.

Жинди-жиндир гIакълу щивас цIунидал
ШаргIалъул хIукмаби хIорго хутIана.
ХIасадалъул[2] нухал гIатIилъун ккедал
ГIилму-гIамалалъул агъги бекана.

Амру-нагьюялъул гIурхъи бихидал
ГIадлу-низамалъул тартибги хвана.
Туснахъ-Сибиралъул къанун-законги
КъвачIа бицатазул квершаликъ ккана.

Куфруялъул накIкI ун зоб роцIаниги
ЦIваби рихьуларел азда щибилеб?
БецIаб сордо рогьун бакъ бакканиги
Къо бачIин лъалареб гьаб хIикматго щиб?

РахIматалъул цIад бан ракь пуншаниги
Рекьи гьабизеги гьечIеб санагIат.
Гьава хинлъун авлахъ гIурччинлъаниги
ГIаздал цIорой буго рорхалъабазда.

Хаселалъ чолонир чед кьун хьихьарал
Чарал хIайваназе их данде ккечIо,
Ургъел тун кваналел мучIдул рихидал
Валухазул рехъен харталъе ана.

Хъартил сагаялда тIад ран таниги
ТIингъилъ данделъула дозул цIоко-тIехь,
ТIогьол мугIрул кванан кеп босаниги
Руссуна ахирги хасаб рокъоре.

---

[1] ЦIар бокьиялъул
[2] ХIалхьуб лъиялъул

**Къавул бетIергьанас гьабулеб гIадлу**
**ГIухьбузда рихараб ахир замана,**
**Удамангун къеркьон къавул гIухьбицин**
**Къун чIезе чIухIараб панаяб дунял.**

**Даруль фанаалда[1] гIумру гьабулеб**
**ГIемераб рухI буго, хIисаб гьабуни,**
**Гьезий ризкъи кьезе жив гъоркье чIарав**
**Раззакъ[2] цохIо вуго гIибрат бугезе.**

**ГIаламул мулкалда[3] улкаби ккурал**
**Мулуказул[4] ахир сунде буссунеб?**
**Месед-гIарацалде мугъчIван хьвадарал**
**ЧIухIарал ханзабаз хабалъ щиб унеб?**

**Хабаралда рекъон бакъан бачунез**
**Рачелго къаладай къо тIаде ккани?**
**КъватIахъ гаргадулел арараразухъ**
**ИмтихIан[5] гьабуни щибдай батила?**

**Огь, пакъир чахъаби хъурмузул тIелалъ**
**ТIе-тIезарун ругеб куц бихьуларищ?**
**Цингиги гъаримлъи хIинчI-гъедуялъул**
**ЧухIун, хъарчигъабаз хIулун ралел куц.**

**Руссун бицаталъуб чехьалъ цIан унеб**
**Чанги хIайван буго Бичасул рохьдолъ,**
**Балкан кьарияулъуб квачIал ритIулел**
**Калбун гIакъуразул[6] цIун буго дунял.**

---

**[1] Паналъулеб рукъ (дуниял)**
**[2] Ризкъи кьолев**
**[3] Дунялалда**
**[4] Ханзабазул**
**[5] ХIалбихьи**
**[6] ХIанчIулел гьабзазул**

Дару гьабулаян занадикъаца[1]
Загьру буго кьолеб жагьилзабазе,
Жадул гьоцIоялъулъ сипатги гьабун
Мускиралъул[2] лъарал руго рикьулел.

КьагIазул бугилан кIалалъги бицун
Царал гьан кваналел гьал курталго щал?
Щарил нахин абун вагIзаги гьабун
Гьаз халкъалъе кьолеб маргаринго щиб?

МагIу чвахулареб гIоди гьабизе
Гьаб къавмалъул бугеб махщалил кутак,
Керен бухIулареб хIухьел биччазе
ХIилла-макруялъе кьун бугеб гьунар.

Гьаб дуниял буго, диналъул вацал,
ДагIбадун бергьарас чIел босулеб бакI.
КIалдиб мацI саяхъаз питнаги бекьун
Кьалде халкъ ахIулеб ургъалил донго.

Амма хвалил чапар черхалде щведал
Хиянатаб кIал-мацI рахан хутIула,
РекIелъ къарарлъараб ширкун хафиялъ[3]
Шагьадат битIизе инкар гьабула.

РухIбахъиялда жив витIун ккарасе
Алжаналъул ахлъун хоб рагьун уна,
Гьенив мекъса ккарав лагъ жив ватани,
ЖужахIалъул донкIлъун эбги букIуна.

---

[1] Жаниса капурал гIадамаз
[2] Мехтелалъул
[3] Балъгояб ширкалъ (рияалъ)

Аллагьасда цере чIарал къояца
Къокъаби лъугьуна гьаб гIаламалъул,
ГIамал бихьун сипат хисизе гьабун
Хабалъан рахъуна кьер-кьераб тайпа.

Тухум-кьибилалъул, гIагарлъиялъул
Цоцахъ валагьулев чи вукIунаро,
Рокьулел лъималги эбел-эменги
Элги цоцадаса тIола гьеб къоялъ.

Гьанже къваригIуна щивав чиясе
ШапагIат гьабеян гьарун ине бакI.
Адам, НухI, Ибрагьим, Мусагин ГIиса –
Эзде ахIи бала, жаваб щоларо.

Жаннатал[1] урхъарав, Буракъ рекIарав
Жибриласул гьудул, мигIражалъул хан
Халкъалъул хирияв АхIмад вугелъул,
Эсухъе айилан манлъун ритIула.

Мунагь-хатIабазул гьиралги бакIлъун,
Гьалдолеб бакъалъулъ бухIиги рагIун,
Ракъигин къечIалъул хIалги цIакъ бергьун,
ХIаяъ[2] тун кIанцIула ТIагьаясухъе.

ТIолго гIаламалъул зигара бихьун,
ЗагIипаб умматги ракIалде бачIун,
РахIму тIокIав ХIабиб, хIалимав Расул
ХIайранлъизавула гьезул ургъелалъ.

Гьанже вортун уна ГIаршалде гъоркье
МагIу чвахулаго, ракI гIодилаго,

---

[1] Алжанал
[2] Нич

РахIманасда цеве суждаялда чIун
Валасавфайилан[1] аят цIалула.

Ла юхлифуль мигIад[2] жавабги гьабун,
Жакъа дур къо бугин вахъа тIадеян,
ТIолго умматалъе шафагIаталъе
ШафигI[3] виччан тола, алхIамду лиллагь.

Авлияалгиму гIарифунаца,
ГIуламаалгиму сулахIааца[4]
ХIабибас инзну кьун, шафагIат гьабун
Умматалъе кIудаб бигьалъи ккола.

Эзул шафагIатал щвезе бокьани
Щулаго ккве, вацал, эзул тIабигIат,
ТIагьал машрабалде[5] хьул лъун батани
Тоге эсул суннат кIвар гьабичIого.

Гьидаят[6] хIасуллъи мурад батани
Машаихзабазул силсилат[7] цIехе.
Сайру-сулукалъул[8] натижат лъазе
Лъе дурго мугъалда хIалкIвараб раччи.

МагIрифат, хIакъикъат дудаго лъайзе
Дагьаб жигар бахъе гIибадаталъе.

---

[1] Нахъа мун Аллагьас рази гьавилаян къотIи гьабураб
[2] КъотIи хисуларо
[3] ШафагIат гьабулев
[4] Вализабаз, Аллагь лъалез, гIалимзабаз, лъикIал чагIаз
[5] Ищцалде (гьекъолеб ищцалде)
[6] ВитIун ккей
[7] Рахас
[8] ТIарикъат хьвади

ГIилмуялъул магIна дуй фатхIулъизе[1]
Даим вукъуф[2] гьабе Бичасда цебе.

Дунял- ухраялъул сагIадат[3] щвезе
Садаталгун[4] цадахъ гьалмагълъи гьабе.
Гьавагин нафс къунеб къуват бокьани
АкътIабазул кварчIен, воре, биччаге.

БетIергьан разияб лагълъи бокьани
Лагълъи гьабулезул гьудуллъун вукIа.
ЛъикIал ахлакъазухъ[5] гIащикъ ватани
ГIарифуназулгун[6] сухIбат[7] цIакъ гьабе.

ГIизраил щвеялъул ургъел батани
Аллагь рехсеялде мацI ругьун гьабе.
Мункар-Накирасда шак ватичIони
Тавбу гьабичIого сагIат биччаге.

СиратI - мизаналда[8] божи батани
Божараб гьалмагълъи балагье дуйго,
Алжанул нигIматал щвезе бокьани
Кьоге нафсалъухъе лугбузул кверщел.

Аллагь вихьиялъул лазат бокьарас
Ла илагьа илла ллагь гIемераб абе.
АхIмад данделъулеб макъам бокьарас
Салат-салам эсде гIемераб битIе.

---

[1] Рагьизе
[2] Аллагьги ракIалда ккун чIей
[3] ТалихI
[4] КIудиял чагIи
[5] Хасиятазухъ
[6] Аллагь лъалелгун (устарзабигун)
[7] Гьудуллъи (гьалмагълъи)
[8] ЦIадиралда

**БетIергьанасулъ лагъ паналъуларо**
**Расуласулъ фанаъ[1] хIасуллъичIого.[2]**
**ХIабибасул фанаъ хIасуллъиялъе**
**Устарасулъ фанаъ мукъаддам[3] буго.**

**Машаихзабазул файзалъул[4] низам**
**БихьичIесда бицун лъалеб жо гуро.**
**Жанисан ток унеб телалъул мисал**
**Босизе бегьила элъий вазнулъун.[5]**

**Файиз абулеб жо[6] – илагьияб нур,**
**Аллагьас лагъасул рекIелъе тIолеб.**
**РабитIалъул магIна – муршидзабазул**
**ЧIагоял ракIазда ракI бухьинаби.**

**Ялъуни гьеб ккола рокьиялъул навгI,[6]**
**Бокьараб жоялде анищ-хьул гьаби,**
**Щибжо рекIей бокьун жив вугониги**
**Гьеб ккола рабитIа доб махIбубалде.[7]**

**БецIаб рукъ гвангъизе гарз (чирахъ) хIажалъула,**
**Гарз бакиялъе шартI ток букIин буго;**
**Токги бачIунаро, хIубал чIван, тел цIан**
**ХIалбихьи бугелаз бачун гурони.**

**ХIуби беканиги, тел тIунаниги**
**Ток къотIун гарз суйин лъалеб жо буго.**

---

[1] **Паналъи**
[2] **Щоларо**
[3] **Цебехъан**
[4] **РекIелъ щолеб асар**
[5] **Данде кквезе**
[6] **Цо тайпа**
[7] **Вокьулесде**

Ялъуни гарзалда гъая бугони
БачIаниги токалъ канлъи кьоларо.

Киналго шурутIал данделъун ккани
Щаклъизе бакI гьечIо рукъ гвангъиялда.
Гвангъун рагIа-ракьан бихьун хадуса
Бигьалъула жаниб табдир гьабизе.

Гьобол-гьудул тIаде вачIунелъулцин
Гьабуларищ рокъоб кIвараб рацIцIалъи?
Гьез гIайиб чIваледухъ рукIинарилан
РакIа-рахарулеб къагIида гьечIищ?

Гьал нилъер ракIалги, хириял вацал,
Халикъ валагьулел рукъзал ругелъул,
РацIцIад гьарун ракIал цIуниялдаса
Амру кIудияб иш дида лъаларо.

Дол хIубазул мисал – силсилат[1] нужой,
Силсилат гьечIони файз бачIунареб,
Файиз байинчIони ракI гвангъуларин –
БорчIа макьидаса, кьижараб агьлу.

Унтарал чурхдузе дарман балагьун
Больницаялде ин суннат батани,
Мунагьазе дару гьабулев тIабиб[2]
ТIадаб буго кквезе муъминчиясда.

Азарго тIехьалъул хIифз[3] гьабуниги,
Гьевги хIажалъула муршид[4] кквеялде.

---

[1] Устарзабазул рахас
[2] Тохтир
[3] РекIехъе лъазабуниги
[4] Устар

Киналго фунунал[1] данделъаниги
Дуй батIин[2] бацIцIине чи къваригIуна.

Чан институт лъугIун мун воханиги
Хирургас гурони чахьал ссуларо, –
История цIалун диплом щунилан
Фельшерлъиялъе дур гьунар гIоларо.

Щибаб гIилмуялъул агьлу букIуна,
Агьлулъун жив гьечIеб нахъчIван бегьилищ?
БетIергьанас кьураб гьунар букIуна,
КьечIелда дагIба бай диналда бугищ?

Далил[3] тIалаб гьави – ширк батанани,
Умматалъул нахъе чи хутIиларо.
Тавассул[4] гьабиги куфру бугони,
Кинабго халкъалъе жужахI тIалъила.

ТIарикъаталдеги бидгIа[5] абуни,
Агьлу ллагьал[6] тIолго гьересилъила.
Савадул агIзамги[7] мекъаб батани,
Машгьураб хIадисги нахъчIвазе ккела.

Машаихзабиги хъанчал ратани,
Мукъаррибуназул[8] цIар лъие кьелеб?
Ла хавфун гIалайгьим[9] сипат гьабурал
Гьал щалдай рукIина умматалдасан?

---

[1] БатIи-батIиял гIелмаби
[2] РакI
[3] Нухмалъулев чи (устар)
[4] Сабабал хIалтIизари, гьоркьоб жо кквей
[5] Суннаталде данде кколареб, нахъа баккараб жо
[6] Аллагьасул агьлу (вализаби)
[7] Умматалъул цIикIкIараб къадар
[8] Аллагьасде гIагарлъарал чагIазул
[9] ХIинкъи жодое гьечIел

**Ункъавго имамги сан гьавичIони,**
**Суннаталъул агьлу лъиде абилеб?**
**Эзул мазгьабалги нахъе кьабуни,**
**Бокьухъе хьвадизе ресни букIина?**

**Расулу ллагьасул суннат цIуниги**
**ЦIакъго квешаб жодай, гьал гIалимзаби?**
**ГIамал бацIцIалъизе ижтигьад[1] гьаби**
**Гьабги бегьичIони щибха гьабилеб?**

**МагIна шаригIати,[2] дир диналъул вац,**
**Дуца лагълъи гьабе дов Аллагьасе**
**Расуласдасан жиб бачIараб куцалъ,**
**Ай бима шуригIа гIала лисанигь.[3]**

**ТIарикъат абула дуца доб лагълъи**
**БацIцIад гьабиялде хIузур[4] ихласгун.[5]**
**ХIакъикъат абула дуда дов Аллагь**
**Даим цадахъ вукIин ракIчIун лъаялде.**

**РакIалдаго гьечIев Аллагьасдаса**
**Инсан кин хIинкъулев гIакъилал чагIи?**
**ХIинкъиги гьечIого, лъайги гьечIого**
**Гьабун гIибадаталъ натижат[6] кьелищ?**

**Лъайи цIикIкIанагIан рокьи цIикIкIунеб,**
**Рокьи цIикIкIанагIан Аллагь рехсолев.**

---

**[1] ЦIакъ бахъи**
**[2] ШаригIаталъул магIна**
**[3] Гьесул мацIалдалъун бихьизабухъе**
**[4] Аллагь ракIалда кквей**
**[5] ГIицIго Аллагь разилъиги тIалаб гьабун**
**[6] ХIасил**

Рехсей гIемерлъидал гъафлатги[1] тIагIун
Доб хIузур малака[2] дуеги щолеб.

Доб савадул агIзам[3] щибан гьикъани,
Агьлу суннат буго хIакъаб нух ккурал.
ХIадисалъ абула элгун рукIаян,
Эздасан ватIалъи бидгIа бугилан.

Абубакар, ГIумар, ГIусамнгун ГIали
Алжаналъул рохел жодой бицарал.
Хулафаалги[4] гьел – Расулуллагьас
Ррашидунал[5] абун сипат гьабурал.

Гьазда нахърилълъарал АсхIабзабиги,
Эзул нухда арал табигIиналги –
АгIламул ислами гьудатул уммат[6] –
Гьале агьлу ссуннат нахърилълъаразе.

Ункъавго имамги эзул мазгьабги
Аллагьасде унеб хIакъаб нух буго.
Эб нух къотIулезе гIакъабаталъулъ[7]
ГIукъдатал[8] ричулеб агьлуги буго.

АмитIил азаян[9] хIадис бугелъул,
Нафсгун кин вагъулев ярагъ гьечIони?

---

[1] Гъапуллъи
[2] Аллагь ракIалда чIолеб гьунар
[3] Умматалъул бищун кIудияб къокъа
[4] Халифаби
[5] РитIарал
[6] Уммат тIобитIулел исламалъул байрахъал
[7] Сангаралъулъ
[8] ГарцIцIал
[9] Заралияб жо тIаса инабе

Яргъилал къуватал дур кодор кьезе
Кумек гьабулел чи – гьеле доб агьлу.

Духъ ярагъни кьолеб фукъагьаазги[1],
Амма гьеб цIунулеб куц манлъулареб,
Лъалез манлъичIони жиндирго ярагъ
Живго чIваялъеги сабаблъун кколеб.

Сайру сулукалъул[2] агьлу какарав
Аллагь лъаялдаса махIрум хутIула,
Мишаихзабазде хвалчен бахъарав
Хвалида витIун ккей щакаб жо буго.

Ширкалъул магIнаги дин-исламалъулъ –
Аллагьасе гIоло гьабулеб гIамал,
ГIужбу-рияъ жубан, жагь-шугьрат[3] бокьун,
Щолеб ажруги[4] хун къабуллъунгутIи.

ЛъикIав чиян ккезе я живго лъазе,
Жагьилзабазда гъорлъ къадру борхизе,
Къуръан цIаланиги, какал раниги
Кири нускъанлъула мурад халгьабун,

Макьилъ бихьанила цо пуланасда
Къиямасеб къо чIун хIисаб гьабула,
Гьес мадугьаласда рагIизе бокьун
БукIанила цIалун радакье Къуръан.

---

[1] ГIалимзабаз
[2] ТIарикъаталъул
[3] ЦIар-машгьурлъи
[4] Кири

ЦIадирабиги лъун хIисаб гьабидал
Гьасул доб къираат[1] нахъе чIванила,
Гьелъул кири боссе мадугьаласухъ
Аян ахIанила гьесде гьатифалъ.[2]

ХIатта алжан щвейи мурадлъун букIун
Ширкалде сверула гьабураб тIагIат,
Гьесул мисал буго хIалтIухъанасул –
Мухь кьун гуронани жив хIалтIуларев.

ХIакъикъияв лагъас Саййидасдасан[3]
Дов разилъи гуреб мухь гьаруларо.
Гьев разилъун хадув рехулел бакIал
Бокьаралъуб букIа, лагъасул иш щиб?

Амма шахийзаби ракIалъе рокьи,
РабитIатги гьабун гьезда аскIов чIей
Гьел васитIалъун[4] ккун ТIагьаясде щвей
ТIадаб амру буго, инсан ватани.

Аллагь лъайи – матIлуб,[5] ТIарикъатги – нух,
ТIоритIулев далил[6] – чара гьечIев чи,
Чорхол замиматал[7] – нухда бугеб заз,
Нахъе гьабичIони хIатIазда къалеб.

Дунни гIашикълъула Аварагасухъ (ж.с.с.лъ.)
Агьлу суннаталъул гIарифуназухъ[8]

---

[1] Къуръан цIали
[2] Гьаракь рагIулев, живго вихьуларев
[3] КIудиясдасан
[4] Гьоркьор
[5] Мурадлъун бугеб жо
[6] Нухмалъулев чи
[7] Какарал тIабигIатал
[8] Аллагь лъалел вализабазухъ

ГIилмуги дий щола эзул кIалдисан,
Адабги манлъула диде устарас.

Диени рокьула гьал вализаби
Гьел гIадин хьвадизе хIал кIвечIониги.
Хьулги цIакъ букIуна РахIманасдехун
Рокьаралгун цадахъ вахъиневилан.

Релълъенлъи гьездехун гьабизейилан
Гьунар гIечIониги къасдги букIуна.
Къавмалда ташаббугь[1] гьабурав инсан
Гьезул вукIиналда ракIги цIакъ чIола.

Рокьун гьелги рехсон гIуцIараб мажлис
ГIаршалде щвезегIан нуралъ гвангъула.
НакIкIукьан цIад гIадин тIаде рештIунеб
ТIолго хIазирунал[2] баркаталъ цIола.

КигIан рехсаниги хабар гьуинал
Гьаб тIаифаялъул[3] дие хиралъи,
Гьалгун цадахъ тани жужахI щваниги
Щибго ургъел гьечIо гьикъани рекIей.

Рокьи ккарав гIашикъ гIайибалдаса
ГIинкъав вукIунилан букIуна аби,
Аллагьас дий кьураб хIубул авлияъ[4]
ХIуссадаз[5] гIайиб чIван кибеха инеб,

Куну-нуж рукIаян магIа ссадикъин[6]
Къуръаналъ манлъула лъай бугелазда,

---

[1] Релълъенлъи
[2] ГIахьаллъарал
[3] Къокъаялъул
[4] Вализаби рокьи
[5] ХIалхьубаз
[6] РитIухъал чагIигун

**Вабтагъу илайгьил василат[1] абун**
**Аятги кIалъала жаваб кьолезде.**

**Кун магIа ллагь ваин лам такун факун[2]**
**МагIа ман - гьев чигун кана магIа ллагь**
**Фаиннагьу - гьесги юсилука мун**
**Ила ллагьи абун хIадисги буго.**

**Ашшайху фи къавмигь - къавмалъулъ шайих**
**Каннабиййи[3] вуго фи умматигьи.**
**Гьалъги гIей гьабила гIакълу бугесе**
**Басираталдасан[4] бутIа бугони.**

**Гьанже нуж гIенекке, диналъул вацал,**
**Диналъулъ баккараб унти бицинин,**
**Дагъистан ракьалда тIибитIун бугеб**
**ЦIа-кан баян гьабун кIалъай гьабизин.**

**Лъабкъоялда анцIила лъабго фиркъа[5]**
**Жиндир умматалъул букIине бугин**
**Бицун тун букIараб ХIабибуллагьас,**
**Гьезул баян бугеб "Гъуняталдаги"[6].**

**Бицараб куцалда гьел загьирлъарал,**
**Гьезул игIтикъадги[7] бикь-бикьун ккараб,**
**Куллугьум фи ннари илла фиркъатан**
**ВахIидатан[8] абун лъайги гьабураб.**

---

**[1] Аллагьасде щвезе василат тIалаб гьабе**
**[2] Мун Аллагьгун вукIа, бажаричIони Аллагьгун вугевлъун вукIа, гьес мун Аллагьасухъе щвезавила**
**[3] Жиндир умматалда жанив авараг гIадин вукIуна**
**[4] РекIел канлъиялдасан**
**[5] Къокъа**
**[6] ТIехьалъул цIар**
**[7] РекIел чIей**
**[8] Киналго цIадаре уна, цо къокъа хутIун**

Гъеб цохIо фиркъаги савадул агIзам[1]
Алмутамассикату бисуннатигьи[2]
БетIергьан Аллагьас тIовитIарав лагъ
Гъазда гъорлъ хутIила щив вугониги.

ШаригIатги биххун исламги кIочон
Иман дагьаб тайпа муртадлъаниги[3]
Дагъистан ракьалда муъминзабазул
Мунажат[4] къотIичIо Аллагьасдехун.

Имамзабиги хун, дин хараблъидал
Хаввасаз[5] цIунана бацIцIадаб ТIарикъ,
Балагьазул сонал тIаде щваниги
ТIагьал ссуннаталде хIур ккезе течIо.

ХIабибасул Варис,[6] ХIакъав Мужагьид,[7]
Икълималъул имам Гъази МухIаммад;
ГъалбацI Шамиль имам – диналъул хвалчен,
Халват жалваталда[8] тIубарав муршид.

МухIаммад Ярагъи – къиматаб маржан,
КъутIбу Жамалуддин – Жавгьарун нафис,[9]
Накъшубанд ТIарикъат Талкъинги[10] гьабун,
Гъаз камил гьавуна кIиявго имам.

---

[1] Бищун кIудияб къокъа
[2] Аварагасул суннат ккураб
[3] Къосананиги
[4] Шуршуди
[5] Хасаб агьлуялъ
[6] Ирсилав
[7] Гъази
[8] ТIатун халват
[9] Багьаяб жавгьар
[10] Малъун

**Адабуль Марзият, жамигIул усул,**
**Багьжату ссанийййат, танвирул къулуб,**
**АлхIадикъатгун гъунят, асфал маварид,**
**Ибриз, шархIул хIикам, тухIфатул ахIбаб,**

**ХIадаикъ, хIакъаикъ, гIавариф, ихIяъ,**
**Хазинатуль асрар, рухIул баянги**
**Сайру сулук ила маликил мулук,**
**Ибну бинтул майликъ файзу ррахIмани,**

**Мингьажул гIабидин, силкул гIайинги**
**Анварул къудсийййат, бахIрул маврудги**
**Мактубатул имами ррабанийййи**
**Рисалату халидил багъдадийййи.**

**Гьел гурелги ругел кафутухIатил**
**Илагьийййати фи нафгIил арвахIи**
**ЛатIаифул минан, мифтахIул фалахI**
**Жавагьиру ссулук кутубул къавми**

**ИмтихIану саликин абурабги**
**Уммул баяналъул гIибараталги,**
**Тамбигьу саликин абураб тIехьги**
**ТIокIаб сайгъат буго магIарулазе**

**Рехсарал тIахьазде тIулугI[1] гьабуни**
**ТIокIкIина дур рекIел хIабургъараб къасд.**
**АхIбаразул[2] калам ургьиб биччани**
**Иншааллагь щвела дуе баракат.**

**Бетараб рахь гIадаб дин-исламалъулъ**
**Доб баккараб унти вагьабиялин, –**

---

**[1] Ваккани**
**[2] ГIалимзабазул**

Гьеле доб цIа-канги Дагъистаналъул
Дияразда[1] жаниб тIибитIун бугеб.

Жиндир умматалъул цо къавм бахъина
Нахъ заманалдаян ХIабибуллагьас
Бицараб гьаб хIадис бихьулеб буго
Гьал вагьабиязде ишара бугеб:

**Кана расулу ллагьи салла ллагьу гIалайгьи ва саллама якъулу: язгьарул ислам хIатта яхталифа ттужжару фил бахIри хIатта юхаяялал хайлу фи сабили ллагьи сумма язгьару къавмун якъраунал къуръана якъулуна ман акърау минна ман агIламу минна ман афкъагьу минна сумма къала расулу ллагьи сала ллагьу гIалайги васаллама гьал фи улаика мин хайрин?**

**Къалу: Аллагьу ва расулугьу агIламу. Къала: улаика минкум мин гьазигьил уммати ва улаика гьум вакъуду нари.**

"Кашфул гъамам"[2]

---

[1] Шагьаразда (рукъзабахъ)

[2] Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абулеб букIана: Ислам тIобитIизе буго, хIатта бусурбанал дармихъаби ралъад бахун дармидаги хьвадизе руго, жеги чуязда рекIун гъазаваталги гьаризе руго, цинги цо къавм баккизе буго Къуръанги цIалулеб, жудода гIадин Къуръан лъида лъалеб, жудода гIадин гIилму лъида лъалеб, жудода гIадин лъикI лъида бичIчIулеб абун жалги кIалъалел. Цинги свалат салам лъеяв аварагас абуна: Гьел чагIазулъ дагьабниги хайир бугищ? абун. АсхIабзабаз абуна: Аллагьасдаги гьесул илчиясдаги лъалинха абун. Гьес абуна: Гьел нуждасаги гьаб умматалдасаги рукIине руго, гьел цIа рекIунел, цIадар рухIулел чагIи ругоян. "Кайфул Гъамали" абураб тIехьалдаса босана.

**Агьлу ссуннаталъул даиратaлда[1]**
**Жанир чIезе чIухIун къватIир лъугьарал,**
**Къуръан-хIадисалъул имамзабазде**
**ИнкарчагIи руго гьел пакъирзаби.**

**ГIилму цIалулаян цIар ахIи гуреб,**
**ГIибадат-диналъул агьлу гьеб гуро,**
**Авлияалги гьез сан гьаруларо,**
**Гьале Къуръанилан къец бан гурони.**

**Къуръаналъул магIна дида лъаларо,**
**Лъалез бицунелде гIей гьабун чIола.**
**ГIалимги дун гьечIо дагIба гьабизе,**
**Динияб насихIат бичIчIи гурони.**

**ЧIегIерабгин хъахIаб батIа гьабизе**
**БитIараб гIакълуни кьуна Аллагьас,**
**Гьединаб гIакълудул къали цIурасе**
**СахI бугони гIола гIилмудал къадар.**

**Къуръан-хIадисалъул магIнаби гьари**
**Агьлуялъе тола тавфикъ кьураца, –**
**Тулпарал сверулел гIатIилъабазда**
**ГIорцIмабаз рекерун чIел босиларо.**

**Сабабу нузулги[2] насих мансухги[3]**
**МагIна гьабиялъе лъайи – шартI буго.**
**ЛъайчIого гьабураб магIнаялъ инсан**
**Мекъаб нухав тIами – хIакъаб жо буго.**

**Жиндаго лъаниги лъалесда гьикъи –**
**ГIакълуян абула чIахIиял чагIаз.**

---

[1] **Гор сверияллда**
[2] **Аят рештIиналъе ккараб сабабги**
[3] **Жинца насху гьабурабги жиб насху гьабурабги**

**Ана ГІалим[1] абун кІалъалев чиги**
**Жагьиллъун рикІкІуна гІукъалааца.[2]**

**Къуръан-хІадисалда жал нахъгІунтІарал**
**Жидер тадвин[3] бугев ункъавго имам,**
**Эз истинбатІ[4] гьабун бахъараб гІилму**
**ГІамилал[5] руго нилъ, бикьула ругел.**

**Амма гІалимзаби гурилан абун –**
**Ибну хІажарасги цІунараб мазгьаб,**
**Гьебги цІунуларел вагьабиязде**
**ЦІар нужоцаго лъе, диналъул агьлу.**

**Динул исламалъулъ цере ккаразул**
**ЦохІониги гьечІо мазгьаб кквечІев чи.**
**Гьезулин абуни кІудияв имам**
**Ибну ГІабдул Вагьаб МухІаммад вуго.**

**Гьес диналда жаниб гьабураб питна**
**МутагІилзабазда бичІчІун букІине**
**ГІалимзабазде дир васият буго**
**"Дурару ссанийййат"[6] тадрис[7] гьабеян.**

**Гьал вагьабиязул квешлъи гІеларищ**
**ГІаламалъул Саййид[8] сан гьавунгутІи?**
**Гьесул мавлид ахІун рохел гьабиги**
**Гьазул шайихзабаз ширклъун рикІкІуна.**

---

[1] Дун гІалим вуго
[2] ГІакъилзабаз
[3] ГІилму хъвараз
[4] Къуръан-хІадисалдаса бахъун
[5] ХІалтІулел
[6] ТІехьалда цІар
[7] Малъеян
[8] Авараг

**Ширкалъул агьлуян хIукмуги гьабун,**
**Гьез тIарикъатчагIи чIвазе нух кьола.**
**ЧIумал кодор ккураб агьлуялдаса**
**Эзда рихарав чи цониги гьечIо.**

**Цере квералги ккун дугIа гьабицин**
**Гьезий хIарам букIин хIажалъ бицана.**
**ХIабиб АхIмадиде зиярат гьаби (ж.с.с.лъ.) –**
**Гьебги куфру буго вагьабиязе.**

**Гьединго чи хведал хадуб гьабулеб**
**Къулгьу-АлхIамги гьез нахъчIвараб буго, –**
**ЧIаго дунялалда гьабураб гуреб**
**Гьезий щоларилан инкар ккун чIола.**

**КигIан СахIихIабги[1] хIадис азие**
**ЗагIипаб букIуна, данде ккечIони,**
**ЗагIипалдагицин гIамал гьабизе**
**Бегьулин бицуна кьучIал тIахьаца (лъикIал гIамалазулъ)**

**Гьересиги эзий гIадаб жо гуро,**
**НагIдала ккойзеги мадар гьабула.**
**Вагьабиял рукIин загьир гьабизе**
**Гьезий чара гьечIо халкъ тIурулелъул.**

**Хиянат гъорлъ гьечIеб бацIцIадаб хьвади**
**Балъго   гьабиялъе хIикмат щиб кколеб?**
**ХIакъаб нухалдаса гьел тариялъе**
**Гьалдаса кIудияб нугIлъи букIинищ?**

**ГIилмуялъулъ батIин[2] Аллагьас кьечIеб**
**Агьалиялдасан баркат щвеларо,**

---

**[1] КьучIабги**
**[2] РакIалъул гIилму**

Шекъер ккун гъоркьехун Къуръан рештIинчIел
Къавмалда аскIов чIун чи вохиларо.

Хизрилги Мусалги лъугьараб къиса
Къуръаналъ бицунин хал гьабуларищ?
Хизрица вас чIвайи, гама хвезаби
Загьир гIилмуялда битIараб бугищ?

БатIиналъул[1] бугеб хIикмат бициндал
ХIукму мекъса ккараб бакIго бихьулищ?
ШаргIалда хIарамал пишабазулъги
Пайдаби рихьулищ ратулел ругел?

РахIманас гьаб къиса гIадада гуреб,
ГIакълу бугел чагIи, загьир гьабураб,
Гьаб гIилмудул агьлу къабуллъуларел
Къатала гьуму ллагь анна юъфакун.[2]

Ахир заманалъул гIаламат буго
БидгIаялъе кумек, квербакъи цIикIкIин,
Куфру-нифакъалъул агьлу гIемерлъун
ГIаламалда жанир питнаби ккейи.

Жавгьар-якъут гIадаб исламияб дин
Магьди вайинчIого бацIцIалъиларо.
Бакъул канлъи гIадаб гвангъараб суннат
Абул Къасим щведал кквела умматалъ.

Мун гIайлабалъаяб гIарацгун месед,
Инсанасе дуца толареб хIалхьи;
Толеблъи лъаниги дунялалъул рукъ,
Дур берцинлъиялъухъ рокьи кколеб куц.

---

[1] Балъголъиялда
[2] Аллагьас чIван лъугIизареги гьел кирехун хIакъаб жоялдаса руссунел

Кквезе чи тIагIаяб хIал къинчIеб давла,
Дур миллионазул тавуш ун буго.
ТавазугIалъ[1] чIваяб хIуббу рриясат,[2]
ХIалтIи хванагури духъ гIашикъазул.

Факъру бергьун къаяб къимат гьечIеб мал,
Мун сабаблъун вацлъи гIадаватлъана.[3]
ГIакълудул чIор щваяб чIухIараб жагьлу,
ЧIвана гурищ дуца гьал муъминзаби.

Мун лъикIаса таяб тижарат[4] базар,
Бергьанагури мун гьаб халкъалдаса?
Хур бекьи, бокь бахъи нахъеги кьабун
Кьуна дуца азий банказул шотал.

Кисиниб рехизе шагьи щолареб
Шот-номералъ гIадин гIадан рецайчIо.
Цебе-цебе тIурун, хадурги ахIун,
Алъ гIадин гуккичIо абнау ддуня.

Дийги цIакъ бокьула дуниял гьаби,
Дин-исламгун цадахъ бачине лъани.
Бечедал какунги кIалъалев гуро,
КIочон тун бегьилищ МахIшаралъул къо?

Къец бан бергьаразе алжан кьун хадуб
Микьабгго бахъила вагьабияца.
Къел босун чIаразе жужахI кьунани,
Анкьабгоги щвела вализабазе.

---

[1] ЧIухIи гьечIолъиялъ
[2] БетIерлъи бокьи
[3] Тушманлъана
[4] Базар

**Гаргадизе лъаялъ макъам борхани,**
**Акърабияталги эзие щола.**
**Аллагь гIемер рехсей гIисян батани,**
**ГIубаддазул цIакъго къагIида хвела.**

**Къалам гIодоб тезе хIукму букIана, –**
**ХIавадисаз течIо къотIуда чIезе.**
**Икълималда бугеб гьава-бакъ хисун**
**Хилиплъизе ккана дунго диего.**

**Дица вагIза гьабун чи кантIиларо,**
**БетIергьан Аллагьас тIовитIичIони.**
**Иннака ла тагьди ман ахIбабта абун**
**Аварагсдеги аят рештIиндал (ж.с.с.лъ.).**

**НухI аварагасул вас къосун хварав,**
**Къабилица Гьабил ХIасадалъ чIварав,**
**Къарум бахиллъиялъ гIодов речIчIарав,**
**ЧIухIалъ Абу Жагьал гьалак гьаврав.**

**Гьесул вас ГIикрамат асхIаб лъугьарав,**
**АсхIабул кагьфазулъ къитIмир бергьарав,**
**Къавмалдаса цIунун ГIиса Авараг (ж.с.лъ.)**
**Аллагьас зодове чIаго вачарав.**

**Ибрагьим авараг жанив рехидал,**
**ЖужахIлъун боркьараб цIаялъ вухIичIев.**
**МухIиддин ГIараби жагьилаб къавмалъ**
**Къосунин цIарги лъун гIадада чIварав.**

**ГIумар, ГIусман, ГIали шагьидлъун хварал (Аллагь разилъаял)**
**ХиянатчагIазул хIила-макруялъ.**
**УхIудалъул къоялъ ХIамзат ватIалъун**
**ХIабибас бачараб кIудияб захIмат.**

Умматалда жаниб маслахIат бихьун
ХIасан гIодов чIарав халафалъи тун.
Халкъалъ мубаягIа хвезеги гьабун
ХIусен шагьидлъарав Карбилаалда.

Ункъоазар соналъ лагълъиги гьабун
Иблис гIассилъараб БетIергьанасде.
Мискинлъи хIехьарав СагIлабатица
БоцIи гIемерлъидал закат нахъчIвараб.

Зулмуялъул гIорхъи рагIалде щведал
Шаддад гьалаклъарав дугIа къабуллъун.
ГIилму цIалулезулъ цIар арав фагьим[1]
Ибну сакъа хварав гIурус диналда.

Нусиялда къого соналда жаниб
ГIисян[2] лъугьинчIого Аллагь рехсарав,
Ахирияб хIухьел мекъсаги бахъун
Барсис кьосун хварав, агIазана ллагь.[3]

ГIарац-меседалъухъ Шамиль вичизе
Пачагун рекъарал мунапикъзаби.
Мунагь-хатIа ккечIел васал гъанкъидал
ГIакъидат хисичIеб Сугъуриясул.

Судго гьабичIого умумалги чIван
ЧIегIербарал васаз исламги какун,
Коммунист партия чIахъагийилан
ЧIвалеб хъатил гьаракь букIараб гIинзукь.

---

[1] БичIчIулев
[2] ГIассилъи
[3] Аллагьас цIунаги

ГІисян фискъуялъул[1] къокъаби камун
Къарну[2] букІун гьечІо хІисаб гьабуни,
Гьанже гІалимзаби чарлъунин абун
Чара хвейи бицин дир мекъаб буго.

Къурраал[3] хилифлъун бекараб рекІехъ
РахІматалъ балагье, хІалкІолев Аллагь.
ХІажат гьечІеб хабар бицун батани,
Тавбу, дир БетІергьан, астагъфиру ллагь.

ТАММА

********************************************

**************************************

********************************

*Бисмиллагьи ррахІмани ррахІими.*

# МацІихъанасде гьабураб

РекІел анищазул манщу къотІидал
Къварилъараб керен киндай сахлъулеб?
Хивалал чІунтидал чІалгІараб дунял
ЧІаголъулеб дару кисадай щолеб?

Кодобе щолареб щунгъар бокьидал
Щиб хІилла гьабундай гьелда квелъ балеб?
Гьекъон гІорцІулареб гІайну бакъвайдал
ГІалим щоларевдай хІикмат бицунев?

---

[1] ГІассилъи-пасикълъиялъул
[2] ГІасру
[3] ЦІаларал

Берцинаб тIогьол махI тIотIода чIвайдал
ТIаса гьеб гьукъулеб къагIида щибдай?
КъватIахъ сверун хадуб сирру[1] бахчулеб
Сабаб хъвalародай мацIихъабаца?

ХъахIал рагIабазул гулла щварасда
Щиб дару бихине хирург вачIунев?
ЧIегIер хивалазул хвалчаца чIварав
ЧIаго гьавун толев тохтур вугодай?

КIиго гьумер бугев гьудул ватани
Гьесий рекъолеб щиб гIакъилал чагIи?
ГIадан божуларев жансус дандчIвайдал
Диван кин гьабулеб, гьал супизаби?

ГьоцIо бецIцIулаго мацIалъ хеч чIвалев
Хиянатчиясе щиб къимат кьолеб?
ШайтIабигун цолъун рецц бокьарасда
Бице лъалев чияс лъезе хIакъаб цIар?

Дица къасд гьабураб къурратул гIайни[2]
ГIемерлъун бихьундай дур хIал хисараб?
Диналъул шурутIал тIагIиниланищ
ТIаде босун бугеб дий нух къотIизе?

Духъа чед бахъулев хъантIги дун гурин
Хъван дир цIар кьуралъухъ кьунищ дуй орден?
Инсангун семулев саяхъ дун гьечIин
Гьаб ачу дилъ ккезе ккараб гIила щиб?

ГIилмуялъул бахIру[3] къуна бугилан
Къварилъуларев дулъ иман кин чIолеб?

---

[1] Балъголъи
[2] Берзул канцIа
[3] Ралъад

Исламалъул чирахъ свиналда хIинкъун
Ссудулареб ракIалъ дин кин гьабулеб?

Дунялалъул боцIи мацI гьабун кунев
Камиллъун вахъинищ гIибадаталъулъ?
ГIилму-тIалабалъе тIехь бокьаравгун
Кьалде вахъарасе щолищ даража?

Дица кепкал кьураб китабалъул[1] цIар
Кин загьир гьабичIеб гьудулзабазе?
Гьеб босараб макан[2] гIакса бицине
ГIайиб бугоан дур хъахIаб расалъе.

ЛъикIлъи гьабулесе кумек гьабеян
Каримасул рагIи гьечIищ тIехьалда?
ТIагьал хIадисалги хIалхьун регьичIищ
ХIал хъубал чагIигун данделъугеян?

Дуй гIолареб жо щиб, гIадалав инсан,
ГIилмуялда рекъон хьвадунгутIизе?
Цинги камураб щиб, камилав гIабдал,
Дунял тун, ахират гьабун гутIизе?

Гьанжениги кантIе, тIуварав ахIмакъ,
ТIаде гIагарлъулеб хвелги бугелъул!
ТIаса лъугьайилан гьарулареб кин
Гьедин ракI лъукъарал пакъирзабазде?

## ТАММА

************************************************
*************************
***************

[1] ТIехьалъул
[2] БакI

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Дагъистан икълималъул къиса дудаго лъазе

**АлхIамду лиллагь нижер кидаго камичIого,**
**Куллу-гIалам бижарав Халикълъун мун ватидал.**
**Хадуб свалатгун салам хирияв ХIабибасде**
**ХIакъаб дин насху[1] гьабун хадув Расул витIичIев.**

**Цинги бицинин хабар, халгьабе диналъул вац,**
**Дагъистан икълималъул къиса дудаго лъазе,**
**Бикъун гьабулеб динги дунялалъухъ бичулеб**
**Нич гьечIеб гьумералда гьабизе кканин гIайиб.**

**ГIилмуги тIарикъатги къватIазда балъаргъулев**
**Балъгояв хиянатчи хун ракьалде вуссаги.**
**Хасго тIарикъаталъул тIомода махIги сунтIун**
**Макруялъе хIалкъарав къинавеги Аллагьас.**

**Имамзабаз квелъги бан квегъуд ккараб Дагъистан,**
**Капурзаби хIаллъидал, хIал щун гIодоб ккун буго.**
**ХIакъабгин батIулалъе битIун гIадлу гьабулел**
**ГIалимзаби тIагIиндал, тIеренлъана дин-ислам.**

**Дунялалда машгьурал кашишзабаз кIутIулеб**
**ШайтIабазул жергъаде жагьилалги руссана,**
**ЖамагIат тIобитIизе тIаса рищун толелги**
**Диналде инкар бугел капурзабалъан ккана.**

---

**[2] ТIаса босун**

**Кинниги БетIергьанас тIовитIарав муъминчи**
**ШаригIат мукъсанлъунан мекъаб нухалъ инаро,**
**Аллагьасул рахIмат-цIоб цIогьорас бикъиларо,**
**Къадирасул хIукму тун хIиллачи бергьинаро.**

**ХIал бергьараб куц ккедал бицунеб хабар буго,**
**Хадуб дугIа гьабеян гьари ножоде буго.**
**Гьардарав Аллагьасде хIеларaб назму буго,**
**ХIабибасде хьул лъураб ахIулеб шигIру буго.**

**ТIолго анбияаца[1] имамлъун жив гьаврав,**
**Жиндир хиралъиялда хадув инсан гъоларев,**
**РухI босулеб сагIаталъ умматиян[2] ахIарав,**
**МахIшаралъул къварилъи жиндалъун бигьалъулев,**

**Лъеги, Аллагь, Дур салам АхIмадгун агьлуялда,**
**Иманалъ курмул цIураб бацIцIадаб наслуялда,**
**Исламалъул рукъ байзе ункъабго танлъун чIарал**
**Абубакаргун, ГIумар, ГIусмангиму ГIалида.**

**Гьезда нахърилълъанщинал дур машаихзабазул**
**Камиллъаги даража дунял-ахираталда,**
**Дур фазлуялъ[3] тIокIлъарал ТIагьаясул акътIабаз**
**Умматалъе тIутI лъураб ТIарикъги гIатIилъаги!**

**ГIакълу цIикIкIанщинаца цIогьохъе кунел ругел**
**Камилал дур нигIматал тоге, Аллагь, тIагIине.**
**ТалихI бугез бищулеб барщараб алжанул пихъ**
**ИнкарчагIи тIаделъун тIезе тоге, БетIергьан.**

---

**[1] Аварагзабаз**
**[2] Дир умматан**
**[3] ЦIобалъ**

ГьацIул тIалаялда тIад тIутIал ругин свердулел, –
ТIолгоязул Мун бечед, раче Дуцаго нахъе.
ХъахIмакказул жийин лъан жендулел ругин гъудул
Гъосол гохIал хъирщизе хъаме, Аллагь. дорегIан.

ХъахIаб нуралъ гвангъараб рагъиялда сентIолел
Сима[1] квешал гьабзазе гьабе Дуцаго хIукму.
Дур рахIматаз хIалхьараб хIавуз сверун тирулел
Дажалил церехъаби нахъчIвай, гъафуру РрахIим.[2]

РакIалда нифакъ[3] бугел къосарал мацIихъабаз
Хъвалел руго гIарзаби гIайнул хIаят[4] какарал,
Куфруялдехун тарун талихI къарал гIадамаз
Толебго гьечIо хIалхьи хIакъал вализабазе.

ХIал хъублъарал къан кколел къвакIарал чармил гудрал
Чанги муршид вахъаги Дагъистан икълималда,[5]
Унтарал муридзаби дару кьун сах гьаризе
Халатаб гIумру кьеги нижер устарзабазе!

Алжаналъул чирхъазул чалу къотIизейилан
Чанги ахIмакъ хIалтIарав, тIубайчIеб эзул мурад.
ТIарикъатги гIилмуги гIамалгун хьвадарасе
Инша Аллагь, кидаго камизе гьечIеб баркат.

ГьоцIо тIолеб тIалил най тIегь цIуйзе щун бохула,
Щвараб давла цIунизе цIакъ бахъе, муридзаби.
ЦIар ахIараб хазина хабалъги бещуларин,
Хъатиралда хьвадизе тIадаб буго нилъеда.

---

[1] Сипат
[2] ГурхIулев, мунагьал чурулев Аллагь
[3] Мунапикълъи
[4] ЧIаголъиялъул ищц (устар)
[5] Улкаялда

Диналъул вац кантIизе калам гьабурав мискин
МахIшаралде вахъиндал къабихI гьавуге, Аллагь.
Гьаб шигIру ахIулезде ахIи буго дир рекIел
ДугIа гьабулеб бакIалъ кIочонге, вацалилан.

*********************************************
***********************************
**********

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Халкъалъул хьвада-чIвадиялда хурхараб вагIза

АлхIамду лиллагь Аллагь, гIалам загьир гьабурав,
Свалат Аварагасде, халкъ диналде ахIарав,
Агьлу-асхIабзабазде цинги табигIиназде,
БитIараб нухда арал тIолго имамзабазде.

Гьелда хадув кIалъазин цо дагьал рагIаби хъван,
Халкъалъул гIамал бихьун биччараб балагь бицун,
Балагь борхулеб сабаб сутIураз[1] бицун буго,
Къуръангиму хIадисалъ гьеб баян гьабун буго.

Халкъалъ жидер хасият хисизе гьабичIони,
Халикъас тIад биччараб хисуларилан буго.
Дуниял херлъун букIин халкъалда кIочон тедал
КIудиял гIаламатал загьирлъана росабалъ.

---

[1] ХIущаз, мухъаз

Замана ахирлъараб лъаларел нилъ кантIизе
Куллу-гIалам хIинкъараб хIал биччана ракьалде.
ХIакъав магIбуд гуресул къуват гIунтIулебани
Къойил багъарулеб ракь бокьухъе телароан.

Аллагьасул хIалкIолъи хIакъаб гьечIебанани.
ВатIан биххун гьаб гIалам гIалхуде ккелароан.
ГIамал бугел тIахьаца тIадеги цIакъ бицуна
ТIаде балагьал риччан гьалаглъарал къавмазул.

Къуръанги гаргадула дунял-гIалам бижарав
Жинде хилифлъи гьечIев Халикъ цохIо вугилан.
Цинги дуца хал гьабе халкъ хьвадулеб куцалъул,
Куфруялда къвалги бан гьекъолдулел чагIазул;

Рокъор руччабиги тун матушкаби кквеялъул,
Мунагьазда даимлъун дин хараблъун[1] ккеялъул,
Хадурги нуж балагье балкан гIадал чурхдузухъ,
Какил гIужго лъаларел гIажаибал чагIазухъ:

ГIарцул кисаби пунцIун пивоялъ чахьал цIутIун,
ТIокIаб хIалтIиго гьечIел хIайвану натIикъазухъ,[2]
БотIрода каралги тун килщазда малъалги тун
Кашиш гIадин хьвадулел гIисинал гIолохъабахъ;

ГIадлу эзий гьабизе гьунар гьечIел умумухъ,
Абидал квеш бихьулеб какараб гIамалалъухъ,
МагIишат гIуцIиялъе цIакъ бахъулеб куцалъухъ,
ЦIогьгун хIарам жубараб хIиллагун макруялъухъ;

ХIалаллъи тIалаб гьечIеб чорокаб боцIиялъухъ,
БацIцIалъи цIехолареб хазинагун малалъухъ,

---

[1] ЧIунтун
[2] КIалъалел хIайванал

Хасго дуца эс гьабе Аллагьас биччан бугеб
ГIатIидаб рикъзиялъул къимат гьечIеб куцалъул;

Къоно чехьалдаги чIван хьвадарал мискинзаби,
Куйне чед гьарзалъидал гьел ахIдолел куцалъул;
Цойги дуца хал гьабе гьанжесел руччабазул,
Гьезул гьурмада гьечIеб ничгун намус-яхIалъул.

ХIалалъ тIад къайзабулеб къваридаб ретIелалъул,
Къаркъала цебе лъураб цо гIадаб формаялъул,
Цониги кIаз къайчIого къвакIун чIарал бутIрузул,
ТIогьроцIцIиб гьабун бугеб цIекIмахIаб гозоялъул;

ЦIиндиго ретIунарел тIил гIадал махIабазул,
ХIатIил угъдул рорхарал хассал ишпилкабазул.
Бусурбанал вацазул цоцалъ бугеб жахIдаялъ
Жиндие щолеб чадихъ чи цIадаве рехула.

Чияр боцIи-мал кквейи цIогьлъун рикIкIунеб гьечIо,
ЦIарго гьечIел руччаби рокъор хьихьулел руго.
Бихьиналгун руччаби диналъе чучун руго,
Чорхой рахIат бокьиялъ кьаву чIван ракIал руго.

Ракьалдасан рижараб кIочонго хутIун буго,
Хвел нахъа букIиналъул кIварго гьабулеб гьечIо,
Гьабулеб гIибадатги гIадатлъун сверун буго,
ГIадамазул цIаруе цIалдолел чагIи руго.

ГIужбу-рияъ[1] гъорлъ жубан гъая ккечIеб данделъи
Диналъул вац-яцазул цIакъго лъедерлъун буго.
ЦIоб гIатIидав Аллагьас эркенаб гIумру кьедал
Бокьа-бакьараб гьабун гьаваялда хьвадана.

---

[1] ЧIухIи - рихьдай

Гьарзаяб ризкъи биччан рахIаталда таниги
Рецц гьабун гьеб кванайчIо какун басра гьабуна.
Балагьгун рахIмат бикьи РахIимасул иш буго,
Амма нилъер гIайибал гIузруго гьечIел руго.

Замана квешлъунилан копой хабарги бицун,
БухIулеб буго халкъалъ бакъварабгун гIатIгояб.
ГIаламалда ццин бахъин нахъчIвазе хIужжа гьечIо,
ХIатта дунял багъари балъаргъулелцин руго.

Балагь тIаса босулеб тIабигIат-гIамал гьечIо,
ГIажаиблъи-хIикмалъи ХIакимас гьалда тани.
Гьороца зарал кьейи ракьал тIун гъоркъе рачIин –
Чанги гIаламат буго гIакълу бугел кантIизе.

Ракъул балагьал тIами, тIупан тIун гьалак гьари –
Гьебги гIелаан хIикмат хIисаб гьабун букIани.
Бусурбанав чиясул чорхое хIарамлъарал
Чанги гIузраби руго гIадамазда кIочон тун.

КIудал мунагьал гьарун гьездаса  тавбу гьечIев
Таманав ахIмакъ вуго бахIарчилъи бокьарав,
Багьадурлъи гьабизе, гьунар тIокIав вахъине
ХъахIаб кьеян тункула тукенчиясул рекIелъ.

Тохал бакIалги цIехон, цIодорав гьалмагъги ккун
ЦIезабула истакан квешаб загьруманалъул.
Каранда ццин жемула, жаниб ракI гьалаглъула,
Гьанже лъугьуна чора бече гIадав васасул.

Беразул нур тIагIуна, ботIрол гIакълу сверула,
ГIаркъил истаканалъул кутакги загьирлъула,
Квешлъиялъул кьучI тIамун тIад квалквазе лъугьуна,
Кумек шайтIаналъ гьабун щулияб хъала бала.

ШаргIалъ сухъмахъ кьоларел кьурабалъан хьвадизе
Кьолараб чу бачIуна, чангит иблисалъ бараб,
Элда рекIун чораца чанги гьунар гьабула,
Чорокалщинал тIабгIал тIуран эсулъ хIалтIула.

ТIагьаясде хIал щварал хIукъукъал загьирлъула,
Зоб-ракьалъ хIехьолареб хьвади эс балагьула.
Умумузул ирс бикьи кьучIдасан хисун буго,
Варисзабазул боцIи бергьараз кколеб буго,

Бесдалазе щолелда, щалилаз босулелда
БатIулаб дагIба балез Дагъистанго цIун буго,
Дунялалъул гIадатаз гIалам гуккулеб буго,
ГIадада холеб боцIул хIисаб гьабулеб гьечIо.

ЧIухIдае къайи босун, къец бан чини бакIарун
Руччабазулни иман элдехун буссун буго.
Рехсанщинал тIабгIазе тIубан нилъ хIакъал руго,
ТIокIаб хабар бицани халалъулеб аб буго.

Халкъалъул гIузру бачун назму дица хъваниги,
Дидасаго чорокав чи данделъулев гьечIо.
Гьаб вагIза – дир насихIат нахъе бугеб гIелалъе,
ГIакълудул асар бугез ургъун пикру гьабизе.

ВагIзаялъе хIакъав чи дунго гьчIонаниги,
Гьабуна данде шигIру гIаламалъул хал гьабун.
ГIемерисеб халкъалъул хасият кваш бихьидал
КантIиялде хьулги лъун лъугьана дун кIалъазе.

Диналъул адаб тарал тавбуялде руссине
Сабабгури ккелебан ккана, вацал, ракIалде.
Иман-ислам фарз букIин кIочарав жагьиласе
КIудияб вагIза буго заманалда рекъараб.

Къуръан-хIадис лъаларел уммиял[1] гIадамазе
Назмуялъ какун буго квешабщинаб тIабигIат.
ТIадегIанав Аллагьас нилъ рижинги лъалаго
ЛъикIаб тун квешаб гьаби – кинаб гIакълу гьеб кколеб?

ГIилмул якъиналъул ицц къунги лъугIун гьечIелъул,
Къойил цIехоларел щай шаригIаталъул нухал?
Хирияб динул ислам дунялалъухъги бичун
Бечелъи щварав гIабдал гIакъил киса вукIунев?

ГIаркъил шиша шаргIлъун ккун, щвараб давлаги буххун,
Ахират кIочарасда кIодолъи киб батулеб?
Квешабщиналда кьан бан, кьогIабщиналда къвал бан
КъачIараб дунялалъин дуда махх байзе бугеб.

БитIаралда цIар тIамун тIекъалда магьари лъун
Гьабураб боцIуцайин цIадаве мун рехулев.
Ххвалие бараб какил кириги дуй щолареб,
Шагьадат къабул гьабун къалбу[2] разилъичIони.

КъватIазда вагIза гьабун гIалимги вахъунарев,
ГIадада гаргадиялъ даражаги щолареб,
Диналъул яц, кантIе мун, кватIизегIан чIечIого,
Кар бахчараб кIаз къани, рекъон кколин шаргIалда.

Щай дуе къокъаб ретIел, къаркъала бахчулареб,
Биччан тун горде гьабе, гьеб тIалъулин нилъеда.
ТIогьроцIцIиб гозо гьаби, гьебги дуца рехун те,
Хириял умумузул адаб ккурай йикIине.

Аллагьасде гIассилъун гIумру дуца тIамуге,
ГIакълудул бутIа бугеб бетIер дуда батани.

---

[1] Лъавукъал
[2] PакI

БетIергьанчияс хIайван рахIаталда хьихьула,
Хьул лъурабщинабги кьун кьаралъизе гьабула.

Гьелда щибго лъаларо лъугьунеб бичIчIуларо
Росдал къасабчи вачIун хапун щекъер ккойзегIан.
Пакъир инсан, иш гьабе Аллагьасул макрудул
Куфру гIемерлъанагIан гIатIидаб ризкъи кьолеб.

Кьуралъе щукру гьабе щун батизе гурин къо
Дур къаданиб зани чIван чIагоял нахъ руссунеб;
Ракьул инсанги гьавун, нусго лагаги бижун,
Жиб-жибалъе гьунар кьун, гьезул тартибги гьабун.

Гьел чурхдузе рухIал кьун, ракьалда махлукъ бижун,
Халикъ кIодолъун вукIин лъазе тIадаб жо буго.
ТIолгоязул хирияв хатам[1] МухIаммад вуго (ж.с.с.лъ.),
Маккаялда къалъараб бакъул нурги гьев вуго.

Гьесул хулафаалги хадур имамзабиги –
Аллагьасул шаргIалъул щулиял хIубал руго,
Гьез хIалтIараб пишаги – Бичасул амру буго,
Эздехун хилифлъарав хвалда витIун ккеларо.

ТIагьаясде рештIараб Къуръанги кьучIаб буго,
Къец элдехун гьабурав гьалаклъи хIакъаб буго,
Гьаб игIтикъад[2] шулалъи – шартI буго киназего,
ЩайтIаналъ гуккичIого ворчIизе дуй бокьани.

Дурго БетIергьанасде битIараб нухалъ ине
БацIцIадаб тавбу гьабун гьабе игIтикъад щула.
Гьай, пакъирав диргоги дунялалде машгъуллъи,
Данде гьабун гIей гьечIеб магIишаталде хъантIи.

---

[1] Ахирисев
[2] РекIел чIей

**Бакъараб хъумур гӀадин хъал-хъадизе лебаллъи,**
**ХъантӀараб хӀайван гӀадин хӀарамалде гӀедегӀи,**
**Как-кӀалалъул загӀиплъи залимаб дир нафсалъул,**
**Суннаталъе кӀарчанлъи кӀвахӀалаб дир черхалъул.**

**Ахираталъул рукъзал къачӀазе гӀечӀеб гӀакълу**
**ГӀалимасде гьаризе гьукъулеб куц шайтӀаналъ.**
**Дунялалъул рукъ буго, къокъабго сапар буго,**
**Къойилго тавбу гьабун тезин тӀолго квешлъаби.**

**Киназулго рекӀел тӀегь – ТӀагьа рази гьавизин,**
**Рижарав Аллагьасул гурхӀел нилъейго щвезе.**
**ШаргӀалъул нух цӀунизе цӀакъ бахъун нилъ хӀалтӀизин,**
**ХӀабиб вохизавуни Халикъ тӀаса лъугьунин.**

**Гьарун арал мунагьал чури тӀалаб гьабизин,**
**ТӀаде рахъунеб къоялъ рохараллъун рукӀине.**
**Астагъфируллагь, тавбу, тана, Аллагь, нижеца**
**Теян амру гьабурал киналгоги квешлъаби.**

**Гьариларо, БетӀергьан, тӀаса лъугьа нижеда,**
**Дур шаргӀалъул хӀукмаби хӀакъирлъулел гӀамалал.**
**Мун цо вукӀин лъаниги лъаларелгун хьваданин,**
**ЛъикӀлъилъун бадал гьаре гьарунщинал мунагьал.**

**Гьабураб гӀамал бихьун гӀазаб букӀин лъаниги,**
**ГӀассилъанин Дуде ниж, гурхӀа, Аллагь, нижеда.**
**Как-кӀал загӀиф теларо, закат-сахӀ тӀобитӀила,**
**ТӀад ругел хӀукъукъазул[1] хӀисаб бацӀцӀад гьабила.**

**ХӀарамалъе мугъ кьела, бокьухъе нафс теларо,**
**Тавбуялда даимлъун дуде руссун рукӀина.**
**Гьереси-мацӀ жибго тун жахӀда-иблис нахъчӀвала,**
**ЧӀухӀдае гьава мерхьун гьарила дуде аман.**

---

**[1] Налъабазул**

Гьидаят[1] тIалаб гьабун ТIагьаясде ахIила,
ХIакъав дур Расуласде свалат гIемер битIила,
Суннатаб кодоб босун карагьатаб рехила,
Камилаб иманги лъун ислам кIодо гьабила.

КIудал мунагьаздехун хивалго гьабиларо,
Хвалил пикру гьечIого чIобого ракI теларо,
Я Рабби нижер, Аллагь, ахIи буго дудехун
АхIмадил умматалъе ургъел бигьа гьабеян.

Балагьал тIаса росун, тIаде рахIматал риччан
ТIагьал рухIалъе гIоло гурхIел цIцIикIун гьабеян.
Гьаб ахир заманалъул загIифал нижер рухIал
ЖужахIалъул цIедаса цIуне Дуца, БетIергьан.

Дур цIобалъул гIатIилъи гIурхъи гьечIеб бугелъул,
Гьалмагъ гьечIеб рукъалъул къварилъи тIаса босе.
ТIолго муъминзабазул рекIелъе иманги тIун,
Аллагь, мунан ахIулеб хIухьал къотIизе тоге.

АхIмадгун данделъулел даражабиги рикьун,
РухI босулеб сагIаталъ сагIадат[2] насиб гьабе.
Тавбуялъул рагьу къан къварид гьаруге, Аллагь,
Ахир заманаялъул гIаламат тIатун бугин.

Тавбу, астагъфируллагь, щукру алхIамду лиллагь
Ла иллагьа илла ллагь МухIаммад расулу ллагь
Гьаб щигIру дандбарасул дугIадулъ кIочонгеян,
КIудияб гьари буго гьал муъминзабадехун.

ЗагIифаб дир гьаб мацI-кIал кIалъан батани мекъса,
Сверизабе хIал кIолес хIакъ дирги тIаса ккезе.
ДугIа къабулав ГIабид гIадамасда лъаларин,
ГIаршалде бахагиян гьаре, диналъул вацал.

---

[1] РитIун ккей
[2] ТалихI

**Аминзаби дандчIвани чIобого хутIуларин,**
**ЧIалгIен тун хIел-хIел гьабе хIалимав Аллагьасе.**

**********************************************************
*****************************************************
********************************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Динияб идара кьижундай ккана?

**Исламалъул дарсал хIалакълъун ругин,**
**ХIалтIухъабаз рачел чучундай буго?**
**Диналда хурхарал харбал дагьлъанин,**
**Динияб идара кьижундай ккана?**

**Кьураб заманалъул анцIабго дакъикъ**
**Далаялъ бикъани нукъсанлъиларищ?**
**ШаргI баян гьабизе ругел минутал**
**Тезе хIалаллъилищ хIорго гIалимаз?**

**Рузман сордоялъул вагIзаялдеги,**
**Дун мекъи ккечIони, ккун буго гъая.**
**Байбихьулъ букIараб гьелъул чIаголъи**
**ГьечIо къуваталда кин биcаниги.**

**Ккойзе щвараб гIалхул чан биччан тани**
**Чанахъанлъиялъул магIна щиб кколеб?**
**Маян кьураб давла боссе лъайчIони**
**Кьейилан гьаризе кколеб лъаларищ?**

Лъараб халкъалдаса балъго танани
БетIергьан разиял лагъзал рукIунищ?
Рес бугебгIан рахъалъ гIилмодул закат
ГIалимзабаз бахъи фарз букIунарищ?

Ножор вагIзаялде хIажалъи цIакъал
Жагьилзаби кIочон нуж тIораладай?
Ножода божарал бусурбабазул
Налъи тIобайчIони жаваб кин кьолеб?

Нижер гьари буго Идараялде
Динияб насихIат кьара гьабеян, –
Гьелдаса халкъалъе мунпагIат бугеб
Батизе рес гьечIо даругин сабаб.

Дун хъачIлъун ватани тIасаги лъугьа.
Гьебги жагьлоялъул гIаламатлъидал.
ГIайибчIван дидехун хIалги хъублъуге,
ХIасадалъ речIчIулел чIорал гурелъул.

************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ГьоцIалъе къасд гьабуразул къабуллъаги зияратал

ХIамзат имам ракIалде щун,
Гьесул къоги кIодо гьабун,
ГьоцIалъе къасд гьабуразул
Къабуллъаги зияратал.

Зулмугин хIал гьабулареб,
ХIакимасул гIадло цIакъаб
ГIамал хъварал кагътал рикIкIун
Киназулго цIар ахIулеб.

БухIи цIакъаб ГIарасалда
Кумекалде хIажалъидал
ХIамзат имам шагьидасул
ШафагIаталъ росаги нуж!

Босанщинаб гали рикIкIун,
Аза-азар мунагь чурун,
Аллагьасул рахIмат-цIобгун
РекIаралъур рещтIаги нуж!

ТIолазулго садакъаби,
Кьурабщинаб шагьи-капек
Анкьнусиде бахинабун
Хъваги ножор тафтаразда!

Дин-Исламги тIадегIанлъун,
ТIагьаясул сунатги ккун,
ТIолго уммат цолъиялъе
Лъураб кьучIлъун ккаги мажлис!

Ножой хидмат хъулухъалъе
Рахъун чIарал гьоцIдерие
Гьалбал кIодо гьариялъул
Даражаби камиллъаги!

Дунялалъул ухраялъул
Ургъалаби тIаса росун,
Аллагьасе лагълъиялъе
РегIел бугеб гIумру кьеги!

ГIелму, гIакълу камиллъаги
ЛъикIабщинаб бакIаризе,
Лъай идракалъ курмул цIеги
Квешабщинаб нахъе гъезе!

Нилъ чIухIарал умумузул
Адабият цIи гьабизе
ЦIияб хIавлу-къуват щваги
Щивав дагъистаниясе!

Дунялалда цIар рагIарал
ГIалимазул ирс босизе,
Мадрасаби гьуинлъаги
Гьал гIисинал тIулабазе!

ГIасрабазул тарихалъе
Налъулаллъун рукIинчIого
РачIун лъикIан гIолилалги
ГIадло-низам, тадбиралъе.

Питнаялъе гъапу къирун
Гъалмагъиралъ сверун ккураб
МаслахIатаб дугIа гьабе
Гьаб нилъерго улкаялъе.

Имамзаби гьоркьорги ккун
Гьаре, хIеле Аллагьасде,
Амин баче кинацаго
Гьаракь-бакъан рекъезебун!

Рагъ-кьалалъул кьвагьи къотIун
Ракълил гьаракь борхагиян
Гьаризеги кIочон тоге
Чачаназе лъикIаб дугIа!

Дунялалъул бокIназда тIад
ТIегьан унеб Исламалъе
Интисарги ракIалде щва
РахIманасде ахIи байзе!

РатоамахIи борхалъидал
Налъи тIаса ккезабизе
ТIамач дица битIаниги
Дунги ножор мухъилъ вугев.

МархIалатал гьоркьор цIикIкIун
Гьанивго дун хутIаниги
Дир урхъараб салам бугеб
Мажлисалъул агьлуялде.

******************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# XIаж гьабиялде бугеб кIудияб анищ

АлхIамду лиллагь Аллагь, щибаб рецц дуе буго
Дур лагъзадерида гъорлъ манлъаравлъун ватидал.
Къул я гIибади[1] абун рештIараб аяталъулъ
Рохел гIемераб буго дидеги щвей гьабидал.

Дур гIилмугIан гIемераб гIадад - рикIкIен лъалареб
Лъе Аллагь, свалат-салам хирияв XIабибасда.
Гьесул агьалиялда[2], азважал[3], авладазда,[4]
Ансарал, мугьажирал, тIолго асхIабзабада.

---

[1] Дир лагъзал нужер хьул къотIуге
[2] Агьлу
[3] Ругеб
[4] Лъималазда

**Аллагь, Дуде гьаризе гьумерго гьечIониги**
**Гьарараб дий кьунилан дуй ками кколарелъул,**
**Дун мунагьал гIемерлъун гIайибалде кканиги,**
**ГIафвуялъул[1] Дур ралъдал гIурхъиги лъаларелъул.**

**ГIаламалъулго Халикъ мунги ватун вукIаго**
**Махлукъаталде[2] гьари – гьебги ширк букIунелъул,**
**Гьарарасе кьелилан Дур каламги бугелъул,**
**КигIан намуслъаниги вачIана Дур рагьдухъе.**

**Дир рокьи ккун гьарараб тIолабго Дуца кьуна,**
**ТIаде зиядги[3] гьабун нечезеги гьавуна,**
**ГьитIинаб къоялдаса жакъаялде щвезегIан**
**Щибаб квешлъиялдаса цIунаравлъун хьихьана.**

**Рецц гьабун хIалкIоларел нигIматал дуца кьуна.**
**Дурго фазлуялдалъун[4] хатIаби рахчун тана.**
**ЧIового Мунго гурхIун рахIмат тIаде биччана,**
**БитIараб нухги манлъун гьидаятги[5] гьавуна.**

**Гьанже рекIел цо анищ фагIгIалун лима юрид[6]**
**Макка-Мадинаялда хвезегIан берчIвай буго.**
**Хирияв ХIабибасул хIалкIолев, дир БетIергьан,**
**ХIетI лъураб ракь бихьизе хьулги цIакъ бергьун буго.**

**Исламалъул цо рукну камун хIалхьиги гьечIо,**
**ХIаж гьабичIого хутIун хвезе бокьунги гьечIо,**

---

**[1] ТIаса лъугьин**
**[2] Халкъалдаса гьари**
**[3] ЦIцIикIкIинеги**
**[4] ЦIобалдалъун**
**[5] ВитIун ккезавуна**
**[6] Дуй бокьараб гьабулев**

Гьидаяталъул[1] канлъи кавнуялде[2] баккараб
Маккатун мукаррамат[3] цебеса унеб гьечIо.

Гьениса гьижра гьабун Расул дуца витIараб
Ясрибалъул[4] ракьалъухъ рокьиги цIикIкIун буго.
ЦIияб дин-исламалъул аслу жаниб гIуцIараб
Мадинатун мунаввар[5] каранда къалеб буго.

Микъаталда[6] хIаж бухьун, савбул ихIрамги[7] ретIун,
Лаббайкаян ахIизе рухIги биунеб буго.
Байталда[8] тIаваф гьабун, тIаде тахIиййатги бан,
Тавбу къабул гьабеян гьардезе гIищкъу буго.

Зам-замалъул лъим гьекъон суннат тIубазабизе,
ТIаде сагIюги гьабун рукнуги тамамлъизе,[9]
Тарвияталъул[10] къоялъ Минаялде вахъине,
Масжидул хайфалде ун, энир какалги разе;

Эниб мабитги[11] гьабун ГIарафалде къокъине,
Намраталда черх чурун, суннат тахIиййат байзе,
Тавбугун дугIаялда ГIараф магIарда чIезе
Ризкъилъун гьабе, ХIаким, хIажалъул сапар дие.

Жабалу рахIматалда гъоркь чIун дугIа гьабизе,
Гьениб тIаде чвахулеб рахIматалда гъоркь чIезе,

---

[1] БитIараб нухалъул
[2] ГIаламалде
[3] Хирияб Макка
[4] Мадинаялъул
[5] Нур бараб Мадина
[6] ХIаж бухьунеб бакI
[7] ИхIрамалъул ретIел
[8] КагIбаялда
[9] ТIубазе
[10] ЗулхIижаталъул микьабилеб къо
[11] Сордоги борчIун

Гъурубалда[1] хадусан Муздалифалде рештIун,
Мабитги гьениб гьабун, хIасаталги[2] рищизе;

Рогьалил как гьениб бан гьанже Минаялде ун,
Жумратул гIакъбат[3] гьабун важибги[4] тIобитIизе,
ТIавафу ррукну гьабун арканалги тIурайзе
Ризкъилъун гьабе, Аллагь, хIажалъул сапар дие;

Аййаму ташрикъазул[5] рамюги[6] тIубазабун,
ТIадвуссун Маккаялде зияраталъги вачIун,
ТIавафул вадагI[7] гьабун байталъе къолъикI гьабун,
Гьенисан сапар бухьун Мадинаялде ине;

АхIмадил Равзаялда хIалхьезегIан гIодизе,
Дирго къваридаб керен ТIагьаясде чучизе,
Заманалъул ахIвалаз[8] хIаладаго толареб
ХIур бетараб ракIалъул загIиплъиги бицине;

Цинги сиддикъун акбар Абубакаридехун
Аллагьасде гьардеян мунажатги[9] гьабизе,
Гьанже фатихIул булдан[10] ХатIтIабил ГIумариде
ДугIаялъе жаваб кьей гьареянги хIелизе;

Цинги БакъигIалде ун асхIабзаби гьоркьор ккун
Иман щула гьабеян, РахIман, Дуде ахIизе,

---

[1] Бакъ тIерхьун
[2] ЧIинхал
[3] ТIоцебесеб чIимх речIун
[4] ТIадаб жо
[5] Ташрикъалъул къоязул
[6] ЧIимих речIи
[7] Къо-мех лъикI гьабиялъул тIаваф
[8] ХIалаз
[9] Шуршуди
[10] Улкаби кодо росулев

**Дагъистан икълималда бугеб ахIвал-хIал бицун**
**Имам Шамилиеги рохел загьир гьабизе;**

**Гьениса УхIудалъул шугьадаазухъе ун**
**Эзул къисаги цIалун къваридаб ракI чучизе,**
**Чармил ракI гъураб гъалбацI, гъазизабазул Саййид**
**Салам кьун ХIамзатиде зияратги гьабизе;**

**Гьелда хадув тIад вуссун Жиддаялдеги вачIун**
**Жакъаги дур силсилат[1] саламатго бугилан**
**Сулукалъул[2] мужтагьид зул жанахIайниясде[3]**
**Рохалил хабар босун Майсарат гIадин ине.**

**Эбел ХIава юкъараб къиматаб ракьги бихьун,**
**РекIел мурадги тIубан, Дуй шукруги гьабизе.**
**Дуде хIажалъи цIакъав пакъирав мискин вугин,**
**Ризкъилъун гьабе, Аллагь, хIажалъул сапар дие!**

**АМИН Я МУЖИБ**

*******************************************************************
*********************************************************
*************************************************

[1] **Устарзабазул рахас**
[2] **ТIарикъаталъул**
[3] **ГIабдурахIман ХIажиясде**

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Мадинаялда Аварагасдехун гьабураб мунажат

**Я дир ракIалъул ХIабиб, хIакъав Бичасул Расул,**
**Восиларищ дун тIаде гьоболлъун вачIун вугин,**
**Гьарделаго гIумру ун нич тIагIарав гьардухъан**
**Гьанже духъе щун вугин, шафагIат камун тоге,**

**Шамвилил Давлаталъул[1] дурго умматалдаса**
**Мискинав цо лагъ вугин, балагье дир хIалалде.**
**ХIалакъаб дир мугъалда лъураб гьир бигьалъизе**
**Лъиде гурин хIелилев, гьабе Дуцаго кумек.**

**Гьаб дир гIажизлъиялъул гIарз гьабизе бакI гьечIин.**
**Гьарараб дий кьейилан хIели БетIергьанасде.**
**Дир гIайиб-такъсиралда тIаса Мунгоги лъугьун**
**ТIолго хулафаалги[2] разилъулеб хIал гьабе.**

**ХIакъикъияб дур адаб гьабизе хIал кIолареб**
**ХIалихьатаб черхалда дунгоги рази гьечIо.**
**РахIманас дие кьурал нигIматалги лъан руго,**
**Лъаниги шукруялъе гьунарги гIолеб гьечIо.**

**Гьидаяталъул гъапу Дур кверщаликь бугелъул,**
**Квешлъаби гIемерлъунан гIайиб чIван вачахъуге.**
**ГIузру гьечIеб такъсиргун тавбу гьабун вачIарав**
**Гьаве, ТIагьа, дун къабул Дурго хIилмуялдалъун.[3]**

---

[1] Улка
[2] Устарзаби
[3] ХIалимлъи

**ХIарамалъул ракьалде рокьи ракIалъги гьабун,**
**КIалалда печатги чIван чанги сонал тирана.**
**Ясрибалда[1] хурхараб хивалаз жиб бухIараб**
**ХIухьел чанги биччана чара хварав мискинас.**

**Чанги хивал хIалтIана хIажгун гIумра гьабизе**
**ГIемераб анищ ккана хьулазул авлахъалде.**
**Ибрагьим Халиласул ахIи щваравлъун гьавун**
**Илагьияб лутIфуялъ[2] вачана, ХIабиб, духъе.**

**Гьанже тани кIваричIо чIунтаяб гьаб дуниял,**
**ЧIаго дур Равзаялда бер чIван анищ тIубайдал.**
**ТIад вуссинчIониги щиб гьанже Дагъистаналде,**
**Гьанибго къадарги щун БакъигIалда хутIизе.**

**Гьаб дур Равзаги бихьун дирни мурад тIубанин**
**Диналъул вац-яцазда щиб гьабилеб Авараг (с.с.лъ.)**
**ШапагIаталде хьул лъун, дур ТIарикъат гьабулел**
**Гьал муридзабазулги дуде аманат, ХIабиб.**

**Дир гьунар гьечIониги мугъчIвай дуде бугелъул,**
**Дида игIтикъад[3] бугеб къокъа дуца балагье.**
**Дуде нисбат[4] гIунтIараб ТIарикъаталъул агьлу**
**Аллагь лъаялде щвезе кумек гьабе, я Расул.**

**Меседил гонгаздасан чвахулеб маулхIаят[5]**
**Бикьейилан тIад къайдал тIубазабулев вуго.**
**ТIагьа дур карандасан канлъи-лъай босулезде**
**Кайфиятал[6] манлъеян амруги гьабун буго.**

---

**[1] Мадинаялъул ракь**
**[2] Аллагьасул гурхIиялъ**
**[3] РекIел чIей**
**[4] Дур цIаралда хурхараб**
**[5] РухIал чIаголъулеб лъим**
**[6] Куцал**

Амруялда нахъ вилъун хIалтIи гьабиги гурони
ТIокIаб дида лъалеб жо гIелмуялъулги гьечIо.
ГIарифуназ бицараб къабул гьаби гурони
КъватIисан хабаралде ракIги балагьуларо.

Гьаб амру диде бачIин дуда лъайчIеб гурелъул,
Дуде нисбат[1] гIунтIараб силсилатги[2] бугелъул,
Садатаздехун[3] рокьи ташаббугьалъе[4] гIоло
Гьезда гъорлъе манлъун те дунги муридзабиги.

Заманалда рекъараб риязаялда[5] ругел
ЗугIафаал[6] ругилан бичча-бихъай гьабун те.
Гьал хириял бакIазда хIелун гьабураб дугIа
Гьаре БетIергьанасде къабул гьабун тейилан.

Гьоболлъухъе рачIине гIажизал ихваназул[7]
Урхъараб салам буго, Сайййдул башар,[8] дуде.
Сапаралде рахъине къуват гьечIел щиназги
ШапагIат гьабейилан гьариги тIад къан буго.

Гьунар гьечIеб черх букIун ничалъ хIал гьабуниги,
ЯхI рехун дуда цеве эхетарав дун пакъир.
Макъамул ихласалде[9] муридзаби рачине
Бечед гьавеян гьаре вагьгьабун каримасде.[10]

---

[1] Дур цIаралда хурхараб
[2] Устарзабазул рахас
[3] КIудиял чагIи
[4] Релъенлъи гьаби
[5] Нафс квегьи
[6] ЗагIифал чагIи
[7] Вацазул
[8] Халкъалъул кIудияв
[9] ГIицIав Аллагь разилъиялъул мурадалда дин гьабулеб даража
[10] ЧIобого кьолев, гурхIулев

**Кумалазухъ[1] гIашикълъун гIумру дир ананиги**
**Дуде хьул буго, ХIабиб, рехун теларевилан.**
**Ахяразда[2] хIайранлъун сонал тирананиги**
**Тавбу ризкъилъун кьурав рецц Аллагьасе буго.**

**Авлияал[3] рокьиялъ эзулъ фаналъаниги**
**Ахлакъул хIамидатал[4] кквезе хIал кIолеб гьечIо.**
**Занадикъалгун[5] жувай ракIалъ нахъе чIваниги**
**КIал-мацIалда чангит бан кинго хутIулев гьечIо.**

**Я саниял иснайни,[6] умматалъул кIудияв,**
**Дурго макъам хал гьабун гьабе дие гьоболлъи;**
**Гьаре БетIергьанасде гьаб тIаифа[7] цIунеян**
**ЦIадул балагьалдаса махIшаралъул къояца.**

**Мунагь-хатIа гIемерлъун ракIал рицалъаниги**
**Радалгин бакъанида вукъуфалда[8] рукIунел,**
**Накъшубандиюназул баркаталде хьул лъолел**
**Тоге, сиддикъун акбар, гьал муридзаби рехун.**

**Я халифата ссиддикъ[9] – диналъул махул буцур,**
**Дудеги гьари буго гьоболлъун восейилан,**
**Гьаре фатихIул булдан[10] дуцаги РахIманасде**
**Дунги ахIиббаалги[11] рахIму гьабун тейилан.**

---

**[1] Камилал чагIазухъ**
**[2] ЛъикIал чагIазухъ**
**[3] Вализаби**
**[4] Реццарал тIабигIатал**
**[5] Жаниса капурал**
**[6] Савру абураб нохъоялъув аварагасул гьалмагъ**
**[7] Къокъа**
**[8] РакIалда Аллагьги ккун**
**[9] Абубакар асхIабасул халифа**
**[10] Улкаби кодо росарал**
**[11] Рокьулелги**

Я ахIкамал ХIакимин,[1] хIажги ризкъилъун гьабун
ХIарамалде ахIарал Дурго гьалбал ругелъул,
МигIражалде ахIарав Дурго ХIабиб кинниги
ХIаж-гIумра къабул гьабун рокъор тIад руссинаре.

ИгIтикъад[2] камиллъарал киналго хIажизаби
КагIба бихьараб гIадин Мун вихьун рохизаре.
Зам-зам гьекъезе щварал тIолго муъминзабазе
ТIагьаясул ХIавзалъул бутIа насиб гьабеги!

Сафагин Марваялда сагIю гьабун щиназе
СиратIалъул кьотIасан рахине гьунар кьеги,
Хирияб ХIарамалъул адаб-хъатир ккуразе
Дунял-ахираталда рохелал гIемерлъаги!

ГIарафа мегIералда вукъуфалда[3] чIаразе
Къиямасеб къояца ГIаршалъул рагIад щваги.
ГIуюнал[4] чвахулаго гьаниб гьабураб дугIа
Дуца къабул гьабеги, я архIама РрахIимин.[5]

Муздалифаялда чIун мабит[6] гьабизе щварал,
Минаялдеги рачIун тахIиййатги борхарал
БетIералдаса кIкIвараб рас рикIкIун аза-азар
Мунагь-хатIаби чурун рацIцIад гьаре, я ГIазиз[7]!

---

[1] Я хIукму гьабулезулги бищун хIукму битIарав Аллагь
[2] РекIел чIей
[3] Аллагьги ракIалда ккун
[4] Берал
[5] Я гурхIулезулги бищун гурхIулев
[6] Сордо борчIи
[7] Хирияв

Ай-йаму тташрикъазул[1] важибги[2] тIубайзабун
ТIавафул вадагIалъе[3] Маккаялде рачIарал
МахIшаралде ахIидал мухIиббиналгун[4] цадахъ
ХIисаб-суал гьечIого Алжаналде рачаги!

Расуласде къасд гьабун Мадиналде къокъарал,
Къиматаб Равза бихьун гьелъул хIурмат гьабурал,
ХIабибгун данде гьарун рохалил мажлисалда
Жаннатул ГIаднуялда[5] гIодор чIезе гьареги!

БакъигIалда гьабураб зияраталъул ажру[6]
Аллагьас къабул гьабун азариде бахаги!
УхIудалде щваразе шугьадаазул[7] баркат
ШафагIаталъул къоялъ насибаблъун гьабеги!

Лъабкъоялда анцIго сон туснахъалъуб бахъараб
Тархъан гьабе, я Аллагь, икълим зулмуялдаса!
Исламалда тIад чIараб чIегIер накIкI гIадаб бецIлъи
Бакъул гIадаб нур биччан, бухIизабе, я Карим![8]

ХIажгун гIумра гьабизе къасд ккарал муъминзаби
Раче, хIал кIолев Аллагь, ХIарамалъул ракьалде!
ХIабибасул хобалъухъ гIашикъаб агьлу-суннат
Эб бихьи къадар гьабун мурадалде щвезаре!

---

[1] Ташрикъалъул къоязул
[2] ТIадабги
[3] Къо-мех лъикI гьабиялъул тIаваф
[4] Рокьулел
[5] Алжаналъул цIар
[6] Кири
[7] Шагьидзабазул
[8] Я гурхIулев

ИститIагIат[1] гьечIезе гIажизлъун хутIаразе
РекIел ният хал гьабун ажруги тIубайзабе.
ТIолабго агьлул къиблат[2] иттихIадалде[3] рачун
Ислам тIадегIан гьабе, къудраталъул БетIергьан!

АМИН Я АРХIАМА РРАХIИМИ

*************************************************
*************************************
******************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Нужее нух битIаги, хириял хIажизаби

Ножое нух битIаги, хириял хIажизаби,
ХIабибасул ракьалде сапаралъ уна ругел.
Сапар лъикIаб батаги, ният бацIцIадаб агьлу,
Исламалъул цо рукну тIубазе къасд гьабурал.

Гьабеги нужей кумек хIалкIолев БетIергьанас
ХIажгиму-гIумраялъул арканал тIоритIизе.
ТIураги киназулго лъикIалщинал анищал
Щваги нуж мурадалде мунагь-хатIаби чурун.

РекIел ният гьечIого черхалъ гьабураб гIамал
ГIадада хун унилан абула гIалимзабаз.

---

[1] Кумек
[2] Къиблаялъул агьлу
[3] Цолъиялде

Аллагьас тавпикъ кьеги хIежалде рахъунезе
ХIакъикъияб бацIцIадаб нийат ракIалъ гьабизе.

БоцIи-малалде гъорлъе шубгьа хIарам жубани,
Рукну тIубан кканиги кириги щоларелъул.
Киналдего хIалкIолев хIилму тIокIав Къадирас
ХIалалаб кьеги боцIи тIалаб гьабунщиназе.

Базар гьабиялдалъун хIеж, гIумра хвечIониги
ГIибадаталда хурхун ракIги элъ толарелъул,
Тукабазда къоял ун, къаси риалал рикIкIун
РахIманас нуж цIунаги цIар щвани гIолелдаса.

ГIадан ворцунеб мигIяр[1] сафарин абулелъул
Сабру кьеги, къезе чIун, бергьенлъаби росизе.
Гьалмагълъи берцин гьабун, къец-дагIба нахъе рехун,
Къабулаб хIеж, гIумрагун тIад руссаги рокъоре.

ХIарамалъул берцинлъи бицуна гьал гIадамаз,
Бицун хIалго кIолареб хиралъиги жибго тун.
Жаниб бугеб халкъалъул гIемерлъиян абула,
Эзде тIаде чвахулеб рахIмат, баркат лъаларо.

Берazда КагIба бихьи бицине хабар буго
Халикъасул рукъалъул къадру бичIчIуларезе.
Къиматаб ракьин аби загьираб калам буго
Гьелъул хIакъикъат лъачIел нилъ гIадал жагьилазе.

Жанив Расул гьавураб Маккаян аби гуреб,
Элъул хIурмат цIунизе хIалкIолев чи лъаларо.
ХIабиб жанив хьвадараб ракь букIин лъай гурони,
Лъалел гьечIо нилъеда батIиниял асрарал.

---

[1] Роцен цIадиро

Гьава къотIун унелаз ихIрам рокъосан босе,
Самолеталда тIадго бухьине кколелъул хIеж.
Микъаталде щолезни Абару-гIалиялда
ГIарацги кьун босизе таниги ургъел гьечIо.

Гьанже, диналъул вацал, Маккаялде щваралго
Щибго жоги рехун тун тIавафул-къудум гьабе.
Гьелда хадуб сагIюги сафагин марваялда
СвакачIеб черх букIаго гьабуни лъикIаб буго.

Гьаб тIавафалда хадуб сагIю гьабун тIубайдал
Воре, бетIер къунцIуге ифрадалда ругелаз.
Марваялъул рахъалда кIвекьмаххгун чи ратани,
Тохлъуге нуж гьелдаса гIакIа кьезе кколебин.

Микьабилеб къоялда тарвиятин абула,
Элде щвезегIан гьаре бокьанагIан тIавафал.
Масжидул хIарамалда бараб цо какил кири
Цоги бакIалда бараб нусазарголъун чIола.

Гьеб къоялъул къаде как Минаялда базе ин
Суннатабилан буго рес рекъарав чиясе.
Къаси сордо гьениб бай – гьебги суннатаб буго,
БачIого ГIарафалде инеги гьукъун гьечIо.

ИчIабилеб къоялде ГIарафа къо абула,
Элдаса хирияб къо гьечIиланги бицуна.
Гьеб ккола нилъер эбел-эмен Адамгин ХIава
Данделъараб къогин бакI ратIалъун заман байдал.

ГIарафа мегIералда вукъуф гьаби абула
Къалъун хадуб хIажичи гьеб ракьалда чIеялда.
МаркIачIул мех щвечIого гьелъул гIорхъи бахине
Нухги букIунаребин, воре гьелдеги кантIе.

Гьениб вукъуф гьабурал хIажизабазул мунагь
ЧуричIелин ракIалде ккогейилинги буго.
Кинниги хочI-хабаргун гьеб къо гIадада биччай
ГIакъиласул пишалъун рикIкIине бегьуларо.

Гьениб балеб какниги, гьабулеб дугIаниги
ГIалимзабазда цIехе, хириял хIажизаби.
Жабалу ррахIматалде гьеб къоялъ рахинеги
Суннатабилан гьечIин, рахинчIони бегьила.

Берал гIодун, ракI бухIун хIел-хIел Бичасде гьабун
Гьарун арал мунагьал чуризе тIалаб гьабе.
Гьабулеб дугIа-алхIам дудаго къокълъун тоге,
Умматги гIахьал гьабун ХIабиб вохизе гьаве.

Гьениса бакъ тIерхьиндал Муздалифалде рачIун
МаркIачIулгун богол как дандеги босун бала.
Сордо бащалъизегIан гьенир чIезе тIалъула,
ЧIечIого иналдаса цIодорлъе, гIакIа кколин.

ГIажизал гIадамазе сордо бащалъун хадуб
Минаялде рачIине ихтияр бугониги
Рогьалил как базегIан Муздалифалда чIейги
Суннат буго хIал кIварас цIунизе мустахIикъаб.

МашгIарул-хIарамалда дугIа-алхIамги гьабун,
Бакъ баккилелде цере рагъари бещцун буго.
Цадахъ росулел чIимхал гIакъбаталда речIчIизе
Зарал гьечIин, тIокI росе хIажат ккани рукIине,

Жумратул-гIакъбаталда анкьго чIимихги речIчIун,
Рес бугес къурбанги хъун, ботIродаса рас кIкIвайдал,
РетIел ретIин, тIагъур лъей, тIолалго хIарамал жал
ЖимагIги гъорлъа бахъун, гьанже хIалал лъугьуна.

ХIарамалдеги вачIун тIавафу рукну гьабе,
ГьабичIого бугони хадуб сагIюгун цадахъ
Гьеб ГIидалъул къояца гьабизе суннат буго,
Унта-шокълъун хутIани нахъ тIамунги бегьула.

ТIад вуссун Минаялде гIужда как базе ине
Бажарани хIал бихье хIалкIвейи бугев чияс.
Гьеб къоялъ хIарамалда бараб какдасагицин
Кири долъул цIикIкIунин бицараб рагIи буго.

Рукнулъун бугеб тIаваф гьабун тIубаралдаса
ТIубанго хIежалдаса вичаравлъун лъугьунев,
Гьанже Минаялда чIун аййаму ташрикъазул[1]
Важибатал[2] тIурала тIад гьабураб куцалда.

Гьал къоязул рамюги[3] киназего гIаммлъула,
ГIузру бугел чагIазни чидахъ вакиллъи кьела,
Лъабабго жумраталде жиндасаго рехун тун
Хадусала гурони вакиллъи тIубаларо.

ТIаса бищараб гIужги гьал къояз рамюялъе,
Къаде какалда цебе гIуж щун хадуса буго.
Бакъ тIерхьинегIан гIужги ихтияр бугеб буго,
Амма къалъуда цебе рехизе бегьуларо.

РечIчIулеб бакI чIимхазул ганчIил чолода жаниб
ГIодоб чIабар бугебин цилиялда речIчIуге,
Чали цIун тIасан чвахун чIимхал рачIананиги
РечIчIулеб бакI лъан хадуб ургъел гьечIин, хIинкъуге.

---

[1] Ташрикъалъул къоязул
[2] ТIадал жал
[3] ЧIимих речIчIи

Къурбанаб къоялъ чIимхал рехичIого хутIани
Рехизе бегьулелин бакъ тIерхьиндал къасиги.
Гьединго бегьулелин аяму ташрикъазги
Къаси чIимхал рехизе, къад рехизе щвечIони.

Къурбанаб къоялъниги я аяму ташрикъаз
Масала, жакъа чIимхал рехичIого хутIани,
Метер яги сейиса рехизеги бегьула,
Амма тартиб гьабизе тIадаб буго, кIочонге.

Араб къоялъе гIоло жакъа рехулел чIимхал
Радалго рехизеги бегьунгутIи гьечIебин.
Гьал ташрикъазул къоял инегIан гьаб тартибгун
ГамчIал рехун тIурани тIалъулареб гIакIаги.

ТIолалго жумратазде гамчIалго рехичIого
Аяму ташрикъазул къоял арав чи ккани,
Эсда тIалъулеб гIакIа даму тартиб ва такъдир,
Тартиб къадар чIезабун къадирас гIорхъи лъураб.

Къурбаналъе бегьулеб чахъу хъвейи бугеб гьеб.
Гьелъие хIал кIвечIони кIал ккела анцIго къоялъ.
Лъабго кIал хIежалдаго нахъ бахъизе теларо,
Нахъияб анкьабгоги рокъове щведал ккела.

Минаялда мабитги[1] тIадаб буго гьабизе
Гьал аяму ташрикъаз гIузру гьечIев чиясе.
Жиндирго нафсалда я боцIи малалданиги
ХIинкъи букIун  я унтун, унтарав тIаде ккани.

Гьесий рухса букIуна, мабитги тIаса ккола,
ТIад гIакIаги кколаро, саламатго хутIула.

---

[1] Сордо борчIи

**Сардил цIикIкIараб къадар Минаялда бачIони,**
**Мабитги букIунареб лъан букIа тохлъичIого.**

**Минаялда сордо бай гIузру гьечIого тани,**
**Гьесда тIалъулеб гIакIа сардие цо муд буго.**
**КIиго сордо бачIесда кIиго муд тIалъун ккола,**
**Лъабго сордо бачIесда тIубараб гIакIа ккола.**

**ТIоцебесеб, хадусеб кIиябгоги сордоялъ**
**Минаялдаги чIечIев мабитги лъугьинчIев чи**
**Лъабабилеб къоялъги къаделъагIан чIечIого**
**Маккаялде гочани кколеб тIубараб гIакIа.**

**Мабитгин рамюялъулъ мудазул гIакIа ккарас**
**Малалда хIал кIвечIони кIал кквезеги бегьулеб**
**Цо мудалъул гIакIадуй щуго къоялъ кIал кквела**
**КIиго Маккаялдаго, лъабго рокъове щведал**

**КIиго мудалъул гIакIа ккарав чияс абуни**
**Микьго къоялъ кIалги ккун кIиябго муд тIубала.**
**Лъабго кIал Маккаялда,хутIараб щуго рокъоб**
**Щулияб сахлъи кьеги важибатал[1] тIуразе.**

**Жегиги гIакIа кколел гIемерал жал ругелин,**
**ГIалимзабазда цIехон лъазе хIаракат гьабе**
**Лъан гьабураб гIибадат хирияб букIунебин,**
**Хиралъи тIалаб гьабе матIлубал хIасуллъизе[2]**

**ХIежалъул арканалги гьаризе хIарамалги,**
**ГьаричIого танани гIакIа тIалъулел жалги**
**Жив хIежалде вахъине къасд гьабулев чиясе**
**Чара гьечIеллъун ккола лъазе тIалаб гьаризе.**

---

**[1] ТIадал жал**
**[2] Мурадал тIуразе**

Лъан бугилан кканиги ишкал[1] гIемер батулин,
ШурухIазде[2] ралагьун баян гьабе хIал кIолез
БихьичIони цIалараль гIей гьабун бахъунарин,
Бихьун лъай швараздасан шванагIан пайда босе.

ХIеж,гIумра бухьун хадуб хIарамлъулел пишаби,
БатIа-батIа ругелъул дагьаб бицен гьабизин.
Гьезда гIакIа ккейиги цого хIалалъ гьечIелъул
Гьелги баян гьаризин лъаларев чи ватани.

ЛъачIого, я кIочон тун хIатIида хьит ретIани,
Я тIагъур лъун батани гIемер мехги инчIони,
РакIалде щварабго я лъалес кантIизавидал
ТIаса гьебги бахъила гIакIаги тIалъиларо.

Горде ретIин, тIагъур лъей тIолабгоги бегьула
Гьелде хIажатаб гIузру жиндир бугев чиясе.
Ялъунани гьеб гуреб ихIрам батIалъичIони
Амма гIакIа тIалъула бахъун ретIанщинахъе.

Бокьани чахъу хъвела къурбаналъе бегьулеб
Лъабго мискинчиясе кьуни гIейги гьабила
Ялъуни муд бахъила лъабго сахI ролъудалъун
Анлъго мискинчиясе бикьила ХIарамалда.

Бокьани лъабго къоялъ кIал кквезеги бегьила,
Гьелъие чIезабураб заманги бакIги гьечIо.
Маккаялда ккуниги рокъоб кквезе таниги
Ихтияр бугин нилъей, бокьараб тIаса бище.

БетIер-мегежалдаса я цоги бакIалдаса,
Рас-малъ бортун батани жиндагоги лъачIого,

---

[1] БичIчIулареб жо
[2] ШархIазде

Ялъуни тIом ччукIани тIад бугеб расгун цадахъ
Бекун-далун хутIараб малъниги тIун рехани,

Руччабигун бихьинал жиндилъ батIа гьечIого
ТIалъуларебин гIакIа лъаларел кантIе гьелде.
Кверзул гIамалалдалъун тIаса араб бугони
Эб расгин малъалдаги кколин гIакIа,тохлъуге.

Мегеж халеб хIалалъулъ я бетIер хъасулаго,
Рас бортараб лъанани, лъай гIакIа кколеб букIин.
ЛъачIого шаклъи ккани бортунго букIиналда,
Гьелда гIейги гьабила гIакIаги тIалъиларо.

Ургъунго тIунаниги лъачIого ккананиги
КъунцIун букIа, кIкIван букIа, кин тIаса ананиги,
Нилъер гIамалалдалъун малъгин рас тIаса ани
Элда гIакIа кколарин абулезда божуге.

Цо рас я цо малъалъе цо муд бахъани гIола,
КIиго рас я кIиго малъ тIаса ани кIиго муд,
Лъабгоялде бахани тIубараб гIакIа ккола,
Чахъу хъве, мудал рахъе, бокьани лъабго кIал ккве.

Лъаб-лъаб рас,малъ тIаса ун тIубан гIакIа ккеялъе
Заман-бакIалъул рахъалъ цадахъ ккейги шартI буго.
БатIа-батIа бакIалде гьоркьоб заман ун ккани,
Цо-цо муд щибалдаса бахъани тIаса ккола.

ТIахьаз кIвар кьун бицунел, нилъее ургъел гьечIел
Гьал пишабаздасаги цIунизе тIадаб буго,
ТIасан жемараб ихIрам жибго жинда ккветзаби
ГарацI бан я рукIкIен чIван бегьизе гьабуларо.

Бегьулебилан абун гьабулеб букIин гуреб,
Гьелъул тIалаб-кIвар бугел гIадамал дагь рихьула.

ГIелмуялда тIад чIарал гIалимзабаз абуни
ИхIрамалда рукIкIен чIван цониги бихьуларо.

Гъоркьан жемараб ихIрам жибго жинда бухьине
Рухьен бай я рукIкIен чIвай,бокьарас рачелги къай,
Бокьани кIиябгоги ихIрам цоцада бухье,
ГарацI бай, я рукIкIен чIвай бегьунгутIи гьечIебин.

Гьелдаго релълъун буго гьан кваналеб мехалда
Нахалдаса михъ-мегеж цIуниялъул хIукмуги.
ЦохIо расалданиги нах хъатIани гIакIа ккей
ГIалимзаби рекъараб,хилаф гьечIеб жо буго.

Нах сундул букIаниги батIалъиги гьечIебин
ГьабичIого тоге кIвар, кколебин тIаде гIакIа
Гьаб кIиябго амругIан агьаммаб бугониги
Ургъел нилъее гьечIел пишаби ратиларо.

Рамюгин[1] мабиталда[2] къиран[3] таматтугIалда[4]
Микъаталде живги ун хIеж бухьинчIев чиясда,
Гьединго вадагIалъул тIаваф тарав чиясда
Чахъу хъвезе хIал кIвани кIал кквезе бегьуларо.

Расгин малъ тIаса инги тIагъур лъей дугьну[5] гIадаб
Гьазда кколел гIакIаби гIемерго бигьа буго
Чахъу хъвей, кIалал кквейги,бокьани мудал рахъи
Бокьараб тIаса бище ресукълъи шартI гьечIого

Гьал рехсарал танбигьал[6] гIемер дандчIвалел рукIун
ГIемеразда гьоркьоса дагьал рищарал руго

---

[1] ЧIимих речIи
[2] Сордо борчIи
[3] ХIажги гIумраги цадахъ гьаби
[4] Цин гIумра цинги хIаж гьаби
[5] Нах бахи
[6] КантIизариял

**РагIа-ракьанде щвараб баянилан абуни**
**Уммул-баян цIалани щвела гIажамиязде.**

**Жегиги дагьаб хабар халалъунго кканиги**
**Хайир букIинебилан хьулалда бицун тезин,**
**ЦохIониги муъминчи кантIизе сабаблъани**
**Кафарату зунуби[1] ккезеги бегьулелъул.**

**Кинабго хIежги тIубан тIавафул вадагI[2] гьабун**
**Гьелда хадур, воре нуж, базаралде руссунге**
**Бича-хиси гьабуни гьаб тIавафалда хадуб**
**ТIаде гIакIа кколебин, киналго цIодор рукIа.**

**Кинаб букIананиги тIаваф гьабулеб мехалъ**
**ХIажарул-асвадалде дандбитIараб хIуччдасан.**
**Сверизе байбихьила, бигьаго вилълъанхъила,**
**Лъалел ругони хасал дугIабиги гьарила.**

**Хадуб сагIю гьабулеб тIаваф букIун гурони,**
**КIигъеж баккизабиги суннатаб букIунареб.**
**СагIю гьабиги гьечIеб хIежалъул цо гурони**
**Цебе гьабун тIубарас тIокIаб такрар гьабуге.**

**ТIавафалда сверулез квегIаб хьибилалдаса**
**КагIба кьуризе тоге, тункун рехизе чIоге.**
**Керен кьун я мугъ рехун цо хIетIе бахъаниги**
**ТIад вуссун гьеб бацIцIина я свери цIи гьабила.**

**Гьадин тIубазабуни тIавафлъун гьеб букIина,**
**КIвар гьабичIого тани зарал жиндийго ккела.**
**КагIбаялъул къадазда тIаваф гьабулеб хIалалъ**
**Лъаларезда нахъ рилълъун кверал хъвазеги унге**

---

**[1] Мунагьал рацIцIулеб жо**
**[2] Къо мех лъикI гьабиялъул тIаваф**

Камилго тIаваф гьабун тIубан хадуб гурони
ХIажарул-асвадалде ине хиял гьабуге.
Хасго руччабазени гьенире иналдаса
ИнчIого нахъегIан чIей маслахIатаб букIина.

Макъамалда кверал хъвай, гьелда убач гьабиги
Гьабизе хIажат гьечIо бидгIайилан бугелъул,
Баракат тIалаб гьабун ралагьизе бегьила
Ибрагьимил хIетI чIараб гамачI жаниб бугелъул.

ХIатIил эгъе баккараб, килщалги цере лъураб
Хьит ретIине бегьулеб букъараб бугониги.
Гьединго ихIрамалъе кьегI чIвараб бугониги
Бегьула простинги жемизе кIвар гьабуге.

Гьанже диналъул вацал хIежгун-гIумра тIубайдал
ТIавафул-вадагI гьабун Макка тезе мех щведал,
Мадиналде руссинин, Ясрибалде къокъинин
Расуласул гьоболлъухъ Равзаялде рещтIинин.

Гьижра гьабун гьев араб тIайбаталъул ракьалъухъ
Рокьи ккаралщиназе шафагIат насиблъаги.
ШафигI жанив хьвадараб ракьалда чIараб хIетIе
ТIолалго хIажизабаз алжаналда бахъаги.

Дунялалъул бокIназда бищун хирияб Макка
Бихьизе рес рекъараз къойилго щукру гьабе,
Гьелда хадуб хирияб Мадинатун мунаввар[1]
Гьеб бихьунги хIал хьедал хIалкIун тавбуялда чIа.

ЧIового тIаде арав цIун нахъе витIулелъул
ЦIураб вигIаъги[2] босун Расуласухъе унге,

---

[1] Нур бараб Мадина
[2] КъвачIаги

РакI бекарасда цадахъ БетIергьанги чIолелъул
ЧIухIиги нахъе рехун вахъа зияраталде.

Равзаялъуб какги бан камилаб хIузуралда[1]
ХIабибасул хобалда цевеги чIун салам кье.
Салам бицин тIадкъарав диналъул вац ватани
Досул цIар, бакIги рехсон салам бугилан абе.

Цинги Абубакаргин ХатIабил ГIумарие
Хадуб саламалги кьун вуссина къилбаялде,
Рес рекъани тIад вуссун Расуласда цеве ун
Аллагьасде гьардела гьев ХIабибги гьоркьов ккун.

Гьанже БакъигIалде ун зияратал гьарила,
Гьенир рукъаншиназе дугIа-алхIамги гьабун
Гьезул баркат-шафагIат РахIманасда гьарила,
УхIудалде щвезеги кIвараб жигар бахъила.

Макка-Мадинаялъул тIолго зияратазул
ТIахьазда цIакъ баянго бицен гьабун батула.
Гьанжени гьел ругеб бакI лъазе хIалго кIоларо
КIварго гьечIеб агьлуялъ чIунтизарун ругелъул.

ХIеж, гIумра гьабиялъул хиралъаби рицине
Халалъун ирга щвечIо ракIалда букIаниги.
РахIманас тавфикъ кьуни,къоялги тIагIинчIони
ТIасияб соналдеги къалам бегIерун тела.

ГIадамазе мунфагIат букIинилан хьулги лъун
Бицун танин хIежалъул лъикIалде баче, Аллагь,
ЛъикIабилан дида ккун Дуда аскIоб квеш батун
Дун мекъса ккун ватани тавбу, астагъфируллагь.

---

[1] РакIалда Аллагьги ккун

**Гъайбаталда гьабураб дугIа къабуллъулелъул**
**Дицаги дугIаялъулъ уммат гIахьал гьабула,**
**Муъминзабазе кьураб ярагъги гьеб бугелъул**
**Эзул дугIаялдасан хьул къотIунги кколаро.**

**ТАММА**

****************************************************
************************************************
*****************************************

***Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.***

# Мадинаялде щведал гьабураб мунажат

**Мунагьал гIемерав, гIибадат дагьав**
**Дуде рокьи бугев цо Бичасул лагъ**
**Духъе зияраталъ вачIунев вугин**
**Восиларищ тIаде, Я ХIабибуллагь!**

**ХIарамалде бугеб гIишкъу сунчIого**
**Сапар бухьун щванин дур Мадиналде**
**Дир адаб теялда тIасаги лъугьун**
**Гьаве ХIабиб къабул факъирав мискин.**

**ЧIаго дунялалда дур гьумер бихьун**
**Гьидаяталъул[1] нур каранде щвечIев,**
**Квер ккун хулафааз[2] аскIов цIаниги**
**Эз манлъухъ хьвадизе гьунарги гьечIев.**

---

[1] БитIараб нухалда тIовитIиялъул
[2] Устарзабаз

**ГIолохъанаб гIумро гIалхуда арав**
**ГIилмо цIалулелъул нухда хутIарав**
**Дур варисзабазул[1] амро тIобалев**
**ТIагьа гурхIел гьабе хIал щварав дида.**

**ХIусадазул[2] чIораз лъукъ-лъукъараб ракI**
**РахIманасде ахIе сах гьабейилан**
**Гьездаги дидаги тIасаги лъугьун**
**ТIоритIеян ахIе, Я ХIабибуллагь!**

**Дур шафагIаталде хьул лъун рачIарал**
**ЧIорого ритIуге, Я Расулу-ллагь**
**РахIматлъун витIарав халкъалъул гьади**
**Гьаве дунги гIахьал дур ирсилазулъ.**

**Дур михIраб бихьидал рецIцIун унарел**
**Рахъаял берazда дица щибилеб?**
**Дур мусаллаялда[3] накаби лъедал**
**Лъинлъун чапулареб чорхол пайда щиб.**

**Дуца тIад хIетI лъураб ХIарамалъул ракь**
**Расги нечечIого мерхьун толеб куц**
**Мун жанив хьвадараб Мадинаялъул**
**Адаб гьабизеги гьунарго гьечIо.**

**Алжаналъул ахикь как базе щведал**
**Щукру гьабизеги лъанго батичIо,**
**Лъай-гIакъло бугелаз пайда босулеб**
**Масжидул-набави[4] мугьмалго[5] тана.**

---

**[1] Ирсилазул**
**[2] ХIал хъубал чагIазул**
**[3] Как бараб бакIалда**
**[4] Мадинаялъул масжид**
**[5] Бичча-бихъан тана**

Магъриб-Машрикъалде щвараб дур файиз
Щолареб ракIалъе къвакIи гIеларищ,
ГIаршгин курс гвангъараб дур бакъулаб нур
Басират[1] хьухьаялъ бихьулеб гьечIо.

Бахьи кьураб къавмалъ къабул гьабулеб,
Къосараб агьлоялъ ширклъун рикIкIунеб
ШафагIат гьаризе Дур ХIабибасухъ
ХIасратгун щваразе щвезабе, Аллагь.

Гьесул Равза бихьун магIу тIинкIарал
ГIуюназда[2] рохел тIаса унгеги,
ТIаде-хариялъги сапар бухьине
Сабабалги рекъон мурад тIубайги.

Къуръан-хIадисалда бицен бачIарал,
ЧIаго алжаналъул рохел бицарал,
Абубакар-Сидикъ ГIумарул Фарукъ
Салам ножой кьурал ниж кIочон тоге.

Ножор баркаталде хьул цIакъ гьабулел
Гьал пакъирал нижер хIалахъ балагье,
Бичасул Расулас тIад росичIони
ТIаса лъугьайилан гьаре кIиясго.

ГIисян-фискъуялъул унтулъ ругел ниж
Сидкъуялъ[3] мехтарав духъе щун ругин,
Дурго гьудуласде гьабе даруян
Гьарараб ахIи бай, я свахIибул-гъар[4] .

---

[1] РекIел нур
[2] Беразда
[3] Унго-унгояб рокьиялъ
[4] Абубакар асхIаб, ай нохъода аваралгун вукIарав

БатӀулабщиналъул хьуцӀилъ къан ругел
Ниж къватӀир рахъизе Магьди виччаян,
Я музгьирул Ислам[1] фатихӀул булдан[2]
Дуцаги бай ахӀи Аварагасде.

АнцӀ-азарго асхӀаб жанив вукъараб,
Жанатул-бакъигӀан[3] сифат гьабураб,
Расулуллагьасул рукъалъул агьло
Гьелги жанир рукъун къадру цӀикӀкӀараб.

Къуръан цӀалулаго зулмуялъ чӀварав
Зу-ннурайни[4] ГӀусман ГӀафанил валад[5],
Гьесги ватӀан ккураб БакъигӀ бихьарал
Бихьугеги жужахӀ муъминзабазда.

Агьло-БакъигӀалъул хӀурматги гьабун
Гьезухъе рачӀарал заириназе[6]
Зиярат къабуллъун баракатги щун
Квешабщинаб тезе тавфикъ гьабеги!

ВахӀшиясул чӀоралъ гӀужийги восун
УхӀудалъул къоялъ къанщарав асад[7],
Сайййиду-шшугьадаъ[8] ХӀамзатил баркат
УхӀуд бихьаразе ризкъилъун кьеги!

Къуръан-хӀадисалда хӀукмуги къотӀун,
Къоло щуго соналъ хвалченги хьвагӀун,

---

[1] Ислам загьир гьабурав
[2] Улкаби кодор росарав, ай ГӀумар асхӀаб
[3] БакъигӀалъул хобал
[4] КӀиябго нуралъул бетӀергьан, ай Умукусумгун Рукъиятил
[5] Вас
[6] Зиярат чагӀазе
[7] ГъалбацӀ
[8] Шагьидзабазул кӀудияв

Хоб БакъигIалда щун мурадги тIобан
ТIагьал мадугьалихъ рештIин гьабурав.

ТIолго дунялалда цIар тIибитIарав,
ТIаса ийин гьечIеб баркатлъун ккарав,
Баркат тIалаб гьабун рачIарал гьалбал
Гьаре, Шамил имам, дуцаги къабул.

Дагъистан къалъараб къиблаялъул цIва
ЦIар дур рехсезецин гьукъун букIана
Икълимго[1] чIухIарав кибритул-ахIмар[2]
Киртал ран рахчана дур манакъибал[3].

Магъриб машрикъалда жал тIиритIарал
ТIад къоно чIвана гьаз дур сияразда[4]
Диналъул тушбабаз къимат кьуниги
Кьерилазул цоял рахъана данде.

Дуени ургъел щиб Имамул-АгIзам
ГIадамал щиб бицун гаргаданиги,
Дур даража-макъам Бичасда аскIоб
Басират[5] бугезда бихьун бугелъул.

Бидулъго батараб рухIияб иман
Умумузул рахъалъ ирсалъе щварал,
Наслабазда гьоркьор къалам бегIерал
Мусаннифзабиги[6] камун ратичIо.

---

[1] Улкаго
[2] БагIараб месед
[3] Хиралъаби
[4] Гьунаразда
[5] РекIел канлъи
[6] Хъвадарухъаби

Кверал щулалъаги Шамилил бицун
Шамаилал[1] хъварай магIарулалъул,
Рохел гIемерлъаги гьев вокьаразе
Рокьаралгун цадахъ рахъунеб къоялъ.

Дур рагъазул бицун дун кIалъаларо,
КIалдиб мацI фасихIаз рехсезе тела,
Рагъул тактика хъван тIехь гьабиларо
ТIамун тела гьебги гьунар бугезде.

***********************************
****************************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# Ражаб моцIалъул хиралъи

Ражаб-ШагIбаналъул хиралъабазул
Хазина рагьани бокьилищ нужей?
Хириял моцIазул нигIматал тIад лъун
ТIутI цебе хъуршани квинищ нужеца?

Киналго лъикIлъаби жанир сокIараб
СундукIалъул кIулал кьелищ нужехъе?
Кьер-кьерал пихъазул цIураб ахикье
Бокьараб бищизе риччалищ нужго?

РахIматал чвахулеб баркаталъул моцI
ЦIилъараб батаги дин-исламалъе,
Аллагьасул моцIан цIар тараб шагьру
Тавфикъ кьейги нижей дур адаб кквезе!

---

[1] ТIабигIатал

Тавбуялъул гъафу гIатIидаб заман
ГIадада биччаге, диналъул вацал,
Дагьаб гьабуниги гIибадаталъул
ГIемер кири щолин, воре тохлъуге!

Ражаб моцIалдаса цо кIал ккурав чи
Пирдавус алжан кьун кIодо гьавула.
КIиго кIал ккурасе кIицIул цIикIкIараб
Ажру-киригиги хъван рази гьавула.

Лъабго кIал ккурав чи жужахIалдаса
ЛъагIалил манзилалъ рикIкIад гьавула,
Ункъго кIал ккурав чи чорхолъе кколеб
Квешаб унтудаса цIунун хьихьула.

Щуго кIал ккурав чи дунял тун хадув
Хабалъ гьев цIунула гIазабалдаса,
Анлъго кIал ккурав чи моцIрол нур гIадаб
Гвангъараб гьумергун тIаде вахъуна.

ЖужахIалде бугеб  анкьабго нуцIа
Анкьго кIал ккурасе рахан батула.
Алжаналде бугеб микьабго гъафу
Микьго кIал ккурасе рагьун батула.

АнцIила цо къоялъ кIал ккурав чиги
Къадру кIудиязул мухъилъ вукIуна,
АнцIила кIиго кIал ккурав чиясда
Алжаналъул кIиго халгIат ретIула.

АнцIила лъабго кIал ккурав абуни,
Квана-гьекъон тола ГIаршалъул рагIдукь.
АнцIила ункъго кIал тIобитIарасе
Сайгъат гьабулелъул бицун кIоларо.

АнцIила щуго кIал тIобитIарасе
ТIолго малаикзабаз рохел баркула.
АнцIила анлъго кIал тIобитIаразда
ТIоцеве вихьула БетIергьан Аллагь.

АнцIила анкьго кIал ккурав чиясда
СиратI бахунаго къо бихьуларо.
АнцIила микьго кIал ккурав чиясде
Зияраталъ щола Ибрагьимхалил.

АнцIила ичIго кIал ккурав абуни,
Адам авараггун мадугьаллъула,
Къоабилеб кIалги тIобитIун ккуни,
ТIолго мунагьазе кафаратлъула[1] .

Лъеберабго кIал ккун моцI тIобитIани,
ТIасан гьаватифалъ[2] гьесде ахIула.
Я валияллагь! Дуй кIудияб рохел
Халкъго пашманлъараб захIматаб къоялъ.

Щвана дуе талихI ахираталда
Аллагь вихьиялъул нигIматаздалъун,
Алжанал кIочараб унсалъул[3] макъам
Насиблъанин дуе сиддикъиналгун[4] .

Сахаб моцIалъ кквезе жив гIажизлъарас
КIвараб жигар бахъе лъабго кIал кквезе.
Авалаб-ахираб-анцIила щуйилъ
Иншааллагь щвела моцIалъул кири.

---

[1] ТIолго мунагьал чуриялъе сабаблъун ккола
[2] АхIулеб гьаракьалъ
[3] Аллагь вихьун ракI гъолеб
[4] Аварагзабазда хадусел хириял гIадамал

ТӀоцебесеб хамиз Ражаб моцӀалъул
ЦӀакъго хира буго кӀал тӀобитӀизе.
Хадуб рузман сордо чӀаго гьабуни,
Гьелъул кири бицун хъвазе кӀвеларо.

Лайлату-ррагъаиб[1] жинда абураб
Гьеб рузман сордоялъ кӀиго бутӀа ун.
ТӀолго малаикзаби зобал-ракьазул
РакӀарун щолила КагӀба рукъалде.

Киназдего балай РахӀманас гьабун
Гьезде гьикъулила мурад щибилан.
Щиб жо бокьаниги гьаре жиндаян
Гьес малаикзабазе изну кьолила.

Аллагь РахӀманасда гьез абулила
Гьаб Ражаб моцӀалъул савваминазул[2]
Мунагь-хатӀа чурун Мун тӀаса лъугьин
Гьеб буго БетӀергьан Дудаса мурад.

Гьезий жаваб гьабун савваминазул
Мунагь-хатӀа чурун чурхдул рацӀцӀуна
РацӀцӀад гьаре, Аллагь, Дур ражабалъул
Адаб-хӀурмат цӀунун хьвадизе лъарал.

Ражабалъул къоло анкьабилелъги
КӀал кквезе тохлъуге, цӀакъ жигар бахъе,
Лъабкъого моцӀалъул кӀалазул кири
КамичӀого щолеб гьеб кӀал ккурасе.

Алжаналда жаниб цо гӀор бугила
Ражабин цӀар бугеб цӀакъ лъим гьуинаб,

---

[1] Хьулазул сордо
[2] КӀал ккурал чагӀазул

Гьеб моцIалъ цониги кIал ккечIевасе
КIал чIвазе щолареб, щваги нилъее.

Мискин-факъирасе кумек гьабуни
Гьаб хирияб моцIалъ бацIцIадаб къасдгун
Гьесий алжаналъул хъала балила
Бералъ босараб ракь данде бачараб.

БицинчIого тезе чараго гьечIеб
Цо унтиги бугин гIинтIамун бихье,
ГIемерав чиясда дунгогун цадахъ
Дару гьабизецин лъан бахъунареб.

Лъалез биціаниги къабул гьабизе
КъвакIарал ракIазги инкар гьабулеб,
Гьал унтабаздаса цIуна-къунизе
Къуват кье, БетIергьан, ниж киназего.

Кинабго ишалъулъ цо шартI букIуна,
Ширк гъорлъе жубани гIибадат хола,
ГIужбу-рияалда гьабулеб тIагIат
Гьороца хIур гIадин ине бегьула.

Гьересиги бицун, мацI-кIалги гьабун,
ГьечIеб гIунтIизабун бугьтаналги лъун,
Бугеб бицунебан гъибатги гьабун
Гьедин ккураб кIалги гIадада хола.

Дун кIал ккурав чиян чIухI бугони,
Гьадал пишабазда къоги тIамуни,
Ракъи-къечалдалъун къо бихьи гуреб
БукIунаро нилъей кIалалъул кири.

КIалгин мацI, гIингин бер, хIатIалгин кверал
ХIарамлъиялдаса цIунун ккечIони,

КIал ккунилан абун цIар бугониги
ЦIоб хIажатаб къоялъ пайда щоларо.

БецIизе кIал бугев инсан ватани
Ният гьабун ккуни гьебги тIубала,
Гьединго хиралъи ажру кириги
КамичIого щвела шартIал тIурани.

Рехсараб куцалда кIал-мацI цIунизе
КIолебги гьечIони щибха гьабилеб?
Гьанже гьеб унтуе цо дару буго
Бичун босичIого чIобого щолеб.

Бану-исраилаз[1] мунагь гьабидал
Гьезий гьабулаан данд битIун жаза.
Жеги къудраталъул къаламалдалъун
Рукъалъул нуцIида хъван батулаан:

Нолъ пуланав чияс пуланаб мунагь
Гьабунин пуланаб бакIалдайилан.
Гьелъиеги жаза гьаб бугин абун
Гьедин къотIулаан дозие хIукму.

ХIабиб хиралъиялъ хира гьабураб
Гьесул умматалъе тавбу кьун буго.
Тавбу гьабурасул мунагь чуризе
БетIергьан Аллагьги гъоркье чIун вуго.

ЧIобого кьуниги босзе лъалев чи
ГIемер дандчIваларев гьаб даруялда.
Дунни хIажалъула щибаб сагIаталъ
Сафаралъ унев чи кваниде гIадин.

---

[1] ЖугьутIаз

Гьаб чIобого щвараб нигIматалдасан
Пайда босуларев гIакъил вукIунищ?
Ракъварал беразе чвахулеб дару
Диналъул кIвар бугес тун бегьиладай?

Тавбу гьабиялъе шартIалги ругин
Щибаб къоялъ цIехе гIалимзабазда.
ГIибадат диналъул рухIги букIунин
РухI гьечIеб черхалъул пайдаги борце.

Рехсараб хиралъи Ражаб моцIалъул
Ралъдалъа босараб цо къатIра буго,
Анлъабилеб зодоб гьелъул нуцIида
Гьаб моцIрол къоязул цIарал хъван руго.

Кинаб къоялъ кIал ккун щив вугониги
ШаргIалъ тIад гьабухъе лугбалги цIунун,
Гьес гьеб кIал ккунилан нугIлъи гьабизе
НуцIа бачIунилан цIар хъвараб къогун.

Къабуллъиялдаса кIал борчIун ккани
БачIун гьеб кIиялъго гьадин абула:
Гьай, пакъирав мискин, гукканагури
Жакъа дурго нафсалъ лъимер кинигин.

ЛъикIабщинаб гьабун, квешабщинаб тун
Тавбу гIемер гьабе гьаб моцI хвезегIан,
Гьаре Аллагьасде ИгIтикъаталда
Иншааллагь, щвела гьелъие жаваб.

*********************************
*****************************
*************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# ШагIбан моцIалъул хиралъи

Гьанже дагьаб хабар ШагIбан моцIалъул
Шагьру набийилан[1] жинде абулеб,
АнцIила кIиябго моцIалда жаниб
Жиндаса хирияб гьечIин бицунеб.

Гьал моцIазда жаниб бищун хирияб
МухIарамгин, Ражаб, ШагIбан, Рамазан,
Гьезда гъорлъаги жиб тIаса бищараб
ШагIбан бихьараца тохго биччаге!

Нилъер каламалда данде ккунани
Къуръан гIадин буго моцIазулъ Ражаб,
ШагIбан моцIалъулги, аварагзабалъ
АхIмадида релълъун буго хиралъи.

Халкъалдаса тIокIлъи ХаликъасулгIан
Хиралъи тIокIлъана Рамазаналъул,
Ражаб моцIалъ хьон хьай, ШагIбаналъ лъалъай,
Шагьру-Рамазаналъ лъилъизе щвела.

ШагIбан моцI хвезегIан аварагасде
Салат гIемер битIе гьеб лъикIаб бугин,
Гьев гьоркьов ккун гьаре БетIергьанасде
БитIараб нух кквезе тавфикъ гьабеян.

Гьаб кIиябго моцIгIан ХIабибуллагьас
КIалал гIемер кколеб моцI букIинчIила,

---

[1] Аварагасул моцIилан

КIвараб жигар гьабе, диналъул агьлу
Аварагасул моцI кIодо гьабизе!

Гьаб моцIалда жаниб бищун ахираб
Итни къоялъ кIал кквей цIакъго хирияб,
Хириябщинаб гIуж чIаго гьабизе
ЧIаго хутIаги нуж дин-исламалда!

АнцIила щуго къо ШагIбаналъул ун
Баркат-рахIматалъул сордо бачIунеб,
Лайлатул бараат[1] жинде абулеб
Гьеб чIаго гьабизе цIакъго суннатаб.

Тефтерал[2] хисулеб, ризкъи бикьулеб
ГIумру-ажалалъул хIисаб гьабулеб,
Гьарун хIеларасе дугIаялдаса
МахIрум гьавичIого жаваб гьабулеб.

Жабраилас вачIун ТIагьаясдехун
ТIаде вахъайилан кIалъай гьабуна,
Гьаб щиб сордойилан гьикъа-бакъидал
Бараат бугилан лъазе гьабуна.

Лъабнусабго гъафу рахIмат-цIобалъул
Рагьун бугин къаси дур умматалъе,
Дунял ухраялъул хIаваижазулъ[3]
ХIелун гьарарасе жаваб гьабизе.

Гьеб сордоялъ ХIабиб хъахIлъи базегIан
Суждаялда чIарав тIаде ворхичIо,

---

[1] Барааталъул сордо
[2] ГIамал хъварал кагътал
[3] ХIажалъабазулъ

ТIолго мунагь чурун вацIцIалъаниги
ВацIцIадав лагъасул щукру гьабуна.

Гьеб сордо байбихьун хъахIлъи базегIан
Алжаналъул  нуцIби рагьун рукIуна,
КIалтIа эхетарал малаикзабаз
Рохелал баркула къаимуназда[1].

РукугIалда чIарал сужда гьабурал,
Жал РахIманасдаса хIинкъун гIодарал,
Аллагь гIемер рехсон сордо борчIарал,
Мунагь-хатIа чури тIалаб гьабурал.

Гьазий бугебщинаб рохел бихьидал
Рохун малайкзаби хIайранлъулила,
ХIалкIвараб куцалда гIибадат гьабун
Гьабе, вацал, чIаго ШагIбан бащалъи.

Рикъзи гIатIилъизе гIумру цIикIкIине
Балагьал рорхизе нияталдалъун
ЛъабцIул ясин цIалун дугIа гьабиги
Гьаб барааталъул цо хасса[2]  буго.

Рехсон цебе араб рахIматалдаса
РахIманас гьукъараб цо къокъа буго,
МушахIингун[3] кагьин[4]  мудминул хамри[5]
Риба-зинаялда даимаб агьлу.

Эбелгун инсуе гIакъуба кьолел,
ГIагарлъи тIезабун жал барщун чIарал,

---

[1] Сардилъ тIаде рахъун тIагIат гьабулел чагIи
[2] Хаслъи
[3] ХIал хъубав
[4] Палихъан
[5] Даимго гьекъолдулев чи

Жидеца ракI бухIун тавбу гьабуни
Мунагь гьабичIезда гьалги релълъунел.

Гьаздаго гъорлъ ругел сихIручагIиги
СихIруялъ бер бухьун гIалам гуккулел,
ГIуламаазулги ижмагI ккун буго
Эзде иман лъейги куфру бугилан.

Аллагьас цIунаги гьаб гIамалалда
Нафсул-амараталъ[1] ахIиялдаса,
РахIманас тIамаги тавбу гьабизе
Гьарун аралщинал мунагьаздаса.

***********************
****************

*Бисмиллагьи ррахIмани ррахIими.*

# МархIаба, Шагьру-Рамазан

МархIаба мун лъикI бачIараб
ЛъикIлъаби цIакъ гIемераб моцI,
ЩIилъараблъун батаги мун
Умматалъе рохалие.

Ургъалаби тIаса араб
Исламалъул бакъ гвангъараб,
Баркат, рахIмат гIемераблъун
Гьабеги мун гIаламалъе.

---

[1] Квешалде ахIулеб нафс

Жинда жаниб кIалал кквейги
Умматалда парз гьабураб,
Сардал чIаго гьаризеги
ХIал кIварасе суннат бугеб.

ХIатта барабщинаб какил
Щибаб цо-цо сужда рикIкIун,
Азаралда анкьнусабго
Кири хъвалин хIадис буго.

Гьарурал ал лъикIалщинал
ГIаламазул кирабиги,
Лъабкъоялда анцIгоялде
Рахунилан абун бугеб.

Амма квешлъи гьабуниги
Гьебго хIалалъ цIикIкIун хъвалеб,
Гьелдасаги тох рукIунге
Тавфикъ кьеги киназего.

Шагьру-рамазаналдасан
Хиралъаби хъвазе ккани,
Нилъер гIакълу гIунтIулеб бакI
Жагьло[1] къабул гьаби буго.

Къудраталъул БетIергьанас
МухIамадил умматалъул,
Мунагь-хатIа чуриялъе
Чанги сабаб тIамун буго.

АзарцIул азарго инсан
ЖужахI тIадал гIадамазул,

---

[1] ЛъангутIи

Рамазаналъ щибаб къойил
Тархъулилан хIадис буго.

БачIанщинаб рузман къоялъ
Къолоункъго сагIат рикIкIун,
Щибаб цо-цо сагIаталъе
ДодигIанго тархъулила.

Сахаб моцIалъ тархъанщинал
Киналгоги данде гьарун,
ГьедигIанго тархъулила
Ахирисеб сордо-къоялъ.

Аллагьас нилъ гьаругеги
Гьеб рахIмат-цIоб щвечIездасан,
РрахIманасул ццинги бахъун
Нахъе рачахъараздаса.

ШамгIунилан бицен бугев
Цо бахIарчи вукIанила,
Бану-исраилазда гъорлъ
Рагъуе цIакъ гьунар бугев.

Сордо щведал Аллагь рехсон
Къо бачIиндал жигьад[1] гьабун,
Гьес азарго моцI инегIан
Ярагъ тIаса бахъичIила.

Гьесул къиса бицунаго
АсхIабзаби хIайранлъидал,
ХIабибасде вахIю босун
ЖабрагIил тIад гIунтIанила.

---

[1] Гъазават

ЗагӀипаб дур умматалъе
Аллагьасул рахъалдасан,
Сайгъатгун дун щун вугин
Рохел загьир гьабунила.

Гьабунщинаб гӀибадатгун
Гьеб азарго моцӀалдаса,
Жиндилъ гӀамал гьаби лъикӀаб
Сордо дуе кьурабила.

Лайлатул къадриян абун
ЦӀарги элда бугебила,
Къуръаналъул сурат рештӀун
Хиралъиги биценила.

Цо-цо сонил къадаралда
ЛавхӀалдаса босун Къуръан
Бищун гъоркьияб зодибе
Гьеб сордоялъ рештӀанила.

Расуласухъ Къуръан босун
Къоло лъабго лъагӀалица,
ХӀажат бихьун БетӀергьанас
Жибрил хьвадизавунила.

Жиб гъорлъ гьечӀеб анцӀол нусго
МоцӀалдаса хира гьабун,
Халикъас гьаб умматалъе
Кьураб сордо бихьуларищ.

Щукру гьабун хӀал кин кӀолеб
ХӀакъаб куцалъ Аллагьасе,
Гьал нигӀматал чӀорого кьун
КьагӀи гӀадин нилъ хьихьарав.

Рузман щинаб къо бачIиндал
СагIатул - ижабат[1] гIадин,
Умматалъ цIакъ бахъизелъун
Балъго тараб Лайлатул-хайр[2] .

Ахирисеб анцIилъ букIин
ГIемерисел гIалимзаби,
ТIад рекъараб хилаф[3] бугин,
Тох рукIунге витрабазулъ.

Хасго къоло анкьабилеб
ИжмагIалде[4] гIагарараб,
Ибну ГIабасидасанги
Риваяталъ жиб бицараб.

Жигаралда тIалаб гьабе
Гьал сардазул жаизатал[5],
Тавбу гьабун рачIаразе
Рикьизе жал къачIан ругел.

Лайлатул-хайр бихьанани
ДугIаялда барахщуге,
Дуйго гьарулелда цадахъ
Цогидалги гIахьал гьаре.

Дурго рукъалъул агьлугин
Умматалде щвей гьабураб,
Гьабуни цIакъ берцин буго
Кинаб хIалалъулъги дугIа.

---

[1] Жаваб гьабулеб сагIат
[2] ЛъикIлъиялъул сордо
[3] РагIи данде ккунгутIи
[4] Киналго тIад рекъеялде
[5] Сайгъатал

Доб Лайлатул къадриялъул
ГIаламатаздаса буго,
Сордо цIакъ гIенеккараб
ГIодой биччараб букIин.

Ралъадазул цIамгIалаб лъим
Гьеб сордоялъ гьуинлъула,
Гьабзазул хIапи-руруйги
БукIинарин абун буго.

Амма тIолабго лъим къунилан
ГIаламалъул хабар буго,
ГIалимзабаз бицунебни
Цебе рехсон араб буго.

Боголилгин рогьалил как
МоцI хвезегIан жамагIатгун,
Барав чиги рикIкIун вуго
Доб сардил хIаз[1] щвараздаса.

ГIузру гьечIев чиги вукIун
Рамазаналъ кIал хванани,
Хадуб бецIи тIадаб буго
ТIад буссун доб моцI щвелелде.

ШаригIаталъ кIал биччазе
Изну кьолеб бакIал ругел,
КIвахI тун лъазе тIалаб гьабе
Гьикъизе чи рукIунелин.

КIал бецIиги лъугьинчIого
Рамазан моцI тIаде щвани,

---

[1] БутIа

БецIунги гьеб тIубалареб
ТIалъула муд бахъизеги.

ТIубарабго гIумруялъ ккун
РецIаниги гьел кIалазул,
Рамазаналъ ккуралазде
Кириги щун бахъунареб.

Щибаб сордо чIаго гьабун
Гьаб моцIалъул хIурмат цIунун,
ТаравихIал раялдаги
ТIадчIей гьаби рекъон буго.

Рокъобго бан бегьаниги
БегьанагIан хIалкIолесе,
Масжидалда жамагIатгун
Базе инги суннат буго.

БецIизе как бугелазги
ТарахI базе бегьулебин,
Бегьуларин абулесда
Нахърилълъине тIалъиларо.

ТIагьаясде салат битIун,
Къуръан цIалун, зикру бачун,
Какал рецIун, тавбу гьабун
Тоге заман гIадада хун.

ГIидалъул сахI тIалъиялъе
МоцI хойи шартI бугониги,
Бегьулебин гьеб бахъизе
Бащалъи ун хадусала.

**Амма таъхир[1] хIарам буго**
**ХIалги кIолев рес бугесе,**
**КIал биччараб къоялъ радал**
**Бахъиги цIакъ хира буго.**

**МегIер-гIалахалда ругез**
**Сапаралде унелазги,**
**СахI бахъизе вакил гьавун**
**Чи тезеги бегьулевин.**

**Воре, жиндир гIужалда гьеб**
**Бахъизе нуж кIарчанлъуге,**
**КIал къабуллъи кири хъвайги**
**Бахъиялда хурхун бугин.**

**Хадуб ГIидалъул как бай**
**Киназего суннат буго,**
**Таклиф[2] тIадал бихьиналги**
**Руччабазе батIа гьечIо.**

**Мунфаридас[3] рокъобго бан**
**Аслу-суннат[4] хIасуллъула,**
**Масжидалъуб жамагIатгун**
**Бани кири цIикIкIун щола.**

**Балкан квине гьой бортула**
**ГьоцIо тIезе най хIалтIула,**
**Нилъеего щвараб давла**
**Данде гьабе, муъминзаби!**

---

**[1] КватIизаби**
**[2] ШаргIияб тIадкъай**
**[3] БатIаго как балес**
**[4] Сунаталъул аслу**

Дунялалъул ургъалабаз
Ахиратги кIочон хутIун,
Хвалил чапар тIаде щведал
Щибха цадахъ босун унеб?

Исламалде мугъги рехун
РахIманасул амруги тун,
Тавбуго гьечIого хвезе
Халикъасул лагъ бегьилищ?

Бокьанщинаб черхалъ гьабун,
Гьава напсалъ чангитги бан,
Таклиф гьечIеб хIайван гIадин
ГIадан хьвадун тIубаладай?

ГIидалъул къо щведалниги
ШаргIияб гIузру гьечIого,
ГIадамазда гьоркьоб барщи
ШайтIан букIун бегьиларо.

Гьабунщинаб лъикIаб гIамал
ГIадада хун ккунгутIизе,
ГIайибалде тIаде ракь хъван
Рокьи цоцалъ загьир гьабе.

Цеве рекъон, тIаса лъугьун
КIигоясул квер босарав,
КIицIул цIикIкIун кириги щун
Алжаналде цеве уна.

Аллагьасул цIоб告 рештIаги
ТIаса лъугьун рекъаразде,

**Расуласул шафагIат щун**
**Щваги рохел гIаднуялда[1].**

**ГIадамазе вагIза гьаби**
**ГIалимасул пиша буго,**
**ГIелму гьечIев чIинкIиласе**
**ВуцIцIун чIейи рекъон буго.**

**Рекъарабги къабул гьабун,**
**БугIаялъе кIал-мацIги тун,**
**Толев гьечIо дирго нафсалъ**
**Лъаларо кин ккелебали.**

**Киназдего гьари буго**
**Гьаб моцIалъул хIурмат гьабун,**
**ХIакъав Аллагьасе гIоло**
**Дида тIаса лъугьайилан.**

**Дирги нужой дугIа буго,**
**Диналъул вацалгин яцал,**
**Дунялгиму ахират кьун**
**Рохалида хутIагиян.**

*****************************
******************************

[1] **Алжаналда**

СагIид Афандияс данде гьабураб “МажмугIатул Фаваид” абун цIарги лъураб суал-жавабазул кIудияб пайда цIикIкIараб тIехь буго. Гьеб тIехьалда жаниб гьоркьо-гьоркьор гьес рехсолел руго назмабазул рагIабиги. Гьаб тIехьалъул пайда камиллъиялъул мурадалда нижеца гьел рагIабиги гьаб тIехьалде росулел руго.

Дунго гIалим гьечIониги
ГIемер суал бачIунелъул,
ГIадамазул ишкалазе
ШархI[1] гьабизин гьадиятлъун.
Гьунар гьечIев чIинкIил вукIун
ЧIезе ккарав вугониги,
ЧIагояв чи кIалъачIого
ХутIулевги вукIун гьечIо.
Гьикъаралъе жаваб гьаби
Факъигьасул пиша буго,
Факъирзаби жалго тейи
Адабалъул гIаркьел буго.
Рикьалаби гIемерлъиялъ
ГIалам рахIат дагьлъун буго,
ГIалимзабаз бицунелда
Божигицин тIагIун буго.
ГIилму гIакъидаталдасан[2]
КьучI мухIканаб лъун гьечIони
Гьес цIалараб гIилмоялда
ГIамалалъул пихъ баларо.
ГIамал гьечIев гIалимчиги
Пихъ балареб гъветI вукIуна,
ТIадго гьечIеб пихъалдасан
Пайда халкъалъ кин босилеб?
Суалал хъван, жаваб гьабун,
МажмугI данде гьабиялде
Гьикъулел чи гIемерлъиялъ

---
[1] Баян
[2] РекIел чIеялъул гIилму

Вачана дун, диналъул вац.
Дица кьураб жавабалъулъ
Жагъалаб жо батун хадуб
БитIизабун, хIакъабги хъван
Дийги дугIа кIочон тоге.
ДагIба-рагIи хIасадалъги
Ла-ясуду[1] абулелъул
БегьанагIан лъикIалде цIай
ЦIакъго нухал данде къаге.
Къуръан-хIадис лъалин абун
Лъай гьечIолъи нахъе чIваге
Лъай кьурасе реццги гьабун
ГIамалалъе жигар бахъе.
(жагьлу[2], нисян[3], гъафлат[4], гъалатI)
Инсанасул шаънолъидал[5]
ШаргI цIунизе тавфикъ кьеги
МухIаммадил умматалъе.
Ихтилафул-аимати[6]
РахIматлъунги кьун бугелъул,
Кьуралдасан пайда босе
ГIакълу-тадбир камиллъаги.
Киналниги суалал хъван,
Тартибалда тарихги лъун,
Хадуб жаваб регIизабун
ГIуцIилеб тIехь, иншааллагь.
МажмугIатул фаваидан
ЦIар тезеги ният бугеб,
ЦIалун пайда босаразул
ДугIаялде хьулги бугеб.

---

[1] Ханлъун вахъуларо
[2] Лъавукълъи
[3] КIочон тей
[4] Гъапуллъи
[5] Иш хIал
[6] Имамзабазда гьоркьоб хилаф ккей

********************

**Лъалареб малъизе чи камиларо**
**Малъараб босизе тIалиб ватани,**
**БитIараб бицунев гьудулги щвела**
**Гьеб къабул гьабулев гIакъил дандчIвани.**
**ГIилмо гIирфаналъул ицц бакъваларо**
**Къечалъ тIул бухIарал тIаде ккун хадур,**
**ТIабиб гъорлъа камун къавм хутIиларо**
**ТIибалде[1] хIажатал мухIтажиназе[2].**
**Жавгьаргиму якъут кIалцIуй баниги**
**БоцIуца кунеб жо гIурдал хер буго,**
**ГIарац-меседалъул гьир чIехьаниги**
**ЧIегIер хIайваназ гьеб хIатIикь мерхьуна.**

**********************************

**Гьабун лъураб кванил тIутIги цебе тун,**
**Цойги тIагIам балагьизе мун киве ?**
**Квер бегьани тIезе щолеб гIечги тун**
**ГIалхуда мун щиб балагьун свердулев ?**
**Суннаталъул агьлулъун мун ватани**
**Эзул нухда ине чIухIун бегьилищ ?**
**ХIабибасул ирсилазда тIад кIалъан**
**ТIокIаб гIилму щварав гIалим вихьанищ ?**
**ШафигIияс жадидалда бицараб**
**РагIи ккуни дуе хIакъищ батилеб ?**
**Щаклъи тIаса ине якъин цIунани**
**ЦIадавейищ мун рехилев хал гьабе ?**

********************************

---

[1] **Тохтирлъиялде**
[2] **ХIажат ккарал чагIазе**

ШаргIалъ хIалал гьабураб
Суратгун къеркьечIого
КъвачIинир мугьал разе
Жигар кин гьабулареб !
Жакъа-метер лъалареб
ЧIаголъиялъе гIоло
ЧIухIараб дурго нафсалъ
Гуккизе щай вукIунев?!
Ширкалдаса бацIцIадго
ГIамал цIунизе гIоло
ГIумру пана гьабулеб
Гьаб агьлу щай какулеб?
Алжан тIалаб гьабицин
Ширк бугилан абулел
Шайихзабаде купру
Кин гIунтIизе гьабулеб !
ГIилму гIамалалдаса
ЧIухIараб иблисалъул
Ахиралда щиб ккана
Щайха мун кантIуларев ?
ТIарикъаталъул нухде
Зазил кварчаги рехун
Кисанха мун къокъилев
Къадирасул рагьдохъе !
Къап мегIергун бащадаб
ГIамалгун щварасеги
ГIарасат-майданалда
ХIинкъи кIудияб буго !
ХIабиб вокьун сунат ккун
Агьлугун хьвадарав чи
Элгун цадахъ вахъуна
ГIамал дагь бугониги !
Дирни гIишкъу букIуна
Анищги цIакъ гьабула

**Элгун цадахъ рахъунел**
**Агьлулъун гьавиялде !**
**Гьезда гъорлъ вахъун хадув**
**ЗагIипаб дир рухIалъе**
**РахIматгин цIоб щвеялда**
**Щаклъиги букIунаро !**
**Щибха дуе гIечIеб жо**
**ГIарифуназда аскIоб**
**ГIадалаб гьаваялъул**
**Лагълъун мун ватичIони !**
**БатичIебищха дуда**
**Гьезда аскIоб лъикIлъиго**
**ЛъикIаб тIаса бищулев**
**ТIалиблъун[1] мун ватани !**
**МатIугун дагIбадулел**
**Маймалакал киниги**
**Кумалазда[2] гIайиб чIван**
**ГIавамал бегьиларо !**
**ГIухьбузул къайиялда**
**Къавул гьаби киниги**
**Нилъ цуцаде гьусулел**
**РичIчIизе мех щун гьечIищ ?**

***************************

**Инсанасул загьир[3] бихьун**
**БатIиналъе хIукму гьабун,**
**Купру гьесда гIунтIизаби**
**ГIилмоялда рекъеларо.**
**МугIрул гIадал мунагьазул**
**БетIергьанлъун вукIаниги,**
**РекIелъ бугеб иманалъе**
**Лъида кIолеб къимат кьезе!**

---

**[1] ТIалаб гьабулев чи**
**[2] Камилал чагIазда**
**[3] Загьираб рахъ**

ЛъикIлъиялда гIумру унан
Ахир витIун ккейиялде,
ИгIтикъадгун божи лъейги,
Балъгояб ширк букIинарищ?
ШаригIаталъ нилъ ахIула
ХIал кIванагIан гIайиб бахчун,
Бусурбанав вацасдехун
Зану[1] берцин гьабиялде!
Гьал рагIаби рекIелъ рекъон,
ГIафвоялде хьулги тIамун,
ТIаса кколин как-кIалилан,
Ккарав чиги ахIмакъ вуго.
Ихдал хурги бекьичIого,
Кьижун рии нухабги лъун,
Хасалихъе хур бакIари,
БукIунареб лъазе ккела!
БетIергьанги гIафву тIокIав,
ГIадлу-низам чучго толев,
Тавабинал цIакъ хирияв,
Халикъ вукIин хIакъаб буго.
ХIалкIун амру-нагью цIунун,
Аллагьасе мутIигIлъизе,
ТIад гьабурал лагъзал рукIин,
КIочон нилъги тIораларо!
ТIагьаясул шафагIатги,
Умматалъе нигIмат буго,
НигIматазе агьлолъизе,
Эв вокьиги далил буго.
Вокьиялъул гIаламатги
ГIемер салат-салам битIун,
Суннаталъул жамагIатгун
Итифакъгун[2] вукIин буго!

***********

[1] Пикру
[2] Рекъон

Дунялалъул боцIи буго гIалхул чан
Чангиясул анищ хIорго гьабураб
Чанахъаби руго гьелъул тIулабал[1]
ТIуранагIан хадур ине гIащикъал.
ГIумру буго инсанасе сафарлъун
Ина вугеб бакIго жинда лъаларeб.
Жагьлуйилан абун буго цо гIамал
ГIадан витIун хьвадизего толарев.
ГIилмо абун буго цойги цо жавгьар
Жинда гIамал гьабурасе гвангъулеб.
ГIакълу абун буго цойги махлукъат
Къиматаб доб жавгьар жаниб цIунулеб.
Жагьлоялъул хIурмат гьечIеб гIамалалъ
ГIилмоялъул жавгьаралда къец бала.
ГIакълуялъул къуваталде балагьун
БитIарабгин тIекъалъе къимат кьола!
Ракьалдасан вижун гIакълу-лъайги кьун
ГIадан дунялалде виччан тун вуго.
Вуссунеб бакI ахирги дур ракьилан
Халикъасул къотIи-къайги лъан буго.
Къоял тIагIун хадур хвалил кьогIаб лълъар
КьечIого тунгутIи якъинаб буго.
Кьун хадуб гьеб гьекъечIого ворчIарав
РагIичIо ракьалда цониги инсан.
Аллагь Ризкъи кьезе гъоркье чIун вуго
Ракь мулкалъул бетIергьанги гьев вуго.
Гьес рижарал лагъзаллъунги рукIадго
Ракь сабаблъун дагIбадизе бегьилищ?
БегьанагIан цоцазул хIалги баччун
ХIалкIванагIан гьоркьоб вацлъиги цIунун
БацIцIадаб дин-исламалъул нух кквезе
Нилъ гьукъараб кIиго тушман кIочонге!

[1] ТIалаб гьабулел чагIи

******************************

**Аллагь гІемер рехсезе**
**МацІалда барахщуге**
**МацІалъул зикру гурелъ**
**РекІелъ нух бахъуларин,**
**РакІалдаса гъафлат ун**
**ХІузур-жамгІият[1] щвезе**
**ГІарифуназ бищунго**
**Бецарабги гьеб буго.**
**ШайтІангун вагъулесул**
**Яргъилал къуватазулъ**
**Бищун къуват цІикІкІараб**
**Зикроян абун буго.**
**Аллагь лъай тІалаб гьабун**
**Сапар байбихьулезул**
**Бищун цебе хІетІ лъолеб**
**Болъоги зикро буго.**
**Зикроялда даимав**
**Дармилъ бергьарав вуго**
**Даимаб хІузур щвани**
**ШайтІан рекІелъ чІоларо.**
**ШайтІан нахъе къотІани**
**Къалбуги рахІатлъула,**
**РухІанияб тарбият**
**Нафсалъеги букІуна.**
**Нафсул-амараталда[2]**
**Чангит байзе хІал кІвани**
**Лаваматалде[3] ваккун**
**Дурго гІайиб бихьула.**
**ГІайибалде ккарав лагъ**

---

**[1] Аллагь кидаго цадахъ ва рекІелъ вугевлъун хиял хІалтІи**
**[2] Квешалдалъун амру гьабулеб нафс**
**[3] ХатІа ккуншинахъе дудаго гІайиб чІвалеб лъикІаб нафс**

Сайидасдаса нечон
Даимаб хидматалъе
ЦIакъ бахъунги хIалтIула.
ХIалтIулъ бергьенлъи щварас
Шафакъатал росула,
Шакъаваталъул[1] асар
СагIадаталъ[2] тIагIуна.
ТIагIат-гIибадалъул
Натижат хIасуллъула,
ТавхIидалъул гъотIода
Ихласалъул пихъ бала.
Аллагь вокьи цIикIкIуна,
Лагълъиялъул куц лъала,
Киналго умуразулъ
ЗахIмалъи тIаса уна.
Мискъалул зарагIанаб
ГIибадат гьабуниги
Азар даражаялде
Бахунеб хIал лъугьуна.
ХатIаратал тIагIуна,
Якъинги хIасуллъула,
ХIикматазул рукъалъул
Гъапудухъ кверги щола.
ШаригIатги бичIчIула
Ихтилаф[3] рахIматлъула[4]
РахIманасул цIоб горелъ
Нажат[5] щунгутIи лъала.
ГIашикъасул кIал-мацIалъ
Рагъул гIорхъи бахуна,

---

[1] ТалихI къосиналъул
[2] Бахьи буголъиялъ
[3] Хилаф
[4] РахIматлъун сверула
[5] Хвасарлъи

ГIишкъу ккараб бакIалде
РекIел хивал цIан уна.
Рокьигин махIабаталъ
ХIайран гьавун хадуса
Таклиф[1] тIаса рехарав
Мажнун[2] гIадин лъугьуна.
Жанисанги тIасанги
Инсан вацIцIад гьавулеб,
Аллагь цо вукIиналъе
НугIлъи жиндалъун чIолеб,
БацIцIадаб ракIалдалъун
Цо нухалъ жиб абуни
Ункъазар кIудаб мунагь
Бихулин хIадис бугеб.
Баче ножоца зикру
Мазкурасде[3] ракI буссун,
Рехсе Аллагь даимго
Дунялалъул хивал тун.
Тоге заман гIадада
ГIабдал мун ватичIони,
ГIумроялъул хал гьабе
Кибедай щун бугоян.

******************

ХIалал-хIарам батIа гьаби
ТIадаб буго инсанасда,
Амма тIолго хIарамлъанин
ХIукму къотIи битIун гьечIо.
ХIалалабги хIарамлъулел
КъагIидаби гIемер руго,

---

[1] ШаргIияб тIадкъай
[2] Женаца ккурав чи
[3] Жив рехсолев, ай Аллагь

**ГІалимасде гьикъарав чи**
**Жаваб камун хутІиларо.**
**Жагьиласул гІайиб буго**
**ГІалимасде гьикъунгутІи**
**Гьикъун хадуб лъайги букІун**
**БицинчІевги шайтІан вуго.**
**ШаригІаталъ тІад гьабула**
**Загьиралда гІамал гьаби,**
**ГІаламалда тІад гьабичІо**
**БатІиналда[1] хІукму къотІи.**
**Жакъа нилъер заманалда**
**Аслу-кьибил лъалареб мал,**
**Лъай цІикІкІарал ахІбараца[2]**
**ХІалалабин абун буго.**
**ХІалалаб мал кисайилан**
**Абулевги какун вуго,**
**Гьев шаргІалда тунки бугев**
**АхІмакълъунги рикІкІун вуго.**
**Аллагьасул рахъалдасан**
**ХІалалаблъун щвезе бугеб**
**ХІарам гьабун мал куневги**
**Камуларев вуго инсан.**
**КигІан цІакъ яхІ бахъаниги**
**ХІарамалде свери гореб**
**ХІукму къадаралда хъвачІеб**
**Щвезе ресги кколеб гьечІо.**

*********************************

**Черхалда хІал бугилан**
**ГІумруялда божуге,**
**ГІажал тІаде щун хадуб**
**Унти къваригІунарин.**

---

[1] **РекІелъ бугеб жоялдалъун**
[2] **ГІалимзабаз**

Метер гьабизейилан
Тавбо нахъе тIамуге,
Нахъеяб къо щвезегIан
ХутIилев лъаларелъул.
ХутIарабщинаб как-кIал
БецIизе жигар гьабе,
Жагьлоялда тIамураб
ГIумроялда ракI бухIа.
ГIадамазе налъигун
Хвезе горилан хIинкъа,
ХIалкIун тун гьеб бецIизе
БоцIуда барахщуге.
БецIизе тIад налъигун,
Балъго гьабун гьебги тун,
Гьаб хIалалда мун хвани
Хабалъ цIакъ захIмалъила.
Лъималгин хъизамалде,
Я божарав чиясде
Дурго хIал бицун тани
Цо сабаб камиларо.

************************

Махлукъияб[1] гореб каламун къадим[2]
Къадро гьабун цIале, диналъул вацал!
Динул-Исламалда халкъ тIобитIулеб
Халикъасул калам каранда цIуне.
Кинабго хIарп рикIкIун анцIго даража
ЦIаларасе кьезе гъоркье жив чIарав
Жабарасул[3] амро нагью цIунизе
ЦIакъ жигарги гьабе гьидаят щвезе.

---

[1] Жиб бижичIеб
[2] Цебегосеб калам
[3] Аллагьасул

Дунял ухраялъул гӀулумазул[1] ицц
ГӀорцӀизегӀан гьекъе къечон ратани
Къанун законалъулъ зулму-хӀал гьечӀеб
ХӀукму тӀаса бище бусурбабаца.
Рехсон цебе араб пайда щвеялъе
ШартӀалги рукӀунин кӀочене тоге
КӀалдисан бахъулеб хӀарпалъул махраж
Живго жинца куцун камиллъуларо.
Лъалес гӀашилги лъун дурус гьабичӀеб
Дуца Къуръан цӀали къираат[2] горо
Къалебгун цӀалелъул тадбир цӀуничӀеб
ЦӀалиялъги магӀна хвезе гьабула.
Гьал шартӀал цӀунани цӀали букӀина
ЦӀалараб хӀарп рикӀкӀун кириги щвела
Кинги гьебгун цадахъ тадабур[3] гьаби
Гьебги шартӀ гьабула гӀарифунаца[4].
ГӀайиб гьабичӀого ножоца тани
Танбигьал[5] ругоан дагьалги нахъе
Дица ургъун хъвалеб хабар горелъул
Хал гьабе къурааз[6] мекъса бугищан.
Къуръан цӀалиялъул тӀолго адабал
Дица хъвалел гьечӀо хӀал кӀоларелъул
ХӀадисалъ бицунеб лъайзе бокьарал
Бокьун буго дагьал кантӀизаризе.
Дуца Къуръан цӀале магӀо тӀолаго
ГӀоди байинчӀони хвелниги гьабе
Гьебги лъугьинчӀони гьанже мун гӀоде
Дурго къасаваталъ[7] цӀураб ракӀалда.

---

[1] ГӀелмабазул
[2] ЦӀали
[3] Пикру гьаби
[4] Аллагь лъалез
[5] КантӀизарулел жал
[6] ЦӀалараз
[7] Бицалъиялъ

Къуръан цIалулев чи чан вукIунарев
НагIана гьелъги кьун цин бахъин щварав
Щвезе бугеб ажро гIададаги хун
Жиндирго гьормада гьеб кьабун толев.
БитIарабгин хIакъаб къабуллъуларел
Къокъаби камураб заман гьечIелъул
Къуръаналъ жидее нагIана кьолез
Кьабилада, унго гьабги дир хонхилъ.
Гьаваялъ мехтарал камуларелъул
ЛъикIаб манлъунилан дун рихинадай,
Нафсалъ кьили лъурал чIухIухъабаца
ЧIорал речIчIиладай дун пакъирасда.
Диваналъул къоги нахъа бугелъул
Баниги ургъел щиб ришни гохIалде,
РахIманасда цере чIезе ругелъул
Лъуниги кIваричIо дида бугьтанал.
БетIергьан разияб къираатаалъе
Тавфикъ кьун рохаги, нуж бусурбаби,
Нураниял хIарпаз ракIалги гвангъун
РухIаги киналго квешал ахлакъал.

*********************************

Гьекъолеб жо какулел
Киналго гIалимзаби,
ГIин базе къасдго гьечIел
ГIолилазул къокъаби.
Къойил вагIза гьабулел
Масжидахъ дибирзаби,
Диналде руссунарел
Бусурбанал наслаби.
НасихIаталъул агьло
Умматалъухъ гIодулеб
ГIадамалин абуни

Инкаралда хьвадулел.
Дин бокьулин абулеб
Амрогин-нагьу толеб,
Тавбо кIалалъ гьабулеб
РакI долде хилиплъулеб.
Хвезе ругин бицунеб,
Гьелдаса хIинкъуларел
ХIалалгин хIарам лъалеб
ВарагI цIуни загIифал,
Зулму жедеда гьабун
ХIехьон бажаруларел,
Жидеца зулму гьаби
ГIадатлъун билълъанхъарал.
Бицунеб рагIиялъухъ
ГIадлуялъ гуч гьабулел,
Гьабулеб пишаялъулъ
Щибго ритIухълъи гьечIел
Шагьи-капек горелде
БетIерго хIалтIулареб,
ХIикматаб гIалам буго
Дагъистаналда лъугьун.
Дир кIудияб хьул буго
Ракьцоял гIолилазде,
ГIалимзабаз бицунеб
Къабул гьабилебилан,
КъотIулеб буго ракIалъ
Умумуз нахъе тараб,
Ирсалдаса махIрумлъун
Лъимал хутIиларилан.
Мехтулеб жо гьекъезе
Гьукъун буго шаргIалда,
Къуръанги хIадисалъул
Насги[1] буго гьелъие.

---

[1] ЧIванкъотIараб хIукму

Аллагьас хIарам гьабун
Аят рещтIун хадуса
Насхо[1] гьабичIебщинаб
ШаргIалда хIарамлъула.
ШафигIас[2] рицун тарал
ХIадисазул кьучIалда
ХIал кIун шаригIат цIуни
ТIалъула умматалда.
ТIагьаясул сунатал
ЧIаго гьари абуни -
Гьеб ккола инсанасулъ
РухIияб къуват цIикIкIин.
Расуласул суннат лъан
Гьебги цIунун гьабураб
ГьитIинаб бугониги
ГIамалалъул хиралъи,
Халикъасда аскIоб гьеб
Азариде бахуна.
Аллагьас тавфикъ кьеги
Сунат чIаго гьабизе.
БетIергьанас нелъее
ХIалал гьабурабщинаб
Гьелда жаниб букIуна
КIудиял мунпагIатал.
Дунялалда рохелал,
Ухраялда[3] сагIадат[4],
Унта-щокълъиялдаса
Черхалъе саламалъи
Халикъас хIарам гьабун
Халкъалда лъай гьабураб

---

[1] Гьеб хIукму хвезабичIеб
[2] Аварагас
[3] Ахираталда
[4] Бохьи буголъи

Гьелда жаниб абуни
Камураб унти гьечIо,
Киналниги квешлъаби
Гьелда балеб пихъ ккола,
Гьелда даимлъарасул
Диналда хIинкъи буго,
Гьекъолев чиясухъе
Цо лукъма кванил кьуни,
Куна гьесул хабалъ гьан
Борхьалгин гIанкърабаца.
Гьекъелалъе квербакъун
Щив чи вугонаниги,
Гьев ккола динул-ислам
Биххизе хIалтIулев чи.
Гьекъолесухъе гIарац
Къарзалъ кьеян абуни
Гьебги ккола бусурбан
Чи чIвазе комек гьаби.
Гьесда аскIор гIодор чIун
РакIгъей гьабурал чиги
Беццаллъун тIаде рахъун
Рачуна ГIарасалде.
ГIемер гьекъеялдалъун
Мехтизе гьарулеб жо
Дагьабго гьекъезеги
ХIарамлъула халкъалъе.
Гьекъолеб жо хIалалаб
Бугилан абулев чи
Исламалдаса вахъун
Купруялда вукIуна.
КIудиял мунагьазул
Гьиралгун вачIаниги
Гьесие тавбоялъул
Гъапу рагьараб буго.

**РахIманасдаса хIинкъун
Гьекъолеб жо тарасе
Алжаналъуве щведал
Шараб[1] гьекъезе кьола.
Гьекъолеб жо киналго
Квешлъабазул хан буго
Квешав ханас лъикIаб жо
Лъидего малъуларо.
ЛъикIалдехун горони
Хивалго гьечIониги
Гьев ханас тIад квер лъурав
Лъимер гIадин лъугьуна.
Гьанжи бачIун шайтIаналъ
Гьормада квер бахъула,
Гьудуллъи рагIизабун
Вацлъи щула гьабула,
ШаригIат-исламалъул,
Инсанияб яхIалъул
Нусабго лагаялъулъ
Асарцин хутIуларо.
Цинги гьесул габуниб
Щулияб кварги рехун,
ЩайтIаналъ бече гIадин
Вачуна бокьаралъув.
Кьурулъанги кIанцIула,
ЦIадавеги лъугьуна
Гьанжи гьесул берazда
Щибго жо бихьуларо.
Бегьиларо, дир лъимер
Дурго гьеб гIумроялъул
ГIаркъил истаканалде
Багьа данде босизе.**

---

[1] **Гьекъолеб жо**

Берцинаб гIолохъанлъи,
ГIанчIаб, эркенаб заман
ГIарцохъ бичуге, дадал
Дуй нахъа битIун ккела.
Дурго умумуз гIадин
Исламалъул нухги ккун
Адабалда хьвадизе
Дуеги мех щун буго.
Къол щуябго какги бай,
Рамазаналъ кIалги ккой,
Закат-сахIги тIобитIе
ХIалкIвани хIажги гьабе.
Гьелеха дуе Ислам,
Дур умумуз ккураб нух,
Адабияталде мун
ТIовитIулеб шаригIат.
Щибаб квешлъиялдаса
Мунго цIунулеб къолден,
Къаркъала сах букIаго
РетIине гIамал гьабе.
Гьелде инкарги гьабун
Кинго нилъ тIораларо,
ТIадаб налъи кьечIого
Налъулав ворчIуларо.
ВачIа, гьабун те тавбо
Те гьеб квешаб хьвадиги.
Тавбо гьабун вуссарав
Аллагьасе вокьулин.
Босе яхIалъул рачел,
Борче гьеб дагьаб мехалъ,
Дудаго Исламалъул
Щолеб баркат бихьизе.
Босун тея цо гали
Къанщун кIиябго бергун

**Къараб нуцIаги рагьун**
**Аллагьасул рокъобе.**
**Бая цо как берцинго**
**Бихьинчияс кинниги,**
**Нечогея чияхъа -**
**ЧагIи дуй хIажат гьечIин.**
**Чанги дудаса квешал**
**Квешабщиналъул агьло**
**Аллагьасдеги руссун**
**Вализаби лъугьанин.**
**Гьаб насихIаталъулъ дуй**
**ХIиллагин макру гьечIин,**
**ХIалбихьи гьабе дуца**
**Дун гъоркье чIарав вугин.**
**ЧIегIераб нохъаялде**
**ХъахIмиккиянги абун**
**Мун гуккизе бокьарав**
**СахIирги дун горевин.**
**Дунял-ахираталъулъ**
**МагIнавияб бичIчIи кьун**
**Кьеги ножое тавфикъ**
**Тавбоялде къасд ккарал.**
**Къуръангин-хIадисалъул**
**Амру-нагью тIобайзе**
**Аллагь, дуца тIамеги**
**ТIагьаясул гьаб уммат.**
**Амин!**

**************************
***********************

**Дунялалъул гьаб ханлъи**
**Хведал тIаса унеб жо,**
**Халикъасул лагъ вукIин**

КIочон тун бегьиларо.
Бечелъи – гъотIол рагIад -
Даимго тIад чIолареб
ЧIагоязе хутIулеб
Хун араз нахъе толеб.
Инсан вижилелдего
Ризкъигун ажалалъул
Азалалда тIобараб
ХIукмугин къадар буго.
Къару ниегIан гIемер
БоцIи кодоб щваниги
Дуй хъвачIеб ризкъиялъул
Лукъма дуца куйнаро.
Лукъманул-хIаким гIадав
Тохтор дуе щваниги
Дару гьабун тIагIараб
ГIумро нахъ бусинаро.
ГIагарлъигин кьибилалъ
Кьураб рушватги босун
Кьурал къоял тIагIиндал
ГIизраилас теларо.
Эркенаб дунялалда
РахIаталдаги хьвадун
ЛахIдоялъув лъугьине
Лъиеха къабуллъилеб?
Къайсар ханасул гIадаб
ТахбакI-мулкги жибго тун
Мусруялъув жемизе
Разияв чи вукIинищ?
Разияв вугищилан
Гьикъулеб гIадатани
Къваридаб хобалъуве
ГIадан лъугьинароан.
Изно босун горони

РухI бахъуларебани
Инсанас Малакулмавт
АскIов веччалароан.
Ахир-къадги хвечIого
ХутIуларев лъалаго
Халикъасде гIассилъи
ГIакъилас гьабиларо.
Хун хадуса рукIунел
Агьвалазда божулев
Аллагьасул шаргIалде
Мугъ реххун хьвадиларо.
Адам вижаралдаса
АхIмадиде щвезегIан
ШараигIал манлъизе
Русулал ритIун руго.
ТIолгоязул хатамлъун
Хиси гьечIеб исламгун,
Умматалда гурхIулев
ХIабиб нилъей кьун вуго.
ХIалалгин хIарамалъул
ХIукмаби жанир ругеб
Жиндир къадро кIудияб
Къуръанги рещтIун буго
Къимат-жавгьар гIадинал
Нураниял хIадисал
Расулас рицун тарал
Гьелги нилъехъ щун руго.
Гьаб Къуръан-хIадисалъул
ХIукму къабул гьабичIел
ХIабибасул умматлъун
РикIкIине бегьиларо.
Гьеб кIиялъго манлъухъе
Хьвадулареб къавмалъе
Къиямасеб къоялъул

ХIинкъи кIудияб буго.
Бокьун цохIо как тарав
Тавбоги гьабичIони,
Гьеб базе кколарилан
Инкаралдаги чIани,
Купруялде гьев ийин
Имамзаби рекъараб
Ишкал жинда тIад гьечIеб
ШаргIалъул хIукму буго.
Какил кIвар гьабулареб
Агьлолъун жив вугесул
ГIумроялдаса баркат
Бахъулин хIадис буго.
Гьесул лъикIал гIамалал
Къабулги гьаруларо,
Гьормада иманалъул
Нургицин хутIуларо.
ЛъикIал чагIаз гьабулеб
ДугIаялъул баракат
Гьелдаса махIрумавлъун
ХутIулиланги буго.
Хвалилъе лъугьиндалги
Басралъиялде ккола,
Ралъад лъел гьекъаниги
Къечалъ вухIунги хола.
Хобалъ гьев данде къала,
ЦIадул донкIлъун батула,
ШужагIун акърагI абун
Борохь тIаде тIамула.
БайчIого тараб какил
ГIужалдасан байбихьун
ЦIадул гIарчIалъ кьабула
Хадусеб гIуж щвезегIан.
ГIарасат майданалда

**ТIаде рахъараб къоялъ**
**ТIоцобе хIисаб гьаби**
**Какдасан байбихьула.**
**Какил хIисабалдаса**
**ВорчIун хадуб лагъасе**
**Хадусел умуразул**
**Ургъел цIакъ бигьалъула.**
**Аллагьас фарз гьарурал**
**Исламалъул арканал**
**Как гIан амро кIудияб**
**Диналъул хIуби гьечIо.**
**Бокьун цо как тарасе**
**Тавбоги гьабичIони**
**ЧIвазе хIукму къотIула**
**ШаригIаталъул соталъ.**
**ШаргIалъ къабул гьабулеб**
**ГIузру жиндир гьечIого**
**БайчIого тараб цохIо**
**Какил хIакъ тIад хутIани,**
**БетIергьанас гьесие**
**ГIафвуги гьабичIони,**
**Гьес жужахIалъуб бала**
**Лъабкъоялда анцIго сон.**
**Аварагас холелъул**
**Каранде рухI щведалги**
**Какил аманат гьаби**
**Анасица бицана.**
**Аллагь Дуца тIобитIе**
**ТIагьаясул гьаб уммат,**
**Исламалъул хIобода**
**Къвал бан тIагIат гьабизе.**
**Къол щуябго балеб как**
**Квешал гIамалаздаса**
**Инсан нахъе чIваялъе**

Сабаблъун гьабун буго.
Бoччан тараб гьоялда
Гьев релълъон вахъун вуго,
Гьой бухьунеб рахаслъун
Инсанасе как буго.
Аллагьасда цеве чIун
Щуябго как тIобалев,
Щибаб къойил щуцIолго
БацIцIадаб лъелъ чордолев
Чиясда релълъун вуго.
Мунагьал чуриялъулъ
Малъе, Аллагь, Дуцаго
Дуда цере чIолеб куц.
Дуца гьидаят гьарун
Нухда тIоритIичIони
БитIараб нух нижеда
Манлъулев чи гьечIелъул,
Манлъизе гьунарги кьун
Ракьалда Дуца тарал
Дур уманаaздаса
РатIа гьаруге, Аллагь!
Амин!

************************
*******************

ХIабибасул къадру-къимат
Къуръаналда рехсонлъидал,
Халкъалъ хъвалел манакъибал
КъатIраялда релълъон руго.
Къудраталъул БетIергьанас
Гьесул тIокIлъи бицунлъидал,
ТIокIаб къимат гьесий кьезе
Инсанасул хIал кIоларо.

**КIвараб хIалалъ тIагьа вещцун**
**ТIолго гIалам кIалъаниги**
**Макаримул-ахлакъазул**[1]
**Къадру лъазе рес щвеларо,**
**Расуласул мугIжизатгун**
**МигIражалъул асаразулъ**
**Аллагьасда гIилмо хасаб**
**ГIемер хIикмат жаниб буго.**
**Жиндие лъай щвечIебщинаб**
**Инсанасул тушман буго,**
**Агьлолъун жив вижаралъулъ**
**Жив-живасул къисмат буго.**
**Жиндир рекIелъ къарарлъарал**
**ЛъикIал-квешал пишабазул**
**КигIан балъго гьаруниги**
**ЛъачIого махI хутIуларо.**
**ХIабибасде гьечIеб рокьи**
**Загьирлъизе биччаларел**
**Зазил цIурал гъутIби гIадин**
**ГIодор чIола мажлисалда.**
**Мавлид ахIун, ракIал чучун**
**Расулуллагь вещцулезде**
**Рази гьечIеб балагьиялъ**
**Бицуна гьел инкарчагIи.**
**Аллагьасул халкъ загьирлъи**
**Къарарлъараб хIукмуялда**
**ХIарщалдасан Адам вижин**
**Иблисалъе захIмалъана,**
**Эсий сужда гьабейилан**
**Амро жинде гьабуниги**
**Жиб бижараб Халикъасде**
**Инкар кквезе намуслъичIо.**

---

[1] **ЛъикIал тIабигIатазул**

Аллагьасе бокьаралда
РазилъичIеб илбисалъул
Арабщинаб гIумроялъул
ГIибадат-дин пасалъана,
Дун абураб цо рагIиялъ
ГIалим абун чIухIун чIараб
ЛагIинилан[1] цIарги ахIун
ЦIобалдаса махIрумлъана.
ХIабибасул нуралдасан
ГIалам вижин захIмалъарал
Занадикъазул[2] къулубал
Къасаваталъ[3] пур чIун руго
РахIматалъул авараган
Аллагьас гьев тIаса вищи
Тащвишалъул[4] агьлоялда
Эбги мекъса бихьун буго.
АсхIабзаби, тIабигIинал -
ГIасрабазул мужадидал
Жудер кашфо-караматал
Киналдаго лъуна бугьтан,
Автадалги, акътIабалги,
Ахасазул хавасалги
Аллагьасул гьаб боялда
Божулев чи азул гьечIо.
Жидер цIияб мазгьабалда
НахъвилълъинчIевщинав инсан
Агьло-къиблат[5] вугониги
Вуго азий мушрикинав,
Щуго рукну исламалъул

---

[1] Жиндие нагIана кьураб
[2] Зиндикъасул (къосарал чагIазул)
[3] БецIлъи-бицалъи
[4] Щакдари ккезабулеб
[5] Как балеб агьлу

Аллагьас фарз гьабун буго
Анлъабилеб рукну азул
Уммат капур гьаби буго.
Аллагьасе бацIадаб рец
Жив лъазелъун нилъ рижарав,
Алжан-жужахI гьечIониги
Жиндий лагълъи мустахIикъав,
ХIабибуллагь АхIмадиде
РикIкIен гьечIеб салат-салам!
РекIел матIу бацIцIаразда
Бераздалъун жив вихьулев,
Жиндир бицен гьабунагIан
Гьуинлъулеб хабар буго.
Хивал жиндилъ хIалтIанагIан
ЛатIаифал чIолел гьечIо,
ЧIаго вукIун дунялалда
Даимлъараб къуваталъе
Къабруялъув лъунин абун
Лъугьа-тараб ками гьечIо.

**************************
*********************

Чахъабазул тIомал
ТIад ххурал хъормаз
ТIутIун балеб буго
Исламияб дин.
Долларал гIемерал
Масуниязул
Магъриб Машрикъалде
Щун буго сихIру.
Суннат цIунанщинал
Шайихзабазда
Ширкалъул агьлоян
Бугьтаналги лъун

Гьидаяталъул нур
БихьичIеб къавмалъ
Мекъса цIалеб буго
ЗагIипаб уммат.
Аллагь рехсеялъул
Лазат къулчIичIел
Бахьикъосаз буго
ГIалам гуккулеб.
ГIилмоялъул магIна
Жодода лъачIел
Жагьилзабаз буго
Питна бекьулеб.
БетIергьанас кьураб
ГIилмоялдаса
ГIалимзаби чIухIи
ХIикмалъи буго.
ХIабибасул щвараб
Ирсалъул къимат
Агьло гьечIогодай
Гьазда лъалареб?
Ургьиб загьро бугел
ХIурайжи борхьал
ХIалхьезегIан руго
Дида сверухъги?
Муридасул рагIдукь
Рахчун хьвадулел
Чарал гIадамалги
Дагьалго гьечIо.
Дарудае кунеб
ГьацIул хъабиниб
Хъублъаби жоралел
Жасусазул бо,
Жакъа дида аскIор
Уянги рукIун

Элъ тIаса ккеладай
МахIшаралъул къо.
Макро-хIиллаялъул
Гвендалги рухъун
Дихъе хьвадулезул
Хьул лъолеб щибдай,
Дие данде кколел
Харбалги рицун
Хиянат гьабулел
Лъала цо къоялъ.
Царал махI бахъарав
Гьудуласдаса
Гьой гIадин хьвадулев
Тушман вокьила,
Кьалбалъ гъая ккараб
ГъветI къачIазегIан
ГьечIого маслахIат
Ахихъанасе.
Араб заманалъул
Халгьабун бихье,
Хварал умумузул
Тафаккур[1] гьабе,
Гьезда гъорлъ букIараб
Кьер-кьераб тайпа
Ракьалде вусинчIев
Чи хутIун вугищ?
Чан дин-исламалъе
Рукнулъун чIарал
РукIинчIел гьезда гъорлъ
Агьло-хIакъикъат,
Эзул хьолбохъги чIун,
Уянги абун

---

[1] Пикру

**Балъго хиянатлъи**
**Чамас гъабичIеб?**
**Чахъу-хIайванниги,**
**ХIутI-хъоморниги**
**ХIисаб-суалалъе**
**АхIулеб къоялъ,**
**Дица гъабурабги**
**Дий гъабурабги**
**Гьениб загьирлъила**
**Макрогин хIилла.**

********************
***************

**Мунагь-хатIабазулъ**
**ТIерхьарал нилъехъ**
**ТIадегIанав Аллагь**
**Валагьун вуго,**
**Гьарун цере арал**
**Квешлъабадаса**
**Руссаян ахIулеб**
**Къуръанги буго.**
**Араб гIумроялъулъ**
**Тохлъи ккаразе**
**Тавбоялъул гъапу**
**Рагьухъе буго,**
**РакI бухIун рачIарал**
**ГIусатазеги**
**ГIафвуялъе рахIман**
**Гъоркье чIун вуго.**
**ЧIагоял инсазул**
**Аслияб рижин**
**Исламалда бугин**
**ХIукму гьабуни,**

ХIадул-булугъалде[1]
ГIумро щун хадуб
ГIакълоялъ цIаралъуб
Батула къисмат.
Бахьи кьун Халикъас
ТIовитIарав лагъ
БитIараб нухаве
Гьеб гIужалъ ккела,
Гьединаб тIоритIи
ТIалиб горесе
ТIахьаца бицухъе
Щолебги гьечIо.
Гьеб гIолохъанаб гIуж
ГIемерисезул
Жагьлоялда унеб
КъагIида буго,
ГIиссян-фискъоялъул
Ургъелго гьечIеб
ГIанчIаб заман буго
Гьеб гIолохъанлъи.
Лъеберго соналде
ГIумро бахиндал
Ихтибаралъ[2] гIакъло
ГIатIид гьабула,
Гьанжи мехтарав чи
Вигьарав гIадин
ГIемерисез бутIрул
ГIодор къулула.
Гьалагаб гьаваялъ
Гьагаб хьвадиялъ
Гьанжи лъала гьесда

---

[1] Балугълъиялде
[2] ХIалбихьиялъ

Мекъса рехарав,
Саяхъал гIамалаз,
ГIантал пишабаз
ГIумроялъулъ загьро
Жобан батула.
Гьанжи мун кватIанин
Тавбоялъеян
Тушман — иблисалъ дуй
Макро гьабула,
Гьелъул мурадалда
ТIад рекъон нафсги
БитIараб бугилан
Данде бахъуна.
Дур гIумро жегиги
Нахъе бугилан
Буго гьелъул цойги
Макро хIалеб куц,
Метералде тавбо,
Тасвифги[1] гьабун
Гьелъ дуда малъула
Дунял гIуцIизе.
Дунялги рехон тун
Халваталъув мун
ЧIезеги кколарев
Мекъса бичIчIуге,
Бегьараб куцалда
ШаргIалъ манлъухъе
Хъизан-лъимал хьихьи
Дуда тIад бугеб.
Дунялгин ахират
КIиябго цадахъ
Цо кепалда ккурав

---

[1] Нахъеги тIамун

Пашманлъиларо,
Цояб тун, цояб ккун
ГІумро гьабуни
Гьалаглъиялдаги
ХІинкъи букІуна.
КІикъого соналде
Вахиндалниги
Хвалил ургъалиде
Вуссине ккела,
Васият цІи гьабун,
Пардавал къачІан
Къо тІаде щвелелде
ХІадур вукІине.
Васият гьечІого
Хварав абуни
Ахраслъун[1] вукІуна
Гьев барзахалда,
Гьесие кІалъазе
Изно щоларо
МахІшаралда тІаде
Вахъун горони.
ТІолго гІамалалъулъ
Мунагь кколарев
ВукІунаро инсан
Анбияал тун,
Автадал, акътІабал
Агьлул-магІрифат[2]
Гьалги мунагьазулъ
Ккезе бегьула.
Гьездасан кканиги
Мунагь-хатІаби
Хуруе ракалда

---

[1] МацІ ккуравлъун
[2] Аллагь лъалеб агьлу

Релълъун рукIуна,
РакI бухьун, хIайранлъун
Тавбоги гьабун
Таракъи[1] щвеялъе
Сабаблъун ккола.
Сонал кIикъойилъа
РорчIун хадуса
Халгьабизе ккела
Дурго черхалъул,
ЛъикIаб гIамал дагьлъун,
Мунагь цIикIкIун ккун
Гьанжи ватаниги
Тавбо кIочонге.
Чанги чи ватила
Как-кIал гьечIого
Араб гIумроялъул
ХIисаб гьабулев,
Гьанжи гьел рецIизе
ХIал кIолебищан
ХIал хъубаб шайтIаналъ
Гуккулав вугев.
Воре, диналъул вац,
Дур хIалкIванагIан
КIалалги какалги
РецIизе лъугьа,
БацIцIадаб тавбогун
Гьелда мун хвани
ХутIаразда тIаса
Аллагь лъугьунев.
Гьесул рахIмоялде
Данде росани
Дир мунагь-хатIаби

---

[1] Эхеде рахиялъе

**ЦIакъго дагьал жал,**
**БацIцIадаб дур тавбо**
**Къабуллъун хадуб**
**ЛъикIлъабилъун хъвалел**
**Дур магIсиятал[1] .**
**Мунагь сабаблъунги**
**Алжаналъуре**
**Унел муъминзаби**
**Тавбоялъ рачун,**
**Рияъ[2] - сумгIаталда[3]**
**Гьабураб тIагIат**
**Гьормалъ гьебги кьабун**
**КъотIулел цере.**
**Къудраталъул Аллагь**
**Дур хIал кIолелъул**
**ХIабибасул уммат**
**КантIизе гьабе,**
**Гьаб пасадаб заман,**
**ЗагIипал нижго**
**Зулму тIаса босе**
**Бусурбабазда.**
**Дур рахIматалъул цIал**
**Мугъалда кьабун**
**Гъафлаталъ мехтарал**
**Ниж ригьинаре,**
**Гьидаяталъул нур**
**РакIазулъе тIун**
**БитIун ккезе гьабе**
**Нижер гIакъидат.**
**Амин!**
***********************

---

**[1] ГIассилъаби**
**[2] Рихьдае гIамал гьаби**
**[3] РагIизе гIамал гьаби**

Я хирияв Аллагь, халкъалъул МагІбуд,
Хира гьавун дуца вижарав ХІабиб,
Гьев вокьун ахІулеб хІасратаб мавлид,
ХІарам гьабулезда гьабулеб жо щиб?
Гьесул нуралдасан Дуца халкъ бижун,
Бати захІмалъарал хІасадчагІазул,
ХІабибуллагьилан цІар ахІулебцин,
Эзул гІадат гьечІин гІажаиблъи щиб?
ГІаламалдаса гьев Дуе хиралъи,
ДагІбадул къавмалъе къабуллъун гьечІин,
Къацандун ритІухълъи тІалаб гьабулел,
Гьазул иманалде кинаб цІар лъелеб?
Кинабго халкъалде Расуллъун витІун,
Дуца тІокІ гьавурав кІудияв ТІагьа,
Гьесде салат битІун сухІбат гьабицин,
Гьал вагьабияца нахъе чІвалеб куц!
Намус киндай гІолеб гІазизав Аллагь,
АхІмад хабалъ лъедал хванин абизе,
Адаб теялъ гІорхъи бахин гІеларищ,
Хвараб балканалда гьев релълъинави?
Гьазул талихІалъул къосин бихьулищ,
Бичас кьураб рахІмат боссе лъаларел,
Борхьида кьабизе гІанса-тІилгІанцин,
ГІаламалъул ШафигІ хІажалъуларел.
ХІабибасде рокьи гьечІолъиялъе,
Гьаб хІужа гІеларищ вагьабиязул,
Вокьулин абизе бакІ хутІулебищ,
Хун хадув балканлъун гьев рикІкІунезе.
Гьазул амро, Аллагь, Дуде тІамунин,
ТІагьа вокьиялъул кье нижей давла,
Кьал ахІун ХІабибгун дагІбаданиги,
Дурго лагъзал ругин бокьараб гьабе.
Гьабун бажарулеб дин гьечІониги,

Диени вокьула хирияв ХIабиб,
Халикъасе тIагIат дагьлъун кканиги,
Дица  хьул гьабула шафагIаталде.
ШафигI вокьулеца гIуцIараб мажлис,
ГIаршалде щвезегIан нуралъ гвангъула,
Нус-нус квешаб мажлис тIаса иналъе,
Гьеб сабаблъулилан тIахьаз бицуна.
ТIолго умматалъул салатгин салам,
СаяхIуназ[1] босун ТIагьахъе щола,
Гьесда хурхен бугел хулафаазул,
Хасаб рохьен буго кквезе лъарасе.
Кисан ахIаниги АхIмадил жаваб,
МахIбубасе[2] щола шартIал тIорани,
ТIолго силсилаталъ[3] цуцахъе кьолеб,
Сирияб[4] ток бугин кантIуларел щай?
ШафагIат гьарулеб ахIи бачIиндал,
Аллагьасде ХIабиб хIелун гьардола,
ХIурмат тIокIав гьудул къабулги гьавун,
Гьарулев лагъасе жаваб гьабула.
Гьадинаб рахIматлъун ХIабиб кьуралъухъ,
ХIал кIоларо, Аллагь,дуй рец гьабизе,
Дур фазло-цIобалде гIашикъал лагъзал,
ГIайибал рахчун тун рохизе гьаре.

***********************************
*******************************

---

[1] Киса-кирего щолел малаикзаби
[2] Вокьулев Аллагьасухъе
[3] Устарзабазул рахасалъ
[4] Балъгояб

**Жиб ккурав вохичIеб**
**ЧIунтараб дунял**
**ЧIаго гьабиялъ нилъ**
**Хасарлъиларо,**
**Хараблъулеб, хIакъаб**
**Заманалъул рукъ**
**КъачIазе лъанилан**
**Алжан щвеларо.**
**Алжанал гIуцIулеб**
**ГIибадаталда**
**Даим гьабе жасад (черх)**
**ЧIаго вукIаго,**
**ЧIухIараб нафсалда**
**Кверщел батизе**
**Зикру гIемер гьабе**
**ГIакъло бугелаз.**
**ГIисян фискъуялъул**
**Гъатал лъугьараб**
**Гъафулаб ракIалъе**
**КIутIе мачIу-сакI,**
**МатIиятул-фитнат (черхалъул гьава)**
**ГIодоб буссине**
**ГIирфан тIалаб гьабе (Аллагь лъай)**
**ТIалиб ватани.**
**ТIад пихъ балареб гъветI**
**Гванзаб букIунин**
**Божуге нуж гьелъул**
**Берцинлъиялда**
**Бицунеб хабаралъ**
**ГIей гьабуларин**
**Гьабулелъухъ балай**
**Ихтибаралъе (хIал бихьиялъе).**
**Баси квегъичIони**
**Оц лъугьунарин**

**ГьитIинго куце черх**
**ГIибадаталъе,**
**ГIолохъанлъиги ун**
**Херлъи речIчIидал**
**Дунялгин ахират**
**ХутIулин гIодоб.**
**Ахирисеб хIохьал**
**БитIун ккеялъе**
**Жиб кIалдиб ругьунлъи**
**ГIаламат бугеб,**
**ГIодов чIаралъувги**
**ТIад вахъиндалги**
**ТIадчIей гIемер гьабе**
**Аллагь рехсезе.**
**Сафаралъ вахъине**
**Къасд дур батани**
**Вакъидал кваназе**
**Квен кIочон тоге,**
**Квачани ретIине**
**РетIелги босе**
**РекIине жо щвани**
**Гьебги балагье.**
**Божараб гьалмагълъи**
**Цадахъ бугони**
**Бигьалъулеб дуе**
**Сапаралъул хIал,**
**ХIал нухалъул лъалев**
**Далил ккунани**
**ХIинкъиги дуй гьечIеб**
**Къосун ккеялда.**
**Гьал хIаваижазулъ**[1]
**Мусафиразул**[2]

---

**[1] ХIажалъабазул**
**[2] Сапаралда ругезул**

Ресалда рекъараб
Къокъа букIунеб,
Бищун дагьабниги
ХIадурлъи бугес
Бухьине бегьулеб
ХIалалаб сапар.
ХIал кIолеб бугони
ЦIикIкIун босизе
Суннатабги бугеб
Тох мун ватани!
Тупалъго хIадурлъи
Дур батичIони
ЧIаха гьудул рокъов
Рес рекъезегIан.
Рехсараб куцалда
Сапарги бухьун
Масала, мун щвела
ХIижаз ракьалде,
ХIаж-гIумра гьабизе
Нийййатги гьабун
Гьанжи байбихьила
Рукну тIубазе.
Пачалихъал къотIун,
ГIорхъаби рахун
ХIажалде мун къокъи
ТIарикъат буго,
Микъаталдеги щун
Нийййат гьабидал
Гьанжи мун лъугьана
Сулук гьабизе.
Гьаб хIажалъул кири
Камил гьабизе
Кинавго чиясул
Рес рекъеладай?

Рукнабиги тIоран
ТIадалги гьарун
ТIокIабщинаб тани
ХIаж хун инадай?
Жив-живасул гьунар,
Бажари бихьун
Босизе рес гьечIищ
ХIажалъул кири,
Камалаталде[1] щун
Гьеб тIобайзени
БитIараб бицани
КIвелин кколаро.
КIванагIан цIакъ бахъун
Нухлуй хIал кIолев
ХIаж гьабичIого чIей
БитIун букIинищ?
ШаригIас тIад лъураб
Налъи тIобайзе
ТIаде босугеян
Аби кин кколеб?
Амма рехсон араб
Сулук абуни
Саликас къотIулел
Макъамал руго.
Макьилъ рихьизецин
Хьул нилъер гьечIел
Хьул буго гьалъ дуе
ГIей гьабилилан.
Гьанжи кинабго лъин
Чурук батани
Таямумги гьабун
ТIубай, гьудул, парз.

---

[1] Камиллъиялде

**ТIолго магIишатал**
**ХIарамлъун хадур**
**ХIалаллъи бокьарав**
**Къут[1] гIей гьабун чIа,**
**ГIурдада квараб хер**
**Ракде буссиндал**
**Рахьдал гъвари цIолеб**
**ГIакдал хал гьабе.**
**БетIергьанас жиндий**
**Рокьарал лагъзал**
**Бокьухъе цIунулел**
**ХIарамалдаса.**
**Дунял рехон тарал**
**Зугьадазулги**
**Даражаби ругел,**
**Жамал, мун кантIе.**
**Жакъа лъагIалие**
**Иддихар[2] бугев**
**Аллагьасул гIабид**
**Загьид[3] вукIуна.**
**Дунялалъул кверщел**
**Кодобеги кьун**
**Кинабго мулкалда[4]**
**Ханлъунги гьавун,**
**Халкъалъе Расуллъун**
**ТIаса вищарав**
**Сулайман авараг**
**Загьид вукIарав.**
**Заман хисунилан,**

---

[1] БетIербахъулеб къадаралда (ай чара гьечIеб къадаралда)
[2] Нахърател
[3] Дунял тарав чи
[4] Ханлъиялда

Халкъ квешлъунилан
ЛъикIал чагIи камун
Ракь хутIулареб,
Ахир заманалда
Гьел кисайилан
Кинго бегьиларо
РакIалде ккезе.
ДонкIги бухъун ракьулъ
ГIодов кканиги
РакI къватIиб бугони
Халват кколареб,
Халкъалда гъорлъ вукIун
РакI Аллагьасда
Хурхун халват гьаби -
Гьеб бищун цIакъаб.
Гьаб халват гьабулел
Балъго рукIунел
Баинун-каинун
Гьезде абулеб,
Аллагьгун ракI букIун,
Халкъгун черх букIун
Чангияс гьабулеб
Гьадин рияза[1].
Сабруялъулъ дагьав
Факъирасдаса
Щукру бугев гъани[2]
Хирияв вугев,
Халкъалдаса гIузлат[3]
Гьабиялдаса
ХултIат[4] бещун бугеб

---

[1] Черх квегьи
[2] Бечедав
[3] ВатIа кIанцIи
[4] Гъорлъ жовай

**Жагьил чиясе.**
**Жагьилавги вукIун**
**ВатIа кIанцIани**
**ГIилмо лъаялдаса**
**МахIрум хутIулев,**
**ЛъачIого гьабураб**
**ГIибадат-динги**
**ГIурдаде хьан тараб**
**Хьон гIадинаб жо.**
**ГIилмоялъул рахъалъ**
**Кифаят[1] бугес**
**Кквезе бецщун бугеб**
**Рукъалъул букIун,**
**Беччантун халкъалда**
**Гъорлъ бегьулареб**
**Гьойлъун живго жинда**
**Вихьигун цадахъ.**
**Бицунеб рагIиги**
**Борцунеб ханги**
**ЦохIо микъясалда[2]**
**Даимлъулареб,**
**Къокълъи-халалъиялъ**
**Заман маканалъ[3]**
**Кайфият[4] хисулеб**
**Аслоги цIунун.**
**КIиго кавичкаялъ**
**Жанив вачани**
**Чанги гIакъил вугев**
**Жамал ракьалда.**
**Жив-живасул гIилмо,**

---

[1] **ГIураб гIилму**
[2] **Роценалда**
[3] **БакIалъ**
[4] **КъагIида**

ГIамал-хасият
Халикъасда аскIоб
Мекъса ккогеги.
Манлъа-хъвай хIажатал
ГIолохъабазе
ГIакъло дир рахъалъан -
Дин-ислам цIуне.
Дунял ухраялъул
Пикро гъабулес
Гъудул тIаса вище
ШаригIат лъалев.
Щибниги мунфагIат
Дие щоларев,
Дидасан босизе
Анищги гъечIев,
ЧIаго хварав чигун
Данделъиялъулъ
Дидани батичIо
Зарал гореб жо.

*************************
*********************

Ибну-Сакъал къисаялъе
Къимат кьезе бажарарас
Босила цIакъ цIикIкIун пайда
Дунял-ухра бечелъулеб.
Элда жанир ругелщинал
ХIикматазул хал гъабурас
Хасел щведал туруламреб
Бищила пихъ риидалго.
Щибаб рагIул магIнаялде
ГIибрат гъабун валагьарас
Нафсалда тIад кьилиги лъун

Кьалул майдан сверун кквела.
Самавияб лутIфуялъул[1]
Дакъаикъал ричIчIарасда
Дун абураб рагIулъ бугеб
Дарман гьечIеб загьру лъала.
Лъаялдаса пахрулъарав
Халикъасде щун рагIичIо
ШайтIабаца кварги бухьун
Хьихьула гьев палугьанлъун.
Гьаваялда нахъвилълъарав
Нахъа вохи щакаб буго,
Щукру тани нигIматалги
Никъматаллъун[2] ккoлел руго.
Калам-гIилмо гIемерлъиялъ
ГIифраналъул гъапу къала,
Къулабазда кьаву чIвайдал
Дуниялалъ хадур цIала.
Дицайилан абулесда
Иблисалъ тIад квер бахъула,
Нафсаниял хIузузаца[3]
ХIилла гьабун лагълъун ккола.
Лагълъиялъе жив вижарав
Халикъасул амро тола,
Иманалъул нурги тIагIун
ТIугьяналъул[4] мугьру чIвала,
Мунагьазул[5] кIвар гьаби тун
Тавбоялде вуссунаро,
Исламалде мугъ рехарав
Муртад лъугьун гьалаглъула.

---

[1] Зобалалъул гурхIел
[2] РецIел, щцим бахъинлъун
[3] Нафсалъул мурадаз
[4] Къосиналъул
[5] Хвалил

**Мун вокьиялъ дуйги рокьун**
**Дур рахIматалъ сверун ккурал**
**Сулукалъул[1] церехъаби**
**Лъайзе тавфикъ гьабе, Аллагь!**
**Гьезул адаб-хIурмат кквезе**
**Илгьамияб гIилмоги кьун**
**ГIадамазул женаздаса**
**ЗагIифал ниж цIуне, РахIман!**
**Мун разилъи тIалаб гьабун**
**ТIагьаясде балеб ахIи**
**Гьесул хIурматалъе гIоло**
**НахъчIвайчIого къабул гьабе!**
**АкътIабазул баркаталде**
**Хьул гьабулел муъминзаби**
**Мунагьазда тIаса лъугьун**
**Гьелгун цадахъ даим гьаре!**
**Дур щцин бахъин рештIун хадуб**
**ТIагIаталъул пайда гьечIин**
**Гьаруге ниж, я БетIергьан**
**Бахьи гьечIеб къавмалдаса!**
**Дуй гьабулеб лагълъиялъулъ**
**Гъаплат-гъалатI цIикIкIаниги**
**ЦIоб гIатIидав нижер, Бечед**
**Мун разилъи матIлуб[2] буго.**
**МугIрул гIадал ругониги**
**Мун разияв лагъ ватани**
**Мунагь-хатIа гIемерлъиялъ**
**ГIабид гьалаг гьавиларо.**
**Риязаялъ[3] черхги квегъун**
**Гьаваялде воржаниги**

---

**[1] ТIарикъаталъул**
**[2] Мурад**
**[3] Нафс квегъи**

**Дур щцин бахъин щун хадуса**
**Хвалда витIун чи ккеларо.**
**Хирияв дур ХIабибасул**
**ХIурматалъе гIоло, Аллагь**
**Агьлолъун ниж гьечIониги**
**Гьаре мун разияздаса!**
**Гьесул умматалда гъорлъан**
**Агьло-суннат цIакъ рокьулел**
**Рокьаралгун рахъинаре**
**Ниж ГIарасат майданалда.**
**Амин! Амин! Амин!**

**************************
*********************

**Инкарчиясул дагIба**
**Кидаго къотIуларо,**
**БитIараб бицаниги**
**Берцинги бихьуларо.**
**Бицунеб щинаб рагIулъ**
**ХIасадги загьирлъула,**
**ХIалалъул мацIалдасан**
**Мурадги къватIиб чIвала.**
**Къецалъул гъапуги дос**
**Дандего бачунаро,**
**Дандиясда уянцин**
**Абизеги толаро.**
**Инсанасул жибиллат[1],**
**Жагьлогин[2] сагьву-гъалатI**
**ТIаде босизегIан гьес**
**УхIутI мегIер баччила.**

---

[1] **ТIабигIат**
[2] **Жагьиллъи**

**Илагьияб нуралъул**
**Асар щварав муъминчи**
**Чияр налъулав гIадин**
**ГIодов къулун хьвадула.**
**ГIирфаналъул[1] иццухъе**
**Адабалда вачIарав**
**ЧIового хутIуларо**
**Килищ ччуйзе щваниги.**
**Шайихзабазул низам**
**Агьлоялда цIакъ лъала.**
**Эздехун дагIба гьабун**
**ГIакъилав кIалъаларо.**
**ГIарифуназул[2] рахас**
**Расулас ккураб буго**
**Кинасда хIунчаниги**
**ХIабибасда унтула.**
**Изно сахIихIав[3] маъзун**
**Накъисав[4] вугониги**
**Гьес гьабулеб тарбият**
**Камиласул букIуна.**
**Расуласда хурхараб**
**Силсилат букIун хадуб**
**Бегьула гьес малъизе**
**ТIарикъаталъул вирдал.**
**Вилаятал хIасуллъун**
**Макъамал щвечIониги**
**Щоларо гьесул зарал**
**Кинго муридзабазде.**
**Кумалазул[5] хъатикьан**

---

**[1] Аллагь лъаялъул**
**[2] Аллагь лъалезул**
**[3] КьучIав**
**[4] Камиллъун вахъичIев**
**[5] Камилал чагIазул**

Гьес бикьулеб садакъа
Сидикъун Акбарасул
Карандасан букIуна.
Камилго загьир-батIин
ТIобарав шайихасде
Зул-жанахIайнийилан
Абулеб гIадат буго.
Дирни мисал босани
Месед-гIарцол рогIразда
ГIамал тIагIун бацIцIараб
ЦIулал цо рогIрил буго.
ГIилмогин гIамалалда
ДагIба байзе рес гьечIеб
Дунго дихъа нечараб
ХIалги дир макъам буго.
ХIабибас савруялда[1]
Сидикъасде малълъараб
Балъгояб зикруялде
РакI гъейиги букIуна.
Гъаплат[2] -гъалатIалдаса,
ГIисян[3] фискъуялдаса
Радалгин бакъанида
Истигъфарги гьабула.
Адаб тей такъсиралда
ТIаса лъугьиневилан
ТIадгIанав Аллагьасде
Хьулалдаги вукIуна.
Я Раби, тIаса лъугьа
Нижер загIиплъиялда
Заманалъ ниж рачараб
Жагьилаб хьвадиялда.

---

[1] Нохъоялъул цIар
[2] Гъапуллъи
[3] ГIассилъи

**Дуца нигIматлъун кьураб**
**Исламалъул гьуинлъи**
**Лъайзе гьабе, БетIергьан**
**ТIагьал гьаб уматалда!**

**************************
*********************

**ЧанцIол борцаниги**
**Метра гIолареб**
**Ххамил кесекалъул**
**Мисал кканиги,**
**Исламалъулъ бугеб**
**Унтуда тIасан**
**Ирга щвечIониги**
**Гьабуна кIалъай.**
**Гьунар бугелщинал**
**Лъай бахчун чIедал**
**Лъараб бицичIого**
**Дунги тIовайчIо.**
**Диналъул кIвар гьечIез**
**Агьан таниги**
**Игьтимам[1] бугезе**
**Гьаб дир сайигъат.**
**Дунялалъе гIоло**
**Хабар бицунев**
**Хаинлъун[2] ватани**
**Тураги дир черх.**
**Халкъ мекъса тIамулев**
**Жасус ватани**
**ЖужахIалъ бухIаги**
**Нусабго лага.**
**НасихIаталъе чи**

---

[1] **КIвар кьей**
[2] **Хиянатчи**

Камуларилан
Кици буго нилъер
Дол умумузул,
Манлъараб босизе
Чи тIагIагиян
Чара бухIарасул
Хьами букIуна.
Бицине тIамидал
КIал рагьарав дир
Дуда лъала, Аллагь
Загьиргин батIин
БитIараб-тIекъалъе
ХIукму къотIулев
ХIаким мун вугелъул
Дие ургъел щиб.

*********************
*****************

МегIергин гIалах цIураб
Вехь гьечIеб боцIудаса
Вехьасда цере ругел
Цодагьал чахъаби лъикI.
Рехъада гъорлъго гьечIеб
Кьарияб куялдаса
КигIан хIалакъабниги
Къавулъ бугеб бокьила.
Къолоца гьирал кьолеб
ХIалбахъин къварагIарас
ХIал бихьун лъай щваралаз
Малъухъе рекье хурзал.
Базаралдаги вихьун
Заман хвараб гIоларин
Зарал-хайир хал гьабе
Гьеб дурго гъийиналъул.

Данде гьабурабщинаб
МагIишат-яшавалъул
Щибаб жо цIуничIони
ЧIвала мун нахъа къватIив.
ЧIало-рахи цIунизе
ТIадхъел бугони гIола
ГIарацгин меседалъе
Сундукъ букIине ккола.
БоцIи бичун гIи босе,
ГIачи речIчIун щарал чIвай,
ШаргIалъ бегьизабураб
Бегьуларин абуге.
БегьанагIан дуего
Хайир цIикIкIараб гьабе,
ГьацIулъе загьро ккезе
Воре, дуца биччаге.
Дурго сафаралъул нух
Эбелаб тIаса бище
Сохъмахъазул къварилъухъ
Къор гъей гIемер букIунин.
РакIчIарав, божи бугев
Далилги тIалаб гьаве
Гьев сабабалъе тIамун
ТIовитIилев мун Бичас.

***********************
*******************

БитIи-тIекълъиялъул,
ТIалаб щайгорин,
ТIаме абе ябу,
Бергьун букIине.
КIалдиб бугеб мацIги,
Ракьа гьечIеб жо,
Бакьараб бицине,
Эхтияр бугo.

********************
****************

Хурзабахъа бакIарун
Цогъронибе бан бугин
ГIакълодул роцен босун,
Борце анищ ккараца.
БорцинчIебги цIайчIебги
Дурус букIунарелъул
Лъун рихье цIадираби
ЦIай ножорго пикрабаз.

***********************
*******************

Эбел-инсул тарбияталъ
Лъимал хьихьи хIакъаб буго,
ХIакъалдехун инкар гьабун
Киданиги чи бергьинчIо.
Керенги кьун лъимер хьихьи
ЛъагIелалъул боржал ккола,
ЛъагIун хадуб байбихьула
Лъимер кванде ругьунлъизе.
РетIел ретIун къачIадула,
ЧIамун кIалдиб квен-тIех лъола,
Киналниги хIаваижал[1]
Умумуца тIоритIула.
Гьелда хадуб гьеб лъимадул
ЛъагIалаби сверун хадуб,
Бекун кодоб чед кьуниги
Квине гьунар хIасуллъула.
Кванарабгин квегIаб рахъ лъан,
ЛъикIаб-квешаб батIа гьабун
Гьанже васас къасд гьабула

---

[1] ХIажалъаби

КъватIив вахъун васандизе.
КъватI бихьула, росо лъала
Лъималазулъ ругьунлъула,
ЛъикIабниги квешабниги
Киналдаго гъорлъе ккола.
Кивехун вас ананиги
Хадуб инсул бер букIуна
Эсул ургъел тIаса араб
СагIатгицин букIунаро.
Сонал уна, васги гIола,
ГIолохъанлъи байбихьула,
ГIумроялъул нух манлъизе
Хасаб тартиб къваригIуна.
Хъизан гьабун, рукъ ккверзабун,
КъваригIараб кодобе кьун,
Бокьухъе вукIаян абун
Инсуца вас виччан тола.
Амма гьезул гьоркьорлъаби
Гьоркьосаго къотIичIого,
Къойилго хIажалъаниги
ЛъикI рукIине тIадаб буго.
ТIун рехараб лага гIадин
Вас ватIалъун бегьуларо,
Инсудехун мушавара
ГьабичIого тIоваларо.
ХIинчI-гъедоялъ тIанчIи рахун
РукIнир хьихьун гIезарула
ГIажизлъиялъ ккун рукIаго
КIалдибги лъун ризкъи кьола.
Куркьбазда рас бижун хадуб,
Роржун ине хIал кIун хадуб
Нух битIаян бетIербахъи
Гьабизеги реччан тола.
Унтарав чи гIажизлъула

ГIавноялде[1] хIажалъула,
ХIал кIолесул комекалде
ККечIого гьев тIоваларо.
Унтиги ун, сахлъи бачIун
Саламатав чи лъугьиндал
Чияде ккей тIасаги ун,
ТIовала гьев живго жинца.
Жиндир чорхолъ унти гьечIев
Тохторасде ккечIониги
Кколел гIемер рукIунелъул
Раккизе те больницалде.
Бихьизе черх бугониги
БатIинияб унти гьечIев
Азарида гьоркьов цоги
Гьанжи киса данде чIвалев.
Дару тIалаб гьабунщинал
Мушрикинал лъугьун хадур
Халкъул-гIаламалда гьоркьор
Бусурбаби хутIиларо.
Сабабалъе БетIергьанас
ТIамунщинаб нахъе чIвани,
ЧIезе ккела агьло тавхIид[2]
КIалдиб борта багIар гIечан.
ЦIаличIого гIалим вахъин
ГIадаталда билълъун гьечIо,
ГIилмоялъул тарбияталъ
Жагьлоялъе нухал къала.
Жиб-жибалъул агьлоялъулъ
Илагьияб[3] къуват буго,
Элги сабабалъе тIамун

---

[1] Кумекалде
[2] Аллагь цо гьавулеб агьлу
[3] Аллагьас кьураб

**ТIоритIула жиндир лагъзал.**
**ЗагIиплъиялъ сверун ккурав,**
**Комекалде цIакъ хIажатав**
**Жагьилав дун Дур лагъасе**
**Сабаб рекъезабе Аллагь!**
**Сабабалда хурхинабун**
**ХIукму-къадар тIобитIулев**
**ТIоритIе ниж, я, мусаббиб[1]**
**Мун разияб гIамалалде!**

******************************
***********************

**Каламуллагьил къадим[2]**
**Къуватаб хвалчен буго,**
**ТIакъваялъул агьлоялъ**
**ИнкарчагIи гъурулеб.**
**БахIрул-нубуваталъул[3]**
**Гъварилъи цIакъаб буго**
**Гъаввасазул[4] горони**
**Жаниб хIал рекъолареб.**
**Ункъавго Имамасул**
**ГIилмоги жавгьар буго,**
**Жагьло гIемерлъунилан**
**Къимат гьелъул холаро.**
**Агьло тасавуфалде**
**Инкар кквей загьро буго,**
**Самун-къатил[5] абула**
**Элдеги хIал бихьараз.**

*********************

[1] Сабабал рекъезарулев
[2] Аллагьасул цебегосеб калам
[3] Авараглъиялъул ралъад
[4] Жанир рукъулел
[5] ЧIвалеб загьру

**Макка-хIарамалъул**
**ГIалимзабаца**
**ГIилмоялда рекъон**
**Кьурал жавабаз**
**Наждалъул мулиллун**
**Суризавурав**
**Сайфул Жабар цIале**
**Лъазе бокьараз.**
**Лъай гьечIого хъвараб**
**Гьесул Рисалат[1]**
**Гьородахъ беччараб**
**МагIрифаталъул[2]**
**Ралъад гъварилъарал**
**Къадизабазул**
**Къавлаби[3] хал гьаре**
**ХIакъикъат лъазе.**
**ХIакъабгин тIекъалъе**
**Къиматал лъезе**
**Лъай бугелаз цIале**
**Рехсараб китаб[4],**
**Лъаларезе гьелъул**
**Баян кьезеги**
**Барахщуге, воре,**
**Нуж гIалимзаби.**
**Наждияв[5] рекIараб**
**Гамил хIал лъазе**
**Ралъад бихьаниги**
**ГIела чиясе,**
**Гьес жавгьар-якъутан**

---

[1] **Кагъат**
[2] **Лъаялъул**
[3] **РагIаби**
[4] **ТIехь**
[5] **Вагьабияв**

КъватIиб бахъулеб
ГIакъиласда лъала
Махх-кIач бугеблъи.
Бицун хIал кIолареб
Гъазул мекълъиялъ
Ракълил уммат буго
Кьалде ахIулеб,
Доларазухъ ислам
Бичарал чукъбуз
Рекъон толел гьечIо
Гьал бусурбаби.
Сверухъ улкабазда
Гъугъадулеб зоб,
Зулмуялъ мерхьунеб
Мунагь гьечIеб халкъ,
ГьечIо, вацал,  гьанже
Гьаб дунялалда
Гьабилан цIарги лъун
Кодоб босзе жо.
Купру-нифакъалъул
НакIкI борханиги
Бакъул канлъиялъул
Кеп щолеб гьечIо.
Комунистазул хIал
ТIаса аниги
Исламалъулъ цIогьал
ЦIикIкIун раккана.
ЦIар лъезе лъалареб
Бихха-хочиялъ
Биял гIодор тIезе
ТIамуна гIалам,
ТIул бикьарав вацги
БоцIухъ вичулеб
БачIун щвана тIаде

**Ахир замана.**
**Эбел-инсуй гIадло**
**Васаз гьабулеб,**
**Закон-къануналъул**
**Къуват лъугIана,**
**Къарнуялъул ахир**
**РагIалде щведал**
**Риба-тижаратал**
**Дунялги цIуна.**
**Динул-исламалъул**
**РагIдукь вахчарав**
**Чан жасусдай вуго**
**Бусурбабазулъ,**
**Бо чIегIерлъиялъе**
**Далай бачунел**
**Чехьалъул лагъзалги**
**Дагь ратиларо.**

**********************
*****************

**ГIадамазул рекIелъ**
**Вас-вас гIемерал**
**Суал-жавабазул**
**МажмугI тIобайдал,**
**ТIарикъат гьабулеб**
**Диналъул агьло**
**Дагьалго танбигьал**
**Нуж кантIизеги.**
**Макка-Мадиналде**
**Аравщинав чи**
**ХIажи вукIунарин**
**КIочене тоге!**
**Чанги мискинасе**
**ХIажалъул кири**

**ХIажго бухьинчIого**
**Рокъобги щолеб.**
**РатIлил формаялда**
**Иту бахъиялъ**
**Унтараб черхалъе**
**Дару щолареб,**
**Диналда хурхарал**
**Харбал рициналъ**
**Хъублъараб ракIалъе**
**БацIцIалъи гьечIеб.**
**МацI-кIалалда рекъон**
**Къалбу[1] гьечIони**
**Гьесдейин абулеб**
**Мунафикъилан,**
**Нифакъалул асар**
**Жаниб цIикIкIиндал**
**Жагьло гIилмолъун ккун**
**ГIадада холев.**
**ГIараб мацIги бицун**
**Дин балъаргъулел**
**Долларазул лагъзал**
**ГIагар гьаруге,**
**ГIилмоялъул магIна**
**Жедеда лъайчIеб**
**Жагьилаб къавмалде**
**Къо лъикIан абе.**
**Къуръан-хIадисалъул**
**БатIин лъаларел**
**Лъай гьечIеб агьлогун**
**СухIбат[2] гьабуге,**
**Суннат цIуниялъул**

---

[1] **РакI**
[2] **Гьудуллъи**

**КIвар-агъаз гьечIел**
**Агъзанзаби аскIор**
**Къайзе реччаге!**
**Зазил гъутIби чIолел**
**Ахихъабигун**
**Нахъа пашманлъила**
**Гьудуллъи ккурав.**
**ГьацIулъе жобараб**
**Загьро лъаларев -**
**Гьесдаги божуге**
**Жасус ватулин.**

**********************************
***************

**Къуръан-хIадисалъул**
**МагIна гьабизе**
**Агьло къварагIуна**
**ШартIал тIорараб.**
**Муташабигьатал**
**РатIа рахъизе**
**Ресго гьечIеб буго**
**Камилаб гIакъло.**
**ГIилмо - лъаялдаса**
**Жагьло бергьараз**
**Жодой хIажаталъуб**
**МагIна бачине,**
**Бичасул каламги**
**ТIагьал хIадисги**
**АтIфалаз цIалулеб**
**Букварьдай буго?**
**БатIин-загьиралъул**
**Халгьабуларел**
**Харбихъабаз гьабун**
**МагIна тIубазе**

ТIиноги бихьулеб,
МагIданги гьечIеб
ГьитIинабго хIордай
Доб Къуран буго?
Дунъял ухраялъул
ГIилмо бицунеб,
ГIадло-низамалъул
Тартиб манлъулеб
Лъалез бицунелда
Нахърилълъайилан
МагIна гьабиялъулъ
ХIукму бачIараб.
ХIурупазул нурал
Басираталда[1]
Бакъ гIадин рихьулел
Агьлул- хIакъикъат
Гьазул тафсиразда[2]
ГIамал гьабурав
Биллагь, витIун ккела
КIиябго рокъов.
РагIияталда[3] гъорлъ
ГIадло цIунизе
ГIадилав цо ханас
Закон бахъани,
Кинабго халкъалда
Гьеб бичIчIиялъе
ГьечIого гIолареб
Цо хаса[4] буго.
Ханасул ирадат
Жинда бичIчIулев

---

[1] РекIел беразда
[2] Къуръаналъе гьарурал магIнабазда
[3] Халкъалда
[4] Хасаб халкъ

Божи бугев вазир
ВукIине ккола
Кинабго балъголъи
Аманат гьабун,
РагIияталъул[1] иш
Жинда тIадкъарав.
Цинги гIамалалъулъ
Агьло батула
Тавфикъалъул рахъалъ
Жал камиллъарал
Жедер фирасаталъ[2]
Ханасул мурад
Халкъалда бичIчIизе
Баян гьабулел.
Гьадинаб агьлоги
Дов вазирасул
Асраразда гьоркьор
ГIахьал букIуна,
ГIемерисеб калам,
Кинабго диван
Довгун ургъичIого
Аз гьабуларо.
Гьезул лебаллъиялъ
ТIаса бищараб
ТIолабго халкъалъе
Нухлъун букIуна,
Ханасул ирадат
Гьезда бичIчIухъе
ГьечIилан абулев
МубтадигI[3] ккола.
ГIисинал авладал[4] ,

---

[1] Халкъалъул
[2] РекIел нуралъ
[3] БидгIачи
[4] Васал

Лъай гьечIелщинал
Лъалезухъ гIенеккун
ЧIезе тIалъула,
Лъималазул гIакъло,
ЗагIипаб идрак[1]
ГIей гьечIеблъун ккола
Къабул гьабизе.
Къуръан-хIадисалъул
МагIнаби гьари
Гьалда релълъон букIин
Лъайзе ккун буго,
Лъималазул гIадаб
Идрак бугел нилъ
АсхIабзабазда нахъ
ЧIечIого гIелищ?
Бищро ГIиракъалда
ГIодов чIеялъул
ГIисин лъималазни
Загьир босила,
БатIин халгьабуни
Мукаллафасе[2]
Кин хутIулеб балъго
Бишрул гIодов чIей?
ГIаршалда тIад Аллагь
ЧIезе гьавулез
Гьабизе те магIна
МагIияталъул,
Мусагун кIалъайзе
ТIурайсаналде
Сапар бухьундай гьев
РештIун вукIана.
Горбол шекIалдаса

---

[1] Нахъ гIунтIи
[2] Балугъав гIакъилав чи

**Щивав чиясде**
**Дун гIагар вугилан**
**Бицунеб аят,**
**Инсан рикIкIун Аллагь**
**Вугин абундай**
**Ал вагьабияца**
**МагIна гьабила.**
**Гьезул квераздаса**
**Аллагьасул квер**
**ТIадегIанабилан**
**Аятгилъидал,**
**Азул гIакълоялда**
**Тафсир[1] гьабуни**
**Гьелъги чIезабула**
**Аллагьасе квер.**
**ЧIолеб бакI букIиналъ**
**Черх тIад гьабула,**
**Черх бугеб жоялъе**
**БакI хIажалъула,**
**БакIгин черхалдаса**
**ВацIцIад Аллагь**
**ВукIин хIакъаб буго**
**Сурат лъаларо.**
**Лъалареб гьикъизе**
**Агьлоги бижун**
**Ниж тIоритIидал Дуй**
**Щукру БетIергьан.**
**Мушабигьатазул[2]**
**Тафсир гьабурал**
**Гьал расихуназул[3]**

---

**[1] Баян гьабуни**
**[2] Муташабигьал аятал абула жудор загьираб магIнаялъ Аллагь махлукъалда релълъинавулеб**
**[3] ГIилмуялъ щулалъарал гIадамал**

Щваги баракат!
Балагьун хал гьабе,
Хириял вацал,
БицинчIого тIекъав
Лъан вахъунарин,
Лъайгин гIакълоялъул
ЩIадирабазда
ЩIай кIиябго магIна
Киндай кколаян.
Кинниги жакъа къо
Кьерхун бугелъул
НакIкIукьан гурони
Бакъ бихьиларо,
Хьухьги тIаса араб,
Зобги роцIцIараб
Заман бихьаразда
Бихьаян абе.
ВихьичIого рекъав
Лъаларев гIадин,
Лъана гIемерав чи
АскIове ккедал,
Аллагьги нугI вуго
Дир сайруялъе[1]
Дунги рази гьечIо
ХатIа ккаралда.

******************

Дуй вокьарав лагъасул
Керенги гIатIид гьабун
МагIрифаталъул[2] нурал
РакIалде тIолев Аллагь,
ТIад пардавал гIемерлъун

---

[1] Хьвадиялъе
[2] Аллагь лъаялъул

ГIилмоялъе нух къарал
Нижер къулубаздаса[1]
Къасават[2] нахъе босе.
Къуръангин хIадисалъул
ХIакъабгин батIулалъулъ
БитIун хIукму гьабизе
ХIавло-къуват кье, Аллагь.
АхIмадил варасатаз
ТIаса бищараб магIна
Щивав муъминчиясул
ГIакъидаталъулъ[3] цIуне.

****************************
**********************

ГьоцIо тIолел наязде
ТIутIазул ахIи буго.
ТIолгоял цадахъ рекъон
ХIалтIун лъикI горищилан.
Роржунел жал цолъиги
Цадахъ рекъон хIалтIиги,
БитIараб гIакъло абун
ГIалхул наялги руго.
Нахъа букIинеселъул
ХIисаб, китабги гьабун
ГьоцIо тIолел абуни
Инкаралда чIун руго.
Киназулго хIал лъалев
Найихъан горевасул
Накабазухъ гIенеккун
Пайда гьечIилан абун.

---

[1] РакIаздаса
[2] БецIлъи, бицалъи
[3] РекIел чIей

ГьацIулъ хъублъи ккеялъул
КIвар гьечIеб кIкIара-тIутIалъ
ТIалаб гьабулеб бугеб
Гьудуллъи квешаб гьечIо,
Щвани гьоцIоги кванан,
ХутIаралдеги рилълъун
Расги ургъел гьечIого
Гьазул иш нухда ккела.
Амма тIалил наязда
ТIураб гьоцIо абуни
ТIутIаздаса цIунизе
Кколеб букIин лъан буго,
Бигьаго къо бихьичIеб,
ГьоцIо кваназе щолел
Гьал гIалхул наязулги
ГIакълo квешабго гьечIо.
ГIадло-низам дуруслъи
Дунялалда машгьурал
Гьал наязда гIайиб чIван
ГIемер чиги кIалъала,
МаслахIат гьабунгутIи
Гьазде гIунтIизабизе
Гьазулги тIутIазулги
ТIекъал, ритIарал кинал?
ТIутIазул гIакълоялда
ГIалхул наял рекъезе
ГIураб далиллъун чIолеб
ХIужа щибдай букIина?
Дол къабул гьабуларел
Гьал тIалил наяздехун
Ножоца щиб абулеб
ГIакълойищ ахIмакълъийищ?
Мигьаридал гьотIолги
КIудияб дагIба буго

Дидаса батIаяб жо
НакIкIил гъотIол щибилан.
ГъалбацIазул рукIнире
ЦIаниги лъугьун руго
Гьезулалдаса къуват
Къарабищ нилъерилан.
Къуркъбиги цIакъ кIудияб
АхIи-хIуралда руго,
Ралъдал ччугIбуздаса жал
РатIа гьарулайилан
РитIучIалгун хъормазул
Рехъен цо щай гьечIебан
Царал тухум-кьибилги
Кьалдаго хутIун руго.
Жив жанив валагьидал
Гьомер чурук бихьарас
МатIуялда гIайиб чIвай
ГIакълоялъ кин борцунеб?
Кванан тату бихьичIес
ТIагIам беццун,я какун
Кинаб къимат кьезедай
Бегьила поварасе ?
Дидаги бихьанилан
Цо беццав чи кIалъани
Бегьилищ гьесул нугIлъи
ШаригIаталъ абухъе?
НакIкIуца пардав гьабун
Гвангъи бихьичIеб къавмалъ
Бакъ зодобго гьечIилан
Инкар ккуни божилищ ?
Жавгьар-якъутги бекьун
Месед гIарцол лъуниги,
Лъим гьечIеб рогIрида гъоркь
ЧIарасул къеч буссинищ?

**Бечедал чагІаз тарав**
**ГІамилас бикьунилан**
**Садакъа хайраталъе**
**БегьунгутІи букІинищ ?**
**ТІабибасул[1] амро тун**
**Унтарал чи хьвадани**
**Эзда бахъараб цциналъ**
**Больница къан бегьилищ?**
**Бакъбаккул рахъалдехун**
**Сапар бухьун къокъарав**
**Бакъ тІерхьул рахъалдехун**
**Щвезе чара букІунищ?**
**Ралъадал, гІорал тІамун**
**Лъеда хьезабуниги**
**Бакъвараб гъветІалда тІад**
**ТІегь банилан рагІанищ?**
**ГІертІица тІун цІадал ран**
**Авлахъал гъанкъаниги**
**Лабда чІарал чераби**
**Чиясдаго рихьанищ?**
**Гама гьечІого ралъад**
**КъотІизеян лъугьарав**
**НахъчІван чІезе гьавуни**
**Мунагьалде ккеладай?**
**Дунял бижаралдаса**
**Рахъарал атІибааз[2]**
**Инсанасул гІаданиб**
**ГьечІеб гІакъло лъунадай.**
**ГІаданлъи-намусалъул**
**ГІорхъалаби цІунизе**
**ГІаламалъе рес гьечІеб**

---

**[1] Тохтирасул**
**[2] Тохтирзабаз**

Бечелъи щибдай буго?
БетIергьанас вижарав
Лагъ живго вукIин лъайзе
Заманаялъ гьукъараб
Къуват лъалев чи вугищ?
Черхги рухIги данделъун
ХIаят[1] къарарлъичIони
Къаркъала кIодолъиялъ
Пайда кьелищ-кьеларищ?
ГьересигIарац къотIун
ГIадло хвезабурасе
Ханасул рахъалдасан
Кинаб ажрудай щвела?
Ихдал гьава кинниги
Хисардулел ахIвалаз
АхIичIого толаро
ХIажат ккаралъуб хивал
Хасалихъе гIухьбузе
Роччараб анкьил гIадаб
РахIат хвараб заманалъ
ТIамула бицардизе.
БагIар месед тIад бекьун
Кьаву чIвараб махх бичи
Бихьулаги букIаго
КIалъайчIого кин чIолев?
Кванилъе жобан бугеб
Загьро лъалев чиясда
Лъаларев кантIизави
ТIалъичIого букIинищ?
ТIокIкIараб лъеде гъорлъе
Хъублъи кколеб бугони
БацIцIадго гьеб цIунеян

---

[1] ЧIаголъи

Гьабулареб кин вагIза.
ГIалхуде беччан тараб
БоцIул хIалги лъалаго
Вехь теян гIакълo кьечIев
ГIакъилищха вукIунев?
ГIемер гьардани инсан
Инсанасда чIалгIуна,
Мискинчиясул кIалтIе
Гьардохъан вачIунаро.
Гьаризе эхтияр кьун
Кьезе къотIи гьабурав,
Къудраталъул БетIергьан
ТIорай нижер мурадал!

************************
******************

Ихдал авалалда
Хур бекьизе лъай,
Лъай-гIакълo бугезул
Хасият буго.
Сапар бухьунезулъ
Цудун вахъарав
Нахъа вохулилан
Аби батана.
Исламалъул нохде
ГьетIинго ккейи -
Гьеб кIудияб талихI
Кьурас босулеб.
Расуласул сунат
ТIаса бищизе
ГIолохъанго лъайи
Лъие щолеб жо?
ЛъикIал пишабазда

Инсан даимлъи
Аллагь гурхIиялъе
ГIаламат буго,
ГIибадат-диналда
ТIамураб заман
Захиратул-мигIад[1]
Муъминчиясул.
Ихдал авалалда
Тохлъун ккарасги
Тоге бекьичIого
КватIунилан хур,
КватIун бекьаралъги
ХIалтIи цебе ккун
Кьолебин хIалбахъин
Гьава рекъани.
Радал кьижун хутIун
Такъсир ккаравги
ВахъинчIого чIоге
ТIадаб сапаралъ,
Сардилъ вахъун арав
Нахъаги хутIун
Нух бачине лъарав
Цевеги кколин.
Цинги БетIергьанас
Рукълъун гьабураб
РекIелъ кIиго тушман
Данде гьавуге,
Дунялгин ахират
КIиго тавъаман (эгзал)
Тушман нахъе гьавун
Гьудул цеве ккой.

*********************

[1] Ахираталъе хазина

КIиго-лъабго шартI буго
Шофер, дуца цIунани
Щибаб балагьалдаса
Мун цIунизе хьул бугел.
ЦIакъал дараби руго
Дур харжги бахъуларел
Хвел тун нахъиялщинал
Унтаби нахъе чIвазе.
Ужра-мухь босичIого
ЧIобого кьолеб дарман
Дур лъезе бакI батани
Босе кIвахIаллъичIого.
Бичун боссе аниги
Аптекалда щолареб
ШаргIалъул гьадиятал[1]
Гьале гIакъло бугезе.
Рокъоса вахъинелде
Дуца машинаялъул
Щибаб лага-саналда
Сахлъи цIехезе ккола.
Сахлъи гьечIеб машингун
Мун сапаралъ вахъани
Сабаб-дугIаялъул дуй
Пайда щвей щакаб буго.
Щукру гьабизе кIолеб
НигIмат машина горин
МунгIимги[2] ракIалде щун
ШартIал манлъухъе цIуне.
Малъараб гьабичIони
ГIадлоялъе хIакълъулин,
ГIадло-низам гIуцIарав
Халикъасе мутIигIлъе.

---

[1] Сайгъатал
[2] НигIмат кьурав Аллагь

МатIиятлъун[1] дуй кьураб,
Мусахарги[2] гьабураб,
Махх-чарамалъул гьаким
Гьа,-ян абун гIоларо.
Гьелъий гьабулеб хъулухъ
Мугьмалго[3] дуца тани,
Тела мунги гьелъ рехон
Рес къотIараб бакIалда.
Хасго рулалъул тяга,
Тормозалъул система,
СагIтил хъаравул гIадин
Даим хIалтIизе ккола.
Картер, каробкаялъуб
Бугеб нахалъул къадар -
Къойил хал гьабичIони
Мун шофер вукIунаро.
КIиабилеб шартI дуе
Шагьаралъул къватIазда
Къадниги къасиниги
Саброгун хьвади буго.
Севетофоралъ изно
КьечIебгIан заманалда
КьуричIого гьенив чIей -
Гьеб дур вазифа[4] буго.
Гьединго тарассалда
Тормоз гьечIеб кинигин,
Кидаго газги мерхьун
Воржине бегьуларо.
Жавабчилъи тIад гьечIев
Мажнун[5] мунги горелъул

---

[1] РекIунеб жолъун
[2] МутIигI гьабураб
[3] ТIаса-масаго
[4] ТIадаб иш
[5] Женаца ккурав чи

Дуда божи гьабураб
Аманат лъайзе ккела.
Аллагьас гIадлоялъе
Хас гьарурал гIадамаз,
Хасал знакалги лъун
Лъайзе гьабун буго дуда.
Гьел занаказда ругел
Киналго манлъа-хъваял
КигIан гьитIиналнигиги
ТIорайчIого гIоларо.
ГIанчIаб, гочIаб дур ракIги
Данде гьимулеб нухги,
Хехаб скоросталъул
Импортний машинаги,
Мун кантIеян ахIулел
АхIул-ишарабиги -
Эзий мутIигIлъичIони
БачIун щолеб балагьги.
Балагьалдаса цIуни,
ГIайибалде ккунгутIи,
ГIемерисеб бан буго
Дур гIадло цIуниялда.
ЦIалулелъул манлъараб,
ЛъайчIого жиб гIолареб
Вождениялъул тIалаб
ТIаса дуда унаро.
ТIадеги цо рес гьечIеб,
РехсечIого гIолареб,
ГIемер чиги гъапулаб
ШартIги баян гьабизин:
Шоферзабазе хасго
Агьамаб[1] бугониги

---

[1] КIвар цIикIкIараб

Гьел тун нахъеязеги
Пайдаяблъун бугелъул.
ЛъикӀал гӀамалаздалъун
Бечелъизе бокьарас,
Бегьулебщинаб бакӀалъ
Бисмиллагьан абила.
Бисмиллагь бахъичӀого
Байбихьараб щиналъулъ
ЩайтӀан гӀахьаллъулилан
ГӀилмоялъги бицуна.
Берцинаб сифаталда
Аллагьасул цӀар рехсон,
Руль ккурав шоферасе
Щвела гьелъул баракат.
Гьелда хадуб салават
Расуласде битӀани,
ТӀаде шафагӀаталъул
Рахасги халалъила.
Ахираталъе давла
Данде гьабулев чияс
Даимго каки чури
ЩӀуничӀого теларо.
Таждидалде[1] хӀал кӀвани
КӀудияб гьунар буго,
Нуралде тӀадеги нур
ТӀураб гӀадин букӀина.
БацӀцӀадго каки чурун
Машиналде вахарав
Шофер балагьалдаса
ЩӀунила иншааллагь.
Гьелда хадуб какалъул
КӀиго ракагӀат бани,

---

[1] Как цӀи гьабиялде

**Билал асхIабасул нух**
**Ккуравлъунги вукIина.**
**Эбел-эменгун ургъун,**
**Эзулгун гIакъло дандбан**
**Дуца бахъараб гали**
**ГIибадатлъун букIина.**
**КIиялгоги разилъун**
**Гьез нухав тIовитIани**
**ТIад вуссун аралъуса**
**Нух битIунги вачIина.**
**Ният бацIцIадаб букIун,**
**ХIалалаб сапар бухьун,**
**ХIарамабщиналдаса**
**ЦIунун тижарат[1] гьабун,**
**Гьалмагъасул хIал баччун**
**БоцIухъ яхI бичичIого**
**РацIцIалъи цIунарасул**
**Щваралда баркат лъела.**
**Лъимал, лъадигун рекъон,**
**РакI гьездехун лъикI гьабун,**
**ЛъикIаб-квешаб гьоркьоб лъун,**
**Гьел разияб хIал цIунун,**
**ЩIакъго къвакIун-тамахлъун,**
**ГIорхъолъа ворчIичIого**
**Хъизан данде бачарав**
**Бищун талихIав вуго.**
**Балагьаздаса цIунун**
**РахIмат щвезе бокьарав**
**Шоферас цIуне абе**
**Рехсон арал шурутIал.**
**ШаргIиял дарабазул**
**Баркаталде хьул лъурас**

---

**[1] Даран**

Берцинго тIорайзаре
ТIадалщинал умурал.
Шоферзаби киналго
Гьединищха хьвадулел,
Гьел сунцаха цIунулел
Балагьаздаса абун,
Абуге, Дадал лъимал,
ЛъикI ралагье церехун,
Лъадаре анщинахъе
ГIертIал рекуларелин.
ГIемерисеб талихI къин
Рукъзабахъ магIирукъ лъей,
Лъимал бесдаллъун хутIи
Сунцаха тIаде цIалеб?
ЦIарал къоялги тIагIун
Нагагь къадар щваниги
Щвела хвел шагьидияб
Гьел шартIал цIунарасе.
Шишаялъул горони
МацI лъаларев ватани.
Лъеда хъвараб хъатIалъгIан
Гьалъ дуй пайда кьеларо.
Кьураб гIакъло-лъай лъезе
КъвачIа дур батичIони,
Дуй хъвазе дарабазул
Дида рецепт лъаларо.
Дица мун тIовитIила
ТIолазего гIахьалаб
ТIолго махлукъаталъул
Тохторасул рагьдохъе.
РакIбухIун дур батани,
Тавбоялде къасд ккани,
Къабул гьабизе рахIман
ХIадур вугин, кантIе мун.

ХIарамгин хIалалалъул
БатIалъи гьабуларев
ЛъикIаб, квешалда гъорлъа
Бищизе гьунар гьечIев,
ЧIегIерабгин хъахIалъе
Къимат кьезе лъаларев
Балид мун ватичIони (гIантав)
Те, какарал пишаби.
Квешлъабазул бетIерлъун
Дуниял бокьи ккола,
Кьан бан гьелда рекIарав
Нахъе гъоркье вортула.
Мехтелалда даимас
Диналъул агьло тола,
Ахираталде унеб
Нух къосун мекъса ккола.
Рокъоб рагIи цIикIкIуна,
РакI къватIибехун цIала,
Руччабазулгун базар
Гьабизе байбихьула.
Гьай ячун, дой йиччала,
Дой цояйгун рекъола,
Рокъор лъималгун хъизан
МагIо хула рукIуна.
Руччаби рачиналда
ДагIбани щиб букIинеб,
ШаргIалъул низамалда
Хьвадулев чи вугони.
Рачине изно букIин
Эбни дуда цIакъ лъала,
Амма хьихьизе тIалъи
ТIулалдецин щоларо.
Щвара-щварабги гьекъон
КъватIал мерхьунев мунги

**Мокъокъил тIанчIи гIадин**
**Рихxарал дур лъималги.**
**Къойилго дагIбадулел**
**Дур рачарал лъудбиги,**
**Лъие мун къваригIарав**
**Рокъовги рохьовги квеш?**
**Какарал пишабазда**
**Лъимал даимлъиялъе**
**Дур тарбият гьечIолъи**
**ГьечIодайха сабаблъун.**
**ГьитIинго адабият**
**Дуца манлъарабани**
**Лъайлароандай гьезда**
**Исламалъул гьуинлъи?**
**Гьадин горони насло**
**Данде бачунарев чи**
**Руччаби рачинчIого**
**ЧIейи маслахIат буго.**
**Рос-лъадиги ратIалъун**
**Бесдаллъарал ятимал,**
**ГIумродул нухги къосун**
**Мекъса ккезе рес буго.**
**Руччаби бащад гьари**
**ШаргIалъул гIадло буго,**
**Лъималазде дин манлъи**
**Дуй фарзул-гIайин буго.**
**ГIарасат майданалда**
**Дуде дандеги рахъун,**
**Дуца манлъичIо абун**
**Гьел дагIбадизе руго.**
**Мун гьалда щак ватани,**
**Божиги лъугьинчIони,**
**БукIунаро дур рекIелъ**
**Иманалъул бацIцIалъи.**

**Божиги дур лъугьани,
Щаклъиги батичIони,
Тавбоялъул доб гъапу
Дуйги рагьухъе буго.
Руччабазул гIакълоги
АнцIил цо бутIа буго
Эзул макроялъулги
Къуръаналъ рехсон буго.
Сабруялъул рахъалъги
Гьел цIакъ загIипал руго,
Гьез цIунулел гIадатаз
ГIаламги чIвала буго.
ГIибадаталъе гьезул
Гьунарги цIикIкIун буго,
Гьабураб хвезабизе
Багьанаги кколаро
Босун кодобе маян
Жедецаго кьураб тIил,
Кьабунаян росасда
ГIайибалги гьарула.
ГIайибги гIунгутIиги
Камун чи вукIунаро,
КIванагIан данде бачин
Диналъ бещараб буго.
Бещал, гIинкъаллъунги чIун
ГIузру бахчизе кколеб
Чанги сагIат букIуна
Рос-лъадиялда гьоркьоб.
Лъимал чIахIалъанагIан
Росасул хIакъги кIочон
КIалалъ бокьараб бицун
Къец-дагIба бегьуларо.
БитIараб гIадло-низам
Инсуца гьабулелъул**

Лъималазул рахъги ккун
Эбел кIалъай квеш буго.
Щибаб рузман къоялда
БацIцIадго тавбо гьабун,
Цоцада тIаса лъугьин
ЛъикIаб буго гьезие.
ЛъикIаб гьабун, квешаб тун
Тавбоялда даимал
Эбел-эменгун лъимал
Лъеги нужеда баркат!
Амин! Амин! Амин!

************************
********************

Имамзаби бахIарчияб,
БахIарзазул цIар рагIараб,
ГIадло-низам чаран гIадаб,
Чилъи цIуни алмаз гIадаб,
Мун букIараб дир Дагъистан
Дуниялго хIайранлъараб,
РухIанияб къуваталъул
Къуркьи гьечIеб вилаятлъун.
Бечелъиги дур букIараб
ЦIакъ гьарзаяб магIнавияб,
ГIалималги дур рукIарал,
Дунял-гIалам бахиллъарал.
ГIибадат-дин гьабизеги
Дур халкъалъул цIар букIараб,
БацIцIад гьабун исламалъул
Арканалги гьез цIунарал.
ШаригIаталъ халгIат ретIун,
ТIарикъаталъ чалма къараб,
ХIакъикъатгун магIрифаталъ
ХIикматазде нух рагьараб.

Риязаялъ чурхдул квегъун
Караматал загьирлъарал,
Зугьадалги дур камичIел
КигIан зулму цIикIкIаниги.
Кинаб рахъалъ тIаде бачIун
Заманалъ хIалбихьаниги
ХIал хисичIел дур мугIрулги
Дунялалда машгьурлъарал.
Дол мугIрузда чIвараб бакъалъ
Икълималъе кьураб канлъи,
КигIан къоял бецIлъаниги
Бихьулел чи тIаса инчIел.
ТIайбатаналъул[1] махI бахъараб,
ХIабибасул баркат щвараб,
Накъщубандил тIарикъаталъ
ТIалибинал[2] камиллъараб,
Кавсаралъул гIор чвахараб,
ГIирфаналъул[3] ицц баккараб
Аллагь рехсон унс[4] гьабулел
Агьло-ллагьал даимлъараб.
Дур ахалги алжаналъул,
Хурзал Шамгин Мисриялъул,
Лъарал гIорал ибризалъул[5]
Багьа жавгьар-якъут гIадаб.
КъвакIарал дур кьурабиги
Баркаталъул жанир цIурал
БецIал рохьал дур гьарзаял
Гьавагин бакъ рекъон ккарал.
Гьанжиги дур къадру-къимат

---

[1] Мадинаялъул
[2] Муридзаби
[3] Аллагь лъаялъул
[4] РекIел гъей
[5] Къиматаб магIдан (месед)

Къаф мегIергIан кIодо буго
ФуругIазулъ[1] усулазул[2],
Ирс босарал камун гьечIо
Аллагьасул гIинаяталъ[3].
ГIолохъанал тIалибинал
ТIамун руго исламалъул
КъавагIидал цIи гьаризе.
ЦIоб гIатIидав РахIманасул
Гьидаяталъ чангитги бан,
Чанги мутагIалим вуго
ГIилмоялъухъ рокьи ккарав.
Кавсаралъул доб гIоралде
ГIирфаналъул иццалдеги
Анищалда ругел васаз
Босила чIел иншааллагь.
ШаргI цIунулел гIалимзаби,
ГIадлоялъул хIакимзаби
ХIал бащадал оцал гIадин
Цо рахънисан ине ккола.
Цуцаздехун рухъардулел
Рукь бихьичIел бугъби гIадин,
ГIилмоялъул церехъаби
Бубудизе бегьуларо.
Гьаб ахIулъни дун Дагъистан
Дур бицине нечон вуго.
Бицун цебе арабщинаб
Бегуниса бахъун буго.
БахIарчилъи гIолилазул
Гъачагълъуде буссун буго,
Бусурбанал умумузул

---

[1] Лъималазулъ
[2] Умумазул
[3] Кумекалъ

Лъимал квешал лъугьун руго.
Аллагьасул цIобалдаса
Хьулги къотIун кколеб гьечIо,
Къваридаб гьаб заманалъул
Зулму тIаса инебилан.
Зазил цIурал гъутIби гIадал
ГIадамазул хъачIал ракIал
РахIмоялъул цIезаризе
ХIал кIолелъул Каримасул.
Ругъназде жал тIаделъарал
ТIутIаздаса хъантIараб къавм.
ТIаса ине сабаб гьечIо
Ислам гIатIид гьабе гореб.
Гьаби цуцалъ райзарулеб
Балканалъул кесек гIадаб,
Киридитал росиялъги
Мискинзаби ралъаргъана.
Ракь угьдараб ханлъи гьабун,
Халкъ зурараб гIадло гьабун,
Зулмуялъул къула гIурав
Къосарав цо хан вукIана,
Намрузилан цIар букIана,
Ибрагьимгун дагIбадана (р.гI),
Дур Аллагьгун вагъичIого
Рес гьечIилан къачIадана.
Къолдабазда хьезабураб
Намрозил бо гьалаглъизе
Багьанадай БетIергьанас
Гьезде тIаде кIкIара гъуна.
Зодоб бакъул нур хьухьараб
НакIкI кинигин тIаде чвахун
Чурхдуздаса гьез гьан бетIун
Бодул рукьбуз авлахъ цIуна.
Аллагьилан дагIба барав

**Дунялалда цIар ргIарав,**
**ЦIарги жинде ФиргIан бугев**
**МалгIун,цойги хан вукIана.**
**Ханлъи жиндир хвезабулев**
**Халифа тIад вахъинилан,**
**ТIолалгоги тагIбир чагIаз**
**Макьу къотIун рахIат хвана.**
**Гьелдаса жив хвасарлъизе,**
**Ханлъиялъул таж цIунизе**
**Гьарунщинал бихьинлъимал**
**ЛъагIалица хъой хъун рана.**
**Хъвараб хIукму хисуларев**
**Ханлъи тIокIав мунтакъимас[1]**
**Муса хьихьун гIезавизе**
**ФиргIанида кодов лъуна.**
**Дунялалъго квер борхараб,**
**Капиталал сородараб,**
**Свинабизе чи тIагIараб**
**Купруялъул цIа букIана.**
**Би тIечIого, рагъ ккечIого,**
**Ракълил гореб бицинчIого**
**Гарбачевги тIаде тIамун**
**БетIергьанас суйнабуна.**
**Гьеб гучаб цIа суйнабизе**
**Сундалъундай хIалкIвелаан,**
**ХIавлу[2] къуват кодоб бугес**
**"Кун"- абиялъ горебани**
**Кинниги гьаб гIаламалъулъ**
**ГIажаибаб тайпа буго**
**ГIурул рагIал бихьилелде**
**Хьитал рахъи тIад гьабулел.**
**ТIилица гъойтI чурхъаниги**

---

**[1] РецIел босулев (Аллагь)**
**[2] Гуч**

**БарщичIого пихъ гъунаро,
Гъая ккун жиб барщаралъги
Бортаниги кеп кьоларо.
Макьу рихун, унти цIикIкIун
Сордо чIалгIун зигардиялъ,
Заман хехлъун, хекко рогьун
Бакъ баккулеб гIадат гьечIо.
ГIаздал цIорой ракьулъ букIун
Бекьараб мугь тIирщаларо,
ТIаде баккун хадусаги
Саву ккани чIурхIун лъола.
ЧIахIиязул гIакълогин-лъай
Лъималазулъ букIинаро,
Лъабкъого сон байдалгIаги
Балугълъуде щоларев кин?!
Бокьаниги риханиги
Хасел ийин хIакъаб буго,
ХIалтIуде мугъ реханиги
Их щоялда щаклъи гьечIо.
Исламалъул байрахъалда
Нуранияб хатIалъ хъвараб
Нафю-исбаталъул[1] гвангъи
Дунялалда бихьун буго.**

********************************
***************************

**Дир гудраз ккун ругел
Чундузул рохьдолъ
Чанги гьан даруяб
ХIайван батила,
Гьин рехун ралъдалъа
Дица рахъарал
Рахьгун кунге ччугIби**

---

**[1] Ла илагьа илла ллагь абураб калима**

**Загьро букIунин.**
**Загьроял борхьалги атIибааца**
**ИстигIмал гьарула мунфагIаталъе,**
**Лъим гьечIеб бакIалда**
**Таямум гьаби -**
**Гьебги шаргIалъул нух**
**Халикъас лъураб.**
**Сафаралъул нухда**
**Дир квералъ чIарал**
**Кванай гъутIбудаса**
**Мусафираз пихъ,**
**Гъая ккараб гIаркьел**
**Гьоркьоб батани**
**Гьебги къотIун рехе**
**Ахихъабаца.**
**Дир гьацIул хъабиниб**
**ХIе батарасги**
**ХIасадалъул чIорал**
**Дида речIчIуге,**
**Дунги найихъабаз**
**Бахъаралдасан**
**Садакъа бикьулев**
**ГIамил[1] вугелъул.**
**ГIайибчIван наялги**
**КъабихI гьаруге,**
**Гьезул гIилмоялъулъ**
**ХIикмат букIунин,**
**Куркьбал ругелщиназ**
**ТIад чIананиги**
**ТIугьдулги цIуларин**
**Гьелдеги кантIе.**
**Гьава-бакъги борцун**
**Ракьул халгьабун**

---

**[1] ХIалтIухъан**

**БекьичIони хуралъ**
**Хайир кьоларо,**
**Хъизан-кулфаталъул**
**ХIажалъи бихьун**
**БукIине рекъола**
**Рокъоб насихIат.**
**Ножор суалаца**
**Хъвазе тIамурал**
**Жавабазул къадар**
**Кифаят[1] буго,**
**Кинаб мазгьабалде**
**ГIами кканиги (жагьилав)**
**Ункъалъулго цояб**
**Бегьулин буго.**
**Нилъер унтабазе**
**ЦIакъго хIажатал**
**Таблеткаби лъуна**
**Аптекаялда.**
**Унти гьечIелазги**
**Сахлъи цIунизе**
**Санитариялде**
**Рамзги гьабуна (ишара).**
**Гьанжи къаламалъе**
**РахIат гьабизин,**
**Рохалида таги,**
**Диналъул вацал!**
**ДугIа-алхIамалде**
**Хьулги букIунин,**
**РакIалде щваралаз**
**ГIахьалги гьаве!**

**************************
**********************

---

[1] **ГIураб къадар**

## 2001 АБИЛЕБ СОНАЛДА ХIЕЖАЛДА ГЬАБУРАБ НАЗМУ

**Дирго чорхол гьечеб гьунарги бихьун**
**Гьабун бажаричIеб тIагIатги койш ккун,**
**КагIба-ХIарамги тун тIад вуссунелъул**
**ТIезин гьанже бераз бухIараб магIо.**

**ВадагIни гьабилин Байтуллагьалъе**
**Босараб пайда щиб Масжидалдасан?**
**ДугIани цIалилин кIал-мацI рекъараб**
**Манзаруллагь бацIун хIал кIолебани.**

**ВацIцIадав Аллагьас чурукаб гIамал**
**Къабул гьабуларин хIадис бугелъул,**
**ХIалада чIолареб гъафулаб ракIгун**
**КIал-мацI гаргадиялъ пайда щойладай?**

**Фахру-л-анамасул, Аллагь БетIергьан,**
**Умматлъун ниж гьари – Дурго рахIмат-цIоб,**
**РахIматлъун халкъалъе Дуца витIарав**
**ТIагьай гIоло нижер хIаж къабул гьабе!**

**ХIажжун мабруралъул амро камиллъун**
**Алжан насиблъураб агьлолъун гьаре,**
**СагIюн машкуралъул даража щварал**
**Дур авлияазул мухъилъе раче!**

**Макъамалда нахъа гьабураб дугIа**
**ГIайибал рахчун тун кодобе босе,**
**ГIузру бачун Дуда цере чIарал ниж**
**ЧIового тIаса лълъун рохизе гьаре!**

**РахIматалде хьул лъун, Дуцаго ахIун**
**Дур гьоболлъухъ щварал загIипал лагъзал,**
**Агьлу-л-магъфиратлъун Мунго вугелъул**
**Мунагьалги чурун тIад руссинаре!**

**Гьарурал тIавафал, тIолабго гIамал,**
**ГIазизав БетIергьан, гьормалъ кьабуге,**
**БацIцIадаб ниятгун Дур гьоболлъухъе**
**Сафар бухьаразул мурадал тIорай!**

**Сафа-Марваялда хьваданщиназул**
**Щибаб жужахIалъе гьан хIарам гьабе,**
**Гьениб лъурабщинаб гали-хIетI рикIкIун**
**ХIужажазде тIаде рахIматал реччай!**

**РахIман, Дуда цере ГIарасаталда**
**ГIалам эхетулеб къо ракIалде щун,**
**ГIараф мегIералда вукъуф гьабурал**
**Акъвияазда гъорлъ нижги манлъун те!**

**Минаялда сардал чIаго гьарурал**
**Къаимуназдаса ратIа гьаруге,**
**Гьезул баркат щвараб агьлолъун гьарун,**
**Аллагь, мискинал ниж бечедги гьаре!**

**Дуде иман лъурал, гIибадат дагьал,**
**ГIафвуялъул гъапу нижее къаге,**
**Къуръан цIаланиги, гIилмо лъаниги**
**ГIамал пасалъарал нежеда гурхIа!**

**ХIабиб МухIаммадил умматалдаса (с.гI.в.с.)**
**Ахир заманалъул абнааллъидал,**
**АнцIил бутIаниги тIагIат гьабурал**
**ТIубан гьабуразда релълъине гьаре!**

**Гьаб хирияб КагІба, Масжиду-л-ХІарам,**
**АхІмад жанив гьавун тІокІлъараб Макка,**
**ТІолго купруялъул питнаялдаса**
**Малику-л-кавнайни, Дуцаго цІуне.**

**Дару-л-гьижраялъе мустахІикълъараб,**
**Расуласул баркат жаниб буссараб,**
**Ясрибалде бугеб мушрикиназул**
**Анищал хІор гьаре, хІал кІолев Аллагь!**

**ХІежалдаса гьукъун, къваридги гьарун**
**Къанабакье арал тІолго умумул,**
**ТІолазего нижер хІаж-гІумраялъул**
**Кири щвезе гьабе, Вагьгьабун Карим!**

**Мун цо вукІиналда дагІба баларел,**
**Дур хирияв ХІабиб витІухъ гьавулел,**
**ТІолго агьлул къиблат айна ма кану,**
**Аллагь, Дуца цІуне балагьаздаса!**

**Биял гІодор тІолеб рагъ-кьалги къотІун**
**Ракълида хутІаги Кавказалъул халкъ,**
**Койрал бидул цІураб агьлоги кантІун**
**Исламалъул гьумер бакълъун гвангъаги!**

**Миллатал гІемераб нилъер Дагъистан**
**Динияб кьучІалда цолъун хутІаги,**
**Цоцазда ричІчІи кьун, ухуват цІикІкІун,**
**Аллагь, Мун разияб къавмлъун гьареги!**

**Къабул гьабиялде анищ-хьулалда**
**Гьаризе агьлолъун ниж гьечІониги,**
**Гьарараб кьезе Мун агьло вугелъул**
**Гьабе нижей жаваб, Мужибу дагІват!**

**Нижер агьло-кулпат, рукъалъул агьло,**
**ТIолго мадугьалъи, росо-жамагIат**
**Гьаб заманаялъул афатаздаса**
**Сах-саламат цIуне, Раббу-л-гIаламин!**

**ГIилмо-нафигIги кьун мутагIилзаби**
**ГIибадат-диналда хурхине гьаре,**
**Дунял тIаса бищун, ахират кIочон,**
**Ислам тун гIадатал ккойзе реччаге!**

**РикIкIун кьурал къоял ахиралде щун**
**Хабалъе руссарал нижер вац-яцал,**
**Хасго ралъдал тIинде ккарал умумул,**
**Аллагь, киназулго мунагьал чуре!**

**Мун разияб гIамал ккойзе тавфикъ кьун**
**Тавбоялде ахIе росдал агьали,**
**Руччаби, бихьинал, лъимал, умумул**
**Иман рекIелъ цIунун гьидаят гьаре!**

**Гьари – нижедасан, жаваб – Дудасан**
**Даим гьабе, Аллагь, Мун разилъигун,**
**Разилъи Дур гьечIеб ижабат-жаваб**
**Истидраж кколелъул, гьелдаса цIуне!**

**Амин, Амин, Амин, Я Мужиб!**

# МАВЛИД МОЦIАЛЪЕ САЙГЪАТ

МархIаба, лъикI щвараб РабигIул аввал,
Расул дунялалде вачIараб шагьро,
БачIараб батаги баркат-рахIматгун
ХIабиб вокьанщиназ кIодо гьабизе.

Диналъул агьлоялъ мажлисалги лъун
Мавлидал ахIулеб хIурматияб моцI,
ХIалкIвараб табарругI муъминзабазул
Мискин-факъирасе гьарзаял къоял.

Гьудул-гьалмагъзаби цуцада рихьун
ЦохIо хъизан гIадин гIодор чIолеб моцI,
ГIулилазда гьоркьоб рокьи-махIабат
РухIанияб хIалалъ цIи гьабулеб моцI.

ЦIар берцинав ХIабиб гIемер рехсезе
РачIа бусурбаби, бисмиллагь лъезин,
Баркат-рахIматалъул аслолъун вугев
Гьесде свалат битIун сухIбат гьабизин.

Свалат битIарасе шафагIат щолев
ШафигI гьев вугелъул, тIалаб гьабизин,
ТIолго гIаламалъул Амингилъидал
Аманилан ахIун хIелун гьаризин.

Гьарун вачIарасе комек гьарзаяв
Расуласда кверал цере ккун чIезин,
Цере ккурал койрал нахъе чIваларев
Нелъерго ТIагьалгун хурхен гьабизин.

Гьесул нуранияб заталда цере
ХIузуралдаги чIун файиз босизин,
ХIалкIвараб куцалда магIият гьабун
МагIнавияб сухIбат камил гьабизин.

Камалатал тIокIав Гьадил умами
Мажлис берцинлъизе аскIов ахIизин,
Аллагьас халкъалъе рахIматлъун кьурав
Мукъиму суннати далиллъун ккойзин.

Далиллъун жив ккурал мекъса кколарев
СвахIибу василат цеве тIамизин,
Цеве жив тIамурал пащманлъуларев
ШафигIгун рукIине жигар бахъизин.

Алжанал урхъарав СвахIибул буракъ,
Сидраталде щварав МигIражалъул хан,
Женалгин инсазде витIарав Расул,
Рохалил къолъидал, ниж къабул гьаре!

РухI гьечIеб махлукъат, жамадаталги
Дуй нугIзаллъун чIарав, Халилу-РрахIман,
Мунагь-хатIабазда даимлъаниги
Дурго умматлъидал, рахIмо-цIоб гьабе!

ЦIоб гьарун бачIиндал гIалхул ритIучIги
Рази гьабун нахъе битIарав Карим,
КигIан адаб гьечIел ниж ратаниги
Назрат къотIун тоге нижер алтIафал!

Аллагь вихьиялъе матIу мунлъидал
МатIалибал нежер тIорайзе гьаре,
Гьарун ахIи байдал жаваб гьабизе
Гьал акътIабазеги изно гьукъуге!

Аллагь, Дур ХIабибгун данде гьарулеб
Давла ризкъилъун кье муъминзабазе,
Мун разиялщинал щайихзабазул
ШафагIаталдаса махIрум гьаруге!

# ШАМИЛ ИМАМАСУЛ
# 200 СОН ТIУБАЯЛДЕ

**Шамиль гьавураб къо кIодо гьабизе**
**Къойилго рицунел харбал рагIула,**
**Халкъалда машгьурав кIудияв имам**
**Мажалисал гIуцIун вуго рехсолев.**

**Рехсезе гьукъарал гьесул сиярал**
**Гьанже щибаб рокъор цIалулел руго,**
**ЦIалун гIорцIуларел вакъигIатазул**
**Таснифалги руго данде гьарулел.**

**Гьесул гIумроялъул рагьичIел гьормал**
**Гьунар жедей кьураз регулел руго,**
**РакIал гъаргъадулел гъазаватазул**
**Таржамаби хъвалел къалмалги руго.**

**Рагъул кор боркьараб АхIулгохIалъул**
**АшгIарал ахIула шугIарааца,**
**Шугьадаал рехсон дугIа гьабулел**
**Данделъабазулги гIадад цIикIкIана.**

**ГIалхулаб законалъ квер лъун букIараб**
**Радиоялъеги хIурият щвана,**
**ВахIшияб къавмалъул къалмикь рукIарал**
**Журналистазеги эркенлъи ккана.**

**Кинабго лъикI буго, нилъго квеш руго,**
**Камураб жо гьечIо, щукру тей гореб,**
**Щиб лъий бокьаниги маян кьун буго,**
**Кьолев МунгIимасе рецц гьаби гьечIо.**

РахIат гьарза буго, рохел дагь буго,
Диналъе рес буго, кIвар-агъаз гьечIо.
КIалдиб гIилмо буго, ракIал бецI руго,
Бицунелда данде гIамал кколаро.

ГIалимасул рагIи къабул гьабизе
КъваригIунеб буго гьеб данде ккейи,
Данде ккей гьечIони гьеб рагIудаса
Учузаб жо гьанжи халкъалъе гьечIо.

Гьебни кIваричIоан, гIазизал вацал,
ГIумроялъул ахир — хвел гьечIебани,
Хун рукIани щибан, я Агьалал къиблат,
Гьикъуларебани лахIдоялъуб кIал.

ХIинкъизе мех щвечIищ бусурбабазе
ГIарас майданалъул агьвалаздаса,
Ургъелгойищ гьечIеб гIамалал цIайзе
ЦIадираби лъолеб авму-диналъул.

Даран-базаралъул хайир балагьун
Хвел данде чIвазегIан чIезе лъаларел,
ЛъикIал умумузул гIолел наслаби
Ножор гIумроялда барахщула ракI!

РухIияб тарбият ножой кьеялъе
Кьелаан, дир рукIун — меседил гухIдул,
Исламалъул бичIчIи ножее щвезе
Анищни бугоан, гьеб гIолебани.

БагIармеседалъул дунял баниги,
Дин гьечIого гIумро билълъанхъуларо,
Бечелъи-ханлъиялъ чIел  босаниги,
Исламалда гьечIев факъир лъугьуна.

Нахъа факъро бугеб бечелъиялъул
БукIун рахIатго щиб гьаб дунялалда?
Гьалде кантIуларел агъниязде
Унго кин абилеб гIакъилал чиян.

КIалалъ Шамил веццун, шаргIалъе мугъ кьун
Мажлисал гIуцIиялъ гIей гьабиладай?
ГIадаталда къвал бан, диналда мал бан
Данделъаби гьарун иш тIобаладай?

Шамил имамасе памятник лъейни
Лъураз жаваб кьолеб пиша бугоаан,
Пайда щибха имам чIаго гьечIелъул
ЧIанда бицунезе жаваб гьабизе.

Гьесул сияразул дарсал цIи гьари —
РухIияб бечелъи цебетIей буго,
Амма тIабибасул лебаллъи бицун,
Сахлъи цIуниялъе гIей гьабуларо.

ГIадло-низамалъул квелъ жидехъ бугез
ЖалгIаги кколареб, кинаб тамаша?
Кодор тIилалги кьун тIамурал гIухьбуз
ГIи билагьичIони, хъурмаца телищ?

Тавбо гьабизеян дандеги руссун,
Расулуллагь веццун мавлидги ахIун,
Элда хадур гIаркъил лълъаралги рорхун
Рохел-кеп гьабулел, ножор басралъи!

ЛъикIаб мажлисалъул щвараб баракат
Билагьизе лъарав гIакъил вукIуна,
Гьакълил кампания хадуб гIуцIарав
АхIмакъ вукIин лъалеб цо къо бачIина.

БетIергьан лъалареб ханлъиялдаса
Лъалезде гьардолев лагълъун бокьила,
Лъайдал Халикъасде гIассилъизегIан
ГIисян лъугьунареб лахIдого гъулай.

Тавбоялъул магIна бичIчIунгутIиги —
КIудияб мусибат бусурбабазе!
БичIчIун хадуб гьеб тун тохго хьвадиги —
Тушман-иблисалъул нилъее макро!

Квешал тIаде тIамун нилъ зуриларищ
Зулму тIаса унеб гIамал гьечIелъул?
ГIадло-низам гьаниб кисса лъугьунеб
Гьеб хойзе гьабулел нилъго рукIаго?

Хадурги, гIолилал, гьадин хьвадани
Гьелъ нилъ рачунеб бакI щибдай букIина?
ШаригIатги рехун, вацлъиги биххун
Бегьуларо гьадин, кантIуларел щай?

Шамил кIодо гьави уяб батани
Ислам щай кколареб бусурбабаца?
Бицунеб харбие хIужалъун чIезе
ЧIаго гьабе суннат хIалкIвараб куцалъ!

Цуцаца гъурулел гьал гIолохъаби,
Гьанжиги хал гьабе, сундуе гIоло?
МагIирукъ камурал къоялги гьечIин
РорчIизе мех щвечIищ гьаб макьидаса?

Гьаб пасалъиялда хьвадулезда гъорлъ
Диналда хурхарал ругищан бихье,
Рукъзал талагьулел хIарамзатазулъ
МутагIелзабазул цIарго бахъулищ?

БетIергьанас кьечIеб ризкъи балагьун
БацIаллъун свердулел, нуж свакан гьечIищ?
Сиганал кинниги, чIараб бакI гьечIел,
ЧIалгIинчIищ ножода Россия мерхьун?

Хьул лъурабщинаб жо щун бахъунарин,
Щваралда гIей гьабун чIани лъикI гьечIищ?
КIудиязул гIакъло мекъса кколарин,
Рокъор тIад руссани щибдай букIина?

Ножор талихIалде хIур кколеб бихьун
ХIехьезе кIвечIого кIалъалев вуго,
КIудияб нигIматги хъатикьа борчIун
ЧIорого нуж хутIи бокьулеб гьечIо.

РачIа гьанжиниги, диналъул вацал,
Дунялалъе гIоло къец жибго тезин,
Къецгин дагIбаялъул баркат гьечIолъи
Бахунин цуцаде вабаъ кинниги.

Вабаъ тIибитIани хун тIаса ккола,
ТIей гьечIеб тущманлъи — къецалъ бекьула.
БукIа-абейилан тезе рес бугеб
РагIи гIочIой чIвани, цуцаца чIвала.

Цо бусурбанав чи дица чIвазегIан
Дунго анцIго нухалъ чIвайи бокьила,
ЧIван довгун мунагьал раччиялдаса
Досул зулму хIехьей бигьаяб буго.

БоцIи-малги, биги бусурбабазул
Цуцай хIарам гьабун хIукму бачIана,
ХIурмат-адабги тун чи къабихI гьави —
Гьебги умматалъе хIарам гьабуна.

Гьадин гаргадулеб Къуръанги букIун,
Бегьилищ хьвадизе нафсалъ абухъе?
Нафс бищун кIудияб тушманги букIун,
Тушмангун рекъелищ ахIмакъ горев чи.

Ракълилал улкаби кьалде ахIулез
ХIилла-макроялъул гьин буго гъолеб,
Гьадин Кавказалъул халкъ теларилан
ПитначагIи гьечIищ гъоркьан хIалтIулел?

БацIалги циялги цоцаде гъолел
Цурдул рихьуларищ хъархъалъ рахчарал?
Рехъабазде гъорлъе хъормалги реччан,
Чанахъаби гьечIищ нахъегIан чIарал?

Хъат данде бакIарун зар гьабичIони,
Зарал нахъе чIвазе къуват гIоларо.
Рикьаби данделъун цолъи ккечIони,
Цо дагъистаниял киса лъугьунел?

КигIан бицаниги цохIого хабар
Халалъулеб буго, тани горони,
Тептералда къалам къиризабиялъ
Къосун ккараб агьло тIобитIиларо.

ТIад вугев БетIергьан гурхIичIонани,
РахIмо нилъей щолел бакIалги гьечIо,
Гьесде гIассилъи тун тавбо гьабизе
Тавфикъ кьеги нилъей диналъул агьло!

Амин! Амин! Амин!

# ХIАМЗАТ ХЪАРАЕВАСЕ САЛАМ

ХIамзат Хъараевасе салам-каламгун цадахъ
Цо гьитIинаб рисалат сайгъат гьабун хъинтIизин,
Сулайман аварагас Билкъисихъе кинниги
Бугебанищ дир гьудгьуд гьабсагIат нухаб лъезе.

ГьечIелде хьулал гьарун мурад дир тIобайларо,
Ругьунабго бакIалъул кIутIун лъикI нуцIаялда,
ЛъикIаб-квешабщиналъул цIурал къучIбиги раччун
Къо ккарал руссунелъув вуссин диеги гъулай.

Гъугъадун, пири пирхун балеб чабхъенцIад гIадин
Дун хIалагъинавуна ХIамзатил макъалаялъ,
ХIакъаб рагIи бицунев бусурбанчи ватидал
Босана къалам кодоб баркала гьесий кьезе.

БитIараб гIакълоялъул насихIатчи дандчIвайдал
Дусий кьечIеб баркала лъие кьезе цIунилеб?
ЛъикIалдалъун кIалъалев муъминчи веццичIого
Веццизе мустахIикъав жакъа дида лъаларо.

Дин-Исламалъ горони инсан къачIалаperевлъи
Лъанни буго халкъалъул гIакъло бугелщиназда,
Бугониги жагьлоялъ сверун ккураб цо тайпа
Атеизма горони бегьуларин чIун буго.

Гьеб заразаялъ горищ гIалам гьалде бачараб,
Гьелъул хIасил горебищ гьал гIолилал пасалъи,
ГIилмоги цIаличIони, Исламги бичIичIони
Адабият цIунизе квербакъулеб алат щиб?

Школаги къварагIуна, дунги гьенив цIалана,
Дунялалъул гIилмоги гьечIого бегьуларо,

**Гьеб къваригIунарилан аби битIун кколаро,**
**Амма атеистазул тарбия хIажат гьечIо.**

**Гьезул программа подклассалдасанго —**
**Купруялде гIисинал лъимал ахIи букIана,**
**Аллагь гьечIилан абун авал-байбихьи гьабун,**
**Гьел меседил гаразул ургьиб загьро лъолаан.**

**Исламалда куцарал лъимал-хъизаназдасан**
**ЛъикIал горел пишаби кидаго рихьуларо,**
**Рукъзал рикъун, чагIи чIван дунял гьез гIуцIуларо,**
**Раззакъасде мугъги чIван саброялда рукIуна.**

**Сабро гьабизе ккани иман букIине ккола,**
**Иман гьечIеб бакIалда намус-яхIги чIоларо.**
**Намус-яхI гьечIеб гьормал тIом бицатаб букIуна**
**Цинги гьесий щибниги гIадаб жо букIунаро.**

**ГIисинал лъималазул мисалилан абуни,**
**Ихдал бижун бачIунеб хьопалда релълъон буго,**
**Рохти лъугьинегIан гьеб кибехун цIананиги,**
**ЦIараб рахъалде гьетIи — гьебги лъалеб жо буго.**

**ГьетIун гIураб гъойтIалъе, бижухъе тун горони,**
**Агрономиялъ жеги ургъараб дару гьечIо,**
**Атеизмаялъ тIураб загьро рекIелъ бессарал**
**Исламалъул бесдалал бечед кинан гьарулел?**

**Цинги Хъараевасул гIакъло къабул гьабулеб**
**Къавмалъул тIоцевесев гьале дун – ГIабдурахIман,**
**Дун гIадал гIемеразги гIакъло бугелщиназги**
**Щаклъи гьечIо ХIамзатил рахъ ккойзе букIиналда.**

**КIалгин кверал чIахъаяв, Хъараев, дуде салам,**
**Хъвай, гьудул, макъалаби къалмил тIогь бекизегIан!**

**ГIаламалъе пайдаял дунял-дин данде къарал,**
**Къо камичIого ритIе редакциялде кагътал!**

**РакI бохараб ХIамзатил хабаралъ сагьвил гьавун**
**Салам ножоде хъвазе кIочон хутIун батанин,**
**Нисянги сагьвиллъиги[1] мунагьлъун кколарелъул**
**Ккараб дир хатIаялда тIаса лъугьине ккела.**

**ТIокIаб гьединаб гъалатI дицаги беччаларин,**
**Дир гьал къокъал рагIаби нахъ ножоцаги чIваге!**
**Нахъа кьуниги салам кватIун букIунарелъул**
**Квер босараб салам дир сахго редакциялде!**

***ГIабдурахIман, ГIабдулкеримил вас.***

---

[1] **КIочон тейиги тохлъун ккейиги**

## ТIЕХЬАЛДА РУГО:

ЦеберагIиялъул бакIалда ........................................ 3
Гьадияс дий кьурал нигIматал рехсон ..............................5
Мунажатги дирго бугеб хIалги ....................................27
Дун унтараб мехалъ гьабураб назму ............................ 32
Сахлъун хадуса гьабураб назму .................................. 38
Аллагь, рекIел къварилъи къоял гIадада индал ............... 43
Аллагьасде хIели - мунажат .......................................... 46
Мавлид ............................................................................ 50
Мавлид ............................................................................ 70
Аварагасдехун гьабураб мунажат ................................. 86
Гьадиятлъун букIине кIалъазин ТIагьа вещцун ............... 93
Накъшубандияб тIарикъаталъул силсилат ...................... 96
Шазилияб тIарикъаталъул силсила. КIудияб кIвар
цIикIкIараб назму .......................................................... 121
Щазилиязул силсилат ..................................................176
Шамиль имамасде ......................................................... 179
Коммунизма биххун хадуб Шамилиде гьабураб ................186
МахIмуд афандиясде гьабураб ...................................... 196
ХIасан устарасде гьабураб ........................................... 199
ХIасан афандиясде гьабураб назму ............................... 203
Магьдиде гьабураб мунажат ......................................... 209
Дунял тун арал лъикIал чагIазде гьабураб ..................... 216
Саддам ХIусениде гьабураб .......................................... 227
Щив чи кколев КIудияв? Салам дуде, Авараг .................. 230
Бакълъухъа СагIду ХIажиясул МухIаммадиде гьабураб ..... 240
Бадрудин афандиясе изну кьедал гьабураб ..................... 245
НасихIат ........................................................................ 247
МухIамад ГIариф хведал ............................................... 249
Инхоса КIудияв хведал ................................................. 253
Лъахъа ХIамзат устар хведал гьабураб ......................... 256

**ТIидиса Ибрагьим Халилил МухIаммад хведал гьабураб .... 262**
**ДатунатIаса МухIаммад Расул хведал гьабураб ................. 266**
**Ичкаялдаса Жанай хведал гьабураб ................................ 270**
**Меселасул МухIамад хведал гьабураб назму ..................... 277**
**Бакълъухъа СагIду хIажиясул МухIаммад хведал гьабураб 284**
**Харахьиса гIалимчи ГIумар хведал гьабураб ...................... 289**
**ГIахьалчIиса КIудияв хведал ............................................ 292**
**КъулецIмаса Бейбулат Дибирасде гьабураб ......................... 294**
**Устар кквезе тIад гьабулеб назму ...................................... 299**
**Устарзабазул бугеб пайда ..................................................... 308**
**Унти гIемер буго гIилаж суннатаб ....................................... 313**
**Устарасул адаб цIуни ........................................................... 317**
**Суалазе кьураб жаваб ........................................................... 321**
**МахIмудил кагътие гьабураб жаваб ..................................... 325**
**ХIавал вас ГIабдуллагь ....................................................... 329**
**ГIисинал мутагIилзабазде гьабураб назму ........................... 332**
**ЛъикIлъигун тавбуялде ахIулеб назму ................................. 343**
**Бакълъадерил мутагIилзаби телевизоралдасан рахъараб**
**мехалъ гьабураб назму ......................................................... 348**
**ЧIикIаб росу лъелъ тIерхьиндал гьабураб ............................ 357**
**Хирияб инсул росу басралъиялъул къисса ........................... 360**
**ЧIухIарал гIадамазде ............................................................. 364**
**ЛъикIаб хьвада-чIвадиялде ахIулеб назму ........................... 366**
**Хвел-хобалде кантIизарулеб вагIза ..................................... 380**
**Дур кIиябго бохалда хъирис баяй Сафигьат ....................... 387**
**ГIалимзаби чарлъун чараги хванин ..................................... 396**
**МацIихъанасде гьабураб ........................................................ 422**
**Дагъистан икълималъул къиса дудаго лъазе ....................... 425**
**Халкъалъул хьвада-чIвадиялда хурхараб вагIза .................. 428**

**Динияб идара кьижундай ккана? ........................................ 437**
**ГьоцIалъе къасд гьабуразул къабуллъаги зияратал ............. 438**
**ХIаж гьабиялде бугеб кIудияб анищ........................................ 441**
**Мадинаялда Аварагасдехун гьабураб мунажат .................... 446**
**Нужее нух битIаги, хириял хIажизаби .................................. 452**
**Мадинаялде щведал гьабураб мунажат.................................. 465**
**Ражаб моцIалъул хиралъи ..................................................... 470**
**ШагIбан моцIалъул хиралъи.................................................. 477**
**МархIаба, Шагьру-Рамазан ................................................... 480**

## СагIид Афандияс данде гьабураб "МажмугIатул Фаваид" тIехьалдаса росарал

**"Дунго гIалим гьечIониги" ................................................ 490**
**"Лъалареб манлъизе чи камиларо" ....................................... 492**
**"Гьабун лъураб кванил тIутIги цебе тун" ........................... 492**
**"ШаргIалъ хIалал гьабураб" ............................................... 493**
**"Инсанасул загьир бихьун" ................................................. 494**
**"Дунялалъул боцIи буго гIалхул чан" ................................. 496**
**"Аллагь гIемер рехсезе" ...................................................... 497**
**"ХIалал-хIарам батIа гьаби" ............................................... 499**
**"Черхалда хIал бугилан" ..................................................... 500**
**"Махлукъияб гореб каламун Къадим" ................................. 501**
**"Гьекъолеб жо какулел" ....................................................... 503**
**"Дунялалъул гьаб ханлъи" ................................................... 509**
**"ХIабибасул къадру-къимат" ................................................ 514**
**"Чахъабазул тIомал" ............................................................ 517**
**"Мунагь-хатIабазулъ" ........................................................... 520**
**"Я, хирияв Аллагь, халкъалъул МагIбуд" ............................ 526**
**"Жиб ккурав вохичIеб" ........................................................ 528**
**"Ибну-Сакъал къисаялъе" .................................................... 535**
**"Инкарчиясул дагIба" .......................................................... 538**
**"ЧанцIол борцаниги" ........................................................... 541**
**"МегIергин гIалах цIураб" ................................................... 542**

“БитIи-тIекълъиялъул” ........................................ 543
“Хурзабахъа бакIарун” ........................................ 544
“Эбел-инсул тарбияталъ” ........................................ 544
“Каламуллагьил Къадим” ........................................ 547
“Макка-ХIарамалъул” ........................................ 548
“ГIадамазул рекIелъ” ........................................ 550
“Къуръан-ХIадисалъул” ........................................ 552
“Дуй вокьарав лагъасул” ........................................ 557
“ГьоцIо тIолел наязде” ........................................ 558
“Ихдал авалалда” ........................................ 563
“КIиго-лъабго шартI буго” ........................................ 565
“Имамзаби бахIарчияб” ........................................ 574
“Дир гудраз ккун ругел” ........................................ 579

2001 абилеб соналда хIежалда гьабураб назму..................582
Мавлид моцIалъе сайгъат ........................................586
Шамил имамасул 200 сон тIубаялде ..............................588
ХIамзат Хъараевасе салам ........................................594